ЭДИЛОВ С.Э.



# НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРА

## 7 класс

ФГОС

ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)
УДК 372.4(Чеч)
Э21

**Дагахь латтаде!**

– хаттарш а, тIедахкарш а;

– текстана комментари;

– йешначух ойла йе вай;

– произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай;

– вайн къамел кхиадо;

– культурийн диалог;

– гIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дар;

– билгалйинчу теманашна проекташ кхолла;

– хIун Iемина вайна;

– хIума довза луучарна.

Э21 **Нохчийн литература.** 7 класс. Нохчийн Республикин йукъарадешаран учрежденешна Iамат / ХIоттийнарг: Эдилов С.Э. – Соьлжа-ГIала: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2022. – 400 агIо.
ISBN 978-5-4314-0352-1

7-чу классан дешархошна лерина Iамат йукъайогIу 5–9 классийн дешаран-методически комплектана. Программин буха тIехь хIоттийна а, хIинцалерчу литературин лехамашца йогIуш а йу.

Iамат йогIуш йу дуьззина йукъарадешаран Федеральни дешаран пачхьалкхан стандартаца.

Iаматца цхьаьна зорба тоьхна: «Нохчийн литература: нохчийн литература кхиорна лерина белхан тетрадь. 7 кл.», «7-чу классехь нохчийн литература хьехар. Хьехархочунна гIоьнна методически куьйгалла», «Нохчийн литературина лерина герггарчу хьесапехь белхан программаш. 5–7 кл.»

**Учебник соответствует Федеральному государственному образовательному стандарту основного общего образования**

**Утвержден Министерством просвещения Российской Федерации (Приказ Министерства просвещения РФ от 20 мая 2020 года №254)**

УДК 372.4(Чеч)
ББК 74.202.4(2 Рос.-Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0352-1

© Эдилов С.Э., 2022
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2022
Все права защищены

# КЪОНАЧУ ЙЕШАРХОШКА

Шун карахь йолчу Iамато чулоцу гIарабевллачу нохчийн йаздархойн-классикийн исбаьхьа произведенеш. Царах дукхахберш шуна бевзаш бу. Уьш бу гоьбевлла нохчийн йаздархой: Гайсултанов I.Э., Ошаев Х.Д., Мамакаев М.А., Мамакаев I.Ш., Сулаев М.А., Сулейманов А.С., Айдамиров А.А., кхиберш а. Царах цхьаберш бовзар шун дуьххьара хир ду (Шайхиев I.Х., Курумова С.М., Яшуркаев С.С., Кусаев I.Д., Абдулаев Л.Ш., Бисултанов А.Д.).

Тхуна лиира шуна дийца йаздархойн башхачу кхолламех, церан атта боцучу къинхьегамах, церан кхолларллин пхьалгIи чу шу дига, кхолларллин гIуллакхан къайленаш йовзийта гIо дан: муха кхолла-ло произведени, муха кхочушхуьлу оьшу исбаьхьа дешнаш, меттан исбаьхьаллин гIирсаш лахар, исбаьхьаллин васташ тIехь болх бар; церан гIоьнца йаздархочун муха таро хуьлу йешархочунна вайн шира а, хIинцалера а культура йовзийта (истори, Iер-дахар, гIиллакх-оьздангалла).

Литературин произведени – иза шатайпа исбаьхьа дуьне ду, Пушкин А.С. нийса билгалдина ма-хиллара, «башхачу аьзнийн, синхаамийн, ойланийн цхьаьнакхетаралла». Оцу дуьнене кхача оьшу шатайпа охIалла – сих ца луш, хIора дош доьшуш, йаздархочун хIора алам кхетарца боьшуш, ойланца йеша хаар.

Йаздархочун исбаьхьчу йозанан шатайпаналлин хатI а, цуьнан исбаьхьаллин произведенин говзалла йовзаран а, Iамочу произведенин маьIнех кхетаран а болх бу шуна хьалха лаьтташ.

Iамат тIехь цхьаболчу йаздархойн дагалецамаш балийна. Цара таро лур йу, тхуна хетарехь, кхоччуш йаздархочун дахаран а, кхолларллин а некъ бовзийта, дуьззина цуьнан васт хIотто.

Iамат йукъа йалийнчу произведенийн талламо гIо дийр ду шуна хIора йаздархочун исбаьхьаллин дуьненан башхалла ган, шайн маьIница, проблематикица, васташца гергара йолу оьрсийн йаздархойн произведенеш къоман произведенешца йуста, автора дуьйцучунна герга хила.

Iамат йукъа йалийна культуроведчески материал а. Иза билгалйина, коьртачу декъана, «текстана комментари» рубрикехь. Цо аьтто бийр бу шун Нохчийчоьнах, нохчех лаьцна хаамаш бовзарехь.

«Шуна, хIума довза луурш» рубрикехь карор бу вайн йаздархойх, церан кхолларллех лаьцна болу тIебузаран хаамаш.

Произведенеш йоьшуш шайн ма-хуьллу массо хаттаршна, тІедилларшна жоп дала хьовса. Уьш далийна ду хІора произведени тІехьа. Цу тІехь шуна гІо дийр ду рубрикаша:

– текстана комментари;
– йешначух ойла йе вай;
– произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай;
– вайн къамел кхиадо;
– хаттарш а, тІедахкарш а;
– шуна, хІума довза луурш.

*«Халкъан хьекъал а, лаам а – бух боцу хIорд».*
Халкъан кица

# ХАЛКЪАН БАРТА ПОЭЗИ

Халкъан иллеш ши-кхо бIе шо хьалха кхоьллина.Уьш, тIаьхьенера тIаьхьене довлуш, нисдеш, хенаца стамлуш схьакхаьчна таханлерчу дийне. Цхьамма илли даьккхича, кхечо цхьацца хIума тIе а тухуш, тодеш, кхечу куьце а дерзош, кхолладелла уьш. ХIоранна а ша дуьйцург нийса хеташ хилла.

Иллеш олуш болчара уьш цхьана кепара ца олу. Иллийн а, туьйранийн санна, тайп-тайпана кепаш (варианташ) хуьлу. БIеннаш шерашкахь нохчийн къомо мохк ларбарехьа, шен паргIатонехьа латтийнчу къийсамех лаьцна дуьйцу халкъан ширачу иллешкахь. ХIора замано а кхуллу мехкан, халкъан дуьхьа бала а кийча болчу, майра, хьуьнаре доьналла долчу кIентийн васташ. Иллешкахь деза лору Даймохк безар, хьанал хилар, гIиллакх-оьздангалла лардар. Иллийн турпалхой дахар дезаш, доттагIашна шайн синош кхоор доцуш болу нах бу.

Халкъан иллешкахь гучуйовлу нохчийн къоман кхечу къаьмнашца хилла йукъаметтигаш. Дуккха а иллеш ду луларчу къаьмнашца вайн хилла доттагIаллин уьйраш гойтуш. Иштташ ду «Эвтархойн Ахьмадан» а, «Жерочун кIентан, гуьржийн кIентан» а, «Аьккхарчу Іумаран Іслин» а иллеш. «Жерочун кIентан, гуьржийн кIентан илли» тIехь нохчичунний, гуьржичунний йуккъехь хиллачу доттагIаллех лаьцна дуьйцу. Тайп-тайпанчу къаьмнийн йахь йолчу кIенташа харцонца къийсар гойтуш долу иллеш дукха ду.

Иллешкахь билгалйохий гойту халкъан дог-ойла, хьекъал, дахаран дика, вон суьрташ а, хьелаш а.

Цхьадолчу иллешкахь шайггара даьккхина, дестийна дуьйцу турпалхойх лаьцна. Вукхарна тIехь дахарехь баккъал хиллачех лаьцна дуьйцу. Масала, «Таймин Бийболатан илли» тIехь вуьйцу Бийболат исторехь хилла ву. Иштта исторехь хилла ву Харачойн Зеламха, дахаран бакъдерг ду Дадин-Юрт йаккхар.

Вайн заманахь а кхуллу халкъан барта иллеш, эшарш. Тахана хаза тарло Даймахке сатийсарх, тӀаьххьарчу шерийн хиламех лаьцна назманаш, иллеш, мехкарийн эшарш.

Халкъан барта поэзин дикачу чулацамца цхьаьна вайна го цуьнан исбаьхьаллин мехалла лакхарчу тӀегӀан тӀехь хилар. Меттан гӀирсо дика гойту фольклорехь поэзин хуьлу башха васташ. Цунна дика масал ду «Сай» цӀе йолу нохчийн халкъан илли.

Иллин турпалхоша буьйцу мотт, цу маттаца кхуллу васташ, Ӏаламан суртхӀоттор, йоьӀан куц-кеп гайтарехь далош долу дустарш шайца йоккха исбаьхьалла йолуш а, дуьненан поэзин жовхаршца дуста мегар долуш а ду:

Эзар хьаса ва уьду
И къорза гулмаьнда,
Батто марха ва санна,
Бесни тӀе ийзадеш,
Беснеха совдаьлларг
Пхьаьра-церго ва лоьцуш,
Мозано тӀам тоьхча,
Ша гиччо ва ловзош,
Багарчу Ӏаьнарца
НикӀапа ловзуш,
Хи чохь гӀезо санна,
МаргӀал дегӀ луьйзуш,
Бaькхинчу кога тӀехь
Уьссазза ва сетташ,
Чилхьесан бухкарца,
Цу цӀестан кӀудалца
ХитӀа йаха йелира, тов,
ВорхӀ вешин ва йиша…

Барта поэзин иллийн исбаьхьалла шатайпа йу. Иллин дӀадолор хуьлу хиламал хьалха сурт йукъарчу кепехь довзийтарца. Масала, «Эвтархойн Ахьмадан илли» тӀехь хьолан а, хенан а сурт хӀоттадо хӀокху васташца:

Іуьйранна седарчий уьдучу заман чохь,
Седарчийн серлонаш къестачу заман чохь,
Нур дашо можа малх кхетале ва хьалха,
Малхал хьалха схьакхетта и маьлхан зІаьнарш
хазлучу заман чохь...

Оцу кепара йукъара хьал а, хан а Іаламан билгалонашца гойту. Иллешна йуккъехь кест-кеста хуьлучух лаьцна йух-йуха аларш а нисло, масала:

Дин дика ва беца цу Адин ва Сурхон,
Гѐрз дика ва деца цу Адин ва Сурхон,
Дог майра ва деца цу Адин ва Сурхон...
*(«Адин Сурхон илли» тІера)*

Йух-йуха аларо, мукъамехь санна декаш, эшарца олучу куьцехь илли хаздо. *Ва* дакъалго иллин ритм нисйо.

Иллин вастхІотторан гІирсаш дукха бу. Масала, дустаран гІоьнца «Эвтархойн Ахьмадан илли» тІехь вуьйцучу турпалхочун васт хІокху кепара хІоттадо:

Бохь бойначу попа тІе дайн куьйра ва санна,
Дин хьаьвзаш ва хилла, ша таьІаш тІехиьна,
АйгІарна хи мало ша ваха ма-велира
ГІизлар-гІалара и гІалагІазкхи.

Халкъан барта поэзехь рифма ца хуьлу. Амма ритм чІогІа ларйеш хуьлу. Иллеш, дукхахьолахь, дактилан барамехь кхуллу.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Фольклоран муьлха жанраш йевза шуна?

2. Хьан кхоьллина барта поэзи – иллеш? Муьлхачу хьелашкахь кхоьллина иллеш?

3. Муха бу иллийн чулацам, хьанах лаьцна ду уьш? Дийца, хІун хаьа шуна церан турпалхойх лаьцна.

4. Степах олу иллин кепаш (варианташ), муха кхоллалуш хилла уьш?

5. ХІун хаьа шуна иллийн исбаьхьаллех лаьцна? Дийца, церан билгалонаш а гойтуш.

6. Вайн заманахь кхуллуш долчу иллийн цІераш йаха.

7. ДІайазде цхьа илли, гайта цуьнан исбаьхьалла.

## БАБИН ИЭСИН, ВОРХІ ВЕШИН ЙИШИН ИЛЛИ

I

Нур дашо можа малх кхетале хьалха,
Малхал хьалха схьакхета и маьлхан зIаьнарш
хазлучу заман чохь
Шайн йише лен бевлира цуьнан кегий вежарий:
– Хьо чехка кечлолахь, тхан жима ва йиша,
БIаьстенан дийно Iаьнан бутт ма кхобу,
Шеран балха даха кечдала деза вай.
ТIаккха лен ма йелира церан жима ва йиша:
– Балхана мало йеш ца боху аса-ма,
Шух долу ва эхь-бехк вайн Дала лоьрийла,
Цу гуьржийн элашка йехарах ца йелла
Со шуьца цу регIахь балхахь йуй ва хиъча,
Мотт барна кхоьру со оцу гуьржийн элашка,
Со йоцуш шу гIойша цу шеран ва балха.
– Дакъаза ма йала, тхан жима ва йиша,
Цхьаъ бен йоцу шайн йиша балха йига ца ваьхьна
Цу йишин ворхI ваша, гуьржашка ца алийта,
Цу йишин ворхI ваша велла Iуьллуш ма ву,
ВорхI вешин ва йиша гуьржаша ма йигна
Бохуьйтур дай оха ала Iемина болчаьрга.
Хьо чехка кечлолахь, тхан жима ва йиша, –
Олуш, лен ва ваьлча и оьзда ворхI ваша,
Ша сиха кечйелира ворхI вешин ва йиша.
Хийла де дадийна, гена некъ бадийна,
Уьш бевлла бахара, тов, цу шеран ва балха.
Мотт эцна вахара, бах, цу гуьржийн элашка
Уьш балха бахарах цхьа маттах ма лериг:
– Шуьга, йехча, ца йелла ворхI вешин и йиша,
Га доцу сараг ва санна, цхьа Дела воцуриг,
ВорхI ваша воцуриг, кхин накъост ва воцуш,

Шеран балхахь йу шуна, хIай гуьржийн ва элий, –
Олуш, хаам бича маттаха хадаро,
Сир диллинчу тачанкашна йора дой ва доьжна,
Цунна тIаьхьа бахара, тов, и гуьржийн ва элий.
Уьш богIуш байра, тов, ворхI вешин йишина.
– ДIахьовсал, цхьанделхьа, сан кегий вежарий,
ДIо богIу бода гой ва шуна? Боданал хьалхара
Сир диллина тачанкаш гой шуна?
Хьалхара ва хьалхе махал маса ва йолуш,
Орца догIу вайна, сан кегий вежарий.
Довда вай, довда вай, сан жима ворхI ваша? –
Бохуш, лен ма йелира ворхI вешин ва йиша.
– Дакъаза ма йала, тхан жима ва йиша,
ВорхI ваша ведда бохуьйтучул,
Йишин ворхI ваша велла Iуьллуш ву,
ВорхI вешин ва йиша элаша йигна,
Бохуьйтур дай шаьш-ма, –
Олуш, тIом болийра, тов, цуьнан ворхIе цу вашас.
Iуьйранна болийна тIом делкъанга ва баьлча,
Вовшашна хала тIом бахбала ва боьлча,
Цара эго болийра, тов, цуьнан кегий вежарий.
Охьа мел воьжнариг ша бакъхьа ва нисвеш,
Делан цIераш ва йохуш, ша гонаха хьийзара, тов,
ворхI вешин ва йиша.
Говзанчо берина хин чIара ва санна,
Верина охьавиллира, тов, цуьнан жима ворхI ваша.
И ворхIе ва ваша вийначул ва тIаьхьа,
Беснеца бухбуьйлу и Iаьржа ши бIаьриг
догIанха белхабеш,
Цу кIайчу куьйранах гIарабала ца баьхьаш,
Хьуьнан кIоргехь ва бека къоркхокха ва санна,
Цу гуьржийн ва элех гIарайала ца йаьхьаш,
Цара эцна йигира, тов, ворхI вешин ва йиша.

II

ВогӀуш царна дуьхьалкхийтира, тов,
Бехачу ва новкъахь аренца лела кӀант.
Кисин пхьош ластийна, шена тӀеверзийра, тов,
Аренца лела кӀант ворхӀ вешин ва йишас.
– ХӀай адам, хӀун адам ду-те хьо?
Мел чӀогӀа цӀела кирчина хьо!
Ас хьуна хӀун гӀо дан деза?
Ца лууш хьо йигахь, ас гӀо дийр ду хьуна, –
Олуш, гонаха хьаьвзира, тов, аренца лела кӀант.
– Дакъаза ма вала, аренца лела кӀант,
Со мича нехан цӀела кирчина, моьтту хьуна?!
Со-м сайн ворхӀ вешин цӀела кирчина хьуна!
Ас дехар до хьоьга, аренца лела кӀант:
Ва сарахь суьйренца, йехачу жуларца
шен гила ловзабеш,
Цу Теркан сулу тӀе вогӀур ву и Бабин ва Иэса.
Цу гуьржийн элаша со йуьгий хаийта
Цу Бабин Иэсега, аренца лела кӀант,
Ас дехар до хьоьга, ледарло ва цайар, –
Олуш, лен ма йелира ворхӀ вешин ва йиша.
Ша чехка кхечира, тов, и каде ва бере
Цу Теркан сулу тӀе бузучу малхаца.
Йехачу жуларца шен гила ловзабеш,
Болатан дуткъа тур шен карахь ловзадеш,
Сулу тӀе вогӀуш хиллера, тов, и Бабин ва Иэса.
– Ассалам Ӏалайкум, аренца лела кӀант!
Са цӀена хьайн гила хьацарна Ӏийдалуш,
Хьо лаа лелий-те, хьо тара лелий-те? –
Олуш, лен ва ваьлча и Бабин ва Иэса,
ТӀаккха лен ма велира аренца лела кӀант:
– Ӏалайкум ва салам, хӀай Бабин ва Иэса!
Со лаа ца лела, со тара ца лела.

Шен оьзда ворхI ваша вийначул ва тIаьхьа,
Беснеца бухбуьйлу и Iаьржа ши бIаьриг
догIанха белхабеш,
Цу кIайчу куьйранах гIарабала ца баьхьаш,
Хьуьнан кIоргехь ва бека къоркхокха ва санна,
Цу гуьржийн ва элех гIарайала ца йаьхьаш,
Эскараш ва лела и шуьйра боккха некъ,
Уьш алсам хиларна, ва шайна ца тоьуш,
Йуьгуш йу ва хьуна ворхI вешин ва йиша.
Дуьненан безамна цкъа сирла бIаьрг тоха
Хьоь вола ма боху ворхI вешин ва йишас.
ТIаккха лен велира, бах, и Бабин ва Иэса:
– Малх болчу ва дийнахь IиндагIах ва къехкаш,
Кхоьлинчу ва дийнахь кхесарах ва къехкаш,
Хьомсар кхобуш бара сан и жима расха дин,
Ас и лур хьуна баьккхинчу кхоана.
И Iамош со Iийча, со хьелур ву хьуна,
Хьо марша гIойла-кха, аренца лела кIант, –
Олуш, баьккхинчу кхоана беара дин ва белла,
Цо цIехьа верзийра, тов, аренца лела кIант.

### III

Дуьгу нускал ва санна, расха дин кечбина,
Хаза йоI ва санна, ша сиха кечвелла,
Чал дера ва герзаш шен йукъах дихкина,
Дин хьаьвзаш ва хилла, ша каде тIехиъна,
Дуьне дуьтуш дIабузу дашо малх ва санна,
Йурт йуьтуш, йуьртаха велира, тов, и Бабин ва Иэса.
Шен дине лен велира и Бабин ва Иэса:
– Буьйсанна наб йоцуш, дийнахь тем ва боцуш,
Кху денна кхаьбна хьо, сан жима расха дин,
ХIинца йели ва хьуна со идо ва меттиг,
Ахь хIинца къийсалахь лоьмаца ва лелхар,

Ахь хIинца къийсалахь лечанца ва идар, –
Олуш, йуткъачу шедаца кхоамза човхийна,
Урх тесна ма битира шен жима расха дин.
Йочанан ва махо идо дарц ва санна,
Расхачу ва дино ша чехка ва идош,
И чехка кхиира, тов, цу гуьржийн ва элех.
Шерачу майданахь кIайн четарш ва тоьхна,
Шайн догIмех кIадбелла, шаьш чонна мацбелла,
Новкъа севцца бара, тов, и гуьржийн ва элий.
Лекхачу динара ша лаха воьссина,
Шен жима расха дин урх узуш бихкина,
Коган тата ва доцуш, ва каде велира, бах,
Четараш ва йуккъе и Бабин ва Иэса.
Цу децийн дажаре, цу Iуьнан шакаре,
Хьалхара ва когаш бай хьала ва уьйуш,
Шен турпал гIогIаш тIе ша йеза ва теIаш,
Сема ла ва доьгIу гила борз ва санна,
Шен турпал гIогIаш тIе ша лоха лахвелла,
Сема ладуьйгIира, тов, цу Бабин ва Иэсас.
– И Бабин ва Иэса вогIур вац ва хьуна,
Догдилла деза ахь, ворхI вешин ва йиша, –
Бохуш, даккхий хабарш дуьйцура, тов,
цу гуьржийн элаша.
– Дакъаза ма вала, хьо Бабин ва Иэса,
Дахал йоцучу ва хенахь ас хьоьга ва даьхна
Кийрара дилха дог сан дешна делара,
Тийсал йоцучу ва хенахь ас хьоьга тийсина
Сел мерза сан и са сох къаьсти делара,
Хьежол йоцучу ва хенахь ас хьоьга хьежийна
Сан Iаьржа ши бIаьриг,
Ас хьоьга хьежочул, сан кхоьли белара!
Динан беречуьнгара ледарло йаьлла виси-те?
Йа шех болу безам байна виси-те?

Мел тамаш бара-кха, и Бабин ва Иэса
Цхьана сохьтехь ца кхочуш тахана хьевалар!
Йоьхначу кху буса бIаьрга ган ца хилла
И Бабин ва Иэса къематан цу дийнахь
сан бIаьрга ма гойла! –
Бохуш, йоьлхуш аз хезча ворхI вешин ва йишин,
Дагна дарвелира, бах, и Бабин ва Иэса.
Бохь бойначу попа тIе дайн куьйра ва санна,
Дин хьаьвзаш ва хилла, ша таьIаш тIехиъна,
Цу пхьеро дахчийна, жIаьвнаца тадина
Болатан дуткъа тур баттара даькххина,
Ша йукъавелира, тов, и Бабин ва Иэса.
– ХIай йелла йовла шу, хIай кIиллой ва элий!
Шуна хIунда хаацара, и Бабин ва Иэса
Буьйсанна хан йаьлча кхочур вуй орцаха?! –
Децаш йукъа иккхина гила борз ва санна,
Царна йукъа иккхира и Бабин ва Иэса.
Цо йетта йолийра, тов, гIад деха и мажар.
– Хьо йоха ма йоха, ворхI вешин ва йиша,
Сайн мажар йоцуриг, цхьа Дела воцуриг,
Кхин накъост ва воцуш, тIаме дукха лелла со.
Суна хIун хала ду, дин лаца хьо йолуш?
Хьуна хIун хала ду, тIаме хIотта со волуш? –
Бохуш, тIом болийра, тов, цу Бабин ва Иэсас.
Буьйсанна болийна тIом Iуьйренга белира, тов,
Вовшашца хала тIом бахбала буьйлира, тов,
Молханан кIуьрана мархаш хIитта йуьйлира, тов,
Ша доха дуьйлира, тов, цу элийн ва орца.
Тхьамда-борз ва йийна берзалой ва санна,
Гила барзо ва дохо Iаьржа деций ва санна,
Цу элийн ва орца дохийна, даржийна,
ВорхI вешин ва йиша шеца цхьаьна ва йолуш,
Ша вогIуш кхечира, бах, и Бабин ва Иэса
ВорхI ваша Iуьллучу шерачу майдана.

ВорхӀ вешин ва йиша ша барта йилхина,
И Бабин ва Иэса ша кийрахь вилхина,
Цу йишин ворхӀ ваша кешнашка дӀаваьхьна,
Вайнехан Ӏедалехь уьш лаьтте берзийна,
ТӀаккха лен велира, бах, и Бабин ва Иэса:
– Дакъаза ма йала, ворхӀ вешин ва йиша,
Чам боцуш нисдели ворхӀ ваша ва воцуш
Хьуна эшахь, да хир ву со хьуна,
Хьуна эшахь, ваша ву со хьуна.
ХӀун бакъхьа лору ахь, ворхӀ вешин ва йиша?
– Да хила вуьтур вац цу нехан меттанаша,
Ваша хила вуьтур вац, нанас дена ца винехь.
Ахь собар делахь, хӀай Бабин ва Иэса,
Ма-луъу вежаршна доггаха йелха
Йитина йацара со цу гуьржийн элаша.
Шо-шаре ва долуш со йогӀур йу хьоьга, –
Олуш, лен ма йелира ворхӀ вешин и йиша.

***

Делар-кха хьо, дуьне, хи тӀера хьер санна,
Харцахьа ва хьийзаш, шарахь ши го ва боккхуш,
Хьалхара го боккхуш, тешам боцу нах бойъуш,
ШолгӀа го ша боккхуш, йахь йоцу нах бойъуш.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. ХӀунда лууш ца хилла ворхӀ вешин йишина шен вежаршца шеран балха йаха?

2. Муха хиира гуьржийн элашна вежарий шайн йишица балха баханий?

3. Шайн йишас аьлларг хӀунда ца дира вежарша, гуьржийн элий шайна тӀаьхьабевлча?

4. Вежарша гуьржийн элашца тӀом бечу хенахь ша муха гайтира церан йишас?

5. Бабин Иэсина муха хиира, ворхӀ вешин йиша гуьржийн элаша нуьцкъала дӀайуьгуш йуй?

6. Бабин Иэсас хӀун бахьана долуш дийкхира элашна?

7. Бабин Иэса Адин Сурхох тарвийриг хIун ду?

8. Иллин турпалхойн шайна дика а, вон а хета амалш билгалйаха.

9. Иллин маьIна муьлхачу могIанашкахь ду?

### Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. ХIун ду кху иллин кхидолчу турпалаллин иллешца догIург а, къаьстарг а?

2. Муьлхачу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех пайда эцна илли тIехь? Схьалаха уьш.

3. Иллин долор а, дерзор а кхечу турпалаллин иллех къаьсташ дуй? Жоп тIечагIде масалшца.

4. Илли тIехь далийнчу йух-йуха аларийн хIун маьIна ду?

5. Илли тIехь Иэса ша новкъаволуш шен расхачу дине вистхуьлу. И тайпа кеп кхечу турпалаллин иллеш тIехь хаайеллий шуна?

### Шуна, хIума довза луурш

Нохчий шайн луларчу къаьмнашца даим бертахь баьхна. Иллеш тIехь а хаало иза. Цхьана а турпалаллин илли тIехь дац кхидолу къаьмнаш сийсаздар. Иллийн турпалхой бертахь хуьлу, вовшийн гIо лоцуш, лоруш, сий деш. Иллешкахь коьрта лорург стеган амалш йу.

Нохчий гуьржашца, даим герггара уьйраш йолуш, бертахь баьхна. МехкашдIалецархошца бечу тIемашкахь белшах белш гIортийна дуьхьало йина нохчаша а, гуьржаша а. Иллешкахь а хаало и доттагIалла. «Жерочун кIентан, гуьржийн кIентан илли» тIехь, ницкъ болчу Юьспан Тойсамна дуьхьалвала ша кечлуш, гуьржийн кIант шена доттагI лаца воьду иллин турпалхо.

Кху илли тIехь дIахьош болу къовсам гуьржашца бу. Бакъду, уьш элий бу. Схьахетарехь, классови бу, ала мегар ду, и къовсам, эла Мусостана а, Адин Сурхона а йуккъехь хилларг санна. Шина къомана йукъахь болу къовсам бац иза.

# «БАБИН ИЭСИН, ВОРХI ВЕШИН ЙИШИН ИЛЛЕХ» ЛАЬЦНА

Дахарехь хилла гIуллакхаш а, цхьана хенахь баьхна турпалхой а буьйцу *турпалаллин жанран* илли ду «Бабин Иэсин, ворхI вешин йишин илли». Шен халачу дахаран новкъахь тайп-тайпанчу мостагIашна дуьхьал халкъо къийсам латтош хьалхабевлла хилла а, хьуьнарш гайтина а нах бу царна тIехь дукхахьолахь бийцинарш.

Шаьш схьабевллачу меттигца йа тайпанца билгалбаьхна уьш иллешкахь. Масала: Эвтархойн Ахьмад, Аьккхийн Джанхот, Мадин Жаьммарза (Чечанара хилла), БахIадаран Муьстарг (Дадин-Юьртара хилла), Iахин Тиймаркъа (ГихтIара хилла).

Халкъалахь а, исторехь а бевзачу турпалхойх вац «Бабин Иэсин, ворхI вешин йишин иллин» турпалхо.

Къонахалла, майралла, оьздангалла кхайкхадо хIокху илли тIехь. ГIийлачуьнгахьа гIо лацар, накъосталла дар, йахь дIацайалар, сий лардар, ницкъ бечарна бекхам бар ду кху тIехь коьртаниг.

Шен барамца башха доккха а дац илли. Масех турпалхо а, чолхе йоцу сюжет а йу цуьнан. Сюжетан зIе иштта йу: шеран балха баха кечлуш бу вежарий, шайн цхьаъ бен йоцу йиша а эцна. Йехча, гуьржашка маре ца йелла йолу ворхI вешин йиша кхоьру, цхьамма мотт а тоьхна, гуьржаша нуьцкъала ша дIайигарна.

И кхийринарг хила а хилира. Уьш новкъа ма-бевлли, цхьа мотт сацарг вахара мотт эцна гуьржийн элий болчу. Новкъахь хиллачу тасадаларехь вежарий, шайн йахь дIа ца йала, массо а вужу, элийн бIо алсам хиларна. ВорхI ваша а вожийна, церан йиша а эцна дIабоьлхуш болчу элашна дуьхьалкхета аренца лела цхьа кIант. Цуьнга дехар до ворхI вешин йишас, ша нуьцкъала гуьржийн элаша дIайуьгуш хилар Бабин Иэсе дIахаийта олий.

Кхаъ ирча хиллехь а, баьккхинчу кхоана кIантана шен расха дин а лой, ворхI вешин йиша схьайаккха араволу Иэса. ЙоIа дог диллинчу хенахь схьакхочу Иэса. Гуьржийн элашца биначу тIамехь толам боккхий, йишин ворхI ваша кешнашкахь вайнехан Iедалехь дIа а верзавой, кхидIа дан дезачунна кийчча волуш дIахIутту иза.

ЙоIа дош ло цунна, шо даьлча цуьнга маре йаха.

Цу тайпана, илли тIера хиламаш кхаа декъе бекъало: хьалхара – шеран балха баха вежарий арабовлар, цхьана вочу стага мотт а бина, царна тIаьхьа гуьржийн элийн орца далар, вежарий хIаллак а бина, нуьцкъала йоI элаша дIайигар; шолгIа – ворхI вешин йишас аренца дуьхьалкхеттачу кIанте, ша нуьцкъала дIайуьгуш йу аьлла, тIехьийзачу кIанте хабар-кост дахьийтар, вукхо иза Иэсе дIакхачор; кхоалгIа – нуьцкъала гуьржийн элаша дIайуьгу шен йезаш йолу ворхI вешин йиша тIамца цаьргара Иэсас схьайаккхар.

Оцу коьртачу хиламех лаьтта иллин чулацам, цаьргахула билгалйовлу турпалхойн амалш а, иллин маьIна а.

Къоман дахарехь хилла гIуллакхаш ду кху тIехь дуьйцурш. Турпалхой а, исторически хилла нах бацахь а, стогалла, йахь къовсучу хенахь халкъа йукъара бовлуш хилла къонахий бу. Иштта ву, масала, Иэса а, аренца лела кIант а. Шена мила йу а ца хуучу йоIехьа гIо даккха дагахь ву аренца лела кIант, нуьцкъала йуьгуш йелахь, летта а. Гуьржийн элийн бIо боккха бара аьлла ца Iаш, цуьнца тIаме волу Бабин цхьаъ бен воцу кIант Иэса а.

Иштта майра, йахь дIалур йоцуш бу йоьIан вежарий а. Шайх лаьцна вон дош ца алийта, кхерабелира ца алийта, стогалла ца йуххуш, бала а кийча бу уьш. Шайна тIаьхьа орца даьлча, йишас дехарш дешшехь, бевдда боху дош ца дезаш, шайн сий ца дойъуш, хIаллакьхуьлу уьш.

Иштта доьналла долуш йу церан йиша а. Гуьржийн элашца бен тIом халонга а баьлла, шен вежарий эга боьлча, йоьхна, тийжаш ца Iаш, охьа мел воьжна шен ваша бакъахьа нисвеш, Делан цIераш йохуш, царна гонаха хьийза иза тIаьххьарниг дIанисваллалц. ТIаккха а цу гуьржийн элашна хьалха шен йахь дIа ца луш, мохь бетташ йелха ца йоьлхуш, хьуьнан кIоргенехь, кIайчу куьйранах гIарабала ца баьхьаш, бека кхоркхокха санна, тийна белхар до цо, бIаьрхиш ледош.

Мел говза дустар далош хIоттийна и сурт кху илли тIехь.

Иллешкахь турпалхочун дин дика, герзаш чIогIа, тIера духар тоьлла хуьлу. Дагца майралла, къонахалла йолуш, хьуьнаре хуьлу турпалхо ша а. Шен йезар схьайаккхха воьдуш, хаза йоI санна, кечлой, шен дегIах чал дера герзаш духкий, масачу дин тIе а хуий, араволу Иэса.

Иллин турпалхоша, шаьш цхьа гIуллакх дан кечлуш, динца къамел до, иза хьосту, накъосталла дар доьху цуьнга.

Иштта вистхуьлу шен расхачу динс Иэса а:

Буьйсанна наб йоцуш, дийнахь тем ва боцуш,
Кху денна кхаьбна хьо, сан жима расха дин,
ХIинца йели ва хьуна со идо ва меттиг,
Ахь хIинца къийсалахь лоьмаца ва лелхар,
Ахь хIинца къийсалахь лечанца ва идар.

Шатайпа хуьлу иллин чулацам а, дIахIоттам а.

Илли, дукхахьолахь, дIадолош хуьлу йукъара сурт хIотторца йа маьIна даккхарца, йа цхьана хиламна тIера. Кху иллин дIадолор а дац кхечу иллех къаьсташ:

Нур дашо можа малх кхеталс хьалха,
Малхал хьалха схьаккхета и маьлхан зIаьнарш
хазлучу заман чохь,
Шайн йише лен бевлира цуьнан кегий вежарий...

Илли хаздан, мукъаме дало йух-йуха аларш йукъадалош хуьлу турпалаллин иллешкахь. Оцу бахьанца далийна ду хIокху илли тIехь а йух-йуха аларш. Шега Иэсас деллачу хаттарна (Хьо лаа лелий-те, хьо тара лелий-те?) изза дешнаш йукъа а далош, жоп ло аренца лелачу кIанта:

Со лаа ца лела, со тара ца лела...

Иллин турпалхойн гIиллакх-амалш диалогашкахь гучуйовлу. Уьш шаьш санна, вайн турпалхоша вовшашца ден къамел а ду оьзда, гIиллакхе. Вайна хаало, уьш майра, доьналла долуш, йахь дIалур йоцуш кIентий буй.

Рифма ца ларйинехь а, ритм ларйеш, поэтически говза кхоьллина илли ду «Бабин Иэсин, ворхI вешин йишин илли». Iаламат хаза исбаьхьаллин суьрташ а, васташ а кхуллуш, меттан тайп-тайпанчу суртхIотторан гIирсех пайда оьцуш, даьккхина илли ду «Бабин Иэсин, ворхI вешин йишин илли».

Турпалхойн куц-кеп гойтуш, церан хьуьнарех лаьцна дуьйцуш, илли тIера хиламаш буьйцуш алсам пайда эцна гуттар а лелачу *эпитетех:* чал дера герзаш; расха дин; нур дашо можа малх; болатан дуткъа тур; са цIена гила, гIад деха мажар; *дустарех:* децаш йукъа иккхина гила борз санна; хьуьнан кIоргехь бека къоркхокха санна; хаза йоI

санна, кечвелла; дуьне дуьтуш дӀабузу дашо малх ва санна; йочанан ва махо идо дарц ва санна; бохь бойначу попа тӀе дайн куьйра ва санна; тхьамда-борз ва йийна берзалой ва санна; гила барзо ва дохо Ӏаьржа дeций ва санна; хи тӀера хьер санна, харцахьа хьийзаш.

Дахарехь ца хуьлучу кепара хӀума дестийна гайтина (гиперболех пайда эцна) меттигаш а йу илли тӀехь. Масала, «буьйсанна болийна тӀом Ӏуьйренга белира, молханан кӀуьрана мархаш хӀитта йуьйлира». Шаьш дукха хилар бахьана долуш доьналла долу ворхӀ кӀант хӀаллаквина бӀо цхьалхачу Иэсас, бохабой, баржабой, дӀабоккху.

Иштта меттигаш турпалаллин иллешкахь нислуш хуьлу. Шена дукхавезавеллачу турпалхочун доьналла, хьуьнарш тайна дела, уьш къагош, дестийна дуьйцу халкъо шен иллешкахь.

Шен билгало йолуш ду кху иллин дерзор а. Иллин коьрта маьӀна чулоцуш ду иза. Илли тӀехь дийцинчун жамӀ деш санна дека и дешнаш:

Делар-кха хьо, дуьне, хи тӀера хьер санна,
Харцахьа ва хьийзаш, шарахь ши го боккхуш,
Хьалхара го боккхуш, тешам боцу нах бойъуш,
ШолгӀа го ша боккхуш, йахь йоцу нах бойъуш.

Иллин дерзорехь гучудолу вайна цуьнан коьрта маьӀна: йахь, тешам боцу соьмах бохкалуш болу нах йемалбо халкъо.

Къоман ламасташкахь долу гӀиллакх, оьздангалла, оьшучунна вошалла дар, вовшийн лоруш, сий деш хилар чӀагӀдо илли тӀехь. Шен маьӀница а, исбаьхьаллин башхаллашца а дикачу иллех цхьаъ ду «Бабин Иэсин, ворхӀ вешин йишин илли».

## ВАША ВОЦУЧУ САЙЛАХИН ИЛЛИ

Ва сарахь суьйренца, булучу боданца
Шинна шортачу, кхаанна готтачу
Хьешана диначу цу чоьхьа оти чу,
Ханна атта мотт биллина,
Атта гӀайба товжа биллина,
И дарин йургӀа шен дегӀах хьерчош,
Набарна йижира, тов, ваша воцу Сайлаха.
Хан йоцучу хенахь, буьйсанан кийрахь,
Мерза наб кӀордийна, набарха йелира
Ваша воцу Сайлаха.
Ва пхьуьйрахь гулйина цӀе ша Ӏуьйкъехь йаржийна,
Цу мелачу овкъар тӀе дайн чемхалг ва хьоькхуш,
Ойла йан хиира, тов, ваша воцу Сайлаха.
ТӀаккха цуьнга лен йелира йоӀ йина нана:
– Ша йала хьан делаӀ, шен жима Сайлаха!
Хан йоцучу кху хенахь набарха йаьлла,
Пхьуьйрахь гулйина цӀе Ӏуьйкъехь йаржийна,
ХӀокху шелчу кхерчан мелачу овкъар тӀе
Дайн чемхалг ва хьоькхуш,
Мел доггах йо ахь дагара ойланаш!
ХӀун бала боьсси-техьа шортачу хьан кийра?
ХӀун гӀайгӀа йоьсси-техьа горгачу ва коьрте?
Баланаш, гӀайгӀанаш ахь шега йалхийча,
Махо марха санна, ша ойъур йара хьуна, –
Бохуш, лен ма йелира йоӀ йина и нана.
Ша тӀаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– Дакъаза ма йала хьо, ша йина шен нана,
Ша дуьйцур ду хьоьга, ладугӀуш хилалахь,
Бала беца шена нанас дена вина
Цхьа ваша цахилар,
ГӀайгӀа йеца шена ден вешина вина
Цхьа шича цахилар,

ВоI воцуш йу бохуш, хьо тергал ца йо
Йуьртарчу кIенташа,
Ваша воцуш йу бохуш, ша сийсаза хета
Йуьртарчу кIенташна.
Исс эзар цIе йолчу йоккхачу шахьар чохь
Ша йаха там болуш кIант хеташ йац ша.
Элий шуьна хевшича, элаша йуьйцура
ГIалмакхойн и рема.
ГIалмакхойн рема лалла йоллу ша,
Ша йина шен нана.
ГIалмакхойн рема хьалха йерзор йу ша,
Ша йина шен нана.
ГIалмакхойн рема ша хьалха йерзийча,
ГIалмакхойн гIалара дуькъа орца дер ду,
Ша йина нана,
Орца тIекхиъча, буьрсачу тIамехь
Ша карзахе хьаьвзар йу,
Ша йина нана.
Цу халчу тIамо, апарино хи санна, ша гатте хьовзийча,
Хе бера санна, ша баьрзе хьовзийча,
Цу Теркал дехьа чехкачу тIамехь лаха йоллу ша
Ша йаха там болу кIант, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
Ша тIаккха лен йелира йоI йина нана:
– Дижахьа, цхьанделхьа, да воцу гIийла бо!
Дакъаздала доллу хьо, да воцу гIийла бо,
Дижахьа, цхьанделхьа, да воцу гIийла бо!
– Ма йала дакъаза, ша йина шен нана,
Йуьртарчу кIенташа хьо тергал ца йеш,
Ваша воцуш йу бохуш, ша сийсаза хеташ,
Даалац шега йара маьлхан дуьне.
Шен ойла ма йеца цу Теркал дехьахь.
Йуьртарчу кIенташна сийсаза хеташ,
Кху маьлхан дуьнен чохь сийсаза дуьне ца дууш,

И Iаьржа Iожалла ша эца ма йоллу.
Йалалахь, йалор ша гIалмакхойн рема,
Ца йалалахь, оьцур ша и Iаьржа Iожалла, –
Бохуш, шен вешин йисина зорбанан бедарш[1]
Сихонца йерзийра цо шен оьздачу дегIа,
Шен вешин дисина чал дера герзаш
Ша йукъах къуьйлуш, дихкира цо,
Шен вешин бисина са цIена гила,
Дуьгуш нускал санна, хаза кечбира цо.
Зорбанан бедарх, дерачу герзех ша цIена кечйелла,
Бохь боцучу попа тIе дайн куьйра ва санна,
Гила хьаьвзаш[2] бина, кхерсташ[3] тIехиира иза.
– Дакъаза ма йала ша йина нана,
ЙухайогIур алий, дог теший ма Iслахь,
И Iаьржа Iожалла ша кхайкхош ца йогIу,
Йухайаран хIума Дела воцчунна ца хаьа,
Хьо марша Iойла, ша йина нана, –
Бохуш, дIатилира и ваша воцу Сайлаха.
ТаьIана хьаьжча, шен говран лергаш ца гучу буса
Ша новкъайелира ваша воцу Сайлаха.
Аренаш идийра цо, ва раьгIнаш хедийра цо,
Цу Делан Iуьйренца Терка тIе кхечира иза.
– Ассалам Iалайкум, элан сту санна
ТIех тийна догIу Терк,
ТIехь бур-бур ва бохуш, бухахь гIергIаш догIу Терк!
Ва гатте дирзича, цIоькъа-лом санна
Мохь хьоькхуш догIу Терк,
Хьан гечош[4] леха ша бере вацара,
ТIера ша, бере, ледара ву алий,
Бухара гила гIийла бу алий,

[1] Зорбанан бедарш – фабрикин кIадинах йинарш.

[2] Гила хьаьвзаш – хьовзош.

[3] Кхерсташ – паргIата.

[4] Гечош – гIаш хих волу меттиг.

Ахь бохам ма баккха, тӀех тийна догӀу Терк, –
Бохуш, Терка чу тесира цо са цӀена шен гила.
Динах кема ва дина, сов пийсак санна,
Шедан кхаж ва хьоькхуш,
Тиша кетар санна, пурхалла Терк этӀош,
Терк сехьа дуьтуш, ша дехьайелира
Ваша воцу Сайлаха.
Ша йаха йелира гӀалмакхойн гӀала.
ХӀара йоьдуш кхечира гӀалмакхойн гӀали йисте.
Цу пхийтта Ӏуьнца, шийтта жӀаьлица,
ГӀалех йелира гӀалмакхойн рема.
Цу сенчу арахь дика дин ловзош,
Хьаьвзаш тӀейахара ваша воцу Сайлаха…
– Рема йиги алахьа гӀалмакхойн инарле,
И Дела ша воцург, шеца накъост воцуш,
Ша цхьалха ву алахьа цхьа нохчийн жима кӀант.
ГӀалмакхойн кӀенташца орцахвала ала
ГӀалмакхойн инарле, –
Бохуш, гӀала хьажийра цо гӀалмакхойн жимха.
Мела дог Ӏийжалуш, шийлачу маьхьарца
Ша гӀала вахара гӀалмакхойн жаӀу.
– Ӏаламат йа рабби, гӀалмакхойн инарла,
Мел боккха болх бу йара, мел тамашена хӀума ду йара…
«И Дела воцург, шеца накъост воцуш,
Ша цхьалха ву ала, орцахвала ала», – бах хьоьга
Цу нохчийн цхьана кӀанта,
ГӀалмакхойн кӀенташца орцахвала бах хьоьга
Бохуш, мотт ма бира ва маттах хадаро.
Килсе хьаьдира и гӀалмакхойн инарла.
Орцанан килс йетташ, гӀашлой гулбира цо,
Доккха дуькъа орца гӀалах даьккхира цо.
Махал чехка береш хьалхашка бевлира,
Дахкарал дуькъа орца тӀехьашка делира,
Апарино хи санна, гатте йерзийра ваша воцу Сайлаха,

Хе бера санна, карзахе хьовзийра цу Делан мостагIаша.
Шена хьалха нисвелларг шен дине кагвойтуш,
Шена улле нисвелларг туьраца цостуш,
Ведда нацкъара иккхинарг тоьпе лоцуьйтуш,
Чехкачу тIамехь летта цIе хилла,
Леттачу цIарна туху хи ва хилла,
Йукъа хьийза йелира ваша воцу Сайлаха.
Ведда кIелхьара ва ваьлларг
Ведда кIелхьара ва ваьлла,
Ведда кIелхьара ца ваьллачун шийла дакъа дижийна,
Ша цхьалха йисира и цу халачу тIамехь.
Дерачу чевнашна динахь Iа ца йелла,
Кийрара дилха дог гIелдала ва доьлла,
Цу сенчу бай тIе йосса йуьйлира и цу дикачу динара.
Цу дикачу дино йосса ца йуьтуш,
Ша ловзо йаьккхира и цу сенчу бай тIехь.
Ва даге Iеткъош, турпала гола теIош,
Болатан гаьллашца, локхаран[1] архашца
Шен жима гила цицигал горгбина,
Махал чехка вар долуш, чал дера ша волуш,
ВогIуш тIекхечира Жерочун жима кIант.
– Ассалам Iалайкум, хIай динан бере!
Чевнаш декъалйойла хьан ницкъболчу Дала! –
Аьлла, тIехъиккхира Жерочун жима кIант.
– Iалайкум ва салам, хIай нохчийн жима кIант!
КIеззиг ладогIахьа ша дечу къамеле:
Дерачу чевнашна динахь Iа ца велла,
Кийрара дилхан дог шен гIелдала доьлла,
Динара восса воьллера ша, хIай нохчийн бере.
ХIокху дикачу дино ша восса ца вуьтуш,
Ловзаваьккхина ша хIокху сенчу арахь,
Кийрара дилхан дог гIелделла догIу шен.
Лацахьа, цхьанделхьа, болатан луьйта, –

[1] Локхар – тIаьрсиган доьхка, аса.

Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
– Дакъаза ма вала хьо, динан бере,
Теркал сехьа оьхучу цу дикачу кIентийн
Луьйтанаш леца ша оьху-х, ца моьттий хьуна?
Кху Теркан гечошкахь са дийна мостагI шена карош,
Лаца бакъо йац шен болатан луьйта, –
Бохуш, тIехвелира Жерочун жима кIант.
Эгначу декъашна ког баккха меттиг боцуш,
МостагIийн декъашлахь говр хехка велира иза.
Цу Теркан гечошкахь леха велира иза са дийна мостагI.
Са дийна мостагI шена ца карош,
Хьаьвзаш тIевеара Жерочун жима кIант.
– Дакъаза ма вала, хIай динан бере,
Мел ирча тIом бу ахь кхаьрца бинарг,
Мел доггах летта хьо кху Делан мостагIех.
Ша хIинца лоцур ду болатан хьан луьйта,
Ша хIинца лоцур йу хьан дикачу динан урх, –
Бохуш, динан урх лецира, болатан луьйта лецира,
Ша динара йоссийра цо ваша воцу Сайлаха.
Кийрара дилха дог гIелдала доьлла,
Йоьжна йисира ваша воцу Сайлаха.
Воьхна хьийза висира Жерочун жима кIант.
– Дакъаза ма вала, хIай нохчийн бере,
Шайн къена дада волчу хенахь
И волчу лестара йуьртара баккхий нах,
Баккхийчу наха олуш хезна вара ша:
«Кху Теркал дехьахь халачу тIамехь висина,
Чевнаш алсам хилла гIелвелла висинарг,
Iожалла йеха а хилла, рицкъ тIаьхьа хилча,
Кийрара детта цIий хецалора Теркан хи мелча,
Рицкъ тIаьхьа дисахь, дегIаха мерза са сихонца къаьстара.
Ахь чехка кхиадехьа сийначу Теркан хи», –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
Цо чехка кхиийра сийначу Теркан хи.

Теркан хи кхиийча, кийрара детта цIий
Хецаделла, йоI паргIатйелира.
Ша кIегархиира ваша воцу Сайлаха.
Шен чухула йухучу кучан пхьуьйшаш
Кучаха дехира Жерочун кIанта,
Шен кучан пхьуьйшашца
Цуьнан чевнаш йихкира Жерочун кIанта.
Ша паргIатйелира ваша воцу Сайлаха.
Ша дина хиира Жерочун жима кIант.
Рема хьалха йолуш, шаьш цIехьа дирзира
ХIара нийса ши накъост.
Терк тIехьа дуьтуш, шаьш сехьадаьлча,
Къамеле йелира ваша воцу Сайлаха:
– Дакъаза ма вала, хIай нохчийн бере!
Шена догIу дакъа байнна декъалахь,
Шен кIеззиг гIуллакх ду Теркаца хьала-охьа,
Ша къастаза ца волу хьох, хIай нохчийн бере, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
– Дакъаза ма вала, хIай динан бере,
Цу Теркал дехьа буькъа тIом хезара
Ша йуьртах ва волуш, баккхийчу нахана,
Ша вогIуш вайнера цу халачу тIаме,
Цу тIамах хIума шега дийца аьлча,
Дийца хIума ма дац шен, ма къастахьа шеха.
ТIаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– Дакъаза ма вала хьо, нохчийн бере,
Цу тIамах хIума ахь дийцинарг ду хьуна,
Цадийцинарг дац хьуна,
Вала айкх[1] вац хьуна кху маьлхан дуьнен чохь,
Къастаза йиш йац шен, хIай нохчийн бере, –
Бохуш, лен ма йелира ваша воцу Сайлаха.
Ша тIаккха лен велира Жерочун жима кIант:
– Дакъаза ма вала, хIай динан хьо бере,

[1] Айкх – могт тухург.

Кху реманах хIума шега дийца аьлча,
Дийца хIума ма дац шен йуьртарчу кIенташна.
Ма къастахьа шеха хьо, хIай динан бере, –
Бохуш, лен велира Жерочун жима кIант.
Ша тIаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– Ма вала дакъаза, хIай нохчийн бере,
Цу Теркал дехьахь буькъа тIом а бина,
ГIалмакхойн арахь Iуй йуха а човхийна,
Теркан гечошкахь буькъа тIом а бина,
ГIалмакхойн шийла декъий эгийна,
Айхьа йалийна, ала ахь, гIалмакхойн рема,
Вала айкх вац хьуна кху маьлхан дуьненахь.
Къастаза йиш йац шен, хIай нохчийн бере,
Кху Теркан гечошкахь шега ладоьгIуш
Цхьа накъост ву шен, ша кхача дезаш.
ГIалмакхойн ремин, хьо воцург, да воцуш,
Кху маьлхан дуьненахь вала айкх воцуш,
Шена догIу дакъа байшна дала хьо векал вина,
Ша хьуна дIайели, хIай нохчийн бере,
Ша вахаза йиш йац, – бохуш, лен йелира
Ваша воцу Сайлаха.
ТIаккха лен велира Жерочун жима кIант:
– Къастаза хьо ца Iахь, хIай динан ва бере,
Йийцахьа шега хьайн йаккха тиллина цIе.
– Йелха нана йоцуш, вала да воцуш,
ГIийла кIант йу хьуна шен йаккха тиллина цIе, –
Бохуш, дIатилира ваша воцу Сайлаха.
И къайла ва валлалц Теркаца охьа йахара
Ваша воцу Сайлаха.
И къайла ва ваьлча, шен нене боьду некъ
Цо йуьхьара ма лецира.
Буьйсанна хан йоцучу ва хенахь,
Буьйса кхозлагIчу декъе йирзинчу хенахь,
Ша йоьдуш кхечира и йехачу ва уьйтIа,

Дин уьйтIахь охьабуьйжира цуьнан,
Ша уьйтIахь охьайуьйжира иза.
Йехачу шен уьйтIахь гIийла узар хезна,
Йоьлхуш, араиккхира йоI йина нана.
– Ша йала хьан делаI, да воцу гIийла бо,
ХIун кхечи хьуна тIе, хIун бала хьийги ахь? –
Бохуш, тIекхийтира йоI йина ва нана.
– Дин уьйтIахь охьабоьжна шен,
Дин паргIатбаккхахьа, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
Йадийна йаьхьира цо цу хьешан оти чу.
Дархочун метта и охьайиллина,
Дин паргIатбаьккхира йоI йиначу нанас.
Аддаме шен йоIана чов хиллий ца хоуьйтуш,
Лоьралла дан йелира йоI йина нана.
Цо диначу лоьраллех лоьралла ва хилла,
Кхаа баттахь Iиллина, йирзина, гIаьттира.
ТIаккха ша лен йелира, ваша воцу Сайлаха:
– Ма йала дакъаза, ша йина шен нана,
Дерачу чевнех, кхаа баттахь Iиллина,
Йирзина гIаьтти ша, рицкъ тIаьхьа хилла,
Сагатлуш ма йу ша, сахьийзаш ма йу ша,
Гулдай, ховшадехьа кху хьешан оти чу
Вайн куьпахь долу и кегий зудбераш,
Цхьа тийна синкъерам хIотто йоллура ша,
Кийрара мерза са шен мукъадаккха, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
Ша арайелира йоI йина ва нана.
Гулдина, ховшийра цо и кегий зудбераш
Хьешана ва диначу чоьхьарчу оти чу.
Чуэха йуьйлира маьркIажан кIиллош:
Эвла йистехь лела гIалмакхойн рема
Шай шай йалийна ва бохуш, даккхий хабарш дуьйцуш.
Буьйсанах ши дакъа хиллачу ва хенахь,

Туьйдинчу мачашца, бохь боцучу куйнаца,
ЧIурам хьарчийна болатан тур пхьаьрса кIел лоьцуш,
Хьийзаш, чувеара Жерочун жима кIант.
– Ассалам Iалайкум, йуьртара кIентий,
Дала барт бойла шун! – аьлла, дIахIоьттира иза.
Цуьнгара салам дерзийра, цхьаъ хьала ца гIоттуш.
Царна хьалхаваьлла, хьалха охьахаа
Зудберех эхь хеташ, ша латта висира иза.
Хьалха ца ваьлча, хаа меттиг йоцуш,
НеIаран соне ша латта висира Жерочун жима кIант.
Теркал дехьара лоьцуш, даккхий хабарш дуьйцуш,
Эвла йистехь лела гIалмакхойн рема
Шай шай йалийна бохуш,
Дуьхьал Iаш хиллера йуьртара ва кIиллой,
Дола дина, схьалаьцна, цхьаъ къасто ца ваьхьаш.
Ша тIаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– Сема ладогIийша, йуьртара кIентий,
Буьйсанан хIара зама дIайаьлла ма йоьду,
ХIара кегий зудбераш цIа дига деза шен,
Шу арадовлийша, йуьртара кIентий, –
Бохуш, арайелира ваша воцу Сайлаха.
ЦхьакIеззиг зама сехьа чохь йаьккхина,
Хьийзаш, чуйахара ваша воцу Сайлаха.
Теркал дехьара лоьцуш, даккхий хабарш дуьйцуш
Дуьхьал Iаш карийра йуьртара кIиллой.
– Дакъаза ма йовла, йуьртара кIиллой, –
Аьлла, йистхилира ваша воцу Сайлаха. –
ХIара кегий зудбераш цIа дига деза шен,
Шу арадовлийша, йуьртара кIентий
Аьлла, ша арайаьлча, кIеззиг арахь Iийна,
Хьаьвзаш чуйеа ша, йуьртара кIиллой.
Охьахевшина, йаккхий хабарш йуьйцуш,
Дуьхьал Iаш ма йу, цхьа а хьала ца гIоттуш,
Нана хьарам йойла аш, йуьртара кIиллой! –

Бохуш, йукъайелира ваша воцу Сайлаха.
Шишша цхьаьна лоьцуш, неІарх а йетташ,
Аракхийса йолийра цо и йуьртара кІиллой.
БІаьрга бІаьца йина, куьйга амал йина,
Цо тІаьхьа сацийра Жерочун жима кІант.
ТІаккха лен йелира ша йиначу бабе:
– Дакъаза ма йала, ша йина баба,
Йара кегий зудбераш цІа дигий йолахьа,
Ша йина баба, –
Бохуш, дІахьажийра цо йуьртара зудбераш,
Ша йина нана царна хьалхайаьккхина.
ТІаккха лен йелира Жерочун кІанте:
– ЛадугІуш хилалахь, Жерочун жима кІант,
Цхьа-ши дош дара шен ва хьоьга хатта,
Бакъдерг дийцахьа ша хьайга хоьттучух,
Цхьа рема йу, бах, горгачу эвлан йистехь,
Йуьртарчу кІенташа шай шай йалийна бохуш,
Дола дина бекъа къасто цхьа а ца ваьхьа, боху,
Цу ремех хьуна хаьа, бахара,
Дийцахьа шена хьайна хууш дерг, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
– Дакъаза ма йала, ваша воцу Сайлаха!
Цу реманах хІума хьуна дийца ма дац шен,
Эвла йисте ваьлча, лелаш гар доцург.
Эвла йисте хьо йалахь, шена санна, и хьуна а гур йу.
Сагатделла хир ма йу ша вина шен баба,
Ма шен доцу гІуллакх ду ахь шега ва хоьттург,
Вахийта, цхьанделхьа, виначу бабина тІе, –
Бохуш, лен велира Жерочун жима кІант.
Ша тІаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– И рема йало ваханчу цхьана динан беречунна,
Цу Теркал дехьахь, чехкачу тІамехь и карзах а хьийзаш,
Хьо орцах кхаьчна, ма бахара, цу динан беречунна.
Дийцахьа шена хьайна хууш дерг.

– Дакъаза ма йала, ваша воцу Сайлаха,
Ша гӀийла, миска хеташ йеш хир йу-кха
Ахь шеца йен хьайн забарш.
Туьйдинчу мачашца, бохь боцучу куйнаца
Йуьртах вала де доцуш, гӀийла стаг ву ша,
Вахийта бабина, сагатлуш хир йу иза, –
Бохуш, лен велира Жерочун жима кӀант.
Ша тӀаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– Ма вала дакъаза, Жерочун жима кӀант,
Цу Теркал дехьа гӀалмакхойн рема
Лаьллина вогӀучу нохчийн беречунна,
Орца тӀе а кхиъна, тӀамо гӀелвина,
Кийрара дилха дог гӀелдала доьлча,
Шен дикачу динара и восса воьлча,
И восса ца вуьтуш, и ловзо ваьккхича,
Хьо орцах кхаьчна, ахь луьйта ва лаьцна
Воссийна, бахара, и нохчийн бере.
Хьайн кучан пхьуьйшаш кучаха схьадаьхна,
Ахь йихки, бахара, цуьнан дера чевнаш,
Дийцахьа ахь шена хьайна хууш дерг, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
Ша тӀаккха лен велира Жерочун жима кӀант:
– Хьуна дийца хӀума дац шен, ваша воцу Сайлаха,
Ша аьшнаш ван гӀерта-те хьо?
Ша сийсаз ван гӀерта-те хьо?
Исс эзар цӀе йогучу йоккхачу шахьар чохь,
Шахьар чохь бехачу кегийчу кӀенташлахь
Ша гӀийла хеташ, йеш хета ахь шеца йен и забарш, –
Бохуш, лен велира Жерочун жима кӀант.
Ша тӀаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– Ма вала дакъаза, Жерочун жима кӀант,
Ша хьоьца йеш йерш забарш йу хьуна,
Хьан чухула йухучу кисин кучан пхьуьйшаш
Куча тӀехь делахь, Жерочун жима кӀант,

Схьагайта ахь шега хьайн кисин йуткъа коч, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.
Ша тIаккха лен велира Жерочун жима кIант:
– Сарралц дехнарг сарахь дууш,
Йуьртахь сагIа доьхуш миска стаг вара ша,
Сарралц ша дехча, ши чами оьшуш,
Ахьаран гирда[1] шен вовшахкхийтира.
Ахьаран гирда боьхкича, ши пхьош доцу коч йели шена.
Вахийта бабина, сагатдеш хир йу иза, –
Бохуш, лен велира Жерочун жима кIант.
Ша тIаккха лен йелира ваша воцу Сайлаха:
– ЛадогIал, цхьанделхьа, Жерочун жима кIант,
Ваша воцуш йу бохуш, ша сийсаза хетара
Йуьртарчу кIенташна,
ВоI воцуш йу бохуш, ша йина нана
Тергал ца йора йуьртарчу кIенташа,
Исс эзар цIе йогучу йоккхачу шахьар чохь
Ша йаха там болуш кIант ша хеташ йацара.
Ша йина нана тергал ца йеш,
Ваша воцуш йу бохуш, ша сийсаза хеташ
Даа ца делира шега йара маьлха ва дуьне.
Исс эзар цIе йогучу хIокху шахьар чохь
Ша йаха там болуш кIант шена ца хетча,
Дагадеара шена ша йаха кIант лаха.
Элий шуьна хевшича, элаша йуьйцура гIалмакхойн рема,
ГIалмакхойн рема хьалха йерзийча,
ГIалмакхойн гIалара дуькъа орца дер ду.
Орца тIекхаьчча, ша тIамехь йуьсур йу.
Чехкачу тIамо ша карзах хьовзийча,
Шена орцах кхаьчначу кIанте ша маре гIур йу
Аьлла, йахара ша цу Теркал дехьа.
ГIалмакхойн гIали йисте кхеттачу малхаца
Цу пхийтта Iуьнца, шийтта жIаьлица

[1] Гирда –16 кила.

ГIалех йелира гIалмакхойн рема.
Цу сенчу арахь, дика дин ловзабеш,
Хьийзаш тIейахара ша гIалмакхойн ремина.
Вейтта Iу, церан шийтта жIаьла
Дерина ва човхийна, йуьстахдехира ша,
ПхийтталгIа Iу орца даккха хьажийра ша.
Рема хьалха йерзийра ша, Жерочун жима кIант.
ГIалмакхойн гIалара дуькъа орца даьлла,
Махал чехка береш хьалхашка бевлла,
Дахкарал дуькъа орца тIехьашха кхиъна,
Апарино хи санна, ша гатте хьовзийра.
Хе бера санна, карзахе хьовзийра ша,
Цу Дала шена гIо деш, лета йелира ша,
МостагIийн эскар дохийна, даржийна,
Ша цхьалха йелира ша цу халачу тIамера.
Дерачу чевнашна динахь Iа ца йелла,
Ша йосса йоьлча, дикачу дино,
Йосса ца йуьтуш, ловзайаьккхира ша,
Цигахь хьо орцах кхиира, ахь луьйта лаьцна,
Динара йоссийра ша, Жерочун жима кIант.
Кийрара дилха дог гIелдала шен доьлла,
Йоьжна йисира ша цу Теркан гечошкахь.
Ахь шена деара сийначу Теркан хи.
Теркан хи мелча, кийрара детта цIий
Ша хецаделла, ша паргIатйелира.
Хьайн кучан пхьуьйшашца сан чевнаш йихкира ахь,
Терках даллалц, вайша цхьаьна схьаихира,
Къастаза ца йаьлла, ша хьоьха къаьстира.
Нанас дена вина ваша воцуш йу ша,
Ден вешина вина шича воцуш йу ша,
Ша хьуна йезахь, хьан йезар йар-кха ша,
Ша хьуна ца йезахь, нанас дена йина хьан йиша йу ша,
Ша хьайна йезахь, стечалла йига ша, –
Бохуш, лен йелира ваша воцу Сайлаха.

Хьаьвзаш, чувахара Жерочун жима кIант.
Хьалха йоьхуна дахьийтина, тIаьхьа замой бахийтина,
Цо шена йалийра ваша воцу Сайлаха.

ДIакхоьхьучу махо цадезарг дIакхоьхьуш,
Схьахьоьккучу махо дезарш тIекхоьхьуш,
Шаьшшиъ даха хиира и нийса ши накъост.

#### Текстана комментари

Айкх – мотт гухург; гIалмакхойн рема – гIалмакхойн говраш; килс – керста нехан ламаз до гIишло; ахьаран гирда – 16 кила гертга ахьар; зорбанан бедарш – фабрикин кIадинах йина бедар; чоьхьара оти – хьешана дина цIа йа чоь.

#### Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Коьрта турпалхо Сайлаха йу кху иллин. Турпалаллин илли лара мегар дуй иза?

2. Сайлаха гIалмакхойн рема йало йахийтинарг хIун дара?

3. Сайлаха Терке йистхиларан хIун маьIна ду?

4. Луьрачу тIамехь ша муха гойту Сайлахас?

5. Сайлаха динара йоссош луьйта лаца дегаза хIунда хета Жерочун кIантана?

6. Илли тIехь Сайлахин, Жерочун кIентан диалогашкахь хIун гучудолу?

7. Йуьртара кIентий сийсазбеш Сайлахе цаьрга къамел дайтинарг хIун ду?

8. Сайлахин, Жерочун кIентан муьлха амалш билгалйовлу цара дечу гIуллакхашкахь, къамелехь?

9. Иллин хIун маьIна ду? Муьлхачу дешнашкахь билгалдолу иза?

#### Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Турпалаллин иллин исбаьхьаллин гIирсаш, кепаш дагалаций вай. Царах муьлхачарех пайда эцна кху илли тIехь?

2. Муьлхачу билгалонаша бакъо ло «Ваша воцучу Сайлахин илли» турпалаллин илли лара?

3. Илли тIехь диалогаш дукха йу. Мича Iалашонца йалийна уьш иллина йукъа?

4. ХIун ду кху иллин кхечу иллешца тера догIург а, къаьстарг а?

5. ХIун маьIна долуш йукъадалийна иллина алссам дустарш, хIума дестийна гайтар?

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Теркал дехьа ша йаха там болу кIант лаха арайолу Сайлаха. Вайн къоман гIиллакхашца догIуш дуй иза?

2. ЙоIа йуьртара кIентий сийсазбеш къамел до. ЙоIехь товш дуй и саннарг?

3. Жерочун кIанте «ша хьуна йезахь, хьан йезар йар-кха ша, ша хьуна ца йезахь, нанас дена йина хьан йиша йу ша» олу Сайлахас. И муха лору аш?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Иллин могIанехь масех дустар далийна: «дуькъа орца гIалех даькххира»; «дахкарал дуькъа орца тIехьашха делира»; «апарино хи санна, гатте йерзийра Сайлаха»; «хе бера санна, карзахе хьовзийра Сайлаха». ХIун маьIна долуш далийна уьш оццул дукха?

2. ХIун маьIна ду кху дешнийн: дуькъа орца даьлла; махал чехка береш хьалхашка бевлла; чIурам хьарчийна болатан тур пхьаьрса кIел лоьцуш?

## ДАДИ-ЮРТ ЙАККХАРАН ИЛЛИ

Лакхахь лам ва боьлхуш, арахь Терк дистича,
Цу Терко тийсинчу гIайре тIе йурт йилла ма вуьйлира
ЦIонтаройн ва Дада.
Йурт йиллина ва ваьлча, кIентий кхиира, ма боху,
Эзар кIур болучу цу Дадин ва йуьртахь,
Уггар кIилло ва вериг барзал майра ва волуш,
Уггар гIийла ва вериг лоьмал каде ва волуш.
Тел детта ма велира Гуьржехара инарла цу Москох паччахье:
– ХIун белларг бала бу йар дадийуьртахой?
Iуьйрре дIалаьллинарг сарахь цIа ца догIу,
Ураме ва вала салти ца вуьту,
Кулубе ва ваха полколаг ца вуьту,
Йохайахь, йохайе йар Дади-кIотар,
Ца йохайахь, ваккха со Идалал ва дехьа.
Гома зурма ва лекхна, кIайн эскар гулдина,
Йоьза вота ва тоьхна, и новкъа нисдина,
Ша ваха ма велира Гуьржехара инарла цу Дадин ва йуьрта.

Сатосу седарчий уьдучу ва хенахь,
Іуьйранна котамаш декачу ва хенахь
Кхолха го ма лецира цу Дади-Юьртана.
Шен нанас биллинчу кІедачу цу меттахь
Набарна вижина вара, тов, БахІадаран ва Муьстарг.
– Арайалий ладогІахьа, ша вина шен нана,
Іуьйранна малх кхетта, малх лоцу хан йацар-кха,
Салт дуьллуш хеза шена вайн йуьртан маьждигехь.
Арайаьлла ладуьйгІира кІант виначу ва нанас.
Хьаьттаршна го лоьцу човкарчий ва санна,
Уьшална го лоьцу куьйса эрз ва санна,
Кхолха го ма карийра цу Дадин ва йуьртана.
Ша хьаьвзина чуйеара кІант вина ва нана.
– Шеран исс баттахь шен кийрахь лелийна,
Дуьзна куьйра ва санна, набарна ва теІаш,
Аганан ва гІож тІехь пхьаьрсан дол ва дустуш,
Ша хьуна баийна и хьена кІайн кхача,
Хьакхийн цІий ва санна, хьарам бо ша хьуна,
Йурт йоккхучу кху дийнахь хьо стешха ва хилахь, –
Бохуш, лен ма йелира кІант вина ва нана.
Синметта топ кхетта цІен экха ва санна,
Ша хьала ма иккхира БахІадаран ва Муьстарг.
Чергазойн, гІебартойн зударша къуьйсуш ва дина духарш
Шен дегІа дуьйхина,
БархІ са болу мажар шен белшах ва кхозуш,
Терсмаймал дуткъа тур шен карахь ловзадеш,
Нанас бер санна, шен нана къинтІерайаьккхина,
Ша ваха ма велира БахІадаран ва Муьстарг
Баккхий нах гуллучу маьждиган майдана.
Маьждиган майданахь, йоьза вота ва йетташ,
Кхайкхам беш ма йара и Дадин Аьлбика.
Цуьнга вист ма хилира БахІадаран ва Муьстарг:
– ДагадогІий ва хьуна,
Къуша къола къайлах дуьйцучу



Цу хьалха оти чохь,
Шу баьрчехь ва долуш, тхо дуьхехь ва долуш,
ЦIоцкъамийн багара и бора ши
бIаьриг шега хьажабе ва аьлча,
Моьттура хьуна-ма, кхоьлина буьсур бу.
Тахана хьожур хьо, кIант майра мила ву, – олуш,
Даькккхинчу туьраца ша йукъа ма вахара
БахIадаран ва Муьстарг.
ТIаккха йист ма хилира и Дадин Аьлбика:
– Вайн къена дай-наной цу керташ йуххехь
Шаьш хебаш ма лаьтта,
Марзойн цIераш ва кхобу вайн хьоме несарий,
Марзойн цIераш ва йохуш, шаьш кхойкхуш ма лаьтта.
Ма доккха де ду-кха таханлера де дикачу кIенташна, –
Бохуш, лен ма йелира и Дадин Аьлбика.
Болийна буькъа тIом делкъенга ва болуш,

Вистхилира, ма боху, Гуьржехара инарла:
– И кIентий леториг Дадин Аьлбика йу.
Хьажайай, кхоссалахь, йохариг, йоккха топ, – олуш,
Тоьхна ма йожийра и Дадин Аьлбика.
Болийна буькъа тIом суьйренга ва болуш,
Вовшахкхийтира, ма боху, и Делан мостагIий.
И дадийуьртахой сов кIезиг хиларна,
И Делан мостагIий сов дукха хиларна,
Дели ала, хIума кIелхьара ца долуш,
Йохийна-йагийна дIайаьккхира, ма боху, и Дадин ва йурт.

Нанас дена ма волда йахь йоцу ва кIанат,
Вича, ма волийла кхаа дийне-буьйсане,
Цуьнан валар хуьлийла хьерахь бол къуйсучу
Бисинчу зударийн карах.

**Текстана комментари**

1819-чу шарахь сентябран 14-чу дийнахь паччахьан эскарша йагийна, йохийна дIайаьккхира Дади-Юрт. Цу хенахь йоккха йурт ларалуш йара иза. И йурт хиллачу меттехь бехк боцуш хIаллакбинчу дадийуьртахошна хIоллам боьгIна церан тIаьхьенаша.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Чулацаман, меттан башхаллин тидам а беш, дIадеша илли.
2. Хьан йиллина хилла Дади-Юрт?
3. БахIадаран Муьстарг муха кIант ву?
4. Хала киртиг техIоьттича, ша муха гойту Дадин Аьлбикас?
5. Нанас шен кIант тIаме муха хьажаво?
6. Илли дешча, вайнехан гIиллакхийн хIун билгалонаш гучуйовлу?
7. Исбаьхьаллин суртхIотторан муьлхачу гIирсех пайда эцна илли кхуллуш?
8. Иллин маьIна муьлхачу могIанашкахь ду?

**Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Иллин долор, кхечу иллешца дуьстича, къаьсташ дуй? ХIун башхалла йу кху иллин долорехь?

2. Исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш кIезиг бу илли тIехь. ХIун бахьана ду цуьнан?

3. ... Тахана хьожур хьо, кlант майра мила ву, – олуш,

Даьккхинчу туьраца ша йукъа ма вахара БахIадаран ва Муьстарг... – Кху дешнаша мича кепара гойту БахIадаран Муьстарг?

4. ... Марзойн цIераш ва кхобу вайн хьоме несарий,

Марзойн цIераш ва йохуш, шаьш кхойкхуш ма льатта...

ХIун гойту кху дешнаша?

**Йешначух ойла йе вай**

1. Муьлха хилам бу иллин бухехь?
2. Дади-Юьртана тIелатар дан полковника хIун бахьана лорура?
3. Иллин коьртачу турпалхойн цIераш йаха, характеристика ло царна.
4. БахIадаран Муьстарган нана муьлхачу турпалаллин иллин ненах тера хета шуна? ХIун ду церан цхьатера дерг?
5. Дадин Аьлбикас динарг турпалаллин гIуллакх лара мегар дуй?
6. Иллин муьлхачу могIанаша гойту дадийуьртахой мостагIчух майра летта хилар?
7. «Ма доккха де ду-кха таханлера де дикачу кIенташна», – олу Дадин Аьлбикас салташа, Дади-Юьртана кхолха го лаьцна, тIом болийча. МаьIна де оцу дешнийн.

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Шен нана къинтIера а йоккхий воьду БахIадаран Муьстарг маьждиган майдана, нах гуллучу метте. Ненас ца вахийтинехь, гIур варий иза мостагIчунна дуьхьалвала?

2. КIентий иракарахIиттош, маьждиган майданахь йоьза вота йетташ йу Дадин Аьлбика. Мехкарша кIентий тIаме кхайкхар муха хета шуна? Моллас йа йахь йолчу кIанта дан дезаш дацара иза?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Дийца, муха кхета шу кху дешнех:

   «ЦIоцкъамийн багара и бора ши бIаьрг шега хьажабе ва аьлча,
   Моьттура хьуна-ма, кхоьлина буьсур бу».

2. ХIокху дустаран маьIна де:

   «Хьаьттаршна го лоьцу човкарчий ва санна,
   Уьшална го лоьцу куьйса эрз ва санна,
   Кхолха го ма карийра цу Дадин ва йуьртана».

**Шуна, хIума довза луурш**

Илли тIехь хьахийна долу терсмаймал дуткъа тур таррашна йуккъехь тоьлла тур лоруш хилла. Цу тIехь дедда доьдучу экханан куьцехь сурт хил-

ла диллина. Стенна делахь а, нохчаша цу тӀера экха маймал лерина. Цигара схьайаьлла и цӀе «терсмаймал» – терсаш долу маймал.

**Проект**

Дади-Юьртах а, и ларйархойх а бакххийчаьргара, историн тептаршкара, зорбанера шайна хиънарг дӀайазде, йуха схьадийца кечде.

## «ДАДИ-ЮРТ ЙАККХАРАН ИЛЛЕХ» ЛАЬЦНА

Йоккха меттиг дӀалоцу вайн халкъан барта кхоллараллехь турпалаллин иллеша. Нохчийн иллеш кӀорггера чулацам а, йоккха исбаьхьалла а йолуш ду. Дукхахдолчу иллешкахь дуьйцург дахарехь хилла бакъдерг ду. Къоман хьалхалерчу дахарера схьаэцна ду уьш. Шен халачу дахаран новкъахь, къоман паргӀато, маршо ларйеш, тайп-тайпанчу мостагӀашна дуьхьал латтийна къийсам бу цхьадолчу иллийн чулацамехь. Мехкан а, къоман а сий лардечу оцу къийсамехь халкъана хьалхабевлла хилла нах бу иллийн турпалхой. Шен дикачу кӀентийн, мехкарийн хьуьнарш хастаме деш дийца лаарна, уьш тӀеккхуьуш долчу чкъурана дӀахаийта лаам болуш кхуллуш хилла халкъо турпалаллин иллеш. Царах ду «Дади-Юрт йаккхаран илли» а.

«Дади-Юрт йаккхаран илли» исторически бакъдолчунна тӀехь кхоьллина ду. Паччахьан мехкаш дӀалецаран политикин тулгӀе Кавказан лаьмнийн кӀажашка йетталора, Кавказан аренаш кӀелхьерчош. Дуьхьало нисйеллачохь иза отура. 1819-чу шарахь сентябран 14-чу дийнахь паччахьан эскарша, го а бина, йагийна дӀайаьккхира Дади-Юрт. Кхаа агӀор тӀелатар дира паччахьан эскарша, ткъа йоьалгӀачу агӀор буьрса Терк дара. Цкъа а Кавказехь ца гиначу кепара къиза тасадаларш хилира цигахь. И къемат-де лаьттира масех сохьтехь, ткъа эвла дӀайаккхар хилира цу чуьра дерриг адамаш хӀаллакдиначул тӀаьхьа. Воьжнарг 400 стагал кӀезиг вацара – баккхий нах, зударий, бераш, леташ хилларш. Оцу цӀергахь, кӀуьралахь дийна бисинчарна йукъахь вара жима ши кӀант, диъ шой, йалх шой долу. Царах цхьаъ, мила ву цахаарна, цуьнан дола диначу салтичун Захаран цӀе тиллина, цуьнан воӀ санна Петр аьлла цӀейахана, ша диллинчу хӀора суьрта тӀехь ша мила хилла вайна хаийта – «Со нохчи, Дади-Юьртара ву» – шен куьйган йоза дитина академик ву. Ткъа важа Бота Шамурзаев вара – цкъа хьалха паччахьан эпсар, йуха – Шемалан наиб, тӀаккха тӀаьхьа майоран чинехь а волуш эпсар хилла волу. КӀайн йийсар дан нохчийн мехкарех 47 йоӀ бурам

тIе йаьккхира Теркал дехьайаккха. Мехкарий, цхьаъ санна, цIеххьана бурам тIера чулилхира, гIаролехь гонаха Iен салтий шайца Терка чу а кхуьйсуш. Шайн сий ца дайъийта, балар гIоли хетта, дира цара иза.

Оцу къизачу тасадалареҳь шайгара къонахчаллин майралла гайтинчу кIентийн, мехкарийн цIераш йисина халкъалахь йаха. Уьш бу: БахIадаран Муьстарг, Iамаран Заза, Дадин Айбика, ЯсаI, НаIа, ГIаьнжа, ЗагIало-молла, кхиберш а. Къона мехкарий буьрсачу тIамехь летачу йуьртахойн дегнаш иракарахIиттош, халхаран шовкъ йеш, чара йетташ хьийзара (Дадин Айбика, Iамаран Заза).

Тахана Дади-Юрт хиллачохь шера аре йу. Йохийначул тIаьхьа кхин метта ца хIоьттира иза. ТIеман кIуьралахь бехк боцуш хIаллакьхиллачу шайн дайн сий деш, уьш даим дагахь латтийта, Дади-Юрт лаьттинчу меттехь хIоллам хIоттийна. Ткъа халкъо, шен майра кIентий, йахьйолу мехкарий дагалоцуш, илли кхоьллина.

Илли тIехь хьахийна кхо турпалхо бен вац: БахIадаран Муьстарг, цуьнан нана а, Дадин Аьлбика а. Кхиболу дакъалацархой цIарца бовзийтина бац. Иллин чулацаман *дIадолор, кхиар, чаккхе* йу.

Иллин *дIадолорехь* вайна гучудолу Терка йуххехь йурт йиллинарг Дада хилар а, оцу эзар кIур болчу йоккхачу йуьртахь майра кIентий бехаш хилар а.

Сюжетан *кхиар* – иза йуьртахоша паччахьан эскарна дуьхьал латтош болу къийсам бу.

Иллин *чаккхено* чулоцу иллин маьIна: Даймахкана хала киртиг тIехIоьттича, орцахбовла йахь йолу кIентий оьшу.

Иллешкахь турпалхо дикачу агIор гойтуш хуьлу: герзаш чIогIа, дин дика хуьлу цуьнан, ткъа ша дагца майралла йолуш, къонахалла долуш хуьлу. МостагIчух лата воьдуш уггар дика духар духий, куьцехь толой, тоьлуш долу герзаш схьаоьций араволу турпалхо.

Масала, мостагIчуьнца тIом бан БахIадаран Муьстарг аравалар иштта гайтина илли тIехь:

Чергазойн, гIебартойн зударша къуьйсуш ва дина духарш
Шен дегIа дуьйхина,
БархI са болу мажар шен белшах ва кхозуш,
Терсмаймал дуткъа тур шен карахь ловзадеш,
Ша ваха ма велира БахIадаран ва Муьстарг.

Вукху иллешкахь нислуш доллу духар ду вайн турпалхочунна тIехь а, кхин совдаьккхина хIумма а дац. Халкъо шен турпалхо массо а хIуман тIехь билгалвоккху, шен нийсархошна йукъахь а и къаьсташ

хилар а ца диццо. Бакъду, кху илли тIехь вайна билгал ца даьхна БахIадаран Муьстарга гайтина хьуьнарш, амма йуьрта тIе кхерам беача, шен са дIадала и кийча хилар вайна гучудолу цо Аьлбике дечу къамелехь-диалогехь. Ирча де ду Дади-Юьртана тIехIоьттинарг, йохош, йагош, отуш йу йурт, хIаллакьхуьлуш бу маьрша нах, оцу къемат-дийнахь, марзойн цIераш кхаба декхарийлахь болу несарий бу марзойн цIераш йохуш, кхайкхамаш беш, кIентий иракарахIиттош. Доккха де ду иза дикачу кIенташна, йахь йолчу кIенташна, майрачу кIенташна. Иштта киртиг тIехIоьттича билгалволу стешха стаг а, майраниг а. Шен халкъан, мехкан дуьхьа са дIадала кийча болу кIентий сийлалле кхочу де ду иза. Иштта билгалбовлу йахь йолу мехкарий а. Божаршна генайоццуш лекхачу борза тIехь маьждиган майданахь йоьза вота йетташ Iара ворхI вешин йиша Аьлбика. Шен вежарийн Iена цIий диц а делла, цо иракарахIиттабора нохчийн кIентий.

– Тахана хьожур хьо, кIант майра мила ву, – олуш,

Даькхинчу туьраца ша йукъа ма вахара БахIадаран Муьстарг.

ХIокху могIанаша чIагIдо иза майра, доьналла долуш кIант хилар. Иллин чулацам, васташ диалогашкахь билгалдовлуш ду. Шен кIанте дечу къамелехь гучудолу БахIадаран Муьстарган нана йахь йолуш, оьзда стаг хилар. Нанна дукхавеза шен кIант, амма иза цхьаъ бен вацахь а, йурт йоккхучу дийнахь и хIаллакьхилар ловр ду цо. Шен кIант йохье воккхуш, оьзда йистхуьлу иза цуьнга, ша байина кхача цунна хьарам бан дагахь йу иза, нагахь цо шегара кIиллолла гайтахь, кхеравелла, иза йухавалахь. Шен мохк, йурт, доьзал Iалашбар хIоранна а тIехь ду. БахIадаран Муьстарган нана иллешкахь хестийнчу нанойх цхьаъ йу. Халкъан ойла йу цуьнан дешнашкахь гучуйолуш йерг. Шен турпалхой хестабо иллеш тIехь халкъо, церан хьуьнарш, цара махкана, халкъана дина дика гIуллакхаш тIекхуьучарна довзийта, кегийрхой, уьш санна, хьуьнаре, майра хилийта, царах масал эцийта. Цара дина гIуллакхаш, гайтина хьуьнарш эрна ца дов.

Вайн турпалхой а хIаллакьхуьлу буьрсачу тIамехь. КIентий йохье бохуш, шегара майралла гойту йоI ца йезало мостагIчунна, амма сийлахь йу и халкъана гергахь. Цундела халкъо йиц ца йина иза а, и санна болу турпалхой а.

Йохайой, йагайой дIайоккху Дади-Юрт. Ца йоккху, йуьртахой доьналлех боьхна, йаьхь йоьхкина кIелбисарна. Арахьара тIедогIуш орца а, хIоъ-молха а цахиларна а, мостагIий дукха хиларна, дуьхьало йийриш кхачорна а йоккху.

Турпалхойн сибат-амал, куц-кеп гойтуш а, церан хьуьнарех лаьцна дуьйцуш а, илли тIера хиламаш бовзуьйтуш а алссам пайда эцна *эпитетех, дустарех*: йоьза вота, гома зурма, терсмаймал дуткъа тур, цIен экха, чергазойн духарщ, буькъа тIом, куьйса эрз ва санна, син метта топ кхетта цIен экха ва санна, хьаьттаршна го лоьцу човкарчий ва санна. Цара гIо до дуьйцург исбаьхьаллин суьртехь гайта.

Илли дерзош далийнчу дешнаша:

Нанас дена ма войла йахь йоцу ва кIанат,
Вича, ма волийла кхаа дийнс-буьйсанс,
Цуьнан валар хуьлийла хьерахь бол къуьйсучу
Бисинчу зударийн карах... –

доцца чулаьцна иллин маьIна. Илли тIехь дийцинчун жамI деш, чекх-доккху халкъо шен илли.

ЛадугIуш мел волчуьнга хьажийна ду уьш. Даймахкана, халкъана орцахвала кийча хила веза хIора кIант. Иштта ду кху иллин маьIна. И дешнаш вайн дегнаш чохь патриотически дог-ойла кхоллайалийта а, цу тIехь дийцинарг вайн эсехь латтийта а далийна.

## НОХЧИЙН ШИРА ИЛЛИ

*(Паччахьан заман чохь туттмакхо аьлла илли)*

I

Да виса хьан делаI, ва мерза ва дуьне,
Хьо диъьнарг мила ву, бохуриг ва хилла?
Да вала хьан делаI, кийрара дилха дог,
Хьайна там ва хилча, лом санна, айалой,
Йишин бер ва хуьлий, мел коча качло хьо!
Хьайна там ца хилча, гIийла бо ва санна,
ОхьатаьIий ва гIеллой, дера ча ва санна,
Мел дера дарло хьо, кийрара дилха дог!

II

Цхьа дада вара шен вехачу ва йуьртахь,
Дадина вицлур ву, кошан чурт ва доьжча,
Цхьа баба йара шен вехачу ва йуьртахь,
Бабина вицлур ву, коша тIе буц йаьлча,

Цхьа йиша йара шен, шел жима ва йолуш,
Йишина вицлур ву, хаза кIант ва вайча,
Цхьа ваша вара шен, шел сов амал ва доцуш,
Вешина вицлур вац, шен хене ва виллалц.

III

Ша ваза йелара ша вина ва нана,
Довзаза велара ша хIара мерза ва дуьне.
Да виса хьан делаI, тIейогIу ва суьйре!
Нахана йогIу хьо, хаза нус ва хуьлий,
Шена ма йогIу хьо, меца борз ва хуьлий.
Хьалахьаьжча вайна го и сийна стигланаш,
ЦIен деши ва хилла, йезачун йелара,
Цкъа бIаьриг ва тоха, шен йезар ва гина.
ДIахьаьжча вайна го и Iаьржа латтанаш,
КIайн дети ва хилла, дезачун делара,
Цкъа хене ва хаа шен ваша ва хилла.
ДIахьаьжча вайна го и лекха ламанаш,
ЦIен цIаста ва хилла, дезачун делара,
Дагара ва дийца шен доттагI ва гина!

**Йешначух ойла йе вай**

1. Маца, хIун бахьана долуш кхоьллина ду «Нохчийн шира илли»?

2. Иллин долорехь муьлхачу дешнаша гойту тутмакхан синхIоттам таьIна хилар?

3. Тутмакхан хIун сатийсамаш гойту иллино?

4. Стенга сатуьйсу тутмакхо, муьлхачу дустаршца гойту цуьнан сатийсам?

5. Муьлш бу цунна дагабаьхкинарш, хьанна сагатдо цо?

6. Маьрша цахилар тIе а лаьцна, цунна кIел сецна, цунах вола мегий стаг?

7. ХIун дог-ойла кхуллу тутмакхан иллино? Муьлха синхаам бу алсам хаалуш илли тIехь – сингаттам йа сатийсам?

8. Шуна хетарехь, халкъо дезаш тIе хIунда эцна илли?

**Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Илли тIехь далийна дустарш ду. Схьалаха уьш. Ойла йе, хIун гIуллакх кхочушдо цара тутмакхан ойланаш йовзийтарехь.

2. Муха бу иллин дIахIоттам? Дийца, муха дозаделла и дакъош вовшашца.

3. Иллин интонаци даим цхьатера йуй? Хийцалуш йелахь, муьлхачу меттехь? И хийцамаш чулацамца муха бозабелла бу?

4. Шуна хетарсхь, хIун ду коьрта кху илли тIехь: тутмакхан дакъаздаьлла дахар йа цо йен ойланаш?

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай**

Нохчийн Iадатехь да-нана ларар деза лоруш ду. Ткъа илли тIехь царал веза леринарг ваша ву. Шуна хетарехь, вайн гIиллакхашца догIуш дуй иза?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Тутмакхан хIун тайпа аз хеза вайна илли тIехь: карзахе, оьгIазе, сингаттаме, гIийла, кIеда-мерза, бендоцу? Масалшца бакъде шайн жоп.

**Культурийн диалог**

1. Дуста «Нохчийн шира илли» Пушкин А.С. «Тугмакх» цIе йолчу стихотвореница. ХIун ду царна тIехь цхьатераниг а, къаьстарг а?

## «НОХЧИЙН ШИРА ИЛЛЕХ» ЛАЬЦНА

Лирически илли ду «Нохчийн шира илли». Турпалаллин иллех къаьсташ хуьлу лирически иллеш. Турпалхой а, церан хьуьнарш, гIуллакхаш а дац кху тIехь дуьйцурш, йеккъа цIена турпалхочун ойланаш йу, дахаречу а, Iаламерчу а хиламаша меттахйаьхна йолу. Оцу иллех ду «Нохчийн шира илли» а, кхечу кепара «Тутмакхан илли» а олу кхунах.

«Нохчийн шира илли» зорбанехь арадаьлла 1868-чу шарахь Тифлисехь «Сборник сведений о кавказских горцах» цIе йолчу книги тIехь кхечу иллешца цхьаьна. Толстой Л.Н. а, кхиболчу оьрсийн йаздархоша а лаккхара мах хадийна хIокху иллин. Толстой Л.Н. шен «Хьажа-Мурд» цIе йолчу повесть тIехь а далийна шена дукхадезаделла «Нохчийн шира илли». Иллин шолгIа дакъа ду иза, Iамат йукъа дахнарг а ду изза илли.

Паччахьан заман чохь кхоьллина иллеш сингаттаме чулацам болуш хуьлу, хIунда аьлча халкъо царна тIехь шайн сингаттамаш, баланаш бу балхийнарш. Ирсечу, маьршачу дахаре сатуьйсуш, шайн ойланаш йалхийна халкъо цу иллешкахь. Дагах хьакхалуш, дог Iовжош, шайца йоккха исбаьхьалла йолуш ду и иллеш.

Кхаа декъах лаьтташ ду «Нохчийн шира илли», амма хIора дакъа ша лела йиш йолуш а ду, хIунда аьлча царна тIехь чекхйаьлла йолу

турпалхочун ойла гучуйолу. Халкъа йукъахь ишта лелаш а хилла уьш, царна йукъахь шуьйра девзаш ду иллин шолгIа дакъа. Иллин хьалхара дакъа – иза турпалхочун берриг а сингаттам, гIайгIа-бала бу, иза шен ойланашца бовзуьйту вайна цо.

Адам дуьнен чу даха, дуьненах самукъадолуш хан йаккха кхоьллина ду. Амма паччахьан Iедало Iазапе воьллинчу турпалхочун дахарх дIахаьдда и дерриг а. Шен кийрахь болу бала балхабо цо, иза гIийла а, миска а ву, ишта мокха ду цуьнан дахар а. Бакъду, массо хенахь ца хилла цуьнан дахар кху кепара беса, тутмакхан дахар иза шен нийсархощца, бовза-безачаьрца волчу хенахь мелла а самалха долуш, синкъераме хилла. Ткъа хIинца иза дIадаьлла, дагалецамашкахь бен ца дисина. Балано дог карзахдаьккхина тутмакхан:

Да вала хьан делаI, кийрара дилха дог,
Хьайна там ва хилча, лом санна, айалой,
Йишин бер ва хуьлий, мел коча качло хьо!
Хьайна там ца хилча, гIийла бо ва санна,
ОхьатаьIий ва гIеллой, дера ча ва санна,
Мел дера дарло хьо, кийрара дилха дог.

Иллин шолгIачу декъа тIехь тутмакхо шен гергарнаш дагалоьцу. Дада, баба, йиша, ваша дагаоьху цунна, амма уьш шена йуха гург хиларх догдиллина цо. Амма царна а вицлур ву ша, боху цо, цхьа ваша воцучунна. Хьоьца дика а, вон а доькъу дерг ваша ву, оьшучу хенахь гIортор а хилла, хьуна йуххе дIахIутту верг а ваша ву. Цундела халкъо ваша веза лерина. Стаг ша цхьаъ хилар билгалдоккхуш олу «йуххевала ваша воцуш ву иза».

Иллин хьалхарчу декъа тIехь тутмакхо йиначу гIийлачу ойланийн бахьана гучудолу цуьнан шолгIачу декъа тIехь. Шена уггар дукхабезачу шен цIийнан нахах къаьстина иллин турпалхо, иза гуттарена долуш санна тIелоцу цо. Ша дуьнен чуьра дIавалар а хьанна хаалур ду, хьенан даг чохь вуьсур ву ша бохуш, коьртехь уьйриг хилла, карзахе хьийза цуьнан ойланаш.

Иллин маьIна кхидIа а кIаргдалар хаало вайна цуьнан кхоалгIачу декъа тIехь. Ша дуьнен чу валарх дохковаьллачу хьоле вирзина тутмакх. Шена йогIу хIора Iуьйре, суьйре мецачу берзан хьолехь йогIуш хета цунна, ткъа нахана-м хила ма-йеззара, хаза йогIу уьш.

Амма даим цхьана дикачуьнга сатуьйсуш деха адам, цара са а тедо цуьнан. Иллин турпалхо а ву ша маьрша валаре, паргIатоне сатуьй-

суш; сатуьйсу сийна стигал, Іаьржа латтанаш, йезар, ваша, гергарнаш гаре. Дерриг дуьне дІадала кийча ву иза цкъа шен вешица охьахаарх, доттагІчух дагаваларх, йезарх цкъа бІаьрг тохарх:

Хьалахьаьжча вайна го и сийна стигланаш,
ЦІен деши ва хилла, йезачун йелара,
Цкъа бІаьриг ва тоха шен йезар ва гина.
ДІахьаьжча вайна го и Іаьржа латтанаш,
КІайн дети ва хилла, дезачун делара,
Цкъа хене ва хаа шен ваша ва хилла.
ДІахьаьжча вайна го и лекха ламанаш,
ЦІен цІаста ва хилла, дезачун делара,
Дагара ва дийца шен доттагІ ва гина!

Хьомечу махках, бевза-безачарех ваьккхина, набахти чохь валлаво иллин турпалхо. ГІийла, миска хилла цуьнан дахар, хІинца кхин а сингаттаме, хораме ду иза, цхьатера, беса дІаоьху иза шен лаамехь воцучу иллин турпалхочун. ХІара санна тутмакхаш паччахьан заманахь дукхе дукха хилла. Ишттачу нехан синхаамаш, ойланаш гойтуш кхоьллина халкъо и шира илли.

Илли говза кхоьллина ду, цундела ду иза дагах хьакхалуш а. Иллин исбаьхьалла лакхайоккху говза далийнчу риторически тІедерзаро (дависа хьан делаІ, ва мерза ва дуьне), риторически хаттаро (хьо диъна рг мила ву, бохуриг ва хилла?), дустарша (лом санна, айалой; гІийла бо ва санна; дера ча ва санна), метафорша (йишин бер ва хуьлий, мел коча качло хьо), гуттар а лелачу эпитеташа (дилха дог, гІийла бо, мерза дуьне). Исбаьхьа мотт, шера ритм йу иллин.

Барта кхоллараллехь тоьллачех цхьаъ ду «Нохчийн шира илли».

## САЙ

*(Халкъан илли)*

Ламанах бухдуьйлу шал шийла шовданаш
Шен бекъчу кийранна Іаббалца ца молуш,
Варша йисте ва йолу маргІала сийна буц
Шен оьздачу зорханна[1] буззалца ца йууш,
Цу хьуьнан хотешкахь берзан йорт ва йетташ,

---

[1] Зорх – кийра.

Іинан кІорге ва буьйлуш, мела муж ва муьйлуш,
Дукъ лакха ва буьйлуш, сема ла ва доьгІуш,
Иччархочун ва тоьпо лацарна ва кхоьруш,
Мокхазан ва бердах куьран га ва хьоькхуш,
Цу попан орамах торгІал[1] тІа ва детташ,
Лергаш дуьхьал ва туьйсуш, кур аркъал сеттабеш,
Орцал лаха ва буьйлуш, гІелашка[2] ва гІергІаш[3],
Масане сай лела гІелашца ва боцуш,
Вай бен дац, кІенатой, бохуриг ца хуьлуш?!



**Йешначух ойла йе вай**

1. Стенах лаьцна ду хІара халкъан илли?

2. Сай хІунда къастийна халкъо адаман дахар довзийта, кхидолу дийнат а ца хоржуш?

3. Сай оьзда хилар муьлхачу могІанашкахь билгалдолу?

4. Сай синтем байна хьийзаран хІун бахьана ду?

5. Исбаьхьаллин васт кхуллуш муьлхачу гІирсех пайда эцна илли тІехь?

6. Гучуйаккха халкъо сений, адамний йуккъехь хІоттош йолу уьйр.

---

[1] ТоргІал – къорза.

[2] ГІелашка – стен сешка.

[3] ГІергІаш – кхойкхуш.

**Иллин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Илли тIехь эпитетех, метафорех пайда эцна. Схьалаха уьш. Ойла йе, хIун гIуллакх кхочушдо цара сен васт кхолларехь.

2. Дийца, хIун маьIна ду иллехь долчу *ва* дакъалгийн.

3. Тидам бе иллин синтаксически дIахIоттаман – деепричастин карчамашца чолхейаьллачу цхьалхечу предложенех льатта иза. Иштачу дIахIоттамо стенах кхета аьтто бо?

4. Шуна муха хета, иллехь иштта дукха эпитеташ, кхиболу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш хIунда балийна?

5. Иллин интонаци цхьатера йу даим йа хийцалуш йу? Хийцалуш йелахь, муьлхачу меттехь? И хийцайалар иллин чулацамца муха доьзна ду?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Муха кхета шу кху могIанах: «Цу хьуьнан хотешкахь берзан йорт ва йетташ»?

2. Дийца, муха ду сен васт, мича кепара дуьхьалхIутту шуна иза.

3. Орфографически кеп талхош далийна иллехь *кIенатой, бохуриг* дешнаш. ХIун бахьана ду цуьнан?

**Культурийн диалог**

Вайн барта кхолларалехь йоккха меттиг дIалоцу сен васто. Халкъан дийцаршкахь иза оьзда, куьце дийнат ду. Кхечу къаьмнийн иштта лоруш долу дийнаташ муьлханаш ду, масала, оьрсийн, казахийн?

## «САЙ» ЦIЕ ЙОЛЧУ ХАЛКЪАН ИЛЛЕХ ЛАЬЦНА

Дукха дац вайн халкъан барта кхолларалехь Iаламах, дийнатех, акхаройх лаьцна лирически иллеш. Амма царна йукъахь шен исбаьхьаллица, говза кхоьллина хиларца къаьсташ ду «Сай» цIе йолу илли.

Барта кхолларалехь сай даим оьзда, куьце гайтина халкъо. Хала ду цуьнан дахар, дуккха а мостагIий бу цуьнан дахарехь. Бакъду, цуьнан хазалло Iалам а хаздо, куьце даладо, массо а басаршца лоьпуьйту цуьнан исбаьхьалла. Иштачу Iаламан берах лаьцна, цуьнан атта доцучу дахарх кхоьллина халкъо «Сай» илли.

Шен барамехь доккха дац илли. Амма цу тIехь безамца кхоьллина сен васт шена тIехь бIаьрг соцур болуш, йоккхачу дегайовхонца кхоьллина ду. Цхьана предложеница, говзачу дешнашца оццул исбаьхьа, хаза сен сурт хIоттийна илли тIехь, цуьнан оьзда амалш йийцина. И

могІанаш дІа ма-дийшши, вайна хьалха хІуггу сен хаза куц, сирла сибат. МостагІашна дуьхьалбаккха цхьа кур бен бац цуьнан, цундела бу иза сема, стешха, ладоьгІуш.

Цхьана метта сацар доцуш, тІебан тарлучу кхерамах ларлуш, синтем байна хьийза иза. Ца хьийза, хІумма а оьзда боцуш-м. Тоъалц ламанах бухдолу шийла шовда ца молуш, хьуьнан йистошкахь йолу сийна буц кийра буззалц ца кхоллуш, синтем боцуш йорт йетташ лела иза хьуьнан хотешкахь. Іинан кІорге буссуш, дукъ тІе хьалаболуш, сема ладоьгІуш, иччархочух ларлуш лела сай. Цхьалха бу иза, вукху шен накъостех хььдда, цаьрга кхойкхуш лела иза.

Сен васт кхуллуш олицетворених пайда эцна кху илли тІехь. Цуьнан дахар адаман дахарх тардеш далийна. Иллин кІорггера маьІна гучудолу вайна цуьнан тІаьххьара могІа бешча: «Вай бен дац, кІенатой, бохуриг ца хуьлуш?!» Оцу могІанаша ойлане воккху вайх хІора а: адамийн дахар, адамийн гІайгІанаш, сатийсамаш дагабохкуьйту цара.

ГІайгІане гІелашка гІергІа и сай санна, вай доцурш, кхин а бу дуьнен тІехь шайна хетарг ца хуьлуш, дахар дІанисдалаза берш. Ткъа цхьалха стаг а ву миска, гІийла, хІунда аьлча адамийн уьйрех, безамах хаьдда иза волу дела.

Адамийн дахар сен дахарца дустуш далийна. Шайн дагахь дерг, шаьш сатийсинарг кхочуш ца хуьлуш бала хьоьгуш ду адам. Сен хала, кхераме дахар гайтарца суртхІотторан кепехь гайтина илли тІехь паччахьан заманахь адамаша лайна халонаш, гІелонаш. Даим цхьа бала тІехь лаьтташ, адаман дахар гІайгІане, сингаттаме, дегаІийжаме хилла.

Дукхахдолу турпалаллин, лирически иллеш санна, «Сай» илли а доьрзу риторически тІедерзарца, хаттарца. Оцу тІаьххьарчу стихехь хаттарца цхьаьна чІагІдар а ду. Иллехь дийцинчух лаьцна ладугІуш волчуьнга ойла йайта, аьлларг тІечІагІдаран кепехь далош хуьлу и хаттар. Вайна ма-хаъара, иллешкахь пайда оьцу меттан суртхІотторан гІирсаш а хуьлу дукхахьолахь цхьатера: эпитеташ, дустарш, метафорш. Илли тІера хІора дош шен къеггина маьІна долуш, исбаьхьаллин суртхІотторехь билгалйолу меттиг дІалоцуш ду. Алссам йалийна илли тІехь *эпитеташ*: маргІала сийна буц, мела муж, торгІала тІа, мокхазаран берд; *метафорш*: сема ла ва доьгІуш, берзан йорт йетташ, куьран га ва хьоькхуш. Халкъан поэзехь шех алсам пайда оьцучу *дактилан барамехь ду илли*.

Иллин шера ритм а йу, хІора стих шен маьІница, дІахІоттамца чекхйаьлла йу. Шерачу, цІеначу маттаца кхоьллина «Сай» илли поэзин жовхІар ларалуш ду.

## ЛИРИКЕХ А, ПОЭТИЧЕСКИ КЪАМЕЛАХ А, СТИХКХОЛЛАРАХ А ЛАЬЦНА КХЕТАМБАЛАР

Лирически произведенешкахь йаздархочо шена Іеткъаш долу вон а, дика а, шен дог-ойла а гойту. И произведенеш хаза а йека, лирически а хуьлу, нагахь санна произведени аз хозуьйтуш а, оьшучу меттехь и аз хуьйцуш а йешча. Цундела уьш йоьшу васт а хІоттош, хила безачу мукъамехь.

*Лирика* дош гречески маттахь «лираца[1] лакхар» бохург ду. Йуьхьанца лирически произведенеш зурманца локхуш хилла. Хан йаьлча, тІаьхьо, зурма ца локхуш, поэзе дирзина уьш.

Лирически произведени хуьлу, цхьана гІуллакхах йа хиламах лаьцна дийцар а доцуш, поэта царах лаьцна шен сатийсам а, ойла а, синхаам а гучубоккхуш кхоьллина. Ишттачех йу, масала, Мамакаев Іаьрбин «Берзан бекхам», Гацаев СаьІидан «Дарц» цІераш йолу стихотворенеш а, халкъан барта кхолламаллин «Сай» илли а. Йалор вай лирически мукъамехь йазйина йолу Мамакаев Мохьмадан «БІаьсте» цІе йолчу стихотворенин цхьа байт:

Безаман хьаша – малх хаза бІаьсте,
Хьо йогІу, йекаш, дог-ойлий хьосте,
Хьан бецан зазаца къоналла айъало,
Хьо хьаша йеъча, гІайгІанна вайло. *(Мамакаев М.)*

Поэта шен стихотворенехь гайтина бІаьстенах болу синхаамаш, шен йолу дог-ойла а, шена иза дукхайезарца ша хьоьгург а. Цуьнан къоналло ойъуш, гІайгІанна вайло поэт. Шен бІаьстенах лаьцна йолу ойла гойтуш, лирически кепехь васт хІоттийна цо.

Лирически произведенехь дахаран шуьйра суьрташ ца хуьлу. Цундела, хиламах лаьцна дийцар а доцуш, хиллачун суртхІоттор а доцуш, авторан йа цуьнан произведенин турпалхочун ойлий, синхааммий гайтар ду. ХІокху кепара ала йиш йу: *лирически произведени олу тайп-тайпанчу хьелашкахь кхоллайеллачу йаздархочун ойланах, синхаамах, цуьнан хьегарх.*

Эпически произведенеш лирически произведенех къаьста шайн чулацамехь схьадийцар хиларца.

*Эпос* дош грекийн маттахь *схьадийцар* бохург ду. *Эпически произведенешкахь адамийн дахар, церан амалш, хиламаш гойту автора.*

---

[1] Лира – шира мерзаш долу пондар.

Эпос халкъан барта кхоллараллехь а хуьлу. Масала, «Эвтархойн Ахьмадан илли» а, «Таймин Бийболатан илли» а турпалаллин эпосах ду. Царна тӀехь гойту халкъан дахарехь хиллачу исторически хиламех лаьцна. Цундела *эпически произведенеш олу адамийн кхолламех а, тайп-тайпанчу хиламех а лаьцна дуьйцучух.*

*Лиро-эпически произведенеш шеца шиъ а кеп йолуш хуьлу.* Саидов Билалан «Йиша-тӀемало» произведени лиро-эпически поэма йу. Иза историхь хилла долу гӀуллакх ду. Цуьнан турпалхочух ПетӀаматах лаьцна автора шен дог-ойла а, цо беш болу Ӏаткъам а буьйцу.

Стихотворенин къамел къаьста прозаически къамелах. Вайна царна йуккъехь йолу башхалла атта хаало, къастало. Прозаически къамелах стихаш къаьста шатайпанчу йекарций, мукъамций. Цул совнаха, стихотворени шен могӀанашца йекъалуш хуьлу дакъошка.

*Шеца чулацам а болуш, рифмий, ритмий, интонаций (мукъам) чулоцуш долчу могӀанийн тобанах* ***строфа*** *олу.* Строфан могӀанаш тайп-тайпана хуьлу: биъ могӀа, йалх могӀа, бархӀ могӀа болуш а. Масала, Гацаев СаьӀидан «Дарц» цӀе йолчу стихотворенехь биъ могӀа болу строфаш йу, Рашидов Шаидан «Ден весет» стихотворенехь бархӀ могӀа болу строфаш йу.

*Стихаш къаьста шайн ритмически хӀоттамций, мукъамций.* Вайна иза дика хеза. Цундела стих йоьшуш, цуьнан башхалла а гуш, хаза мукъам а хезаш, ладогӀа лууш хуьлу. Вайна хууш ма-хиллара, хӀора даша тӀехь тохар а хуьлу. Масала: зама, бӀаьсте, гуьйре, барам. ХӀора дош дешдекъе а декъало. Ткъа тохар цхьана дешдекъа тӀе нислуш хуьлу. Стихан шатайпа йекар а, хазалла а, ритм а хуьлу. Хьовсур вай, муха хуьлу и ритм.

Масала, эр ду вай: «Аренаш макхлуш йу мажделла гӀа дужуш, олхазарш къилбехьа уьдуш ду маьхьарца». Вайна ма-гарра, кхузахь дешнийн цхьа а рогӀалла а йац, дешдакъошна йуккъехь раж а йац. Оцу могӀанаша кхузахь цхьа а синхьегам а, лирически мукъам а, дог-ойла а ца кхуллу. Ткъа вай и стихан дешнаш цхьана билггалчу къастамаллица шайн рожехь хӀиттийча, кхин сурт хӀутту:

1. Мажделла гӀа дужуш,
   Аренаш макхлуш йу.
2. Олхазарш маьхьарца
   Къилбехьа уьдуш ду.

Кхузахь вайна го стихан цхьа йиш хилар, аьлча а, стихан ритм хилар. Стихехь вайна хеза тохар долуш а, доцуш а *дешдакъош*. Уьш группашка (тобанашка) *декъало шайн шайн рогIаллехь, ражца хийцалуш*. Цунах **стопа** олу.

ХIокху хьаьркаца // тохар долу дешдакъа а гойтуш, тохар доцург кху хьаьркаца /-/ а гойтуш, йоьшур вай:

1. Маж-дел-ла гIа ду-жуш
   А-ре-наш макх-луш йу.
2. Ол-ха-зарш маь-хьар-ца
   Къил-бе-хьа уь-душ ду.

Цуьнан схема иштта хир йу:

//--//-- //--//--

*Стопахь дешдакъошна тIехь тохарш хийцалучу рожах* ***барам*** *олу.*

Нохчийн меттан дешнашкахь тохарш, гуттар а бохург санна, дешан хьалхарчу декъа тIе кхета. Цундела, нохчийн халкъан барта иллеш а, стихотворенеш а, дукхахьолахь, дактильца декаш хуьлу.

Дактиль хуьлу, нагахь санна хьалхарчу дешдекъана тIехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьтта стопа хилча: //--

БIаьстенан аренаш
Хазйелла ма йогIу,
Зезаго сийна бай
Къарзбина ма богIу. *(Халкъан илли.)*

*МогIанийн чаккхенаш цхьаьна йекаш хилча, цунах* ***рифма*** *олу.*

Лакхахь йалийнчу стихотворенехь *2-чу могIанехь – йогIу, 4-чу могIанехь – богIу* цхьаьна йека. Иза *перекрестни рифма* йу. Цара ритм а хуьлуьйту. Амма ритмаца, барамца цхьаьна дика чулацам а, ойла а, маьIна а хила деза стихотворенин.

Халкъан иллешкахь, коьртачу декъана, рифма ца хуьлу. Амма ритм даим хуьлу, цо хаз а до иллеш.

Иллешкахь ритм дика хилийтархьама, иллиалархоша цхьайолу дакъалгаш а йалайо йукъа: *тов, ва, ма*, кхийерш.

Нохчийн халкъан дукххахдолу иллеш шина стопан а, йеа стопан а дактилан барамехь ду. Йеа стопан дактилан барамехь ду «ГихтIарчу Iахин Тимаркъан илли»:

Ва сарахь суьйренца, булучу боданца,
Туька йиллал ва дари шен дегIа дерзийна,

Бере кечвал ва дети шен некхе дерзийна,
Чилхьесан бухкарца, цу цIеста кIудалца...

Дешдакъошка хьаьжжина, стопаш шина а, кхаа а дешдекъах лаьтташ хуьлу:

шина дешдекъан стопах йерг (кеп) – //-//-

кхаа дешдекъан стопах йерг (кеп) – //--//--/ /--

*Шина дешдекъах лаьтташ йолчу стопахь тохар хьалхарчу дешдекъа тIе нислахь,* цунах **хорей** олу //-.

Хорейн барамехь йазйина йу хIара стихотворени (шина дешдекъан стопа):

Къора йетташ, цIийзаш, махо
Арс ирча, ирча йо.
Буьрса тулгIе йетташ, дарцо
Керташ, дитташ кегдеш го. *(Мамакаев I.)*

*Шина дешдекъах йолчу стопан тохар шолгIачу дешдекъа тIе кхеташ а хуьлу:* -//. Цунах **ямб** олу.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Стенах олу лирика, муха хуьлу лирически произведенеш? Масал даладе.

2. Стенах олу строфаш, муха хуьлу уьш?

3. Биъ а, бархI а могIанаш болу строфаш йалайе шайна луучу стихотворенеш тIера. ДIайазйе уьш.

4. ХIун башхалла йу прозиний, поэзиний йуккъехь? Йийца церан коьрта билгалонаш.

5. Стенах олу ритм? Муха кхоллало стопа?

6. Муха кхуллу шина дешдекъах йолу стих? Шайна хуучу стихотворенин строфа а йалош, хIоттайе цуьнан схема. ДIайазйе иза.

7. Стенах олу дактиль? Схьайийца цуьнан билгалонаш.

8. Стенах олу рифма? Муха кхоллало иза?

9. Йалайе шайна хууш йолу лирически амал йолу стихотворени. Дийца, хIунда аьлла цунах лирически.

10. Стенах олу эпически а, лиро-эпически а произведенеш? Дийца, хIун, муха гойту цара.

## МАМАКАЕВ Іамин Мохьмад

### *(1910 – 1973)*

*...Даймехкан декхаро*
*гІаттийна вогІу со...*

Мамакаев Мохьмад – цІейаххана поэт, прозаик, публицист – дика вевзаш ву вайн махкахь. Нохчийн литературин бухбиллархойх ша цхьаъ хиларе терра, цо даим дакъалаьцна цунна тІеІиттайеллачу халонийн.

Мамакаев Мохьмад вина 1910-чу шарахь ТІехьа-МартантІехь. Ша йаздеш ма-хиллара, хала хилла цуьнан бералла: «Сан бералла хаза а, хала а дара».

1917-чу шарахь дай, наний делла, байлахь висина Мохьмад. ХІетахь шена хилла цатемаш, бохамаш, хазахетарш, шен кхиарх, берийн халачу дахарх лаьцна «Со вина де» стихотворенехь а, «Ненаца дина къамел» поэмехь а дуьйцу поэта.

Берийн цІийнахь дешначул тІаьхьа Соьлжа-ГІалахь 1-чу даржан школе деша вахара иза.

1926-чу шарахь Мохьмад деша вахийтира Москвахь хиллачу Малхбалехьарчу къинхьегамхойн Коммунистически университете. Цигахь дешна цІавеанчул тІаьхьа цо болх бира тайп-тайпанчу жоьпаллин белхашкахь: «Ленинан некъ» газетан, «Орга» альманахан редактор, Іилманан-талламан институтехь.

Мамакаев Мохьмад литературехь гІулчаш йаха волавелла 1926-чу шарахь. Цуьнан дуьххьарлера стихаш арайевлира «Серло» газетехь.

1928-чу шарахь Мамакаевс йазйира нохчийн литературехь дуьххьара поэма – «ЦІий хуьйдина лаьмнаш». Цу тІехь цо гайтира нохчийн халкъо XIX бІешарахь пачхаьхан Іедална дуьхьал латтийна къийсам.

Ткъе итт сов книга йазйина цо. Царна йукъахь йу масех поэзин сборник: «Сан некъан кехат» (1958), «Орган тӀехь Ӏуьйре» (1958), «Ненаца дина къамел» (1959), «Ӏаьсса тӀехь наж» (1961), «Хаьржинарш» (1962), «Со йухавогӀур ву» (1963).

Нохчийн поэзи кхиорехь болх бина ца Ӏаш, Мамакаевс йазйина романаш, очеркаш, поэмаш.

Халкъана дукхабезаш болчу, цуьнан дуьхьа шайн дахар ца кхоош къийсам латтийнчу турпалхойх Шерипов Асламбеках, Харачойн Зеламхех лаьцна «Революцин мурд», «Зеламха» цӀераш йолу романаш йазйина цо.

Делахь а Мамакаев Мохьмад нохчийн халкъан илланча санна вевза. Цо мел йаздийриг шен халкъан бакъо чӀагӀйеш, цуьнан оьздангалла гойтуш, цуьнан къонахалла, комаьршалла даггара къобалйеш дара. Майра дара къонахчун-поэтан дош, цо йуьхь-дуьхьал кхайкхадора шена хезаш дерг.

Чолхе а, чулацаме а дара Мохьмадан шен дахар. Цуьнан а дийзира харцонаш лан: культан заманахь харц бехке а вина, иза геннарчу Сибрех, Иртыш-хин йистехь, Игарка-гӀалахь хан такха дезаш хилира. Цигахь лайра цо къиза шело, мацалла, харцо а, амма цуьнан стогалла тоьъна собарх ца воха, адамашка болу безам ларбан, вайн махкахь тӀаьххьара а бакъой, нийсой тоьлург хиларх теша.

МеттахӀоттийнчу Нохч-ГӀалгӀайн АССР-е вайн къам цӀадирзинчул тӀаьхьа а хаддаза болх бира йаздархочо литературехь.

Мамакаев Мохьмадан поэзин коьрта идея адам массо агӀор кхиъна хила цунна лаар йу, поэзин коьрта турпалхо – иза керла дахар кхуллуш волу, халкъан ирсан дуьхьа вала а кийча волу стаг ву, йерриг а поэзин бухехь адам, цуьнан къинхьегам бу.

Баккъал а воккха поэт а, халкъан илланча а вара Мамакаев Мохьмад. Дуьнен чуьра ша дӀавахале цо весет дина Ӏаламе:

ТӀаьххьарчу новкъа а ваьлла,
Хьайга ас кхо аьрша йоьхуш,
Доьху ас, хилалахь, латта,
ГӀа-зезаг даржадай, доьлуш.

**Хаттарш**

1. Мамакаев Мохьмадан кхолларалин дахарх лаьцна хӀун хаьа хьуна?

2. Цуьнан хIун произведенеш йешна ахь? ЦIераш йаха церан.

3. Йаздархочун произведенийн сборникийн цIераш йаха. Муьлха романаш йазйина цо? Хьанах лаьцна йу уьш?

4. ХIун хиламаш буьйцу йаздархочо шен дуьххьарлерчу поэмехь?

5. Мамакаевн поэзин коьрта турпалхо мила ву?

6. ХIун дакъа лаьцна Мамакаев Мохьмада нохчийн литература кога-йоьдуш, иза кхиъна йогIуш?

## ДАЙМЕХКАН КОСТАШ[1]

Шуьга ду маршалла, хьомсара[2] накъостий,
Дехийла, ирс хуьлда, IадIелаш шу ховший.
Шун оьзда гIиллакхаш Даймехкан безам бу,
Барт болуш гулдалар сан дагна хазна[3] йу.

ЦIеххьанчу орцано сихонца айъина,
Кхочучу ницкъаца накъостал дан лиъна,
Даймехкан декхаро гIаттийна вогIу со,
Шен дикчу кIенташка дIаала, боху цо:

Челакха[4] ойланаш шен коьртехь сецайеш,
Чохь чIана[5] эшийна, шун дагна вас[6] ца йеш,
Массанхьа Iу хилла, шаьш хала кхиийна
И къена шайн дада тергалве, боху цо.

Хеназа самайуьйлуш, шун метта-мотт хуьйцуш,
Мерзачу набарна аганан гIожца туьйш,
Доьзалан хьашташа хеназа къежйина
Хьомсара шайн нана йиц ма йе, боху цо.

[1] Косташ – кхузахь: декхарш, тIедахкарш.
[2] Хьомсара – дагна хьоме.
[3] Хазна – кхузахь: дог дузош, мехала хIума.
[4] Челакха – сиха, карзахе.
[5] ЧIана – йалта, йуург.
[6] Вас – халахетар.

Хьаша-да, оьздангал лаьттинчу хIусмашкахь
Йахь йолуш кхиъначу шен дикчу кIенташка,
Бехачохь, дуьйцучохь, боккхучу когаца
Сийлахьчу Даймехкан сий айде, боху цо.

Де доьхна, Iаьржачу халоно хьовзийнчохь,
Мацалло бIарздина[1], гIелонна кIелдуьсчохь,
Бохамна, харцонна йухь-дуьхьал хIиттинчохь
Собарах, стогаллех ма довла, боху цо.

Хало тIехIоьттинчохь стогаллех хьо валахь,
Хьайн мехкан сий лардан ахь хьайн дог кхоадахь,
Хьомечу хьайн ненан йуьхь-сибат ахь дицдахь,
Ша, Даймохк, къинтIера бера бац, боху цо.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун гIиллакхаш ду поэта, шен дагна дезаш ду бохуш, дуьйцурш? Уьш ишта мехала хIунда лору цо?

2. *Даймехкан декхаро гIаттийна вогIу со* могIанех муха кхета шу?

3. Ден, ненан сий муха лара деза, боху поэта?

4. Поэта ша арадаьккхина гIуллакх Даймехкан декхар хIунда лору? Шуна муха хета, иштта лара мегар дуй иза?

5. Стенна орцахваьлла поэт?

6. Схьа а лахий, дIайеша ненан васт хIоттош йолу байт. ХIун халонаш ловш хилла цо?

7. Даймехкан сий муха лору поэта? Тидам а беш, кхин цкъа а дIайеша и байт.

8. Хало тIехIоьттича, муха гайта веза ша стага?

9. Даймохк къинтIера маца бер бац, боху поэта? Схьа а лахий, дIадеша и могIанаш.

10. Стихотворенин коьрта маьIна муха ду?

11. Шуна муха хета, «Даймехкан косташ» аьлла цIе хIунда тиллина поэта стихотворенина? Кхин хIун тайпа цIе тилла мегар дара цунна?

12. Даймехкан косташ кхочушдарехь хIун дан деза вайх хIорамма а?

[1] БIарздина – кхузахь: холчухIоьттина.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу хормехь йазйина йу «Даймехкан косташ» стихотворени? ХIун ду хIара стихотворени кхечу стихотворенех къастош дерг?

2. Хьалхара биъмогIа боцучу, вукху массо а строфашкахь *боху цо* дешнийн цхьаьнакхетар ду далийна. Мича Iалашонца далийна уьш автора, хIун гIуллакх кхочушдо цара стихотворенехь?

3. Стихотворенин муьлхачу могIанашкахь хаало вайна лирически турпалхочун Даймахке болу безам? Схьалаха уьш.

4. Дагаев Валида дIаолуш долчу «Даймехкан косташ» иллига ладогIа. Стихотворенин интонацин муьлха башхаллаш тIечагIйо цо?

**ГIиллакх-оьздангаллех дийца вай**

Муьлхачу синъоьздангаллин мехаллех лаьцна дуьйцу стиховорени тIехь? Дийца царах лаций.

**Проект**

Да-нана ларар, хьаша-да тIеэцар, йахь, собар, стогалла. Кху синмехаллех лаьцна дийцарш кечде. Классехь схьадийца шаьш кечдинарг.

## «ДАЙМЕХКАН КОСТАШ» СТИХОТВОРЕНИХ ЛАЬЦНА

1973-чу шарахь тIаьхьа а висина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан аудитори чу велира хьехархо-поэт Дикаев Мохьмад. Маршаллин метта корта а таIийна, цкъа охьахиира иза, йуха, хьала а гIаьттина, коре вахана, и схьадиллира, дIахIоьттина лаьттира, белшаш ирхкхуьйсуш, корта лестош, мара уьйзуш, тIаккха, схьа а вирзина, схьахьаьжира массаьрга а.

– Шуна... шуна хаьий хилларг?.. Мохьмад... Мохьмад вала ма велла, – охьавилхира, догIа санна, цхьанаметта дIаса а техкаш, йовлакхах ка а йетташ, «ахIи-ахIи» деш, корта а, дегI а детталуш. – Мамакаев ма велла... вайн Мамакаев... КIентий, шуна хаьий?.. Мохьмад... сан Мохьмад... – ахIи-ахIи.

Хилларг доккха хIума дан а дара, латтанаш бух а дуьйлуш, стигланаш херццал. Велларг халкъан назманча, къоман а, мехкан а кIант вара – Мамкин кIант Мохьмад.

Ша дуьненахь йаьккхинчу 63 шо хенах 16 шо набахтешкахь, Сибрехахь а даьккхина цо, шен нохчийн матте, Даймахке болу безам гІел ца беш, мел йаздо дош къонахаллех, доьналлех, безамах дуьзна а долуш. Нохчийн къоман вуьззина къонах хилла Мамакаев Мохьмад. Цунна тоьшалла до цо вайна йитинчу байташа а, цуьнан дахаран некъо а.

Набахти чу воллале, 1940-чу шарахь, йазйина йу цуьнан «Даймехкан косташ» цІе йолу стихотворени. Мохьмада кегийрхошка дина весет санна лара мегар ду и илли: дас – шен доьзале, къаночо – къоначаьрга.

Шен дахарехь шена деза хеттарг, нигат санна лийринарг, къилба а дина ша лелийнарг, йоІбІаьрг санна лардинарг ду цо, весет деш, вайга кхочушдайта, тІедуьллург. И синъоьздангаллин мехаллаш Мохьмада даим а ларйора, лорура, цундела къонах хилла чекх а велира иза ша дуьнен чохь йаьккхинчу хенахь.

Стихотворенин чулацаме поэта дехкина шена деза мел хеттарг, вай а лара дезарг. Вайн къоман даим а хилла хаза гІиллакхаш: да-нана ларар, хьаша-да тІеэцар, вина меттиг, Даймохк безар. Шеца стогалла, йахь, собар долуш верг сийлахь хилла халкъана гергахь.

И сийлахь йеза-йаккхий мехаллаш тІекхуьучу чкъуре, кегийрхошка дІакхайкхо сихвелла ву поэт. Зама хала а, чолхе а йу, денна дІалоьцуш, тІепаза дойъуш адамаш ду. Ша Мохьмад а хилла иштта цкъа 1938-чу шарахь лаьцна чувоьллина.

Мохьмад бехке веш вара газетехь зорба тоьхна СССР-н Конституци нохчийн матте йоккхуш гІалаташ довлийтарна, амма хан ца тухуш витира. Цунна хаьара, Сталинан къиза Іедал шена тІаьхьара иштта атта дер доцийла, цундела ву иза «цІеххьанчу орцано сихонца айвина шен дикчу кІенташка» весетан дош ала сихвелла, иза дан ша цаларорна кхоьруш.

Цхьа а ала а, дийца а ца ваьхьачу хенахь цо шен стихашкахь гойтура къоман гуттар а декъаза хилла кхоллам:

Де доьхна, Іаьржачу халоно хьовзийнчохь,
Мацалло бІарздина, гІелонна кІелдуьсчохь,
Бохамна, харцонна йухь-дуьхьал хІиттинчохь
Собарах, стогаллех ма довла, боху цо.

ХІокху могІанашкахь дуьйцурш вайн халкъо хийрачу махкахь текхна хала, меца шераш ду, Даймахкана хьалха вай къиладахарна

кхоьруш, цуьнан сий лардан вайга вайн дегнаш цакхооре кхойкхуш йаздина долу. Иштта хала киртиг тӀехӀоьттича а, стаг стаг а хилла, адам адам а хилла, чекхдала деза. И хан вайн халкъана тӀе хӀуттур йуй шена хууш санна, йаздина ду и могӀанаш.

Бакъду, вайн халкъ доьналлица чекхделира и халонаш Ӏовшуш.

Вайна хууш ду, 1930-чу шерашкахь Украинехь, Волга-хица йолчу меттигашкахь, бехачу наха, шаьш долчохь мацалла хӀоьттича, шайн чуьрачу доьзалхочунна (Дала тӀе ма дойтийла иза) тӀе куьг даьхьна меттигаш. Вайн къам, ша кхин а халачу хьолехь хиллехь а, Мохьмадан дехарца, йохьах, собарх, стогаллех ца духуш, мехкан сий лардеш, бохамна, харцонна дуьхьалхӀоьттина, доьналлица чекхделира иштта хала, къиза киртиг шена тӀехӀоьттича а.

Амма шен махкана дечу гӀуллакхашна дог кхоош верг, цуьнан сий деш воцург, хало тӀехӀоьттича, стогаллех волург, ненах хервелларг Даймехкан кӀант вац, иза цунна къинтӀера а бер бац. Шен ойланехь, шен дагахь дерг ду вайна поэта довзуьйтург. Оцу механлех хаьдларг стаг ву ала а хала ду, уьш деза а, сийлахь а долу дела.

Нохчийн халкъан йаздархочо Бексултанов Мусас Мамакаев Мохьмадах лаьцна иштта аьлла:

«Иза нохчех дуьххьарлера поэт ву, шен заманахьлерчу поэзица къоман амалх дӀа а ийна, поэт а волуш, къонах висина: ша къонах а, йуха ша поэт а хилла, ваха йиш йолуш. Цунах дуьйцучохь йа олучохь, дегӀ нисдеш, ирахь ала лаьа суна: къам ду ала, къам доцуш – шайна луучара махкахдохуш, йуха цӀа лохкуш, мохк бу-кх ала, мохк а боцуш – цхьамма дӀабоккхуш, вукхо боькъуш, махо ловзо баӀ-колл санна, оьрсийн паччахьо дӀасаловзочу кху махкара (накъостийн меттанашца) каторге а хьажийна... кху дуьненан харцонна, цхьа пӀелг санна, ша цхьаъ дуьхьала лаьттинчу къонахчух паргӀат муха дуьйцур ду, дегӀ даржош, охьа а хиъна...».

Цхьа хьаьрк, цхьа дош дӀадаккха йа тӀетоха ца оьшуш, меттара аьлла дешнаш ду уьш, цундела Мохьмада вайна дитина весет цо макхайкхадарра дахарехь кхочущдар вайн коьрта декхар ду.



# ГАДАЕВ Гадин Мохьмад-Салахь

*(1909 – 1972)*

*...Гой хьуна, Даймохк, сан гІелбелла когаш,*
*Хьуна тІе некъ бина гІелбелла уьш...*

1909-чу шеран 10 декабрехь Нажин-Юьртан кІоштара Чуьрч-Ирзе йуьртахь вина поэт, прозаик, драматург Гадаев Мохьмад-Салахь. Цигахь дІадахана цуьнан бералла. Іалам дукхадезаш, Іаламан бер дара иза. Сатосуш араволий, берзинчу когашца хьаннаш, уьшалш, Іаннаш, акхаройн некъаш толлуш, пепнаш тІера дартанийн баннаш, тІома хьийза лечарчий тергалдеш токхура цо шен хан. Чуьрч-Ирзехь ца ваьхнехь, ЦІечу-Берда тІера хьаннийн мукъамашка ла ца дегІнехь, буса седарчий тергалдеш, церан къайленийн ойла йеш ца Іийнехь, цунах поэт хир вацара.

Чуьрч-Ирзехь чекхйаккхина цо ворхІшеран школа, цул тІаьхьа дешна Ростов-гІалахь рабфакехь. Дика хаарш долу дешархо хиларна, Ростов-гІалин крайисполкомехь балхахь сацийра иза.

Нохчийчу цІавирзинчул тІаьхьа тайп-тайпанчу меттигашкахь белхаш бира Мохьмад-Салахьа: Аух-Юьртахь – школан директор, Нажин-Юьртан жоьпаллин секретарь, оццу кІоштан лаьттан декъан куьйгалхо, Нохч-ГІалгІайн историн, меттан, литературин Іилманан-талламийн институтехь Іилманан белхахо.

Вайн халкъ махкахдоккхуш, 1944-чу шеран 23-чу февралехь, гІалара Нажин-Юьрта вогІуш схьа а лаьцна, карахь беккъа дечиг-пондар бен боцуш, генарчу ГІиргІизойн махка дІавигира иза.

Йоза-дешар хууш хиларна, Мохьмад-Салахь кхачанан сурсатийн складана коьрте хІоттийра цигахь. Мацаллой, шелоной, Іаьржачу уьной охьадохкуш дара адамаш. Шена хин дерг хуъушехь, кхачанан

сурсаташ мецачу нахана дІасадийкъира цо. Итт шо хан тоьхна, набахти чу воьллира Мохьмад-Салахь. Оьмаро шена йеллачу 63 шеран 30 шо гергга хан набахтешкахь, ссылкехь йаьккхина Мохьмад-Салахьа.

Рабфакехь доьшуш волуш веара Гадаев Мохьмад-Салахь литературе. ХІетахь дуьйна поэтан, прозаикан, драматурган, гочдархочун сийлахь гІуллакх кхочушдеш схьавеара иза. Массо а тайна жанрашкахь йазйина цо произведенеш: романаш – «Нус», «Гуьржи», «Акхаралла»; повесташ – «Кехат», «Ирча суьрташ», «Хазман», «ЧІир йекхар», «Стаг тІевитар»; дийцарш, туьйранаш, баснеш; поэзехь – «Тоьпан тата», «Буьйсанан бере», «Балхам», «Воккхачу стеган къамел» поэмаш, дуккха а стихаш.

Гадаев Мохьмад-Салахьа ша ма-йаздарра, цо «шад йетташ», кийрара схьа ца лихкина шен байташ, уьш «кийрара Іанайахчий бен», кехата тІе йаха а ца гІиртина иза.

Йаздархочун кхоллараллехь йоккха меттиг дІалоцу хьомечу Даймахках, Іаламах лаьцна йазйинчу стихаша. Ненан мотт Іаморна а, и ларбарна а тІехь дикка болх бина йаздархочо. 1942-чу шарахь Эльмурзаев Сираждица цхьаьна цо хІоттийра школашна лерина ненан меттан хрестомати, ткъа 1957-чу шарахь – 3-чу классан дешархошна лерина «Дешаран книга». Іилманехь а йитина цо шен ницкъ кхочу лар – астрономехь, философехь.

1957-чу шарахь Сибрехара уггар хьалха цІабирзинчех вара иза. ЦІавирзинчул тІаьхьа газетан агІонаш тІехь, радиохула вистхилар сих-сиха хуьлура цуьнан. Зорба тоха кечйина йара масех поэзин, прозин гуларш. Амма уьш зорбане йовлар ца нисделира. Сиха амал йолуш стаг вара Мохьмад-Салахь. И бахьана долуш, цуьнан карах стаг велира.

ХІинца дуккхачу ханна хедира цуьнан йешархошна тІебоьду некъ. Набахтехь воллучу поэтан произведенеш зорбатохар а, цуьнан цІе йаккхар а дихкина дара. Бакъду, цуьнан произведенеш куьйга йазйеш, къайллаха кар-кара луш лелаш йара поэзи йезачарна йуккъехь. Цу тоьшаллаша гойту Гадаев Мохьмад-Салахь къомана оьшуш, халкъо лоруш поэт хилар.

Лаьцначуьра мукъавалийтинчул тІаьхьа эха шарахь бен ца вехира иза. Гадаев Мохьмад-Салахьан дахар хедира 22 декабран 1972-чу шарахь. Цул тІаьхьа а дикка хан йелира цуьнан произведенешна зорба ца тухуш.

1993-чу шарахь зорбанехь арайелира цуьнан «Буьйсанан бере» цIе йолу гулар. Цу книги йукъа йаханера поэтан тоьлла произведенеш: 40 стихотворени, 7 поэма, 5 прозаически произведени.

2010-чу шарахь Iилманан Академис кечйина арахецна цуьнан произведенийн ши том: «Безамна бIарлагIа», «Синмехаллаш».

Цо прозехь мел йазйина произведени чекхйаьлла йац, цо ша кхолла кечйинчу произведенийн кечбина бух бу. Шорта бара цуьнан лаамаш. Иза дуьнен чу а веанера сирлачу Iалашонца – шен махкана, халкъана хьанал ваца.

Ма ирс ду иза – воцуш а нахана вага висар!

**Хаттарш**

1. Шаьш Iамийна поэтан муьлха стихотворенеш дагайогIу шуна?

2. Йаздархочун кхоллараллехь йоккха меттиг дIалоцурш муьлха теманаш йу?

3. Вайн къоман кхечу йаздархойн кхолламах тера богIий поэтан кхоллам? ХIун ду церан кхолламехь цхьатера догIург?

4. Муьлхачу жанрашкахь йазйина шен произведенеш Гадаев Мохьмад-Салахьа?

5. Поэтан ларам муха бо тахана?

## ИРЧА СУЬРТАШ

### 1

Буьйса йукъал тIехйаьллера, хIетте а наб ца кхетара Адамна. «Нохчий, гIалгIай выселит[1] бо» боху хабар дара гурахь дуьйна а хезаш.

Хьалха йуьххьехьа-м ла а ца дугIура цуьнга, амма тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш дара и хабар, ткъа лелош, гуш долу хIуманаш а дара тамашена. Йуьрта баьхкина эскархой бара, коьртехь капитан а волуш. Йуьххьехь пхи-йалх бен вацара уьш. Нехан спискаш а йеш, меттигийн планаш а йохуш, некъаш а тодойтуш хьийзара.

Амма тIаьхь-тIаьхьа салтий алсамбуьйлуш бу. Лелар а, хьийсар а, къамелаш а ду къоланна баьхкинчийн санна. Лулахочун

[1] Выселить бар – махкахваккхар.

Эдин керта а хевшина керла баьхкинарш. Ткъа уггар тамашениг тахана районе американски машенаш йаххар ду. «Студебек-карш». ТІетоьхна гатанаш а долуш. «Маневраш» йу, боху, баха-м. Амма нах, тІе а кхийсина, дІабовдо кечйиначех тера йу…

ДІа а стенна бовдор бу? Кхуьнгахь советски Іедал хІотточу хенахь тІемаш бина аьлла, кехат ду, чов-ков а хуьлуш. Уггар хьалха колхозе а йазвелира. Болх а бира, беш а бу, дегІ а ца кхоош. Бешара, боьжна стом кхаьллина а, стагана дина зен а дац. Вешин кІант а ву, деша а дешна, партехь а волуш, гІалахь лаккхарчу гІуллакххехь. Гурахь районе веанера и, Лорса. Шех дагаваьлча, цо элира: «Хабаршка ла ма дегІа, йалташ чудерзаде».

«Йалташ-м чудерзийнера, хІинца даа витахь… И даа баганаш йу шортта. Йиъ йоІ йу. Церан нана йу, хІинца балхана пайде а йоцуш. Фронтехь майра а вийна, цІа йеана пхоьалгІа йоІ йу, жима бер а долуш, ши сакхт а долуш. БархІ хуьлу хьуна уьш. Фронтехь кІант а вийна, йисина нус йу, жима кхо кІант а волуш. Шийтта. Со – кхойтта. Йоккха ІалагІожа йу. Нус а, йоккхахйолу йоІ а йоцург, белхало вац. Со а вац хІинца хьалхалерниг…»

Ишттa ойланаш йеш Іара Адам. Оцу хенахь меллаша кор туьйхира.

– Мила ву? – хьаьттира Адама.

– Со ву. Эда ву… Зайл дІабаккхахь, чувогІур вара со.

– Зайл боьллина а бац. Схьачувола хьо, – хьалаиккхира Адам, цхьа башха дегІе зуз а догІуш.

ГІийла серло йеш, йогуш лампа а йара. Цкъа и серлайаккха ойла хилира Адаман, йуха йитира. «Воьхна-м хир вац со?» – бохург дага а тесира.

– Кхин керла гучудаьлла хІумма-м дац?

– Оцу тхоьгахь болчу эскархойх цхьаъ, ша веачахьана: «Ахьар дуй хьан Іаьнна даа, ахча дуй хьан гулдина?» – бохуш, хеттарш деш хуьлура соьга, тхойшиъ тхаьш нисвеллачохь. Ткъа тховса, хІинцца дукха хан йоццуш, капитан волчура ша схьавоггІушехь, чуьра ара а ваьккхина, цо йуьхь-дуьххьал схьаэли-кх соьга: ахь нахала даккхахь, хьуна а тоьпаш тухур йу, суна а тухур йу, шу

кхана Іуьйрре выселить деш ду, некъ беха хир бу, хьан дукха бераш ду, тохий, хьайн йетт-эса а, шинара а дей, новкъадаккха жижиг кечде.

– Йетт-эса а, шинара а де, эли?

– Дера эли.

– ТIаккха и бегаш бац-кх, суна хетарехь, – элира Адама, шена хьалха латтта охьа а хьожуш.

– Бац, моьтту суна а… Бегаш бац а, моьтту, хIетте а йетт муха буьйр бу, кху сохьта берашна берам латтош болу?..

Оцу хенахь шен аьттан ойла йеш вара Адам. Цуьнан хала нисбаларан а, боцуш цатараран а ойла йича, и бен беза бохург дукха аьрха хеталора. Цу тIе, бахка гергагIоьртина а бара. Ткъа шинара несан цIар тIе даьккхина дара, эса долуш дуьйна а.

Хазарна кхоьруш санна, цаьпцалг йиийкира пеша тIехьахь. Амма и хезира. Лерга потт хIоттош, чIогIа хийтира цуьнан аз оцу ирчачу таппаллехь.

– Делахь а, – элира Адама, ойлане оллабелла корта хьала а нисбеш, – жижиг кечде ахь, Эда. ГIуллакх дика доцучух тера ду. Районера хьаькамаш а бара селхана боьхна хьийзаш, хаьттинчунна жоп луш стаг а вацара.

– Ткъа ахь хун до?

– Изза дийр ду-кх ас а.

Эда араволлушехь, чухуларчу неIарехула чуйелира хIусамнана Белита.

– Веанарг мила вара? – хаьттира цо.

Эдас деана хабар цуьнга дIа а дийцина, Адама элира:

– И вайн йетт бен воллу со.

– Вай-й, хьерававьлла хьо? Бахка боллу йетт муха буьйр бу? И шинара дехьа, хьо Іанне а ца Іахь.

– Шинара Самрин цIар тIехь ду, и доьйла йац.

– Боьйла, дера, йац бахка боллу йетт.

– Хьоьга хаьттича-м, хIумма а дойла йацара. ДIа охьайижа хьо. Меллаша. Бер-кер сама а ца доккхуш. Айсса дийр ду ас дан дезарг.

Амма дан дезарг хууш дацара. Белита дехьа чу йахначул тӀаьхьа а йехха ойланаш йира Адама. Шозза-кхузза божалан неӀаре вахара – шаьлта а карахь. «Хьевийр вац хетий со-м, – лелхара дага. – Эда а, куьйган бакъо йайъина, хьийзийна, бахьана дацахь а. ТӀаьхьа бен колхозе а ца йазвелла. Балхана башха чухьаьдда, Ӏедалан гӀуллакхашна орцахваьлла вац, Ӏедална дуьхьал вацахь а. Иза-м ван а вайта хьайна выселит, Ӏанне ца Ӏийча. Вуьшта, со стенна вийр ву? Со хӀун аьлла воккхур ву дай баьхначу бенах?»

ГӀалахь волу вешин кӀант а туьйсура дага. Ши шо а кхачале да-нана а делла, Белитассий, Адамий кхаьбна вара иза. Шайн берсл башха а ца хетара. Ткъа Адаман, цул сов, вешин безам а бара. «Лорса Ӏийр вацара гучу ца волуш, – ойла йора Адама. ХӀума хуьлучу далахь, хаам бийр бу аьлла а хетара. – Ас даькхина а, ас лелош а сан Ӏедал дац ткъа хӀара, советийн Ӏедал? Милла хьевича а, со хьевийр вац».

ТӀера хӀума дӀа а ца йоккхуш, метта агӀорвелира Адам.

2

Эда чуволлушехь, хаьттира Сепета:

– ХӀун эли Адама?

– Дера, эли, жижиг кечде.

– Ша хӀун до, тов?

– Изза до, эли-кх, ша а.

– Аьллехь, божал чу дӀагӀо хьо ... Нахе кхойкхийла а дац ... Лампа а йохьуш, со дӀайогӀу хьуна.

– Сих ма ло. Собар де жимма. Иштта ца хила а мега. Вай мича бехкенна дохур ду цӀера? Цхьаъа харцахьа гӀалат ца даьлла. Ӏедало аьллачунна йина дуьхьало йац. Йа нахаца дош дашера даьлла меттиг а йац… берахь дуьйна схьа. Хьайба санна, лаьллинчу а вуьйлуш, сайна а, доьзална а хьанал сискал лехна ас. Цунна выселит вийр вац. ХӀокху эвлахь мел верг вича а, вай выселит дан бахьана дац.

– Хаац, дан хьайна луург де, вуьшта, оцу Ивана хьоьга аьлларг лаа-м ца аьллий, хаьа суна… Ткъа хьо хӀуманна сацам бан

хьуьнар доцуш вуйла а, хаьа. КӀеда сту санна, лелла везаш ву-кх хӀора хӀуман тӀехь а.

«ЭхӀ, ма дика ца элира ас и, – дагатесира Сепетана ша арайолуш. – Цхьаъ хилахь, йаллалц дагахьбаллам лаьттар бу. Экха санна, шен даьхних ца летало-кх и. Цуьнан хӀун бехк бу?»

Ткъа ша дог кхиъна йаьлла йара: Иванан леларо, ша ша вис-висинчохь цо дохучу синоша, хьийзочу коьрто кхо-диъ де хьалха дуьйна а вочунна тӀехь сацийнера ойла. Мацалла доьлхучу берийн суьрташ дара цунна хьалхахӀуьттуш. Ткъа уьш исс дара, воккхахволу кӀант Эла хӀинцца зуда йалориг хила гӀерташ а волуш. Жимахйолчу йоьӀан кхо шо а дуьзнера. Царна кховдо хӀума лаха араиккхина йара и. Пхи-йалх москал йара цо кхобуш. Чу а йеана, уьш тийсира цо Эдина хьалха:

– Кхарна мукъа а хьакха урс!

Шен и дешнаш а кӀоршаме хилар хааделира Сепетана. ХӀусамдеца кӀеда-мерза хила лаьара. Цунна оьгӀазйахана а йацара иза. Цунах къахеташ а йара. Амма кийрара и къинхетам дешнашца гучу ца баккхалора. Цундела Ӏийжайора цу къинхетамо, лалийнчу дашо санна.

Сепетан и дог хууш вара Эда. Кху ткъех шарахь гуттар а дерриг дара иза. Цундела Эдина башха новкъа а ца хуьлура Сепетан кӀоршаме дешнаш. Мелхо а, кӀеда-мерзачу дешнашца Сепетан дог эца лууш вара иза. Амма дашна къора вара Сепетал а. Сихдина москалшна урс хьекхарца дуьйцура цо шен деган резалла. «Со-м цхьа цуьрг дуьхьал а вац хьуна луучунна. Хьо резайолчунна реза ву. Дан хьакъ доцург а дина, нехан белам ма хилахьара вайх бохург дара сан дагахь дерг-м. Дохнах а, цӀийнах а, махках а муха воккхур ву хӀуманна а гуьнахь воцу стаг!» Дагахь и бохура Эдас Сепете. Амма барта схьаолуш дош дацара.

Москалшна урс хьаькхна ваьлча, шен лекха зоьртала дегӀ хьала а нисдина, Сепете дӀахьаьжира, хӀумма а олий-те цо кхин аьлла. Ткъа Сепета хӀумма а ца элира. Алалучу хьолехь а йацара: хораман шад хӀоьттинера логе. Йист а ца хуьлуш, тила а йина, москалш гали чу теӀо йолийра.

И сурт лан а ца делла, ладогIа воллу ша аьлла, аравелира Эда.

ХIинццалц хаза лаьттина дуьне телхинера. Наггахь догIанан тIадам а кхуссуш, Iаьржа мархаш йара, хьерча а хьерчаш, малхбалехьа хьовсайелла. Кху тогIе чохь мох бацара, амма аьрцнийн кортош угIуш дара, меца берзалой санна.

«Дарц дала доллу!» – тесира дага. Йуьртара жIаьлеш а дара, цкъа а ца хиллачу тайпана, угIуш а, леташ а. Церан аьзнаш девзаш дара Эдина – муьлханиг хьенан жIаьла ду а хууш. Хийла ладийгIинера цаьрга, берахь дуьйна. Жима стаг волуш, йуххерчу орцара эвла ладоьгIча, синкъерам хьаьнгахь бу а, хаьара, цу жIаьлин летарца, синкъераме оьхуш болу а, цигара дIаоьхуш болу а кегийрхой муьлхачу некъаца лела а, хаьара. Амма тховсалераниг цунах тера дацара. ЖIаьлин летар Iаламат дера а дара, массо меттехь а дара, йуьртан йистошкахь а тIехь. «Йуьрта а, йуьртана гонаха а баьржина…»

Циггахь шайн жIаьла дагадеанчу Эдина гира и шена хьалха лаьтташ. КIайхо-можа бос болу, боца чо а болуш, стомма бат а йолуш, шен да санна зоьртала пхьу дара и. Жима кIеза долуш суьйлашкара далийна а, дукха хьомсара а дара Эдина и жIаьла. Жима долуш КIеза аларх, и цIе йисинера цуьнан.

Цхьа шатайпа доттагIалла дара Эдин, КIезин. Вовшийн дагара хаар а, вовшийн хьастар а дара цушиннан. Эда цIера волуш, кетIа а воккхура КIезано, уллехула ловза а лелхаш. Ткъа и цIавогIуш, кхин а чIогIа ловза а ловзуш, кетIа дуьхьал а доьдура. Амма кех ара ца долура – шен декхар керт Iалашйар дуйла, хаьара цунна, ша санна шера. Ткъа адамашца, ур-атталла шен берашца а, шен дашна къорам[1] волчу Эдин Iаламат мерза, хьастаран мукъамаш хуьйцуш, къамелаш а хуьлура КIезица деш: «КIеза! Ва КIеза! ХIай, дейиса хьан делаI! Ма лом ду-кх хьо!» – бохуш.

Буьйсанна хан йоцучу хенахь Эда араваьлча, дийнахь санна, детта а ца луш, бийшина берш сама ца баха санна, меллаша Эдина герга догIура КIеза, машаре цIога а лестош. Ткъа хIокхо

[1] Дашна къорам – къамел кIезиг деш.

меллаша олура: «КIеза, хьо сема ду? Хьо хехь ду? ХIай, лом, йаI…» Иштта, Эдина ша сема дуйла хаийта а, цуьнга ша хьастийта а тIаьхьахIоьттина дара КIеза тховса а. Амма хIинццалц санна майра дацара КIезин гергагIертар а, цIога лестор а: шерра хаьара цунна, гIуллакхаш меттахь доцийла. Цу тIе, Эда вист а ца хилира. ХIокху кертахь цо даьккхинчу иттех шарахь тховса дуьххьара дитира цо КIеза ца хьостуш.

Шегара бехк баьлча санна, цIога охьа а хецна, Эдина йуххера дIаделира КIеза.

ДогIа а, аьрцнийн гIов а тIеттIа чIагIлуш лаьттара. Сихделла декаш котам а дара. Сахила гергагIоьртинчух тера дара. Кешнаш долчу агIорхьа, эвлайистехь, автомат йелира. Жимма ла а доьгIна, кхин хIумма а ца хезча, чувахара Эда.

Берашна кIелхьара мотт-гIайба йоцург, кхийолу хIума йерриг а дIахьарчийна йаьллера Сепет. Дукха къахьега оьшуш а дацара: цхьа куз а бацара, совнаха мотт-гIайба а дацара; денна а тIехь лелош дерш бен, духарш а дацара.

– Сихйеллий-те хьо, Сепет? – хаьттира Эдас.

Цу хаттарна жоп а луш, Сепета элира:

– ХIара галешший, тIоьрмигашший кечдина ас цу чоьна чуьра ахьар чудохка. Ас хIорш лоцур ду, хьуна, и чами дIа а эций, ахьар схьадохка ахь, катоххий.

Иттех дакъа дина дIанисдира Сепета ахьар. Иттех пунт бен дан а дацара. Варша тоьхна топ санна, зен довш дара колхозехь хьегна къа а.

И ахьар кийсакашка нисдина хIорш боввлуш, КIеза летира арахь. Садаржа доладелла зама йара.

Шайн кетIахь лаьтта автоматчикаш галлац, хазза сама ца ваьллера Эда. ТIаккха дIасахьаьжчахь, иштта, шишша-кхоккхапхиппа цхьаьна, лаьтташ автоматчикаш гира цунна. АдамгIеран кетIахь а, церан шайн бошмашкахь а, некъашца, бIаьрг мел тоьхначохь а. ЦIе йаьлча санна, сихвина, Эда дIавигира цара, колхозехь собрани йу аьлла.

## 3

БерхIитта шарера лакхара берриг божарий бара колхозан кертарчу доккхачу божал чу гулбина. Кертана гонаха хIиттийна пулеметашца, автоматашца эскархой бара. Доккха гай а, лекха сийна куй а болуш волу гуьржийн инарла схьакхайкхира талмажехула:

– Партин, правительствон сацамна цхьакIеззиг дуьхьало йиначунна ша волччохь тоьпаш тухур йу! ХIора доьзало а ах тонна мохь бахьа мегар ду, новкъана йуург а, тIейухург а, мотт-гIайба а, кад-Iайг а. Амма кхин хIуманаш, масала, маьнга, стол-гIант, хьайбанаш, жIаьлеш, новкъадохуьйтур дац! Кхеташ дуй и?

ДоIуш са а дацара божал чохь хезаш. Масех секунд йелира иштта. Нехан маьхьарий цадовларна дарвелча санна, кхин а буьрса вистхилира инарла:

– Кхеташ дуй и, хоьтту ас?

– Кхеташ дац, – элира цхьана воккхачу стага, нахана йуккъера схьа таьIаш. – Тхо хIунда доху меттах, ас хьоьга хоьттур дац, хIунда аьлча и хьан карахь гIуллакх дац, тхо мича дохуьйтуш ду бохург а ледара хIума ду. Иза а хоьттур дац ас. Вуьшта, и ахь йуьйцуш йолу хIуманаш муха йахьа йеза оха? ДогIуш догIа а ма ду. Тхан ворданаш а ма йац.

– ХIара йочанаш хилар бахьана долуш, йуьрта чу схьайогIийла ца нисдели машенийн. Карахь-марахь охьа, хин тогIе чу, йахьа дезар ду шун уьш. Цигахь машенаш йу.

– И кхеташ ду хIинца. Амма цхьа кхин а ду…

– ХIун кхин ду? – хаьттира инарлас дера.

– ХIокху хьан майрачу тIемалоша йийна ши зуда Iуьллу эвлайистерчу кешнийн керта йуххехь, новкъахь. Шо кхаьчна бер а ду цушинца. Нахала даьлча, хьуна башха сийлахь хир дац зударий, бераш дайар. Уьш дIахьулбан вахийта со, иштта кхин соьца кхо-виъ стаг ваийта.

Доладелчхьана а, Iоьттина шаьлта санна, новкъа дара инарлина воккхачу стеган къамел. Цу къамелан паргIатчу, эсалчу

мукъамо а, цуьнца йолчу эндажечу Iоттаро а хьераваькккхина хьийзавора иза, амма цуьнан болатан озо сецавора.

Шена йуххерчу майоре цхьа шабар а дина, дегаза кхоьссира цо:

– Дехар кхочуш хир ду хьан. Схьакъастабе хьайна накъостий.

Воккхачу стага виъ стаг схьакъастийра, йукъахь Эда а волуш. Хьалхий, тIаьхьий кхоккха автоматчик а хIоттийна, уьш кешнашка дIахьовсийра. Ткъа важа адам, гонаха автоматчикаш а баьхна, тогIи чу охьалаьллира.

4

– ВахIаб, уьш хIун зударий бу, и ахь буьйцуш берш? – хаьттира новкъахь Эдас.

– Уьш-м тхан кертара ши йоI саннарш йара, – элира ВахIаба, ирх бIаьрг а хьажош.

ДогIа лайнехьа долуш дара.

Эдина хууш дара, ВахIабан ши йоI луларчу йуьртахь марехь хилар. Кхин доьзалхо ван а вацара ВахIабгIеран. Цу шина йоIал хьалха хилларш беллера. ХIинца йоккхачу кертахь шаьш дисина Iаш дара ВахIаб а, Хеда а.

– Селхана цIа йеанера и шиъ, лелаш долчу хабаршна а, гIуллакхашна а са а гатделла. Цхьаннан карахь кIант вара…

Циггахь къурд бира ВахIаба. Болар а кIеззиг сихдира. Къона, цIечу басахь горга йуьхь а йолуш, хIинца а дика лаьтташ кIайн цергаш а, иштта кIайн, чIениг тIехь ирйеш лергина маж а йолуш, йуккъерчу, гIеххьа дуьзначу дегIахь вара ВахIаб.

– ХIуъа хилахь а, шайн шайн хIусамашкахь хила ас дIахьовсийна бара уьш. Сатасале дара иза… Оцу кешнашкахь ха хиллера-кх лечкъина… И хир ду а, йа зударшца, берашца кхеран бала хир бу а, хьанна моьттура… ХIорш кешнашна тIекхоччушехь, автоматаш тоьхнера-кх тIе.

– И автоматаш йолучу хенахь арахь лаьтташ вара со, тхешан кертахь, – элира Эдас.

– Со чохь вара хIетахь. Уьш йовлуш хезаш а вара. Вуьшта, божарша, Советан Iедалан эскаро, шайн новкъа хIиттина доьл-

хучу адамашна, цу тIе, зударшна, берашна, герзаш деттар ду бохург дагахь долуш вацара. И саннарг дуьйцуш хезна а вацара… Цу берашна туьйхи-кх и герзаш аьлла, чуьраниг хьаьвзича, иза а човхийра. Ара а валий, ла мукъана а догIахь аьлла, цо чIогIа хьовзийча, цунна маслаIатна ара а ваьлла, ла а дуьйгIира. Iеб-себ а дацара хезаш. Сатеснач у хенахь хIокху собране ваха аравак-кхалц, хаа а ца хиира…

**Йешначух ойла йе вай**

1. ХIун зама йу дийцар тIехь йуьйцург?

2. Муьлш бу дийцаран турпалхой?

3. ХIун хабарш дара нахана йукъахь даьржинарш?

4. Адам ойланашка верзийнарг муьлха хиламаш бара?

5. Эскархочо шега аьлларг тIе муха ийцира Эдас?

6. Адаман даго хила доллург тIелаца хIунда ца туьгура, шеконаш кхуллург хIун дара?

7. Ша цIера ваккха бахьана хIунда дац аьлла хета Эдина?

8. Бохам хила боллий муьлхачу билгалонашца гайтина дийцар тIехь?

9. Гуьржийн инарлас шайга бина хаам цхьа а дуьхьало йоцуш гулбинчу наха тIеэцаран хIун бахьана ду аьлла, хета шуна?

10. Адам цIерадаккхар бехк боцу зударий, бер дерца дIадоладо салташа. ХIун гойту цо?

**Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Дийцар цIеххьана хедаш ду. Турпалхойн кхидIа болу кхоллам муха хир бу аьлла, хета шуна?

2. Дийцаран башхалла стенах йоллу, муьлхачу къастамаллин билгалонашца къаьста иза кхечу йаздархойн ишттачу произведенех?

3. Инарлин а, воккхачу стеган а диалогехь хаало вайна хьалхарниг дарвелла а, шолгIаниг собаре а хилар. Бехк боцуш халкъ махкахдоккхуш ду, хIетте а воьхна ца го вайна воккха стаг а, кхиболу дийцаран дакъалацархой а. ХIун гойту цу нехан иштта хиларо? ХIун ду, шуна хетарехь, йаздархочо и кеп харжаран?

4. Эдина а, цо кхобуш долчу КIезина а йуккъехь доттагIаллин уьйраш йу. Адамна а, жIаьлина а йуккъех и тайпа гергара уьйр йолу кхин муьлха произведенеш йевза шуна?

5. Дийцаран дIахIоттам муха бу? ХIун ду цуьнан дIахIоттамехь шатайпа дерг?

6. Дукхахйолчу произведенеш тIехь цхьа бохам тIебан кечлуш хилар хоуьйтуш карзахдаьлла Iалам гойту. Кху дийцар тIехь йуй иштта меттиг? Схьалаха иза.

**ГIиллакх-оьздангаллин башхаллех дийца вай**

1. Бусалба дино жIаьла дукха боьха лерина ду. Ткъа кху дийцар тIехь дуьйцу КIеза Эдас шайн доьзалхо санна лелош ду. Вайн гIиллакхашца догIуш дуй иза?

2. Эвлайистехь салташа байъинарш шен ши йоI хилар, шега хеттарш дичий бен, ца дуьйцу ВахIаба. Шуна хетарехь, хIун ду ВахIаб оцу бехкамашкахь латтийтинарг?

**Вайн къамел кхиадо**

1. ВахIаба шен шина йоIана салташа автоматаш тохар муха нисделира дуьйцучу меттехь автора предложенийн чаккхенашка дукха тIадамаш хIиттийна. ХIун Iалашо йолуш дина цо иза?

2. Дийца, муха кхета шу дешнийн цхьаьнакхетарех: *Iеб-себ дацара хезаш*?

3. МаьIна де кху предложенин: *Варша тоьхна топ санна, зен довш дара колхозехь хьегна къа.* Кхин дуй и тайпа дустарш дийцар тIехь? Схьалаха уьш.

**Проект**

Вайн халкъ махкахдаккхарх лаьцна болу дагалецамаш дIайазбе, баккхийчаьрга а хоттуш. Цунна лерина вовшаххетар дIахьо, оцу дийнахь хилларг дагадогIуш волу декъашхо а кхайкхий.



## САИДОВ
## СаьIидан Билал

*(1914 – 1994)*

Поэт, драматург, гочдархо Саидов Билал вина 1914-чу шеран 10 июнехь МахкатIехь. Шайн йуьртара школа чекхйаьккхинчул тIаьхьа, ша дагалаьцнарг кхочушдан Iалашо йолуш, Соьлжа-ГIала веана иза.

Билал школехь доьшуш волуш, МахкатIехь спектакль хIотто йеана театран тоба. Дерриг диц а делла, цара хIоттийнчу спектакле иза чекхйаллалц дукха лерина хьаьжна кIант. ХIетахь дуьйна даг чу бижина хилла цунна театре болу безам.

Шена дезачу театральни гIуллакхашна герга гIертаро валийра иза театральни студе. Цигахь дешначул тIаьхьа Билал Тбилиси гIала Руставелин цIарах йолчу театран студе деша вахара.

1936-чу шарахь, студехь дешна ваьллачул тIаьхьа, Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драмтеатрехь болх бира цо актер а, режиссер а волуш. ХIетахь дуьйна театр, драматурги цуьнан дахар хилла дахIоьттира.

Цуьнан хьехархо, доттагI хиллачу Бадуев СаьIида драматургина ойла тIехьажийра Билалан. Йуьхьанца оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а пьесаш нохчийн матте йехира цо. Гочйина пьесаш хIиттош дакъа а лецира; актеран болх къаьсттана дукха бина цо Дуьненан шолгIа тIом балале хьалха.

1938-чу шарахь Билала ша а йазйира «Зайнап» цIе йолу пьеса. Республикин конкурсехь драматически произведенеш йуккъехь шолгIа меттиг йаьккхира цо.

1941–1942-чуй шерашкахь Саидов Билал эскарехь хилла. Оцу шерашкахь цхьамогIа патриотически стихаш йазйина цо. «ДIахаалда

хьуна», «КIанте», «ТIемалочуьнга», «Советски эскар», кхечу а стихотворенешкахь вайна го Даймохк мостагIчух ларбан гIевттинчу тIемалойн майра дог-ойла. МостагIчунна тIехь толам боккхург хиларх тешна ву поэтан лирически турпалхо.

Вайн халкъ махкахдаьккхинчу шерашкахь кхолларallин болх бита дезна Билалан.

Даймахка цIавирзинчул тIаьхьа, 1957-чу шарахь дуьйна, тIевирззина болх бира цо поэзехь а, драматургехь а. Цо йазйина 12 драматургически произведени: драмаш – «Зайнап», «Иштаниг ца могуьйту», «Стагах теша веза»; комедеш – «Гергарнаш», «Чолхе захало», «Мерцхиг а, кхиберш а», «Иштанаш а хуьлу».

Поэтически произведенеш а йу Билалан дукха, 14–15 гергга. Дуьххьарлерчу «Дуьненна – машар» (1959 ш.) поэтически книги тIерачу произведенешкахь гора Саидов шен поэзи халкъан кхолларallина тIетийжаш кхиош хилар. Бадуев СаьIидна барта кхолларallехь сюжеташ карош хиллехь, Билал халкъан произведенешкара Iема мотт шера а, цIена а, васташца а бийца. Даймехкан аьхналла, беркате лаамаш, тешамечу доттагIаллин, цIеначу безаман уьйраш, поэтан дегайовхо хаало «Деган аз», «Ламанан шовда», «Лаам», «Деган иллеш», «Сан безам», «Хаьржинарш» цIераш йолчу поэтически книгашна йукъа йаханчу произведенешкахь. Дуккха а йу цуьнан таханлерчу сирлачу дахаран генара орамаш лоьхуш, халкъо йаханчу заманахь шайн ирсехьа дIабаьхьначу къийсамах лаьцна йазйина произведенеш. Берашна лерина произведенеш а кхоьллина Саидов Билала. Цуьнан стихашкахь йаздина туьйранаш «Майра Сулима», «Сулимин цIархо», «Сулимас лелийнарш», «Сулимин цIархо седарчийн махкахь» дика девзаш тIеийцира бераша.

Тешам боллуш ала мегар ду, Саидов Билалан тоьллачарех йу «Вина йурт», «Деган аз» цIераш йолу стихотворенеш. «Вина йурт» стихотворенехь вина йурт хьоме хилар а, шен махках, шен халкъах дIахаьддарг ирсе хила йиш йац бохург чIагIдо поэта. «Деган аз» стихотворени тIехь диканиг кхайкхош, вон дIаоьцуш, адамаш шайн ойланца, лаамца паргIатдохуш дека, боху поэта шен деган озе. Оцу тайпанчу дог-ойлано хьоьху лирически турпалхочунна ша ца кхоош нехан хьашташка хьажа везаш хилар, царна диканиг дан кийча хила везар.

Поэзехь а, драматургехь а йоккха лар йитина Саидов Билала.

**Хаттарш**

1. Дагалаца шаьш Iамийна Саидов Билалан произведенеш.

2. Маца кхоллабелла Билалан театре безам?
3. Муьлха поэтически книгаш арахецна цо?
4. Поэтан кхолларallin коьрта теманаш муьлханаш йу?

## ВИНА ЙУРТ

Жималлехь левзина
Хаза урамаш,
Къонахий хIиттина
Йуьртан майданаш,
КIентийн дой хьийзина
Бай сийна майданаш
Ца тиги йиццйала,
Валарх мел гена.

Бода дIаэккхабеш,
Дашо малх хьаьжча,
Ламанан бохь кхолуш,
ЗIаьнарш схьакхетча,
Вовшашка кхаъ боккхуш,
Шовданаш декаш,
Ма хазло МахкатIе,
Дог мерза хьоьстуш!

Хьан йуькъчу хотешкахь
Къоркхокхий декаш,
Шовданийн кортошкахь
Мехкарий соьцуш,
Сирлачу школашкахь
Берийн аз декаш,
Товш йу хьо тахана,
БIаьрг серлабоккхуш.

Хьан лаьмнаш хIиттийна
Iалам ду говза,

Хьан хьаннаш кхиийна
Ду и комаьрша.
Къинхьегам безачийн
Ирс алсамдаьлла,
Ца карий цхьанхьа а
Меттиг хьол мерза.

Кхин гуьнахь шен доцу
ДегIан чарх идош,
Кхин чаккхе шен йоцу
Некъ йуьхьарлоьцуш,
Хийла гIулч йехира,
Хьо дагалоьцуш,
ГIаланаш йаккхийчохь
Iилманан бух лоьхуш.

Со жимачохь къаьстира
Йезначу ненах.
Хьох херавелира,
Дог хьоьца дуьтуш.
Ненан сурт хьайчуьнца
Хьалха а хIуьттуш,
Зама ас кхийхьира,
Тахане лоьхуш.

Цамгаро гIелдина
ДегI те а доьлча,
Жималлехь йаьгна цIе
ГIелйала йоьлча,
Хьоьга ас сатийсар
Даздала доьлча,
Нигат дина ас верза
Йезначу йуьрта.

Дахаро Iехийна,
Со воккхаверах,

Балано таIийна,
Со холчухIоттарх,
Зама дIаэхарехь
Хийцамаш хиларх,
Хьоь болу сан безам
Жимлур бац цкъа а.

Тамашена йу зама
Шен новкъа йоьдуш:
Со жима бер долуш
Хьо къена йара,
ХIинца, со къанвелча,
Хьо къонлуш льатта.
Реза ву хийцамна
Хьо тIех йезарна.

Хьо къонйеш, цIинйеш дерг
Къахьоьгу халкъ ду,
Хьанал къахьоьгуш верг
Даима сийлахь ву.
Ледарло дIатоттуш,
Доьналла хьостуш,
Йахалахь, кхиалахь
Сирлачу новкъахь.

**Йешначух ойла йе вай**

1. Стенах лаьцна дуьйцу стихотворенехь? ХIун ойланаш кхоллайолуьйту цо шун дегнашкахь? ХIун сурт хIутту шуна хьалха, и йешча?

2. Лирически турпалхочунна дагара йала хIунда ца туьгу ша кхиъна йурт? ХIун ду иза цо шена йух-йуха а тIеийзош дерг?

3. Ненан сурт Даймахкаца дусту поэта. Дийца, хIун маьна ду цуьнан.

4. Шуна хетарехь, шена тIе хала киртиг хIоьттича, адаман Даймахке болу безам сов хIунда болу?

5. Поэтана хетарехь, йурт къонйеш, цIинйеш дерг хIун ду?

6. ХIун ду Саидов Билалан хьоме йурт дагахь лоттуьйтург? Йуста «Вина йурт» стихотворени кхечу поэтийн йуьртах лаьцна йолчу стихотворенешца. ХIун ду уьш цхьаьнатухург?

7. Шуна хууш ду лирически произведенино авторан синхIоттам, синхаамаш бовзуьйтуш хилар. Муьлхачу синхаамашца билгалйолу вайна «Вина йурт» стихотворени?

8. Пейзажан лирикин йу ала мегар дуй «Вина йурт» стихотворени? Шайн жоп бакъде.

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Стихотворенехь исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш къовзийна балийна автора. Схьалаха уьш. Ойла йе, хIун гIуллакх кхочушдо цара йуьртан исбаьхьаллин суртхIотторехь.

2. Схьалаха инверсин масалш (дешнийн къепе хийцар):

а) сказуеми подлежащина хьалха хIоттор;

б) билгалдош цIердашна тIехьа далор.

Мича Iалашонца пайда эцна поэта оцу исбаьхьаллин кепах?

3. Стихотворенин йолор а, йерзор а вовшашца муха йозайелла йу?

4. Тидам бе, мел боккхачу безамца, дегайовхонца дуьйцу лирически турпалхочо шен йуьртах лаьцна. ХIун сурт кхуллу шун ойланехь оцу могIанаша? Дийца цунах лаций.

### Вайн мотт кхиабо

1. Дийца, муха кхета шу кху дешнех:

Со жима бер долуш
Хьо къена йара,
ХIинца, со къанвелча,
Хьо къонлуш лаьтта.

2. Йаханчу хенан хандешнех алссам пайда эцна поэта. Дийца, хIун бахьана ду цуьнан.

3. Iаламан муьлха сурт дуьхьалхIутту стихотворенин хьалхарчу декъехь?

### Культурийн диалог

ГIезалойн поэтан Тукай Габдуллин «Хьоме йурт» цIе йолуш стихотворени йу. Вовшашца йуста Тукайн а, Саидовн а стихотворенеш. Билгалдаккха, хIун ду церан цхьаьнадогIург а, къаьстарг а.

### Проект

Шаьш дехачу йартех, гIаланех лаций докладаш кечйай, конференци вовшахтоха. Докладехь дийца билгалдинарг кху кепара хила тарло: маца, хьан йиллина йурт, гIала; хьенан цIарах йу; муьлхачу меттехь йиллина; йуьртара (гIалара) гIарабевлла нах.

## ДЕГАН АЗ

Декахьа, деган аз,
Цу стиглан Іаьрчашкахь,
Даржахьа, мерза аз,
Доллучу латта тІехь,
Кхайкхахьа, майра аз,
Дуьненан халкъашка,
Машаран сирла аз,
Кхарстахьа дегнашка!

ГІайгІано таІийнарг
Синтеме валавеш,
Харцоно Іехийнарг
Кхетамчу валавеш,
Некъаха дІатилларг
Схьа йукъа озавеш,
Некъ бехьа, деган аз,
КІаддалар ца хууш.

Къинхьегам цабезарг
Балха тІе верзавеш,
Ойланехь курваьлларг
ГІиллакхе валавеш,
Зуламна гІаьттинарг
Машаре хьовзавеш,
Даржахьа, деган аз,
Хан-зама ца кхоош.

Шераша тишвинарг
Хьан эшаро цІинвеш,
Цамгаро гІелвинарг
Хьан дарбано товеш,
Боданехь висинарг
Хьайн серлонца къагош,
Декахьа, деган аз,
Хьайгара ницкъ гойтуш.

Декахьа, деган аз,
Даима халкъаца,
Ма белахь ахь хIоз
Халкъ резадоцчуьнца.
Лууш вац хила тхьоз
Со эрна вахарца,
Ма дека, доьху ас,
Шалхачу ойланца!

Пхьуьйшахь лаьхьа оьхьуш,
Со велакъежна вац,
Даг тIехь сайн дIовш сецош,
ХIилланца векна вац,
И лело гIерташ берш
Вайн новкъахь оьшуш бац,
Харцонца декна аз –
И цкъа а тоьлла дац.

Цундела хьо хила
Махкана хастам беш,
ГIел ца луш хьо хила
Ирсехьа некъ беш,
ТIех буьрса хила хьо
Зуламхо сацавеш,
Бакъонца декна аз –
И цкъа а эшна дац.

Сел гена кхевдина
Лаамаш кхочушбеш,
Сел шуьйра йаьржина
Ойланаш тIегулйеш,
Даг чуьра сан хазна
Хастайеш иллешца,
Декахьа, деган аз,
Ца дулуш цкъа а хьаз.

### Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Стихотворенин лирически турпалхочунна уггар хьалхарчу рожехь лууш дерг хIун ду?

2. Дуьнен тIехь машар хIоттийнчул тIаьхьа хIун гIуллакхаш кхочушдан дагахь ву лирически турпалхо?

3. Халкъаца йолу йукъаметтиг муха йу лирически турпалхочун? Стенца къуьйсуш схьавогIу иза шен дахарехь?

4. Дийца, муха кхета шу кху могIанех:

Пхьуьйшахь лаьхьа оьхьуш,
Со велакъежна вац,
Даг тIехь сайн дIовш сецош,
ХIилланца векна вац.

5. Стихотворенин лирически турпалхочун дог-ойла шун ойланашца йогIуш йуй? Кхин хIун дан лаур дара шуна шайн дахарехь?

6. ХIун дог-ойла кхоллайолуьйту стихотворенин могIанаша?

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Стихотворенин чулацамо дукхахьолахь цуьнан кеп билгалйоккху. Поэта хаьржина кеп цуьнан чулацамца йогIуш йу аьлла, хетий шуна? ХIун ду «Деган аз» стихотворени кхечу поэтийн стихотворенех къастош дерг?

2. Даьржинчу тIедерзарх пайда эцна автора шен стихотворенехь. ХIун гIуллакх кхочушдо цо стихотворенехь?

3. Лааме причастеш алсам йалийна автора. Ойла йе, хIун гIуллакх кхочушдо цара лирически турпалхочун дог-ойлана тIаьхьакхиорехь? Шуна хетарехь, автора хаьржина кеп кхиаме йуй?

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Поэтана хетарехь, стаг шен дахарехь вочуьнца къуьйсуш, диканиг чагIдеш ваха веза. Реза дуй шу цо бохучуьнца?

2. Лирически турпалхочун дог-ойла йовзийтина автора шен стихотворенехь. Шайгахь муьлха амалш кхио лаур дара шуна?

### Вайн мотт кхиабо

1. МаьIна даста могIанийн:

... Ма белахь ахь хIоз
Халкъ резадоцчуьнца...

... Декахьа, деган аз,
Ца дулуш цкъа а хьаз.

2. Муьлхачу эпитетех пайда эцна автора шен стихотворенехь? Схьалаха уьш.



## КУРУМОВА Мусан Селима

*(1914 – 1968)*

Курумова Селима йевза дика цIе йоккхуш йолчу «Дохк» повестан автор санна, и йоцург, кхин дуккха а дика повесташ, дийцарш цо йаздина хиллехь а. Дуьненан литературехь и тайпа масалш дукха ду.

Курумова Селима йина 1914-чу шеран 18 ноябрехь Нохчийчоьнан Бамат-Юьртана гена йоцучу кIотарахь (Советан Iедал дIахIоьттинчул тIаьхьа Комсомолец цIе хилла цуьнан) хьалдолчу доьзалехь. Цуьнан да Къосум хьалдолчу КурумовгIеран цIийнах схьаваьлла вара, нана Медни – инарлин Чермоев Орцин йоI йара.

1930-чу шарахь школа чекхйаьккхинчул тIаьхьа цо дийшира цкъа хьалха автодорожни техникумехь (1931–1934), йуха – мехкадаьттанан институтехь (1937). Шен лаам кхочуш а беш, инженеран говзалла карайерзийра цо. Транспортехь Селимас белхаш бира вай дохийнчу шерашкахь Алма-Атахь а, цIадирзинчул тIаьхьа Соьлжа-ГIалахь а. И болх цо безаш а, даггара а беш хиларан тоьшалла дара цунна 1966-чу шарахь «Къинхьегаман цIечу байракхан» орденца совгIат дар.

Ша инженер хиллехь а, жимачохь дуьйна йезайелла исбаьхьаллин литература дIа ца тесира цо. Йаздан иза йолайеллера Дуьненан шолгIа тIом болабалале, амма шен произведенеш зорбане йаха сих ца йелира, и говзалла шена дика карайерззалц. Цуьнан дуьххьарлера дийцарш зорбане девлира XX бIешеран 50-чу шерийн чаккхенехь.

Хала а, чолхе а бара цуьнан кхолларалллин некъ. Атта дацара йаздархочун некъ а, шен белхан говзалла а цхьаьна дIакххехьа. Кхолларалехь йаздархочун говзалла лакхайаккха, цунна тIекхиа гIерташ, дикка дийцарш, масех повесть йазйира Селимас.

XX бIешеран 50-гIа шераш чекхдовлуш – 60-гIа шераш дуьйлалуш «Орга» альманахехь а, «Ленинан некъ» газетехь а зорбатухуш арадийлира цуьнан дийцарш. Царах ду «Дорчин Донча», «Жарманан некъ», «Цайиначу ненан хIусамехь» дийцарш.

1962-чу шарахь зорбанехь арайелира цуьнан дуьххьарлера гулар. «Дохк» цIе йолчу оцу гуларна йукъа дахана «Цайиначу ненан хIусамехь» дийцар, «Дохк», «Сан гIалат» повесташ.

Курумова Селимин кхоллараллех лаьцна мел йаздинчо билгалдоккху цунна шерра нохчийн мотт хууш а, къоман ламасташ, дахар девзаш а хилар.

Курумова Селимин йерриг а кхолларалла цхьана йоккхачу темина лерина йара – адаман дахар гайтар. Бакъду, йаздархочун кхоллараллин шен башхалла а йу: адаме болу бовха безам, даим а цуьнан амалан дика агIонаш гайта гIертар.

Селимин дийцарша а, повесташа а йуьйцу коьрта проблемаш нохчийн зудчун дахарехь хуьлуш дерш ду. Уьш бу цуьнан коьрта турпалхой, церан лаамаш, лазамаш, синхаамаш, сатийсамаш, дегайовхонаш. Тайп-тайпана ду Хамсатан, Жарманан, Маккин, Анун, ЗабиIатан, Собин васташ, амма церан массеран а лехамаш цхьаъ бу – ирс. Царах цхьаболчарна и кара а до.

Шатайпа къеггина исбаьхьаллин хатI долуш, говзачу маттаца йазйина йу Селимин произведенеш. Царах йу, масала, «Дохк» цIе йолу повесть а. Автора Iаламан исбаьхьа а, говза а сурт хIоттийна цу тIехь, къеггина ду дерачу Органан, къоьжачу ломан, буьрсачу хьуьнан, шерачу аренийн васташ.

Дукха беха бацара Курумова Селимин дахаран а, кхоллараллин а некъ, амма цо нохчийн литературехь йитинарг прозин йоккхачу йаздархочун лар йу.

## ДОХК

*(Повеста тIера кийсак)*

БIаьрг сацош, вехо-о хьалахьаьжча, бIагор хьаьвза цу ломан локхаллина. Чхерийн лаба хьалха а оьзна, тIехарца кечбелча санна, лаьтта и буьрса лам. Шеран йеа хенан къастам ца беш,

дохк-мархаца хьулдо цо шен оьгIазе амат. Iай-бIаьста а, гурахь-аьхка а кIайн кирхьа кхозу цу ломана дуьхьал. Белхаран къурдашца боьра[1] а бекош, лакхара охьатуьйсу цу ломо шовда. Кхоаме хета цунна шех схьакъаьста тIадам. Хама боккха а бо цо ша шен. Iинан хоршах мотт хьоькху шал шийлачу шовдано. ГIийла чIуг йетташ, тача[2] доккху цо шена. Некъан бохаллица, ша гIелдаларе терра, хьесталуш доьду и шовда Орган чу.

Шен готтачу хIусамна дан амал доцуш, гIовгIанца ха хоьрцу дерачу Органо, чхеран пенех цо тулгIенаш йетташ, декарца латкъам[3] бо кIоргачу Iино а. ТIадамийн дохк айъина, эрна деттало Орга. Шен ницкъ эшабо цо. Меттах ца довлу турпал бердаш. Хин хичашка шайн хенаш а шардойтуш, шаьш долччу лаьтта уьш. Цу бердаша ца охку шайх Органехь йолу хало. Сих-сиха ше туьйсуш, гIулч шуьйрра йоккхуш, охьанехьа уьду са сиха Орга – паргIато лоьху цо.

Лам-м лаьтта Органах йал а оьцуш, шен когашкара охьайаьржина хьун дебош. Ка хьоькхуш лелийна дахдина мекх санна, Iинца дIайазало буьрса хьун. Йуькъа йу и бодане хьун. Гаьннаш дIаса а тийсина, шуьйрра къерза хенара нежнаш; царах орамаш хьерчадо куьцечу пепнаша. Сеттина хьалагIерта маьI-маьIIехь къахк. Хьуьнан маша буцуш, хьийкъина хьерча бIаьллингаш; царах пебетташ, гIан соьналла къарзйеш, цIен къегаш лаьтта дуьзна гаьннаш; йукъ-кара схьакъеда коча маъ а.

ГIашлойн некъ оцу хьуьнца бац, дошлойниг-м банне а бац. Акхаройн лар йу массанхьа а хаалуш. Мел къегина малх кхетарх, цу хьуьнхахь лаьтта тIуьна бода. Буьйсанца ижуна долало экха. Арц бекош Iаьха кура цIоькъа-лом, боьраца охьадаьржа цуьнан оьгIазе аз. Лоьмах кхералой, цхьана метте хьаьвза стешха чагIалкх. Масех го боккху цо, йуткъа тийжаш, тIаккха коьллаш кIел дIатеба чагIалкх. Ира муцIар хьала а уьйзуш, сема ладоьгIу парталчу чено. ГIовгIане садоьIуш, гаьннаш а кегдеш, йолало иза. Лоьман аз ца хеззе дIайоьду иза. Олхазар а дIатоь шен бена

[1] Боьра – шина регIан йукъ, чутаьIна меттиг.

[2] Тача – кхузахь: некъ.

[3] Латкъам – кхузахь: бала балхабо.

чохь, лом доладелча. Жирга[1] меттиг йу-кх, адаман кийра син-гаттам тосуш, дегIе зуз доуьйтуш.

Вуьшта, лома тIера лаха охьахьаьжча, бIаьрго схьалоцу дуьненан исбаьхьалла…

Къилбехьа лахлуш, генна дIабахло къегина арц; цуьнан йистошца йозуш, шерра йаьржина го нийса аре. Орган чу кхаччалц йахлуш йу и аре. Ворданан некъо йоькъу и шина декъе. Малхо лепабо бай. Баьццарчу экъан тIе забарш хIиттош кечбина куз санна бу иза. Кузан чечакх санна, шина агIор йеттало куллан, диттан соьналла. Байн йистошца кхиъна йу и соьналла. Кулло, дитто хьулдина лаьтта ардаш[2]. Басенца схьакъеда моггIара ирзуш[3]. Къинхьегаман хьацаро дендина ду и ардаш. Белхалойн куьйгашца даьхна ирзуш. Малх кхетале балха йолу йурт… Жима а, воккха а тасало бIаьрмецигчу ломах. И къарбаллалц охку эделла латтий, жагIий. Цундела хьийкъина цхьабосса хьала-йаьлла зIийдиг. Ирзошна тIехьа, лакхахула, хаало кIайн-къорза хьоькхнаш – жай, бажий ду басенца дежаш дерг.

МаьI-маьIIехь бухдуьйлу шовданаш. ТIекхевдина лаьттачу IиндагIаша долчунна тIе а шелдо уьш, бухарчу жагIано серла-доху. Куьзган метта шовдан чу хьуьйсу йуьртара мехкарий. Га долччохь тохалуш, гIаша шах-ших деш, орцара схьахьоькху байн мох. Оцу махо вахаво, нихано[4] санна. Безамо санна, са хьоьсту цо – дог доьхна велахь, ойла ойъуш, кийрахь белахь, бала дIа-оьцуш. Сарахь-Iуьйранний олхазарш дека… Церан эшарца са-маболу лекха арц. Цу эшаро гIаттадо кIорга Iин а. Боцучо бен лоху. Болчо бен табо. Са кхоьллина бIарлагIа йерриг а тохало.

ХIаваэхь кхойкхучу мукъаман хIо мала долало йуьртара адам а. Басе къарзйеш дIахIутту балха массо а къинхьегамхо.

Вай йуьйцург-м бIаьсте йу. Iа а кхочу цу хазачу метте, шен рожах ца духуш, кхайкхаре ца хьоьжуш, луьра Iа…

---

[1] Жирга – даг чу кхерам тосуш.

[2] Ардаш – охуш лело лаьттан дакъош.

[3] Ирзу – хьун хьокхуш, йалта кхио кечйеш хилла меттиг.

[4] Ниха – берцах дина малар.

### Хаттарш а, тӀедахкарш а

1. Муха гайтина йаздархочо Ӏалам: лам, Орга, хи, шовданаш, аренаш, хьун?

2. ХӀун тайпа дитташ а, акхарой а ду, боху йаздархочо, хьуьнхахь?

3. Коьллаша а, дитташа а хьулдина лаьтта ардаш муха дендина адамаша?

4. Шеран муьлха хан йу кийсак тӀехь гайтинарг?

5. Ӏаламан башхачу суьрташа хӀун дог-ойла кхуллу шун?

6. Шаьш дехачу меттиган Ӏаламах лаций дийца.

7. Ӏалам хаздеш йерг хӀун йу аьлла, хета шуна?

### ГӀиллакх-оьзданаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Дала адам Ӏаламна а, цу тӀехь мел долчунна а Ӏуналла дан кхоьллина, олуш ду. Шуна хетарехь, адамаша шен декхар кхочушдой?

2. Исбаьхьчу, хазачу махкахь дехаш ду вай. Амма вайна гонахарчу Ӏаламна зен дийриг адам ду. Дийца, аш хӀун дакъалоцу цунна зенаш цадайтарехь.

### Вайн мотт кхиабо

1. Муьлхачу исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирсашца гайтина йаздархочо шен махке, Ӏаламе болу безам?

Кийсак тӀера васт хӀоттош болу меттан гӀирсаш схьайазбе: метафорш, дустарш, эпитеташ, олицетворенеш. Дийца, хӀун гӀо до цара Ӏаламан поэтически васт хӀотторехь.

2. Курумова Селимин прозех лаьцна аьлча, иза бес-бесара лепа исбаьхьалла йу. Цуьнан дешнаш, зезагаш санна зазадоккхуш, бецаш санна, шур-шур деш, бецаш санна, шабарш деш, чехка хиш санна, дека, акхарой санна, оьгӀазе гӀергӀа, олхазарийн эшаршца дека, баьццарчу соьналлица къега йа безамца вайн дегнашка дуссу. Дийца кийсакан маттах лаций.

### Билгалйиначу темина проект кхоллар

1. Иллюстраци кечйе «Дохк» кийсакан Ӏаламах лаций.

2. Тайп-тайпанчу хьостанех пайдаэцарца вайн махкахь дехачу акхаройх лаций хаамаш кечбе.



## МАМАКАЕВ Шамсуддин Іаьрби

***(1918 – 1958)***

*Даймехкан,*
*Вайн халкъан*
*Ирс хилар лиъна,*
*Вахар дІалур ду ас...*

Мамакаев Шамсуддин кІант Іаьрби вина 1918-чу шарахь Теркайистерчу Лаха-Неврехь. Хеназа дех-ненах ваьлла, дукха жима волуш байлахь висина Іаьрби. Иза Теркан бер дара, Даймахко билгалйохура цуьнан амалш. Цундела иза бара цуьнан доьзал, хІусам. Іаьрби байлахь а вацара. Халкъ дара цуьнан цхьаъ бен йоцу са хьоьсту дегайовхо.

Цуьнан ворхІ шо кхаьчча Серноводске берийн цІийне деша валийра Іаьрби. Цигахь дешна ваьлча, Грознерчу рабфаке деша а веана, 1936-чу шарахь иза чекхйаккхира цо, ткъа 1938-чу шарахь – драматургин курсаш.

Мамакаев Іаьрбин нохчийн литературе болу безам гучубелира рабфакехь доьшуш волуш. Хьалха цкъа пенан газеташ тІехь, тІаккха «Серло» газета тІехь зорба тоха йолийра къоначу поэтан стихаш.

Дуьххьара поэтически стихотворени цо йазйира шен йалхитта шо кхаьчча. ХІетахь дуьйна шен дахар вайн литературех дІадуьйзира цо.

Белхаш бира «Ленинан некъ» а, «Къинхьегаман байракх» а (Алма-Атахь) газетийн редакцешкахь, Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь, радиокомитетехь.

Іаьрбин поэмийн, стихотворенийн дуьххьарлера «Теркан тогІе» цІе йолу гулар зорбатуьйхира 1940-чу шарахь. Цу йукъа йахначех йоккханиг а, доккхачу маьІне а йара «АслагІа а, Селехьат а» цІе йолу поэма. ТІаьхьо цуьнан цІе хийцира автора, «Нохчийн лаьмнашкахь» аьлла.

Къоман поэзехь тахана а тоьллачех йолчу оцу поэмехь дика къаьста поэтан граждански позици а, кхочушхилла даьллачу исбаьхьаллин хотӀан башхаллаш а, халкъан Ӏер-дахарх, син-оьздангаллех, ламастех долу кӀорггера хаарш а.

Исбаьхьаллин сурт хаза хӀоттош йазйора Ӏаьрбис шен стихаш. Цо дуьйцура, дегӀана йина чов йоцуш, лазочу безамах, доттагӀаллех, виначу лаьттан хазаллех, эсалчу бӀаьстенан Ӏуьйренах, гарманан арахь, бай кхолуш, тӀамарца гӀоттучу зезагах, виначу йуьртах валаран сингаттамах, баьццара къаж йаьллачу Теркан гӀайренах, эрзан зурма гӀийла йекош, жан мотт ларбечу Ӏуьнах – дагах чекхдолучу дерриг а дахарх.

Ша вина, кхиъна йурт, Кавказ, хьоме Даймохк безар, лаьмнийн а, Ӏаламан а хаза хьелаш дезар, вайн халкъан ирсе дахар кхоллар – уьш дерриг а шеца долу поэзи йохьуш веара Мамакаев Ӏаьрби нохчийн литературе.

Поэтан ойла даим виначу халкъан кхоллам тӀехь лаьттина хилар чӀагӀдо цуьнан тӀаьххьарлерчу произведенеша: «Даймохк», «Кавказе маршалла», «Кавказан латта», «Даге», «Майя», «Сан кӀанте», кхечара а.

Дуьненан шолгӀачу тӀамах лаьцна а йазйина поэта патриотически стихотворенеш. МостагӀчуьнга болчу цабезамах йуьзна, ткъесах кхерста цуьнан стихаш-кхайкхамаш: «Дерриг а – тӀамна», «ТӀамна кайолийла»,«Шотошка», «Чевнаш хиллачу капитане», кхийерш а.

Шен исбаьхьаллин кхоллараллехь цхьана поэзех тоам бина ца Ӏийра Мамакаев Ӏаьрби. Цо йазйина повесташ, дийцарш, очеркаш: «Виначу йуьрта», «Текхарг», «Турпалчу танкистан доьзал».

Говза, башхачу васташца йазйина йу цуьнан «Виначу йуьрта» цӀе йолу граждански тӀамах лаьцна повесть.

Драматургина а йуьстаха ца Ӏийра Ӏаьрби. Цо йазйина пьесаш «ОьгӀазалла», «Разведка» хӀиттийра Нохч-ГӀалгӀайн драмтеатрехь.

Амма уггар оьшучу хенахь, кхета бахьана а доцуш, йукъахийсира поэтан кхоллаpалла. 1942-чу шарахь, «халкъан мостагӀ» цӀе а тиллина, поэт лецира.

Нохчийчохь а болх беш йара Сталинан уггар а йамартчех йолу система.

1957-чу шарахь Мамакаев Ӏаьрби шен халкъаца цхьаьна виначу махка йухавеара. Кхоллараллина йуьстаха латтийна 14 шо тӀаьхьакхио гӀерташ санна, къахьоьгура цо. «Ӏуьйранна цадинарг дан кхиа гӀерташ»,

«хьалхе ду аьлла, шек а ца волуш», шен вахаран жамI дира цо «Даге» стихотворенехь.

Таханлерчу дийнахь а боккхачу лаамца тIеоьцуш йолу поэтан произведенеш кхин а хийла тIедогIучу шерашкахь а хазахеташ тIеоьцур йу халкъо.

**Хаттарш**

1. Мамакаев Iаьрбин муьлха произведенеш йевза шуна?
2. Муха йу цуьнан поэзин тематика?
3. ХIун билгалонаш, къастамаллаш бу цуьнан поэзехь?
4. Вина меттиг, Даймохк поэтана дукхабезаш хилар стен гойту?
5. Муха мах хадийна халкъо поэтан кхолларалллин?

## БЕРЗАН БЕКХАМ

*(Хилларг)*

Даккъаш дийшош, йуккъе йаьлла
Тийна буьйса. Эсал бутт,
КIеза санна, аркъалбаьлла,
Мархийн марахь ловзуш бу.

Эрзан зурма гIийла йелхош,
Жан мотт ларбеш, Iийна Iу,
Барзо, угIуш, боьрнаш[1] декош
Хезна, дай-й ладугIуш ву.

ГIийла-гIийла угIуш, барзо
Тийна буьйса йелхайо.
Лаьмнех, хьаннех йайна марзо,
Берзан йорт[2] цо, техкаш, йо.

Бена йоьдий, араоьккхий,
ТIаккха гу тIе хьаьвза и...

---

[1] Боьра – кIорга Iин.
[2] Йорт – чехка болар.

Хьаьнга, стенга орцах кхойкхуш,
Батте хIунда тийжа и?..

Хьанна йоьлхуш нана-барзо
Буьйса шена къахьйина?
(Берзан бекхам бовзаза волчо
Берзан кIеза лачкъийна).

Эвлан пхьаьрчех[1] хIазарш хиллалц,
КIезе кхойкхуш, йилхира и...
Адмех «декъий» хуьлчу хенахь,
Техкаш, новкъайелира и.

Тийра угIар... Чухчахьера[2]
«Делккъе» йаьлла. Делхош дог,
Іуьно, берзан бала балхош,
Бетта мерзех гIийла пIелг.

Миска, дIасахьаьжна, тийна
(Маса гондIа хеза аз).
Алух бIаьргаш лепош Іийна,
Эвла йуккъе хьаьвзи борз.

«Хьанах лата? ХIун де хьанна?
Лойша схьа сан деган аз!..» –
ТIаккха, кIомсарш йетташ, цхьаьнна-м
Кертахь бин цо дохнах хIоз[3]...

Бежнаш Іоьхуш, жIаьлеш леташ,
Адмийн орца даьллера.
Амма берзан дагна хезаш
КIезан аз ду божлара!

---

[1] Пхьаьрчий – жIаьлеш.
[2] Чухчахьера – Малая Медведица.
[3] Дохнах хIоз бин – тIегулдина.



ТӀаккха, йерриг айъайелла,
ГӀуьнжар[1] бӀаьргех туьйсуш цӀе,
Кхерам байна, са дӀаделла,
Хьаьди нана божал тӀе.

Нана орцахкхачар хии
Жимчу берзан кӀезана!
ЗӀарах мӀараш туьйсуш, цӀийза,
Доьлху, доьлху, бер санна!

Дуьхьлох йаьлла, масех хьайба
Божлахь барзо цестира.
ТӀаккха... (берзан бекхам) барзо
ХӀусамдех катуьйхира.

Йен-м тарлора – борз ца кхоьру:
Ненан безам! Ненан дог!

[1] ГӀуьнжар – бӀаьргаш (агӀор) раз хьоьжуш хилар.

Нахах, жIаьлех тийсалора,
Гатте хьовзий... Йели топ!

Йуьйжи... ГIаьтти.
Йуха кхин цкъа
Даш синметта кхетта, мерци.
ХIунда? ХIунда кхийти хIинцца?

Кхин цхьа гIулч йу кхача кIезе...
Сетташ, текха борз божлехьа,
Аз хезачу бIаьрг а боьгIна,
ГIатта гIерта. Цхьамма цIийла
Йожий, коьртах хен тоьхна.

Божле гIийла хьаьжна, нанас
ТIаьххьара бIаьрг карчийра.
Божлахь, зIарах мIараш тесна,
КIеза делла карийра...

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Хьанна йоьлхуш, тийжаш, хьаьнга орца дохуш йу нана-борз?

2. Шена кхераме доллушехь, йуьрта йуккъе хIун дан йахана хилла и?

3. Даьллачу орцанехь, хьоькхучу маьхьаршлахь барзана хезаш дерг хIун дара? Стен тIеийзайора божална нана-борз?

4. Ненан безам сел боккха хилар мичхьа гучудолу?

5. Шен кIеза дIадаьхьначарна хIун бекхам бира барзо?

6. Шена орцах йеана нана хаайеллачу кIезано дечух лаций дийца. Муха гайтина и поэта? Схьа а лахий, дIадеша и могIанаш.

7. Авторан нана-барзах а, цуьнан кIезанах а дог лозуш хилар стен хоуьйту вайна? Даладе масалш.

8. ХIун маьIна ду хIокху стихотворенин?

9. ХIун ойла кхоллайелира шун, кIеза а дайна, синтем байна хьийза нана-барзах лаьцна могIанаш дешча?

**Текстана комментари**

Нохчийн фольклорехь, литературехь борз майра, буьрса, луьра, оьгIазе экха санна гайтина. Амма шех дог лозучу кепара берзан васт цхьамма а

кхоьллина дацара. Мамакаев Іаьрбис кхоьллина нана-берзан васт дегаІийжаме ду. Йешархочуьнгахь шега къинхетам кхуллуш ду и васт.

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Тийна лаьттачу буьйсанан куц цІеххьана хийцало. И хийцадалар мича кепара гайтина автора? Стенца дозаделла ду иза?

2. Муьлхачу исбаьхьаллин кепах пайда эцна автора стихотворенин сюжет тІеттІа ирйеш гайтарехь?

3. Сюжетан кхиарехь, уггар ирачу меттехь автора хІинца йаханчу хенан хандешнаш далийна: *хьаьди, хии, йуьйжи, гІаьтти, мерци*. Сюжет кхиарехь хІун маьІна ду церан?

4. Муьлхачу исбаьхьаллин васто схьагойту кІеза дайначу берзан лазам а, сингаттам а?

Цхьаьна а анализо таро ца ло вайна поэтан пхьалгІе кхача а, кхета а, муха хиъна цунна ишттa аттa а, амма цуьнца цхьаьна цу кепара дегаІийжаме а кІеза дайначу ненан – берзан – лазам гайта. Цунах йоллу бакъйолчу, коьртера а йоцуш, дагера схьайогІучу поэзин къайле.

**Вайн мотт кхиабо**

1. Дийца, муха кхета шу кху дешнийн цхьаьнакхетарех: *эвлан пхьаьрчех хІазарш хиллалц*; *адмех «декъий» хуьлучу хенахь*.

2. Стихотворени тІера исбаьхьаллин суртІхотторан гІирсаш схьалаха.

**Культурийн диалог**

Йуста вовшашца Мамакаев Іаьрбин «Берзан бекхам», Есенин Сергейн «Песнь о собаке» стихотворенеш. Дийца, хІун ду церан цхьаьнадогІург а, къаьстарг а.

## ОЧЕРКАХ КХЕТАМБАЛАР

Шен барамца а, йаздаран хотIаца а дийцарна герга йу очерк. Делахь а очеркана хьалха латта шен кхечу жанрашна хьалха латтачех тера йоцу Iалашонаш.

Очерко хилларг ша ма-дарра довзуьйту. Амма и дахарехь хилла бакъдерг ладаме а, йаздархочо нийса гайтина хила а деза.

Дийцарх къаьсташ, очерк шен дийнна сюжет йойъуш хила мега. Очерк, сюжетан лехамаш буьззина кхочуш ца беш, амалийн цхьацца-йолчу агIонех лаьцна дуьйцуш, хIоттийна хила а мега. Цо дийца тарло нехан дахаран тайп-тайпанчу агIонех лаьцна а. ТIом болчу хенахь доккха гIуллакх дира очерко. Цо дуьйцура бIахоша хIора дийнахь гойтучу турпалаллин хьуьнарех.

ТIаьххьарчу шерашкахь очерко шена тIелаьцнарг доккха гIуллакх ду – дахаран коьрта хаттарш, гIуллакхаш а дийцаре до цо.

Нохчийн очерк кхиъна дукха хан йац. Дуьххьара очеркаш арайовлу XX бIешеран 30-гIа шераш дуьйлалуш – нохчийн литература когайоьдучу хенахь.

ХIетахь дуьйна очерк шен похIмаллин, корматаллин агIор кхиаран некъаш лоьхуш схьайогIу. Амма къаьсттана тидам тIебахийтина вайн литературехь очеркан жанрана 1957-чу шарахь дуьйна схьа. Масална цIе йаккха мегар ду Мамакаев Мохьмада цу хенахь йазйинчу литературехь тоьлашха йолчу «Даймехкан некъаш», «ЧIерий лецар», «Йуьртахь» очеркийн.

Очеркан дикалла, дукхахьолахь, йозуш йу и йазйеш волчу авторна ша дийца Iалашо хIоттийнарг мел чIогIа Iаьткъина бохучух.

Нохчийн очерко таханлера проза кхуьучу муьрехь шен меттиг дIалаьцна вайн литературехь. Очеркашкахь гучубовлу, бевза тIаьхьа йаздийр долчу дийцарийн, повестийн турпалхой. Кхузахь гучудолу дахарехь хIинцца кхолладелла керланиг, диканиг.

**Хаттарш**

1. Дийцар, очерк вовшех муха къаьста?
2. Стенах йа хьанах лаьцна дуьйцу очеркехь?
3. Маца кхоллайелла нохчийн очерк? Мила лара мегар ду вайн литературехь оцу жанран бухбиллархо?
4. Къаьсттана дика кхиа маца йолайелла и жанр вайн литературехь?
5. ХIун меттиг дIалоцу нохчийн очерко вайн литературехь?



## ОШАЕВ Дудин Халид

***(1898 – 1977)***

Ошаев Дудин Халид вина 1898-чу шарахь Йоккхачу АтагӀана йуххехь Шуьйта боьдучу некъан аьтту агӀор хиллачу Воздвиженски слободахь хьуьнхочун доьзалехь.

Берахь дуьйна цунна гуш дерг, дуьххьалдӀа, Нохчийчоьнан хаза Ӏалам дара. Боккха тидам беш ладоьгӀура цо халкъан иллешка, цуьнан чӀогӀа сакъералора халкъан ширачу хабарех, дуккха а хӀуманаш гиначу баккхийчу наха шайна дайнарш дуьйцуш дечу къамелех.

Соьлжа-ГӀалахь реальни училище чекхйаьккхинчул тӀаьхьа Халида дийшира Петроградехь хьуьнан институтехь.

Революцин къийсам марсабаьллачу хенахь нисвелира иза Петрограде, цундела, дешар йукъах а дитина, ша виначу махка йухавеара иза. Кхузахь цо граждански тӀамехь дакъалецира.

Нохчийн литература кхоллалучу хенахь цунна йукъавеанчу Ошаев Халида доккха дакъалецира и литература кхиош а, кхолларалллин интеллигенци вовшахтухуш а.

Цуьнан йаздархочун некъ дӀаболабелира 1920-чу шерашкахь «Дайн Ӏадат» цӀе йолу пьеса йазйарца. ЧӀир эцаран Ӏадат Ӏорадоккхуш, цунна дуьхьал къийсам латто безаш хиларх йу иза.

Цу хенахь дуьйна схьа цо йазйина дуккха а исбаьхьаллин произведенеш: пьесаш, очеркаш, повесташ, дийцарш, тӀаьххьара а «Алун шераш» цӀе йолу йоккха роман а. Романехь йаздархочо гайтина ламанхоша революцина тӀекхочуш дина некъаш, цара керла дахар хӀотто гӀерташ латтийна къийсам.

Чолхе а, хала а бара Ошаев Халидан дахаран некъ. Цуьнан бІаьргашна хьалха, цо жигара дакъа а лоцуш, хийцаделира нохчийн халкъан дахар. Масане дахаран ирачу голатохарех, хиламех чекхвийла дийзира йаздархочун шен оьмарехь.

1937-чу шарахь, цхьана а кепара бехк а боцуш, лаца а лаьцна, чувоьллина итт шо, ссылкехь кхо шо а даьккхира цо. КПСС-н XX съезд хиллачул тІаьхьа, бехк боцуш лаьцна хиларна, бехказваьккхина, бакъвира Халид.

Вайн халкъ Казахстанера Даймахка, меттахІоттийнчу Нохч-ГІалгІай чу, цІадирзинчул тІаьхьа йазйина цо дуккха а пьесаш, очеркаш, повесташ, дийцарш. Царна йукъахь йу: пьесаш «Асланбек Шерипов», «Ахьмар-Хьаьжа», «Сайн декхар лору», «Цхьана буйнахь ши хорбаз», повесть «ЧІир эцар», кхийерш.

Дуьненан шолгІачу тІеман дакъалацархойх лаьцна йазйина цо цхьамогІа очеркаш, иштта дийцарш а. Царах йу Советски Союзан Турпалхойх Нурадилов Ханпашех, иччархочух Идрисов Абухьаьжех, церан доьналлех, хьуьнарех лаьцна йолу очеркаш, шайн са а, дегІ а ца кхоош, Брест-гІап ларйинчу вайн махкахойх йолу книга а – «Брест – цІеран бІар».

Ошаев Халид цкъа а ца лаьттина йуьстаха вайн махкахь хуьлуш долчунна. Халкъан культурехь а, исбаьхьаллин литературехь а цо йитина лар мехала а, йоккха а йу. Советийн заманан дуьххьарлера нохчийн алфавит кхоллархо, халкъан дешар вовшахтохархойх цхьаъ, фольклор, литература таллархо, кІорггера хаарш долу Іилманча, тайп-тайпанчу жанрашкахь исбаьхьаллин литературин произведенийн автор, говза публицист, патриот – иштта йевза Ошаев Халидан цІе.

**Хаттарш**

1. ХІун хаьа хьуна йаздархочун Ошаев Халидан кхоллараллех лаьцна? ЦІераш йаха цуьнан произведенийн. Муьлхачу жанрашкахь йазйеш хилла цо уьш?

2. Муьлш бу цуьнан произведенийн коьрта турпалхой?

3. Къона тІаьхье кхетош-кхиорехь хІун маьІна ду Ошаев Халидан кхоллараллин?

4. Муха хилла йаздархочун дахаран некъ, хІун халонаш лайна цо?

5. Халкъан культура кхиарехь хІун лар йитина Ошаев Халида?

## ИЧЧАРХО АБУХЬАЬЖА ИДРИСОВ

Идрисов Абухьаьжа вина 1918-чу шарахь БердкIелахь. Да Идрис ахархо вара цуьнан.

Граждански тIом болуш кIайнгвардейцаш шозза тIелетта БердкIелна. 1918-чу шарахь йистехьара йагийнера иза. 1919-чу шарахь йуьртара нах ницкъ ма-ббу летташехь, йурт йаккха а йаьккхина, талор а дина, йагийна, дIашарйинера деникинцаша.

Цу деношкахь йуьртара хийла кIант, шийла дакъа дина, вожийнера. Жима волуш дуьйна дайший, вежарший бина тIемаш буьйцу хезаш, церан майраллех ойланаш йеш хьалакхиъна Абухьаьжа. Массарна а хууш ду, нохчаша майраллий, доьналлий мел лакхарчу меха лору.

Шен да Идрис Абухьаьжина дага ца вогIу. Кхелхина иза кIентан кхо шо долуш. Да веллачул тIаьхьа Абухьаьжий, цуьнан ши йиший кхабар нанна Баянтана тIехь дисина.

Йуьртахь йиллина йолчу школе вахара кIант шен бархI шо кхаьчча. Кхаа шарахь дийшира Абухьаьжас, амма кхидIа деша таро ца хилла шийтта шо кхочучу кIентан.

Дукха хан йалале ден ваша велла Абухьаьжин. ГIо дора цо вешех бисначу доьзална. Цунах кхо бер дисинера. Баянта уьш кхабар, кхиор шена тIелецира.

ШолгIа ден ваша а кхетта велира. Цуьнан ши бер а кхаба дийзира Баянтан. Дерриг – бархI бер. Шийтта шо дуьзча Абухьаьжа колхозе балха эха вуьйлира, цхьажимма а нанна гIодархьама.

Хала бералла дара хинволчу Советски Союзан Турпалхочун Идрисов Абухьаьжин. Дукха хала...

1939-чу шарахь, октябрь баттахь, Абухьаьжин 21 шо дуьзча, ЦIечу Эскаре кхайкхира цуьнга.

ТIом болабалале Идрисов волу батальон хьуьнах четарш тоьхна лаьтташ йара, пачхьалкхан дозанна кхойтта километрехь.

1941-чу шеран 22-чу июнехь, сатоссучу хенахь, тIеман орца а даьккхина, хьалагIаттийра батальон.

Чехкачу боларахь, ма-кхуьъу сиха, дозанехьа йигира иза. КIеззиг бен тIемалой боцу дозанан эскархой бара тIегIертачу

фашистех леташ. Царна гІо деш сапераш, гІашлойн салтий а бара. ТІегІерта фашисташ кхузза-доьазза сов бара, цаьргарчу герзан-м чот а йацара.

Идрисовн полкана къора санна тІейеттара минаш, йаккхийчу тоьпийн хІоьънаш, пулеметаш, автоматаш.

Сатоссуш болийна тІом сарралц лаьттира. Іадочу гІовгІанца, къийгаш санна, схьаоьхура кеманаш. Бомбанаш охьа а туьйсий, дІадоьлхура уьш.

Дукха накъостий байъинера Абухьаьжин. МостагІийн тІелатар тешнабехкаца хиллехь а, 550-гІа полк цу дийнахь цхьа ког йуханехьа ца боккхуш лаьттира.

Буса приказ деара, дивизи ма-кхуьъу сиха йухайолийла аьлла.

Оцу хьалхарчу дийнахь «Максим» пулемет йиттира Идрисовс фашисташна, патармаш кхоа ца деш.

– Ткъе итт шо гергга хан йу тхо оцу довхачу аьхкенан деношкахь, вайн дозанаш а тесна, Малхбалехьа йухаихина, – долийра шен дийцар Абухьаьжас. – И денош дагадаьхкича, хІинца а дог лозу, хала а хета.

ГІаланаш, йарташ йуьтуш, йухаоьхура тхо, кортош а охкийна. Эхь хетара тхуна.

Тхуна хаьара, и гуттарена а доцийла. Тхуна хаьара, гитлеровцаш йухалоххур буйла, мача тІейуха ца кхуьуш. Йуха ца девлча ца довлура тхо. Наггахь приказ догІура: «Совцаде фашистийн эскарш, йухатоха мостагІий», – олий. Летара тхо, дарлой, тхайн синош а, догІмаш а, ницкъ а ца кхоош.

Йийсар дина лецначу немцоша олура, йерриг Европех шайн эскарш чекхдовлуш, цхьана а пачхьалкхехь иштта чІогІа дуьхьало ца йинера шайна.

Командираша дуьйцуш хиллера Гитлеран салташна, Іа доладале, Советски Союз эша а йина, тІом дІабоьрзур бу бохуш. Ткъа тІом, баккъал аьлча, хІинца а бола а ца беллера.

Йухадолура тхан 11-гІа Эскар Ленинградски областехьа.

Тхан 11-чу Эскаран кхо дивизи, фашистийн эскарша го а бина, шозза йуккъехь йисира. Амма, го баста а бостий, «гали чуьра» арадовлура тхо.

1941-чу шеран ноябрь баттахь фашистийн тIелатарш севцира, кхин тIегIерта ницкъ а ца кхаьчна. Чухьаьдда Ленинград дIалацар цахиндерг хиллера немцошна.

Ца бевлира, дуьхь-дуьхьал хIиттина, позиционни тIом ца бича.

Тхан 34-чу Эскаро фронт дIалаьцнера Ильмень, Селигер цIе йолчу шина Iома йуккъехь. 1941-чу шеран декабрехь болабелла, нийсса шина шарахь лаьттира позиционни тIом.

Оцу дехачу шина шарахь тхан участкехь дукха буькъа тIемаш хилира, Старая Русса къуьйсуш.

– Снайпер муха хилира хьох? – хаьттира Абухьаьже ас.

– ХIинца дийца воллу со. 1941-гIа шо чекхдолуш, Iай, дукха чIогIа а, лерина а кечйина, окопашний, блиндажашний чудирзира тхо. Ротан командире, лейтенант волчу Кузнецовга, бакъо а йехна, сайн пулемет чухIотто цхьа бен бира ас. Баккъал а аьлча, жима чIагIо йара иза.

ХIун дара а, хаац, массарна а чIогIа везара со, ротана, батальонан, полкан командираш бу бохучарна а.

Иштта кIеда-мерза сайца уьш хиллехь а, цкъа а эвхьаза ца велира со цаьрца. Уставо ма-бохху лелара.

Сайна тIедиллина декхар, мел хала и хиларх, мел и кхераме хиларх, дуьззина кхочушдора. Муьлхха а сан командир тешна хуьлура суна тIедиллинарг кхочушдийриг хиларх. Цундела везаш хила а мегара со царна.

Тхуна дуьхьала Iохкучу мостагIийн окопаш, чIагIонаш 300–400 метр гена йара. Тхан батальон йолчохь беш болу тIом лагIбелира. Деш башха хIума а доцуш, сагатлора сан. Амма синкъерам карийра суна цу деношкахь: сатоссуш охьа а хуий, сайн пулемет лаьттачу бена чохь Iара со, мостагIийн окопашна тIера турмал дIа а ца йоккхуш.

Ларамаза фашистех цхьаъ гучуваьлча, «Максим» пулеметаца цхьа патарма а бассабой, ша волччу охьавуьллура ас мостагI. Доцца аьлча, пулеметах снайперски топ йинера ас. Наггахь де ца долура ас цхьаъ, шиъ мостагI ца вожош.

Шина фронтан йукъ зен хIиттийнчу тергамхошна гуш хиллера ас беш болу болх. Ротехь вийца волийра со.

Цхьана дийнахь сан бена чу веара лейтенант Кузнецов.

– ХӀун хьал ду, Абухьаьжа? – хьаьттира цо.

– Сов дика хьал ду, накъост лейтенант, – нийсса ира а хӀоьттина, жоп делира ас.

– Абухьаьжа, сел вистхила тӀера воцуш хӀунда ву хьо? Цхьаьнцца а къамел деш ма ца го суна хьо? – йуха а хоьттура.

Тамашийна хийтира суна и хаттар. Цунна айса хӀун жоп лур ду, ца хаьара.

– Иштта вина-кх со, накъост лейтенант. Цу тӀе, оьрсийн мотт а дика ца хаьа суна.

– Хьан махкара накъостий бац батальонехь?

– Бац. Полкехь а вац цхьа а нохчи.

– И хӀун ду? Жима йу шун республика?

– Жима йу, накъост лейтенант. Советски Союзехь мел долу а къам диъ бӀе декъе декъча, цхьа дакъа нохчий, гӀалгӀай хир бу.

– Э... Кхета со... Вуьшта, нийса топ кхуссуш варий хьо? Маса фашист вийна ахь хьайн «Максимца»?

– ХӀокху баттахь ткъе шиъ вийна лору ас.

– О! Ткъе шиъ фашист, бах ахь? И башха гӀуллакх ду. Абухьаьжа, хьо-м вуьззина снайпер ву хӀета. Бегаш беш ца хилла ротехь ахь топ дика кхуссу бохучара. Батальонан командире дуьйцур ду ас.

Дукха хан йалале батальонан командира, капитана Семеновс кхайкхира соьга.

– Хьан омрица могӀарера Идрисов веана! – честь а делла, хаам бира ас.

– Могашалла муха йу, Абухьаьжа?

– Баркалла, накъост командир. Ала хӀума доцуш, дика йу.

– Абухьаьжа, хӀокху тӀаьххьарчу деношкахь вайн участкехь хаалуш бу немцойн снайперш. Лейтенанта Кузнецовс хаийтира соьга, хьо хьайн лаамехь снайперан болх беш ву бохург. Цхьана баттахь ткъе шиъ фашист вожийна, бах, ахь. И доккха хӀума ду. Кузнецовссий, асий сацийна снайперски курсе кхаа-беа баттана хьо Москва вахийтар. Полке йуха а веана, дуккха а снайперш кечбийр бу ахь. Реза вуй хьо?

– Жимма ойла йан бакъо ло суна, накъост командир.

– Ой, стенна йо ойла? Снайпер мила ву, ца хаьа хьуна? Лакхара паек йу цуьнан. Ша бечу тӀеман план шен лаамехь хӀоттайо цо, фронтехь шена луъу меттиг а хоржий. Массара а сий до. СадаӀар а сов хуьлу цуьнан. Цхьана роте снайпер веача, вовшашка кхаьънаш дохуш хуьлу салтий. ГӀо до массара а. Кхоъ-биъ бутт Москвахь а боккхур бу – вон ду иза?

Ойла йира ас. Полкехь дукха доттагӀий бара сан. Командираш, цхьаъ санна, массо а дика вара соьца.

«ХӀан-хӀа, – ойла йира ас. – Диканиг а дитина, диканиг ца лоьху. Снайперски курсашкара ваьлча, мича кхуссур ву, хьанна хаьа? ТӀаккха кхин цхьаъ ду. Снайперски Ӏожалла цхьаъ йу: цхьа гӀалат хьоьгара даьлча, хье йуккъе хӀоъ кхета. Вукху снайперан хӀилла хьан хӀилланал туьйли – дӀадели хьо дуьненахь вахар».

– Бакъо ло суна вистхила, накъост капитан. Ойла йина ас. Полкехь витар доьху ас.

– Ой! ХӀунда?..

– Вайн полках воьлла со, накъост капитан. Накъостех къаста хала ду суна. Цу тӀе, оьрсийн мотт а дика ца хаьа суна.

Велавелира капитан.

– Дика ду... Ӏе хьайна. Амма цхьана дийнахь ладугӀуш Ӏийр ву со хьоьга... Ойла йе ахь...

Кхо де даьлча сан блиндажа чу веара ротан командир. Цуьнца дика духар а тӀехь цӀеэскархо вара.

– Де дика хуьлда, Абухьаьжа.

– Хьан а дойла де дика, накъост лейтенант.

– Абухьаьжа, капитана Семеновс диначу буьйраца батальонан снайпер во хьох. Оптически Ӏалашо а йолуш, хӀара снайперски топ йу хьуна. ХӀара накъост дивизера валийна снайпер ву. Кхо Ӏамор ду хьуна топ лело. Тахханехь фронтана букътӀаьхьашка а гӀой, хьуьнах топ кхийса, гӀакх а догӀий.

– Хилла ду! – жоп делира ас, топ кара а оьцуш.

Нохчий даим а бара герзан сий деш.

Со вара герз деза лоруш. Лилула-сийна кӀур биллинчу тоьпан гӀожах ховха, дайн куьг хьаькхира ас. Цкъа а гина йацара суна турмал тӀехь йолу снайперски топ...

Иштта хилира сох снайпер. Дукха хан йалале лакхара сержант альлла цӀе а йелира суна. Дивизера веанчу снайперо бина хьехамаш эрна ца байра. Снайпер муха хила веза, Ӏамийра цо.

Капитан Семенов бакъ луьйш хиллера. ХӀаллакбинчу фашистийн чот лакхайаларца сан сий а лакхадолура.

Фронтан муьлххачу а участкехь веза хьаша вара со.

Леррина, веха а воьхий, вуьгура со цхьа фашистийн тӀуз карчо йа массарна а хьаьхна пулеметчикаш, минометчикаш йа эпсарш хуьлура ас эго безаш. Ткъа дукхахьолахь немецки снайперш хуьлура. Церан снайперщца къовсам маситтазза хилла сан. Со тоьлуш дӀабоьрзура уьш.

...Снайперски гӀуллакх ма-хетта атта дац.

Снайперски талламе со воьдура буьйсанна кхо-диъ сахьт даьллачу хенахь. Окопийн шина зила йуккъехь цхьаннан а доцучу латта тӀехь йаьхна акхаройн тоьланаш йара сан, цхьа кӀаьгнаш. Охкура ас уьш буса дечиг хадийнчу йуьхка кӀел а, ша йоллучу кулла тӀехьа а, йелла Ӏуьллучу говрана кӀел а. Дитта тӀехь а йора ас кӀелонаш. Цкъа йаькххира ас окоп[1] вийна Ӏуьллучу немцойн салтичунна кӀел. Цуьнан хьожа йайъа, сайца даьхьана хлорка теснера ас. Оцу окопа чуьра дӀатоьхна, ворхӀ-бархӀ фашист тӀекӀелъэккхийтира ас.

Бакъволчу иччархочо мостагӀчунна топ цкъа тоха йеза. МостагӀчунна чов йар, и дийна висар снайперан балха тӀехь сакхт ду.

ПаргӀат а, майра а хила вогӀу снайпер. Амма массо а гӀиллакхел чӀогӀа цхьаъ хила деза снайперехь – собар. Цхьана жимачу кӀаг чохь, тӀулга кӀел кхин меттах а ца хьовш, Ӏа доккху пхьидо. Ишшта Ӏилла веза снайпер а, кӀело йина.

Цкъа цхьана дийнахь (и дара 1942-чу шарахь, аьхке йоьлча) командни пункт йолчуьра ара а иккхина, саьнгар чуьра хьала а ваьлла, цхьа немцойн салти дӀахьодуш гира суна. Атта вожалур вара соьга и. Амма цхьана ойлано сацийра со.

[1] Окоп – ор.

Иштта и ведда вахача, цхьа доккха хIума хилла тарлора. Дукха хан йалале турмала чухула ги суна и салти, эпсарна тIаьхьа а хIоьттина, чехкачу боларахь командни пункте вогIуш.

«Цхьа йеза совещани ẋир йу фашистийн эпсарийн, – ойла йира ас. – Инарла вогIу-те?» Ас сайна хIоттийна сурт нийса хиллера. Цхьа ах сахьт хан йаьлла хир йара, цIеххьана бруствер тIехьара корта хьала а къадийна, иза тхоьгахьа схьахьожуш.

Шина куьйга турмал цо бIаьргашна тIехьошшехь, сан топ йелира. Сакхо йиццийна, тIегIоьртира гитлеровцаш воьжначу хьаькамна. Кхин шозза а йелира сан топ. Эпсар а, салти а вожийра ас оцу шина хIоьъца.

Кхо бутт баьлча тхан каравеара цхьа йийсар-немцо.

Цо дийцира командни пункта уллехь кхо бутт хьалха цхьа инарла вийна хилар.

Дикачу снайперна иштта чехкалла а оьшу. БIаьрг-негIар тухучу йукъана кхиа веза иза топ хьажо а, кхосса а. Чехкалла а, бIаьрган иралла а гIиргIанан санна хила йеза снайперан.

Ас инарла вийначул тIаьхьа дукха хан йаьлла хир йацара. Сан дагна тосаделира мостагIийн окопаш чохь веана цхьа говза снайпер хилар.

Цу хенахь айса кечвина иттех снайпер вара сан.

ТIаьхьо дийнна снайперийн тоба йелира сан кара.

Оцу немцойн снайперо кхин цхьаъ вийра тхох. Оцу деношкахь цхьанна а топ ца кхуссура ас, со гучу ца валийта. Дукха ойланаш йора ас: «Мичхьа лечкъа-те керла ваийтина снайпер?» – бохуш. Цхьацца сантиметр толлуш, мостагIийн окопаш зийра ас. Цхьанххьа а со шеквоккхуш меттиг йацара. Шина дийнахь хала ойланаш а йина, сацийра, цхьана стоммачу дитта тIехьа ву немцойн снайпер аьлла.

КхоалгIачу буса, со кIело йан воьдуш, сайца йаьхьнера ас цхьа адаман кепехь зIоьмалг. Гимнастерки чу бехчалгаш а йоьхкина, коьрта тишйелла пилотка а йоьллина, кечйинера ас иза. Оцу ас билгалдинчу дитта дуьхьал, хьалха айса йиначу окопа чу йиллира ас и зIоьмалг. Со лечкъина волчу метте дIаоьзна тел-сара бара сан. И сара схьаоьзча, корта жимма хьалаайъалуш

нисийнера ас сайн «тайниг». И хIун йу ца хаъал Iовдал ца хила а мегара снайпер, амма и мичхьа ву хаа кхин таро йацара сан.

Оцу дитта тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, маситтазза сара схьауьйзира ас. Кхузза-доьазза сайн «тайниг» ас меттахъхьайича, тIах-аьлла, топ йслира.

– АхIа! ХIинца-м, хьаха, карийра суна хьо...

Буьйса йоьлча чувеара со сайн блиндажна. ШолгIачу дийнахь сатасале кIело йан вахара со. Фашистийн снайперх со тасалур вуйла, хаьара суна. Хьалха со Iиллинчу цхьана бен чу вижира. Гена бацара иза ас билгалдинчу диттана. Амма оцу дийнахь цу дитта тIехьа Iуьллуш ца хиллера снайпер. Оцу дитте хьажа корта ас ойъушехь, топ йелира. Каскех ца летта хIоъ, шершина, пел баьлла, дIабахара. Кхечанхьара тоьхнера суна топ. ТIаьххьара а бода болале карийра суна иза. Туьйхира ас сайн топ. Ца кхийтира.

ШолгIачу дийнахь (сой, немцойн снайперрий къуьйсуш волу пхоьалгIа де дара иза), сайн снайперех гIоьнна накъост а ваьккхина, кIело йира ас. Цу дийнахь, аьтто а баьлла, вийра ас немцойн снайпер.

– Абухьаьжа, оцу хIаллакбинчу мостагIийн чот лелор муха хуьлура?– хаьттира ас снайпере.

– Дукха атта ду. Шена Iалашо снайпера ша хIоттайо. Цхьаннан взводе вогIу. Хаза а хеташ тIеоьцу иза. Вайн наблюдательш (зуьйш берш), бIаьрг тIера ца боккхуш, снайпер тергалвеш хуьлу. Вожаво снайперо мостагI, олу комвзводе:

– Накъост командир, дIо фашист гой хьуна?

– Го.

– И ас вожийна, тергамхочунна а гуш. Схьайа суна справка. Справка лора, «оццу дийнахь, оццу хенахь снайперо мостагI вийна тхан декъехь» олий.

1943-чу шарахь аьхка сан чот 250 сов йелира.

Минех некъ цIанбеш волу сапер цкъа бен гIалат ца волу, олуш дара. Изза алалур ду снайперх а.

Цхьана дийнахь лейтенанта Кузнецовс ша волчу кхайкхира соьга.

– ШолгIачу батальонехь хьан мехкан стаг ву. Нохчи. Хьайна лаахь, и ган гIо. Хьалхарчу ротехь ву иза.

– Баркалла хьуна, накъост лейтенант. Тхан стаг суна газа дукха хан йу. ХIинцца воьду со и волчу.

ШолгIа батальон, хьаьвзинчу некъаца вахча, ши километр хила мегара тхан саьнгарш тIера. ДогIанаш ихнера цу деношкахь. Новкъахь ткъарш лаьттара.

Хала дIакхечира со шолгIа батальон лаьттачу меттиге. Хьалхарчу ротехь дукха ирча меттиг карийра суна.

Вайн бIахой бара, гоьллел бохург санна, кIоргачу хи чохь лаьтташ. Ротан кхоалгIа дакъа окопа чуьра хи дIаIенош дара ведаршца.

Хьаьттира ас махкахо. Хьалха дIахIоьтти суна дукхе-дукха оза тIемало, шовзткъе пхиъ шо хир долуш.

– Ассалам Iалайкум! Нохчи вуй хьо? Мичара?

– Ва Iалайкум салам! Нохчи ву со. Жимачу АтагIара. Фамили Мальсагов йу сан. ЦIе Джигирхан йу, – жоп делира тIемалочо.

– Муха кхаьчна хьо кху батальоне?

– Цхьа бутт хьалха эшелонца вогIуш вара со. Фашисташа бомба а тоьхна, чIеш ца дуьтуш, йохийра тхан вагон. КIеззиг тIемалой бисира дийна оцу тхан батальонах. Кху полке дIаэцахьара аьлла, дийхира оха, дийна дисинчара. Иштта нисвелла со кхуза.

Кхин жимма къамелаш деш а Iийна, элира ас Джигирхане:

– Со снайпер ву. Иччархо. Хьо сайн тобане дIаэца хьожур ву со. Топ нийса кхуссий ахь?

– Жима волуш, къоркхокхий-м дайъина ас. Амма пхоьазза йолу топ караэцна-м йац.

ТIаккха жимма йиш йуьйхира сан.

Ша хирг хир ду-кх аьлла, сайца тхешан батальоне схьавалийра ас иза.

Сан ротан командирна чIогIа ца тайра, шега а ца хоттуш, шен роте ас иза валавар.

– Накъост лейтенант! Нохчийчохь гIара а ваьлла, акхарой дойъуш, таллархо ма ву иза, – олуш, бехказвала гIоьртира со.

– Цу тӀехь, Идрисов, аьшпаш буьтту ахь! Хьайца Ӏен махкахо валийна-кх ахь, хьайн са ца гатдалийта.

– Накъост лейтенант! Ма алахьа. Ас цкъа а харцдерг ма ца дийцина хьуна хӀинццалц.

– Ца дийцина? ХӀокху сохьта-м дуьйцу. Дика ду. Схьаэца кехатан гӀакх. Зуьйр ву вайша хьан махкахь а цӀе йахана таллархо.

Хьуьнах цхьа ирзу а карийна, кхо-йиъ бӀе гӀулч гена гӀакх дӀа а доьгӀна, топ дӀайелира оха Мальсаговга.

«Кхосса!» – аьлла, приказ делира лейтенанта.

Патарма чубиллинчул тӀаьхьа, аз дега а деш, хаьттира соьга Джигирхана нохчийн маттахь:

– ХӀара хьажа муха йан йеза ас?

Куьйган эшарца гайта а гойтуш, лейтенантах ларлуш, дийцира ас, топ муха кхосса йеза. Йалийтира топ.

ТӀедахара тхо. ТӀедана нийсса тӀехь, арарчу сиз тӀе кхеттера хӀоъ. ПаргӀатваьлла садаьккхира ас, амма лейтенанта элира:

– Тилкхазйаьлла кхетта иза, кхин цкъа а кхосса.

ШозлагӀа а кхоьссира. Сан ирсана, шолгӀа кхоьссина хӀоъ а хьалхалерчу хӀоьо даьккхинчу Ӏуьргах хьакха а луш кхеттера.

– Здорово! – элира лейтенанта. – Кхин цкъа а кхоссал!

КхозлагӀа хӀоъ хьалха даьккхинчу Ӏуьрга кхийтира.

– Молодец! – элира лейтенанта. – ХӀинца теша со. Ван а ву хӀара ша-шаха кхиъна снайпер. Ӏамаве хӀара, Абухьаьжа, оптически топ кхосса.

Дукха хан йалале, кайолуш, дика снайпер хилира Джигирханах.

Ши-кхо бутт баьлча хилира цуьнан валар. Дивизин хьаькамашна «контрольни йийсар» эшнера, «мотт» олу цунах салташа.

МаьӀ-маьӀерчу ротех цхьа бӀе тӀемало къастийнера фашистийн окопашна цӀеххьана тӀелатийта. Царна йукъахь Мальсагов а, сан кхин цхьа снайпер а вара.

ДогӀа санна даш тӀедетташехь, тӀемалой, фашистийн окопашна чу а лилхина, йийсарш а далош, йухабаьхкинера. Бухабирзинчарна йукъахь Мальсагов вацара.

Вукху снайпера элира соьга, массарна хьалха, уьдуш, топ йетташ, тIевоьдуш гира иза шена. Фашистийн йоккха-тоьпан хIоъ дуьхьал тIекхеттера цунна.

– Снайперски топ йацара цуьнгахь?

– Йара. Кескаш йина аьттера иза а. Оптически топ мостагIийн кара йахийта йиш йац.

Дукха хан йалале сан начальник Кузнецов а дIавелира. ТIамехь вуьйжира иза. Батальонан командир капитан Семенов а кхечу полке ваьккхира.

– Абухьаьжа, хьан тIемалочун некъах хьуна уггар чIогIа дагадогIург хIун ду? – хаьттира ас.

– Муьлхха а гитлеровец карчор ду-кх. Дукха дийцалур дара, дерриш а дагадагIахьара. Сан чоьтехь кхобIе ах бIе мостагI ма ву. Амма цхьа-ши меттиг йу суна цкъа а йицлур йоцуш.

Цхьана дийнахь полкан командира кхайкхира соьга. Хетарехь, 1942-чу шарахь, аьхке йулуш дара иза. Окопаш йара тхан хIетахь Демьянск-гIалина генайоццуш.

– Абухьаьжа, – эли соьга цо, – и дIора хьун гой хьуна?

– Го, накъост полковник.

– Цул дехьа бошмаш йу.

– Хаьа суна, накъост полковник.

– Оцу хьуьнха вахалур варий-те хьо, фашисташна ца хаалуш?

– Хьожур ву-кх, накъост полковник.

– Делахь, хIинцца... Шоссе тIоьхула оцу бошмашка кестта кхо мотоцикл йогIур йу. Машенаш тIехь немцойн кхо эпсар хир ву. Демьянскера кхо зуда а хир йу цаьрца. Бешахь сакъера богIу уьш. И кхо эпсар а, кхо зуда а, тохий, эгаде.

– Бакъо ло суна омра[1] кхочушдан ваха!

– ГIо! – элира полковника.

КIело йира ас хьуьн йисттехь. Iуьйранна итт сахьт долу хан хир йара иза. Цхьа сахьт даьккхира ас некъ ларбеш.

Гучуйелира гIудалкх йолу мотоцикл. Руль лелош немцойн эпсар вара. ГIудалкха чохь, йаржа а йаьржина, мохь бетташ йиш лоькхуш жима зуда йара. Йехна хир йара иза.

[1] Омра – тIедиллина гIуллакх.

Дарделла дог кхехкара сан кийрахь.

Тоьпа чуьра оцу секундехь патармаш схьа а даьхна, цIе лато хIоьънаш тIехь долу патармаш чудехкира ас. Шозза топ тоха ши секунд ийшира суна. Хьалха топ туьйхира ас зудчунна. Бедарех цIе летира бIаьрг-негIар тухучу йукъана. Мотоцикл, агIор а хьаьвзина, некъа йистерчу саьнгар чу кхийтира.

ТIейогIучу шина машенна хьуьна чухула дуьхьалхьаьдира со со лаьттачуьра. Ши-кхо минот йаьлча, хьалхий, тIаьхьий йогIу ши мотоцикл гучуйелира. Эпсаршна тIехьа хиъна йара ши зуда. Туй тассал йолчу хенахь тоьхна, и диъ охьадиллира ас. Фашисташкара герзаш схьа а гулдина, кисанахь карийна кехаташ схьа а эцна, мотоциклех цIе а латийна, йухавеара со. Йерриг операци чекхйелира сан иттех минотехь. Полковник волчу а вахана, герзаш, кехаташ стоьла тIе а дехкина, цуьнан омра кхочушдина хилар дIахаийтира ас.

– Молодец, Абухьаьжа, – элира полковника. – Со турмала хьоьжуш вара. Ахь беш болу тIом гуш а вара. Гуттар а иштта хила веза бIахо. Баркалла олу ас хьуна приказца!

– Советски Союзана гIуллакх деш ву! – олуш, вулавелира со.

ШолгIа меттиг нисйелира сан, тхо Старая Русса схьайаккха гIерташ, чIогIа тIемаш беш долуш. Тхан батальон атаке йоьдуш, шибIе хиллал тIемалочо немцойн окоп дIа а лаьцна, тIом бора. Шина ротах бара тхан тIемалой.

ЦIеххьана тхуна тIехьа тIелеташ долу эскарш тхох дIакъастийра фашисташа. ДIалаьцначу окопаш чохь, дехьий, сехьий мостагIий а болуш, царна йуккъехь дисира тхо. Хьалхахьа а, йуханехьа а тIом бан дезара. Тхан аьтту фланг цхьана йоккхачу уьшал тIе хIуттуш йара. Иштта хилар бахьанехь, тхуна буьззина го ца балора немцошка.

Амма, дийцалур доцуш, буьрса цIе Iанийра тхуна тIе фашисташа: йаккхий тоьпаш, минаш, пулеметаш, автоматаш саццаза йеттара. Цу тайпа хала тIом гина бацара суна. Шина дийнахь-бусий йейтта атака йира тхуна фашисташа. Кара ца доьлхуш, лийр ду вай аьлла, чIагIонаш а йина, лаьтташ дара тхо. Тхан ирс дара цу меттехь дуккха а уьшалш хилар. МостагIчун танкаш лела ца лора.

Ши де-буьйса дIадолуш, тхуна тIаьхьаоьхуш хиллачу дивизин полкаша, тхан тыл немцойх цIан а йина, кIелхьардехира тхо. Немцойн окоп дIалаьцначу тхан шина бIе стагах дийна висинера кхойтта. Сан ротехь тIемало пхиъ висинера (со а тIехь). Эпсарех висинера политруккий, цхьа лахара лейтенанттий, виъ салтий.

Тхо кIелхьардаьхначу полкан командираша дукха тамаш бора окопаш чохь кхойтта стаг карийча. Тхо а дара, мацаллий, гIелой, наб цайаррий Iаьткъина, когаш тIехь латта ца луш. Моьттуш хиллера командирашна, немцошна дуьхьало йеш дийнна полк йу. Тхо кхойтта стагана совгIаташ делира.

1944-чу шарахь январь баттахь Ленинградана бина го баьстира. Старая Русса олучу шахьарна йуххехь шина шарахь фронт латтийна немцойн дивизеш малхбузехьа дIакерчара.

Билггал дага ца догIу суна, 1944-чу шеран мартехь йа апрелехь, тхан полко Пустошкина олучу гIали йуххера позици дIалецира. Кху меттехь ротан командир вийра сан. Дог дар а делла, сайн вийначу командирах бекхам эца, ши-кхоъ вуьйр ас хIинца аьлла, окоп чу охьахиира со. Снайперски топ сайна йуххе охьа а йиллина, цигаьрка хьарчош со воллуш, немцойн йалхазза йолучу миномето кхоьссина мина иккхира со Iачу окоп чохь. Латташа дIахьулвинчуьра хьала а ваьккхина, накъосташа, синкхетамехь а воцуш, санбате вигинера со. Оцу минин шина кепеккал йоккха гериг, аьрру бIаьштигах кхетта, хьех чуйаханера. ХIинца а сан коьртан туьтан чохь йу-кх иза. Тайна и гериг сан дегIана, жIаьлеша йаарг!

Горький-гIалахь госпиталехь биъ бутт баьккхира ас. Товелла ваьлча, кхин тIеман гIуллакхна мегар вац аьлла, цIа вайтира. ХIокху сохьта воккхахволу жаIу ву со уьстагIийн фермехь «Червленски» цIе йолчу колхозехь.

Вайн пачхьалкхо совгIаташ делла суна: Советски Союзан Турпалхочун цIе а туьллуш, Ленинан орден а, «Дашо Седа» а белла. ТIаккха «ЦIен Байракх», «ЦIен Седа» – ши орден а йелла. Иштта кхо-йиъ мидал а йелла суна.

Иштта бара вайн турпалхочун Идрисов Абухьаьжин дахаран некъ.

### Текстана комментари

Очерка тIехь вуьйцург Советски Союзан Турпалхо Идрисов Абухьаьжа ву. Фашисташца бечу тIамехь хьуьнарш гайтарна тIеман лаккхара совгIат дина цунна. 320 фашист вийна цо цу тIамехь. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа хьанал къахьегна цо ша виначу йуьртахь БердкIелахь. Халкъо виц ца вина шен турпала кIант. Цуьнан цIарах школа а, урам а бу и виначу йуьртахь.

### Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Маца, мичахь вина очеркан турпалхо?

2. Дайн, вежарийн доьналлин гIуллакхаша хIун Iаткъам бина жимачу Абухьаьжина?

3. Муха хилла цуьнан бераллин дахар?

4. Маца дIадуьйладелла Идрисов Абухьаьжин бIаьхаллин гIуллакхаш? Муьлхачу меттигашкахь бина цо тIемаш?

5. Идрисов Абухьаьжа массарна а дукхавезаран хIун бахьана ду?

6. Муха хилира Абухьаьжех снайпер?

7. Муьлха гIиллакх ду снайперехь уггар хьалха хила дезарг?

8. Абухьаьжа тидам болуш, хIумана духе кхуьуш снайпер хилар стенна тIехь гучудолу?

9. Текста тIера масалш а далош, Абухьаьжин снайперан гIуллакхах лацний дийца.

10. Шегара хIун тайпа хьуьнарш гайтина тIеман шерашкахь Идрисов Абухьаьжас? Пачхьалкхо хIун совгIаташ делла цунна?

### Очеркан исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Бозабелла чулацам а боцуш, кийсакех вовшахтесна сюжет йолуш йу «Иччархо Абухьаьжа Идрисов» очерк. ХIун бахьана ду цуьнан?

2. Со, ас бахар дукха ду очеркехь. Очеркан кеп йу иза йа йаздархочо шен лаамехь йукъадалийна ду иза?

3. Очеркехь автора диалогех алсам пайда эцна. ХIун гIуллакх кхочушдо цара очеркехь?

### Вайн къамел кхиадо

1. *Мача тIейуха ца кхуьуш йухалоккхур бу гитлеровцаш* бохучух муха кхета шу?

2. *«Гали чуьра» арадовлура* бохучу чагIделлачу цхьаьнакхетаран маьIна даста.

3. Очеркехь исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсаш кIезиг бу. Дийца, хIун бахьана ду цуьнан.

## СУЛЕЙМАНОВ Сулайман Ахьмад

***(1922 – 1995)***



Сулейманов Ахьмадан похIма бес-бесара дара: хьехархо, поэт, этнограф, историк, музыкант, гочдархо, суртдиллархо. Шуьйра а, тайп-тайпана а дара цуьнан хаарш. Нийсачу накъосташца санна дора цо къамел: поэташца – литературех, Iилманчашца – халкъан кхоллараллех, хьехархошца – кхетош кхиорех, ахархошца лаьттах лаьцна. Кегийчаьрца а, бакхийчаьрца а дийца къамел карадора цунна. Кегийчаьрца – сатийсаме, баккхийчаьрца – хьекъале, берашца туьйранча вара иза.

Нохчийн поэт Сулейманов Ахьмад вина 1922-чу шарахь Хьалха-Мартанан кIоштарчу Олхазар-КIотарахь.

Дешна хьехархойн институтехь. Дуккха шерашкахь хьехархочун, школан куьйгалхочун белхаш бина, Йаздархойн Союзан исбаьхьаллин литература йовзийтаран, йезайалийтаран Бюрон куьйгалхо лаьттина.

Шен кхоллараллин болх Сулейманов Ахьмада 1930-чу шерийн чаккхенехь болийра. Поэтан кхиаран хан нисйелира XX бIешеран 30-чу шерашкахь. И шераш нохчийн халкъан керлачу историхь хала шераш дара.

1944-чу шарахь шен халкъаца Казахстане дIавигна Ахьмад цигахь стихаш йазйан волавелира. Делахь а, ша йазйинарг йешархочунна йовзийта сих ца лора иза.

1957-чу шарахь Даймахка цIавирзина Ахьмад берашна школехь нохчийн мотт, литература хьеха волавелира.

Ахьмадан «Безаммий, шаьлтий» цIе йолу стихийн хьалхара книга арайаьлла 1967-чу шарахь. ХIетахь дуьйна шуьйра йовза йолайелира поэтан цIе. Йешархоша а, критикаша а лаккхара мах хадийра поэтан

цул тӀаьхьа арайийлинчу «Дог дохден цӀе» (1968), «Ламанан хьосташ» (1971), «Ламанийн симфони» (1977) «Даймехкан некъаш» (1982), «Цхьа-ши дош» (1988) цӀераш йолчу стихийн сборникийн. «Цхьа-ши дош» книга кхолларна Нохч-ГӀалгӀайн Пачхьалкхан совгӀатан лауреат а хилира Ахьмадах.

Массо адамийн бала кхаьчна, царна шен ирс дӀадала, уьш бертахь дахийта, Даймахке болу безам кхин а кӀаргбан, цуьнан дуьхьа вала а кийча волу лирически турпалхо валийра Сулейманов Ахьмада нохчийн поэзина йукъа.

Йоккха адамалла, цӀена ойла, догдика, йахь йолу къонах ву цуьнан поэзин лирически турпалхо. Ларамаза дац Ахьмадан дуккха а байташ, иллешка, эшаршка йирзина, халкъана шуьйра йевзаш, йезаш хилар. Сулейманов Ахьмадан поэзи шен сатийсамашца йерриг а вайн халкъан дог-ойланех, цуьнан коьртачу Ӏалашонех зӀе тесна йара. И иштта хилийта ницкъ лург дара поэт шен дахарехь даим халкъаца цхьаьна вар. Сулейманов Ахьмадан поэзи билггал къоман йу ала мегар ду. Цуьнан коьрта турпалхо – иза шен орамаш а хууш, шен къам, цуьнан гӀиллакх-оьздангалла а йевзаш волу турпалхо ву, дуьненахь хуьлуш долчу массо хӀуманан бала а кхочуш, диканах дог ца дуьллуш, къахьоьгуш схьавогӀу.

Цо хьакъ а йолуш лелайора Нохч-ГӀалгӀайн халкъан поэтан сийлахь цӀе.

Йоккха лар йитина Сулейманов Ахьмада Ӏилманехь: цо вайнехан исторехь дуьххьара арахецна «Нохч-ГӀалгӀайчоьнан топоними». Цу тӀехь болх бечу хенахь, гӀаш, йерриг а Нохч-ГӀалгӀайчоь, де-буьйса ца лоруш, волавелла а лелла, хӀора ломан, Ӏаннийн меттигийн, тайпанийн цӀераш дӀайазйина цо. И вевза дика гочдархо санна а. Пушкин А., Лермонтов М. Джалиль М., дуккха а кхечу поэтийн стихаш нохчийн матте йаьхна цо.

Ахьмад санна къонахий бу, цо «Шен шуьнехь дош» стихотворенехь ма-аллара, шайн белшаш тӀехь Дуьне латториш, шен халкъан диканна а, вонна а гуттар сема лаьттарш.

Адамийн дегнашкахь ваха висар ду цунна доьгӀна, хӀунда аьлча Даймехкан а, халкъан а дуьхьа вахар цуьнан дахаран, кхолларалллин коьрта декхар дара.

## ШУЬНЕХЬ ДОШ

*Дагаев Валиде*

«Къонаха мила ву?
И меллалц веха?» –
Хьаьттира ахь соьга,
Шуьнехь Іаш вай.
– Дерриг а дуьне ду
Къонахчун меха!
ХІара дуьне-м
Къонахийн
Белшаш тІехь дай!

Ламанца дин лелац,
Ца хилча ленаш,
Уьш кхачаделлачохь
Соцуш бу дин...
Иштта бу къонахий,
ХІара дуьне латтош.
Къонахий дІабевлча,
Духур ду и!

Къонаха дахаран
Синпхенийн мерз бу!
Къонаха – дуьненан
ГІайгІанийн шад!
Цо ларйо дахаре
Вайн йолу марзо!
Къонаха – пха кхосса
Дуьйлина Іад!

Къонаха вехийца
Даймехкан сийнна,
Даймехкан сий лардеш,
Вала и ле!

Ле иза, кхин ваха
Ца лууш санна,
Ленйоцчу сийлалле
Кховдайеш цIе!

Ца лууш ца ле и
Вайначул ваха,
И вайна, махкана
Хьалхара ле.
ХIара дуьне мел деха,
Къонахий беха:
Iожалло лийр йоцчу
Сийлалле хьош!

Терзан тIе ца дуьллу
Цо деши, даьхни,
Халонехь хадочохь
Хьуьнаран мах.
Ах дуьне мах болу
Шен корта буьллу,
Вайн маршо ларйечохь
СагIа до шех.

Къонахийн собар ду
Лекха лам баккхал,
Собар ду сов доккха,
Кхача ца луш!
Къонахийн и собар
Кхачийча-м, баккъал,
ХIара маьлха вайн дуьне
Духур ма ду!

Дуьненан машарна
ГIаролехь латтташ,



Сийлаллин таж ма йу
Церан само!
Къонахийн само
Артйеллачу меттехь,
МостагI ву кийча Iаш
Дуьне дохо!

Той кхолуш хIоттаде
Боцчарна гIанташ!
Дийначел дийна бу,
Вайца бу уьш!
Къонахийн сий хуьлда!
ГIовтта вай, кIентий,
Хьакъдолу сий, хастам
Царна а луш!

Къийсамна хьалха бу
Байракхан суьртахь,
Лийрйоцчу сийлалле
Шаьш дуьгуш вай...

Дерриг а халкъаша
ГIулч туьйсу бертахь,
Доьлху уьш ирс долчу
Хьалхенга шайн!

«Къонаха мила ву?
И меллалц веха?» –
Хьаьттира ахь соьга,
Шуьнехь Iаш вай.
– Дерриг а дуьне ду
Къонахчун меха!
ХIара дуьне-м къонахийн
Белшаш тIехь дай!

**Йешначух ойла йе вай**

1. Къонахчун хIун мах хадийна поэта, мел деза ду цуьнан дарж?

2. Къонахчун коьрта амалш муьлханаш лору автора? Шайн жоьпаш стихотворенин могIанашца тIечIагIде.

3. Автора йуьйцу амалш йолу къонахий буьйцу хезний шуна?

4. Муха кхета шу *хIара дуьне-м къонахийн белшаш тIехь дай* бохучух?

5. ХIун тайпа дустарш далийна поэта къонахчун билгалонаш гойтуш? Тидам беш, дIадеша и дустарш.

6. ХIунда лара йеза «Шуьнехь дош» стихотворени лирически произведени?

7. Шуна хетарехь, къонах Даймехкан дуьхьа шен са дIадала кийча хилар стенца доьзна ду?

8. Поэта буьйцу къонахий ца хилча, дуьненна хIун эшам хир бара?

9. Къонахийн сий муха дан деза, боху поэта?

10. ХIун ойланаш кхоллало шун стихотворени йешча?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Стихкхолларан муьлхачу барамехь йазйина йу «Шуьнехь дош» стихотворени?

2. Айдаран хьаьркаца йоьрзу предложенеш дукха йу стихотворенехь. Ойла йе, хIун гIуллакх кхочуьдо цара стихотворенехь?

3. Муьлхачу хормехь йазйина йу стихотворени (дийцар, диалог, монолог, ойлайар и. д. кх. а)?

4. Шен стихотворени йуккъе диалог йалийна автора. Мича Іалашонца йалийна цо иза?

5. Хьалхара бархІ могІа стихотворенин чаккхенехь а балийна автора. Дийца, хІунда далийна цо и могІанаш йуха а.

6. Дустарех пайдаэцар дукха нисделла стихотворенехь. Шуна хетарехь, муьлхачу Іалашоне кхача гІерташ дина иза автора?

**ГІиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Муьлха синъоьздангаллин мехаллаш хила йеза къонахчуьнгахь? Дийца царах лаций.

**Вайн къамел кхиадо**

1. Дийца, муха кхета шу кху дешнех: «Къийсамна хьалха бу байракхан суьртахь»?

2. Шайна вевзаш волчу къонахчух лаций дийца.

**Культурийн диалог**

1. Кхечу къаьмнийн литературехь къонахчун васт гайтина произведенеш йевзий шуна? Дийца царах лаций.

2. *Къонах* дош оьрсийн матте муха гочдийр дара аш?

## ДИЙЦАРХ А, ПОВЕСТАХ А ЛАЬЦНА

Вайн хьалха а таро хилла дийцар, повесть исбаьхьаллин литературин жанрех лаьцна дийца.

Кхузахь кхин цкъа а эр вай масех дош, и кхетамаш шуьйро бовзийтархьама.

Дийцар эпически кепехь йазйина, барамца йоккха йоцу прозаически произведени йу. Дийцаран буха биллина хила тарло турпалхочун дахарера шена тІе тидам боьдуш болу цхьа хилам. Масала, вай Іамор йолчу Яшуркаев Султанан «Напсат» цІе йолчу дийцарехь турпалхочун дахарера цхьа хилам бу гойтуш берг: Даймахка цІайерза сатесна а, новкъайаьлла а йолу йоккха стаг Напсат йуьсу Казахстанехь, цигахь дІабоьхкинчу шен кІенташна йуххехь. И доккхачу маьІне хІума ду дийцаран турпалхочун Напсатан дахарехь, оцу хиламца боьзна йоккхачу стеган дахарера кхин цхьацца хаамаш бевза вайна. Амма иза кхиаран, цуьнан дахаран некъ шуьйра ца бевза вайна.

Йоккхачу стеган Напсатан дерриг дахар гойтуш и произведени хилча, иза барамца а, гойтуш болчу хиламашца а, чулацамца а шорлур йара. Дийцар йукъа дало дезар дара кхин а дуккха а адамаш. Ткъа и дича, цунах кхин йоккха произведени хир йара, дийцаран жанрехь а йоцуш, повесть йа роман.

Повесть дийцарал барамца, гойтуш болчу хиламашца, дакъалоцучу турпалхошца мелла а йоккха эпически произведени йу. Коьртачу турпалхочун шайца йукъаметтигаш йолу адамаш повестехь алсам хуьлу дийцарехьчул. Цуьнан дахар а, амал а шуьйра, тайп-тайпанчу хьелашкахь гойтуш хуьлу повестехь. Масала, повестан жанрехь йазйина йу Гайсултанов Іумаран «Болат-гІала йожар» цІе йолу произведени. «Повесть изза роман йу, амма жимачу барамехь йолу», – йаздо вевзаш волчу оьрсийн критика Белинский В.Г. Ширачу литературехь повесть муьлххачу а цхьа хІума дуьйцучу произведенех олура. Оьрсийн литературехь повестан йуьхь йолийнарш бу Карамзин Н., Пушкин А., Гоголь Н., ткъа нохчийн литературехь – Курумова Селима, Гайсултанов Іумар, Айдамиров Абузар, Эдилов Хасмохьмад, кхиберш.

ХІун билгалонаш хуьлу повестан литературин жанран санна?

Цкъа-делахь, дийцарехь болчул боккха, амма романал жима произведенин барам хилар.

ШолгІа-делахь, романца йуьстича, дакъалацархой кІезиг болу цхьа сюжетни лини хилар.

КхоалгІа-делахь, буьйцучу хиламех лаьцна цхьа хетарг бен цахилар. Дуьйцуш волчо, турпалхойн дахаран хиламаш вайна бовзийтарал сов, цаьрца шен йолу йукъаметтиг а гойту.

Теме, сюжете, авторан йукъаметтиге хьаьжжина, повесташ хуьлу Іер-дахаран, приключенчески, детективни, Іилманан-фантастически, сатирически, исторически.

Нохчийн литературехь Іер-дахаран а, исторически а, детективни а повесташ йу, ткъа кхийерш вайн йаздархойн тидамера йевлла. Царна йукъахь йу, масала, Гайсултанов Іумаран «Болат-гІала йожар», Курумова Селимин «Дохк», Мусаев Мохьмадан «Дашо маха», кхийерш.



## ГАЙСУЛТАНОВ Эдилсолтин Іумар

***(1920 – 1980)***

Вайн махкахь дика вевза берийн йаздархо Гайсултанов Іумар.

Гайсултанов Іумар вина 1920-чу шарахь Шелахь, ахархочун доьзалехь. Жима волуш дукха ладегІна цо ден нанас Себибата шена дийцинчу туьйранашка. Цара боккха безам кхоьллина цуьнан халкъан барта кхолларалле.

Йуьртара школа чекхйаьккхинчул тІаьхьа, 1936-чу шарахь, Соьлжа-ГІала рабфаке деша вахана Іумар. И чекхйаьккхина дукха хан йалале тІом болабелла. 1941–1943-чуй шерашкахь тІамехь хилла иза.

Вайн къомо махках а даьккхина бала токхучу шерашкахь финансови органашкахь ГІиргІизойхь белхаш бина цо. Вайн республика меттахІоттийнчул тІаьхьа цо дешна Нохч-ГІалгІайн хьехархойн институтехь.

1958-чу шарахь дуьйна Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь редакторан болх бина Іумара.

Гайсултанов йаздан волавелира 1950-чу шерашкахь. Шен дуьххьарлера дийцарш зорбанехь арахеца новкъарло йира цунна болабеллачу тІамо а, махкахваккхаро а.

Іумаран дуьххьарлера «Болат-гІала йожар» цІе йолу книга арахецна 1959-чу шарахь. И книга арайалар мехала гІуллакх дара. Цо гайтира, нохчийн литературе говза а, шатайпа а йаздархо веана хилар. Шен повестехь автора гайтина ширачу заманахь хилла вайнехан дахар, адамийн хилла йукъаметтигаш, гІиллакх-амалш, церан дахарехь Іитталуш долу гІуллакхаш.

1960–1962-чуй шерашкахь арайевлира йаздархочун керла книгаш: «Кавказан лаьмнашкахь», «Сема лергаш».

Дуккха произведенеш йазйина цо берашна тайп-тайпанчу жанрашкахь: повесташ, дийцарш, стихотворенеш, баснеш. Iумара даим уьйр латтайора берашций, кхиазхошций, церан дахарх дика кхета, амалш Iамо гIерташ. «ДоттагIий» дийцарехь цо граждански тIамах лаьцна йаздина. «Кавказан лаьмнашкахь», «Сема лергаш» цIераш йолчу книгаш тIехь йаздархочо гайтина вайн берийн дахар, церан дешар, пайде гIуллакхаш.

Йаздархочо дешархойн дахар, дешар, садаIар а гойтуш, церан уьйраш, йукъаметтигаш, доттагIалла кхолладаларх лаьцна дуьйцу. Берийн дахар, церан дог-ойла, сатийсамаш шена дика бевзаш хиларе терра, йазделла цуьнга иштта къеггина берийн дахарх бакъдерг, васташ а, церан чолхе, тайп-тайпана йолу амалш кхоллайелла. Цуьнан произведенеш самукъане, йеша дог догIуш йу.

Iумара кегийчу берашна йазйина дуккха а пьесаш йу: «Турпал», «Лечарчий», «Дашо бIар». Уьш республикин тайнгийн театрехь хIитта а йина.

Йаздархочун баснеш шайн чулацамца, маьIница, васташ къеггина хиларца къаьсташ йу. Иштта йазйина йу цуьнан «Барзо амалш ца хуьйцу», «Борззий, стуй» цIераш йолу баснеш а.

Гайсултанов Iумар нохчийн берийн литературин бухбилпархо лору. Берашна йазйина ца Iаш, баккхийчарна лерина а йазйина цо цхьамогIа произведенеш: «Къийсаман новкъахь» (1963), «Керлачу дахаре» (1964), «Малика» (1966), «Мила ву хьо?», «Александр Ченский», «Iаьржа портфель» (1974). Оцу произведенийн турпалхой шайх масал эца хьакъболуш хьанал нах бу. Цара доккха дакъалоцу дахаран хьелаш тодарехь. Харцахьарчу новкъа кхийдарш, куьг хьанал доцурш йемалбо Iумара. Шен берриг безам хьанал къахьоьгучаьргахьа бу, церан сий до цо.

Шен цхьайолу произведенеш йаздархочо халкъан барта кхоллараллех пайда оьцуш йазйина. Царах йу халкъан дахарехь хиллачун буха тIехь йазйина «Болат-гIала йожар» цIе йолу повесть.

Гайсултановн произведенеш зорбане йевлла вайн махкахь а, дозанал арахьа а.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Маца, мичахь вина йаздархо Гайсултанов Iумар?

2. Йаздархочун литературе, барта кхоллаpалле безам бахийтинарг мила ву?

3. Стенах лаьцна йазйеш хилла цо шен произведенеш, муьлш бу церан коьрта турпалхой?

4. Нохчийн литературехь хIун меттиг дIалоцу Гайсултанов Iумара?

5. Гайсултанов Iумаран произведенех муьлханиг хазахета шуна? ХIунда йезайелла шуна и произведени?

6. «Гайсултанов Iумаран суна дукхайезайелла произведени» цIе йолчу темина сочинени йазйе.

## БОЛАТ-ГIАЛА ЙОЖАР

*(Цхьадолу дакъош)*

Дай, кIанттий дIаволавелира шина а агIор йаьлла керла сийна буц хьалакъеддачу новкъа. Дукха хан йалале йурт тIехьа йисира.

Леча шайн йуьртах ара тахана дуьххьара ваьлла.ЧIогIа дихкина дара берашна йуьртах шаьш довлар.

Хан кхераме йара. Кест-кеста кхочура хабарш, лакхахьа лаьмнашкахьа йолчу оцу йа вукху йуьртара кIант вайний йа воккха стаг ца каравой олий. Амма деланаша кхеран йуьртах Малх-Арех хIинццалц къинхетам бинера.

Йуьрта йистехь долучу цIеношна хьалха гулделла дукха адам дара. Кхузахь бара шайн бераш цIа дига баьхкина дай а, синкъераме ловзаршка сатесна баьхкина Шалаж-Юьртара бахархой а.

Лечин дена дуккха а бевзаш берш карийра кхузахь.

ХIоранга, куьг лоцуш, маршалла хоттура цо, доьзал муха боллу а, дахар муха ду а, хоттура.

Шен лаамехь, маьхза нехан бераш кхиош-Iамочу Чале, къаьсттана чIогIа, даггара маршалла хаьттира, гонаха хIоьттинчу тийналлехь массарна а хезаш.

– Дукха вехийла хьо, Чала. ХIокху масех шара чохь тхан берашна ден а, ненан а, воккхачу накъостан а метта хилла хьо. Хьан дика дог девзаш, дахарехь дуккха а гина, тхайн берех бакъ къонахий ахь бийр буйла хууш, тешийра оха хьох уьш. ХIуъа аьлча а, бераш бераш ду, цкъацкъа цатамаш баьхна а хир бу цара хьуна, бехк цабиллар доьху оха. Ахь кхиийна тхан бераш хIинца даккхий хилла, хьайна хууш дерг дерриг а ахь царна дIадаларх

теша тхо. Шаьш дийна мел ду, цара а, оха а, церан дай-наноша а, и цкъа а диццдийр дац. Хьуна хIун дина там бийр бара а, хаац суна, – аьлла, чекхдаьккхира цо шен деха къамел.

Чалина боккха там хиллера.

– Э, Нажа, адамна дика болх хинболчу пайдане сатуьйсуш берш ца хуьлу. Суна цхьа а там ца оьшу, айса кхиийнчу берийн хьуьнарех лаьцна хезча – цул боккха там суна хир бац. Дай-нанойн бIаьрг белош кхуьийла уьш. Сан тахана шалха дезде ду. Бераш Iемина а девлла, кхана бIаьстенан дезде а ду. Берриш а схьакхаьчна, моьтту суна. ЛадогIал! Цхьа Iедал ду сан, бераш шайн дайша цIа дигале, со волчохь шайна Iеминарг гайта деза цара.

Массарна а хууш дара хьуьнарш гойтург хиларх. Баккхий нах хьешашца арарчу майдана дIабуьйлабелира. Ткъа Чала, шен шерашка хьаьжча,чIогIа каде цIехьа вахара, ша кхиийнчу кегийчу нахаца цхьаьна йуьртах аравала.

Дукха хан йалале схьакхечира иза. Цо кхиош хилла кегий нах йуьстахо севцира, ткъа Чала ша бай тIе охьахевшинчу баккхийчу нахана тIевахара.

– ТIаккха, дIадоладе вай?

– Мегар ду, мегар ду.

– Угтар хьалха бIаьрг сирла хиларе хьовсур ду вай.

ДIахIоттийра гIакх. Кегийчу наха рогIехь цхьацца пха кхоьссира. Iалашонна цхьа а тIех ца тилира.

Йуха къевсира охьатохарх латар. Боккха го бира.

ХIора хьуьнар къовсар хьоьжуш болчара, йукъабевллачийн дай боцчара, маьхьарий деттарца дIадоьдура.

Цул тIаьхьа дIадоладелира массеран а йукъара ловзар – нехчан корта бадор. Ловзуш берш шина декъе бекъабелира – бархI-бархI стаг. ХIора декъо пIаьлдигара нехчан цхьацца корта схьаийцира. Воккхачу стага, ловзар дIадоло пурба луш, мохь туьйхира:

– ХIан-хIане!

Чуччахьаьлхира ловзуш берш, шайца къовсалуш болчаьргара нехчан корта схьа а баьккхина, ший а корта баккхийчу нехан когашка охьабилла. Нехчан корта схьабаккхар къовсар хьаьнг-

хьаьнга а лалуш дацара. Цигахь магадора къовсалуш верг, схьа а лаьцна, хьалаайа а, дӀатакхо а, тӀоьхула кхосса а.

Оцу ловзарна ницкъ а, тӀах-аьлла хилар а оьшура.

Цхьамма цхьаьнгара нехчан корта схьа ма-баьккхина, вукхарах кхо-виъ тӀекхетара.

Дерриг ловзарш чекхдевллачул тӀаьхьа маравоьллира Леча воккхачу вашас. Ткъа да, и шена ца гучуха, лаьттара, дагахь воккха а веш. Адамаш долчохь бераш хьастар къонахалла лоруш дацара.

ШолгӀачу дийнахь хьалхе, Ӏуьйранна, Нажа волчу веара цуьнан лулахо.

– Ӏуьйре дика хуьлда хьан, Нажа.

– Диканца вехийла хьо а, Цицка. Муха йу могашалла?

– Тахана-м дика хета суна. ЦӀа валийн ахь кӀант?

– Валий.

– Со селхана а веара хьо волчу. Маьхкарарчу чермо тайпанан воккхачу стага геланча ваийтинера. Сту бийна шаьш, бохура, бӀаьстенан дезчу дийнан шуьне кхойкхура. Ас дош делира хьох а, сайх а, со могуш а воццушехьа. ВогӀур вац ала бакъахьа ца хийтира, леррана ваийтина хилча.

Нажас жимма ладуьйгӀира, йуха элира:

– ХӀун дийр ду хӀета, ваха дезар ду.

– Ишта суна а хета.

Эццахь йукъайуьйлира Нажин цӀийннана:

– Некъ маьрша бац, боху, Маьхкара. ЦӀахь Ӏийча хӀун дарате шу?

– Зуда, хьо хьайн доцучу гӀуллакхашна йукъа гӀерта, – элира Нажас, дуьхьало ца йен йолчу озаца.

– Кхокха а йига дагахь ву со, – хьахийра Цицкас.

– Ас Леча а вуьгур ву. Кхин меттигаш а гур.

Цицка новкъавала кечвала дӀавахара.

Нажа Лечица цхьаьна араволуш, неӀсагӀе кхаьчча, зудчо тӀаьхьа къайллаха деман цинц кхоьссира:

– Могуш-маьрша цӀа доьрзийла шу!

Йуьртан майдана вахара Нажа а, Цицка а берашца. Кхузахь кхозуш бара тайпанан йукъара йай, тӀехь даьхна, и муьлхачу тайпанан бу хоуьйтуш, хьаьркаш а долуш. Иштта чу йеш чохь бӀаьстенан дезчу дийнахь жижиг кхехкадора. Царна чохь кечдора ниха[1] а. Зуда йалийна меттиг хилча а, цхьаъ велла сагӀа доккхуш хилча а, оццу йеш чохь йора йуург. Цхьацца къийсамаш а, кхеле дехкина гӀуллакхаш а йукъара йай болчохь къастадора. Кхуза баккхий нах а гуллой, бехке веш волчуьнга дуй боуьйтура. Доллучунна тӀехь лоруш бара йукъара йай, и ларар адамна дахар а, ницкъ а латтош болу кхача цу чохь кечбарца доьзна дара.

Йай цӀанбина, къагийна бара. Тахана цу чохь Малх-Арехоша жижиг кхехкор ду.

Нажий, Цицкий йайна тӀе вахара, и кхозу зӀе схьа а лаьцна, меллаша элира шимма а:

– Маьрша тхешан кхерча йухадоьрзийла тхо!

Йуха берашка а изза дайтира цара.

Цул тӀаьхьа йуьртах арабевлира уьш. Йуьртана гена мел бевли, адамийн лараш кӀезиг хаалора... Цхьайолчу меттигашкахь новкъахь буц йаьллера. Некъан шина а агӀор луьста хьун йара, адаман ког ловзаза. Къахьашту а, дакх а, бага а, ӀандагӀа а, кхин а тайп-тайпана дитташ дара баххьаш курра ирхдахийтина лаьтташ.

Кху хьуьнхахь хуьлура боьмаша черчий, берзалой, акха хьакхарчий, цӀоькъа-лоьмаш, сеш, акха гезарий, кхитайпа дийнаташ.

Нажий, Цицкий сакххилла вогӀура, йуха а хьожий, берашка олура:

– ТӀаьхьа ма дисалаш, акхарой дукха йу кхузахь.

Иштта бехкамаш шайна ца бича а, тӀаьхьадиса дагахь дацара Лечий, Кхокхий. Кегий гӀулчаш туьйсуш, чехка догӀура и шиъ баккхийчарна тӀаьхьа. Цкъацкъа Лечас, йуьстахъоьккхий, доккхий, чӀогӀа хьожа йогӀу зезаг кховдадора Кхокхега.

Доллучух даккхийдера бераш. Дерриг дуьне шайн дуьхьа кхоьллича санна, хеталора царна.

Нажас, паргӀат охьа таьӀна, новкъара схьаийцира йеха гӀаж. Забар йеш, накъосте элира цо:

[1] Ниха – берцах дина чагӀар.

– Цицка, говр ло ас хьуна? – йуха, жоп хазаре ца хьоьжуш, баттара шаьлта йаьккхира. Цунна тIехь къегира маьлхан зIаьнарш. Йуккъе тоьхна, хадийна, гIаж кховдийра Цицке. – ХIан, хIара йу хьуна говр. Воккхачу стеган говр ма йу Iаса.

ШолгIа шена йаьккхира цо гIаж. Йисина йуьхк новкъа охьакхоьссира.

– Дукха хан йоццуш хезира суна, – йукъахдаьккхинчуьра дIадолийра Цицкас хабар, – дукха адам гулделлачохь дош делла хилла Болат-гIаларчара, талораш кхин лелор дац шаьш, шайна къинтера а довлахьара бохуш. Ткъа хIинца? Йуха а оцу шайн хьалхалерчу боьхачу гIуллакхашна тIебирзина, новкъа воьдург, йийсар дой, дIавуьгу лома, тIаккха гуьржашна вухку.

– Суна а хезна. Мох боцуш гIа лестар дац. Бакъ ца хилча, наха дуьйцур дацара. Амма деха лелор дац цара уьш. Адам гIоттур ду. ТIаккха декъаза а бу-кх хьуна уьш – цуьнан оьгIазалла тIейирзинарш.

– Цара шайн Болат-гIали тIе боьду некъ кхин а эрчабаьккхина бохуш, дуьйцу. Дукха чIогIа гатбина, ши стаг морзах а вахалур воцуш. Цхьана агIор, пен санна, шера лам кхозу, вукху агIор, чухьаьжча бух ца гуш, Iин ду. Уьш дерриш бакъ делахь, цхьа олхазар бен кхачалур дац царна тIе. И готта некъ Iалашоне лаьцчахьана бовлу уьш.

– Уьш мел чIогIа чIагIбеллехь а, халкъана карор бу царна тIекхача некъ, тIаккха жоп доьхур ду цара лелийнчу боьхачу гIуллакхех.

– Теша со а.

– Хьуна хезний Маьлхистахь, ЦIой-Пхьедехь керла эла валар а, и коьртах муха ваьлла а?

– ХIан-хIа. Дийцахьа.

– ЧIаьнти-Орга Меше-хих кхетачохь лаьтташ бIаьвнаш йу. Гонахарчу дуьненах дIахадийна йу уьш лекхачу пено-тархо[1]. Цигарчу нехан тайпанах хьалхара ву бохуш волчу цхьамма йал йаккха сацийна бIаьвнашна йуххерчу новкъа тIех мел во-

[1] Тарх – кхузахь: тIулгийн пен.

лучуьнгара. Цхьаьнгга дуьхьало йалуш ца хилла цунна, цхьа а тур леташ ца хилла цуьнан гӀагӀнах[1].

Оццу хенахь цхьа жаӀу хилла шен жа лаха дежийлашка охьадало дагадеана. ДӀахаийтина цуьнга, нагахь бӀаьвнаш йуххехула тӀехвалахь, нийсса ах уьстагӀех вер ву и аьлла. ЖаӀуьно хаьттина, иштта талор хӀунда лов адамаша. Цунна жоп делла цхьана воккхачу стага: цу элан гӀагӀнах цхьа а тур ца лета, элан шениг доцург, цундела цунна дуьхьалвала цхьа а ца хӀутту.

Цу буссехь вахана бӀов чу а ваьлла, элан тур баттара схьа а даьккхина, шениг чу а диллина, араваьлла жаӀу.

ШолгӀачу дийнахь охьалаьллина жаӀуьно шен жа бӀаьвнаш йуххехула болчу новкъа. КетӀахь лаьтташ хилла эла, курра вогӀа а велла. Мохь тоьхна цо:

– Мича дуьгуш ду хьан жа?

– Охьа дежийлашка.

– Сан Ӏедал хаьий хьуна?

– Хаьа. Вуьшта, цкъа хьалха алахьа, муха хета хьуна хӀара тур? – олуш, баттара схьадаьккхина жаӀуьно тур.

– Вон дац. Сайчух тера а ду.

– Тера хилла Ӏай-те? ХӀокхо-м, хьайчо санна, хада а во, – олуш, ластийна тур далийтина жаӀуьно.

Керла ваьллачу элан корта Ӏин чу керчина.

– Къонах стаг хилла и жаӀу! – хазахетта элира Цицкас.

Оццу хенахь, ши-кхо гӀулч хьалха некъ хадош, дехьаболуш боллура лаьхьа.

– Нажа, лаьхьа!

Некъ вон хир бу олуш дара, лаьхьано хадийча.

Кхин дош ала баккхийнаш кхиале, хьалхаиккхира жима кӀант, ластийна гӀаж йалийтира цо. Вон лазийна лаьхьа, чӀагарш йеш, сеттара. КӀанта кхин а шозза-кхузза гӀаж йалийтира. Лаьхьа дӀатийра.

– ТӀах-аьлла ву кӀант-м! – хастийра Цицкас, некъ а хадийна лаьхьа дӀацабахарна там хилла. Некъ товр ма бацара тӀаккха. – Корта бохабел цуьнан, корта.

[1] ГӀагӀ – чевнах дегӀ ларден гӀирс.

Лечас леррана маситтазза гӀаж туьйхира лаьхьанан коьртах.

– ХӀинца хӀоккхуза сехьабаккхал, – хьоьхура Цицкас. – Аркъалбаккха. Иштта. ДогӀанаш догӀур ду иштта битича.

Нажа а, Цицка а, там хилла, дӀаволавелира. Леча сих-сиха Кхокхега хьожура. Иштта хьуьнар долуш волу ша йоӀана гергахь вазвеллий-те, бохург дара коьртехь. Шена а хетара цунна ша воккха, йоӀа хасторе са а теснера.

– Леча, хьо хӀумма а ца кхоьру лаьхьарчех? – хаьттира цуьнан майраллех цецйаьллачу Кхокхас. ЧӀогӀа доккха дозалла а хетара цунна иштта майра накъост шен хилар.

– Дера ца кхоьру. Дийнна жӀуга уьш дуьхьалдевлча а кхералур вацара, сайн карахь гӀаж мел йу. Хьо кхоьру?

– Кхоьру, – къера хилира йоӀ. – Нагахь лаьхьий когех хьаьрчича, хӀун дийр дара ахь?

– Уьш когех хьан хьоьрчуьйтур дара!

Некъан цхьана агӀор хьун кхачайелира. Гучубелира жима боьра, басенца йевлла коьллаш а йолуш. Лаха чохь гӀовгӀанца доьдуш ламанан шийла хи дара.

ХӀокху лаьмнаша йукъаӀаьвдинчуьра сихха шерачу ара а даьлла, кхечу даккхийчу хинех дӀакхета сихделла и доьдуш, хетара.

– Цицка, жимма садаӀа вай?– хаьттира Нажас, ша хӀумма а кӀадвелла а воцуш, доттагӀчун могашалла дика цахиларна, цунна сагатлуш.

– Бакъахьа хир ду. Бай а бу кхузахь хаза баьлла.

– Леча, лаха чу а воссий, хи дохьуш воьл, – аьлла, букъа тӀехьа локхарх йиххкина кхозу туьта[1] схьайаьстира Нажас.

Леча, ларлуш, чувосса волавелира. НеӀар-мачаш шершара. Коьллийн гаьннех а тийсалуш, гуттар лаха охьавоьдура иза. ЦӀеххьана гӀовгӀа а, маьхьарий а хезира цунна. ЛадуьйгӀира. ХӀаъа, лакхара схьахеза.

Цхьаъ-м хилла цигахь. Хьалахьаьдира Леча – гуш хӀумма а дацара. Ткъа гӀовгӀанаш тӀаьхь-тӀаьхьа чӀагӀлора.

Кхокхин мохь беара схьа, кӀентан дагах чекхболуш:

– Ва-а, дада!

[1] Туьта – гӀабакхах йина пхьегӀа.

Леча, акха газа санна, маса хьалахьаьдира, хи а дицделла.

Лакха тIе хьалаваьлча, девзаш доцу адамаш гира цунна, шина декъе декъаделла, Нажий, Цицкий охьа а тоьхна, церан куьйгаш доьхкуш.

Лечас доггах ластийна цхьанна туьта йалийтира, кхечунна, тIе а хьаьдда, кегий буйнаш туьйхира.

– ХIе-хIе, Мокхаз! Хьажал жимачу турпале! – мохь туьйхира цхьана талорхочо.

Мокхаза, тIе а хьаьдда, схьалецира кIант. Сатта а сеттина, аьтто баьллачу Лечас куьйгах цергаш йоьхкира. Мокхаза, дукха цIеххьана цо иза дарна, дIахийцира кIант, тIаккха ластийна буй туьйхира. Леча охьавуьйжира. Кхечо сиха куьйгаш дехка долийра.

ГIа санна йегош, кхерайелла, йуьстаха лаьттара Кхокха, дан гIо а доцуш, йада са а ца кхеташ.

– Маржа-йаI, сан жималла! Кхузахь оьшура хьо суна массанхьачул, – бохура Цицкас. – Ас хоуьйтур дара кху жIаьлешна. – Куьйгаш мукъадаха гIертара иза, амма локхарша кхин а чIогIа къуйлура. – Стешха хIуманаш. КIиллош! ТIаьхьашха тIелатий бен дахьац! Йуьхь-дуьхьал а хIиттина лата ма ца даьхьа шу!

– Воха ма вохалахь, Цицка! – мохь туьйхира Нажас.

– Воьхна вац хьуна со-м, Нажа.

Куьйгаш дихкинарш когаш тIе хIиттийра. Мокхаза омра дира:

– Дуьйлало! Маса лела!

Талорхоша го а бина, дIабуьйлабелира уьш. Йоьлхуш йогIура Кхокха. Шен гIорасизаллех эхь хеташ, цуьнгахьа дIа ца хьажалора Леча.

Буьрсачу лаьмнашкарчу буьрсачу Болат-гIала дIадигира талорхоша йийсарш.

***

Кхоьлина лаьттара тIулгийн йаккхийчу экъанех доьттина тIе латта тесна лоха цIенош. Уьш иттех дара.

Йуххехь лаьттара шовзткъе итт дол[1] лекха хир йолу бIаьвнаш: чохь Iен а, ха ден а. Цхьайерш хIинца а йеш йара. Бухахь кор-неI

[1] Дол – пхьаьрсан голан тIера йуккъерчу пIелган буьххье кхаччалц йолчу йохаллин шира барам.

дацара, уьш йийсарш чохь дахко йитинера иштта. Цу чу воьдийла тIоьхуларчу цIийнан цIенкъахь дитинчу Iуьргехула йара.

ШолгIа гIатт[1] бахаман хьашташна хьажийна дара, кхузахь бара кхерч а, зIе а. ХIума а кхузахь йуура.

Вижар-гIаттар кхоалгIачу а, доьалгIачу а гIатташкахь дара, царна чохь бехара цхьаболу доьзалш. Кхузахь дара бIаьрг сирла ха лаьтта гIаролашна хьажийна цIа. ТIом бан дитина кегий кораш дара. Хьалаволу лами дечигах бина бара.

Болат-гIала йиллина меттиг кIоргачу Iино голатухучохь, Iаламо леррана йитинчу майданахь йара. Цуьнан и Iаламан къастамаш хиларна тиллинера и цIе. Малхбузехьа агIор кIорга Iин дара. Малхбалехьа, къилбехьа тIекхозуш лаьмнаш дара. Къилбаседехьахула цхьа некъ бара гIалина тIебогIуш, иза, дукха готта болуш, йух-йуххе а хIоьттина ши стаг валур воцуш бара. Некъ гIали тIе кхочучохь тIулгех боьттина лекха пен бара. ТIом иккхина меттиг хилча, чу цхьа а кхачалур воцуш, чIагIйинера гIала. Шаьш пена тIехьа дIа а левчкъина, пхерчий детташ, новкъахь гучуваьлларг вожо аьтто болуш бара Болат-гIалара бахархой.

Царна тIехь куьйгалла деш вара воккха стаг – баьчча Барза. Болат-гIалара бахархой, зударий, боьрша нах, бераш ца лерича, кхузткъа стаг гергга вара.

Хьалха уьш талла а оьхура, арахь мукх а боьра цара.

Зударша цIера гIуллакхаш дора, бахам лелабора, йуург йора, тIаргIа къажбеш, урчакх хьовзош диначу эхангех цхьацца машин тайпа а дой, цунах бедар тоьгура, бераш Iалашдора. ТIаьхьарниг-м уьш дузийчахьана чекхдолуш дара. Кхиаррий, цхьацца ннах кхетаррий баккхийчара лелориг тергалдарх Iемара берашна.

Иштта дара хьалха. Ткъа кху тIаьхьарчу хенахь талла эхар дIатесира. Талораш даррий, нахана йийсар даррий, уьш, ломал дехьа а дохуш, дохкаррий ламаст хилла дIахIоьттира. Шайна бахамехь оьшург ломал дехьара йахьара цара.

БIаьстенан малхехь цIийна хьалха Iара баьчча Барза, къежйеллачу можах куьг а хьоькхуш.

[1] ГIатт – кхузахь: тIекIелдина цIенош.

Хаьара Барзина, шен наха лелош долу талораш кхераме дуйла, амма дукхадезаро иза атта диццдора, дукха къахьега а ца дезаш, тӀе шортта дети а, деши а догӀу хӀума дара иза. ХӀоразза а кхуьнан нах адамашна кӀело йан боьлхуш, кхуьнан кӀентий а хуьлура цаьрца.

Берийн гӀовгӀанаш гуттар марсайевллачу хенахь йуххехь йолчу бӀаьвнан лакхарчу корера охьа мохь беара хаддаза лаьттачу гӀаролан:

– БогӀуш бу! БогӀуш бу! Йийсарш а ду далош!

Готтачу новкъа гӀали чу схьадалийра йийсарш.

Зударша а, бераша а уьйтӀе йуьзира. Барза, сих ца луш, тхов тӀера охьа а воьссина, паргӀатчу боларехь йийсаршна тӀевахара. Нажина вевзира иза, бӀаьрга тӀе бӀаьрг хӀоттийна хьаьжира – чӀогӀа хийцавелла воккха стаг. Схьахетарехь, дог а хийцаделла. Цхьана хенахь луларчу йарташкарчу бахархошца маьрша, хьошалла а лелош, Ӏаш ма вара иза. ХӀинца цунах хӀумма ца дисина.

Нажа вистхилира цуьнга:

– Барза, хьайн эхь-бехк хӀунда дайъина ахь? ХӀунда леладо ахь хӀара къилахь хӀуманаш?

– ДӀайукъа хьайн бага! – лаьттах Ӏаса туьйхира Барзас. И тайпа хабарш шен нехан дагах хьакхадаларна кхоьрура иза. – Хьан хьехамашка ладегӀа валийна вац хьо кхуза.

Цицка карзахвелира:

– Боьрша ван а вац хьо! Дош а ца лардели хьоьга, йуха а хӀара боьха талораш долий.

– Ас мотт схьабоккхуьйтур бу хьан!

– Эхь-бехк хӀун йу ца хуучу хьуна хӀун дара иза дан, – аьлла, гонаха лаьттачаьргахьа вирзира Нажа. – Аш хӀунда доьгӀу кху хьекъалх тиллачу стаге ла? Стаг шен къомана дуьхьалвалар вала де ду. Шайга жоп доьхур дац, моьтту шуна, халкъо?

– Сацайе хьайн бага! – шолгӀа а мохь туьйхира Барзас. Йуха шен кӀантехьа вирзира: – Мокхаз, дӀавига хӀара шиъ кхин йуха ца вогӀу волччу!

Мокхаза а, цуьнан накъосташа а тӀаьхьашха тоьттуш, дӀавигира Нажий, Цицкий.

Лечий, Кхокхий шайн дайшна тӀаьхьахьаьдира.

Цхьана талорхочо, схьа а лаьцна, сацийра и шиъ. Нажий, Цицкий йистерчу бӀаьвна тӀехьа вигира. Дукха хан йалале байн мохь хезира цигара схьа.

Мокхаз резавоцуш йухавеара.

– Дада, хӀунда дайти ахь и? Оха къа ма хьегнера...

– Хаьа суна.

– Вухкур ма вара вай и шиъ.

– И а хаьа суна. Ӏаьржа маж йерг кӀелхьарвер вара, мах а ца кхоош, цӀавоьрзур вара, тӀаккха вайна стелахаьштигал а кхераме хир вара. Суна вевзира иза. Ткъа цу цомгашчух башха мах а лур бацара. Чукхоьссин аш?

– Кхоьсси. Къайлавели Ӏин чохь.

– Бераш далор дика ду. КӀант вухкур ву вай. ЙоӀ гӀалахь йуьтур йу. Жимма денош а довлийтина, Гуьржех гӀур ву хьо, масех йиийсар эцна.

– Дика ду.

– ЙоӀ Месаше дӀало. И йолчохь йехар.

* * *

Диккачу ханна дӀасакъаьстира оцу суьйранна Лечий, Кхокхий. Йистерчу цӀенош чохь Ӏаш йолу Месаш йолчу йигира Кхокха. Леча йиийсарш дахкочу бӀов чу вигира. ШолгӀачу гӀаттан цӀенкъара неӀ а йиллина, чувоссийра иза. Леча дӀасахьаьжира, маьӀӀехь йол гира цунна, цигахьа а ваьлла, гӀап-аьлла, вуьйжира иза, дукха сецийна бӀаьрхиш охьадуьйладелира.

ЦӀеххьана лакха тӀехь гӀовгӀа хезира, йеллайелира неӀ, охьадисса дуьйладелира адамаш. Йалх вагарвира Лечас.

Цхьа хан йаьлча, вистхилира Лечина йуххехь охьалахвелларг:

– Тахана кхин а далийна йиийсарш.

– Далийна-те. Шиъ Ӏинах кхоьсси.

И дешнаш хезна Леча, мохь хьаькхна, вилхира:

– Дада-а!

Массо а Ӏадийира оцу озо. Ткъа Леча, воьлхуш, дега кхойкхура.

– Миска кlант, – Лечина гергахилира йуххехь хиъна Iийриг. – Велхарх хила гIо дац. Сатоха, кlант. Собаре хила, воха мегар дац. Хьо цхьаъ хилла ца Iа хIокху балехь. Гой хьуна, тхоьгахь а ду хьоьгара хьал, тхо а дац мукъа-маьрша.

– Хьуна-м хIун ду? – сонера схьахезира аз. – БIов йина майелли, хьо паргIатвоккхур ву.

– Хьо а теша оцу туьйранех?

– Пхьагала бохура. Шуьшиъ говза ши пхьар ву, бIаьвнаш йотта хууш. Барзас дош делла, боху, шуьшиъ дIахеца, БIовтIа.

– Безам бац сан оцу Пхьагалехь. Барзина дуьхьалхIотта кесткеста вуьгу иза. Цуьнгахула цхьаъ доцуш дац вайна тIехьожуш хилла Хьоза дIаваккхар а.

– БIов чу воьллина бохуш, дуьйцу.

– Шен вешин кIант а хьийзаво Барзас.

– Ден вешина дуьхьалваьлла, талораш лелор ца дезаш.

– Барзас вахкор ву-кх иза, маьрша ца волуьйтуш.

– Масех шаьлта вайн каракхачахьара.

– Цахиндерш ду уьш, БIовтIа.

– Хиндерг гур ду. Ша мел веха, ойла йан йеза стага.

– БIов сиха йолуьйтур йац вай йоьттина. Хан дIаэхийта йеза.

– Мел? Цхьана шарахь? Шина шарахь?

– Хьанна хаьа, деа шарахь а, пхеа шарахь а, – паргIат жоп делира БIовтIас. ТIаккха Лечегахьа вирзира иза. – Хьан жимма сатийна, моьтту суна, кIант. Хьо-м, схьагарехь, бакъволу къонах ву. Маса шо ду хьан?

– Iай шийтта кхочу.

– Баккъаллий? Хьо-м воккха стаг хилла. Муьлхачу йуьртара ву хьо?

– Малх-Арера.

– Йевза, йевза. Хилла со цигахь. Хаза меттигаш йу, адамаш а ду дика. ЦIахь мила висина хьан?

– Нана а, ваша а.

– Дера, шен вашас ваша кIелхьарвоккхур ма ву. Са ма гатде ахь. Вай а Iийр дац куьйгаш ваьшта а дехкина.

***

Сахуьллуш лаьттара, Леча керта ваьккхича. Схьадалийра кхин а ши йийсар. Лечина вевзира и шиъ.

Цхьаъ Куьйра вара – дукха онда жима стаг. Лечел тIаьхьа валийнера иза. Цо схьавалийнчу дийнахь дIахаийтира, ша болх бийриг цахилар. Шодмаш йиттира цунна, амма и йуха ца велира. Важа балхана пайде воцуш стаг вара.

Мокхаз коьртехь а волуш, веа талорхочо дIабигира уьш гот-тачу новкъа. Лекхачу, акхачу лаьмнашкахула Гуьржех боьдуш бара и некъ. Талорхоша садаIа сацийра. Чхараш йуккъехь майда а лехна, туп туьйхира.

Делкъал тIаьхье йара. Куьйра, цхьана чхарах букъ а тоьхна, охьахиира. ТIехьа дихкина куьйгаш чхарах хьаькхира цо, ира са карийна. Дукха хан йалале локхар хедира, куьйгаш мукъадевлира. Вукху йийсарех дIатосуш бихкина болу стомма бухка дIа а баьс-тина, дехьа йуьстахо хIума йууш бохкучу талорхошна ша гале, накъосташна гIо дан а ца хIуттуш, хьала а иккхина, дIаведира иза.

Эццахь талорхошна гира. Шиъ тIаьхьавелира цунна, важа шиъ хьаьрсаниггий, Лечий ларвеш сецира.

Талорхоша бевдда богтIушехь барт бира, ведда воьдург ла-цалур вац аьлла. Цхьабосса саца а соцуш, Iодмаш уьйзира цара, дIахийцира пхерчий. Цхьа пха, мох а хадош, ведда воьдучун лерга йуххехула белира, шок а тухуш. Важа букъах богIабелира. Веддарг охьавуьйжира. Талорхой тIекхиира.

– Сан пха бу! – дозалла деш, элира цхьамма.

– Бу-те. Вий ахь хIара. ХIинца цхьа а пайда бац кхунах. Чов йан йезаш хиллера. Дархо, эха мехах воьхкина а, дIавохкалур вара.

– ХIан, вало. ЧагIалкхашний, къийгашний хIума кхочур йу хIинца. – Талорхой вукхарна тIе йухабаьхкира.

Лечина чIогIа къахетара Куьйрех, цуьнан аьтто цабалар Iаьт-къинера. Ткъа важа, маж йерг, шен сих вогура.

Уьш геннахь къайлабевлча, йуххерчу хьуьнхара арайелира вир лаьллина йогIу зуда. Дукха хан йалале воьжна Iуьллучунна тIекхечира. Когаш тIе охьа а лахйелла, даге куьг диллина, ла-дуьйгIира цо.

ГӀийлла детталора дог. «Дийна ву», – хазахетта, садаьккхира зудчо. Сиха хьала а гӀаьттина, вир герга а йалийна, чогӀа ларвеш, цунна тӀевиллира цо дархо.

Виран йуьхь а лаьцна, меллаша дӀайолайелира зуда.

Гена йоццучу кӀотарахь Ӏаш хиллера иза. Цхьанна а дуьхьал ца кхета, некъ боцучухула га тесна, цӀа кхечира. Дархо такхийна чу а ваьхьана, йахана воккха стаг валийра зудчо. Бецашца дарбанаш лело хууш вара иза. Чов йила а йилина, тӀе цхьацца бецаш а йехкина, дӀайихкира воккхачу стага.

– Мичахь карийна хьуна хӀара, Ману? – хаьттира цо.

– Лахахьара чхараш долчохь. Йекъа дечигаш йан хьуьнха йаханера со. Новкъа дӀахьаьжча, геннахь гира суна йийсарш далош. Схьахетарехь, Нохчийчуьра дара. Доккха хӀума а ду хӀара-м, кхечара вайга схьакхуьйлу, вайчара Хонкара[1] кхуьйлу йийсарш. Маца дер ду-техьа хӀара, хьайбанаш санна, адамаш дохкар дӀа?

– Вайн элий севцча, кхузахь и лелор долуш цхьа а вацара. Уьш бу и дерриг лелориш.

– Къа ду-кх оцу жимачу кӀентан. Дех а, ненах а ваьккхина, кхуза схьавалийна.

ЦӀенкъахь кхекхаш тӀехь Ӏуьллучу дархочо меллаша бӀаьргаш биллира.

* * *

Синбилгало а йаржале гӀаттавора Леча. Кхул дуккха а баккхийчу лешца цхьаьна гуьржийн элан жа дажош вара иза. Стуно дехарца ийцира иза эло. Элан цхьа-ши йалхо воцург, вуьйш къинхетаме бара кӀантаца, хала белхаш а ца бойтура, буса жа лардар тӀе а ца дуьллура.

Лечина уггар халаниг дара Ӏуьйранна набарха валар. Хьала са а тасале гӀоттура, дӀа тӀаьхьа вуьжура.

Жимачохь Ӏемаш ма-хиллара, сиха гуьржийн мотт Ӏемира цунна. Бакъду, цуьнан хенахь нехан меттан дешнаш схьа атта лацахь а, кхузахь цунна гӀодийриг кхин цхьаъ а дара. Гуьржаша вирах вири олу, котамах – котами, ненах – нана, кӀиран чуьра

[1] Хонкара – Турци.

денош а догІу цхьаьна: кІира – кІвирри, шот – шабати, пІераска – пІераскави, иштта дІа кхидерш.

Дерриг а керла дара цунна кхузахь. Цкъацкъа шегахь долу хьал а дицлора цунна. Амма иштта меттигаш дукха ца йогІура. Шен мукъа нисйелла хан, геннахь гучу лаьмнашна тІе Іаьржа бІаьргаш а бугІий, къилбаседехьа дІахьоьжуш токхура цо.

Цкъа, диттах букъ а тоьхна, хиъна Іаш Леча волуш, шок а лоьккхуш, кхийса а луш, цхьа кІант веара цунна тІе. ТІекхачарца къамел долийра кІанта:

– Со схьакхечи-кх. Сан цІе Хвичо йу.

Леча ца кхеташ хьоьжура. Вукхо хаьттира:

– Хьо Лечо вуй?

– Ву.

– ХІинца дуьйна цхьаьна дажор ду вайшимма уьстагІий. Кертара эккхий со. Хьажал, – олуш, дІа а вирзина, цІен-сийна аьрцнаш тІехь букъ гайтира цо.

Цхьацца меттигашкахь детта цІий а дара гуш. Лечин дог Іаьвжира, и сурт гича.

– ХІун динера ахь?

– Божал чохь Іуьллуш цхьа у дара, тІехь хьостам а болуш. И дІадаккха, аьллера соьга. Ткъа со вицвелира. Оцу хенахь божал чу йалийра эло эцна керла говр. Когах и хьостам а бахана, тохайелира говр. И хезна, божал чу иккхинчу элана дерриг а гира... И-м дикахо а ду. Кхузахь тоьлашха ду кертахьчул. ХІинца дуьйна цхьаьна хир ву вайшиъ. Воккха стаг Иаго ма вац гуш?

– Тоьпан молха дан вахана иза. Буьйсанна берзалой хуьлу кхузахь.

Оцу дийнахь дуьйна Лечин, хьалха санна, са ца гатлора. Лерна тІера волчу Хвичоца доттагІалла тасаделира цуьнан, хІора денна чІагІлуш а дара иза. Лечин хеннара вара Хвичо. ТІах-аьлла, каде, кхетаме, цкъа дагадеанчунна тІера ца волуш вара иза.

Эла наггахь бен ца вогІура шен жега хьажа.

УьстагІех дерг дерриг а, кхечу жаІуйх санна, воккхачу стагах Иагох тешийна дара, ткъа бераш цунна гІоьнна деллера.

* * *

Йуьртах чувуьйлира кхо бере. Царах цхьаъ Куьйра вара, вуьйш – цуьнан ши накъост. Боккхачу балане вожийнера Болат-гlаларчара и шиъ а. Бlаьстенан хьалхарчу деношкахь, шаьш-шиннан ши сту а боьжна, дечиган нох а эцна, ваханера и шиъ. Делкъана хlума йууш, стерчий а лаьхкина, цхьана кулла йуххе охьахиира и шиъ. Мекхан хьокхамах цхьамма церг туххушехь, важа лаьтта вижира, шабарца накъосте хаам а беш:

– Талорхой!

Кулла тlехьара дlахьоьжучу шинна иттех стаг гира, аренца дlаса бlаьрг а бетташ, стерчашна тlеведда воьдуш. Гонаха аддам ца гина, цхьамма мохь туьйхира:

– Стерчийн да, вай хааделла, ведда вахана. Тlаьхьа орца кхиале, маса лахка стерчий!

Ши сту хьалха а лаьллина, дlабахара уьш. Ткъа стерчий долу жима ши стаг вехха Iиллира, вовшийн бlаьра хьажа ца хlуттуш, лаамаза охьакерча бlаьрхиш дlа а ца дохуш. Йоккха гlортор йара сту бахамехь. И боцуш висар доккха вон дара доьзалан дена.

Болар доьхна цlа вахара и шиъ. Кертахь массаьрга а дlахаийтира цушимма шайна баьлла бохам, и муха хилира а. Берриш карзахбуьйлура и ца тайна, амма гlовтта, тlехь ондда куьйгалла а долуш, талорхошна дуьхьалбовла хlумма а ца дира.

Герзаца къовлавелла аравелира стерчий дигина шиъ.

Дукха хан йалале Куьйра кхийтира царах. Иза а вара цlа кхаьчначу дийнахь дуьйна Болат-гlаларчарна бекхам бан ара-ваьлла. Цунах тхьамда хилира кхеран.

Куьйрина Лечин ненах кхета лиира уггар хьалха, цуьнан майрачух а, кlантах а хилларг цуьнан нахах дlатоха. Йуьртара йуьрта воьдуш, Лечин тайпанан нах хоьттуш, эххар а Малх-Аренга кхечира иза.

Новкъахь чкъургех ловзуш дохкура бераш. Говрашкахь берш тlекхаьчча, ловзар сацийра цара.

– Бераш, – элира Куьйрас, – хьанна вевза шуна Леча цlе йолу кlант?

Дист ца хилира бераш. Хьанна хаьа, хIокху девзаш доцучу адамашна дагахь хIун ду? ДIалелха кийчча лаьттара уьш. ЦIахь а аьллера кхаьрга цадевзачу адамех ларло.

Куьйрас йуха а хаьттира:

– Дукха хан йоццуш вайна Леча боху кIант вевзий шуна?

Берех уггар майра цхьаъ хьалхахьа велира.

– Вевза. Цуьнца Кхокха а, церан дай а байна.

– Байна-те, байна-те. Лечин нана мичахь Iаш йу?

– Хьуьллахь! – куьг хьажийра кIанта хьалха, лекха дитташ долчу цIенна тIе.

Береша говраш цигахьа дIайуьйлайалийтира.

ТIекхечира уьш гонаха серийн керт йолчу цIенна.

Ткъа чохь, оццу хенахь, хIокху тайпана хабар дара дуьйцуш:

– Нана, пурба лохьа суна новкъавала. Ца Iало со, йоI санна, кху цIахь хиъна. Тешна ву со, дада а, Леча а цу Болат-гIаларчара ваьхьана хиларх.

– ХIан-хIа, хIан-хIа, сан кIант. Мотт ца керча сан. Ма деха соьга иза. Хьо а вийча, хIун дийр ду ас?

– Со хIета-вета а вахаза Iийр вац, нана.

– Чалас-м ца Iамийна хьуна нанна дуьхьалвийла?

Хаьара нанна, хIун аьлла сацо веза кIант цIахь. И дешнаш гуттар а дуьтура цо тIаьхьалонна. Царна дало хIума а ца карадой, кIелвуьсура Лоьма. Чалас даим хьоьхуш дерг дара иза, бераша уггар хьалха да-нана лара деза бохуш.

ХIинца, Лоьма а ларвеш, кхоьруш йу нана.

ДIахиъннера цунна Полла талорхоша йадор, кIентан цуьнга безам хилар. Божабераша а, мехкарша а лачкъадо шайн безамах дерг дех-ненах. ГIиллакххехь дац.

Шен къайленаш кIанта доттагIчуьнга йуьйцу, йоIа – ша санначуьнга, цаьргахула хаьа дений, нанний шадерг.

Кертахь жIаьла летира. Лоьма аравелира.

– Жима къонах, цIахь йуй хьан нана? – хаьттира Куьйрас.

– Йу.

– Схьакхайкххахьа цуьнга.

ЖIаьла дIа а эккхийна, чоьхьаволавелира Лоьма.

Амма уьйтӀахь лераш хезна, нана чуьра арайелира.

Лоьма а сецира.

Къежделла чоьш чухтана кӀела хьулдеш, КуьйрагӀарна тӀейеара шуьйра коч йуьйхина къена зуда.

– Де дика хуьлда хьан,– элира Куьйрас.

– Диканца даьхкина хуьлда шу а, – жоп делира ненас. Сихделла тохаделира цуьнан дог, береша шен майрачух, кӀантах лаьцна цхьа хабар кхачийна-кх бохург дагатесна. Дукха чӀогӀа бала хьоьгура цо, царах хилларг ца хууш. Акхароша уьш хӀаллакбина боху хабар кхечира кхунна, амма дог ца тийшира, тӀе ца дитира даго. – Шу муьлш ду? Суна ма ца девза шу?

– Бехк бац цадовзарх. Тхо арахьара нах ду.

– Дуьло, чугӀур ду вай.

– ХӀан-хӀа, чу ца догӀу. Хьуна цхьа хабар дахьаш даьхкина тхо.

– Дийна буй уьш? Алийша! – кхиъна дог, схьаэккха санна, тохаделира ненан.

– Дийна бу, – сатедира цуьнан Куьйрас. – Амма мел къаьхьа хабар хиларх, лечкъо ца деза. Шуна а хезна хила там бу Болат-гӀаларчу талорхойх лаьцна. Церан карахь бу уьш.

– Ва-ла-лай, сан Дела! – мохь белира нене.

– Йохий ма хьовза, нана! Уьш цӀабоьрзур бу. Соьга хьажал хьо, со а вара цара йийсар дина вигина. Гой хьуна, могуш-маьрша ву. Уьш а бу иштта цӀа богӀур.

– Полла цӀе йолуш йоӀ-м ца гира хьуна Болат-гӀалахь? – хьаьттира Лоьмас, жимма нана дӀатийча.

– ХӀан-хӀа, ца гира.

– Иттех де хьалха лачкъийна иза.

– Ас Болат-гӀала дӀатесна ши бутт сов зама йу.

Хеназа хебаршка ихначу ненан йуьхь тӀоьхула охьакерчара хин даккхий тӀадамаш.

Ма-дарра хьал а дийцина, доьхначу тӀе а ненан дог дохо ца хӀоьттира Куьйра. Церан цӀийнах болчу боьршачу нахе дерриг дӀадийца сацийра цо. Цундела хьовзийра нанна гергахь иштта.

Цул тӀаьхьа элира цо:

– Шун тайпанан нахах кхета ма лаьара суна, царах дагавала цхьаццадолчунна тIехь.

Марваша волчу уьш дIаккхетор Лоьмина тIе а диллина, ша, йоьлхуш, мелачу хишца лулахо – Кхокхин нана – йолчу и ирча кхаъ эцна йахара иза.

Йуьртарчу гаттийчу некъашкахула майдана бигира Лоьмас хьеший. Цигахь жимачу хина йуххехь йара пхьоьха. Хьешашка маршалла хаьттинчул тIаьхьа воккхачу стага элира:

– Лаа-тара кхаьчний шу тхан кхуза? Муьлш, мичара ду шу?

Куьйрас жоп далале, Лоьмас элира:

– Ваши, хьо лоьхуш бу хIорш. Вайчех хабар дахьаш баьккина.

Лоьмас аьлларг хезна, пхьоьханахь мел верг хьешашна тIевогIавелира. Iаьржа маж йолу морзгалша йуьхь аьгна, амма безамехь Лоьмин ден ваша каде хьалагIаьттира боккхачу тIулга тIера.

– Хабар деана? Дийна буй хIорш?

Куьйрас цхьана йукъана мачийн буьхьигашна тIебуьйгIира бIаьргаш, жоп а ца луш. Берриш кхийтира, деана хабар къаьхьа хиларх. Хаза кхаъ беанарг самалхадолий хуьлу.

Цхьа а ца хIоьттира тийналла йохо хьалха.

Эххар а Куьйрас элира:

– Леча а, йоI а дийна ду. Болат-гIаларчара йийсар динера царах.

– Церан дай? – сихха хаьттира воккхачу стага.

– Уьш дийна бац. Дала гечдойла царна. Дала къинхетам бойла царах, – кадам бира Куьйрас.

Массо а тийна Iара. Корта охьабахийтина лаьттара Лоьмин ден ваша. Цхьа хан йаьлча, къора дийхира цо:

– Муха хилла и? Дийцахьа.

– Со а вара йийсарехь. Сайгахь ницкъ мел бу лийтира со царах. Амма, коьртах чхьонкар[1] тоьхна, вожийра со. ТIаккха, букъа тIехьа куьйгаш дихкина, дIавигира. Дуккха а дара цигахь йийсарш. БIов йуттуш бара уьш, белхаш беш. Ас болх бан дуьхьало йира. Суна йиттира, амма къар ца вира. Эххар сой, Лечий, кхин цхьа йийсаррий гуьржех вигира вохка. Суна тIе ирс хьаьв-

[1] Чхьонкар – тIеман гIирс.

зира – новкъахь вада аьтто белира сан. Бакъду, вукхарна гIо дойла ца хилира. Талорхой тIаьхьабевлира суна. Пха тоьхна, вожийра, тIаккха, со велла а лерина, дIабахара уьш. Гуьржийн зудчо, кара а вина, цIа ваьхьира со. Дарба лело воккха стаг а валийна, тавайтира. Бакъдерг ала деза, Лечех бIаьрг буьзира сан, шен шерашка хьаьжна воцуш, майра а, кхетам болуш а ву. Мичча вигарх, и цIа верза мега. Жима йоI Болат-гIалахь йу.

Дош аьлла а, йукъах ца ваьkkхира Куьйра и дуьйцучу хенахь. ЧIогIа лерина ладоьгIура массара а. Болат-гIалина гонахарчу йарташкара нах денна кхочучу хабарша марсабохура, оьгIазъоьхуьйтура. Цхьа а де ца долура хабар ца даьржаш, оцу йа вукху йуьртара йетт йа говр, оцу йа вукху йуьртара цхьаъ тIепаза вайна олий.

И шех хьакхадалаза волу хIора а IадIара, тIамца дуьхьал ца гIоттура. Бакъду, цкъа-шозза гулйелла тоба вовшахкхетта йахара Болат-гIаларчарна дуьхьал, амма цаьрга хIумма а ца даделира. Вовшахкхетар цхьа дайн долор тIехь хиллера, ондда куьйгалла дацара.

Ткъа хIинца деанчу хабаро дегнаш иракарахIиттийна, Лоьмин тайпана мел волчун (доккха тайпа а дара иза) дегнаш бекхамна дуьзна дара.

– Лоьма, – элира ден вашас, – маса схьагулбел вайн тайпана мел болу йуьртахой йукъара йай болчу! – тIаккха Куьйрехьа вирзира иза: – Оха дукха лийхира уьш, амма лар ца карийра. Баркалла шуна, тхуна и хаам барна.

Лоьма маса дIавахара, йуьртан туркхо санна, хIора керта мохь а бетташ, боьршачу нахе йукъара йай болчу кхойкхуш.

Гулбелира берриг божарий йукъара йай болчохь.

Дукхахболчара хилларг хоьттура. Хуучара дуьйцура хIинцца деана хабар.

Лоьмин ден вашас дийцира массарна а. Йуьртахоша, ла а доьгIна, сацийра: Болат-гIаларчаьрга къиза тIом хьебан а, тховса сарахь хIуй кхайкхо а.

ТIейеара суьйре. Йуьрта тIоьхула декаш даьржира, кертара керта оьцуш, детта маьхьарий:

– Ва-ва, хIуй гIолда Болат-гIаларчарна, цу боьхачу талорхошна!

Кегийчу наха, доггах Iодмаш уьйзуш, Болат-гIала йолчу агIор пхерчий кхуьйсура.

Iуьйранна, Лоьме дIа а кхайкхина, элира ден вашас:

– Хьада, кIант, тIаме ван луучуьнга йукъара йай болчохь гуллойла хаийта. Со а цига дIавогIу.

Дукха нах гулбелира. Йайна тIе хьалха вахара Лоьмин ден ваша. ЗIе схьа а лаьцна, дуй биира цо:

– Дуй боу ас, вайна кхача латтош, вайна дахар луш, ницкъ латтош болчу хIокху тIехь, Болат-гIала йохайаллалц, герз охьа а ца дуьллуш, тIом латто!

Берриш рогIехь тIеэха буьйлабелира, зIе схьа а лоцуш, дуйнаш буура цара.

Веана схьаиккхира цхьа жима кIант. Цо дийцира, йуьрта чу богIуш герзашца цхьа нах бу аьлла. КIант схьавеанчу агIор дIахьаьлхира карзахе кегий нах.

Дукха хан йалале йухабаьхкира бевзаш боцучу нехан тобанца. Царах воккхахверг хьалхахьа велира. Маршалла хаьттинчул тIаьхьа элира цо:

– Шун лула йуьртарчу наха дахкийтина тхо. Мел Iан деза вай Болат-гIаларчийн талораш ловш? Цхьаьний гIевттича, уьш бохалур бара вайга.

– Даггара реза ду тхо аш бохучунна. Тхо а гулделла оцунна хIокху йукъарчу йай тIе. Аьтто болийла вайн!

Iаса а луьйзуш, схьакхечира ТIелхиг. Йуьстаха лаьттара иза. Цунна тIе вахара Лоьмий, Налий. ГIиллакххехь хаьттира:

– Ког муха бу хьан?

– Тобелла богIу. ЧIогIа новкъа ду суна хIара лозуш, со а вогIур вара шуьца.

– ХIумма а дац. Тало. ТIаьхьа схьакхетар ву хьо.

Цхьанна а ца хааделира, майданахь кхин цхьа стаг гучу муха вели. Йайна хьалха гулбеллачарна йукъа а вахана, мохь туьйхира цо:

– ЛадогIал! ЛадогIал, нах! Ас мехала хабар деана шуна!

– ХIун хабар ду ахь деанарг, вевзаш воцу хьаша? – хаьттира цуьнга Лоьмин ден вашас.

– Болат-гIаларчу баьччас ваийтина.

Дарбелла кегий нах чухахкабелира. Баккхийчара совцийра уьш.

– Тхо ладугIуш ду.

Балгаш жимма майравелира.

– Баьччас, дIаала, бохура, нагахь аш къобалвеш, шайн баьчча веш ша тIелацахь, цо шен тIома кIел оьцур ду шу.

– Цуьнан дуьхьа хIун дан деза оха?

Балгаш ца кхийтира сийсазчу озаца диначу оцу хаттарх. Цо баккъалена а жоп делира:

– Йасакх лур йу, бехча, тIемалой хIиттор бу.

Шаьш цхьана а хьесапе цаларар хийтира Малх-Арерчу бахархошна и дешнаш. Цхьабосса маьхьарий девлира. Амма баккхийчу наха совцийра уьш хIинца а. Цхьана воккхачу стага, куьг а айъина, элира:

– ЛадогIал, геланча[1]. Хьо тхан йуьрта чу вулуш дагатесарий хьуна, бухарчу дуьнена кхача магар?

Балгаш вуьйхира. Иштта хаттар хIотта тарло бохург дагахь дацара цунна. Баьччас чIогIа тешийнера иза, йарташкара нах кхерабелла бу, уьш атта тIетовр бу бохучух.

– Ас... ас... ас сайга дIаала аьлларг деана.

– Бага а хIунда лейойту цуьнга? Корта баккха беза! – маьхьарий девлира.

Балгаш, ТIелхигах бIаьрг кхетта, лаамаза и волчухьа таьIира, цо гIо даккхаре догдохуш. Амма вукхо Iаса йалийтира:

– ЖIаьла! И санна дерг дахьаш ван муха ваьхьана хьо?

– Совца! – мохь туьйхира воккхачу стага йуха а. – Геланчина йетташ ца хуьлу. Иза нехан цIарах ву. ДIахаийта шайн баьчче, цунна дагахь дерг тхуна гIенах а ца гина. Хьажал хIокху тIемалошка. Шун гIала хьаьшна дIайаккха кечбелла бу хIорш. ТIаьхьа а ца тоьттуш, гIала дIатаса, ала. Цхьаннах а къинхетам бийр бац оха тIаьхьа. Кхетий хьо? Хьада, гIо.

[1] Геланча – машар бан гIерташ, йукъалелаш верг.

Балгаш теша а ца тийшира иштта атта ша кIелхьарваларх. Кхуза, Барзас кхерам ца теснехьара, ког боккхур боцуш вара. Iин чу кхоссарна кхеравелира. Ткъа кхуза веана, ца веана дIатоха кийчча бухахь Iаш ТIелхиг ма вара. ХIинца шена тIедиллинарг кхочушдина а вальла, йуьрта йистехьа волавелира иза.

***

ДIаделира йалх шо.

ТIах-аьллачу говраш тIехь ремана гонаха хьийзаш вара кхиъна вогIу жима ши стаг. Цхьаннан берхIитта шо дара, вукхуьнан – вуьрхIитта. Ший а Iаьржа цIена бедар а йуьйхина, когахь буьхьигаш хьалахьаьвзина маьхьсеш йолуш вара. Шиннан а йукъах кхелина шаьлтанаш йара.

Ши кIант андаваьлча, реме ваккха сацийра эло.

Рема хIинцале дикка стамйеллера. Дика дой доцург дош хеташ вацара эла. Ша волчу хьошалгIа мел веанарг, вадавой, рема гайта вуьгура цо. Ткъа шен леш Лечий, Хвичой, хьешашна беркъа[1] гойла ца лууш, дика вуьйхина лелавора.

Ши кIант, сатоссуш говраш тIе хуий, маьркIажан бода боьлча бен, охьа ца вуссура. Гиначунна моьттур дара, и шиъ нуьйрах дIалетта ву. Цкъацкъа говр хьовзош хIума а дора цуьшимма. Хаьхкина йоьддушехь охьаэккха а, йуха тIевала а, нуьйра тIехь ирахIуттуш, йуха коьрта тIе хIуттуш лела а Iеминера и шиъ, вовшашца къуьйсуш. Цара лелочух йоьлла, говраш а ца къесхкара.

Цкъа, цхьа гIуллакх хилла, йуьрта вахана веана Хвичо серий цIандан вуьйлира, тIера чкъор дIадоккхуш, шен мекарчу бIаьргашца кест-кеста Лече а хьожуш.

– Хьо хIун деш воллу? – хаьттира Лечас.

– Гур ду хьуна, – билгалза жоп делира Хвичос, жимачу шаьлтанца чкъор а хедош.

Серий цIандина ваьлча, шиъ Лечига белира Хвичос, шиъ шена битира. Цхьаъ беха, важа боца ши сара.

– ХIан, хIорш таррийн метта хир ду вайшиннан. Кхаьрца лата Iемар ву вайшиъ. ХIан-хIане! – олуш, беха сара хьалха а лаьцна, Лечина тIеволавелира Хвичо.

[1] Беркъа – бедарца тIехь тиша хилар.

Леча, цкъа собар а дина, йуха, ча санна, чухьаьдира Хвичона, серий а кегдеш.

– ХӀей! ХӀей! Собар! Собар! Ишта-х ца летий! Ахь дийриг хӀун ду, ва ча?

Леча, бехкалвахана, вела а къежаш, сецира.

Хвичо кхетош дийца волавелира:

– Ишта-х ца Ӏемий. Алал, хӀорш серий а доцуш, бакъдолу тарраш хилча, хӀун дийр дара ахь? Иштта чухьодур варий хьо?

– Вацара.

– И дагахь латтош, Ӏамал хьо. ХӀорш бакъдолу тарраш долуш санна латал хьо. Тахана элан бешарчу жимачу майданахь гира суна, эла а, цуьнца волу хьаша а Ӏемаш. ТӀаккха дагатесира суна, дера веза вайшиъ а иштта Ӏама аьлла. ХӀинца кхетий хьо?

– Кхета.

– ХӀета, иштта лата.

Схьаластийнчу сера кӀел сара тосий, и йухатухуш, тӀаккха ша ластош, Ӏама волавелира ши кӀант. Йуьхьанца каде дацара шиннан а хьийзар. Йухавалар а, тӀелатар а, дуьхьало йар а партал дара. ТӀаьхь-тӀаьхьа марзбелира шина кӀантана и синкъерам. Мукъа хан гуттар иштта Ӏемаш йоккхура цушимма.

Цкъа малх чубузуш шен хьешаца говраш хаьхкина схьакхечира эла. «Летарна» шовкъе хилла воллучу шина кӀантана хаа а ца велира иза. Эла, цара лелориг гина, оьгӀаз-м муххале а ца вахара, мелхо а, самукъадаьлла, велавелира.

– КӀентех-м, хьаха, хир бу дика тӀемалой! – элира цо.

Эццахь сацам бира цо бакъдолчу тарращца ши кӀант Ӏамо. Кхочуш а дира иза, оьшуш меттиг хилахь, дика тӀемалой сов хир бац бохург дагахь. Ткъа оцу ширачу заманахь тӀемашший, Ӏиттадаларшший элашна йукъахь кест-кеста хуьлуш дара.

Цул тӀаьхьа эла кхуза сих-сиха вогӀура, ремане хьажар тӀаьхьа а тоттий, ши кӀант Ӏамавора тарращца лата. Ша санна дика лата, тур лело Ӏамийра цо ши кӀант. Шинне цхьацца тур делира.

Цкъа цхьана сарахь тарращца Ӏемаш вара Хвичой, Лечий. Цкъа цхьаъ тӀелатара, тӀаккха – важа. Хвичон бӀаьрг кхиира Лечас цӀеххьана харц дуьхьало йича.

Цахаарна цо иза дина олийла йацара.

Хаьттира Хвичос:

– Лечо, стенан ойланаш йо ахь?

– Ца йо ас ойланаш.

– Суна дерриг а го, жима а вац. Вайшиъ, ши ваша санна, цхьаьна веха дуккха а хан йу. Хийцавелла хьо. Дийца, Лечо, хIун ду хьан садуург. Дийца, Лечо, дийца. Доьху ас.

– Бакъдерг аьлча, Хвичо, ойланаш дукха ма йо ас. Бахьана а ду уьш йан. Суна йиц ца йелла сайн нана, вийна да, бежана санна, схьа а валийна, со воьхкинарш а биц ца белла суна. ХIинца со жима вац. Айса-сайн гIайгIа балур бу соьга, суна хетарехь, гIора къовсалур дара соьга муьлххачу боьршачу стагаца.

Ван а вара Леча шуьйра белшаш а йолуш, нуьцкъала, махехь, догIанехь, малхехь вахчавелла[1]. Цуьнан нийсархойх наггахь волчуьнгахь бен ца хаалора иштта ницкъ. Элан реми йукъара муьлхха а говр сацайора цо, карс[2] кхуссий, ловзуш санна хсталуш.

– ЧIогIа сагатло сан, сайн цIа кхача лууш. Некъ цахаарна холчохь ву. Цхьа хIума-м билггал ду: со вина мохк дIо лаьмнашна дехьа бу. Со схьавалийна некъ бицбелла суна. И хаахьара, цхьа де доккхур дацара ас кхузахь. Хьо айкхвала а ца воллу, сан дагахь дерг эле дIадийца. Хьо хьо а вац маьрша.

– Цхьа хIума ала ас?

– Алал.

– Ший а гIо вайша шун махка?

* * *

– Вай садаIа охьахевшина дагадогIий хьуна? Со йуххехь нисвеллачу букъ тоьхна охьахиъначу чхоран сенаш, урс санна, ира хиллера. Цигахь мукъадевлира сан куьйгаш. Шуна гIо дан дагахь вара со, амма и жIаьлеш хьалагIовтта дохкуш а хилла, вада дийзира сан. Важа дерг хьуна хууш ду. Гуьржийн цхьана зудчо цIа ваьхьира со, дарбанаш лело хуу воккха стаг а валийна, то а вина, цIа ван новкъаваьккхира. ЦIа ван новкъа-

[1] Вахчавелла – кхузахь: ницкъана чIагIвелла.

[2] Карс – говр схьалоцу гIирс.

ваьлча, некъ буса бора ас, дийнахь хьуьнах вулура, экха санна, лечкъара.

Циггахь дуй биира ас, Болат-гIаларчаьрца тIом латто. Со дийна мел ву, герз охьа а дуьллур дац.

Йуьртара йуьрта воьдуш, кIотарара кIотара воьдуш, халкъ гIаттийра ас. Цкъа тIе а летира тхо, амма хIумма а ца даделира. ХIинца кIелонаш йо. Виъ вийна оха царах, тахана шиъ – аш а. И веддарг вара вен везаш. И коьртаниг ву, церан важа воккха стаг ца лерича. Вай дохка дигинарг и вара.

Иштта къамелаш а деш, Малх-Аре кхечира уьш.

Куьйра а, цуьнан накъост а вевзира йуьртахошна.

Лечий, Хвичой ца вевзаш, цушинга леррана хьуьйсура.

Лечин дог сихделла детталора, кийрара схьаэккха доллуш санна. Шайн цIеношна гергакхаьчча, говрара воьссира Леча, гIаш вахара. БIаьллинган керта йуххехь сецира иза, коьртара куй дIа а баьккхина, и хьаьккхна хьаьжа тIера хьацар дIа а доккхуш, керта бIаьрг кхарстийра. Цигахь, латта тIетесначу цIийнан IиндагIехь, хиъна Iара йоккха стаг. Иза Лечин нана йара.

Куьйрас, говрара каде охьа а иккхина, бIаьца йийра Лечига, вист ма хила олуш. Ша хьаьккхина керта вахара, йоккхачу стагана хьалха хIьоьттира, маршалла хаьттира:

– Де дика хуьлда хьан, Саруха!

– Диканца вехийла хьо а! Хьо вуй и, Куьйра?

– Ву-те. БIаьрса муха ду хьан?

– ГIаларташ хаадалар бен, хIума ца го.

– Лечина сагатдой ахь?

– Муха ца гатдо! И-м сан уггар жиманиг варий. Хьажахьа, Куьйра, кху тIаьххьарчу ненахь хаза гIенаш го суна. Тешна а, цIа кхача там бара сан жима Леча.

– Саруха, хIета, ас цхьа кхаъ баккха хьоь?

– Баккхахьа, Куьйра, цхьа хьо санна хазаниг!

КхидIа ца Iевелира Леча:

– Нана! – кхайкхира иза.

– Ва-а, Леча!

Йалх шо даьллашехь, ненан лерго схьалецира кӀентан хийцаделлачу озехь бевза мукъам. Аз, стамдаларх, ца девзаш ца дисира. Сиха хьала а гӀаьттина, хьалхахьа куьйгаш а кховдош, кхин цкъа а кхайкхира нана:

– Леча!

Ненан маракхийтира кӀант. Йекхайелира хебаршка ихна ненан йуьхь. Оцу сохьта охьахьаьдира дуьра бӀаьрхиш.

Дакъаделла куьйгаш хьоькхура нанас кӀентан коьрта тӀоьхула, йуьхь тӀоьхула, белшаш тӀоьхула. И куьйгаш кӀантана, месаш санна, кӀеда дара. Дуьйцийла йоцуш чӀогӀа йоккхайера, ирсах йуьзнера нана, кӀант маракъуьйлура цо, йуха а шегара и дӀаваккхарна кхоьруш санна.

Йерриг йурт гулйелира Леча цӀавеанчу, массара декъалйора нана, Кхокхин гергара нах а баьхкира.

Нана йеллера цуьнан.

Баккхийчара хоьттура Лечига, ломал дехьара нах муха беха, латта муха леладо цара. Шена ма-хаъара дуьйцура Лечас. ДоттагӀчунна тӀера бӀаьрг ца боккхура цо, сих-сиха хьалха дохкура дерстана жижигаш, кад бассалушшехь, ниха дуттура. Ма-хуьллу там бора. Шен цӀахь санна хеташ Хвичо а вара. ЦӀетоьхначу вешин хӀусамехь ма вара иза!

– Ва Леча, Шеме махкара цхьа а гирий хьуна?

– Ца гира. Бакъдерг аьлча, и хӀун мохк бу а, ца хаьа суна.

– Иза а бу, боху-кх, цу ломал дехьарчу мехкех цхьаъ. Цига а дукха адамаш кхийлина вайн кхузара дохка бохуш, хезнера суна.

– Дера кхуьйлур дацара, оцу боьхачу йохк-эцаршна дуьхьал дерриг халкъ гӀаьттича-м. КӀел хи кхаччалц, шех хьакхадаллалц вайх хӀора ӀадӀа, цундела кхуьйлу.

– Доллучу халкъах ала ца хаьа суна, амма дукхахболу гуьржий-м гӀевттина цу гӀуллакхна дуьхьал. Куьйгалла деш паччахь Соломон а ву. Цхьаболчара къайлах-м леладо и хӀуманаш хӀинца а, амма деха лелор дац.

Йуха а йукъавуьйлира Куьйра:

– Вайна йукъахь а лелор дацара, вай Болат-гӀалара жӀаьлеш совцийча.

– Дуй биъна ву со цаьрца тIом латто! – элира Лечас. – И Iалашо йолуш соьца Хвичо а веана!

Баккхийчара кхин цкъа а тIечIагIбира тохара дуьххьара Куьйра кхуза веанчу хенахь шаьш бина сацам: дийнахь а, буса а саццаза, бохийна дIабаххалц Болат-гIаларчаьрца тIом латто, церан бен, лаьттина меттиг ца йуьтуш, бохийна, дIабаккха.

* * *

Дошлойн йоккха тоба йара кIоргачу Iина йистехь. Дехьа агIор дIахьоьжура уьш берриш. Цигахь пхибIе дол генара гуш йара Болат-гIала. Цигара схьа шерра хезара берийн а, зударийн а аьзнаш.

– Ма герга а йу хьо, ма тIе а ца кхачало хьуна, – элира Куьйрас.

– ХIинца уьш а ца буьйлу, тохара санна, майра ара.

– ДIо дехьара шолгIа бIов йуттуш йийсарш ду, – гайтира Лечас, куьг а хьажош. – Мисканаш-йаI, ма бала бу цаьргахь.

Дехьара цхьаъ, Iина йисте а веана, буй лестош воллура. Белшах кхозу топ схьа а йаьккхина, и хьажийра Хвичос.

– Ца оьшу, – сацийра иза Чалас. – ДIакхочур йац. Молха кхоо деза. Кхузахь эца карош дац иза.

Хвичос охьайахийтира топ.

– Лечо, – элира Хвичос доттагIчуьнга, – тIелетча хIун дарате вай?

– И дан мегар дац, – тIе ца дитира Куьйрас. – Цунна тIебоьдуш цхьа готта некъ бен бац. ТIегIоьртича, хьалха-тIаьхьа хIиттина бен гIойла йац. ТIаккха цара вай дерриш а охьадохкур ду.

ХIинццалц вист ца хуьлуш Iара Чала. И вистхилча, массо а дIатийра.

– Цхьаъ ду суна дагадеана. ХIилланций, чIогIа ларлушший хьовза деза вай. Бакъду, кхераме-м ду, делахь а, дика чекхдериг хиларх теша со. Далур доцуш хIума дац, доггах хьаьвзича.

– Алал, Чала, алал. Тхо хIуманнах а кхералур долуш дац.

– Хаьа суна.

– Алал хIета.

– Шуна йукъахь дуккха а бу ас кхиийнарш. Хаьа суна. ДIора шолгIа бIов йийсарша йуттуш йу, боху аш?

– Йу-те.

– Йийсарш гІовтто деза вай. Вай кхузарий, цара цигарий цхьабосса тоьхча, аьтто бер бу вайн.

– Йийсаршна тІе муха кхачалур ду вай?

– Далур доцуш хІума дац, ма элира ас. Вайх цхьаъ йийсаре ваха веза. Шен лаамехь.

Берриш а дІатийра. Чалас и эр ду, цхьанна а ца моьттура. Герз а карахь йийсаре муха гІур ву? ХІан-хІа, Чала бакъ вац цу тІехь. Къанвелла-те хІара? Леташ валар тоьлу, йийсаре воьдучул, баьхнарг хІара ша ма вара.

– ТІаккха, дІа ма тийна шу? ХІета, со со вахаза вер вац.

– ХІан-хІа, хІан-хІа, Чала! – сихвелира Лоьма. – Дан дезарг хІун ду, хьехал. Со гІур ву.

Велакъежира Чала.

– Дан дезаш хІумма а дац. БІов йуттуш пхьар ву, эр ду ахь, хьо. Цара шаьш дІавуьгур ву хьо. Ткъа цигахь тхоьгара цхьа хаам кхачаре хьоьжуш Іийр ву. Иза цхьаъ ду. ШолгІа, уьш гІали чуьра, мелла баьхна а, арабахар ду. Иза оха дийр ду. Со гІалат вацахь, дІо бийна мукх цу талорхойн бу. Черчийн цІоканаш шайна тІе а оьзна, йалта хьеша гІур ву кхо-виъ. Іелур бац гІали чуьранаш, и сурт а гуш. Арахьовдур бу. ТІаккха вай царна шайн хьакъ дІалур ду. Кхетий шу?

Резахилла, «гІугІ» гІаьттира гонаха.

– Чала, со ваха мегар дуй Лоьмица? – хаьттира Налас.

– Мегар ду, – парггІат жоп делира Чалас. – Амма, аьтто ца балахь, хьайна хиндерг диц ма де.

– Цунах ийзалуш вац со.

– Дика ду хІета. Схьало шайн герз, говраш. Тхо дІагІур ду, шуьшиъ царна гуччехь саца, дІо лахахьа а валий. Цара шаьш, схьа а баьхкина, дІавуьгур ву шуьшиъ. Виц ма лолаш: черчий йалта хьеша йуьйла ма-йелли, тІелетар ду шу. Кхеташ дуй дан дезарг?

– Ду.

Лоьмий, цуьнан накъосттий бухависира. Болат-гІаларчарна гурриг аьлла, меттиг а лехна, Іина йисте охьахиира и шиъ, чу ко-

гаш а кхозош. Лоьма Поллин ойла йеш вара, ша цунна тIекхочург хиларх тешна.

Ца хаьара цунна, иза хIокху Iин чохь, дIо лакхахьа, тархана дехьа, йийсарехь йеллийла.

Малх лаьмнашна тIебазбелира. Хан дIаоьхура, амма цхьа а вацара гучуволуш хIара шиъ дIавига.

– Сацал. Хьуна хIумма а хезий?

– Хеза, – меллаша жоп делира Лоьмас.

ТIехьашха тебна богIура талорхой. ТIаккха, цхьабосса тIебет-табелла, Iина йистера дIатакхийра цара ши доттагI.

– ХIей, хIей, аш хIун до? – оьгIазвахана, мохь туьйхира Лоьмас. – Маьрша адамаш стенна хьийзадо аш? Эхь дац хIара?

Вуьйш, бист ца хуьлуш, хIара шиъ вехка буьйлабелира.

– Аш хIун до? – бохуш, моттаргIане дуьхьало йора Налас.

– Кестта хуур ду шуна. ЧIогIа вехкалаш, – омра дира цхьамма. Иза Мокхаз вара. Йуьстаха лаьттара иза, лазийна пхьарс могушчу куьйга схьа а лаьцна.

БаIас Iина йистехь садоIуш Iаш ши стаг го шена аьлла, бIовн корера мохь тоьхна, Мокхаз, шен нах а гулбина, сиха гIалех аратилира. Ша йукъахь а воцуш йийсарш далор дезаш вацара иза. Кхечун сий хьаладаларна, цIейахарна кхоьрура. Чов йирзина йоццушехь, схьахьаьдира.

– Шаьш хIун адамаш ду мукъана, дийцийша, – дийхира Лоьмас.

– Мичара, хьуна, адамаш, – сийсаза кхоьссира Налас.

– ДIо гIалин дай ду тхо. Болат-гIала йуьйцу хезний шуна?– деза хьаьттира Мокхаза.

– Ой, и-м дика ма ду, – хазахетта сурт хIоттийра Лоьмас. – Тхойшиъ вара ойла йеш, шуна тIе муха кхочур вара-те бохуш. Шун цигахь йуттуш бIаьвнаш-м йац?

– Йу.

– Тхойшиъ болх лоьхуш лелаш ву. Со бIов йуттуш пхьар ву, хIара сан гIоьнча ву. Ма дика ду тхойшиъ шуна тIе нисвелла. Вигал тхойшиъ шайн тайпанан баккхий нах болчу.

– Хьо пхьар ву?

– Болх-м шуна бан тхан шортта болуш бу.

– Барза а реза хир ву хIинца. ХIан, дуьло!

* * *

Барзас диллина де тIекхечира, дIахIоьттира ловзар. БIовна хьалхарчу майданахь деш халхар дара.

Оцу дийнахь балхах мукъадитинера йийсарш а. Уьш цхьана бIов чохь дIакъевлинера. Шортта йуург а, ниха а деллера царна. Комаьрша ваьллера Барза тахана.

Йийсарша хIума йиира, амма нихех къурд ца бира.

Шайн керлачу накъосташкара – Лоьмерий, Налерий – хааме хьоьжуш Iара уьш. Кхокхега а дIахаийтина цара ден дерг.

Боккхачу чхара тIехь хиъна Iара беркъа заьIап стаг, беснеш а йусош, зурма лоькхура цо. Божарша тIараш деттара зурманца далош. Барза цхьана оти чохь вара Балгашца. Iин бухара хи санна, ца кхоош, дуттура ниха массарна а.

Йийсарша барт бинера, арахьара хаам ца кхачахь а, тахана гIовтта. Собар кхачийнера БIовтIин а, хIинццалц ша вуьйш сецош хиллехь а. Дукха хан йаьллера и кхузахь йийсарехь волу. КхидIа ца лалора цуьнга шайна тIехь латто сийсазалла.

Кхокха кхечу оти чохь йара, тIе цIена бедар а йуьйхина. Сема ладоьгIура цо арарчу гIовгIане, ша паргIатйоккху йолу хан тIекхачаре сатесна. Цхьа Мокхаз вара ловзарх самукъа ца долуш. Халхабуьйлучарна йуьстахо лаьттара иза, бIовнах букъ а тоьхна. Шен дена дуьхьалвала ца хIоьттира Мокхаз, доллучу тайпано неIалт кхайкхорна кхоьруш. Iадато йийсар бина бара цуьнан кий-ра. Кхечо Кхокха шена йерзош хIара ловзар хиллехь-м, шаьлта йукъайоккхур йолуш вара иза.

Кхин цхьа стаг а вара ловзарх самукъа ца долуш.

Иза баба Месаш йара. НеIсагIехь охьа а хиъна, геннара схьа-хьоьжура иза. Кхокхех къахетара цунна, хIинций-хIинций цхьа доьхнарг хуьлу-кх бохуш, ладоьгIура.

Лаа ца даьхьана Кхокхас дечиган мукъ болу доккха урс. Иза йоIа четахь, куча чухула, дIалачкъош гира йоккхачу стагана. Миска-йаI, ша шена тоха йоллу-кх иза! Хьанна хаьа, и цунна тоьлуш хила а мега.

Боккхачу гонна йукъахь халхаволуш вара жима стаг.

ЙоӀана хьалха когабуьхьар хӀуьттуш, накъосташна хьалха бухь боьгӀуш, даьндарг санна, хьийзаш, цкъа цхьаъ, тӀаккха важа гола бетташ, халхар дора цо. Вехна хилар хоуьйтуш, сонта велакъежар дӀа ца долура цуьнан йуьхь тӀера.

– ГӀулгаш вовшахккхетийта! ГӀулгаш! – мохь туьйхира лакха бӀов тӀера корехула нийсса ах ара а къедда охьахьоьжучу Гомас.

Халхавуьйлург кхин а чӀогӀа дӀасатохавелира, мохь хазаре хьоьжуш Ӏийча санна. Хуьнжарх кхозуш дара гӀулгаш, халхаволуш уьш вовшахккхетийтинарг бӀаьрла[1] халхарча лорура.

Лахара хьала гӀароле мохь туьйхира цхьамма:

– Хьо мичахь ву, дицделла хьуна?

– Ца дицделла.

– ДӀасахьожуш хила!

– Са ма гатде аш. ХӀара масех де ду гонаха цхьа а ца хаало. Цхьа кад ниха дайитийша суна!

– Хьуна мала мегар дац.

– Цхьаъ маларх хӀумма а хир дац. Со Ӏаш сахьийза сан.

– Хьо гӀаролехь ву. Хийцавелчахьана, мер ду ахь.

Доккха са а даьккхина, резавоцуш йуха а хилла, дӀасахьаьжира Гома. Дукха маса вукху коре хьаьдира иза, хьажа тӀе куьг а диллина, леррина дӀахьаьжира шайн мукх бийначу ара. ТӀаккха мохь туьйхира:

– Орца дала! Орца дала!

Лоькху зурма, детта тӀараш, синкъераме маьхьарий севцира. Моза боьду хезар долуш, тийналла хӀоьттира гонаха. Мохь хезна, аравелира Барза.

Кхайкхира иза:

– Во Гома!

– Вай!

– ХӀун хилла цигахь?

– Вайн йалташ хьоьшуш черчий йу!

Кхин хӀумма а доций хиъна, паргӀат садаьккхира массара а.

– Маса йу?

[1] БӀаьрла – хаза, тамехь.

– Кхоъ!

– Гуш кхин хIумма а дуй?

– Дац!

Баьчча гонаха болчаьргахьа вирзира:

– КIентий! Маса лелалаш! Йалта хIаллакдайта мегар дац. Черчийн цIоканаш а хьашт хир йу вайна.

Ниха мийлина кеп хиллачу кегийчу наха схьаийцира шаьлтанаш, Iодмаш. Самукъадаьлла, маьхьарий а детташ, гIалех аратилира уьш. Ца Iебелира баккхийнаш а.

ГIаролна а пурба делира Барзас черчий йайа ваха, ша бIов чухула хьалавелира.

Уьш иштта карзахе дIасахьийзаш, хан эрна ца йайъира Лоьмас, Налас. Ларлуш, вахана бIов чу а ваьлла, тIоьхула тIечIогIучу неIаран гIораш дIадехира цушимма. Дерриг йийсарш (иттех стаг вара уьш), чудоьхкинчуьра хьала а девлла, лами тIоьхула охьадиссира, тIаккха бIовна арахьарчу неIарехь дIатийра.

Черчий парггIат йалта хьоьшуш йара, дIасалелара.

Маьхьарий а хезна, цкъа севцира уьш, йуха, тIаьхьарчу когаш тIе а хIиттина, йум эцна йуххерчу хьуьнха йахара. ТIаьхьабевллачара геннара пхерчий кхуьйсура.

Оцу хенахь хьуьн чохь волчу Чалас топ йалийтира. Иза массарна а тIелата белла хаам бара. Черчашна тIаьхьабевлларш, боьхна, севцира. Доза дан а дацара церан цецбовларан. Кхаа ченах кхо стаг хилира, цIоканаш охьа а кхийсина. Лечий, Хвичой, Куьйрий вара уьш кхоъ.

ЦIеххьана дагабевлла цхьаболу талорхой гIала йухахьаьвдира, амма ткъех дол генабовлале, цигара некъ бихкира дошлоша. ГIала боьду некъ къевлинера.

Аьтту агIор хьуьна чуьра арайелира кхин цхьа тоба.

Го бинера талорхошна. Царна йукъахь Мокхаз а вара, шен чов йерзаза йоллушехь веана. Берриш а богIуш хилча, араваьлла Балгаш а вара. Аьрру куьйга йеха шаьлта а лаьцна лаьттара Мокхаз. ДIаса а хьаьжна, сацийра цо гIали чу некъ баккха.

– Схьа тIаьхьахIитта суна! – аьлла, мохь а тоьхна, шаьлта лестош, дошлочунна чукхоссавелира иза.

Бевдда боггIушехь, пхерчий кхоьссина кхо-виъ дошло чов йина вожийра талорхоша. Жимма майрабевлира уьш. Хаьара тIаьхьара хан тIекхаьчнийла, шайна гечдийр доцийла. Цундела дера летара. Амма царна дуьхьалбаьллачу бIоца берш а бацара йухабовла дагахь. Дукха хан йара цара иштта меттиг лоьху. Буьйлабелира уьш вовшийн ата. Кхузахь ийшира Лечиний, Хвичоний тохара лата Iамар. Ткъес санна лепара цушиннан тарраш. Цоьстуш, эгабора талорхой. Куьйрий, Мокхаззий дуьхь-дуьхьал нисвелира.

– ХIинца-х вер ма вац хьо! – олуш, доггах шаьлта йалийтира Куьйрас.

Мокхаз, хадийча санна, охьавуьйжира. ТIаккха йуьйхира вукхеран дуьхьало. Балгаш нийсса гIалина бIостанехьа болчу новкъа ведда кIелхьарвала вуьйлира. Амма говрахь тIаьхьаваханчу цхьамма вожийра иза а. ТIеман аре охьаэгначу декъех йуьзира.

Тохара, топ ма-йелли, мохь туьйхира БIовтIас:

– Же, кIентий, дика хьовзалаш!

БIов чуьра ара а лилхина, карабеана тIулг, хьокха а эцна, бIаьрг-негIар тухучу йукъана тIелетира уьш хIумма а дагахь доцуш Iачу Болат-гIалахь бисинчарна. Дукха хан йалале йийсарийн карахь къега йеврила схьайаьхна шаьлтанаш.

Зударий а, бераш а левчкъира. Вукхара, боьхна, гIийло бен, дуьхьало а ца йора.

Говрашкара биссина дошлой гIали чу хьаьлхира.

Массарал хьалха вара Лечий, Куьйрий, Хвичой. Цхьа а дуьхьало йоцуш гIали чу кхечира уьш, отеш чухулий, бIаьвнаш чухулий дIасабаьржира. Цхьана оти чуьра арайедира жима зуда. И гина, сецира Леча, леррина хьаьжира цуьнга. Зудчунна а гира кIант, иза а сецира. Вовшийн газа дукха хан йаьллехь а, девзира цушинна.

– Кхокха!

– Леча!

Эццахь лакха бIов тIера охьабеара шакарца мох хедош пха. Кхокхина некха тIе кхийтира иза. Кхокха, бос а баьхьана, кхерайелла, горайуьйжира. И дерриг гина, лакха хьалахьаьжира Хвичо, тIаккха, хьажа ца йеш, топ йалийтира цо. КIур дIасабаьржаш

цу йуккъехула гира цунна: карара Iад а доьжна, пенах кадетташ воллура воккха стаг, йуха корехула аратаьIира иза, тIаккха оцу буьххьера Iункар чу а веана, лаха тIулгаш тIе кхийтира.

Цул тIаьхьа хьаьжира Хвичо Кхокха горайоьжначу агIор. Лечина хьалха лаьттара йоI, йела а йоьлуш бIаьрхишна йуккъехула. Цуьнан карахь дара, пха кхетта меттиг а гуш, дечиган мукъ болу доккха урс.

Иштта йуьйжира Болат-гIала.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

I.

1. Муьлха зама йу повеста тIехь йуьйцуш йерг?

2. Ша кхиийна бераш шайн дайша цIа дигале, цаьрга хIун дойтуш хилла Чалас? ХIун тайпа хьуьнарш гойтуш хилла цара?

3. Стенга боьлхуш хилла НажагIар? Новкъахь хIун тешнабехк бира царна талорхоша?

4. Муьлш хилла талорхой, хIун ницкъаш беш хилла цара маьршачу нахана?

5. Шаьш йуьртах арабовлале, майданахь кхозучу тайпанан йай тIе хIунда бахара НажагIар?

6. Мича меттехь хилла Болат-гIала? И тайпа цIе хIунда тиллина хилла цунна?

7. ХIун Iалашо йолуш йийсар деш хилла маьршачу нахана талорхоша?

8. Болат-гIаларчу бахархоша шайн дахар хийцаран хIун бахьана ду?

9. Талорхойн баьчча Барза муха стаг ву? Барта хIоттаде цуьнан васт.

10. Шаьш йийсаре лоьцуш НажагIара муха гайтира шаьш?

II

1. Гуьржийн махка муха кхечира Леча?

2. Лечий, гуьржийн кIант Хвичой хьан вацош хилла, реми тIе а хIоттийна?

3. ХIун Iалашо йолуш лата Iемаш вара Лечий, Хвичой? Церан Iалашо кхочушйарехь царна гIо деш мила хилла?

4. Лечин сагатдийриг хIун дара, хIун ойланаш йора цо?

5. ТIаьххьара а хIун дан сацийра Лечас, Хвичос? Хьенан гIоьнца? Хвичона хIунда лиира Лечица цхьаьна вада?

6. Йуха а деша Лечина ша вина йурт, нана дагайарах лаьцна долу могIанаш. ХIун дог-ойла кхуллу повестан оцу меттигаша?

III

1. Куьйра Малх-Аре кхачаран бахьана дийца.

2. ХIун сацам бира Малх-Арарчу бахархоша Куьйра шаьш долчу веанчул тIаьхьа?

3. Барзас вайтина геланча тIе муха ийцира йуьртарчу наха? ХIун аьлла вахийтира иза цара йуха Болат-гIала дIа?

4. ХIун кхаъ баьккхира Куьйрас Лечин нене? И кхаъ муха тIеийцира цо?

5. Барта дийца Лечий, цуьнан наний вовшахкхетарх лаций. Текст тIера и могIанаш, схьа а лахий, йуха дIадеша.

IV

1. Болат-гIалин гонахарчу бахархойн собар кхачийнарг хIун дара? ТIаккха хIун сацам бира цара?

2. Муха аьтто белира Чалин Болат-гIала йаккха?

3. Говзачу хIиллано хIун кхоьллира талорхошна йуккъехь?

4. ХIун ловзар дара Болат-гIалахь? Кхокхин маьршайалар муха хилира?

5. Дийца, муха йаьккхира арара тIелеттачарий, чохь гIевттинчу йийсарший Болат-гIала.

6. Болат-гIала йожаран хIун бахьана дара?

7. Муха хийти шуна хIара повесть? ХIун ойла кхоллайалийти цо шун?

8. Произведенин коьрта маьIна хIун ду?

9. Схьакъастайе дустарийн, эпитетийн, метафорийн гIоьнца хIиттийна предложенеш, васташ гойту билгалонаш.

10. Повестехь Iаламо дIалоцучу меттигах лаций дийца. Даладе масалш.

**Йешначух ойла йе вай**

1. Муха хийти шуна шаьш йешна йолу Гайсултанов Iумаран повесть? ХIун синхаамаш, ойланаш кхоллайалийти цо шуьгахь?

2. Повестан муьлха турпалхо ву шун даго къобалвийриг? Дийца, хIунда.

3. Повестан турпалхо мила ву? Шайна хетарг бакъде.

4. ХIун ду Лечин, Хвичон кхолламехь, амалехь цхьаьнадогIург, къаьстарг?

5. Школаш йоцучу хенахь береш кхетош-кхиор мича кепара дахьош хилла вайн дайша?

6. Чалин амалехь шуна дика хетарг хIун ду?

7. Авторан Куьйре болу хьежам муха бу? Текстах пайдаэцарца течагIде шайн жоп. Шуна муха кIант хета Куьйра?

8. Кхокхин амалехь шуна товш дерг хIун ду?

9. Талораш дар кхераме доллушехь, Барзас дIа хIунда ца тосура и гIуллакх?

10. Повестехь дийцинарг исторически бакъдолчуьнца догIуш ду аьлла, хетий шуна?

### Повестан исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Повестан сюжет муха йу? ХIун ду цуьнан бухехь дерг?

Повестан сюжетан дIахIоттаман коьрта дакъош билгалдаха: йолор, хиламан кхиар, кульминаци, йерзор.

2. Шуна хетарехь, хIун гIуллакх кхочушдо произведенин дIахIоттамехь хиламаша: НажагIарах йийсарш бар; Болат-гIаларчу бахархойн дахар; Леча гуьржийн махкахь; ловзар.

3. Шуна хетарехь, хIун ду «Болат-гIала йожар» повесть халкъан барта кхоллараллина герга йалориг? Шайн жоп текст тIера масалшца тIечIагIде.

4. Тидам бе Барзин къамелан. Говза хаьржинчу лексикин гIоьнца автора цуьнан кIоршаме хилар, адамашка цавашарца хьежар муха гайтина, тидам бе. И оьгIазе, оьзда воцу стаг санна, гойтий цуьнан къамело? Шайна хетарг тIечагIде текст тIерачу масалшца.

5. Повестехь тIебазбелла бала, гIайгIа, сингаттам хаало. Мича кепара кхочушдаделла иза авторе? Схьалаха цу тIера и тайпа масалш.

6. Iаламан суьрташ цу хенарчу дахарца догIуш хетий шуна? Делахь, масалшца бакъде шайна хетарг.

7. Повестехь исторически бакъдолчуьнца догIург схьалаха. «Болат-гIала йожар» исторически повесть хилар муха тIечагIдо оцу масалша?

### ГIиллакх-оьзданаллех дийца вай

1. Повестехь гайтина талораш деш, маьрша нах дIалоьцуш, уьш дIабухкуш, царах шайна бахам бина Iаш болу нах. И ирча бакъдерш кху тIаьхьарчу хенахь вайн махкахь а билгалдевлира. Шуна муха хета, вайн къоман гIиллакхашца, ламасташца догIуш дуй адамо адамна ницкъбар, йийсарх пайдаэцар?

2. Бераш кхиош Iамийначул тIаьхьа, царна хIун Iемина хьовсуш хьуьнарш къовсар дIахьош хилла. Повестехь цу хьокъехь иштта аьлла: «ХIора хьуьнар къовсар хьоьжуш болчара, йукъабевллачийн дай боцчара, маьхьарий деттарца дIахьора». Хьуьнар къовсуш болчеран дайша маьхьарий цадеттаран хIун бахьана ду, дийца.

3. Шен ваша Леча кIелхьарваккха Болат-гIала ваха гIерта Лоьма, нанас, цхьа дешнаш а олий, сацавора хIоразза. Чалас берашна даим хьоьхург муьлха синмехалла йара? Аш муха кхочушбо и хьехам?

4. Вайн гIиллакхашца догIуш дац безамах дерг дега-нене хаийтар. Шайн къайленаш хьаьнга йуьйцу кIанта, йоIа?

### Вайн мотт кхиабо

1. Текстехь шозза *буьрса* билгалдош далийна автора. Дийца, хIун маьIна ду цуьнан оцу шина а меттехь: «Буьрсачу лаьмнашкарчу буьрсачу Болат-гIала дIадигнра талорхоша йийсарш».

2. Талораш дечу нахана хIуй кхайкхорах кху кепара аьлла повестехь: «Йуьрта тIоьхула декаш даьржира, кертара керта оьцуш, детта маьхьарий:

– Ва-ва, хIуй гIолда Болат-гIаларчарна, цу боьхачу талорхошна!»

*Декаш даьржина* дешнийн цхьаьнакхетаро хIун маьIна ло кхайкхамна?

3. Вайн махкахь даьхначу адамийн ширачу дахарх лаций дийца.

**Шуна, хIума довза луурш**

XVI–XIX бIешерашкахь Къилбаседа Кавказехь маьрша нах, йийсарш бой, Хонкарахь, кхечу мехкашкахь дIабухкуш меттигаш нислора. Царна йукъахь бераш а хуьлура. ТIаьхьо царах тIемалой бора.

## «БОЛАТ-ГIАЛА ЙОЖАР» ПОВЕСТАН ХЬОКЪЕХЬ

Повесть дийцар тIехь болчул а алсам хиламаш а болуш, стеган дахарх гIеххьа боккха мур а гойтуш йолу произведени йу. Нагахь санна дийцар тIехь стагана тIеIоттаделла цхьа гIуллакх дийцахь, повестехь и санна долу хIума масех гIуллакх дуьйцуш хила тарло. Турпалхой а масех хила тарло повестехь. Цундела повесть шен барамца дийцарал йоккха хуьлу. Масала, Гайсултанов Iумаран «Болат-гIала йожар» повестехь дуьйцу Лечас шен шийтта шо къаьччахьана дуьйна кхиъ-навалла лелийна гIуллакхаш, цуьнан дахарехь Iиттаделларш: иза йийсар дина вигар, Гуьржех вохка вигар, лоллехь цо йаьккхина хан.

Гайсултанов Iумаран «Болат-гIала йожар» цIе йолу повесть зорбанехь арайаьлла 1959-чу шарахь.

Вайн берийн литературехь хьалхарчех, мехала гIулч йара и повесть. Краснодарехь хиллачу къоначу прозаикийн семинарехь дикачех лерина, къобалйира «Болат-гIала йожар» цIе йолу повесть.

«Берашна йазйина литература диканиг лара тарло иза баккхийчарна а хазахетахь; баккхийчарна йазйинарг а дика лара мегар ду, цунах бераш а кхетахь», – аьлла Белинский Виссариона.

Баккхийчарна а, берашна а йезайелира и повесть, цара къобалйина тIеийцира иза.

Повестехь дуьйцург Нохчийчохь кхо-диъ бIешо хьалха хилла хила тарло хIума ду. Нохчийн литературехь йац оццул вайн историн генарчу муьрах лаьцна исбаьхьаллин произведени. Автора исбаьхьаллин суьртахь схьагойту нохчийн халкъан ширачу заманан гIиллакхаш а, дахаран шира аматаш а. Уьш довзаро вайн халкъо биначу боккхачу исторически некъан барам гойту.

Повестан коьрта тема нохчийн халкъо бIешераш хьалха бакъонехьий, нийсонехьий латтийна къийсам гайтар йу. Повестан турпалхой а, дакъалацархой а шина декъе бекъабелла бу. Цхьана агIор, шен халкъах а къаьстина, шенна йехаш йолу талорхойн тоба – церан коьртехь Барза ву. Iаламан халачу хьелашкахь, тIебогIуш цхьа некъ бен боцучу готтачу меттехь гIала а йоьгIна, маьрша нах схьа а лоьцуш, йийсар беш, Гуьржийн, Туркойн мехкашка уьш бохка кхуьйлуш, цунах шайна бахам бина Iаш бу уьш. Царна лаьа дерриг халкъ шайн куьйга кIел озо, иза шайна муьтIахь дан. Оцу талорхойн уггар вон амалш шеца йолуш ву церан баьчча Барза. Шен лаам кIел нах совцо, ша боххург деш хила лаьа цунна уьш. Шен гIаларнаш берриг кара а берзийна, уьш бацош ву иза. Лецначу нахана тIехь йаккхий бакъонаш йолуш белахь а, Барзина хьалха лайш бу болатгIалахой, берриг цуьнан лаамаш кхочушбан декхарийлахь бу уьш. БолатгIалахойн гIоьнца шен йалхой бан гIерта Барза гонахарчу йарташкарчу берриг нахах, дерриг халкъах. Муьлххачу а маьршачу йуьртара нах шен тIома кIел лаца реза ву иза, нагахь санна цара ша, баьчча а вина, къобалвеш тIелацахь, йасакх лур йелахь, бехча, тIемалой лур белахь.

Оцу БарзагIарна дуьхьалбаьхна бу повестехь шайн паргIатонехьа, маршонехьа къийсам латтош болу Малх-Араpий, кхечу йарташкарий ахархой.

Царах бу: Лоьма, Леча, Куьйра, Чала, Нажа, Кхокха, кхиберш. Шаьш Барзига, цуьнан гIеране ца дацадайта, ца хьийзадайта шайн бакъо йуй хууш, и бакъо йеза лоруш, цуьнгахьа къевсина бала реза бу и халкъан векалш. Тешош, цаьрга безам бохуьйтуш ду автора кхоьллина церан васташ.

«Болат-гIала йожар» повесто схьагойту халкъана маьрша дахар, къинхьегам хьаштхилар, тIом цабезар. Амма, ца хуьлчу даьлча, халкъо, мостагIашна дуьхьал бертахь гIоттий, йохайо муьлхха а «болатан гIала».

Луларчу къаьмнийн мехкашкахь дIахIиттийна хилла элий хIетахь Нохчийчохь тIеэцна цахилар, хIеттахь уьш вайн халкъо дIатеттина хилар гойту повесто. Цу хенахь, кхин лелош дин а доцуш, малхана, хина, цIарна, иштта кхийолчу хIуманашна суждане оьхуш хилла нохчий. Вайн халкъана йуккъе бусалба дин кхачале йолчу дукха хьалхалерчу заманан гIиллакхаш ду гайтинарш. Йукъара боккха йай бу церан лоруш, адаман дахар латтош, адамашна ницкъ луш. Дов къастош, нах гул а бой, бехке веш волчуьнга (цу йай тIехь) дуй боуьйтура. Цхьана

хIуманна нигат деш хилча йа цIераваьлла цхьанхьа воьдуш хилча, йай кхозучу зIенах куьг тоха дезара.

Лечин кхолламах лаьцна дуьйцуш йолу меттигаш а алсамо йу повестехь: йийсар хилла лелар, гуьржийн эла волчохь лоллехь лелар, гуьржийн кIантаца Хвичоца доттагIалла тасадалар, кхийерш.

БолатгIалахоша йийсар лаьцна долу Лечий, Кхокхий вовшех къаьста шаьш бераш долчу хенахь.

Амма Болат-гIалахь йисина йолу Кхокха а, кхиболу йийсархой а кIелхьарбаха, и гIала йохайан гIотту Леча шен накъосташца, ша воккха хилча.

Леча а, Хвичо а цхьабарт болуш, вовшийн чу садиллина, вовшийн терго йеш ву, ойланаш йу цушиннан цхьатера – халкъ паргIатдаккхар.

Амма, Болат-гIала йожийча бен, адамаш паргIатдевр дацара. Лечас, цуьнан накъосташа талорхошна хьекъалца диначу тIелатаро эшийра уьш, йожийра церан туш хилла лаьттина йолу Болат-гIала.

Ширачу заманан Нохчийчоьн шатайпа дахар гайта ницкъ кхаьчна авторан. Йоза-дешар, школаш йоцучу оцу ширачу заман чохь тIекхуьу чкъор халкъо гулдинчу хаарех кхио дезаш хилла.

Иза дика дан хууш волу стаг а къаставой, цуьнга дойтуш хилла и гIуллакх. Царах ву Чала. Берашна дукхавеза иза, амал дика, адамашка безам шорта болуш иза хиларна. Ша къона вацахь а, даго ца вуьтий, араволу иза адамехь Iазап латточу болатгIалахошца тIом бан. Цуьнан говза хьехамаш тIеэцар бахьана долуш аьтто болу халкъан тIемалойн болат-гIала йаккха, йохо, цу чохь йийсарехь болу нах паргIатбаха.

Йоккхачу исбаьхьаллица кхоьллина автора повестехь Iаламан суьрташ. Уьш хьалхалерчу заманахь хиллачу адамийн буьрсачу дахарца цхьаьнадогIуш ду: адамо ког ловзоза луьста хьун, бIешерийн даккхий дитташ, новкъахь йаьлла буц.

Цара гойту адамийн дахар маьрша цахилар, церан бахар-бахкар кIезиг нислуш хилар. Цхьана ца торучу гIуллакхе бен, арабовлуш а ца хилла хIетахь нах, цундела йу и хьаннаш йукъйелла лаьтташ, адамаш кIезиг лелар бахьана долуш, некъаш ду бацо хьулдина, адамийн лараш йу кIезиг хаалуш, йуьртана гена хьо мел вели.

Цу хенара исторически хьелаш, духар, бахам йоккхачу исбаьхьаллица гайта хиъна Гайсултанов Iумарна шен повестехь. Тахана а шен мехалла йанза, говза йазйина исторически повесть йу «Болат-гIала йожар».

## АЙДАМИРОВ Іабдулхьакиман Абузар



***(1929 – 2005)***

*Лаьар-кх сайн оьмар жимма йахлойла,*
*Хьомечу халкъана, махкана ваца.*
*Цаьршиннан ирс кхуллуш доггах къахьега,*
*ТІаьххьара цІийн тІадам царна дІалойла...*

ХІора къоман а хуьлу эхь-бехк, гІиллакх-оьздангалла, эс лардар дахаран нигат къилба дина стаг. Нохчийн къоман и деза, сийлахь декхар шен белшаш тІе эцна схьавогІура Айдамиров Абузар.

Иза вина 1929-чу шарахь Мескетахь. Шен йуьртахь йуьхьанцара школа чекхйаккха бен ца кхиира иза.

1944-чу шарахь Абузар шен халкъаца махкахваьккхира. Да воцуш висинчу Абузаран, баьпкан йуьхк йоккхуш, генарчу ГІум-Азехь стерчий лоьхкуш лела дийзира. ХІетте а ларийра иза меттигерчу школехь ворхІ класс чекхйаккха.

Цул тІаьхьа дІаболабелира Айдамиров Абузаран къинхьегаман некъ. Цо белхаш бира библиотекехь, финансови органашкахь, дийшира йуьртабахаман техникумехь.

Айдамиров Абузаран кхолларалин йуьхь лору ХХ бІешеран 50-гІа шерийн йукъ: цуьнан дуьххьарлерчу дийцарна зорба туьйхира «Къинхьегаман байракх» газета тІехь 1955-чу шарахь. Йуккъерчу Азера вайн халкъ цІадирзинчул тІаьхьа дуьйна Мескетахь 25 шарахь болх бира цо школехь директоран даржехь.

Болх беш воллушехь чекхйаьккхира Нохч-ГІалгІайн хьехархойн институт, Москвахь – лаккхара литературни курсаш.

Айдамиров Абузаран стихаш, дийцарш, повесташ арайийла йолайелира 1960-чу шерийн йуьххьехь. Гонахарчу дахарехь нислуш йолу

халонаш, адамашна хьалха хIуьтту хаттарш а ду йаздархочо царна тIехь гойтурш.

Йешархоша дика тIеийцира цуьнан прозаически произведенеш: «Ненан дог» (1961), «Генарсолтин хьуьнарш» (1965). Йуьртан дахар гойтуш йу цуьнан «Лаьмнашкахь серло» (1963), «Тхан эвлахь» (1966), «Лаьмнийн некъашкахула» (1975) цIераш йолу книгаш.

Шен заманхойх лаьцна, шен заманан кхачамбацарш хIиттош йара Абузара 1981–1985-чуй шерашкахь йазйина «Ирхеш» роман. Вайн республикехь кхолладелла социально-экономически хьал а, къоман йукъара гIиллакхаш дIадовлуш хилар ду цо цу тIехь гайтинарг. Цуьнан дукхахйолчу произведенийн турпалхой къона вайзаманхой бу. Уьш миччахь хилча, хIуьа болх барх, цара стеган амалехь диканиг лору цуьнан догцIена хилар, дешан да хилар. Уьш даим къийсамехь, дахарехь шайн меттиг лохуш бу. Шен произведенешкахь, вайн дахарехь хуьлуш долу диканиг гайтина ца Iаш, цунна новкъарло йеш долу шира гIуллакхаш Iорадоху йаздархочо.

Айдамиров Абузаран кхолларалехь коьртаниг исторически тема йу. Айдамиров Абузар нохчийн литературехь исторически романан бухбиллархо лору. Нохчийн къомо шен маршонехьа латтийнчу къийсаман темина цо йазйина «Маршонан цIарах», «Йеха буьйсанаш», «Лаьмнашкахь ткъес», «Дарц» романаш вайн литературин лакхенаш хилла дIахIиттина. Ткъа нохчийн синкхетамна «Йеха буьйсанаш» романо санна Iаткъам бина цхьа а произведени йац вайн литературехь.

Нохчийн литература кхиорехь баккхий кхиамаш бахарна Абузарна тиллина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан сийлахь профессор, халкъан йаздархо аьлла сийлахь цIе. Цо школехь бина болх билгалбаьккхина Къинхьегаман ЦIечу Байракхан орден, Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан совгIат а луш.

Айдамиров Абузаран произведенеш къоман исторехь хиллачун ойла йойтуш, тIекхуьучу тIаьхьенан кхетам кхиорехь мехала йу.

# МУХIАЖАРШ

*(«Йеха буьйсанаш» роман тIера дакъа)*

> ...Вайна сийлахь ду вайн да-нана, сийлахь ду бераш,
> йиша-ваша, гергарнаш; амма оцу массаьрга а болу безам
> деккъачу цхьана дашна тIегулло вайн – Даймохк.
> Шен Iожалца цунна ша пайда лур буйла хиъча, валаран ойла
> йина соцур варий ткъа муьлхха а оьзда стаг?..
>
> *Цицерон*

Хьалха а, тIехьа а цIена доьрчий а дехкина, пхонан стаммийчу серех хIазарш деш йалкханаш а къуьйлуш, тIе тиша-киша истангаш тоьхна тхов биллина, сал-палх йоьттина ворда лаьттара МIаьчиган кертахь.

ХIетталц тийна кийрахь боьлхуш лаьттинчу зударша шайн дегнашна маршо йелира. Цара тайп-тайпанчу аьзнашца хьоьхкучу маьхьарша къардира хIаваъ.

Вуьшта а кийрара дог эккха доллучу МIаьчигна болчу тIе а хорам бира цара.

– Ворда арайаккха, кIант! – омра дира цо Коьре.

Зуькаран аз тIаьхь-тIаьхьа гергагIертара:

> АллахIума солли Iала,
> Мухьаммадин ва Iала,
> Али Мухьаммадин ва солим...

Зударий кех бовллалц кетIахь сецна, тIаьххьара бIаьрг туьйхира МIаьчига. Кхузахь баьхнера цуьнан дай. Оцу лаьттан коржам тIехь ваьллера иза ша а дуьнена. Кхузахь баьккхинера цо дуьххьара ког, аьллера дуьххьарлера дешнаш «нана», «дада». Уггар хьалха кхузара дIаболалора цуьнан даймохк, эвлайистехь, гу тIехь ду цуьнан ден, ненан, вежарийн кешнаш.

Кхузахь дог дуьтуш воьду иза гена, хийрачу махка.

КетIарчу утармина уллера цхьа буй латта а даьккхина, иза шен чоин бустамаш чу а доьхкина, шен тиша месала куй бIаьргаш тIе а теттина, новкъавелира.

Зударшна тIе а вахана, Iодика йан вуьйлира МIаьчиг.

– Делха ма делхалаш. Декхалой дӀахьовсадел аш тхо. Марша Ӏойла! Шу ца дезаш, хӀара мохк ца безаш ма ца доьлху тхо. Цигахь цхьа рицкъанаш йазделла хир ду-кх.

– Дала некъ тобойла шун!

– Тхо диц ма делаш.

Урамехь схьагучуйелира дошлойн колл. БӀаьштиг тӀе таПош тиллина Ӏаьржачу холхазан лекха куй, дуьйхина дато бустамашца Ӏаьржачу исхарин чоа а долуш, сирачу динахь, массарна хьалха вогӀура молла Шахьби. Шен шуьйра, йеха, кӀайн маж некха тӀехь шалха кагйина, ши бӀаьрг говран шина лерга йуккъе а боьгӀна, зуькаран мукъамца меллаша корта теххабора цо.

Цунна тӀаьхьа кхо гӀулч йукъ йуьтуш богӀура Аьрзуй, Маккхаллий, Чорий, Ӏелий.

Царна тӀаьхьа беха могӀа бара кхелхарш новкъабаха богӀучу нехан. Ковран тӀаьхье йерзош, лергаш къардеш дечиган сема цӀийзош, меллаша тӀаьхьатекхара МӀаьчиган ворда. Стерчийн дуьхьлоцу а лаьцна, корта а оллийна, кхоьлина хьалха вогӀура Коьра.

Куьйгаш букъа тӀехьа а дехкина, меллаша гӀулчаш йохуш тӀаьхьавогӀура МӀаьчиг а, Васал а.

– Вон воьду хьо, МӀаьчиг, – бохура Васала.

– Даг тӀе туьха ма тийсахьа, Васал, – жоп делира МӀаьчига, лаьттан бӀаьра а вогӀавелла. – Кийра богу сан, алу хилла.

– Хонкарахь шуна ирс карор ду бохучух кӀезиг теша со. Даймохк боцу стаг а, велларг а цхьаъ ву, МӀаьчиг. Хала делахь, атта делахь, шен цӀа тоьлу. Нехан йалсаманел, шен жоьжахати тоьлу. Нийса дешнаш ду уьш.

– Бакълоь хьо, Васал. Хийрачу махкахь паччахь хилла вехачул, шен махкахь сагӀадехар гӀоли йу, олу вайнаха. Дерриг хаьа суна. Амма муха ваха веза кхузахь? Ас дийца ца оьшуш, хьуна хьайна а гина, оьрсаша кхузахь динарг, деш дерг а го хьуна.

– Ишттa ма алал ахь, МӀаьчиг. Хьуна муьлш гина? Салтий, эпсарш, хьаькамаш гина. Хьолахой массанхьа цхьатера бу. Оьрсийнаш, нохчийнаш, гуьржийнаш. Массернаш сутара, къиза.

Царна бен вац шайниг а, неханиг а. Хонкарахь а хир ду изза. Нийсо, бакъо карор йац хьуна, хIара дуьне мел ду ахь лехарх.

Хьалха йоьлху ворданаш регIан дукъа тIе йевлира.

Цигара йухаберза безара хIорш новкъабохурш. ХIора минотехь гергагIертара къаста деза хан. Лакхо-о ваьлча, лаьтташ ши говр йужу гIудалкх гира Васална. Цунна уллехь ши стаг лаьттара. Андрей, Корней вара цигахь лаьттарг. Селхана Орз-гIала веанчу ДанчIехула хиънера царна Гати-Юьртара шайн доттагIий Турце дIакхелхаш хилар. Уггар хьалха Iелина бевзира уьш.

Цхьацца-шишша вогIуш, тIегулбелира гатийуьртахой. Царна дика бевзара уьш. ДIадаханчу шарахь шозза веанера и шиъ болх бан Гати-Юьрта. Кхелхачеран ворданаш, марс-мангал, бел-шада, диг, кхийерш а цушиннан куьйгаша йина йа тойина йара.

ТIевеанчу Васала а, МIаьчига а маршаллаш хьаьттира. ХIара шиъ хьалха боьлхучарна тIекхиъча, Андрейна, Маккхална йуккъехь дIабоьдуш бара къовсам.

– Нах-м Iехабеллера. Хьой, Аьрзуй, Iелий вацарий сонтачех. Шу хIунда доьлху?

– Туркойн паччахьо цхьа эладитане кехаташ даржийна нохчашна йуккъе. Царах Iехабелла нах. Бакъдерг аьлча, со тешац и кехаташ туркойн паччахьера ду бохучух. Кхузахь тешнабехк бу. Нах кхето, совцо гIерташ, оха ца деш хIун дитина? ЛадогIац. Оцу кехатех теша. Баккъал а туркойн паччахьо шаьш сий деш, лоьруш тIеоьцур ду, моьтту. Цхьаболчарна хаьа хийрачу махкахь шайн дахар къаьхьа хир дуйла. ХIетте а боьлху. ХIокху паччахьан къизаллех, харцонах бевдда. Тхан дайша шайн цIийца хьандина хIара латта. Тхан мохк, дин, гIиллакхаш лардан дош деллера паччахьо а, сардала а. Цара а Iехий. Хьуна го-кх тхоьгара хьал. Къоьлла-м, лайча, ловр йара, амма харцо, сийсазалла лан хала ду. Оьрсашца мукъане а тхан бакъонаш нисйахьара. Тхуна тхаьшна шатайпа Iедал хIоттийна. Цундела кхелха нах Хонкара. Мацаллех, къизаллех бевдда.

– Иштта-м дара иза, Маккхал, амма шаьш дечун ойла йайша. Даймохк битина ма доьлху шу. Кхечанхьа карор ма бац шуна

иза. КIелхIитта тхов-м карор бу, амма Даймохк карор бац. Стеган цхьаъ бен ца хуьлу Даймохк.

– Тхо цхьадерш йухадогIур ду, Андри. Цигахь хIокху нехан гIуллакхаш муха нисло а хьаьвсина.

– Иза а ду-кх маслаIат, – велакъежира Андрей.

Къаста деза сахьт тIекхечира. Кхузара дIа некъаш Мичка тIей, Шелий доьлхура.

– Марша гIойла! Тхо диканна дагалацалаш.

Аьрзу говра тIе хиъча, берриш а говраш тIе хевшира.

– ХIан-хIани, кIентий! – шайна тIаьхьабевллачу нахана тIевирзира Аьрзу. – Сарале Шела а кхаьчна, кхана Iуьйранна хьалхе гIевттина БуритIа гIур ду тхо. Цига гуллуш бу кхелхарш берриг а. Вайна мел цалаарх, къастаза ца довлу вай. Тхуна са ма гатде. Вовшашна тIе ца кхочуш Iийр дац вай. ХIара Iаьржа латта бухдийларх, и сийна стигланаш тIейелхарх, духур дац вай. Вайн турпалчу дайн бакъ кIентий хилла лийр ду вай цIахь а, арахь а. Цхьанна а корта ца таIош, цхьанна а хьалха гора ца оьгуш. Амма маршонах догдиллина Iийр дац. Маккхал, ахь хIумма а олий буьсучаьрга?

Шен динна чуже кIажаш таIийна, гонна йуккъе ваьлла, пIелгаш доцу аьрру куьг лере лецира Маккхала. Хьаннашкахь кхолхадуьйлуш, генна дIадахара цуьнан кIеда аз:

Iа-а-а-а!
Бераллин къаьхьа кад
Мийлина тхоьца,
Цу тIеман сийна цIе
Кегийна тхоьца,
Бохамехь, халонгахь
Хьийзина тхоьца,
Хьомсара йуьртахой,
Шу марша Iойла!

Улле веанчу Суьлтас шен зевне озаца тIаьхьара айира:

Iа-а-а-а!
ЦIа доцуш тхо дисча,

Дохдина латта!
Мацалло бIарздича,
Дузийна латта!
Тхайн цIийца хьандина,
Лардина латта!
Хьо марша дуьсийла,
Дай бахьна латта!

– ХIейт, маржа, дуьне, йаI!

Iа-а-а-а!
Буьрсачу къийсамехь
Тхан дегнаш дахчош,
Тхо майра кхиийна,
Хьомсара лаьмнаш!
Доьхначу кху дийнахь
Бертаза къастарх,
Тхуна шу дицлур дац
Хийрачу махкахь...

– ХIейт, гора, кIентий, йаI! Доха ма дохалаш! Вайга хьуьйсуш бу шуна оцу хIолламаш кIел Iохку вайн дай, вежарий!

ТIаьххьара а вовшашна мара а лилхина, дIасакъаьстира кхелхина боьлхурш, бухабуьсурш. Шина а агIорчийн дегнаш доьлхура, амма церан буьрсачу йаххьаш тIехь и ца хаалора.

Некъ хьуьн чохь къайлаболлучохь дой йуха а хьовзийна, йуьртахошка тIаьххьара бIаьрг тоха цхьана минотана севцира дIабоьлху береш. Кочара схьа а йаьхна, хIаваэ хьала а лаьцна, цхьабосса кхузза шатлакхна тоьпаш кхоьссира цара.

Царна кхузза жоп делира хIорш бIаьрга гучуьра бовллалц тIаьхьахьуьйсуш хIиттина лаьттачу йуьртахоша.

ДIабаьхк-баьккхинчу когаца гена тIаьхьа йуьсучу дай баьхначу раьгIнашка йухахьоьжуш воьдучу Коьрина, шаьш Мичка тIекхача доххучу хенахь, дукъара охьа, шайна тIаьхьабогIуш ченан кIур гира.

Коьрина санна и гина нах цецбевлла хьуьйсура урх тIейиллина дой хецца шайна тIаьхьабогIучу берешка.

«ХIун дохьуш богIу-те уьш?» – ойла йора хIорамма а.

Уьш гергагIоьртича, нахана уггар хьалха шайн эвлара дой, тIаккха царна тIера береш бевзира. Береш шайн доттагIчун некъ дика бан баьхкинийла хиъча, уьш шайн дар-дацар ала а битина, дIабуьйлабелира нах.

Шаьш бисинчу кегийрхойн къамел доладелира.

– Эххар новкъавели-кх хьо, Коьра? – бахара Симсарарчу Олдаман Iаьлбага, доттагIчун куьг дIа а ца хоьцуш.

– ХIун дийр ду, Iаьлбаг? – доккха садаьккхира Коьрас. – Дас аьлларг ца дича ма ца волу.

– Баккхийчаьрца шуна тIаьхьадовла гIиртира тхо, – бохура Коьрин эвларчу доттагIчо Къайсара. – Цара ца дахкийтира.

– Баркалла шуна, кIентий, – баркаллица цаьрга хьоьжура Коьра. – Хала ду нийсархойх къастар. Амма Даймахках къастарал доккха вон дац стаге дан. Ши бIаьрг бекъа белахь а, дагах цIий Iийдало сан. Шу гича, сан даг тIера ах бала айабели. Дела реза хуьлда шуна, Iаьлбаг, йаханчу аьхка лам чохь цхьана буса вай биъна дуй ас цкъа а бицбийр бац. Тхаьш цигахь дIанисделча, цIа вогIур ву со. Шу маршонна гIевттинчу дийнахь шуна улле дIахIотта!

Нах, Мичкал дехьа а бевлла, цунна йистерчу эвла буьйлира. ДоттагIчун сибат гуттаренна шен даг чу дижо санна, лерина Коьрега хьоьжура Iаьлбаг.

– Шек дIа ма вала хьо, Коьра! – шен йуьхь тIе йоьссина гIайгIа дIа а эккхийна, векхавелла, Коьрин белша тIе куьг туьйхира Iаьлбага. – Лелар – кIентан ирс, цIахь Iар – йоьIан ирс олуш кица ду вайн. Цкъа дуьнен чухула го тасий цIавола хьо. Амма нохчичун къонахаллех, оьздангаллех ма вохалахь, хьо шаьлтанца воруш, кескаш йеш охьавиллича а. Кхин ду цхьаъ, Коьра, туркоша шайн эскаре дика дIаоьцу боху вайн мехкан нах. Церан эскаре хIотта. Вайн баккхийчара догдиллина маршонах. Герз охьа а диллина, доIина куьйгаш леца боьлла уьш. Амма, доIанаш дарх, маршо хир йац. Иза туьраца йаккха йеза. Царна моьттург бакъдоцийла хоуьйтур ду вай, ваьш даккхийхилча.

Нагахь хьайн аьтто хилахь, цигахь эпсарийн дешар дешалахь. Шемалан наиб хилла Алдара Сапарчин Юьси-хьаьжа, жима волуш Хонкара а вахана, цигахь дешна а ваьлла цIавеана нохчо вара. Иза вара Шемална йерриг гIаьпнаш йоьгIнарг, цуьнан Iедал, эскарш цхьана низаме далийнарг. Иттех шарахь Шемалан аьтту куьг хилла лийлира оьрсийн махкахь эпсарийн дешар дешна, церан эскарехь лаьттина веана Шамурзин Бота. Вайна оьшурш, Юсуп-хьаьжа а, Берса а санна, эпсарш бу. Вайн халкъан, вайн мехкан дуьхьа шайн синош дIалур дерш. ХIинца хьо кхин сецор вац оха. Вайна мел ца лаахь а, къаста деза.

Iаьлбага шок тоьхна тIейиийхира некъана йуьстаха йежаш йолу шен говр.

– Коьра, хьуна эшахьара, тахана сайн са лур дара ас хьуна, – элира цо. – Амма хьуна эша а оьшуш, сайн са санна, суна дукхабеза хIара дин ло ас хьуна сайн безамна.

Цецваьлла Коьра къаьрззина доттагIчуьнга хьаьжжинчохь висира. Цецбевллера гонаха лаьттарш.

Iаьлбага хьовха, цара массара хьоме лелайора и тамашена говр. Уьш стохка лам чу бахча, цкъа Iаьлбага, чехка догIучу ламанан хи чу а иккхина, бердах йоллучу куллах а тасавелла, бекъа тIейиийхира. Йедда берда йисте а йеана, чухьаьжча, чохь кхозавелла мохь хьоькхуш Iаьлбаг гина, Iадийча санна, чIажаш декош, терсаш уьдура иза. Мел чехка йедда йоьдуш хиларх, Iаьлбаган омрица цIеххьана соцура. ТIехьарчу когаш тIе хIуттура, мел генахь хиларх, Iаьлбага шок тоьхча, тарса а терсий, йодий тIейогIура.

– ДIалаца! – Коьрин буйна урх теIайора Iаьлбага.

– ХIан-хIа, Iаьлбаг, дуьне дохарх оьцур йац, – ши куьг хьалха а тоьхна, вухагIоьртира Коьра. – Кхидерг хьайна луъург ло, амма говр ма кхийдайе. Дукхабезачу механ совгIат ду хIара, – тIе ца дуьтура Коьрас.

Iаьлбаг дегабааме велира.

– Коьра, хьо кхоьллинчу Делан дуьхьа, вай дуй биъначу гIуллакхан дуьхьа, дIаэца хIара! Суна чам бойъуш воллу-кх хьо...

– Делхьа, ма дош дац-кх ахь лелориг, Іаьлбаг, – чам байна, корта а хьийзош, урх схьалецира Коьрас. – Хьо ца гуш дІаваха велир-кх со...

Шен йукъах схьадаьстина, детица кхелина шаьлтий, доьхкий делира Къайсара.

– Сан безамна хІара шаьлта лелайехьа, Коьра.

– Ас хІан-хІа бахарх, вуьтур вац-кх аш со. Дела реза хуьлда шуна.

– ХІан, хьан накъостий генабевлла, Коьра, – сихвира иза Іаьлбага.

Массарна роггІана мара а иккхина, кхоссавелла говра велира Коьра. Іаьлбаг шен говра а хаийна, цунна тІехьа хиира Къайсар.

– Хьо Мичках дехьаваллалц дІадогІу тхо, – элира Іаьлбага. – Баккъал аьлча, Коьра, хьох къаьсташ, велха дог догІу сан. Амма вайн ойланаш, чІеІамаш цхьаьнадогІур дац. Къайсар, дІаалал вайн дайн илли!

Къайсара, йайн йовхарш тоьхна йиш тойина, илли долийра:

Тхо цкъа а цхьаннена
Къарделла совцур дац,
Маршо йа Іожалла –
Шиннах цхьаъ йоккхур йу.

Къайсарна тІаьхьара ойъуш волчу Іаьлбаган болат басахь горга йуьхь буьрса йара, оцу къоначу аьрзун Іаьржа бІаьргаш ткъесах лепара:

Мокхазан ламанаш
Даш хилла лаларах,
МостагІийн арданго
Тхо гора эгор дац!

Бос Іаьржа ва латта
Молханах лелхарах,
Тхешан сий доьхкина
Тхо лаьтте доьрзур дац!



– ХIейт, гора, вай, кIентий, йаI!

Мацалло хьовзадахь,
Орамаш дуур ду,
Хьогалло тхаьш бIарздахь,
Бецан тхи мийра ду!

Цу лаьмнийн хьехнашкахь
Шах цIераш летор йу,
Тхайн таррийн йуьхьгашца
Уьш марсайохур йу!..

– Аз айде, кIентий!

ХIоьънаша зарзйина
Тхайн чорда башлакхаш
Къоначу воIарийн
Белшаш тIе туьйсур йу!

– Маршо йа Iожалла!

МостагIех летачохь
Iожалло тхаьш лецахь,
Тхайн метта дIахIиттар
Царна тIе дуьллур ду!..

Илли ца сецира уьш Мичка тIе кхаьчча а.

Илли ца сацош, доттагIчун Iодика йеш, хIаваэ лаьцна тапчанаш туьйхира цара.

Шен доьхкарх схьайаьккхина тапча хьала а лаьцна, доттагIашка мохь туьйхира Коьрас:

– Маршо йа Iожалла!

Ткъа берийн хIинца а чIагIдалазчу аьзнашца нохчийн бIахаллин аз декара Мичкан лохачу бердашца кхолхадуьйлуш.

Оцу иллица гIиттинера церан дай, дедай, церан а дай. БIе шовзткъа шарахь. И илли, шен рогIехь, хIинца кху берашка кхаьчнера.

Массарал а хьалха лаьттачу Iаьлбаган аз, Коьра гучуьра волуш, цIеххьана доьхна, дегийра. Дегийра бIаьрг-негIарш, балдаш.

Цхьанна а ца хаьара, и болатан басахь жима кIант, таханчул тIаьхьа нийсса шийтта шо даьлча, Нохчийчохь хинболчу уггар боккхачу гIаттаман баьчча хир вуйла а, Нохчмахке дIа а лаьцна, иза, шена тIаьхьа доккха эскар долуш, кхузахула Мичках ваьлла, малхбузехьа нохчийн аренаш тIе вер вуйла а, бархI баттахь паччахьан колонизаторшна луьра дуьхьало йиначул тIаьхьа, и гIаттам дакъалацархойн цIийлахь лийр буйла а, тоьллачу мостагIчун къизаллех йарташ кIелхьарйахархьама, и жима кIант шен лаамехь, гуш лаьттачу Iожалли тIе, инарла Смекаловна тIе гIур вуйла а, оцу инарлас иза а, цуьнца кхин шийтта а Соьлжа-ГIалахь тангIалкхех уллур вуйла а...

И ца хаьара Іаьлбагна шена а.

Ткъа муттане Мичка, церан иллигий, цара йечу кхийсаршкий ла а доьгІуш, шекдоцуш охьаоьхура.

Цунна дукха хезнера и иллеш. Цунна тІехь дукха къийкъинера буьрса герзаш.

Цунна чу дукха Іеннера адамийн цІий. Татолашца.

Иза цецдаккха эрчо ца йисинера дуьненахь...

**Текстана комментари**

1865-чу шарахь нуьцкъала а, Іехош а махкахбаьхна Турце кхалхийна нохчийн 5000 гергга доьзал. И исторически бакъдерг ду романан декъа тІехь дуьйцург.

Ткъа цу тІехь вуьйцу Коьрин доттагІ Симсарара Іаьлбаг-Хьаьжа ву, 1877–1878-чуй шерашкахь Нохчийчохь хиллачу гІаттаман куьйгалхо. Оцу гІаттамах лаьцна Айдамиров Абузара «Лаьмнашкахь ткъес» цІе йолу роман йазйина. «Йеха буьйсанаш» трилогин шолгІа книга йу иза.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Шен доьзал а эцна туркойн махка ваха новкъаволучу МІаьчиган кертахь кхолладеллачу хьолах лаций дийца.

2. Дай баьхна кхерч а битина, кех волучу МІаьчиган дог-ойла муха йу? Даладе масалш.

3. Васала муха тІелецира шен доттагІ МІаьчиг хийрачу махка Хонкара кхелхаш хилар?

4. *Даймохк боцу стаг а, веллараг а цхьаъ ву* бохучух муха кхета шу? МаьІна де цу дешнийн.

5. Махках а бевлла, нохчий туркойн махка кхалхаран хІун бахьана ду? Цунах лаьцна Маккхала хІун боху? Роман тІера цунах лаьцна долу могІанаш, схьа а лахий, дІадеша.

6. Бухабуьсучу йуьртахошка хІун аьлла вистхилира Аьрзу, шаьш новкъадовлуш?

7. Маккхала аьллачу иллин чулацам шайн дешнашца схьабийца. Иллин коьрта маьІна хІун ду?

8. Коьрас, цуьнан доттагІаша биьначу дуйнах лаьцна хІун эр дара аш? ХІун дийр ду аьлла йина чІагІо йара иза?

9. Хонкара дІавоьдучу Коьрина хІун хьехар дира Іаьлбага?

10. Муха доттагІ лара мегар ду Іаьлбаг? Аьлларг тІечІагІдеш, масалш даладе.

11. Коьрин, цуьнан накъостийн дайша шайн маршонехьа, паргІатонехьа латтийна къийсам эрна байна цахилар стен гойту?

12. Кегийчу наха дІааьллачу иллин чулацамах лаций дийца. ХІун ойла кхуллу цо?

### Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Шен произведени йукъа ши илли далийна автора. Дийца, мича Іалашонца далийна цо уьш.

2. Тидам бе предложенийн синтаксически дІахІоттаман. Йаздархочун мотт кхета атта а, цІена а бу. Чолхечу карчамех лаьттачу предложенешна гена ву автор.

Текстан муьллха а цхьа дакъа талла, кху хаттаршна жоп дала а хьовсуш:

а) чолхечу предложенийн муьлхачу тайпанех алсам пайда эцна йаздархочо;

б) муьлха шакъаьстина меженаш, карчамаш бу текстехь?

3. Эпически произведенехь дийцархо цхьана кепара билгал ца волуш ца Іа: йа генара хьоьжу иза хуьлучуьнга, йа жигара дакъалоцу хиламашкахь, церан мах а хадош. Кху декъа тІехь мила ву дийцархо? ХІун эр дара аш цунах лаьцна?

4. Дийцархочо дуьйцург доцург, диалогаш а йу «МухІажарш» декъа тІехь. Оцу диалогашкахь хІун гучудолу? ХІун гІуллакх кхочушдо цара персонажийн амалш йовзийтарехь, произведенин тема йастарехь?

5. «МухІажарш» декъо цхьаьнатуху тайп-тайпана персонажаш, романан кийсакаш. И башхалла декъан дІахІоттамехь билгалйаьлла аьлла хетий шуна? Муьлхачу темано цхьаьнатуху и дакъош?

### Вайн мотт кхиабо

1. «МухІажарш» ширачу заманан нохчийн Іер-дахаран произведени хиларан лексически тошаллаш даладе тІекст тІера.

### Культурийн диалог

XVI–XVIII бІешерашкахь хьолахоша шаьш бацор ца лайна оьрсийн ахархой, мухІажарш хуьлий, вайн махка богІура. Муха хилла церан а, вайн махкара Хонкара дІабаханчу вайн махкахойн а кхоллам? Дийца, хІун ду церан кхолламехь цхьаьнадогІург, къаьстарг.

### Билгалйинчу темина проект кхоллар

1. «МухІажарш» цІе йолчу темина хаамаш кечбе.

# ЛИТЕРАТУРИН ТУРПАЛХОЧУХ А, СИМВОЛАХ А ЛАЬЦНА

Литературин турпалхочух лаьцна вай хьалха а дийцина. Амма и кхетам произведенин чулацамца боьзна бара.

Вай Iамийнчу Ошаев Халидан «Иччархо Абухьаьжа Идрисов» цIе йолчу очеркца доьзна хьовсур вай, кхин хIун тайпа билгалонашца къаьсташ хуьлу литературин турпалхо.

Оцу очеркан коьрта турпалхо ву Идрисов Абухьаьжа. ТIом болчу шерашкахь цуьнан дахарехь хилла уггар мехала киртигаш йу очеркехь йуьйцурш. Хала меттиг тIехIоьттича, цхьаволу стаг вухуш, ша хIун дан деза ца хууш, хьаьвза. Ткъа важа, ишттачу меттехь кхерамах оза ца луш, доьналлица шен декхар кхочушдан дIахIутту. Ишттачарех ву Идрисов Абухьаьжа.

Атта ца хилла цунна оцу халачу хьелашкахь снайперан декхарш кхочушдан. Цхьаверг ишттачу меттехь, шен дахар лардеш, шен дегI кхоош, кхерамс йоцу меттигаш лоьхуш лела тарлора. Идрисов Абухьаьжина къонахаллица шен декхар кхочушдан ницкъ карабо шегахь. Майра, тIахъаьлла, хьуьнаре ша хилла ца Iаш, шех терра снайперш а кхиабо цо луьрачу тIам тIехь. Дуккха а хала киртигаш тIехIиттина цунна оцу тIамехь, амма майраллица, доьналлица чекхваьлла иза царах. Ишттачу нахах олу турпалхой.

Литературин турпалхо хила йиш йац шегара кхечара масал эца гIиллакхашца, гIуллакхашца къаьсташ воцург. Кхерам, Iожалла эшийна, диканна дIахIотта веза литературин турпалхо халачу хьелашкахь. Дахарехь хуьлуш болу иштта нах йаздархоша шайн произведенийн турпалхой бой буьйцу.

Царах цхьаъ ву Ошаев Халида шен очеркехь вуьйцуш верг.

*Исбаьхьаллин произведени кхуллуш йаздархоша пайда оьцу символах.* Вайн маттахь цунах *билгало* ала мегар ду. Амма иза цхьана хIуманан йа дахаран хиламан метта лелош йолу кхин хIума йу.

Масала, жималлин, дахаран йуьхь гайтаран билгало йалайо Iуьйре, сатосу хан. Ткъа Iаьржа буьйса – валаран, дахар чекхдаларан билгало. Кхитайпа хила а тарло и билгалонаш. Масала, Бадуев СаьIидан «Iадат» дийцарехь йуьхьанца дукха хаза схьагуш йолу Iаламан аьхналла йохош санна хетало тIулгийн бердаша шайн шийлачу мара къуьйлуш долчу

Органан шийла мохь буьйлуш, «нахана шен цхьа гІайгІа-бала балхош санна» иза «цІийзаш» гайтаро. Йаздархочун исбаьхьаллин коьчал, символ йу иза, хинболчу бохамна дешархо мелла а кечвеш.

Гайсултанов Іумаран «Болат-гІала йожар» повестехь талорхоша йийсар дина воккха ши стаг а, Леча а, Кхокха а дІадигначул тІаьхьа новкъахь дисира Кхокхас охьакхийсина зезагаш. Уьш маргІалделла ду. Зезагаш адамийн дахарехь, Іаламехь сирланиг, хазаниг, исбаьхьниг шайца дозаделла хуьлуш ду, цара бІаьрг белабо, самукъане во. Ткъа зулам дерриг а дикачунна дуьхьал ду, цо диканиг, сирланиг дохадо, хІаллакдо. И маргІалделла зезагаш хиллачу бохаман символ йу. Цо гойту Лечина, Кхокхина, церан дайшна тІехІоьттинарг кхерам хилар.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Мила лара мегар ду литературин турпалхо?

2. Произведенехь муха вевза вайна турпалхо, хІун билгалонашца?

3. Шуна хетарехь, «Иччархо Абухьаьжа Идрисов» очеркан авторан хІун ойла йу турпалхочух Абухьаьжех лаьцна? Стенах го иза?

4. ХІун маьІна ду Іаламан суьртийн турпалхо вийцарехь?

5. Гайсултанов Іумаран «Болат-гІала йожар» повеста тІера схьалаха символаш йалийна меттигаш. Шайна йевзачу символех лаций дийца.



## АРСАНУКАЕВ Iабдулмуслиман Шайхи

***(1930 – 2012)***

*...Синтем боцу дог*
*сан кийрахь*
*Детталуш мел ду,*
*Даймахкана гIуллакх дан*
*Даима кийча ву...*

Халкъан поэт Арсанукаев Шайхи дика вевзаш ву вайн махкахь.

КхузткъалгIачу шерашкахь хаза доладелира нохчийн поэзехь къоначу поэтан аз. ХIетахь дуьйна, шен чулацамца шорлуш, поэтически говзаллица хазлуш, вайн деношка схьадогIуш ду и аз.

Арсанукаев Шайхи вина Дишни-Веданахь 1930-чу шарахь хьуьнан белхалочун доьзалехь. Школехь дешначул тIаьхьа Шайхис чекхйаьккхира Семипалатинскехь финансови техникум, амма литературе болчу безамо иза вигира Нохч-ГIалгIайн хьехархойн институте.

Арсанукаев Шайхис белхаш бина финансови органашкахь, районерчу газетан редакцехь, книжни издательствехь, «Орга» альманахехь.

Поэтан нохчийн поэзе болу безам гучубала болабелира иза школехь доьшуш волуш. Цуьнан дуьххьарлера стихотворени зорба тоьхна арайаьлла поэтан 29 шо долуш, 1959-чу шарахь. Цо гойту Арсанукаев Шайхи дIаволалуш дуьйна шен кхолларалле чIогIа лехаме, жоьпалле хилар.

Цул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь арахецна цуьнан стихийн, поэмийн книгаш: «Лаьмнашкахь Iуьйре» (1965), «Безаман шовда» (1967), «ЦIеран суй» (1969), «Новкъахь», «Лакхенан гIиллакх» (1975), «Керла де» (1980), «Лаьмнийн иллеш» (1991), «Сийна гене» (2009), кхин дуккха а.

Даймехкан сий дар, цуьнан дуьхьа шен вахар, са дӀадала кийча хилар – иза ду Арсанукаев Шайхин поэзехь къеггина гуш дерг. Цуьнан кхолларалехь уггар хьалха хаалуш дерг – иза цуьнан къинхетамах, адамашка, Ӏаламе болчу безамах дуьзна долу дог ду.

Арсанукаев Шайхи поэт-интернационалист, гуманист ву. Къаьсттана дукха йу цуьнан поэзехь Гуьржийчоьнан, Украинан халкъашна лерина йазйина стихаш.

ТӀамна а, къизаллина а дуьхьал адаман сирла хьекъал ойъу поэта шен поэзехь. Шен къоман мотт а, истори а дика хууш хиларе терра, халкъан оьзда гӀиллакхаш, амалш йезаш хилар хаало цуьнан стихашкахь. Нохчийн мотт, къоман гӀиллакхаш лар а деш, церан сий дан дезаш хилар гойту цо шен «Ненан мотт», «Весет», «Лакхенан гӀиллакх» цӀераш йолчу стихотворенешкахь.

Нохчийн литературехь дуьххьара стихашца повесть, роман йазйинарг Арсанукаев Шайхи ву. Уьш йу: генарчу исторехь вайн халкъо нуьцкъалчу мостагӀашна дуьхьал шен паргӀатонехьа латтийна къийсам гойтуш йолу «Тимуран тур» повесть, Дуьненан шолгӀачу тӀамехь шайгара доьналла, хьуьнарш гайтинчу бӀахойх лаьцна «Кхолламан сизаш» роман. Оцу шен произведенешца дуьнен тӀехь машар ларбарe кхойкху поэта дерриг а къаьмнаш.

Амма, коьрта долчунна, Арсанукаев Шайхи поэт-лирик ву. Дукха йу цуьнан безамах, Ӏаламах, дахарх лаьцна стихаш. Оцу стихашкахь гучудолу Арсанукаев Ӏаламан васт хӀотторан говзанча хилар. Туьйранчас санна, поэта шен «лааме» дерзадо Ӏалам: шена лиъча, «дӀадуьжуьйту», «самадоккху», «меттахъхьадо», «доладолуьйту».

Цуьнан лирически турпалхо гӀиллакх-оьздангалла кхайкхош, къоман ламасташ чӀагӀдеш, муьлххачу а вочу хӀуманна дуьхьал къийсам латтош ву. Амма къинхетаме а ву иза, цуьнан коьрта амал адамалла йу, гӀийлачух къахета цунна, вон деанчунна орцахвала, адаман гӀайгӀабала шега схьаэца кийча ву.

Нохчийн меттан шатайпа шатлакхан илли хилла лаьтта «Ненан мотт» стихотворени тоьур йу Арсанукаев Шайхин цӀе даиманна а вайн дегнашкахь йиса.

Шен йуьхь-сибат а долуш, говза поэт ву Арсанукаев Шайхи. Шен кхиарехь лаккхарчу тӀегӀан тӀе хьалайаьлла цуьнан поэзи. Цуьнан поэзин лаккхара мах хадийна.

1980-чу шарахь Арсанукаев Шайхина «Нохч-ГӀалгӀайн АССР-н культурин хьакъволу белхахо», 1989-чу шарахь – Нохч-ГӀалгӀайн АССР-н Халкъан поэт, 2005-чу шарахь Нохчийн Республикин сийлахь Гражданин цӀераш йелла, ткъа иштта «Орден Дружбы народов», «Нохчийн Республикин дуьхьа хьуьнарш гайтарна» мидалца совгӀаташ дина.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Мичахь, маца вина Арсанукаев Шайхи?
2. Мичахь белхаш бина поэта, маца волавелла и стихаш йазйан?
3. Поэтан муьлха сборникаш йевза хьуна?
4. ХӀун билгалонаш йу цуьнан поэзин, стенах лаьцна йаздо?
5. Арсанукаев Шайхи поэт-интернационалист, гуманист, лирик хилар стен гойту?
6. ХӀун керланиг деана цо шен кхоллараллица нохчийн поэзе?

## ИЙМАНАХ ДУЗИЙТА ДЕГНАШ

### I

### *ДоӀа*

Стигланаш, латтанаш
Дерриг жил-Ӏалам
Кхоьллинарг, Кхиош верг,
Кхобуш верг, Хьоьга
Кхойкху тхо, базбелла
Тхан къинойн бала.
Гуш ву-кх Хьо, барт боьхна,
ХӀоьттинарг тхоьга.

Гуш ву-кх Хьо, заманийн
Йохаллехь дайша
Хьаналчу хьацарца
Хьандина латта,
Довхачу шайн цӀийца
Лардина латта –

Тхан Нана-Нохчийчоь –
БIаьрхишца леша.

Дицдина дайн оьзда
ГIиллакхаш, Iадат,
Адамаллех тоьлла тхан
Берзалойн амал.
Дегнаш тхан туьгуш дац
Вовшеха Iаба,
Хьаьвдда тхо, ца къестош
Хьарам йа Хьанал.

Лазаме эхь дохьу
ХIора а дийно.
Нохчичун йийцаре
Сийлахьчу хьаьтта:
«Лачкъийна!»
«Йадийна!»
«Йохийна!»
«Вийна!»
Бераш тхан хIусамех,
Дешарах хаьдда...

ХIай Дела!
ХIай Веза, тхан Воккха Дела!
Къинхетам бехьа тхох,
Гечдехьа тхуна:
Хьекъалах тилла тхо,
Сов карзахдевлла,
Цкъа совца, ойла йан
Кхетам ло тхуна.

Динан дай Iедалан
Даржашка кхийда.

ОьгIазе, чIиркъе бу
Тхан къоьжа къаной.
Нохчаша
Нохчашна
Тоха герз ийдо,
Лекъаш дац бIаьрхиш тхан
Йижарийн, нанойн.

БIешерийн къийсамехь
Къежйелла Маршо,
Тхоьгарчу къизалло
Iадийна, хеба.
Гуш ву-кх Хьо,
Хеназа мел тоьгу марчо,
Гуш ву-кх Хьо,
Имамаш мел сиха деба!

ХIай Дела, декъалбе
Къийсамехь эгнарш,
Барт бе тхан,
Ло тхуна Ахь вовшех дашар.
Адамаллех,
Ийманах
Дузий тхан дегнаш,
Толийта Нохчийчохь
МаслаIат, Машар.

II

***Къемат-буьйса***

Нохчийчоь.
Декабран тIаьххьара буьйса.
Боданца боьсси чу
РогIера бала:

Дезачу кеманийн
УгIар ду буьрса,
Лелхаш йу,
Херцаш йу
Сан Соьлжа-ГIала.

Керла шо тIедогIу
И буьрса буьйса...
Хийлазза хезнера
«Къемат-де» олуш.
И дицдеш, кхечи тIе
Хьо – къемат-буьйса:
Нохчийчоь йу тховса
Йуьйш,
Йохош,
Отуш.

Курантийн девза зов
Шийттазза туьйхи.
Керла шо!
Нохчийчоь-м йогу цIе летта.
Керла шо,
Нохчийчоь, хьан даздар дуьйхи –
ХIусамийн ков тховса
Iожалло детта.

III

***ТIом***

Дийнахь а, буса а
Стигланаш этIа.
Дийнахь а, буса а
Латта ду лелхаш.
ХIора мел оьккхург а,
Моьттуш, тIекхета,

Баккхийнаш хебаш Ia,
Бераш ду доьлхуш.

Хьере йу кеманийн,
Танканийн гIовгIа.
ГIишлош тIехерцаш йу,
ХIусамаш йогу.
ТIом тIом бу, къинхетам
Цуьнца ца богIу,
Акхачу халхарехь
Къизалла йогIу.
Декъий ду маьI-маьIIехь
Зударийн, берийн,
ДIадохка да воцуш,
Херцаршлахь Iохкуш.

VI

***Нохчийчоь***

Нохчийчоь, дай баьхна
Тхан сийлахь латта,
Йуха а хези хьан
«Ва-а, орца дала!»
Йуха а кхечи хьан
Маьршачу хьаьтта
Къемат-де, Iаьржачу
Iожаллин бала.

Нохчийчоь, хIай нохчийн
Хьомсара нана!
Йуха а йогуш йу
Хьан шахьарш, йарташ.
Йуха а дийзи хьан
КIентийн цIий Iана,

Йуха а хьоьшуш го
Хьан бошмаш, йалташ.

Нохчийчоь, хIай нохчийн
Догдика нана!
ЦIий леша хьан чевнаш
Мел алсамйевли:
Хьан СемаIашка йа
Хьан Соьлжа-ГIала,
Хьан Бумта, Ведана,
Хьан Сиржа-Эвла...

Нохчийчоь, хIай нохчийн
Собаре нана!
Йуха а, хьо бIарзйеш,
Хьерча хьох кIур, даш.
Йуха а дийзи лан
Хьайн берийн бала.
Къаьхьа ду хьан бIаьрхиш,
Хораме – къурдаш.

Нохчийчоь, хIай нохчийн
Турпала нана!
Ницкъ бац кху дуьнен чохь
Хьо гора хIотто!
Экамчу хьан дагна
Белла ницкъ Дала,
Буьрсачу дарцашна
Къар ца луш, латта.

**Текстана комментари**

1. Текстехь буьйцург 1994–1996-чуй шерашкахь вайн махкахь хилла тIом бу. Ткъа поэта Къемат-буьйса аьлла цIе тиллинарг 1994-чу шеран 31 декабран буьйса йу.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Ша Деле дечу доIанехь поэта доьхург хIун ду?

2. Адамашна йукъара гIиллакх, вовшийн ларар дIадаьккхинарг хIун ду?

3. ХIун ду поэтан сагатдийриг, цуьнан дог Iийжош, лазош дерг? Стенга сатесна ву и?

4. 1994-чу шарахь Нохчийчохь декабран тIаьххьара буьйса муха йеара, хIун деара цо шеца вайн махкана, халкъана? ХIун цIе тиллина оцу буьйсанна поэта?

5. Маьршачу вайн нахана бертаза тIебеанчу къизачу тIамо хIун деара вайн махка? Схьа а лахий, дIадеша и могIанаш.

6. Махкахь къемат-де хIоьттича, хIун халонаш, баланаш лан дийзира Нохчийчоьнан? Муха йаздо цунах лаьцна поэта?

7. Къизачу тIамо холчухIоттийнчу Нана-Нохчийчоьне хIун кхайкхамаш бо поэта? ХIун дешнаш карадо цунна и хьаста, тебан? Схьа а лахий, дIадеша уьш.

8. Къар ца луш латта, халонаш лан Нохчийчоьнна ницкъ луш дерг хIун ду, боху поэта?

**Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Стихотворенин дIахIоттаман башхалла стенах йоллу? Цуьнан чулацамо харжийтина хетий шуна поэте цуьнан шатайпа дIахIоттам?

2. Стихотворенин 1-ра а, 4-гIа а дакъош дечу доIанан, дехаран хьесапехь ду. Стихотворенин ойла тIечIагIйарехь хIун маьIна ду цуьнан?

3. Муьлхачу исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех пайда эцна автора тIеман къизаллин сурт хIоттош: стигланаш этIа, латта ду лелхаш, акхачу халхарехь къизалла йогIу, Iаьржа Iожалла, къаьхьа бIаьрхиш, хораме къурдаш.

**Вайн мотт кхиабо**

1. «Оьрсийн-нохчийн тIамо вайн махка деанарг» цIе йолчу темина жима сочинени йазйе.



**КИБИЕВ Мохьмадан Мусбек**

***(1937 – 1997)***

Кибиев Мусбек XX бIешеран 60–70-чу шерийн похIме болчу йаздархойн тобанах ву. Уьш нохчийн литературе баьхкира хIаваъ цIиндаран мох санна, нохчийн поэзи цкъа а ца хиллачу кепара лакхене а йоккхуш.

Кибиев Мусбек вина 1937-чу шарахь Дишни-Веданахь. Нохчийн къомана тIехь цу хенахь лаьттинчу халонаша цу хенахьлерчу кегийрхойн дешарехь а, дахарехь а халонаш кхуллуш хилла.

Мусбека а, халкъаца цхьаьна махкахваьккхина хиларна, ворхIешеран школа чекхйаьккхина ГIиргIизойн махкахь. Даймахка цIавирзинчул тIаьхьа дешна Веданарчу йуккъерчу школехь. Стихаш йазйан волавелла школехь доьшуш волчу хенахь, амма церан зорбане йовлар тIаьхьо бен ца нисделира.

1958-чу шарахь «Ленинан некъ» газета тIехь зорба туьйхира цуьнан «Лаьттан седа» цIе йолчу стихотворенина. Иза цуьнан кхоллараллин йуьхь йара. ХIетахь дуьйна цуьнан поэтически произведенеш арайийла йуьйлайелира зорбанехь.

1961-чу шарахь Мусбек деша вахара Горький Максиман цIарах йолчу литературин институте. Нохчийн поэтийн могIарера иза дуьххьара вара и институт чекхйаьккхинарг.

Кхечу поэтийн стихех тера а йоцуш, шатайпа хатI а, философски маьIна а долуш йу Кибиев Мусбекан поэзи. Цу кепара ша вовзийтира цо шен дуьххьарлерчу поэтически гуларш тIехь: «Ши зама» (1962), «Наьрташ». Уьш цо арахийцира ша литературин институтехь доьшуш волуш.

Халкъ махкахдаьккхинчу хенахь халкъана тIехIоьттинчу балано дегнаш дагийнчу, дахчийнчу поэтех вара Кибиев Мусбек. Цундела йу цуьнан стихаш ойлане вохуш, философски маьIна шайца долуш. Мусбекан поэзи шен хIоттамца, исбаьхьаллин сурт, васт кхолларца чолхе йу, амма хьалдолуш, тайп-тайпана йу.

Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь арайийлина поэтан книгаш: «Денойн чам» (1969), «Шийла цIераш» (1975), «Лаьттан куьзга» (1984), «Беттан догIа» (1985), «Седарчийн чIара» (1988), «Хьекъалан бохь» (1992), «Хаьржинарш» (2012).

Шуьйра бу Кибиев Мусбекан поэзин чулацам. Нохчийчоьнан сий даран ойла кхиош, къонахалла, доьналла, хьуьнар, гIиллакх-оьздангалла, къоман беркате ламасташ чIагIдеш йу цуьнан поэзи. Заманан йохаллехь хилларг дIадов, дицло, амма халкъан ламасташ, дайн доьналла, гIиллакхаш дIадан а, дайъа а йиш йац, уьш тIекхуьучу тIаьхьено, сий деш, замане хьаьжжина, кхиош, дIакхехьа деза, боху поэта.

Поэт даим хилла шен поэзин маттах доьзначуьнца лехаме, дош лерина лелийна цо. Даша тIехь чIогIа къахьоьгура цо. Бакъйолу поэзи – иза рифмаш, ритмаш хилла ца Iа, иза даш тIехь хьекъалца, дагца беш болу кхоллараллин болх бу.

Атта ца хилла поэтан дахар. Iедалан белхалоша цхьацца харцдерг кхуллура цунах лоций. Амма хIетте а цуьнан кхоллараллo кхойкху адамашка ойла йаре, собаре, нийсоне, вовшийн лараре, барт хиларе, къоман гIиллакхаш, ламасташ дендаре.

## ДОШ

ЦIарал довха – дош ду,
Шал а шийла – дош ду,
Дош доцург – дош дац.
Мазал мерза дош ду –
Дашал доккха дIовш дац.
Доьдий, дашо
Стаг во дашо,
Доьдий, тIаккха
Маьттазвоккху.
Дашо шерачу цу арахь
Дато гIала хIоттайо.

Дашо гIала хIоттайо,
ГIалахь гIарол хIоттаво.
Дашо декхна долчу дийнахь
Йочане и буьйса гойту,
Цунах лаьцна ойла йойту,
Мох лоьтуьйтуш корех цIийнан,
Дорце гIийла узарш дойту.
Дашо стагах безам боккху.
Дашо стаг стаг воцчу воккху.
Дов дерзадо цо, дов доккху,
Йа хьагI йуллу, хьагI дIайоккху.
Кийра цIе цо латайо,
Кийра ша цо хIоттабо.
Даг чохь безам гIаттабо.
Безаман цIе йойъу цо,
Йа йуьхьIаьржа хIиттаво,
Йа йуьхькIайчу хIоттаво.
Массанхьа а кхочу дош,
Шеца стеган ойла хьош,
Бойнарг нисбеш, йа букъ бохь.
Дашо – хазво.
Дашо – вазво.
Сий цо ойъу.
Сий цо дойъу.
Бехк дIабоккху,
Мел и боккха
Хиларх, тIера.
Дашо войъу,
Лар а йойъуш,
Дуьнен тIера.
ЦIарал довха дош ду,
Шал а шийла дош ду,
Дош доцург дош дац.
Дашал доккха дIовш дац.
Мазал мерза дош ду.

**Йешначух ойла йе вай**

1. ХӀун йу стихотворенин коьрта ойла?

2. Стеган дахарехь хӀун меттиг дӀалоцу олучу дашо?

3. Контраст, антитеза (дуьхь-дуьхьал хӀоттор) стихотворенин композицин бух бу. Бакъде иза.

4. Дийца, муха кхета шу *«дашо декхначу дийнахь йочане и буьйса гойту»* бохучух?

5. Стаг маца хазво, вазво дашо, ткъа маца, сий дойъуш, йуьхьӀаьржа хӀоттаво, цунах безам боккхуш?

6. Кхин хӀун ницкъ бу дашехь? Дийца, текста тӀера масалш далош.

7. Шуна хетарехь, дуьнен тӀехь цхьа а лар ца йуьтуш, дашо стаг вайъар маца нисло?

8. Маца йогӀа тарло дашо дато гӀаланаш шерачу арахь?

9. Стаг дакъаза маца вала тарлуш ду, шуна хетарехь?

10. Адамашна йуккъехь маслаӀат деш дерг хӀун ду аьлла, хета шуна?

11. *Дашо кийра цӀе латайо, кийра ша бойту*, боху поэта. Маца хуьлу стагехь и хьал, хӀун ду иза оцу хьоле кхачош верг?

12. *Дош мазал мерза а, дӀовш санна, къаьхьа а хуьлу* бохучух теший шу? Ткъа маца хуьлу иза мерза, маца – къаьхьа?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Стихотворенин рифма шатайпа йу. Муьлхачу къамелан дакъойх лаьтта иза?

2. Стихотворенин йуьхьехь балийна пхи могӀа цуьнан чаккхенехь а балийна автора. ХӀун маьӀна ду цуьнан?

3. Схьалаха стихотворенехь дуьхь-дуьхьал хӀотторан, антитезин масалш. Мича Ӏалашонца пайда эцна поэта оцу кепах?

**ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Вайн дайша олучу дешан мах лакхара лерина. Дош деллехь, иза кхочушдан дезаш хилла стага. Делла дош цалардечун мах лахара хилла халкъалахь. Ишттачунна, стаг вац, дешан да вац, олура.

2. Аш муха кхочушдо шаьш делла дош?

**Вайн мотт кхиабо**

1. Муьлха билгалдешнаш далийна *дош* цӀердашна автора? Муха кхета шу царах? ХӀун гӀуллакх кхочушдо цара дешан маьӀна билгалдаккхарехь?

2. Поэтан муьлха аз хеза вайна стихотворенехь: оьгӀазе, сингаттаме, карзахе, кӀеда-мерза, бендоцу, тергаме, хьесаме? Текста тӀера масалшца тӀечагӀде.

3. Дийца, муха кхета шу кху дешнех:

Доьдий, дашо
Стаг во дашо,
Доьдий, тIаккха
Маьттазвоккху.

4. Шуна хетарехь, «Дош» стихотворени тахана маьIне йуй? Шайн жоп тIечагIде.

## ЗОВ

Цхьогал вай диллина
ХIиллане лору:
Цо ша цкъа хадориг
ВорхIазза йору.
Цхьогалал хIилла дерг
Лоьхур вац веха –
Вайца и нислуш ву,
Вайца и веха.
ХIиллано бен цкъа а
Кхачадац хIилла:
ХIилланан йиш йац бехк
ХIилланца билла.

Цкъа дечиге ваханчохь
Шина белхалочух
Цхьамма шен диг детташ,
Ткъа, важа йекъачохь
Хиъна Iаш, накъоста
Диг хьалаойъуш,
Iаш хилла, тIаьхьара
«Iахь» йа «Iихь» олуш.
Пекъаран, «Iахь» баьхна,
Букъ башийнера.
Хи санна, оьхура
Хьацар букъ тIера.

Ворданаш йоьттича,
Вирзира цIехьа –
Цхьамма – гIаш, кхечо – тIехь
Некъ бира беха.
ЦIа кхаьчча, вахара
ДогIург схьаэца.
Ахчанна хIоьттира
ХIилла дерг шеца.
– ХIун болх бу ахь бинарг? –
Хаьттина цхьаьнга. –
Ткъа ахь?.. Хаийта,
ХIун догIу хьайна.
– Доккхуш, тIедоьттира, –
Хьалхарчо аьлла.
– Со хиъна Iаш вара,
Йуьстах а ваьлла.
«Iахь» йа «Iихь» бахарца,
Доккхуш, гIо дора.
Диг тухуш «Iахь» йа «Iихь»
Соь алалора…
Ахча схьалуш волчо,
Кисанара доккхуш,
Стоьла тIе эппаза
Тоьхна, зов доккхуш:
– ХIан, накъост, болх барна
Эппаз ду хьуна.
«Iахь» йа «Iихь» бахарна
Зов кхочу кхунна.

**Йешначух ойла йе вай**

1. Стенах лаьцна дуьйцу кху басни тIехь?
2. ХIун тайпа нах гайтина шен баснехь автора?
3. Цхьогалца хIунда вуьстина малонча поэта?
4. Шуна хетарехь, хIиллана дуьхьалйаккха йезарг хIун йу?
5. ХIун амалш йолуш бу баснин турпалхой?
6. *Пекъаран, «Iахь» баьхна, букъ башийнера* бохучух муха кхета шу?

7. Ахча схьалуш волчо хIорамма биначу белхан мах муха хадийна?

8. Ша болх ца бинехь а, ахчане сатесна ву малонча. Цуьнан муьлха амал гойту цо?

9. ХIун маьIна ду кху баснин? Схьалаха баснин маьIна шайца долу дешнаш. Баснин йуьххьехь ду уьш йа чаккхенехь?

### Баснин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Басня жанран билгалонийн цIераш йаха.

2. Баснин композици муха йу? ХIун йу цуьнан башхалла?

3. Баснин аллегорин кепехь долу маьIна даста хьовса.

4. «Зов» басня кхечу баснех къастош дерг хIун ду, хIун ду кхуьнан вукху баснешца цхьаьнадогIург?

5. Баснехь дакъалацархой гайтаран бухехь дуьхь-дуьхьал хIотторан кеп йу. ТIечагIде иза, дакъалацархой вовшашца бустарца.

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

1. Кибиев Мусбекна хетарехь, адамаш шайн сакхтех хьалхадевр ду, уьш беламе дохуш хилахь. Адамийн муьлха сакхташ беламе даьхна поэта?

2. Шуна муха хета, хIинцалерчу йукъараллехь малончашка, хьарам, хьанал къастош доцучу нахе болу хьежам хийцабелла аьлла хетий шуна?

3. Ша болх ца бинехь а, ахча схьаэца воьду малонча, кхин эхь ца хеташ. Шуна муха хета цо динарг?

### Вайн мотт кхиабо

1. Шайн дешнашца схьадийца баснин маьIна.

2. Шайн дешнашца характеристика ло баснин дакъалацархошна.

3. Муьлха кица дагадоуьйту хIокху могIанаша:

> Цо ша цкъа хадориг
> ВорхIазза йору.

### Культурийн диалог

Цхьа маьIна долуш йу оьрсийн йаздархочун Дмитриев Иванан «Моза», Кибиев Мусбекан «Зов» цIераш йолу баснеш. Йуста уьш вовшашца, билгалдаккха церан цхьаьнадогIург, къьастарг.

### ХIун Iемина вайна

1. Адамийн амалехь сакхте дерг билгалдаккха.

Шайн амалехь сакхте дерг тергалдиний аш? ХIун новкъарло йо цара шуна дешар тIехь? Царах хьалхадовла луур дарий шуна?

## ОКУЕВ Хьамидан Шима

*(1937 – 1986)*



*...Исбаьхьа сан Даймохк!*
*Хьан халкъан суй хилла,*
*Хьан дуьхьа вага*
*Кийча ву со валлалц,*
*Хьанала вецаш...*

Окуев Шима дерриг дахар литературина дIаделлачу нохчийн йаздархойх цхьаъ вара.

Шима вина 1937-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь гIуллакххочун доьзалехь.

Цуьнан да Окуев Хьамид чувоьллира, «халкъан мостагI» ву аьлла, ткъа мукъаваькххинчул тIаьхьа дукха ца вехира. 1952-чу шарахь доьзалан да кхалхар бахьана долуш, и дукъ Шимин нанна Арухина тIедуьйжира.

1954-чу шарахь 7 класс чекх а йаьккхина, шахте болх бан вахара Шима. Даймахка цIаверззалц бира цо и болх. Даймахка цIавирзича Шуьйта районан газетан редакцехь къахьийгира цо, ткъа цул тIаьхьа – тайп-тайпанчу меттигашкахь: партин райкомашкахь, газетан редакцешкахь, школашкахь.

1973-чу шарахь халачу цамгаро лацар бахьана долуш пачхьалкхан белхаш бита дезнехь а, кхолламаллин болх ца битира Шимас.

1960-чу шерашкахь веара иза нохчийн литературе. Вайн халкъан дахарехь шатайпа меттиг дIалоцуш шераш дара уьш. Дуккха а баланаш, гIайгIанаш лайна адамаш, даккхийдийна а ца довлуш, хьийзара. Шатайпа синъайъам бара литературехь а.

«Сан Шуьйта» – иштта цIе йара Окуев Шимин 1962-чу шарахь арайаьллачу дуьххьарлерчу поэтически книгин.

Дуьххьарлерчу шен стихашкахь къоначу йаздархочо дуьйцура Даймахках лаьцна. Ткъе итт шарахь сов болчу шен кхоллараллин новкъахь дахар ма-дарра гайтаран кеп ца хуьйцуш, мелла а и кIаргйеш, шарйеш, тойеш схьавеара иза.

Стихашкахь Даймехкан Iалам гайтинчул тIаьхьа Окуев Шимас шорйира шен произведенийн тематика. Иза адамийн амалш, леламаш гайта хIоьттира. Иштта йазйира цо «ЧIиро бехдина сий», «Чора» прозаически книгаш. ДIай йуьртарчу забарчин, илланчин Чорин леламаш буьйцуш йерриг а Нохчийчоь йоьлура.

ЦIерадахаро дог таIийна, цIадирзича а харц Iедало садаккха ца дуьтучу вайн нохчийн къоман синмогашаллина Iаламат чIогIа оьшура и самукъадалар.

Окуев Шимин кхоллараллин керла тIегIа хилла дIахIоьттира «Лай тIехь цIен зезагаш» цIе йолу цуьнан дуьххьарлера роман.

XX бIешо долалучу хенахь ламанхойн дахар, шайн маршонехьа цара дIабаьхьана къийсам гойтуш йу и роман. Цул тIаьхьа Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь арайевлира цуьнан йоккхачу романантрилогин книгаш: «Йуьхь» (1985), «ЦIий, латтий» (1987), «ТIаьххьара верас» (1993).

Оцу произведенешкахь Окуев Шимас вайн махкахь хилла революци а, граждански тIом а гайтина. Дахар, къаго а, йа хаздан а ца гIерташ, ма-дарра гайтар йара цуьнан Iалашо. Иза тешна вара, бакъйолу исбаьхьаллин произведенеш кхолла ницкъ халкъан дахар довзаро, барта кхоллаpалла хааро лур бу аьлла. Цундела хуьлура иза гуттар а нахаца, баккхийчеран хьехамашка ладоьгIуш, кегийрхойн амалш тергалйеш. Дахарера Iемара иза йаздархо хила.

Окуев Шимин кхоллаpалла – иза лаьмнашца дехачу адамийн дахар, нохчийн халкъо латтийна къийсам (цкъа хьалха – паччахьан Iедална, йуха – советан Iедална дуьхьал), зевне эшар йу Даймахках, цуьнан хазачу Iаламах лаьцна. Йаздархочун даг чуьра хьаладогIура и могIанаш.

Шен кхоллараллица Окуев Шимас чIагIдо: мел жимачу лаьтта тIехь а дIадоьдуш ду дахар. Иза ган а, малхе даккха а хаарехь йоллу йаздархочун говзалла. Иза карайерзорна тIехьажийна дара цуьнан дерриг дахар.

## МАЦАЛЛА

*(«ТIаьххьара верас» роман тIера дакъа)*

Малх бохбеллера. Хьалххехь йеана схьахIоьттира лаьмнашка 1921-чу шеран бIаьсте. Гобаьккхина соьналла тоьхна лаьттачу ламанийн басешца махо дайн теххадора бIаьстенан хаза, бес-бесара зезагаш. Гуш марха йоцуш, йоькхане деноша тIемабаьхна, шаьш оханаш дарна, йалташ дIадерна бан безаш болу кечамаш бина а бевлла, Харштосу де тIекхаччалц дан хIума доцуш, маьI-маьIехь тобанаш йина, Шуьйта-гIали чохь дIагуллой, хилларг, хиндерг, дан дезарг дуьйцуш, лаьтташ хуьлура ламанхой. Селхана арайаьллачу лаьттан комиссино хIун дина, оханаш дар маца дIадолор ду а хаа дагахь хьалхxе гIаьттина, шен говраца Шуьйта-гIали чу веана, йуьртда волчу Iабдуллин Iалсолтица къамел деш лаьттара Жангирин Жаьмбиг.

– Делахь, Iалсолта, Харштосу де тIекхачаре ца хьоьжуш, вай оханаш дIадолийча, бакъахьа хетара суна-м, – элира цо Iалсолте. – ХIара денош иштта эрна дIадахийта ца лаьара суна, кхоам бара хIокхеран!

– Тахана шен болх бина йала йезаш йу лаьттан комисси, иза схьакхачаре хьоьжуш Iаш ву со, – шен коьртара куй йуха а теттина, вистхилира Iалсолта. – Харштосу де тIекхача гIеххьа хан йу вайна. Кхуьур ду оханаш дан а, йалта дIаден а. Сихлур дац вай.

– ХIара йоькхане даьхкина денош вайна дахцадаларна кхоьруш деш ду хьуна ас и къамел-м. Дан-м хьуна луург дийр ду вайшимма, – мекхаш дIаса а хьаькхна, шен накъосте вистхилира Жаьмбиг.

– Цунах муха кхета веза? – хаьттира Iалсолтас.

– Суна сайна зеделла хIума ду и, вайн дайша, бакъду бохуш, дуьйцуш а хезна суна, – лен велира Жаьмбиг. – ХIара санна хьалхxе, йовхонца йеанчу бIаьстено, йокъа хIоттайой, зенаш до йалташ лелочу нахана, йа йочане аьхке лой, йалташ хIаллакдой, зенаш до. БIаьсте хьалхе йеача, оцу бIаьстено дахкийнчу довхачу

денойх пайда а оьцуш, шен ма-хуьллу сиха йалташ дIаден деза олур-кха вайн баккхийчу наха.

– Ма бакъду и! Суна а хезна и тайпа къамелаш вайн баккхийчу наха деш. Хьалхе дIадийна йалташ, сиха хила а хуьлий, йокъанан кхерамах хьалхадовлу, олура цара. Ткъа хьалхе кхиъна йалташ, йочанехь чудерзийна а, хIаллакьхуьлучура кIелхьардаха атта хуьлу. Вайшимма и гIуллакх, тховса цкъа йукъа а даьккхина, кхана нахе дIахаийта деза.

– Де дика хуьлда шун! Шуьша уча ваьлла льтта? – Хьацарх йуьзначу говрара а воьссина, тIевеара цушинна взводан командир волу ЦIулин Вата.

– Дийцал, Вата, гIуллакх ма-дарра. БIахой хIун деш бу хьан? Керла гучудаьлла хIун ду вайна? – хаьттира цуьнга Жаьмбига.

– Селхана саьттойн бажа бигина къуша лаьллина. РогIехь хиллачу шина стагана а чевнаш хилла, валаза дийна цIа валийна. ТIаьхьадаьлла орца тIаьхьа ца кхуьуш, шайн даьхни а лаьхкина, кIелхьарбевлла, дIабахана и меттигаш дика йевзаш болу къуй.

– И дан а ду, хьуна, керла хIума. Кхин хIун ду хьан тхуна дийца? – хаьттира Жаьмбига.

– Кхин цхьа хIума а ду гучудаьлла тхуна-м. Селхана а, стомара а йаккхийчу, сирачу бIарзанашна тIехь цхьа йаккхий, йехий йаьшканаш а йолуш, ши къепал йахана Хьал-Кела йолчу агIор дIа. И нах вайн махкара бу, моьттуш вац со.

КIеззиг ойланаш йеш а Iийна, Жаьмбига элира:

– Цкъа-делахь, оцу бIарзанашна, и йаьшканаш дIасатекхош болчу нахана тIера хьайн тидам боккхур бац ахь. ШозлагIа, кхана Iуьйранна кху Шуьйтахь долу дерриг адам хIокху метте гуламе схьадалор ду ахь. КхидIа долчунна са ма гатде, тхо хьовсуш, ладугIуш хир ду хьуна, – аьлла, Вата дIа а вахийтина, ша, Iалсолта тIаьхьа а хIоттийна, хIума йаа чувахара иза.

ШолгIачу дийнахь дукха адам гулделира йуьртан Советан майдана. Шотойх хIора а вара махкахь, йуьртахь хуьлуш дерг хаа лууш, имам а ваьлла, массо меттехь Советан Iедал цо дохийна, бусулба динан Iедал дIахIоттийна бохуш, наха даржийна дуьйцучу хабарийн духе кхиа гIерташ.

Уче йисте а веана:

– Накъостий, вайн махкахь, Шуьйтан кlошташкахь хlоьттинчу хьолах, вайн карахь йолчу заман чохь дан дезачух лаьцна къамел дийр ду хlинца хьаккойн партизанийн отрядан командир волчу Жангирин Жаьмбига, – дlакхайкхийра нахе lелас.

Жангирин Жаьмбиг шотошна дика вевзаш, везаш, тlамехь зевелла, дика майра бlахо а, догцlена накъост а вара.

– Сан йуьртахой, махкахой, вежарий, йижарий! – учи йисте а веана, хьаккошка вистхилира Жаьмбиг. – Нийсса шо кхаьчна вайн махкахь Советан lедало толам баьккхина, адамаш тlеман балех, lазапах паргlатдевлла, даха хевшина. Делахь а, мостагl хlинца а кхоччуш кочара ца ваьлла вайна. Маьl-маьlера схьа дlовш детташ, лаьхьанан амалехь лечкъаш, текхаш лела иза вайн махкахула. Амма цо хlуъа леладахь, мел чlогlа дlовш деттахь, цуьнан гlуллакх чекхдаьлла. Мостагl вохийна, lедалан, мехкан доладаран мукъ шен каралаьцна къинхьегаман халкъо! Вайн махкахь хlун хьал ду карахь йолчу заман чохь? Ма-дарра дийцича, бехха лаьттинчу тlемаша хlоттийна къоьлла, мацалла йу. Массанхьа а гуш лаьтта тlемаша йохийна йарташ, гlаланаш. Карахь йолчу заман чохь Советан lедало дерриг а къинхьегаман халкъашна хьалха хlоттийна цхьа lалашо: мацаллех, къоьллех хьалхадовлар. Делахь а, и ца тайна хьоладайн пачхьалкхашна! Цара тlетеlабо вайна шайн ницкъаш. Вайн Нохчийчохь Теркаца, Соьлжаца хьала-охьа бехачу гlалагlазкхаша а бо Советан lедална дуьхьал гlаттамаш. Хlинццалц Суьйличохь гlазотан тlом баржийна, цигахь леташ хилла волу туркойн, Англин, Францин хьадалча имам Нажмуддин, ша эшча, ведда, нохчийн лаьмнашка сехьаваьлла. Массо а тlедогlу вон йухатоха, тlаме хlитта кийчча хила деза вай даим! Вайна аха латта, йаа сискал, машаре дахар оьшу.

Къамел дан хьалхавелира йуьртда lалсолта.

– Накъостий, тахана вайна гуш ма-хиллара, бlаьсте хьалхxе йеана вайна кхушарахь. Харштосу де тlекхачаре а ца хьоьжуш, хlокху карахь йолчу йоьханечу денойх пайда а эцна, кхана лат-

танаш дӀадекъа, лама готанаш дӀайоло сацийна оха! ХӀун бахьана ду цуьнан? Уггар хьалха, бӀаьсте хьалхе йаро, йа йокъа йахьаш, йа йочанаш йахьаш, йалташ хӀаллакдеш хилар зеделла вайн дайшна! Цундела лаьттах йолу бӀаьстенан тӀуналла дӀайалале йалташ дӀаден деза вай! Уггар хьалха, кхана, сатасале арадевлла, шайна догӀу латтанаш дӀаоьцур ду аш! ШозлагӀа, кхиахь, кхана а, ца кхиахь, лама а, хӀу дӀатесна готанаш дӀайохуьйтур йу аш. КхозлагӀа, тӀаьххьара, кханий, ламий дӀаэца цавеанчунна, цул тӀаьхьа, дехарх, латта хир дац шуна! Декъначул тӀаьхьа вайн совдаьлла латта вай тӀедоькъур ду тӀехь дай, наний доцуш долчу боберашний, тӀамехь цӀийндай хӀаллакьхилла бисина Ӏачу зударшний, дукха бераш долчу наношний, баккхийчу наханий.

ТӀаккха, уча хьала а ваьлла, нахе вистхилира молла Шемил.

– Сан бусулба вежарий, вай дечохь, лелачохь, дехачохь вайн даг чохь дижина цхьа хӀума хила деза – Делан Шен йозанций, Цуьнан омрицийй, лаамций бен, стаг лелаш цахилар. Стаг вехаш цахилар! Стаг леш цахилар! Дала хӀун боху вайга? Мел доккха вон адамашка Ша дайитарх, и вон диццдеш, тӀедаийта кхин а доккха вон ду Шен, мел доккха дика адамашна Ша дайитарх, и дика диццдеш, дала кхин а доккха дика ду Шен! Вай Делан дикане сатуьйсуш хила деза. Къуръано, жайно бохург деш хила деза! Делан вонах, цуьнан оьгӀазаллех кхоьруш хила деза!.. Дала тӀедиллина массо хӀума вай кхочушдан деза! АлхьамдулиллахӀ, вай реза ду цунна! – аьлла, молла шен къамел чекх а даьккхина, учи тӀера охьавелира.

ТӀаккха, меллаша хьалагӀаьттина, нахаца къамел дан хӀоьттира Жангирин Жаьмбиг.

– Сан махкахой, дика ду вайна йуккъехь иштта хьекъал долуш баккхийчу нахах стаг волуш, динан верасаш болуш. Тахана вай дийцаре диллинчу хӀокху гӀуллакхан ши некъ бу! Цхьа некъ – иза, оха бохург а дина, кхана шайна догӀу латтанаш дӀаэцар, лама готанаш аьхна, шайн йалташ дӀадер. ШозлагӀа некъ – иза кхана догӀу латтанаш тхоьгара дӀа а эцна, Харштосу де тӀекхаччалц уьш ца охуш Ӏийна, цул тӀаьхьа аьхна йалташ дӀадер. КхозлагӀа болу

некъ бан а бац шуна. ХӀинца сан белхалошна тӀаьхьахӀиттий, дӀагӀой, цкъа латтанаш схьаэца, цул тӀаьхьа шайна луъург де! – аьлла, нах дӀасабовлийтина, лаьттан комисси арайаьккхина, Ӏалсолта уллеваьккхина, цара кхаш муха доькъу хьажа вахара Жангирин Жаьмбиг.

Латта декъар, кхин дов, тӀом боцуш, хаза чекхделира. Делахь а, и латтанаш ахар, йалташ дӀадер тайп-тайпана хилира: Советан Ӏедалан векалша бохург деш болчара шозлагӀчу дийнахь, готанаш охуш, шайн йалташ дӀаден долийра. Вукхара шайн готанаш, ца йохуьйтуш, Харштосу де тӀекхачаре сатуьйсуш, хьейира. Аьхка йокъа а хӀоьттина, дага доладелира шина а тайпана дийна йалташ.

«ХӀинца хӀун дан деза?» – боху хаттар дара нахана хьалха лаьтташ.

Советан Ӏедалан векалша къийсам латтабора. Амма цунах гӀуллакх ца хилира: нагахь санна лаьмнашкахь йолчу йарташкахь кӀеззиг догӀанаш даьхкина, наха хиш деххина йалташ кхиънехь, ткъа аренгахь йолчу йарташкара йалташ, даьгна, Волга-хин йистера схьа, Украина чу а лоцуш, Нохчийчу кхаччалц йолчу меттигашкахь мацалла хӀоьттира. Цу халонах, мацаллин Ӏожаллех уьдуш, лаьмнашка хьалаида буьйлабелира охьанехьарчу йарташкара бахархой. Эххар а Шуьйта-гӀалина гонахарчу йарташка кхечира мацаллех уьдуш, Ӏожаллех кӀелхьарбовла гӀерта оьрсий, украинхой. И берриг а бевдда баьхкина нах ламанхойн хӀусамашка дӀанисбина, йуург, мерг царна нисйина, вошалла а, гӀо-накъосталла а дан дезаш дара.

Баккхий нах, кегий нах шена гонаха баьхна, де-буьйса ца лоруш, таьлсаш коча а тесна, хьаьддий, веддий лелара Жангирин Жаьмбиг. Иштта арабевлла, оцу нахана гӀо деш, чу ца боьрзуш лелаш бара йуьртда волу Ӏалсолта а, цуьнан гӀоьнчий Довлетмирзин Болий, Варин Соьлсабеккий, ГӀойтамаран Аюббий, латтадекъаран комиссин декъашхой, кхин дуккха а баккхий нах. Амма цара лелочух гӀуллакх хуьлуш дацара: мацалло арабаьхна нах кхин а тӀеоьхуш бара. И нах тӀеэца, церан гӀайгӀа бан йак-

кхий таронаш а, харж а оьшура. И тайпа таронаш, хьал шотойн дацара. Адамаш мацалла дала доладелира. И гIуллакх иштта тесна дита йиш йацара.

Iуьйранна хьалххехь араваьлла, салтийн хиллачу казармашка вахана, мацаллех бевдда тIебаьхкина болу нах цигахь дIа муха тарбелла а хьаьжна, йуьртан Совете йухавеана, ойланаш йеш Iара Жаьмбиггий, Iалсолтий. Iадийча санна, куьйгашца кортош а лаьцна, вовшашка вист а ца хуьлуш, Iадда Iаш вара и шиъ. Эххар а:

– Вайша иштта Iарх гIуллакх хир дац кхунах, – элира Жаьмбига. – Нах бала буьйлабелла, царна йуккъехь ун даржаран кхерам бу.

– ВаллахIи, сан десара, ца хаьа суна-м, хIинца вайшимма хIун дийр ду, – лерина Жаьмбиге хьаьжира Iалсолта. – ХIокху вайн гонаха йолчу йарташка сагIа дехна, царна хIума тасийтина йалта гулдина со ваьлла. Кхин царна тIеваха сан йуьхь йац, эхь а хета.Шайна а йаа йоцу сискал наха вайшинна мичара лур йу?

– Ца хаьа, царна напгIа ца лехча-м ца волу вайша, – веана шен метта охьахиира Жаьмбиг. – Деллахь, Дикалуга[1] орца даькхича хIун дара-техьа вайшимма?

– Делахь, вайшимма кхана Iийча вайн хуьлуш болчу гуламе хьалакхайкха веза иза.

...Декабрь беттан хьалхарчу пIераскан дийнахь машенахь Шуьйта-гIали чу веара Гикало. Иза цу хенахь ВКП(б)-н Горски обкоман секретарь вара.

Цкъа хьалха мацаллех бевдда баьхкинчу наха хIун леладо а, уьш муха Iаш бу а хьажа вахара Гикало.

Массанхьа а хьаьжна ша ваьлча:

– Баркалла шуна! – Жаьмбигна мара а кхетта, бIаьргех хиш а девлла, вахана цхьана гIанта охьалахвелира иза. – Суна цкъа а дицлур дац сан берзина бIо аш тIедухуш, кога духуш, шелонах ца болуьйтуш кIелхьарбаьккхина денош, ги таьлсаш доьхкина, мацалла сан салтий ца балийта гIерташ, нахе сагIа доьхуш шу уьдуш лелла денош, хIинца хIокху мискачу нехан гIайгIа

[1] Дикалу – Нохчаша иштта йоккхуш хилла Гикало Николайн цIе.

беш, орца дохуш аш идош долу денош! Кхин цкъа а баркалла шуна!

Цул тӀаьхьа массо а, ваьлла, хьалха паччахьан эскарийн хиллачу клубе вахара. Цу чохь гуламе баьхкина бара Шуьйта-гӀали чуьра, гонахарчу йарташкара нах.

Шен къамел дӀадолийра Гикалос:

– Сан бӀо-накъостий! Вежарий! Шотой! Вайна массарна а хууш ма-хиллара, масех шарахь вайн махкахь лаьттинчу тӀемаша йарташ, гӀаланаш, заводаш, фабрикаш йохор бахьана долуш, латтанаш аха, йалташ дӀаден, уьш кхио нах боцуш, и нах тӀамехь хӀаллакьхилар бахьана долуш, оьрсийн махкахь, Украинехь, Арц-Кавказехь йокъа хӀоттар бахьана долуш, дӀадийна йалташ хӀаллакьхилла, дьгна. Мацалла йу вайн махкахь кхушарахь кхерсташ! Дийца ца оьшуш, шуна гуш бу оцу мацалло вайна беш болу ницкъ! Цо вайн дӀакхоьхьуш лаьтта адамаш! Карахь йолчу хенахь вайна дуьхьалхӀоьттина лаьтта угтар луьра мостагӀ – мацалла. Муха кӀелхьарбаха беза вай нах хӀокху мацаллин балех? Соьга хӀун гӀо далур ду шуна? – саца а велла, шотошка хьаьжира Гикало. – Сайна Ӏедало деллачух ас шуна ахча лур ду. Сайн эскарна схьахецначух тӀедуха хӀума лур ду. Ткъа аш хӀун дан деза? Цкъа мацах вай ма-дарра, шайн баккхийчу нахах продотрядаш[1] вовшах а тоьхна, уьш ларбан, царна гӀо дан улле кегий нах баьхна, ламанан кхечу йарташка боьлхуш, шайгахь долу хьал, шаьш лелош дерг цигахь дӀа а дуьйцуш, нахс гӀо дар доьхур ду-кха! ГӀо дечара, шайн таронаш йолчара, йалта лур ду шуна. И йалта дала йиш йоцчуьнгара, мах а белла, оьцур ду аш!

– Дикалу! Ахь бохург нийса ду! Кхечу агӀор и болх кхочушбойла дац вайн! – хьала а гӀаьттина, ша волчуьра схьален велира Ибин Мохьмад. – Мацалла вон тӀом бу, къиза тӀом бу. Мацалло шен Ӏожаллин буйнара ца волуьйту жима а, воккха а. Делахь а, вай хӀоккхул халачу, буьрсачу, къизачу тӀемашкахь а лаьттина. ХӀоккхул даккхийра хӀуманаш вайна тӀе а кхаьчна, вай лан а лайна! Тола а тоьлла! ХӀинца ахь тхуна хьалхахӀоттийна гӀуллакх

[1] Продотряд – кхачанан сурсаташ гулдан кечйина тоба.

оха, мало йоцуш, кхочушдийр ду, тхан ницкъ кхачахь, шоточун цIахь йаа сискал йолуш, и тIебаьхкина нах мацалла лийр бац. Царна напгIа лаха, йалта деха, эцца ламанийн йарташка уггар хьалха со гIур ву.

Цул тIаьхьа къамелаш диначара, бакъдеш, чIагIдира Мохьмада аьлла дешнаш.

Масех де даьлча, ши отряд вовшаххкхетта йелира.

ХIора отрядана чуйогIуш итт-итт хIургон, пхи-пхийтта стаг вара.

Продотрядийн командираш, церан бIахой чубалийна, цаьрца къамел дан волавелира Жангирин Жаьмбиг.

– Накъостий, хIинца вайн продотрядаш вовшаххкхетта йевлла. Цундела сан дехар ду шуьга, вайгахь долу хьал ма-дарра нахе дIадийций, вай идош болчу некъах нах кхетабай, цаьргара дехна, диканна йалта даккхар! Цул тIаьхьа бен, шайн ахча йукъадоккхур дац аш. Итон-Кхаьллой, чIаьнтий, царна гонаха бехаш болу вайн ламарой де долуш, йахь йолуш, балане эгначу нехан гIуллакхе хьовсур болуш, комаьрша нах бу шуна. Иштта, де долуш нах бу дIай а, царна гонаха бехаш болу кхин ламарой а. Суна хетарехь, суна хIуьттучу суьртахь, оцу наха вайн гIуллакх дийр ду, йалта а лур ду. Цатоьург, наха ваьшна цаделларг – иза ахчанца оьцур ду вай. ЙуьхьIаьржа хIуьттур дац вай хIокху вайн вежаршна украинцашна, оьрсашна хьалха. Кхин дан сан шуьга къамел дац, дала хьекъал а дац. Шайн дан хаттар делахь, де, дацахь, новкъадовла! – элира Жаьмбига.

Продотрядийн командираш, кхин хаттар ца деш, ара а бевлла, шишша стаг хIургонашна тIе а ховшийна, итт хIургон ДIай чухула хьала, итт хIургон Итон-Кхаьллахула хьала мискачу нахана йалташ деха, эца бахара.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун зама йу романан декъа тIехь йуьйцург, муьлш бу цуьнан турпалхой?

2. Стенна саготта ву Жаьмбиг, Iалсолта? Цушимма вовшашка дина къамел схьа а лахий, йаххьашца дIадеша.

3. Декъа тӀехь йуьйцу зама чолхе, карзахе зама хилар чӀагӀдеш долу бакъдерш даладе.

4. Шуьйтахь гулбеллачу нахана хьалха Жаьмбига, Ӏалсолтас диначу къамелах лаций дийца. Мискачу нехан сагатдийриг хӀун дара?

5. Советан Ӏедал тӀедеанчул тӀаьхьа ламанан йарташкахь кхолладелла социальни дахар муха дара? Муха дара оцу Ӏедалан бахархошна латтанаш декъаран хьелаш?

6. Ламанан бахархоша латтанаш ахар, йалташ дӀадер тайп-тайпана хилар стенца доьзна дара?

7. Йокъа хӀоттар бахьана долуш хӀун зенаш хилира ламанхошна? Мила вара цунна бехке, царна хетарехь?

8. Мацалло бӀарзбина Россера, Украинера баьхкина нах муха тӀеийцира шотоша а, кхечу наха а?

9. Мацаллин балех нах кӀелхьарбаха хӀун сацам бира гуламо?

10. Мацалла ловш болчу нахана йалта деха, эца ламанан йарташка боьлхучу продотрядан командирашка хӀун хьехар дира Жаьмбига?

11. Дийцаран турпалхоша Жаьмбига, Ӏалсолтас, Шемила, Гикалос, Мохьмада адаманна хьалха диначу къамелашна йуккъехь шуна герга дерг хьенан къамел ду? ХӀунда?

12. Шуна муха хета, шайна хьалхахӀоттийна декхар кхочушдийр дуй йалта эца, деха боьлхучара?

### Текстана комментари

Романан декъа тӀехь вуьйцу имам Суьйличохь, йуха Нохчийчохь гӀазот кхайкхина волу Гоцинский Нажмуддин ву. Советан Ӏедална дуьхьал къийсам латтийна цо. Амма большевикаша дуьйцучух тешна нохчийн халкъ, цунна тӀаьхьа а ца хӀуттуш, Советан Ӏедалехьа долу.

Харштосу де – Ӏай, бӀаьстей къаьстинчул тӀаьхьа (март беттан 23 де чекхдаьлча) ши кӀира даьлча билгалдоккхуш хилла. Делан цӀарца дӀадолош хилла хӀутасар. Цул тӀаьхьа гота йохуьйтура. Гота дӀайолош а, хӀу тосуш а волу стаг йуьртахь шен оьздангаллица, хьанал вахарца билгалваьлла стаг хила везаш вара.

Нох шозза дӀадахча, готанан хорша чу кхузза шура а тухуш, йетт оза беза хилла. Лаьттан беркат совдаккха, иза хьандан, дӀадийна йалта хьийкъина хилийта деш хилла иза.

Оцу дийнахь тайп-тайпана къовсадаларш дӀахьош хилла: говраш хоккуш, хьалхабовларех бовдуш, кхитайпа хьуьнарш гойтуш.

### Вайн къамел кхиадо

1. Тидам бе диалогийн. Дийца, диалогашкахь коьртачу турпалхойн муьлха амалш билгалйовлу.

### ГІиллакх-оьздангаллех дийца вай

1. Вайн къоман оьздангаллехь йоккха меттиг дІалоцу къинхетамо. Адамашца, гонах мел долчу садолчу хІуманца къинхетаме хилар стеган уггар хьалхара декхар ду. Адамашца болу къинхетам вайн къоман йукъараллехь гучуболуш хилла боберашца, жоьра бисинчу зударшца, ваша воцучу йишица, воІ воцучу деца, къеначу нахаца болчу лерамца. «Шу вовшашца къинхетаме хилахь, Ша шуьца къинхетаме хир ву», – боху Дала Шен сийлахьчу Къуръан чохь.

Йокъа хилла, шайна а йаа сискал йоцучу ламанхоша тІеоьцу мацаллех бевдда баьхкина украинцаш, оьрсий. Муха хета шуна цара динарг?

2. Молла Шемила шен къамелехь, ийманал иблис туьйли, дайн гІиллакхаш талхийна, боху. ХІинцалерчу заманахь дайн гІиллакхаш талхийна муьлха меттигаш йевза шуна?

### Шуна, хІума довза луурш

1932–1933-чуй шерашкахь, йокъалла а хІоьттина, Волга-хица беха цхьаболу оьрсий, украинцаш мацаллех бевдда Къилбаседа Кавказе баьхкира. Вайн наха уьш дика тІе а ийцира, мацалла баларх кІелхьара а бехира. Украинцашна, нохчашна йуккъехь хІетахь кхолладелла доттагІалла тахана а дІадаза ду. Цу доттагІаллех лаьцна нохчаша эшарш йехира, цхьана хенахь радиохула лоькхуш хезара уьш.

**ГАЦАЕВ Асламбекан СаьIид**

***(1938 – 2013)***



Гацаев СаьIид 1960-чу шерашкахь нохчийн литературе баьхкинчу йаздархойн тобанах ву.

Иза вина Веданан районан Дишни-Веданахь 1938-чу шарахь 2 декабрехь ахархочун доьзалехь. Атта ца хилла цуьнан дахаран некъ. Нохчийн халкъ махкахдоккхучу хенахь йалх шо кхачаза волу жима СаьIид виначу латтах къастийна. Генарчу махкахь, Казахстанехь, дIайахана цуьнан бераллин хан.

Жима волуш дуьйна халкъан барта кхолларалле, школехь доьшуш исбаьхьаллин литературе баханчу безамо вайн махкахь вевзаш волу поэт хила таро хилийтира Гацаев СаьIидан.

Школехь дешначул тIаьхьа цо чекхйаьккхира Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан хьехархойн институт.

Белхаш бира школехь, ша дешначу хьехархойн институтехь, кхечу меттигашкахь. Школехь берашна хьоьхуш биначу балхо гIо дира цунна берийн гIиллакхаш, амалш йовзар тIехь. Стихаш йазйан волавелира ша школехь доьшуш волчу хенахь.

Поэтан дуьххьарлера стихаш зорба тоьхна 1950-гIа шераш чекхдовлуш. Нохч-ГIалгIайн книжни издательствехь арайевлла цуьнан поэтически книгаш: «Гуьйре» (1969), «БIаьстенан гIар» (1973), «Хазахетар» (1981), «Гуьйренан тхи» (1989), «Мекара цициг» (1991). «Со-м хьан варий, Нохчийчоь» (2014).

Гацаев СаьIидан дукхахйолу стихаш уггар вайна дукхабезачу Даймахках, Iаламах лаьцна йу. Жимачохь дуьйна хийрачу махкахь ша сатийсинчу даймахке йолу шовкъаш йу поэтан стихашкахь исбаьхьаллин чулацаме йирзина. Даймахках лаьцна йолу цуьнан стихаш, йерриг

а бохург санна, поэтан дахарх йозайелла йу. Шен поэзехь цо йух-йуха а йуьйцу даймехкан хазалла, аьхналла, цуьнца шен йолу марзо.

Кхин цхьа тема а йу поэтан лирикех чекхйолуш: адам, Iалам. Iаламах лаьцна йолчу цуьнан стихашкахь ши хIоттам хуьлу – Iаламан сурт а, адаман ойла а. Адамна синкхача хуьлий дIахIутту даймехкан Iалам поэтан кхолларалллехь.

Гацаев СаьIидан лирикехь философски маьIна долуш стихотворенеш йу. Адаман даймахкаца, Iаламца йолу йукъаметтиг, ненан безам, доттагIалла, къоман гIиллакхаш, ламасташ, валар-висар – и дерриг а чулоцуш йу цуьнан произведенеш.

Гацаев СаьIид дуккха а жанрашкахь йаздина, лирикин стихашна тIера баснешна, пьесашна тIе кхаччалц. Нохчийн драматически театрехь цуьнан пьесаш тIехь хIоттийна масех спектакль: «Бале ваьлла нуц», «Пелхьонаш», «Ханпашин валар».

Поэт-лирик хиларе терра, Iаламах лаьцна дукха йаздина поэта, цуьнан стихаш къаьсташ йу синхаамах йуьзна хиларца. «Дарц» цIе йолчу шен стихотворенехь Iаьнан Iаламан, чехкачу дорцан ма-дарра говза сурт хIоттийна цо, къагош гайтина цуьнан аьрха хазалла.

## ДАРЦ

Хьийза, стигал къайлайохуш,
Арахь шийла лайн чимаш,
Махо, чехка Iин чу кхоьхьуш,
Долий гIийла узамаш.

Буьрса цIийзаш, букмий[1] хьийзош,
Дерриг Iалам хьулдина,
Диттийн генаш лаьтта ийзош,
Керта, тогIе диллина.

Некъаш хилла тача доцуш,
Дерриш дуькъна дайъина.
ЙоI, хи эцна, цIехьа йогIуш,
КIайчу суьртах тарийна.

---

[1] Букмий – керчаш, гобохуш.

Хьоза, пелаг санна, даьхьна,
РагIун тхов кIел кхоьссина,
ЧIегIаг дIогахь, кхор тIе хиъна,
Мох тилехьа лечкъина.

Хьаннаш, керташ басах хуьйцу,
ЖIаьло лайлахь нека до.
Бераш корех арахьуьйсу,
Гучух чIогIа даккхийде.

Дарцо, тIеттIа гIийла цIийзаш,
Сан са мерза таIийна.
Чимаш, хIаваэхь а хьийзош,
КIайчу льатта сихдина.



**Йешначух ойла йе вай**

1. ХӀун суьрташ хӀуьтту шун коьртехь стихотворенин могӀанаш доьшучу хенахь?

2. ХӀун хийцамаш хилла Ӏаламехь дарц даьлча? Жоьпаш стихотворенин могӀанашца чӀагӀде.

3. Мичахь даьлла дарц: ломахь йа арахь? Хаа йиш йуй иза?

4. Мила ву дорцах самукъадаьлларг? ХӀунда?

5. Лирически стихотворенехь коьрта гӀуллакх дийриг арахьара хиламаш бац, ткъа синхаамаш, сатийсамаш бу. Муьлха синхаамаш хаало вайна лирически турпалхочуьнгахь?

7. Муьлха васташ хьалхахӀуьтту шуна стихотворени йоьшуш? Дорцан амал гойтуш билггала и васташ хӀунда хаьржина автора?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирсашца кхоьллина поэта дорцан исбаьхьаллин къегина васт?

2. Муьлха беснаш алсам ду стихотворенехь? Шуна хетарехь, автора и беснаш хӀунда хаьржина?

3. Схьалаха стихотворенехь авторан сингаттаме синхаамаш бовзийта таро луш долу дешнаш.

4. Хи эцна йогӀу йоӀ поэта кӀайчу суьртах тарйина. Поэтан оцу метафорически дустаро дорцан сурт билггала а, къеггина а гайтарехь хӀун дакъалоцу?

**Вайн къамел кхиадо**

1. *Дарцо хьоза рагӀун тхов кӀел кхоьссина*, боху поэта. *Кхоьссина* хандош далийна цо кхузахь. Дийца, хӀун гойту оцу хандашо.

2. *ЖӀаьло лайлахь нека до* бохучух муха кхета шу?

3. *Цӏийза* дош шозза далийна шен стихотворенехь автора. Мича Ӏалашонца дина цо иза?

**Культурийн диалог**

**1.** Ӏаламан хӀокху тайпа хилам буьйцу кхечу къаьмнийн стихаш йевзий шуна? Йуста вовшашца Гацаев СаьӀидан «Дарц» а, Пушкин Александран «Зимний вечер» а стихотворенеш. Билгалдаккха церан цхьаьнадогӀург а, къаьстарг а.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

«Дарцо левси кхийсайо» темина йешархойн конкурс дӀахьо классехь.

# ЭПИЧЕСКИ А, ЛИРИЧЕСКИ А ДОЛЧУХ ЛАЬЦНА

Исбаьхьаллин литературехь дахар гайтар тайп-тайпана кхочушдина хила тарло: дийцаран кепехь; адамаша деш дерг, лелош дерг гайтаран кепехь; дуьйцуш долчуьнца доьзна церан гIайгIанаш, ойланаш, сатийсамаш, синхаамаш гайтаран кепехь. Цуьнга хьаьжжина, литература йекъало коьртачу кхаа тайпане: *эпосе, драме, лирике.*

*Адамийн дахар а гойтуш, цара дакъалоцучу хиламех лаьцна дуьйцуш йолчу литературех эпически литература олу.* Эпически произведенеш йу вай Iамийна «Болат-ГIала йожар», «Напсат», «Генарчу денойн туьйра» цIераш йолу дийцарш. Эпически произведенеш йазйина хила тарло прозехь а, поэзехь а. Нохчийн халкъан иллеш а ду эпически произведенеш – халкъан эпос.

*Дахарх лаьцна стеган гIайгIанаш а, ойланаш а, синхаамаш а гойтуш йаздан а тарло.* Цу кепара йазйина произведенеш *лирически литературина* чуйогIуш йу.

Дукхахйолу поэтически произведенеш хуьлу лирически кепехь йазйина: Гацаев СаьIидан «Дарц», Мамакаев Iаьрбин «Берзан беккам», Сулейманов Ахьмадан «Шуьнехь дош».

Йоьшуш волчуьнгахь тайп-тайпана ойланаш кхоллар, цуьнан дагах хьакхалуш хилар, шен ойла гайтар йу лирически произведенин коьрта билгало.

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муьлхачу тайпанашка йекъало исбаьхьаллин литература?
2. Эпически литература стенах олу?
3. Лирически произведенин коьрта билгало хIун йу?
4. Вай Iамийна, шаьш йешна шайна йевзачу эпически а, лирически а произведенийн цIераш йаха. Дийца, хIунда йу уьш эпически а, лирически а.



**КУСАЕВ Джабраилан Іадиз**

***(1938 – 2022)***

Поэт, публицист Кусаев Іадиз вина 1938-чу шарахь Нажин-Юьртан районерчу ламанан ширачу йуьртахь Шоьнахь. Атта ца хилла цуьнан вахаран некъ.

Кусаев Іадизан йалх шо долчу хенахь нисделла вайн халкъ бехк боцуш махкахдаккхар.

Генарчу ГІиргІизойн махкахь, Тянь-Шанан лаьмнаш кІел лаьттачу жимачу йуьртахь, даа а, мала а доцуш, дІайахана цуьнан бераллин зама. Циггахь деша а вахана, меттигера школа чеккхйаьккхина цо 1957-чу шарахь.

Даймахка цІавирзинчул тІаьхьа Іадиза дийшира Соьлжа-ГІаларчу Статистически техникумехь. Эскаре гІуллакхдан ваханчу хенахь иза хьажийра ТІеман авиацин-технически училище. Эскарера цІавеача масех шарахь болх бира Соьлжа-ГІаларчу авиапортехь.

Жима волуш дуьйна а литература дукхайезаш, гІарабевллачу поэтийн, йаздархойн кхолларалла йовза лууш вара иза. Оцу йаздархойн произведенеша боккха тІеІаткъам бира хинволчу поэтана.

Іадиз стихаш йазйан волавелла 8-чу классехь доьшуш волуш. Ростов-гІалахь пачхьалкхан университетан журналистийн факультет чекхйаьккхинчул тІаьхьа дуьйна цо белхаш бира телевиденехь, радиохь, тайп-тайпанчу газетийн, журналийн редакцешкахь.

Іадизан дуьххьарлерчу стихашна зорбатоьхна 1958-чу шарахь. ХІетахь дуьйна цо арахийцира масех поэтически сборник: «Некъаш» (1972), «Цхьаалла» (1982), «Ламанан леча» (1985), «БІаьстенан мохк» (1987), «Амал» (2008), «Кхоллам» (2011), «Къинхетам» (2012), йазйира

дуккха а очеркаш халкъан турпалхойх, иллиалархойх, художникех, композиторех лаьцна.

Кусаев Іадизан кхоллараллехь йоккха меттиг дІалоцу ирсе дахар, машар, хьанал къинхьегам, Даймехкан толамаш гойтучу произведенеша. Оьздангалла ларйар, халкъана, махкана пайдехьа хилар, хьаналчу къинхьегамца вахар чІагІдо поэта.

Масех поэма а йазйина Кусаев Іадиза: «Ламанан леча», «Къоначийн илли», «Революцин суй», «ТІеман некъашца», «Туьйранан махкахь», «Деле дехар», кхийерш а.

Шуьйра йу поэтан поэзи шен жанрашца. Царна йукъахь йу лирически стихаш, сюжетни стихотворенеш, поэмаш, сонеташ. ТІаьхьарчу хенахь тІеман тема коьртаниг йара цуьнан кхолларалллехь. Бехкбоцуш тІеман чкъурго кхолламаш хьешначарех хІораннан а хаттарш ду цо мохк баго а, маьрша адамаш дайъа а бахкийтинчаьрга луш дерш.

Прозехь а арайевлира Іадизан масех книга. Уьш оьрсийн маттахь йу. Царна йукъахь мехала болх бу «Писатели Чечни». Цу тІехь Нохчийчохь баьхначу йаздархойн дахарх а, кхолларалллех а дийцина автора.

Цо йазйина стихотворенеш а, поэмаш а халкъан кхолларалллин бух болуш хиларе терра, дукхахйерш эшаршка а, иллешка а йирзина.

Шен исбаьхьчу поэзица ирсечу дахаре кхойкхура Іадиза.

## АМАЛЕХЬ ДИКАНИГ...

Амалехь диканиг нанас ло вайна,
Кхиадеш комаьрша, къинхетаме.
Боху цо, са дицдай, ма даха гайна.
Боху цо, ма хІитта, дарлой, тІаме.

Ма хила бен-башха, цхьаннан дог лезча,
Вевзаш а воцчунна тІехІоттарх и,
Ма дерза, букъ тохий, бер доьлхуш хезча...
Дуьненан меха ду хІора бІаьрхи!

Іамадеш дахарехь дика-вон къасто,
Амалехь хьекъалниг вайна ло дас.

Боху цо, сихлолаш къинхьегам хасто.
Боху цо, собарал дезаниг дац.

Кура а ма хила, муьста хьач санна,
ДIаккхуссур ву дера чам бaьккхинчо.
КIилло а ма хила, вехаш хьайн сина,
Эккхор ву, аьшнаш веш, хIора гинчо!

ДIахIитта мохк ларбан, цIа хIотто, аха,
Хьалха ма хIиттара, эшначохь, дай…
Адамаш, шен дуьхьа хьанала даха
Сийлахьчу Даймахко декхар до вай.

**Йешначух ойла йе вай**

1. Беран амал кхиорехь хIун меттиг дIалоцу нанас?

2. ХIун хьехарш до цо шен берана? Муха хьалакхиа лаьа цунна шен бер?

3. Дас беран амал кхиорехь хIун дакъа лоцу?

4. Дена мича кепара хьалакхиа лаьа шен кIант?

5. ХIун декхарш лаьтта, боху поэта, вайна хIоранна а хьалха?

6. Муьлха синмехаллаш хила лаьа шайн тIекхуьучу тIаьхьенгахь дена а, нанна а?

7. Дахарехь муха хила Iамаво стихотворенин могIанаша?

8. Ден, ненан весет кхочушдина кIентий халкъана, махкана пайде хир бу аьлла, хетий шуна?

9. Стихотворени тIехь йийцинчу синмехаллех шайгахь муьлханаш хила луур дара шуна?

**Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Муьлхачу хормехь йазйина йу «Амалехь диканиг…» стихотворени (монолог, диалог, дийцар ...)?

2. Шен дIахIоттамехь маса декъе йекъа мегар ду «Амалехь диканиг…» стихотворени? Билгалдаха и дакъош. Дийца, хIун ду уьш цхьаьнадузург.

3. Шуна хетарехь, стихотворенин коьрта маьIна муьлхачу могIанашкахь ду? Дийца, кхин муьлхачу произведенешкахь хуьлу маьIна цу меттехь?

4. Инверсин масалш схьалаха стихотворенехь. Мича Iалашонца пайда эцна поэта цу исбаьхьаллин кепах?

### ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай

1. Кху тӀаьхьарчу хенахь адамашкахь вайна хаало бендацаралла. Хилларг шех хьакхалуш ца хилчахьана, кхиболчарна хӀуъа хилча а, бен дӀа а ца хета цхьадолчу адамашна. Шуна хетарехь, хӀун ду адамашна йукъара кхечунна хиллачух доглазар, къинхетам дӀабаьккхинарг? Рыночни экономика хетий шуна адамашна йуккъе эвхьазло йуьллуш, цаьргара эхь-бехк дӀадаьккхинарг?

2. Дас, нанас шайна дина хьехар массо хенахь а цхьатера тӀеоьций аш? Цара бохург схьаэца шуна новкъарло йийриг хӀун ду, шун муьлха амал йу?

3. Дас-нанас аьлларг беро цхьатера тӀе ца оьцу. Дукхахьолахь, дас аьллачунна тӀера ца долу бер, амма цхьадолчара нанас аьлларг наг-наггахь кхочуш ца до. Шун дахарехь нислой иштта ниг?

### Вайн къамел кхиадо

1. Стихотворенин чулацам шайн дешнашца схьабийца.

2. Стихотворени тӀехь боцу муьлха хьехамаш бо шуна дас-нанас? Дийца царах лаций.



**РАШИДОВ Рашидан Шаид**

***(1940 – 2020)***

1940-чу шеран ноябрь беттан 15 дийнахь Гуьмсан кIоштарчу Энгель-Эвлахь дуьнен чу ваьлла нохчийн поэт Рашидов Шаид. Къизачу дажалан къиза кхел бахьанехь бераллин мерза мур хийрачу ГIиргIизойн махкахь чекхбаккха дийзира хинволчу поэтан.

1957-шарахь дуьйна вехаш-Iаш вара ша виначу йуьртахь.

Шаида чекхйаьккхира хьехархойн институт. Дуккха а шерашкахь болх бира къона тIаьхье кхетош-кхиоран хьаьрмахь: хьехархо, школан директор, Гуьмсан кIоштан дешаран декъан куьйгалхо волуш.

Стихаш йазйан дукха хьалхе волавелира, шен 13 шо долуш. Цкъа хьалха гIиргIизойн, йуха нохчийн маттахь йазйора.

1960-чу шерийн йуьххьехь дуьйна поэзи йезархоша тидам тIебахийтира газетийн, «Орга» альманахан агIонаш тIехь гучуйуьйлуш цуьнан стихашна.

1967-чу шарахь къоначу поэтан «ПатIин барз» поэмина республикин конкурсехь хьалхара меттиг йелира.

1968-чу шарахь дуьйна цхьаъ вукхунна тIаьххье арайийлира Шаидан стихийн, поэмийн сборникаш: «Iуьйренан тхи» (1968), «Седарчийн буьйса» (1971), «Сатийсар» (1976), «Дайн латта» (1979), «Ломара цIе» (1986), «Дахаран аре» (1990), «Ненан бIаьрхиш» (1995), кхийерш.

Рашидов Шаида дуккха а стихаш йазйина тIамах, Даймаххах лаьцна. Царах цхьайерш цо тIаьхьарчу хенахь арахецначу книгаш йукъа йахана: «Къайле», «Кхоллам», «Эшарш».

Кхаа дашца Шаидан поэзин тематика билгалйаккха йезаш хилча, далор дара дешнаш – Даймохк, Нана, Безам. ЦIеначу безамо дог тIома

дохуш, Даймахкс болчу безамо дахарна ницкъ луш, шен нене болчу безамо гIалатех ларвеш, чолхечу «дахаран аренах» корта айъина чекхвала гIерта цуьнан поэзин турпалхо.

Меттан чолхаллаш йоцуш, мукъамца аьхна йолчу Рашидовн байташ тIехь дукха иллеш, эшарш кхоьллина нохчийн иллиалархоша, эшаршлакхархоша: «Ломара зезаг», «Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь», «Иордани», «Пондаран аз», «Адамаш ду лекха лаьмнел», кхин дуккха а.

Рашидов Шаидан кхолларалло хьакъйолу меттиг дIалаьцна вайзаманан нохчийн поэзехь.

## ДЕН ВЕСЕТ

### I

Даймехкан тIом болчу
Халачу хенахь,
Хийла бер да воцуш
Дисира гIийла.
Хийлачун каш диси
ХIусамна генахь,
Хийланиг тIепаза
ДIавай, чим хилла.

Мел ирс ду Даймехкан
Сий лардеш вагар,
Иштттаниг адамийн
Дегнашкахь веха.
Турпалхочун седа
Некха тIехь къагар
Лору ас тахана
Дуьненан меха.

КIезиг бац турпалхой
ХIинца а вайлахь,

Мила ву лийр воцуш
Шен къоман сийнна?
Шайн цIий ца кхоадеш
Ларбинарш Даймохк,
Бехар бу эзарнаш
Шерашкахь кхин а.

Цу хенахь со ду бер
Халла ког боккхуш,
Кхиъна вац салтичух
Топ караэца.
Амма дас бина тIом
Берлин схьайоккхуш.
КIезиг бац саделларш
Вайн дуьхьа, теша.

II

БIаьстенан къегина
Малх хьаьжна генахь,
Цхьа зуда берашца
ГIелйелла Iара,
Кхечира генарчу
Махкара кехат –
Боккха кхаъ бара и
Малхбузехьара.

«Генара маршалла
Ду шуьга, хIинца
ЦхьакIеззиг тIом тийна,
Цундела кехат
Йаздо ас. Дукха ду,
ЦIа кхачахь, дийца.
Шу цигахь хIун хьоьгуш
Дохкуш ду-техьа?

Дуккха а хан йаьлла
Вовшашна ганза,
Кхузахь ас къастаран
Къаьхьалла муьйлу.
Теша со, шу хир дац
Халонаш ланза,
МостагІий лелхорна,
Дог тІома дуьйлу.

Сихха соь йазделаш
Шайгарчу хьолах,
Халонаш тІехІиттарх;
ГІеллой, ма теІа.
Со а цІа воьрзур ву,
Тешалаш чІогІа,
Эцна цкъа хсназа
Эгначийн бекхам».

III

Гора-йаІ, зама, хьо,
Сихйелла зама.
Іаламехь дерриге
Ахь тишдо, оту,
Йа нисдо, йа хаздо,
Цхьанна ло бала,
Вукхунна, и Іехош,
То а лой, кхочу.

Мухха а делахь а,
Хаза ду дахар.
Кхелхича, гур ма йац
Стигланаш сийна,
Кхачор ду лаьтта тІехь
Шуьйра гІулч йахар,

Шовданаш хир ма дац
Дог Іаббалц мийла.

ДоттагІий, гергарнаш
Хир бац чулеста,
Шен кийрахь сацор ву
Шийлачу лаьтто,
Зезагаш карор дац
Ойланаш хьеста,
Цхьанне ницкъ кхочур бац
ШолгІа хьо гІатто.

Ойланаш, ойланаш
Хьийзара коьрте,
ДІадахнарш, лелийнарш
Лоьцура хьалха,
Куьйгаш а дехкина
Йекъачу гоьл тІе,
Элира: «Дехьарчу
КІанте схьакхайкха».

Чохь мел верг
Меллаша велира дехьа,
Йоккха чоь тап-аьлла,
Аз доцуш, тийра,
КІант, веъна, бос баьхьна,
Велира сехьа,
Маьнги тІехь лахвелла
Сецира гІийла.

Цомгашчо долийра:
«Нагахь ладоьгІна
Схьаэцахь, оьшур ду
Ас хьайга аьлларг.

Вуьсур вац адамашлахь
Цкъа а хьо воьхна,
Цхьа а вац Iожална
КIелхьараваьлларг.

Нагахь цхьаъ, галваьлла,
Чувоьжча оьрана,
Лами а хилла хьо
ГIо деш ца хIоттахь,
ДегI тера хиларх а
Лекхачу ломах,
Хабарех стаг хуьлу
Хьуна ма мотта.

Халкъана вахалахь,
Цуьнан сий лардеш,
Ларлолахь, сийсазвен
ГIалатло йожарх.
Хьалха гIо тIаьхьарчун
ВогIу некъ шарбеш,
Довзалахь дика, вон,
Цаьршиннан доза.

Оьздалла дахаран
Хазалла хета.
Хилалахь оьзда.
Стаг товш ву массанхьа
Дуьйцучух кхеташ,
Массо дош далийта
Хьекъалах доьзна.

Сихалло гIалатло
Йожайо хьоьха,
Собаре хилалахь
Кхаьчначу меттехь.

Долу дош, воьду лар
Хьан хилахь боьха,
НеIалтех вер вац хьо,
Велча а кхетта.

ГIиллакхо стаг хазво.
Шегахь и доцург,
Хаалахь, йахь йоцу
Стаг иза вуйла.
Муьлххачу адаман,
Эшча, гIо лоцург,
Гергарло лело а
Къонах ву хьуна.

Ванне а вацар ду
Тешнабехк балар,
Хаалахь, вуй иза
Массарал кIилло.
ГIоли йу иштттачух
Массо дош лардар,
Ларлолахь адмашлахь
Долчунах хIилла.

Нана а цхьаъ бен йац,
Даймохк бу иштта.
Цаьршиннах къаьстинарг –
Декъаза гуьйриг.
Цул тIаьхьа ницкъ хир бац
Стиглане гIатта,
Хьаъа а эр ду хьоь:
«ТIам бойна куьйра».

Диканиг, тешам берг
Харжалахь доттагI,

Сихонца къайленаш
Ма йийца цхьаьнгге.
Маларца карийнарг
Хуьлуш ву мостагI,
Кхайкхор ву, цIе йожош,
Иштталчо хьаьнгге.

Гергарло къаьмнашна
Йуккъехь чIагIделахь,
Хьайн къоман сий ойъуш,
ГIулч йоккхуш хьалха.
Даймехкан массо а
Меттиг ларйелахь,
Адмашна хьайн безам
Совбаккха кхалха.

Дикалла дахаран
Йохаллехь лоьху,
Вон хила, вон каро
Ду хьуна атта.
Моттбеттарг массарал
Хуьлуш ву боьха,
Диканна йукъ йоьхкуш
Меттара гIатта.

Хьарамчу хIумано
Куьг бехдо сихха.
Къен хилар гIоли йу
Эзарза цулла.
Къанлур ву стом боцу
Шераш дIаихна,
Дика цIе бахамал
Тоьлуш йу хьуна.

Къонаха даима
Халкъалахь веха.
Куралла, сонталла
Ца йевза цунна.
Къонаха ша валлалц
Да хуьлу эхьан,
Къен хиларх, стаг хилар
Оьшуш ду хьуна.

Варийлахь, хала ду
Сихха стаг вовза,
ТIехьаьжна цхьаннан мах
Хада ма белахь.
Цхьаццаннан мотт хуьлу
Марзонца говза,
ДIовш хилар матта кIел
Ахь диц ма делахь.

Цабезам, хьагI дагца
Лело ма гIерта,
Гергарло совдаккха
Адмашца денна.
Iовдалчу дашо а
Ло бала керта,
Хьекъалчо шен бага
Ца лейо эрна.

ГIайгIа йу ойланал
Мотт хилар беха.
Осалчу стагца цкъа
Забар ма йелахь,
Тешам берш, хьекъал дерш
ДоттагIий леха,
Нахалахь бакъ доцу
Къамел ма делахь.

Хьайн доцчу гӀуллакхехь
Ма лелха хьалха.
ГӀийлачун дог эца,
Массо стаг лара.
Делла дош кхочушде,
Ма хила шалха,
ШолгӀа цӀе туьллур йу
Харцонехьара.

Дахар хьайн тоделча,
Бахам совбаьлла,
Кураллех дог дуьзна
Стигала ма хьежа.
Нийса дош – ира тур,
Ницкъаха хаьдда
Висинчохь хьайн халкъан
ДӀадахнарш деша.

Ненан дог эцалахь –
Карор йац шолгӀа,
Хьажалахь массеран
Дегнашкахь ваха.
Шиннан барт боьхначохь
Хилалахь молха,
ТӀаккха хьан эрна дац
Дуьнен тӀехь вахар.

Варийлахь, дийцинчун
Ойланаш йелахь,
Дуьнен чохь хан йаккха
Атта дац хьуна,
Эхьах ца вухуш,
Некъ хьалха белахь,
Сан весет кхочушдан
Луур ду суна».

IV

Хийцамаш мел хилла
Цул тlаьхьа хийла,
Хан йели, сихаллехь
Шераш дlаихна.
Дас йезаш кхиийнчу
Цу бешахь тийна
Іиндаглехь Іара кlант
Ойлане хиъна.

Бохура: «Гечделахь,
Сан хьомсар Дада,
Нагахь ас Іовжийна,
Чов йинехь хьайна,
Хиллехь а со атта,
Тай санна, хада,
Болатал чlагlвелла
Дахар сов гина.

Кхехкаш ду дахар а,
Хазделла Іалам,
Дуьнен тlехь вахар а
Исбаьхьа хета.
Йарташ а тарйелла
Йаккхийчу гlалех,
Буьйсанна урамехь
Седарчий лета.

Малхбалехь, малхбузехь
Кlур баьлча наггахь,
Баккхийчийн, кегийчийн
Йо тахана ойла.
Йуха а дуьнен тlехь
Тlеман къахь гlаттахь,

Наноша хIун дийр ду?
Иза ма гойла!»

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. Муха ваьхна шен кIанте весет деш волу воккха стаг?
2. ХIун бахьана ду дена шен кIанте весет дан лааран?
3. Дена хетарехь, хьаьнга ала тарло «тIам бойна куьйра»?
4. Къонахчун муьлха дика амалш билгалйоху воккхачу стага?
5. Стенах ларлойла лаьа дена кIант?
6. Дахарехь стаг хазвеш дерг хIун ду, боху поэта?
7. Даймаххах, ненах *къаьстинарг декъаза гуьйриг* йу бохучух муха кхета шу?
8. Къонахчун кхечу къаьмнашца йолу йукъаметтиг муха хила йеза, боху поэта?
9. Шуна хIун хета, кхочушдина хир дуй кIанта ден весет?
10. Поэмица йолу шайн йукъаметтиг билгалйаккха. Муьлха дакъош уггар дика хийтира шуна? Шайн жоп бакъде.

**Текстана комментари**

Поэма автобиографически йу, ала мегар ду. Рашидов Шаидан да шен лаамехь тIом бан вахара Сийлахь-Боккха Даймехкан тIом болабелча. Цу тIамехь шегара доьналла, хьуьнарш гайтарна Советски Союзан Турпалхо цIе йала хьалхатеттина вара, амма халкъан мостагIан кIант хиларна, и совгIат ца луш, витира. ТIом дIабирзина пхи бутт баьлча махкахбаьккхинчу шен доьзална тIе генарчу ГIиргIизойн махка веара иза.

**Поэмин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Поэмин йолор а, йерзор а тIамах лаьцна дийцарца доьзна ду. Поэмин чулацамца муха дозаделла ду и дакъош? ХIун гIуллакх кхочушдо цара поэмин коьрта ойла йовзийтарехь?
2. Поэмин исбаьхьаллин дIахIоттамехь шуна дика хеттарг хIун ду?
3. ХIун ду поэмин чулацамехь халкъан туьйранашкахь хуьлучуьнца догIург? ХIун ду поэма туьйрана гергайалориг?
4. Маца хийцало поэмин интонаци? Стенца доьзна ду иза?
5. ДIадешна могIанаш: *мотт беттарг массарал хуьлуш ву боьха; дика цIе бахамал тоьлуш йу хьуна; делла дош кхочушде, ма хила шалха.* Оцу дешнашкахь автора къоман амалш муха билгалйоху?
6. Исбаьхьаллин суртхIотторан гIирсех кезиг пайда эцна автора. Шуна муха хета, стенца доьзна ду иза?

**ГӀиллакх-оьздангаллех дийца вай**

1. Поэтана хетарехь, муьлха синмехаллаш хила йеза къонахчуьнгахь?

2. Дас, кӀантана хьехам беш, иза муха хила веза, дуьйцу. Поэми тӀехь йуьйцучу синмехаллех шуьца йоцурш муьлханаш йу? Дас кӀанте ма-баххара хила шуна новкъарло йиириг хӀун ду?

**Вайн къамел кхиадо**

1. «Къонахчуьнгахь муьлха амалш хила йеза?» хаттарна барта жоп ло.

2. Дийца, муха кхета шу могӀанех:

Малхбалехь, малхбузехь
КӀур баьлча наггахь,
Баккхийчийн, кегийчийн
Йо тахана ойла...

Цхьацціаннан мотт хуьлу
Марзонца говза,
ДӀовш хилар матта кӀел
Ахь диц ма делахь...

3. МаьӀна даста кху дешнийн: *кхеккаш ду дахар а; буьйсанна урамехь седарчий лета.*



## ДИКАЕВ Джунайдан Мохьмад

***(1941 – 1979)***

*...Нохчо ву со, кху дуьнен чохь*
*Са лаьттачу ирсе кхочуш,*
*Барттий, безам, йаххьий, тешам*
*Байна, цкъа а вехар воцуш...*

Вайн халкъана Іаьткъинарг дуьненна довзийта, нохчашна йукъара тайп-тайпана поэташ гучубийлира 1960-чу шерашкахь. Царах уггар зевне аз долчех цхьаъ вара Дикаев Мохьмад.

Дикаев Джунайдан кІант Мохьмад вина 1941-чу шарахь Соьлжа-ГІалахь. Халкъ махкахдоккхучу дийнахь кхо шо кхачаза волу кІант виначу махках къастийна.

Шен халкъаца цхьаьна Даймахка цІавирзинчул тІаьхьа Мохьмада дийшира Нохч-ГІалгІайн хьехархойн институтехь. Иза кхиамца чекх а йаьккхина, аспирантуре деша а вахана, ша дешначу институтехь хьехархочун болх бира цо.

1960-чу шерашкахь Дикаевн зорбанехь арайелира поэзин кхоъ книга: «Нохчичун хІусам» (1965), «Догу сан дог» (1967), «Деган мерзаш» (1971).

Мохьмада поэзехь йаьхна гІулчаш гинарг а, уьш декъалйинарг а вара нохчийн сийлахь йаздархо Мамакаев Мохьмад. Къоначу поэтах Дикаев Мохьмадах лаьцна цо йаздора: «Цуьнан стих дуьххьара дуьйна а кІорггерчу ойланца, дуьйцучун нийса сурт а гуш йазйина хуьлуш йу».

Цуьнан поэзи герга йара нохчийн халкъан барта кхоллараллина. Иза ларамаза а дацара, хІунда аьлча къоман лирика дІайазйеш а, иза толлуш а вара Мохьмад хаддаза. Нохчийн эшарех лаьцна Іилманан болх а бу цо йазбина.

Дикаев Мохьмадан стихех, хIораннех а аьлча санна, халкъо олуш долу иллеш хилла. Цуьнан дешнаш тIехь даьхна иллеш къоман музыкин искусство кхиарехь дийнна мур а хилла дIахIиттина.

Мохьмадан поэзин коьрта теманаш Даймахках, халкъан маршонах, цIеначу безамах, Iаламах йу. Поэтана дукхадезначу лаьмнаша, шовданаша, Iаламо санна, Мохьмадан кхоллараллехь йоккха меттиг дIалоцу ненан васто. Иза дуьнен чу воллушехь, «...нанас иллин накха белла, илли ала векал вина», дай баьхна латта а цунна «...нанас берахь дуьйна марздина».

Иза баккъалла а серлонан поэт вара. Дуьненан хазалла, оьздангалла ган, и хасто кхоьллинчу, бер санна, цIеначу дагца дахаре хьоьжучу поэтана хала дара ваха харцонан бодано адамийн кхетам дIалоцучу хенахь.

Мохьмадан поэзехь къеггина гуш нохчалла йу. Цо дукха дуьйцу шен произведенешкахь *нохчий* дош, дукха хаало цуьнан поэзехь къомах дозаллаш дар.

Шена бехкамаш мел бо, цо кхин а къеггина дуьйцура шен къоман оьздачу гIиллакхех. Синойн паргIато йиххина зама уггар чIогIа чIагIйелча, цо йазйира «Нохчо ву со» стихотворени.

Историн Iилманехь нохчийн хилла дахар акха, цо шен маршонехьа латтийна къийсам харц лоручу хенахь, Дикаев Мохьмада Кавказан тIамах а, иштта Нохчийчоьнах а лаьцна драма а, стихаш а йазйира: «Даймехкан сурт», «Дай баьхначу махкахь», «Сан Даймохк», «Къинхетаме Нохчийчоь».

ЦIеххьана лекъира поэтан аз, хедира цуьнан жигара болх. Иштта дог, похIма долчу поэтана ша ларван ца хаьа, халкъан цIе ларйан гIертарна.

Поэт Дикаев Мохьмад Нохчийчоьн хьаналчу кIентех цхьаъ ву. И вешшехь, цуьнан даг тIехь латийнарг къонахийн цIе йара, и йу-кх цо вайна весет дина йитинарг – вайн дегнаш а дохдеш, халкъан дуьхьа йехаш, халкъан дуьхьа йогуш йолу цуьнан кхоллараллин цIе.

**Хаттарш**

1. Маца, мичахь вина Дикаев Мохьмад?

2. Маца волавелла Мохьмад стихаш йазйан? ХIун мах хадийра нохчийн сийлахь йаздархочо Мамакаев Мохьмада къоначу поэтан?

3. ХIун башхалла йу Дикаевн поэзин? Цуьнан поэзин коьрта теманаш муьлханаш йу?

4. ХIун лар йитина поэта нохчийн литературехь шен кхоллараллица?

## НОХЧО ВУ СО

Нохчо ву со,
нохчийн зудчо борз йехкинчу буса вина,
Щоькъа-лоьмо шен маьхьарца
вижинчуьра гIаттавина,
Нанас иллин накха белла,
илли ала векалвина,
Нохчийн маттах, нохчийн махках
берахь дуьйна дозал дина.

Нохчо ву со,
Лермонтовна тIеман кIуьрлахь хийла гина,
Топ кхетарна цунна кхоьруш,
сан Даймехкан сий лардина,
Сайн хьешана мерза кхача,
деган йовхо ца кхоийна,
МостагIчунна, бекхам боцуш,
цхьа а зулам ца дитина.

Нохчо ву со,
маршо къуьйсуш, Даймахкаца тоба дина,
Цунна йамарт, осал хеттарг,
къа ца хеташ, сайх хервина.
Сайн ден дакъа, цIе-кIур доцуш
ца дисийта, йукъ йиххина,
Iазап хьоьгу лай хуьлучул,
летта вала резахилла.
Нохчо ву со,
кху дуьнен чохь са лаьттачу ирсе кхочуш,
Барттий, безам, йаххьий, тешам
байна цкъа а вехар воцуш!
Нохчо ву со,
цхьана а къоман къонахчуьнца гамо йоцуш,
Махках ваьлла, халкъах хаьдда,
декъал хила амал доцуш!

### Текстана комментари

Нохчийн халкъ Даймахка цӀадирзинчул тӀаьхьа Советан Ӏедал, цунна тӀера боцу бехк дӀа а баьккхина, иза маьрша дахийта дагахь дацара. Оцу Ӏедална ца оьшура нохчийн бакъйолу истори, культура, литература.

«Нохчо ву со» цӀе йолу стихотворени хӀетахьлерчу Ӏедална дуьхьалтоьхна къонахчун поэтан ондда дош дара – шен халкъе, махке болчу безамах дуьззина дош.

### Хаттарш а, тӀедахкарш а

1. Стенах дозалла до стихотворенин лирически турпалхочо?

2. Поэтан Даймахке болу безам муха билгалболу стихотворенехь?

3. Мила ву лирически турпалхочо, къа ца хеташ, шех дӀахервеш верг?

4. Хьешаца а, мостагӀчуьнца а муха хила веза, боху поэта? Схьа а лахий, дӀадеша и могӀанаш.

5. Поэтана герга дерг а, цо коьрта лоруш дерг а хӀун ду?

6. *«Сайн ден дакъа, цӀе-кӀур доцуш ца дисийта, йукъ йихкина»* бохучу могӀанех муха кхета шу? МаьӀна де церан.

7. Къаьмнийн доттагӀаллех лаьцна муха йаздо поэта?

8. Даймохк, халкъ, маршо мел герга ду поэтана? Шаьш дуьйцург тӀечӀагӀдеш, масалш даладе стихотворени тӀера.

9. ХӀун ойла кхоллало шун, хӀара стихотворени йешча?

10. Шуна хетарехь, муха хила веза вуьззина кӀант, оьзда йоӀ? Мила лара мегар ду вуьззина нохчо?

11. Дагахь Ӏамайе и стихотворени.

### Стихотворенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Дикаев Мохьмадан стихийн исбаьхьалла йоьзна йу нохчийн халкъан поэзица. Стихотворени тӀера и тоьшаллаш схьалаха.

2. Тидам бе, Даймохк а, нохчи а поэтан кхетамехь цхьаьнауьйш а, уьш вовшех къасталур доцуш а хиларан. И кхетамаш цхьаьнайина стихотворенеш йуй кхечу поэтийн?

3. Ойла йе, стихотворенин муьлхачу могӀанехь ду маьӀне, поэтан ойла тӀечагӀйеш долу дешнаш.

4. Рифма бохург хӀун ду, хаьа шуна. Рифмаш зударийн а, божарийн а хуьлу. Шайна тӀехь тохар долчу меттиге хьаьжжина, рифмаш хуьлу божарийн – тӀаьххьарчу дешдекъа тӀехь тохар долуш, зударийн – тӀаьххьарчу дешдекъан хьалхарчу дешдекъехь тохар долуш (вина – гӀаттавина). Божарийн рифмаш йуй стихотворенехь? Йелахь, схьалаха уьш.

5. Лирически турпалхочо нохчичух дозалла дар муха билгалдолу стихотворенехь? Даладе масалш.

**ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дай вай**

1. Пушкин А.С. веран хьокъехь стихотворени йазйина Лермонтов М.Ю. Кавказе хьажаво. Уггар майрачу, кадечу тобанан командир а хIоттаво иза. Нохчашца бечу тIамехь шен майраллица билгалваьлла а хилла иза. ХIетте а, Дикаев Мохьмада шен «Нохчо ву со» стихотворенехь боху:

...Нохчо ву со,
Лермонтовна тIеман кIуьрлахь хийла гина,
Топ кхетарна цунна кхоьруш,
сан Даймехкан сий лардина...

Амма жима лахо йуха боху цо:

...МостагIчунна, бекхам боцуш,
цхьа а зулам ца дитина.
Нохчо ву со…

Лермонтов ларван лаьа поэтана, цхьана а мостагIчо дина зулам бекхам боцуш дита ша дагахь вацахь а. Дийца, муха кхета шу цунах.

2. Вайн къоман гIиллакхашца догIуш дац со-ас бахар. Амма поэта йуххйуха чагIдо ша нохчи хилар, со-ас бохуш. Ша кхечу къаьмнел лакхара хетар ду цуьнан иза йа кхин маьIна ду церан?

**Вайн могт кхиабо**

1. Дийца, муха кхета шу кху могIанех:

Нохчо ву со...
Сайн ден дакъа, цIе-кIур доцуш
ца дисийта, йукъ йихкина…

2. Мотт а, Даймохк а цхьаьна бузу поэта. Дийца, хIун маьIна ду цуьнан.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

«Вайн махкахь деха къаьмнаш» темина хаамаш кечбай, классехь фестиваль дIахьо.



# ШАЙХИЕВ
## Хасмохьмадан Іалвади

***(1947 – 2018)***

*Даймахко ницкъ белла къийса,*
*Ваькkхина шуьйрачу новкъа,*
*Цунна бу богуш сан кийра,*
*Сан деган йерриге шовкъ а.*

1960-чу шерашкахь веана ночийн литературе Шайхиев Іалвади. Иза вина 1947-чу шарахь генарчу ГІиргІизойн махкахь Октябрьское цІе йолчу йуьртахь.

Циггахь школе деша вахара Іалвади, амма 10 класс чекхйаьккхира Нажин-Юьртахь, нохчийн халкъ шайн махка цІадирзинчул тІаьхьа. Цул тІаьхьа чекхйаьккхира Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институт. Белхаш бина тайп-тайпанчу меттигашкахь: школехь, «Ленинан некъ» газетан, «Орга» альманахан редакцешкахь, Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь.

Шайхиев Іалвади стихаш йазйан волавелира ша школехь доьшуш волчу хенахь. 9-чу классан дешархо волуш, 1962-чу шарахь, «Ленинан некъ» газета тІехь зорбатоьхна цуьнан дуьххьарлерчу стихотворенина. «Накъост, хаалахь» цІе йолуш йара иза. Дешархо волуш кхайкхина Іалвади Нохч-ГІалгІайн Йаздархойн Союзо дІахьочу къоначу поэтийн семинаре. Лаккхара мах хадийра къоначу поэтан стихийн поэзи йезаш мел волчо. Нохчийн сийлахь йаздархочо Мамакаев Мохьмада накъосталла а деш, исбаьхьаллин литературехь гІулчаш йаха волавелира Шайхиев Іалвади. Цу хенахь дуьйна нохчийн литературехь кхиамца болх беш схьавеара Іалвади.

1969-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь арайелира поэтан «Синхаам» цІе йолу дуьххьарлера книга. Цул тІаьхьа цхьаъ

вукхунна тІаьххье цо арахийцира кхин а масех поэтически книга: «Безаман алу» (1971), «Кхерчахь цІе» (1975), очеркийн сборник «Син-пха» (1980), «Йаьссин къоналла» (1977), «ГІа-буц» (1978), кхин а.

Шайхиев Іалвадин поэзи къаьсташ йу алссамчу поэтически васташца. Даймахкана хьалха долчу доккхачу декхаран, цунна а, хьомечу халкъана а даим гІуллакх деш вагаран синхаамех йуьзна йу поэтан дукхахйолу произведенеш.

Даймехкан суьрташ: къоьжа лаьмнаш, букара хьаннаш, цІена, сирла хиш, шовданаш, кхузахь дехаш а, болх беш а долу къинхьегамна хьуьнаре адамаш – дерриг а ду поэтана хьоме а, деза а. Дахарехь хуьлуш болу социальни хийцамаш, йукъараллин дог-ойланаш гойтуш йолу произведенеш а кІезиг йац поэтан кхоллараллехь.

Шайхиев Іалвадин поэзи дуккха а хІуманех ойла йойтуш йу. Даймохк а, нана а; дахаран чолхенаш а, адамийн кхолламаш а; доттагІалла а, безам а; гІиллакх-оьздангалла а, йамартло а; жоьпалла а, тІаламазалла а; мехкан Іалам а, и Іалашдан дезар а – иштта шуьйра бу цуьнан лирикин, эпически поэзин чулацам.

ТІаьхьарчу хенахь Шайхиев Іалвадис йазйина масех йоккха произведени. Царах йу стихашкахь повесть «Топ кхетта буьйса», вайнехан дийцар «ГІа-буц», иштта вайзаманхойх лаьцна масех поэма а, «Кхаж» цІе йолу роман а.

Поэта къегинчу басаршца, дагахь лаьттар долчу кепара гайтина оцу произведенешкахь вайнехан Іер-дахар, церан амалш, оьзда гІиллакхаш.

Шайхиев Іалвадин поэзи даим а хилла шен халкъана хьанал.

## ЧІАГІО

Генарчу новкъа шен
КІант волуш, дас
Хаьттина:
– Хьан цигахь чІагІо йуй? – аьлла.
– Дада, ахь бегаш бо?
Атталла хас
Ца хилча,
И суна мичхьара йаьлла?

Дитт ира шаьлта йу,
Куьг онда ду! –
Дин арабаьккхина кIанта.
Дуьхьало йина дас:
– КIант, хьалхе ду
Дин кечбан.
Герз йукъах даста.

Вас хуьлуш, делахь а
ЛадоьгIна, и
ЦIахь сецна,
Ден дош ца кагдан.
Цо, бай тIе баьккхина,
ДIахецна дин...
ГIайгIане воьжна кIант,
Шен лаам къарбан.

Шен ненан йух-кучах
Хьаьрчина кIант,
Цо цуьнга хаьттина,
Веха ца вахлуш:
– Дадас со цIахь сецо
Бахьана ма дац.
Вер вуй со чохь Iийна,
Пешан бух ларбеш?

Йахь йу сан нийсархца.
ДIахьажал хьо,
Цара дин ловзоза
Меттиг йац ломахь.
Йа тевна диллина
Котам йу со?
Йа цаьрга ца кхочуш,
Ву ледар къонах?

Жоп ца луш, шен бIаьргех
Йовлакх а хьаькхна,
Дехьа чу йахана нана.
...Хан-зама херцалуш,
БIаьсте тIекхаьчна.
Кечлуш ву кIант новкъавала.

ТIевахана, йуха а
Хаьттина дас:
– Алал соь, хьан цигахь
ЧIагIо йуй? – аьлла.
– Дада, ахь бегаш бо?
Атталла хас
Ца хилча,
И суна мичхьара йаьлла?

Дитт ира шаьлта йу,
Куьг онда ду! –
Дин арабаьккхина кIанта.
Дуьхьало йина дас:
– КIант, хьалхе ду
Дин кечбан.
Герз йукъах даста.

ШолгIа а ладоьгIна,
ЦIахь сецна и.
Бакъо йац! Бакъо йац
Дас аьлларг дохо.
Цо, бай тIе баьккхина,
ДIахецна дин,
Малйина, шелйина
Шен дегайовхо.

Кхоьлина. Ца вуьйлу
Цхьаьнцца а лен.

Дац кIентан самукъа цхьаннах.
Атта дац. Атта дац
СапаргIат Iен,
ГIайгIане кIант а гуш нанна.

– Де-дийне ша цхьаъ ву.
Бос а бац тIехь,
Кхачалуш ву, худавелла.
Собаре ца хилча,
Къонах, ду эхь,
Сихалло къаьхьа стом белла.

БIаьсте а гена йац.
Ткъа тIаккха хьо
Ваьр новкъа,
Хьайн ден пурбанца.
Валахьа пхьоьхана,
Шовдане гIо,
Самукъадаккха мехкаршца.

Йа кхечел оьшуш бу
Расха дин хьан? –
Кечлуш йу куп говраш хахка.
Лаьара массарал
Тоьлла хьо ган,
Хьуьнарна кечлохьа тIаккха.

Вер ма вац садууш
Іийна а хьо,
Сан дог ахь карзахдоху.
Шен нене дIахьожий
КIант тохало:
– Нана, ахь бакъ и ма боху!
Нехачул ледара
Бац расха сан,

Бергашца цо суйнаш огу.
И ша а хьаьгна бу
Урх хецна ган,
Масалла хахка и догIу!

...БIаьсте йу лаьмнашкахь
Соьналла йуцуш,
Комаьрша малх къега,
Жил-Iалам кхала.
Дин арабаьккхина,
Нуьйр цунна йустуш,
Кечлуш ву кIант новкъавала.

Шен дена тIевоьдий,
ДIахьедо цо:
– Дада, со ца вахча валац.
ХьошалгIа кхайкхина
ДоттагIчо со,
Делла дош ца лардеш там бац.
Виц-м ца велла хьо?
Хохкучохь говраш,
Массарал хьалха верг
Ма вара тхойша,
Ткъа тIаккха, вайн кертахь,
Хьешан сий лоруш,
Ахь айхьа хаийра
Баьрче и тойнан.

– Пурба ло ас ваха, –
Жоп делла дас. –
Бакъволу къонах, кIант,
Карийна хьуна.
Йиш йац хьан доттагIчун
Дагна йан вас –
ХьошалгIа кхайкхинчу цунна.

Соьгара совгІатна
Сан шаьлта хьо –
И хьакъ ву и йукъах лело.
ХьошалгІа кхайкха а
Хьо виц ма ло,
Некъо йац безамна гІело.
Бакъйолу чІагІо, кІант,
БІов йа гІап йац.
ЧІагІо йу доттагІ – бакъ къонах!
Къонаха доттагІий
Боцуш товш вац
Шен эвлахь, аренгахь, ломахь.

**Хаттарш а, тІедахкарш а**

1. Муха хийти шуна поэма « ЧІагІо», хІун ойла кхоллайалийти цо шун дегнашкахь?

2. Новкъавала кечвеллачу шен кІанте *«хьан цигахь чІагІо йуй?»* хІунда хоьттуш хилла дас?

3. КІанта муха тІелоцура дас шега бохург?

4. Шен нене хІун аьлла вистхилира дог доьхна кІант?

5. КІантана жоп ца луш, дехьа чу хІунда йелира нана?

6. Кхоьлина а, самукъа ца долуш а хІунда ву кІант? ХІун ду цуьнан сагатдийриг? Схьа а лахий, дІадеша поэми тІера и тІечІагІдеш долу могІанаш.

7. Дог доьхна Іаш волчу шен кІантана хІун хьехар дира нанас? Схьа а лахий, дІайеша и меттиг.

8. *Сихалло къаьхьа стом белла* дешнийн маьІна де. Халкъан муьлхачу кицанах тера догІуш ду уьш?

9. КІантана шен доттагІ волчу ваха дас пурба даларан бахьанех лаций дийца. КІентан доттагІчунна хІун совгІат делира дас? ХІунда лууш хилла цунна и совгІат дан?

10. Бакъйолу чІагІо хІун йу, боху поэта? Поэми тІера и дешнаш, схьа а лахий, дІадеша.

11. Делла дош кхочуш ца деш меттиг нисйеллий шун дахарехь?

12. Дас-нанас аьлларг муха кхочушдо аш? Кхочуш ца деш меттиг йогІий? ХІунда?

### Поэмин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Литературе шеца керланиг деара романтизмо. Поэтийн-романтикийн коьрта жанраш хилла дIахIиттира поэма, элеги, баллада. Дийца, хIун ду поэми тIехь романтизмаца догIург.

2. Схьалаха поэмехь барта кхолларалина герга болу къеггина суртхIотторан исбаьхьаллин гIирсаш.

3. Схьалаха поэмехь йух-йуха далийна дешнаш. Дийца, мича Iалашонца далийна поэта и йух-йуха аларш.

4. Поэмехь диалогаш йу. ХIун гIуллакх кхочушдо цара произведенехь?

5. Поэмин дIахIоттаман хIун башхалла йу?

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дай вай

1. Дега, нене, йише ца йуьйцу къайле доттагIчух тешайо вай. Дийца, стенца доьзна ду и ламаст. Вайн гIиллакхашца догIий иза?

2. Дас тойнан баьрче хаадо кIентан доттагI, иза хIинца а къона велахь а. Баккхийчарал хьалха а ваькхина жимха баьрче хаор вайн гIиллакхашца догIуш дуй?

### Вайн къамел кхиадо

1. ХIокху дешнийн маьIна даста:

...БIаьсте йу льмнашкахь соьналла йуцуш...

...Нехачул ледара
Бац расха сан,
Бергашца цо суйнаш огу...

2. «*Тешаме доттагI – бакъйолу чIагIо*» темина барта дийцар кечдай, схьадийца.

3. ДоттагIаллех лаьцна долу халкъан кицанаш даладе.



**ЯШУРКАЕВ СайдаІелин Султан**

***(1942 – 2018)***

Іаламо хазйинчу ламанан йуьртахь Хорачахь 1942-чу шарахь вина Яшуркаев Султан.

Нохчийн халкъ махкахдоккхучу хенахь ши шо кхаьчна волчу Султана лайна шен къомаца цхьаьна халонаш. Хинволчу йаздархочун баралла дІадахана хийрачу махкахь, генарчу ГІум-Азин аренашкахь. Дахаран некъ хоржучу хенахь цуьнан ирсе кхаж баьлла шен халкъаца цхьаьна Даймахка цІаверза.

ЦІавирзинчул тІаьхьа Султана дешна Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан хьехархойн институтехь, 1974-чу шарахь чекхйаьккхина М.В. Ломоносовн цІарах йолчу МГУ-н юридически факультет. Белхаш бина талламан а, бакъонаш ларйаран а органашкахь, агропромехь, кхечанхьа. Нохчийн дукхахболу йаздархой санна, стихаш йазйан волавелла школехь доьшуш волуш. Цуьнан дуьххьарлера стихаш зорбатоьхна Веданан районан «Колхозан дахар» газетехь. Поэзехь жигара къахьега волавелира иза къоначу литераторийн «Пхьармат» цІе йолчу цхьаьнакхетараллин декъашхо ша хилча. ХІетахь дуьйна цуьнан стихаш, дийцарш арадийла дуьйладелира зорбанехь.

Яшуркаев Султанан стихаш, дийцарш зорбатоьхна «Орга» альманахехь, йукъарчу гуларш тІехь а. 1988-чу шарахь Нохч-ГІалгІайн книжни издательствехь арахецна цуьнан «Седарчийн буьртигаш» цІе йолу поэтически книга.

Машарехьа, адамаллин оьздангаллехьа кхойкхуш а, Даймахке болу безам гІиттош а йу йаздархочун произведенеш. Іаламат дика нисло Яшуркаевн къинхьегамах лаьцна йолу стихаш. Оцу стихотворенеш-

кахь цо гучудаьккхина ахархочун къинхьегаман философски маьIна, цуьнан шатайпа исбаьхьалла.

Йоккха меттиг дIалоцу йаздархочун кхолларалехь вайн халкъо махкахдаьккхинчу хенахь лайначу халонех йолчу темано. Шена Казахстанехь гиначух, шех чекхдаьллачух йаздина цо оцу произведенешкахь.

«Напсат» цIе йолчу шен дийцар тIехь Султана гайтина шийлачу Сибрехахь мацаллий, халонашший лайна нохчийн халкъ дай баьхначу махка цIа дан сатесна хиларх а, и новкъадаларх а лаьцна.

Дийцаран коьрта турпалхо дерриг халкъаца цIа йан сатесна эсах тилла йоккха стаг Напсат йуьсу Казахстанехь. Напсатан васт – нохчийн дегнашкахь цIабаьхкинчул тIаьхьа Казахстанах, Киргизех бисина ца туьйш болу лазам бу.

## НАПСАТ

Йоккха стаг халхахьийзара.

Цуьнан дегI, пиллиг санна, дайн дара. ГIеххьа лаьтта кхочуш йеха баккхийчеран коч, цунна тIелетийна дуккха а йоманаш. Цара коч йазйора, кучо – йоккха стаг.

ТIехь кхозуш и йозалла ца хилча-м, и, тIема йаьлла, йайн мас хилла, хIаваэхь йовр йара. Кучо дегI лаьттах доьзна латтадора. Когаш – берзина... Уьш-м цуьнан гуттара а бара берзина, тохара, кхойтта шо хьалха, шаьш цIера даьхчахьана. Йуьхь йоккхачу стеган йан а йацара. Цуьнан метта эхангех хьийзинчу хебарийн шад бара. Оцу шеда тIехь бIаьргаш ган а ца гора. И шиъ цхьана бухбоцучу готтачу шина кIаг чу боьжнера. Цуьнан маса шо ду, цхьанна а ца хаьара, йа цунна шена а. Хила-м дезткъа шо хир дара, бIе а, ши бIе хила а тарлора.

Йоккхачу стеган карахь текх дара, хьалхалера хьехан текх. Цо ша махкахйоккхуш шеца арадаьккхинарг.

Тишделлачу текхан го маситтанхьа иккхинера. Цо и шен бакъабеллачу некха тIе къовлура. Йуха, цхьана куьйга лоций, халхаран гонехь хьовзадора, йуха а маракъовлура, тIе дайн куьйгаш хьоькхура, хьоьстура:



– Вайша цIа доьдуш ма ду... Вайша диначу цIа... Хьо дечигах диначу, со нанас йиначу цIа...

И текхе ден къамел тIекIирдора, эшаре доккхура, йуха цунах халхаран йиш йора, тIаккха оцу эшарца халхахьаьвзара...

ЦIа даха бакъо йаьлла аьлла арадаьллачу адамо, аьчк-некъан шина а агIор ша да мел дерг охьадиллина, гена ши могIа баьхьнера. Оцу шина могIана йуккъехь, дечиган шпалаш тIоьхула дIахьош дара йоккхачу стеган халхар.

– Тоьур ду, Напсат, схьайола, охьахаа, садаIа, хIай, мегар йац хьо... – мохь туху йоккхачу стагах къахетий цхьаццаволчо.

– Вай цIа доьлхуш ма ду... ЦIа доьлхуш... – йелало дуьхьал Напсат, халхар ца сацош...

И, ДегIастанера Казахстане а йалийна ша охьатесчхьана, эгIийна, олура цхьаболчара. ХIан-хIа, тIаме вахана шен шина кIентан виъ воI вайча, галйаьлла, олура кхечара. Ши кIант-м цуьнан, мацах хIара Iедал тIедогIуш, Деникинца тIом беш воьжнера, шайн деца...

Царах бисина кIентий ша кхиийнера. Церан наной-м Напсата хIеттахь дIабахийтира, маре гIо шайна аьлла.

Уьш баха а бахнера. Цхьатерра хьалакхиъна виъ кIант а эцна, Iедална тIейахнера Напсат. Цхьаъ мукъане а хьайца вита аьлча, ца витинера. И шовзткъе шолгIачу шарахь дара. Уьш, Соьлжа-ГIалахь гIазот а дихкина, тIам тIе бахара, кхин йуха а ца баьхкира.

Шовзткъе доьалгIачу шарахь когаш берзина йолу Напсат, хьаладала гIам аьлла, кхуьнан шина кIентан виъ кIант вахханчу эскаран салтичо шен текхаца машен тIе ластийра. ХIинца ша халхар деш йоллу коч а йара цунна тIехь. Йоманаш-м кIезиг хир йара хIетахь.

И, Казахстане кхаччалц, кхин йист а ца хилира...

Шалонаш[1] тIера охьадоссийна адам цхьацца агIор йарташка дIасакхоьссира. Павлодарски областера Чушкала олучу йуьртахь март беттан даша дазделлачу лайла йоссийра когаш берзина Напсат. Цуьнга-м шалон чохь а, цул тIаьхьа а наха шайн мачаш а кхийдайора, амма цо схьа ца ийцира.

Чушкала эвла йуккъехь Напсата халхар долийра...

Йуьртахь Iаш долу адам Кавказера бохийна балийнчу «обаргашка» хьажа арадаьллера. «Обаргаш» тишо-о бара. Дукхахберш – зударий, бераш, баккхий нах... Церан цхьанна а коьртахь маIаш а йацара, йа багахь къегаш шаьлта а... Инзаре акхарой ду далош аьлла, эладитанах ойла хIоьттина а, цо гIеххьа даг тIе кхерам тесна а адам цецделира, шайн сатийсамаш лебина хийтира. Гуш берш пекъарш бара. Кхузахь наггахь богIуш-боьлхуш гиначу цигонех тера а бара, царал беркъа а... Оцу акхаройх цхьаъ тIекховдахь а аьлла, ша тIехьа лаьцна арадаьккхина диг а нов-къадеара цхьаццаволчунна. И лаьттарш буьйцуш луьра бийцина хиллехь а, адаман даг чу адамах къахетар гIертара.

«Боже, ты мой!» – олура, ах дерзина беркъа бераш салазаш тIера лайла хIиттош, дог ца сацалой, оьрсийн зудчо.

«Вой пурмай, кхудай сакхтаясан!»[2] – олура, шен насвай[3] чуьра готта бертиг йолу шишанан цуьрг керайуккъе а йетташ, къеначу казахо.

---

[1] Шалонаш – эшелонаш.

[2] Вой пурмай, кхудай сакхтаясан! (Казах.) – Дала лардойла вай!

[3] Насвай – цизаьрка озаран метта бага тосу бецийн томка.

«ХIокхара хьанна хIун дина-те? Кхаьрга хIун далур ду? ХIорш, мозий санна, тахана дуьйна дIа лийр ма бу», – бохура массеран а бIаьргаша.

И бIаьргаш чохь дерг а гина, цунах кхетта, йелира, хаац, Напсат дуьххьара халха. Амма суьйренгахьа лестича чагIйала йоьллачу лайн «ковста» тIехь цуьнан когаш байн а, хаза а шершара.

Адам Iадийра. Халхаран кIеж кхеххкайелира. ТIаккха массо а йухавелира... Ведира... Шен шен чуиккхира. Эвла йассайелира. Говрахь веанчу цхьамма-м адам йуьртан клуба чу лаьллира. Халхар деш йолчу Напсатана, говра тIера чукхевдина, йеха шад туьйхира. Оцо Напсатан дегI дайдира. И хазахетта, Напсат йелайелира, халхар кхин а марсадоккхуш. Йуха а туьйхира. Кхин а хазделира халхар. ТIаккха Напсатана, тохара и машен тIе кхуссуш салтичо аьлларг а аьлла, говр дIаэккхийтира вукхо...

Халхар ца сацош, Напсата, ша йаккха а йоккхуш, йиш лекхира. Иза-м йиш а йацара, цхьа сардам бара:

Нанойн накха хьарам бойла шуна, нохчий,
Хечеш лелор хьарам дойла шуна, нохчий,
ДегIастанахь, тхо бен хIун ду, бохуш лелларш,
Къемат-дийнахь дала хIунда ца ле шу...

Йуха йилхира. ХIан-хIа, ца йилхира, уьйгIира, гурахь ламанца зуд-борз санна. Йуьрта тIе йогIу бIаьсте Iадош, хезначун садукъдеш и угIам нийсса стигала хьалабахара. Иза а, цигахь мел дерг а, Iадийна, тийра...

Напсат клуба чу ца йахара. Йуьртара а йайра. Цхьамма а леха а ца лийхира. И шен нахах новкъахь хаьддера, шалон тIера цIанонна охьайоьссинчохь. Йан-м ца йайнера Напсат. И, цхьана нехан керта йахана, бел а эцна, эвлах йелира, цунна геннахь, жимма лекхо хетачу меттехь, шена гIехь каш а даьккхира. ГIурано хецаза долчу лаьттах и хала а делира. Буьйса йуккъе а йахара.

Бел, йуха а йаьхьана, ша схьаэцначу охьайиллира. «Латта цхьамма тIехьокхур ду», – парггIат коша йижира, шен хьехан текх улле а дуьллуш. Цу чохь буьйса а йаьккхира. Де а даьккхира. Йуха кхин цхьа буьйса а.

Амма лаьтто тIе ца ийцира. Напсата цуьнга чIогIа дехар дира, тIеэцахьара ша аьлла. Ца ийцира, тергал ца дира. ТIаккха Напсат цуьнца ийгIира, хьала а гIаьттина, йуьрта йахара.

Оцу Напсата шена даьккхинчу коша тIера дIадуьйладелира нохчийн кешнаш. Царах «Напсатан кешнаш» олура тIаьхьа а.

Напсат мичахь, хIун дууш, молуш Iа, цхьанне а ца хаьара. Шега и хаьттича: «Сайн кIентийн кIенташца Iаш йу со... Вайн цIахь... Тхо доха а ма ца дина. Цара дика кхобу со. Ворошиловс ахьар дохьу, Гикалус – жижиг... ГIапура хи дохьу Бабина... Асламбека дечиг доккху...»

Цкъа шайн делла бер дIадолла ваханчу СайдIалина мацах ша шена даьккхинчу кошахь карийра Напсат.

Цо иза нуьцкъала шайн цIа йалийра, шайца Iийр йу хьо аьлла. Амма Напсат сахилале дIайахара... Йуьртан беже лелаш волчу СайдIалина и йуха а карийра кешнашкахь.

– Хьаштдоцург ду ахь лелориг, Напсат, – элира цо.

– Со хIокхаьрга хьажа йезаш ма йу, СайдIали, нанинаг. Со йоцуш, хIун дийр дара кху мисканаша? – лохачу кешнийн баьрзнаш тIе куьйгаш хьоькхура Напсата. – Сан хIорш массо а цIа вига, массарна а хIума йала ма деза. Ас ца дина, хьан дийр ду и? Сан виъ кIант ма ву цIа ван везаш... Хьо дIавало, дIавало... Хьо волуш, гучу ма ца бовлу уьш. ДIавало, дIавало... – СайдIали шен генна девллачу бежнашна тIаьхьа дIавахара...

Адам аьчк-некъайистехь Iан бутт сов хан йара. Цуьнан хIинца даха меттиг а йацара. ГIишлош схьалуччух дIайоьхкинера, долчо – бежна а. ЦIа даха бакъо йаьлла бохура, амма и бакъо схьалуш цхьа а вацара.

– Бакъ хир дац, нах, вайна и бакъо йалар. Хилча, хIунда латтадо вай? – и Хорачара Конай ву.

– Сан десара, вай цIа дига веана уполномочен а ма ву. Дуккха а нах цIа ма бахана кхечухьара, – и Несарсолта ву.

– Ой, ткъа хIунда латтадо вай? – и Iедалан хIума хууш а ву, ворхI класс йаьккхина а...

– Вагонаш йац бохучух, тера ду.

– Вай схьадало-м хилира уьш, къацахетаршка йеттарш, беш тӀом лаьтташехь...

– ХӀетахь Сталин вара.

– Ткъа хӀинца мила ву вайн кочахь?

– ХӀинца Хуршов ву.

– И-м Дала декъалвойла!

– Велахь, и бакъо мичахь йу?

– Мичахь ву вайн уполмочи [1]?

– Цхьанхьа-м сакъоьруш болу таро йу уьш...

– Дика ма хьега цара. Ван мила ву иза?

– Хьалха лаккхара хьаькам хилла, боху, иза...

– Вай кхуза даладайтинчех ву хьуна хӀета...

– ВаллахӀ, и нах вайх Ӏаба бохкуш-м бац!

– Шена жимма шай-кай таса йезар къедош волу таро йу иза...

– ХӀа-ан?

– Сих ма лол хьо, БицӀиги. Кхузарчу хьаькамашка вайн гӀуллакх хьахо оьшу хир дай цунна иза-м...

– Вайн хӀун гӀуллакх ду дийца дезаш?

– Вай цӀа дахийтар ду-кх.

– Ой, вайна бакъо йелла, ца боху аш?

– Йаларх, схьаэца ма йеза и, Ӏумар-Ӏела...

– ОстопирлахӀ! ОстопирлахӀ!..

– Во, вежарий, вай цӀа дахийтичхьана, кхидерг дитийша...

– Мичахь йу и уполномочен боху хӀума? Со вистхир ву цуьнга.

– Хьаштдоцург ма дийца, СайдӀали, вайна цхьа хьовзам боккхур бу ахь...

– Ой, кхин хӀун хьовзам бу вайна бала?!

– И, оьгӀазвахана, дӀаводахь, дуьсур ду вай...

– ВаллахӀ-биллахӀ, дар-кх цуьнан и са схьаэца дезаш!

– Беркат ца долу хабар ду ахь дуьйцург...

– Шен жималла йуьйцу цо, БӀага, оьгӀаз ма гӀо...

– Кхин хьо вистхуьлуш ма хазийталахь суна, кӀант...

---

[1] Уполмочи – уполномоченни.

– Кхин вист а хир вац йа цӀа а вогӀур вац...

– ХӀай, неӀалт хьо тӀаьхьенна...

«Вай цӀа доьлхуш ма ду, вай цӀа доьлхуш ма ду», – хьаладохьуш ду Напсата шен халхар...

– Схьайола, Напсат, охьахаа хӀоккхуза, – тӀейоьху и зударша.

– Вай цӀа доьлхуш ма ду... Сайн кӀенташна цӀабахка бакъо йаккха йоьду со Сталинера. Кешнашкахь болчарна...

Вокзалехьа дӀахьо Напсата шен халхаррий, теккхий...

Наха кхин а дуккха а гӀовгӀанаш йо. Нохчий барт боцуш халкъ хилар а сацадо, сонта, да воцуш хилар а, лартӀехь цахилар а...

Йуха а барт хилира. ЛартӀе баьхкира. Цхьамма-м цхьанхьара гӀайбин чкъуьйриг йеара. Цу чу уполномоченна ахча таса буьйлира.

– Дала сица долийла цунна и! – олу майрачо шегара зудчо ахча схьадоккхуш...

– Сан боберийн къа гӀойла цунах! – хеза вукху йукъара...

ГӀайбин чкъуьйриг а оьций, шина могӀарех чекхволу масех воккха стаг.

Иза хьалайузу. ТӀаккха, и а оьций, уполномочен лаха йоьду цхьа тоба.

Биснарш, дуккха а бист ца хуьлуш ӀадӀара, хӀора шен шен ойланашка вахана. Уьш йеза йу. Царна тӀехь кхойтта шо мохь бу. ХӀан-хӀа, кхойтта шо бац, кхойтта шарна чохь берг бу. Цкъа а охьа ца биллалур берг...

– Вай ара дохуш-м бесплатни ма йара хӀара цӀерпошт...

– Сан десара йацара...

– Ой, мах баьккхира вайгара?

– Мах ца хета хъуна, хьо да мел верг а, хьайн ворхӀе ден каш а цхьаьна, хьайгара дӀа а доккхуш, аракхоссар?!

– Оцуьнан-м ас, дера, ойла а ма ца йина хьуна...

– ХӀинца йеш Ӏе хьо...

Кхо-диъ де делира. Йуха вагонаш йелира. Оцу гӀуллакхна бехке «гӀайбин чкъуьйриг» лерира массара а...

– Вай шен хена кхеттехьара...

– Кхеташ хиллехь-м, вай кхузахь а хир дацара...

Адам, товарни олучу, тохара ша хьаладаллийнчу, шалон тӀе доьттира...

Напсат шалон тӀе ца йелира.

– Хьалайала, Напсат, хьалайала, вай цӀа доьлхуш ма ду...

Цуьнга дехарш а дира, и хьала а ийзийра, амма и ца йелира.

– Со тӀаьхьабогӀучаьрца йогӀур йу... Напсатан кешнашкахь болчаьрца... Сайн кӀенташца... Сталинера бакъо а йаьккхина...

Напсатан аз дойъуш, мохь хьокху цӀерпошто, кӀур тосу... ша йолччохь йегайой, тохалой, йолало...

– Со тӀаьхьа йогӀур йу, – текхаца хьийза Напсат цӀерпоштан кӀуьрлахь.

**Текстана комментари**

1. Махкахбаьхна балочу нохчех лаьцна цигахь бехачу казахашна а, оьрсашна а йуккъехь эладитане хабарш даржийна хилла Ӏедалан белхалоша, нохчий, хье тӀехь маӀаш а йолуш, адамаш дууш акха адамаш ду бохуш.

2. Дийцар тӀехь хьахийна Дикалу, Асланбек, ГӀапур – уьш Гикало Николай, Асланбек Шерипов, Ахриев ГӀапур ву.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Мила йу Напсат? Муха ду цуьнан куц-кеп? Барта хӀоттаде цуьнан васт.

2. Йоккха стаг Напсат халхайийларан хӀун бахьана ду?

3. Вайн халкъ махкахдаккхале муха хилла Напсатан дахар?

4. Сталинан хьадалчаша нохчех лаьцна хӀун тайпа хабарш даржийна хиллера Казахстанехь дехаш долчу адамашна йуккъехь?

5. Кавказера бохийна балийнчу «обаргашка» хьажа арадаьллачу адамана гинарг хӀун сурт дара?

6. Напсата лекхначу эшарх тера вайн халкъо ша махкахдаьккхинчу хенахь йаьхначарах цхьа-ши йиш дӀайазйе.

7. ХӀун тайпа баланаш ловш, хӀун Ӏазап хьоьгуш текхира ша йоккху хан Напсата Казахстанан аренашкахь?

8. Напсат адамех къехкаран хӀун бахьана ду? Цара муха тӀелоцу цо лелориг?

9. Махкахдаьккхина вайн халкъ цӀадерза лууш хилар стен гойту? Даладе масалш.

10. Халкъан бохамна тӀехь а са йоккхучу нехан хӀун мах хадабо мухӀажарша?

11. Дерриг халкъаца цIа йан сатесна йолу йоккха стаг Напсат Казахстанехь йисаран хIун бахьана ду?

12. Баккхийчаьрга хатта а хоттуш, шайн йуьртара (гIалара) нах Казахстанехь, Киргизехь баьхначу меттигийн цIераш дIа а йазйай, карта хIоттаде.

13. Вайн халкъо махкахдоккхуш а, даьккхинчул тIаьхьа а лайначу халонех, Iазапах лаций баккхийчаьрга хатта а хоттуш, церан дагалецамаш дIайазбе.

14. Йаздархо шен дийцарца а, Напсатан вастаца а хIун ала гIерта? Муха ду хIокху дийцаран коьрта маьIна?

### Йешначух ойла йай вай

1. ХIун ойланаш, синхаамаш кхоллабалийти шун Яшуркаев Султанан «Напсат» дийцаро?

2. Муьлха исторически хиламаш бу дийцаран бухехь берш?

3. Халкъо ша цIерадаккхар муха тIеоьцу? Нохчийн литературин муьлхачу произведенешкахь йу нохчий цIерабахарх лаьцна тема?

4. Дийцаран муьлха хилам хийтира шуна уггар дегаIийжаме? Дийца, хIунда хийтира.

5. Дийцаран муьлхачу турпалхочо уггар боккха теIаткъам бира шуна? Шайн жоп тIечIагде.

6. Напсат халкъаца ца цIа йогIуш Казахстанехь йисаран хIун бахьана ду?

7. Напсатан васт – нохчийн дегнашкахь цIабаьхкинчул тIаьхьа Казахстанах, ГIиргIизойх бисина цкъа а туьйр боцу лазам бу бохучуьнца реза дуй шу? ТIечIагIде иза, йа харцде.

### Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Дийцаран долорехь а, дерзорехь а Напсат халхар деш йу. Дийца, хIун маьIна ду цуьнан. Маца до адамо халхар?

2. Схьалаха текстехь Напсат пекъар хилар чIагIдеш йолу билгалонаш.

3. Дийцаран драматически хиламаш диалогашкахь билгалбовлу, цара йосту дийцаран коьрта тема а. Гайта иза билггалчу масалш тIехь.

4. Муьлха символически маьIна доллу Напсатан вастехь?

5. Ойла йе, хIун лара мегар ду дийцаран хилам кхиаран уггар ира меттиг (кульминаци) – уполномоченнина дала ахча лахьор йа Напсата вокзалехь ден халхар.

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дай вай

Хийрачу махкахь мацаллий, шелой ловш дакъазабевллачу мискачу нахера кхаьънаш оьцу Iедалан цхьаболчу векалша. Деэшначу стагера кхаъ эцар муха лара деза? Шуна муха хета, шеца адамалла йолуш вуй ишта стаг? Хайр хийр дуй цунна оцу кхоах?

**Вайн къамел кхиадо**

1. Боцца, цхьана предложеница дийцаран чулацам бовзийта: «ХIара дийцар … лаьцна ду».

2. Текстан коьрта хиламаш дагалоцуш план а хIоттайай, цунах пайда оьцуш схьабийца дийцаран чулацам.

**Билгалйинчу темина проект кхоллар**

1. «Кхойтта шаре бахбелла некъ» темина, баккхийчаьрга хоттуш дагалецамаш дIа а йазбеш, книга вовшахтоха.

**Шуна, хIума довза луурш**

1956-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн Республика меттахIоттийначул тIаьхьа вайнахана шайн Даймахка цIаберза бакъо йелира. Амма уьш шайн цIаберзор деа шера чохь кхочушдан дагахь дара Советан Iедал. Цундела, вагонаш, локомотиваш тоьуш йац бохуш, цхьацца халонаш кхуллура цIехьа гIоьртинчу нохчашна Iедалан векалша.

## ЛИТЕРАТУРИН ПРОИЗВЕДЕНЕХЬ ПОРТРЕТ

Муьлхачу литературин персонажийн куц-кеп далийна хIокху дакъошкахь? ХIун олу ишттачу суртхIотторах?

«ТIаьххьара охьавоьссира лекхачу дегIара, шуьйра белшаш а йолуш, тIейуьйхина тужурка а, когахь керза эткаш, бендацариллица коьртан бIаьштиг тIе Iоьттина тиша хурашка а йолуш жима стаг».

«Цуьнан дегI, пиллиг санна, дайн дара. ГIеххьа лаьтта кхочуш йеха баккхийчеран коч, цунна тIелетийна дуккха а йоманаш. Цара коч йазйора, кучо – йоккха стаг.

ТIехь кхозуш и йозалла ца хилча-м, и, тIема йаьлла, йайн мас хилла, хIаваэхь йовр йара. Кучо дегI лаьттах доьзна латтадора. Когаш – берзина... Уьш-м цуьнан гуттара а бара берзина, тохара, кхойтта шо хьалха, шаьш цIера даьхчахьана. Йуьхь йоккхачу стеган йан а йацара. Цуьнан метта эхангех хьийзинчу хебарийн шад бара. Оцу шеда тIехь бIаьргаш ган а ца гора. И шиъ цхьана бухбоцучу готтачу шина кIаг чу боьжнера».

*Портрет* (французийн portrait дашах схьадаьлла) *литературехь – дакъалацархочун куц-кеп гайтар ду: йуьхь, дегI, духар, лелар, дIахIоттар*. И тайпа суртхIоттор хила тарло эпически произведенеш тIехь. Иза дакъалацархочунна характеристика йаларан цхьа гIирс

хуьлий дIахIутту. Лирически, драматически произведенеш тIехь портреташ ца даладо.

Дешнийн портрето дакъалацархочух лаьцна маьIне хаамаш чулаца тарло: муьлхачу къомах ву, социальни хьал, хан, могашалла. Цул сов, портретехь авторан дакъалацархочуьнца йолу йукъаметтиг билгалйала а тарло: везаш хилар йа тIелоцуш цахилар.

Бексултанов Мусан «Мархийн кIайн гIаргIулеш» дийцар тIера жимачу йоьIан Маринин суртхIоттор дIадеша. ХIун хии шуна цу суртхIотторехь авторан йоIаца йолчу йукъаметтигах лаьцна?

«ЙоI, «хиъ-хиъ» олий, йукъ-йукъа йелалора. ТIехьа хьокхуш шарйина месаш йуххец бантик доьхкуш охьахецна йара, аьлча а, шуьйрра йаьржинера белшаш тIоьхула. Цо корта дIаса масазза берзабо, йа аьрру, йа аьтту агIор вортана уллехула чуьйуьйшура уьш, тулгIе санна, йеза. Горгачу беснеш тIехь боккха ши кIаг лаьттара, лакхарниг ирх дедда долу ши балда церган тIе кхочуш дацара – уьш, зезаган патарш санна, делладеллера, йаккхийра кIайн церган гучу а йаьхна. БIаьргаш чохь лаьттара синкъераме хиш. Хьацар даьлла цуьнан йуьхь, ангали санна, йара къегаш, хьаж тIоьхула цхьа ши-кхо чо лацабеллера, балдаш тIеда хетара».

ХIун башхалла йу Хамидов Iабдуллин «Абубешар» дийцар тIера Абубешаран суртхIотторехь?

«И ков, айъина, жимма дIа а хилийна, гIуркх санна лекха а волуш, хана 40 шо сов зама хир йолуш, гIеметтахIоьттина стаг велира кех ара. Цуьнан кога буьйхина тиша, амма чохь сурт гур долуш къагийна ши кIарх а бара, тIейуьйхина Iаьржачу басахь, голаш шар а белла, тIергIан кIадин галифеш йолу хеча йара, ткъа цу хечин когашна тIоьхула а йохуш хьалаоьззина йуьйхина можа ши пазат а йара. Царал совнаха, гоьле ца кхоччуш йеха а йолуш, гонах чимчаргIа а лоцуш кечдеш дехкина хьалхахь даккхий кисанаш а долуш, белшехь жимма зарзйалар[1] а хаалуш, гатанан кIайн коч йара.

Ткъа цунна тIоьхула къевллина дихкина дукха шира хиларна локхар кIаййала а йоьлла долу меттанаш долу доьхка дара. ТаIIош коьрта тиллина ах аьрша хиллал лекха а болуш, кагйеш тIехьа дIайахийтина, гIабакхан тIам санна, маьIиг йолуш, цхьа ге[2] хиллал беха чо болу куй бара. Ткъа цу куйнан кIинжаш йуккъехула схьагуш, куьйран зIок санна

[1] Зарзйалар – тишйалар.

[2] Ге – ширачу хенахь хIума йустаран барам.

хьаьвзина цуьнан мара бен, бӀаьргаш башха гуш а дацара. Цуьнан коканаш тӀетаӀийча санна йолчу йуьхь тӀехь гуш Абубешара мало ца йеш хьийзийна ши мекх, газанан цӀога санна, цӀацӀ-аьлла ирх а догӀаделла дара. Гуш дацахь а, дуйнах ала мегар дара, хӀинцца хьаьжча, цуьнан кисанахь дечиган мукъ болуш урс а хир ма дара».

Дагалаца шаьш йешна барта кхоллараллин произведенеш, турпалаллин иллеш. Цу произведенеш тӀехь дац портретан суртхӀоттор. Туьйранийн, иллийн турпалхойн куц-кеп дагадоуьйту даим пайдаоьцучу эпитеташа «бос хаза», «дуткъа дегӀ». Ткъа иллеш тӀера турпалхойн куц-кеп хьахийна а ца хуьлу, дукхахьолахь церан духар а, герзаш а хьахадо: «чо чехка чола куй бӀаьштиг тӀе тоьттуш, бух шуьйра мажар белшашкахь керчаш, осмалойн ва тапча аьтту агӀор хьийзаш, тӀехь мухӀаран сурт долу болатан дуткъа тур аьрру агӀор текхаш, хьенапан и шаьлта дато доьхкарца ловзуш». Мехкарийн куц-кеп мелла а шуьйро гойту турпаллаллин иллешкахь: «туька йуллал дари шен дегӀа дерзийна, бере кечвал дети шен некхе дерзийна, чилхьесан бухкарца, цу цестан кӀудалца, цу хӀурдан ва махо йездари ловзадеш, эсаран ва махо кисин тӀам ловзабеш, хитӀа йаха йелира ворхӀ вешин йиша».

XIX бӀешарахь бен литературехь портрет турпалхочун амал а, психологи а йовзийтаран гӀирс хуьлий дӀа ца хӀутту. Психологически портретийн масалш вайна го Лермонтов М. «Вайн заманан турпалхо», Толстой Л. «ТӀом а, машар а» романашкахь. Нохчийн литературехь и тайпа психологически портреташ долу произведенеш йац.

Литературин произведенехь портреташ тайп-тайпана хуьлу.

ДӀадеша ши портретан сурхӀоттор. ХӀун ду церан цхьаьнадогӀург а, къаьстарг а?

«Со сихха Деркига хьаьжира, велха кийчча. Иза, айвала кечвелча санна, оза а велла, куьйгаш жимма хенаш тӀера дӀасхьа а девдда, бӀаьргнегӀарш тӀе а даьхкина, цхьа оьгӀазвахча шен ма-хуьллура бетан йист а йолуш йетталуш, генна, вукху машенашна тӀоьхула, айвелла хьалха хьоьжуш лаьттара, меттах а ца хьовш».

«Суна цкъа а ца гиначу тайпана вара сан воккха стаг, бос цхьа чӀогӀа хазбеллера цуьнан, цӀен, кӀайн, можа вовшах а ийна; бӀаьргаш эсала а доьрзуш, хьацар даьлла куьзга санна, кхоьлинера, цхьа хаза цӀийделла балдаш, набарха санна, меттахъхьоьра».

Шуна хьалха хӀоьттина лаьттачу портретан масалш ду, ша аьлча, цхьана метта лаьтташ волчу дакъалацархочун хьал (хийцам боцу

портрет, йуха хилам дӀабаьллачул тӀаьхьа цуьнгахь долу хьал, оцу хьоле иза верзар). (Бексултанов Мусан «Мархийн кӀайн гӀаргӀулеш» дийцаран турпалхо Дерки.)

## Литературин турпалхочун портретан характеристика муха йала йеза

Литературин турпалхочух лаьцна долчу барта дийцаран йа йозанан сочиненин хӀоттаман цхьа дакъа ду портретан характеристика.

1. Леррина йуха а дӀадеша портретийн дерриг суртхӀотторащ, оцу литературин дакъалацархочуьнца доьзна долу. Тетрадь тӀе схьайазде уьш.

2. Тидаме хила, цхьадолу портретан дакъош (месийн, бӀаьргийн бос, меран, лергийн кеп, мекхаш, маж хила а, ца хила а тарлар) цхьана меттехь далийна йа йерриг произведени тӀехь дӀасакхийсина хила а тарло.

3. Текст тӀерачу цитатех пайдаэцарца турпалхочун портретан сурт хӀоттаде, къаьсттина тидам текстехь йух-йуха а далийнчу карладаккхаршна, портретехь хуьлучу хийцамашна тӀе а бохуьйтуш.

4. Портретан суртхӀоттош пайда оьцуш йолу исбаьхьаллин кепаш (эпитеташ, дустарш, метафорш) билгалйаха.

5. Портретан билгалонашца авторан дакъалацархочуьнга болу хьежам билгалбаккха хьовса.

6. ЖамӀ де:

а) мел кхоччуш сурхӀоттийна турпалхочун портретан произведенехь;

б) цуьнан амал йовза а, и муьлхачу хьолехь ву а хаа мел гӀо до портрето.

**Хаттарш а, тӀедахкарш а**

1. Дийца, хӀун ду литературин портрет бохург.

2. Мича кепара хуьлу литературин произведенехь портреташ?

3. Литературин турпалхочун портретан характеристика муха йала йеза?

4. Барта йа йозанан портретан характеристика ло Напсатан – Яшуркаев Султанан «Напсат» дийцаран коьртачу турпалхочун.

5. Аш йешначу муьлхачу произведенехь ду шина дакъалацархочун дуьхь-духьал дерзийна портретийн суртхӀоттор?



## БИСУЛТАНОВ Дибин Апти

***(1959)***

Нохчийн лаьмнаш шайна тIера дуьйлалучу хьаннийн йистошца Iуьллуш йу СоIди-кIотар цIе йолу йурт. Оцу йуьртахь вина а, кхиъна а ву поэт Бисултанов Апти.

Школехь дешначул тIаьхьа Аптис чекхйаьккхина Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университет. Стихаш йазйан волавелла ша университетехь доьшуш волчу хенахь.

Дукха хан йац вайн махкахь Бисултанов Аптин поэтически аз дека доладелла. Нохчийн литературина цуьнан йукъавар цIеххьана а, зевне а, шех тоьшуьйтуш а дара. Цуьнан произведенеш арайийлина газеташ тIехь, «Орга» журналехь, уьш йовзийтина радиос, телевиденис.

Ханна воккха вацахь а, Апти ларийна поэтически книгаш арахеца: «Нох, цIе, чоь» (1986), «Цхьа илли» (1988), «Ткъесан IиндагI» (1991), кхийерш.

Шатайпа хатI, лаккхара похIма долуш поэт ву Бисултанов Апти. Дукха йу цуьнан Даймахках, ненах, Iаламах, безамах, гIиллакхоьздангаллех лаьцна стихаш.

Шен мел болчу орамца шен йуьртахойх, махкахойх, къомах возуш вуьсу поэт. Цунна хьоме ду ден, ден дайн кхерчахь мел хилларг. Муьлххачу адаман мохк дуьххьара кхерча тIера дIаболалуш бу. Кхерч боцучу стага ларбийр бац Даймохк, мохк боцучу стага лардийр дац Дуьне.

Шен стихашкахь Аптис йемалйо осалалла, тешнабехк, харцо, къизалла. Иза дуьхьал ву муьлххачу къизаллина, харцонна, цо кхойкху адамашна, церан дегнашна йуккъехь йина керташ дIайахаре, машаре,

адамаш лардаре. Поэтан кхоллараллехь йоккха меттиг дӀалоцуш йу къонахаллин тема а.

Халкъ махкахдаккхарх, цо цигахь лайначу баланех, халонех лаьцна йу цуьнан «Хьайбахах йазйина байташ» цӀе йолу поэма.

Оцу назманан байташа шайна чулаьцна дерриг а: арадохучу дийнан эрчалла; кегийчарна а, баккхийчарна а йина гӀело; нохчийн йарташ йохор-йагор; Ӏазапехь белларш, цӀарой, шелоной, мацаллой байъина дӀабоьхкинарш.

Бисултанов Аптин поэзин турпалхо – иза къийсамхо ву. Оцу къийсамехь цуьнан цкъа а шеко ца хуьлуьйтуш дерг цхьаъ ду – иза шен мехкан хьанал кӀант хилар. Изза дешнаш ала догӀу поэтах шех а: ван а ву иза мехкан хьанал кӀант!

## ХЬАЙБАХАХЬ ЙАЗЙИНА БАЙТАШ

### Хьайбахахь багийначийн назма

ТӀапа куйнаш дайрий шуна,
Го беш салтий байрий шуна,
Эхартахь бен хир дац баьхна,
Късмата-де дайрий шуна?

Шийла цхьамза гӀортор йолуш,
ЦӀийза даьндарг гӀиллакх долуш,
Некъан баккхал суьлхьа долуш,
Къаной гулбеш байрий шуна?

Когадахар лайлахь долуш,
Меттан даар неӀалт долуш,
Тоьпан биргӀа низам долуш,
Бераш гулдеш дайрий шуна?

Доруш, тоьгуш марчо доцуш,
Доккхуш, доькъуш сагӀа доцуш,
Охкуш, кечдеш лахьта доцуш,
Синош догуш дайрий шуна?

Къа лерина маршо йезар,
Пхьа лерина Дела везар,
Шира Нашха, нохчийн безам,
Цlергахь йагош йайрий шуна?

**Багонза бисначийн назма**

Іуьйренаш, шу марша Іойла,
Суьйренаш, шу марша Іойла,
Тхо дІадоьлху Декъастана,
Сийна Сибрех, марша Іойла.

Малх схьакхеташ хилла Сибрех,
Малх чубузуш хилла Сибрех,
Лаьттан кийрахь чартех хьоьгуш,
Тхан дай буьсу шийла Сибрех.

Малх схьакхеташ Даймохк бу тхан,
Малх чубузуш Даймохк бу тхан,
ХІора денна лаьмнаш херцаш,
Тхуна боьлхуш Даймохк бу тхан.

Доза доцу шуьйра Сибрех,
ЧІагІо йоцу хийра Сибрех,
Хьо йелхийна миска наной
Тхан дІаэцна шийла Сибрех.

Доза доьхна Даймохк бу тхан,
ЧІагІо йоьхна Даймохк бу тхан,
Сийсазйина кешнийн керташ,
Тхоьга кхойкхуш Даймохк бу тхан.

Тхо тхаьш лайнарг лайна девли,
Тхайна гинарг гина девли,

Дела воцург накъост воцуш,
ХIокху хене тхо ма девли.

Лан йисина марзо йу тхан,
Ган дисина лаьмнаш ду тхан,
Декъастанан хьаннийн кийрахь
Кхолла йезаш маршо йу тхан.

Iуьйренаш, шу оха йити,
Суьйренаш, шу оха йити,
Кхин ца лела чIагIо йина,
Сийна Сибрех оха йити.

### Хаттарш а, тIедахкарш а

1. Вайн халкъан дахарехь хилла муьлха киртиг йу назманан байташ тIехь йуьйцург?

2. Нохчийн халкъ махкахдаккхаран ирчалла муха гайтина поэта?

3. Халкъана маршо йезар а, Далла Iамал йан лаар а муха тIелоцуш хилла Совстан Iедалан векалша? Схьа а лахий, дIадеша и могIанаш.

4. Муха кхета шу хIокху могIанех:

Шийла цхьамза гIортор йолуш,
ЦIийза даьндарг гIиллакх долуш...

5. Баккхийчаьрга хатта а хоттуш, вайнах махкахбахархь лаьцна долу дийцар дIа а йаздай, йуха схьадийца кечде.

6. Нуьцкъала хийрачу махка балийнчу вайнаха лайначу халонех лаций дийца. Масалш даладе байташ тIера.

7. Шаьш хьалха баьхна хиллачу махке вайнах сатесна хилар чIагIдеш долу бакъдерш даладе назмана тIера.

8. Нохчий шайн махкахбаьхначул тIаьхьа Даймохк муьлхачу хьолехь бисина церан? Цунах лаьцна долу могIанаш, схьа а лахий, дIадеша.

9. Нуьцкъала махкахбаьхна нохчий дукхахьолахь Казахстанехь, Киргизехь дIанисбина. Поэта Сибрех хIунда йуьйцу тIаккха шен стихашкахь?

### Текстана комментари

Назма – бусулбан динах лаьцна чулацам а болуш, мукъамца дIа а олуш, стихашкахь йолу исбаьхьаллин произведени йу. Дуьненахь а, эхартахь а пайдехьа хиндерг дуьйцу назманашкахь.

Назманаш, кар-кара луш, вовшашкара йазйеш, халкъо Iалашйина. Уьш ца «йелла» нохчий махкахбаьхначу хенахь а; цхьа а шеко йоцуш, цара къам лардина хийрачу махкахь. Советан Iедало тоьлла Iеламнах лецначул тIаьхьа кхийолчу барта произведенел дукха назманаш йеха халкъалахь, иллеш, эшарш тIаьхьатотту цара. Барта кхолларалин йерриг а агIонаш шайна чулоцу назманаша.

### Произведенин исбаьхьаллин башхаллех дийца вай

1. Назманан формехь йазйина йу «Хьайбахах йазйина байташ». Назманан стихан барам йеа стопах лаьттачу дактилан йа хорейн куьцехь хуьлу. Къастаде, муьлхачу барамехь йазйина йу байташ.

2. Назма аьлла билгалйаьхна автора шен стихаш. Дуста, хIун ду церан цхьаьнадогIург а, къаьстарг а.

3. Авторан монолог, риторически хаттарш – иштта кеп йу стихийн. Мича Iалашонца хаьржина автора и кеп?

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре де вай

Нохчийн халкъ махкахдаькхинчу хенахь иза хIаллакьхуьлучура кIелхьарадаькхинарг гIиллакх-оьздангалла лору. Вайн махкахь 1994–1996, 1999–2003 шерашкахь хиллачу тIемаша гIиллакхах херделла нохчийн къам, цунна герга далоран метта, кхин а алсам хердира цунах. Шуна муха хета, хIун бахьана ду цуьнан?

### Вайн мотт кхиабо

1. Дийца, муха кхета шу кху могIанех:

...Лаьттан кийрахь чартех хьоьгуш,
Тхан дай буьсу шийла Сибрех.

2. *Сийна Сибрех* аьлла эпитет йалийна автора. Оцу дешнийн цхьаьнакхетарехь *сийна* билгалдешан хIун маьIна ду?

3. Дийца, хIун ду кху стихийн халкъан иллешца, эшаршца догIург.

### Шуна, хIума довза луурш

Хьалха-МартантIехь хIоттийнчу хIолламан экъан тIехь Бисултанов Аптин поэми тIера дешнаш ду далийна:

...ТIапа куйнаш дайрий шуна,
Го беш салтий байрий шуна,
Эхартахь бен хир дац баьхна,
Къемата-де дайрий шуна?..

## «ХЬАЙБАХАХЬ ЙАЗЙИНА БАЙТАШ» ПРОИЗВЕДЕНЕХ ЛАЬЦНА

Нохчийн халкъ махкахдаккхархлаьцна ма-дарра довза а, дийца а вайн йиш хилла башха дукха хан йац. Делахь а, цу хьокъехь йазйина произведенеш кӀезиг йац вайн литературехь. Царах цхьаъ йу Бисултанов Аптин «Хьайбахахь йазйина байташ» цӀе йолу поэма.

«Ткъесан Ӏиндаг1а» цӀе йолчу цуьнан книги тӀехь йу нохчийн къам Сибрех дахийтарна лерина йазйина стихийн цикл. Цикл йа поэма – иштта билгалйина цо уьш. Эпиграфна цо далийна дешнаш кху кепара ду: «...бехк боцуш мел вийначунна лору ас». Оцу поэми тӀера ши кийсак йу хрестомати йукъа йахана: «Хьайбахахь йазйина байташ» («Хьайбахахь багийначийн назма»), «Багоза бисначийн назма». Цу йукъара билгтала хӀара кийсакаш харжар а цхьа маьӀна долуш дара.

Коьртаниг – халкъ цӀерадаккхар, и йуха шен махка цӀадерзар дара. Цхьа символ, билгало санна, лерина хӀума дара иза. Халкъ, шена тӀе мел хало хӀоттарх – Ӏома буха кхийсарх, цӀергахь дагорах, мацалло, шелоно, цамгарша хьийзадарх – дерриг а халкъ доь доьцуш дан йиш йац.

Махкахбохучу нахана йуккъехь ша ца хиллехь а (поэтан дуьнен чу валар 1959-чу шеран 1-чу сентябрехь СоӀдин-кӀотарахь хилла), Бисултанов Аптин ницкъ кхочу, 1944-чу шеран февралехь Хьайбахахь нохчийн къомана тӀе хӀоьттина къемат-де Ӏийжамечу могӀанашца, къаьхьа эрчо карла а йоккхуш, цкъа а дицлур доцу сурт хӀотто: «ТӀапа куйнаш дайрий шуна, го беш салтий байрий шуна, эхартахь бен гур дац баьхна къемата-де дайрий шуна?» Ша нохчи ву ала а догӀий-те и дешнаш дагах ца кхетачо?

Оцу назманан байташа шена чулаьцна дерриг а: арадохучу дийнан ирчалла, жима а, воккха а ца къестош, массарна а тӀехь йина гӀело, нохчийн йарташ йохор-йагор, Ӏазапехь цӀарой, шелоной, мацаллой бехк боцуш хӀаллакбинарш. Цуьнан хӀора могӀа дегӀах, сих, дагах чекхболуш, дегаӀийжаме а, паргӀатчу назманан мукъамехь а бека. Нохчийн къоман ага хилла йолу Нашха цӀергахь йагош, маршо йезар къа лоруш, охкуш кешнаш доцуш, тӀехьарчош марчош доцуш, тӀаьхьадоккхуш сагӀа доцуш, карахь-марахь хӀума доцуш, эхартахь бен хир доцучу къемате доьллина хьийзадо нохчийн халкъ Сталинан хьадалчаша. Авторан монологах лаьтташ йу стихотворени, риторически хаттаршца йазйина йу и йерриг а.

Даймахкахь хIиттинчу бохамечу хьолаша меттахйаьккхина поэтан ойла, цуьнан дегалазам, дегаIийжам бу стиховоренин чулацамехь.

Дуьненан Iазап лан бисначеран дахар а ца хилла хIумма атта. Массеран а ца белира церан цIаберза кхаж. Кешнийн керташ сийсазйина йелахь а, амма хIора денна шен кIенташка, йижаршка кхойкхуш бу Нана-Даймохк. Лайнарг лайна а, гинарг гина а, Дела воцург накъост воцуш, цIадахка бакъо йаллалц сийначу Сибрех хала хан текхна, шаьш хIинццалц сатийсинчу Даймахка цIадоьрзу нохчийн халкъ.

Поэтана ца лаьа и дерриг а диццдан, гинарг ца гина ала, лайнарг ца лайна ала. Вайга кхойкху и генара аз:

Кху Хьайбахахь хилларг
Диц ма лойла хьуна,
Цунах вала
Дала ницкъ ма лойла хьуна!

Бераш догуш гина
Ду ша, олу соьга,
Наной богуш гина
Ду ша, олу соьга.

Ду ша, олу, иза
Кхочушдина, лайна,
Делан неIалт гина,
Ду ша сибат дайна…

Башха бу стихотворенин мотт а. Барта кхолларалница зIе йолуш йу иза, цундела халкъо йезаш тIеийцира и байташ. Ларамаза дац Хьалха-МартантIехь хIоттийнчу хIолламан экъан тIехь Бисултанов Аптин поэми тIера дешнаш далор а. Вайга беш кхайкхам бу иза, беллачийн, багийначийн, ша кIел кхийсинчийн, докъаза байначийн, бала хьегна цIабирзинчийн цIарах. Иза цкъа а диццдан йиш йац, боху вайга поэта.



## АМАЕВ Хасин Ваха-Хьаьжа

***(1963)***

XX бIешеран 80-чу шерашкахь нохчийн литературе дахаран бакъдерг дохьуш йеанарг Амаев Ваха-Хьаьжин кхолларалла йу.

Амаев Ваха-Хьаьжа вина октябран 22-чу дийнахь 1963-чу шарахь Ножай-Юьртан районан Iалара – йуьртахь.

1970-чу шарахь деша вахана шен йуьртарчу школе. И чекхйаьккхинчул тIаьхьа дешна Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетехь филологин факультетехь. Шина шарахь школехь болх бина, йуха – телевиденехь. Цигахь цо кечйора «Муьлш ду вай? Мичара схьадевлла?» цIераш йолу телепередачаш. Уьш нохчийн къоман историх, гIиллакх-оьздангаллех лаьцна йара. Журналистикехь болх бира цо Нохчийчохь 1994-чу шарахь тIом болабаллалц. ЧIогIа хала тIелецира Ваха-Хьаьжас вайн махках хилла и бохам.

Дийцарш йаздан волавелира школехь доьшуш волчу хенахь. Цуьнан дуьххьарлера произведенеш зорбатуьйхира 1990-чу шерашкахь, цкъа хьалха «Коммунизман маяк» цIе йолчу Нажин-Юьртан районан газетехь, йуха – «Орга» альманахехь. Йукъарчу гуларш тIехь а зорбатоьхна цуьнан дийцарш: «ХIинца а хьалха йара ах буьйса», (1988) «Шерийн гунан когашкара» (1989), «Малх лаьцначохь» (1990), «Ма деха дара и Iа» (1991).

1992-чу шарахь арайаьлла цуьнан «Цхьа де» цIе йолу дийцарийн гулар.

Жигара болх беш ву Ваха-Хьаьжа дийцаран жанрехь. Вайн заманан гIуллакхаш дийцина ца Iаш, шира дIадахнарг а тидаме оьцу цо шен произведенешкахь. Сатирически, беламе произведенеш а йу йаздархочун кхолларallex.

## ГЕНАРЧУ ДЕНОЙН ТУЬЙРА

Дош даше делира. Дисина къамел шаьлтанийн хир ду бохучух кхийтира массо а. Делан цIарца маслаIате мотт боло воьлла къано Турпал, уьрсо цестича санна, дош хаьдда висира. Шен ширачу бIе берхIитта шеран голаша каде айъира цуьнан дегI тIулгара. Лаьттара боцучу ницкъо буьйр дича санна, хьалаиккхира йуьртан суьйренан пхьоьханахь хиъна мел верг – цхьаъ воцург. И цхьаъ Идал вара, шен цIе наха цкъа хьалха «бIаьрзе» олий бен ца йоккху, цуьнан бIаьрг-нур дикка эшна хиларна.

Девнан дай – сиха Ойъа а, Шида а – вара шаьлтанаш йаьхнарш. Дуьнене бетта бIаьрг кIадбала гергабаханчу маьлхан сурт шена тIехь ткъесах къегина хьалхарчун шаьлта, коьртал лакхе мукъайоккхуш, синкхетамах къаьстинчу лаамца меллаша охьайаьхьана, шен ден хенаца нисйира ондачу куьйго. Оцу кIезигчу хенахь шозза бос хийца ларийра Охьин йуьхь.

Шидин шаьлта малхехь ца къегира, бос а цхьа тамашена бара цуьнан – и дара пхьоьханахь берш гIовттийтинарг. «Делан дуьхьа, Шида, къинтIера вала, ма ца хаьар-кха суна…» – тIаккха кхеттачу Ойъас цкъа шен дагахь а, йуха хозуьйтуш а элира.

Дикачу дена шех гIалат карийна дика воI санна, корта а оллийна, пхьоьханара дIаволавелира Шида.

Ткъа цул хьалха, тIаьхьа хилларг иштта схьадеана Iаларойн иэсо.

– Деллахьа, зуда, эли-кха ахь цуьнга… – цхьаъ дан дагахь чувеана Шида, йуха а и коьрте а хьаьвзина, ша хIун дан ойла йолуш вара ца хууш, цIенкъа йуккъехь дIавогIавелла, дIасахьоьжуш лаьттара.

– Ой, стаг, эли-кха, ала деза дела, – пеша хьалха сискална бод хьакхош йоллу Ковсар, кхин шен пхьола йукъах ца дуьтуш, жоп дала йелира. – Цу тIе а, и ца хууш а ма вацарий и.

– Билггала муьлха де ду, ца хаьарий цунна.

– Делор, хаьара, стохка дуьйна а-м хууш. Кхушара марха даьстина пхийтталгIа де шен пхийтта кхочург дуй ца хууш вара?

– Ахь ца аьлча, цунна муха хаьара? – хIинца а ша чуваран бахьана ца карош лаьттара Шида.

– Стохка хIоккху хенахь ахь аьлла дела хаьар-кха. Хьуна и диццаларх, цунна ца деллера хьуна.

– Ас а элира ткъа?

– Дера, элира.

– Аьллехь, хIинца хьокха санна кхузахь со вогIавелла хIунда лаьтта алахьа, йоккха топ тоьхча а, со чу хIунда веана, дага ца догIу-кх суна.

– Малхбуза ламаз диний ахь?

– Э-э, цIе хала белхан! Хьо тентакца лен а ваьлла, мIаьргона тиладора-кх ас иза!

– ХIаъ, галдаьллачунна бехке ван цхьаъ каравахьар-кха хьуна, – йелайелира Ковсар.

Кхин вист а ца хуьлуш, ша мел дийриг санна, лерина ламаз эцна, паргIат и дина велира Шида. ХIинца, хIусамненечул а, ша шега бохуш, йуха лен велира иза:

– Хьажахьа, кхана а гучу ца валахь, ма йуьхьIаьржо йу иза вайна а, цунна а.

– Ахь айхьа цхьа таро йича, хIун дара-те? Иза генахь Iаш а ву, цу тIе, хIума хила сахьт а дац…

– Деллахьа, зуда, пал ма кегабехьа! – чIирс доцуш дош айъира Шидас. – Ден доттагIчо деш ца хуьлу иза? Сан доттагI вац, алийта йоллу хьо нахе? Ишта а, ледара тIаьхье[1] йолуш, цунна чу са а диллина лелаш волу, шега бен и совгIат ма дайталахь аьллакха цо. И товш дац? Иштта схьадогIуш дац? Кхана йохьуш и гучувалахь, со цхьажимма а шек хиллий хиъча а, мегар вац-кх и.

– Иштта-м дара и. Шен нийсархошка а аьлла-кха оцу кIанта, цуьнгахь царна а ца гахь, белам бу-кха.

– Кхана сарралц и гучуволий хьожуш Iийр ву со, тIаккха, ца вагIахь, цхьаъ дийр ду-кха.

– Лама и де тIекхочуш хилча, кхана сарралц хьоьжуш а Iийча, йисинчу цхьана буьйсанна хIун новкъадаккхалур ду хьоьга? Цхьаьннан лачкъо-х ца воллий хьо?

[1] Ледара тIаьхье – кхузахь: доьзалехь зудабераш бен цахилар.

– Воллу дер-кх, йаккъаш а йостий, зударий санна, охьа ма буьйшу нах… Зуда, пал ма кегабе, аьлла-кх ас хьоьга! ХIан, пхьоьхана хIоттий вола со.

– Новкъахь дика дIасахьожуш гIолахь, цхьаьннан йоьжна а карор йац-те.

– Делор, хьан вежарша ца йожайахь, и йожжол садаьхьана кхин стаг ма вац хьуна вайн йуьртахь.

– Доккха хIума ду-кха, ала хIума карадахьар-кха хьуна, – araволучу майрачунна хезаш ца хезаш олуш, шена йелайелира Ковсар.

Амма дукха йоьлийла ца хилира – хьахийначо чIогIа сагатдора цуьнан а. ЙуьхьIаьржа ца хIиттичхьана…

«ХIитта сахьт-м дац», – богура ненан кийра.

ШолгIачу дийнахь ша вахьа меттиг боцуш, дан йуьхьарлаьцнарг карара дужуш, сарралц саготта лийлира Шида – доттагI ца веара. ТIаккха кхин доладелира цуьнан садаа: хIун хилла виси-те? ХIинций-хIинций бергийн тата хеза-кх шена бохуш, синтемза буьйсанан йуккъе а вахара иза меттахь. ТIаккха, кхин са хьаа меттиг ца бисча, къуьда а эцна рагIу тIехьа, ша цхьанна а гур воцучу, вахара иза, цигара Iуьйранна чуван.

Iуьйранна да чоьхьаваьлча, гIаьттина, неIаре дIахIоьттира кIант.

– ХIан, – ша ткъа шарахь лелийна, детица кхелина шаьлта шен хIусамненан кара йиллира Шидас. – Малх хьалагIоттуш бу.

ТIаккха, шен хенаха йолчунна тIе аьрру куьг дуьллуш, вахана паднар тIе а хиъна, аьтту куьйга наб йоцучу буьйсано цIийдинчу бIаьргийн негIарш тIетаIийна, дIатийра.

Цкъа цуьнга а хьаьжна, тIаккха, шина а куьйга шаьлта дIалаьцна, шен кIантана тIейеара нана. Синтемза йаханчу буьйсано дашийнчу бIаьргашца цхьа лерина хьаьжира…

Ден жималлин аматаш… Йуьхьах схьагIоьртина чIенг… Шениш а: даккхий цIена бIаьргаш, дуьзна сема балдаш – догцIеналлин билгало… Iаьржа мас-цIоцкъам… Дена накъост, цIенна гIо – йоккха а йера; шен амал, шен лаам, шен некъ – дог а догура…

– ВорхIангара валлалц мостагI санна[1] лелийра хьо, кIант, пхийттара, таханене, валлалц – бакъ цIе йоцуш[2] а, лай санна а[3], хIинца дуьйна доттагIчун дакъа ду хьоьгахь хьайн дена а, нахана а хьалха. Делла салам, дегI нисдай схьаэцалахь, айхьа кховдориг – даг тIера даккхий. Бусалбана а ма Iоттийла ахь хIара шаьлта, керстана а ма тохийла. Харцоно де эшийначун ахь гIо лоцуш, хьуна дика накъост а хуьлийла кхунах... Сийсара хьан ден доттагI веанера хьуна йохьуш, амма хIара дуьххьарлерчу кIантана йоьхкуш схьадогIу дела, хьуна йеанарг хьан дегахь йу, хьан дегарниг, хIара, хIинца дуьйна хьан, – олуш, шен куьйга кIентан хенах шаьлта а тесна, дIанехьо а йаьлла, йоккхайерца цуьнга хьежа хIоьттира нана.

– Хьан ден дедас дийцира суна, – шен кепах ца вухуш, долийра Шидас, – уьш кегий болуш дуьххьара дуьнен чу ваьллачу кIантана ша йойтуш хилла нанас зарговзе[4] шаьлта. КIант кара а оьций, и волчу пхьалгIа йоьдуш хилла иза: «ХIокху кIантана шаьлта йе, мах кхоор бац». Левси кховсий, цIе марсайоккхуш хилла нанас, зарговзан гIоьнца тухий, нуьйжа йекош, – и дерриг кIантана хозуьйтуш, гойтуш. Йина йаьлча, тIаьххьара кхин цкъа цIий а йойтий... Зуда, дехьа чу гIол. – Ковсар тийна дехьа чу йелира. – ТIаьххьара цIий а йойтий, зарговза араваьлча, шен аьрру некхан шурин кIеж тухуш хилла нанас шаьлтана тIе, тIаккха, аьтту куьйга ластайой, шелйеш хилла. Шаьлтан дитта тIехь ненан шурин томмагIнаш дуьсуш хилла – машаран, маршонан, нийсонан билгало. Хьайгарниг баттара а йаккхий, цу тIе хьажал. Къаьстий хьуна дитто хуьйдина томмагIнаш?

– Къаьста.

– Цу хенара йу, олура дадас, иза. Цкъа а вонан мотт ца бийцина[5] цо – и лардан гIорта хьо а.

– Хьожур ву со...

[1] МостагI санна – кхузахь: аьрха, ца хьоьстуш.

[2] Бакъ цIе йоцуш – кхузахь: кIантах «хIун хир йу» хаьалц бакъ цIе йоккхуш ца хилла хьалха.

[3] Лай санна – балхана, гIуллакхна тIера.

[4] Зарговза – аьчкан пхьар.

[5] Вонан мотт ца бийцина – вочу гIуллакхна баттара йаьккхина йац.

КӀант аравелира. Кхано сехьа чу йелира Ковсар. Майрачунна хьалха йуург а йиллина, тӀаккха йистхилира иза:

– Деллахьа, стаг, сахиллалц и йеш ваьлли-кха хьо.

– Кхин хӀун дийр дара?

– Кура кӀант гучу ца волуш лаа Ӏийний-те?

– Тамаш бо ас, Ӏийнехь-м. Теркал дехьа марзвелла вара иза. ХӀокху маьрша йоцучу заманахь и а. КӀанте тахана дин цӀа балабайта, кхана Ӏуьйрре и волчу гӀур ву со. ТӀаккха шаьлтанан гӀайгӀа бийр бу – хӀара хенаха а тесна Ӏойла дац. Нахана хаахь а, ду доккха эхь.

– Дика ду. СадаӀахьа.

Шида кхийринарг цу дийнан сарахь йуьртан пхьоьханахь хилира.

Бегашах ца кхета сиха Ойъа, шен метта хилча кхиниг велалур волчохь, дош къахьдина (шайтӀа тоьлла), тӀаккха шаьлтанах тасавелира. Мухха делахь а, массарна кхочу дакъа бен доцучу Шидина тӀедирзира дерриг. Шен са тӀекхиъна далале, цо а йаьккхира шаьлта. И шаьлта гина, хьалагӀаьттира пхьоьха, бӀаьрзе Идал воцург. Собарх воьхнехь а, йохьах ца вуьйхира сиха Ойъа, Шидин шаьлта гина, цо шена къинтӀера валар дийхира цуьнга. Мотт ца керча Шида, дагахь цунна къинтӀера волуш, шаьлта а буйнахь пхьоьханара дӀаволавелира, барам боцуш йоккха цецалла а, цакхетар а йуьртахошна а дуьтуш. Амма хӀеттахь пхьоьхана воьссинчу йукъах ши шаьлта йолчу динберечо даьстира дог а:

– Ассалам Ӏалайкум, Ӏаларой, дера, ца веана со-м хаза кхаъ бохьуш, шун нуц Асхьаб селхана маьркӀажехь кхелхина, шу марша – аренца валаран чов хиллера цунна. Валар-м Далла гергавахар ду, цунах ца кхийрира иза; и кхоьруург кхин дара – дуьсу декхар. Таханлера де цуьнан доттагӀчун кӀентан пхийтта шо кхочург ду – цунна совгӀат дан лерина хиллера иза. Амма… Шех тӀаьххьара са къаьсташ, шен йукъах йаьстира цо хӀара соьгара цхьа шаьлта... ХӀара йу иза, дашо варкъ даьккхина. Ша кхочур ву бохуш Ӏаш хир ву шен доттагӀ, элира цо. Тахана малх кхетале хӀара дӀа ца кхачайахь, ша йуьхьӀаьржа а хӀутту, дӀакхачайе цуьнга хӀара шаьлта. Амма доттагӀчун цӀе йаккха ца кхиира иза.

Селхана маьркIажехь дуьйна ткъесна йуьртах чекхваьлла со Асхьабан доттагIий бол-болчу хIуьттуш, амма лазам бен, ас царна кхин хIумма а ца дитина. Шун йуьртахь а ву аьлла соьга цуьнан доттагI. Шуна хаьий-те цунах дерг? Бакъду, малх гIаттале-м ца кхии со, йуьхьIаьржа ву-кха.

Массо а цу хабаро Iадийна лаьттачу Шиде хьаьжира.

ТIаккха вистхилира Турпал:

– Дера, жима къонах, ахь вуьйцург тхан йуьртахо а ма ву, и дIо лаьтта Шида а ма ву. ХIинца кхийти-кха тхо цуьнгахь дечиган шаьлта хиларан бахьанах. Къонахийн къоьлла йаций вайн!.. ДоIа де вай вайн вешина Асхьабна…

**Хаттарш а, тIедахкарш а**

1. ХIун хиламаш бу дийцарехь буьйцурш, муьлш бу коьрта турпалхой?

2. Маца тасаделла хилла Шидиний, Асхьабний йуккъехь доттагIалла? Стен гойту и цIена доттагIалла хилар?

3. ХIун ойланаш йора Шидас, цуьнан хIусамнанас? ХIун дара церан сагатдийриг? ХIусамненан даг чу йаьхкина шеконаш дIа муха йехира Шидас?

4. Вайн дайша лардеш схьадеанчу муьлхачу гIиллакхах лаьцна дуьйцу дийцар тIехь? Шида шен доттагIчо и гIиллакх лардийриг хиларх тешна хIунда ву?

5. Пхийттара ваьллачу шен кIанте шаьлта дIалуш хIун хьехар дира нанас?

6. Ширачу заманахь дуьххьара дуьнен чу ваьллачу шен кIантана шаьлта муха йойтуш хилла нанас?

7. ХIун дара Шида кхийринарг а, пхьоьха цецйаьккхинарг а?

8. Асхьаб шен декхарна а, доттагIаллина а муьтIахь хилар стен гойту?

9. ХIун ду Шидас а, Асхьаба а шайн синойл а деза лорург? Муха кхочушхилира цушиннан лаам?

10. Муха стаг хета шуна Шида?

11. Дайн оьзда гIиллакх цалардинарг муха стаг лара веза? Аш муха кхочушдо вайн къоман гIиллакхаш?

**Текстана комментари**

Пхийттара ваьллачу шен доттагIчун кIантана совгIатна шаьлта луш ламаст хилла вайнехан.

**Дийцаран исбаьхьаллин башхаллех дийца вай**

1. Дов даьллачохь дийцаран турпалхочо Шидас дечиган шаьлта йоккху баттара. Дийцаран чаккхенехь бен ца хаьа вайна, цуьнгахь, бакъ шаьлта а

йоцуш, дечиган шаьлта хIунда хилла. Дийца, мича Iалашонца дина иза автора шен дийцарехь.

2. Дийцаран дIахIоттам а шатайпа бу. ХIун лара мегар ду дийцаран долор, кульминаци, дерзор? Схьалаха уьш.

3. Жимачу дийцар тIехь диалогаш дукха хиларан тидам бе. Ойла йе, хIун гIуллакх кхочушдо цара дийцарехь.

### ГIиллакх-оьздангаллин хаттарш дийцаре дай вай

1. Теркал дехьа а, гIебартойн а, гуьржийн махка а боьлхий, рема йалош хилла цхьаболчу кIенташа. Бусулбан динца а, вайн къоман гIиллакхашца муха догIуш лору аш иза?

2. Шен доттагIчун кIантана цуьнан пхийтта шо кхаьчча совгIатна шаьлта йаларан ламаст вайна йукъара дIадаьлла, ала мегар ду. ХIун бахьана ду вайна йукъара иза дIадаларан?

3. Шега йиначу забарх ца кхетта Ойъа Шидица девне волу. Йиначу забарх ца кхеташ волчух хIун олу халкъалахь? Шун дахарехь нисйеллий иштта меттиг?

4. Шидин доттагI Асхьаб, валарал сов, шена тIехь декхар дисарна кхоьру. Иштта деза хIунда лору тIехь дуьсу декхар?

### Вайн мотт кхиабо

1. Нанас шен кIанте, шаьлта дIа а кховдош, олу: «ВорхIангара валлалц мостагI санна лелийра хьо, кIант, пхийттара, тахане, валлалц – бакъ цIе йоцуш а, лай санна а лелийра» шаьш хьо. Шен кIант мостагI а, лай санна а муха лелор ву? Йа кхин маьIна ду оцу дешнашкахь?

2. *Шаьлта дашо варкъ даькккхина йу* бохучух муха кхета шу? Кхечу кепара муха эр дара аш иза?

### Культурийн диалог

Дийца, кхечу къаьмнийн дуй, воккха хилла кIант, вай санна, билгалвоккхуш ламаст?

### Шуна, хIума довза луурш

КIант пхийттара ваьлча, цуьнан гIодайукъах шаьлта йоьхкуш хилла. Цуьнан маьIна: хIинца дуьйна ша дечун а, олучун а Далла хьалха жоп дала деза бохург ду иза. Пхийтта шо кхаччалц дай, наний дара цунах жоп луш. Баккхийчеран дукъ тIедожар а хоуьйтуш, уьстагI а боьй, сагIа доккхуш гIиллакх ду цхьаболчу нохчийн.

Къанвелла, дегIера ницкъ дIабаьлла, гIорасиз хилча, йостуш хилла шен гIодайукъ стага.

# ДЕШАРХОШНА ШАЬШ ЙЕША ПРОИЗВЕДЕНЕШ

## ЖЕРОЧУН КIЕНТАН, ГУЬРЖИЙН КIЕНТАН ИЛЛИ

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
Цу кIайчу гIовталца, исхаран чоица,
Чо чехка чола[1] куй бIаьштиг тIе ва тоьттуш,
Расхачу[2] ва динахь ша ваьлла вахар, бах,
Хийисте пхьоьхана жерочун жима кIант.
– Ассалам Iалайкум, хIай йуьртан кура кIентий!
Суьйре дика йолда шун кхоьллинчу вайн Дала!
– Iалайкум ва салам, жерочун жима кIант!
Хьо марша вогIийла, хьо Далла воьзийла! –
Олуш, лен бевлира цу йуьртан кура кIентий.

I

Йочанан ва махо идо дарц ва санна,
Расхачу ва дино ша чехка идавеш,
Веьна тIе ма хIоьттир и Юьспан ва Тойсам
Хийисте пхьоьхана, йуьртарчу кIенташна.
– Ассалам Iалайкум, хIай йуьртан кура кIентий!
Суьйре дика йолда шун кхоьллинчу вайн Дала!..
Дакъаза ма вала, жерочун жима кIант,
Га доцу ва сара хадо атта бу хьуна,
ТIам бойна ва леча куьйрано хьийзадо,
Сан кIеззиг гIуллакх ду йуьртарчу кIенташца,
Хьо йуьстах валахьа, жерочун жима кIант.
– Iалайкум ва салам, хIай Юьспан ва Тойсам,
Хьо марша вогIийла, хьо Далла воьзийла!
Га доцу ва сара хадо атта хир ма бу,

[1] Чола – сира.
[2] Расха-говран ал бос.

ТIам бойна ва леча куьйрано хьийзор ду,
ПаргIато йу хьуна, со новкъа ца гIерташ,
Хьайн долу ва гIуллакх ахь дийца мегар ду, –
Олуш, цIехьа ма вахар жерочун жима кIант.

II

Хьешашна диначу цу дуъхьал оти чохь,
Кхо ког болчу жIай-гIента ша лоха лахвелла,
Пондаран кхаа пхенах маргIал пIелг ва туьйсуш,
Ойлане велир, бах, жерочун жима кIант.
Пондаран гIийла аз ойлане дийкира,
ЛадоьгIуш хиллера цу кIентан ва нана.
ЛадоьгIна чуйеар цу кIентан ва нана.
ТIаккха лен ма йелир кIант вина и нана:
– Дакъаза ма вала, сан жима хьо кIанат!
Мел гIийла йиш йу-кха пондарца ахь лоькхург!
Сел гIийла гIелвелла, ахь стенан ойла йо?
Дийцахьа хьо виначу, доглозчу хьайн нене!
– Ма йала дакъаза, со вина сан нана!
Дийцаза цадериг ас дуьйцур ду хьуна.
Со ваьлла вахара хийисте пхьоьхана,
Салам луш, тIевеара и Юьспан ва Тойсам,
Сан цIарах цо соьга элира иштта:
«Дакъаза ма вала, жерочун жима кIант,
Га доцу ва сара хадо атта бу хьуна,
ТIам бойна ва леча куьйрано хьийзадо,
Сан кIеззиг гIуллакх ду йуьртарчу кIенташца,
Хьо йуьстах валахьа, жерочун жима кIант».
Салам схьаийцир ас, гIиллакх ца талхадеш,
Собаре, сатухуш цIехьа со ма веа.
ЦIарна цIе йахана ву цхьа гуьржийн ва кIанат,
И бIаьрга ва ганза, доттагIа лацаза,
Кху цIехьа ца верза, йар дуьне ца даа
Делах дуй биъна ас, сайн дагца ва чIагIбеш,

Дуучух, молучух сайн кийра ца бузо
Ас чIагIо ма йина, Дела теш ва лоьцуш.
Со хоттуш стаг хилахь, алалахь ахь цуьнга
Сарахь цIа вогIур ву, Iуьйранна со хаттахь;
Iуьйранна вогIур ву, сарахь ва хаттахь, –
Олуш, сиха кечвелира жерочун жима кIант.
Дуьне дуьтуш дIабузу дашо малх ва санна,
Йурт йуьтуш, йуьртаха ма къаьстир жерочун жима кIант.

III

– Буьйсанна наб йоцуш, дийнахь тем ва боцуш,
Кху денна кхаьбна ас, хьо жима расха дин,
ХIинца йели ва хьуна со идо ва меттиг,
Ахь хIинца къийсалахь лечанца ва идар,
Ахь хIинца къийсалахь лоьмаца ва лелхар, –
Олуш, йуткъачу шедаца кхоамза човхийна,
Урх тесна ма битир шен жима расха дин.
Iуьйренца хьалха малх кхетачу,
Суьйренца тIаьхьа малх дIабузчу цу гуьржийн ара,
Дей-буьйсий дадийна, бузчу малхаца
Вахана ма кхечир жерочун жима кIант
Цу гуьржийн ва махка, гуьржийн кIант вехачу.
Буьйсанна адамаш дIатоь хан кхаьчча,
Шен жима расха дин урх тесна хоьхкуш,
Мохь-цIогIа ва детташ, орца ша доьхуш,
Йохалла ша хедош гуьржийн кIант веха йурт,
ЛадегIа велира жерочун жима кIант:
«Вуьйцу ма-хаззара дика кIант и велахь,
ЦIарна цIе ва йахана гуьржийн кIант и велахь,
И орцах вер ву-кха массарал хьалха», –
Бохуш, ойла йира, тов, жерочун ва кIанта.
ЛадегIа велир, бах, и гуьржийн дика кIант:
– Дакъаза ма йала, сан хьомсар хьо йезар!
Мохь-цIогIа хеза суна, орца ша доьхуш,

Арайалий ладогIахьа доьхучу орцане,
ГIо оьшуш гIулкх делахь, со ваха ма веза, –
Олуш, лен ва ваьлча и гуьржийн дика кIант,
НеIарехь ладоьгIна, нускал чудеара.
Йалийна бутт каьчна керла и хиллера.
Меллаша йистхилла элира цо цуьнга:
– Дакъаза ма вала, хIай гуьржийн ва кIанат,
Схьахаа зен долуш хIума дац цу арахь,
Хьо паргIат Iиллахьа аттачу цу меттехь, –
Олуш, лен ва йаьлча шен мерза ва йезар,
Син метта топ кхетта цIен экха ва санна,
ТIехьа ши куьг ва тоьхна, ша хьалаиккхина,
Чергазийн зударша, цу гуьржийн зударша
Къуьйсуш дина барзакъ шен дегIа дерзийна,
Цхьалхачу туьраца, йайдакхчу ва говрахь
Ша орцах ма кхиир и гуьржийн дика кIант:
– Ассалам Iалайкум! Iаьржачу буьйсанца
Хьалха лаьллина рема йоцуш,
ТIаьхьадаьлла орца доцуш,
Хууш хилла хIума доцуш,
Орца доьхург мила ву-те?
– Iалайкум ва салам, хIай гуьржийн дика кIант!
Хьалха лаьллина рема йоцуш,
ТIаьхьадаьлла орца доцуш,
Схьагуш хилла хIума доцуш,
Орца доьхуш со ву хьуна.
Хьалха дерза, гуьржийн къутIа!
Ас вуьгур хьо нохчийн махка,
Ас вухкур хьо цу базарахь,
Мах ца къуьйсуш, нIаьнин мехах! –
Олуш, лен ва ваьлча жерочун жима кIант,
Даьккхинчу туьраца, расхачу ва динахь
Ша хьалхавирзир, тов, и гуьржийн жима кIант.
Даьккхинчу туьраца, расхачу ва динахь

Ша тӀаьхьахӀоьттир, бах, жерочун жима кӀант.
Генна дӀабахар уьш бистхилар ва доцуш.
Лен вели бахара и гуьржийн жима кӀант:
– Ӏаламат йараббий, ва нохчийн цхьалха кӀант,
Вижначуьра гӀаьттина со орцах валарна,
Набарха валарна со дика гуш вац са,
Йиийцахьа, цхьанделхьа, вай кхаьчна ва меттиг.
– Лен ма ле, цхьанделхьа, хӀай гуьржийн ва къутӀа,
Ас вухкур вай хьо-ма цу нохчийн базарахь! –
Олуш, лен ва ваьлча жерочун жима кӀант,
Вист ца хуьлуш ма сецир и гуьржийн жима кӀант.
Некъ бира цушимма вистхилар ва доцуш,
ШолгӀа а хаьттира гуьржичун цу кӀанта,
Изза жоп делира жерочун ва кӀанта.
КхозлагӀа хаьттира цу гуьржийн ва кӀанта:
– Дакъаза ма вала, ва нохчийн жима кӀант,
Дийцахьа, цхьанделхьа, вайша мичхьа кхаьчна-те?
– Ма вала дакъаза, хӀай гуьржийн жима кӀант,
Вай хӀинца ма кхечи, шун даймохк кхачалуш,
Нохчийн а, гуьржийн а дозанаш къаьстачу.
ТӀаккха лен ма велир и гуьржийн дика кӀант:
– Ма вала дакъаза, хӀай нохчийн жима кӀант,
Хьешаца ас лоьцу дуьненан ва гӀиллакх
Дохоза ца Ӏийн хьо тховсарчу кху буса.
Бехк-гуьнахь ва доцуш Гуьржехар ва дуьйна
Ахь соьга байтина инзаре беха некъ,
Цу Делан тоьшаллах, ас йуха бойтур хьоь!
Хьо хьалха дерзалахь, ва нохчийн ва къутӀа, –
Олуш, лен ва ваьлча и гуьржийн дика кӀант,
ТӀаккха лен ма велир жерочун жима кӀант:
– Собаре хилалахь, хӀай гуьржийн жима кӀант,
Кхеравелла олийла даций хьан, гуьржичун ва кӀант,
Ас дуьйцур ду хьуна айса деана ва гӀуллакх,
Ахь сема ладогӀа ас дечу къамеле.

Сан дагах дог дустуш доттагӀа вацар сан,
Нанас дена ва вина ваша волуш вацар со.
Суьйранна дашо малх чубуза лахбелча,
Хийисте вахана, со пхьоьханахь лаьттара.
Салам луш тӀевеъна, кӀенташца дӀахӀоьттир
ЦӀарна цӀе ва йахана и Юьспан ва Тойсам.
Цхьа хилар тӀехтоьхна, со аьшнаш вира цо,
Со новкъа хетарца къамеле велир и,
Со воцчохь дан дезаш къамел ду, элир цо.
ЦӀарна цӀе йахарца хьо вуьйцу хезнера.
Хьо хьахош хезначохь дика кӀант вуьйцур хьо,
Хьо хьахош мел волчо тешаме вуьйцур хьо,
ДоттагӀа хьо лаца хьо волчу веъна со.
Сайн бӀаьрга хьо ганза, сайн кийра ца бузо,
Хьо доттагӀ лацаза цу цӀехьа ца верза,
Делаца чӀагӀо йеш, хьо волчу веъна со.
Ас хьоьга ма дийци сайн дагахь ва дериг, –
Олуш, лен ва ваьлча жерочун дика кӀант:
– Хьо иштта ва веънехь, со волчу гӀор вайша, –
Олуш, шеца вигир цо жерочун жима кӀант.

## IV

Цу ханнийн божалахь дой паргӀат ва даьхна,
Цу хьешийн оти чохь шаьш паргӀат ва бевлла,
Даа сиха хӀоттийра бордаха ва дилха,
Мала сиха хӀоттийра и сирла ва къаьркъа,
Сакъера ма хиир и дика ши кӀанат.
Шена ша дуттуриг сов кӀезиг ва дуттуш,
Жерочун кӀантана ша алсам малийна,
Вахийна дӀавижийр жерочун жима кӀант
ЦӀарна цӀе йахначу гуьржичун ва кӀанта.
Когех болатан буржал ва тоьхна,
Куьйгех чилхьесан гӀоьмаш йоьхкина,
Жерочун жима кӀант ша цхьалха витина,

Ша араиккхир, тов, и гуьржийн жима кӀант.
Ша ваьлла вахар и инарлин ва уьйтӀа.
Кхойкхуш ара ма ваьккхир и къена инарла.
Къамел дан ма велир и гуьржийн жима кӀант:
– Ассалам Ӏалайкум, хӀай къена инарла!
Хазаза ва хабар ас дуьйцур ду хьуна,
Ахь сема ладогӀа, хӀай къена инарла, –
Олуш, дийца ма хӀоьттир и гуьржийн жима кӀант:
– ГӀалин йисте ва бовла эпсараш ца буьтуш,
Майдана ва бийла элийн стунаш ца буьтуш,
Адаман цӀий муьйлу хин цӀубдар ва санна,
Хьолахойн цӀий муьйлу жерочун жима кӀант
Буржала вилли ас вехачу хӀусамехь,
Хин чӀерал башха ша кара ца вогӀу
Жерочун жима кӀант йийсарехь ву вайна.
Схьавало ло суна тоьллачех ворхӀ эпсар,
Кхоана ло суна эпсарийн ва хорма, –
Олуш, лен ва ваьлча и гуьржийн жима кӀант,
И вало тоьллачех ворхӀ эпсар ва тоьхна,
Эпсарийн ва хорма цунна тӀе йуьйхина,
Ша цӀехьа хьажийр, бах, къеначу инарлас
И гуьржийн жима кӀант.
Корашкий, неӀарей эпсараш хӀиттийна,
Вахана чувелир, бах, и гуьржийн жима кӀант.
Йайн муьшка ва йина, жерочун жима кӀант
Набарха ваьккхина, тӀаккха лен велир, бах,
И гуьржийн жима кӀант жерочун ва кӀанте:
– Ӏаламат йараббий, жерочун жима кӀант,
Хьо вижий ма Ӏилла аттачу цу меттахь.
Схьахьажал, цхьанделхьа, муха кӀант го хьуна?
Схьахьажал, цхьанделхьа, эпсарийн хормане.
Муха тов ва соьгахь эпсарийн ва хорма?
Схьахьажал, цхьанделхьа, эпсарийн ва куйне.
Муха тов ва соьгахь эпсарийн цӀена куй?

ДІахьажал, цхьанделхьа, корашкий, неІарей.
Тоьллачех ва тоьлла ворхІ эпсар гой хьуна?
Хьо лаца баьхкина эпсараш беца уьш.
Хьо каравалорна совгІатна йелла-кха
Эпсарийн ва хорма къеначу инарлас.
ХІун хета ва хьуна, жерочун жима кІант?
– Дика хета ва суна, хьуна лууш и делахь,
Хазахета ва хьоьгахь эпсарийн и хорма.
Со бахьнехь ва хиллехь, со реза ву хьуна,
Ирс долуш хуьлда и, гІоза лелайойла ахь!
ШолгІа а хьаьттира цу гуьржийн ва кІанта,
Изза жоп делир, бах, жерочун цу кІанта.
ТІаккха лен велир, тов, и гуьржийн дика кІант:
– Схьахьажал, цхьанделхьа, шен Іаьржачу бІаьргашка.
Со хетий ва хьуна, хІай нохчийн жима кІант,
ДоттагІа воьхкина, тешнабехк бен бериг?
Схьахьажал, цхьанделхьа, шен шуьйрачу белшашка,
ТІевеъна хьаша воьхкина, тешнабехк ва бина,
Эпсарийн куй туьллу кІант хетий хьуна со?–
Олуш, араиккхина, ворхІ эпсар эккхийна,
Йуха чу ва веъна, къамел дан велир и:
– ВорхІ эпсар эккхорах хьо шек ма ваьллахь,
ЦІагар салт сан керта хьийзаш гур бац хьуна...
Сан кІеззиг гІуллакх ду вехачу йуьрта чохь,
Хьо паргІат хилалахь, жерочун жима кІант, –
Олуш, болатан буржал когех дІадаькkхина,
Чилхьесан гІоьмаш куьйгех дІа ва йаьхна,
Ша араиккхир, тов, и гуьржийн жима кІант.

V

Ша ваьлла вахар, бах, и гуьржийн жима кІант
Хьолана цІе йахана цхьа эла ва волчу.
Цу элан хиллера хазалла гІарйаьлла,
ГІиллакхе, сов оьзда, малх санна хаза йоІ.

Кхойкхуш араваьккхина и мехкан ва эла,
Къамел дан ма велир и гуьржийн жима кІант:
– Ассалам Іалайкум, хІай гуьржийн ва эла!
Де дика долда хьан кхоьллинчу вайн Дала!
– Іалайкум ва салам, хІай гуьржийн дика кІант!
ВогІийла хьо марша, воьзийла хьо Далла!
Хьо лаа вуй-техьа, хьо тара вуй-техьа?
– Со лаа ма лела, со тара ма лела...
Со хьоьга деха-доца сов дийца веъна вац.
Нохчийн дикачу кІантана хьоь йоІ йеха веъна со.
Ахь йигийтахь, йоІ эцна гІур ву со,
Йигийта ца лаахь, йитина гІур ву со.
Оьздачу кІантана оьзда йоІ совгІат ду,
Дакъаза ма вала, хІай мехкан хьо эла...
Шега йоІ йехнариг дика кІант хиларна,
Дикачу кІантаца гІиллакх ша ца дохош,
ЙоІ йелла, верзийра цу мехкан ва эло
И гуьржийн жима кІант, сов хабар ца дуьйцуш.

VI

Сов хаза совгІаташ несана кечдина,
Хазачу нускалца сеттачу поштана
Хаийр цо шен доттагІ – жерочун жима кІант,
Йуххе дІа ва тесна цуьнан дин ва болуш,
Кхо дин боьжна пошта совгІатех ва йуьзна,
Расхачу ва динахь ша улле ва ваьлла,
Ша новкъа ма велир и гуьржийн жима кІант.
Мар-зудий вовшашца сов бертахь хилира,
Вовшашца гІиллакхе, мерза уьш хилира,
Мархашкахь ва лечкъа дашо малх ва санна,
Сеттачу поштанахь ша лечкъаш дара, тов,
И къона ва нускал – цу мехкан элан йоІ.
Жерочун кІантана хьаьж тІе куьг ва хьоькхуш,
И хьоьстуш марзонца, и воккха ша вевеш,

Баттал йекхайелла, малхал йела ва йелла,
Калакойн[1] Іаж санна, богу бос лепабеш,
Йоккхайеш хьоьжур и жерочун ва кІанте.
Цу некъан бохалла шаьш гена мел девли,
Нускалан ва кара шен корта ва оьхуш,
Ойлане велир, бах, жерочун жима кІант.
ТІаккха лен ва велир и гуьржийн дика кІант:
– Дакъаза ма вала, сан деган доттагІа!
Ахь стенан ойла йо дуьненан ва кийрахь?
Схьайийца ахь соьга коьртера ва гІайгІа,
Мажаран тоьпаца ас каде лоьІур йу,
Балхабел ахь соьга кийрара ва бала,
Дуткъачу туьраца ас каде ойъур бу.
Хьо волчу вай доьлхуш, хьо гІийла товш ма вац.
Ма вала дакъаза, жерочун жима кІант,
Хьан дагах дог дустуш доттагІа ву хьан со,
Схьадийцал, цхьанделхьа, хьайн дагахь ва дериг.
– Ма вала дакъаза, хІай гуьржийн жима кІант!
Ма билла суна бехк, бахьана а ва доцуш,
Ахь динарг гІуллакх ду, гуьржичун жима кІант:
Йахь йолчу кІантана оьзда йоІ совгІат ду.
Малх санна ва йоьлуш, баттал йекха ва йелла,
Оьздалло Іабийна хаза совгІат ду хІара;
Ас ойла йеш дериг цхьа кхин ду ва хьуна.
Сан коьрте хьийзачу ойлано ма боху:
Вехачу сан йуьртахь ши тайпа сурт хІуьтту,
Вехачу хІусамехь белхар ду ва бохуш,
Юьспан Тойсаман ва кертахь ловзар ду, бохуш,
Сан даго ма хьоьху, бехк суна ма билла, –
Олуш, лен ва ваьлча жерочун жима кІант,
ТІаккха лен ма велир и гуьржийн жима кІант:
– Сагатдан ца оьшу, жерочун жима кІант,
Со вахана хьожур ву вехачу хьан йуьрта,

[1] Калак – Тбилиси.

Хьо паргlат вогlур-кха, сан деган доттагlа, –
Шен жимчу динара ша лаха воьссина,
Жерочун цу кlентан дина ша ва хиъна,
Урх тесна битира и жима расха дин.
Ша сиха ма кхечир и гуьржийн жима кlант
Шен деган доттагlа вехачу ва йуьрта.
Хьаьвзина вахар и доттагlчун ва керта.
– Дакъаза ма йала, доттагlчун ва нана,
Йара хlун ду ва-техьа дакъа доцуш ва белхар?
– Хьо марша вогlийла, генара ва хьаша,
Хила хlума ца дисна кху маьлхан дуьненахь.
Гуьржичун дика кlант доттагlа лацаза,
Дуучух, молучух шен кийра ца бузо,
И бlаьрга ца гича, кху цlехьа ца верза
Делах дуй ва бууш, ша чlагlо ва йина,
Ша ваьлла ма вахар сан жима ва кlанат
Гуьржичун жима кlант доттагlа ва лаца.
Цу гуьржийн ва кlанта, тешнабехк ва бина,
Вийна аьлла хезна суна сайн жима и кlанат.
– Хьан кlанта доттагlа лаьцнариг со веца хьуна,
И хьуна хезнариг бакъ ма дац, баба.
Элан йоl несалгlа ша йалош вогlуш ву
Сеттачу поштанахь хьан жима и кlанат.
Хьо цунна ва йелхахь, хьо йелха ца оьшу.
Дийцахьа, Юьспан Тойсам мичхьа ву вехаш?
– Ловзаран и гlовгlа хезаш йуй ва хьуна?
И ловзар ду хьуна Тойсаман ва кертахь,
Бертаза йадийна, сан йоl йу цо йигнарг, –
Олуш, лен ва йаьлча доттагlчун ва нана,
Кхин охьа ца вуссуш, ша вухавирзина,
Ша ваьлла вахар, бах, Тойсаман ва керта,
Доккхачу ловзарга и гуьржийн жима кlант.
– Хьаша ву веана! – аьлла, тlебаьхкина, –
Лекхачу динара хьо лаха воссахьа,

ХӀай гуьржийн жима кӀант, тхан дехар ду хьоьга, –
Охьахао хьовзийр и кегийчу цу наха.
– Тхан долу ва гӀиллакх шун долуш ва дацахь,
Со охьахуур вац, тӀаккха со Ӏийр ма вац.
– Схьадийца, хӀун ду и, хӀай гуьржийн жима кӀант.
– Несаца къамел деш тхан Ӏедал ма дара,
И гӀиллакх шун делахь, охьахуур ву со-ма, –
Олуш, лен ва ваьлча гуьржичун жима кӀант:
– И гӀиллакх ду тхан-ма, хьо охьахаалахь, –
Ловзарга сихонца и охьахаийна,
Бал баккха болийра кегийчу цу наха.
Бал боккхуш цхьа зама йаьллачу ва хенахь
Цара йукъаваьккхира гуьржичун жима кӀант.
Лаьттахь бохь ва боьгӀча, стоьл тӀехь бохь бугӀуш,
Инарлин стоьл тӀера малар кад ца хьабеш,
Ша хелхахьаьвзира и гуьржийн дика кӀант,
Пондарчо, хьаьжжинчохь, шен пондар сацийра,
Вотанчо, хьаьжжинчохь, шен вота сацийра,
Цецбевлла бисира ловзаргахь массо а.

***

Адам цец ва доккхуш, ша халха ва ваьлла,
Нус йолчу вахар, тов, и гуьржийн дика кӀант.
Ша йоьлхуш карийр, бах, доттагӀчун и йиша.
ТӀаккха лен ма велир и гуьржийн жима кӀант:
– Дакъаза ма йала, доттагӀчун хьо йиша,
Йара хӀун ду ва-техьа дакъа доцуш ва белхар?
Дийцахьа ахь суна, хьо хӀунда йоьлху.
– Нанас дена вина шен ваша воцуш,
Дагара ва дийца доттагӀа воцуш,
Цул сов амал ва доцуш, цхьа ваша вара сан.
Гуьржичун дика кӀант доттагӀа лацаза,
Кху цӀехьа ца верза Делах дуй ва биъна,
Гуьржичун жима кӀант шен бӀаьрга ца гича,

Дуучух-молучух шен кийра ца бузо
Цу Делан тоьшаллах ша чIагIо ва йина,
Сан ваша вахнера цу Нана-Гуьржичу.
Цу гуьржийн ва кIанта тешнабехк ва бина,
Ва вийна, ма боху, сан жима ва ваша,
Со цунна ма йоьлху, суна бехк ма билла, –
Олуш, лен ма йелир жерочун хаза йоI.
– И бахьанехь хьо йелхахь, хьо йелха ца оьшу:
И гуьржийн ва кIанат со веца ва хьуна.
Хьан хьоме вешина элан йоI йалийна,
Хазачу нускалца и вогIуш ву хьуна,
Хьан вешин тешаме доттагIа со ма ву.
Дийций йала хьо соьга билггал бакъ ва дериг:
Цу Юьспан Тойсаме хьайн бертахь йеъний хьо?
Бертаза йадийна, ницкъ бина хьуна?
– Ваша цIера ваьлча, бертаза йадийна,
Нуьцкъала йалийна гIийла бо ду со-ма, –
Олуш, лен ва йаьлча доттагIчун ва йиша,
И тIаьхьахIоттийна, ша аравелир, тов,
Хазачу цу дийнахь гуьржичун дика кIант.

***

Кхайкхина валийра и Юьспан ва Тойсам.
Бехкбаккха хIоьттир, бах, и гуьржийн жима кIант:
– Дакъаза ма вала, хIай Юьспан ва Тойсам,
ЦIарна цIе ва йахана, дика кIант вара хьо,
Жерочун жима кIант ша цIера ваьлча,
Цуьнан йиша бертаза йадийна йало
Эхь хIунда ца хетта цIе йолчу хьуна?
ГIийла бо ма ду и, ахь нуьцкъаш далийнарг!
Ницкъ хиларх хуьлуш вац йахь йолу дика кIант,
Тешамо, гIиллакхо, собаро веш ву-кха,
Оьздалло, хьекъало, стогалло веш ву-кха
ГIиллакхах вуьззина йахь йолу дика кIант.

Доккха эхь ду хьуна, вон гӀалат ду хьуна,
Бертаза, нуьцкъала гӀийла бо далийна,
Вехачу кху йуьртахь хьоьгара дьлларинг.
ДоттагӀчун йишина ахь бина тешнабехк,
Бекха стаг ву хьуна тӀекхаьчнариг,
Іодика йе хьайна вежарийн тахана! –
Олуш, каде даьккхир, бах, терсмаймал дуткъа тур,
Сел чехка божийр, бах, Тойсаман ва корта.
ДоттагӀчун ва йиша ша тӀаьхьахӀоттийна,
ДӀаваха вуьйлир, бах, и гуьржийн жима кӀант.
– Тхан ваша вейтина, тхешан нус ва эцна,
Дохуьйтур дац оха, хӀай гуьржийн къутӀа! –
Олуш, тӀаьхьабевлир, бах, Тойсаман вежарий.
– Дакъаза ма довла, Тойсаман вежарий,
Цхьа дакъа тоьур ду тахана дӀадолла,
Хьаштдоцург ма дийца, байшна ницкъ бан йиш йац! –
Аьлла, вистхилча и гуьржийн жима кӀант,
Къарбала ца тигна Тойсаман вежарий.
Тур детта велир, бах, и гуьржийн жима кӀант,
Ца ваьлла эгийр цо Тойсаман вежарий.
Ловзарга гулбелларш тезета ховшийна,
ДоттагӀчун йишица ша цӀехьа вахар, бах,
Дагна дар ва велла, и гуьржийн жима кӀант.

VII

ДоттагӀчун хӀусамехь синкъерам хӀоттийна,
Ша дуьхьалвахар и жерочун кӀантана.
– Дакъаза ма вала, сан деган доттагӀа,
Ахьа ойла ма-йарра, шина кепара хеттариг
Ма-моьтту ца хилла, сингаттам ца хилла:
Элан йоӀ а йалош, хьо вогӀу ва аьлла,
Синкъерам ма хилла вехачу хьан хӀусмехь,
ЦӀарна цӀе йахначу Тойсаман вежарий,
Вовшеха ва летта, шаьш белла хиллера, –

Аьлла, дIадийцир, бах, цу гуьржийн ва кIанта.
Шаьш цIехьа бахана, той-ловзар ва дина,
Кхаа дийнахь, кхаа бусий сакъоьруш ва Іийна,
Мерзачу безамца хаза баха хевшир, бах,
И нийса накъостий барт болчу доьзалехь.
Шаьш лера ма-везза шайн хьаша лийрина,
Хаза новкъаваьккхир, бах, и гуьржийн жима кIант.

***

Ма лолда вай, кIентий, вовшех тешам ва байна,
Ма лолда вай, кIентий, вовшех безам ва байна!

## ДЕВЛАТГИРИН-ЭВЛА ЙОККХУШ ДАЬККХИНА ИЛЛИ

«Вай йезаш ва йина,
Вайн гIийла хIусамаш,
Корах алу ва туьйсуш,
Йогучу цу дийнахь,
Йурт шуьйра дехкина
Вайн шуьйра урамаш,
ХIотта меттиг ва йоцуш,
Сийсочу цу дийнахь,
Вай керла балийна
Вайн хьомсар несарий,
Марзойн цIераш ва йохуш,
Кхойкхучу цу дийнахь,
Вай дина дай-наной,
Совца меттиг ва йоцуш,
Орцане ва кхойкхуш
Хьийзачу цу дийнахь
Сема ладогIалаш,
Дехачу цу йуьрта.
Наношка ва доьхуш,

Бераш хезар ду шуна!
Вайна безна мехкарий,
Шайн-шайний ва бохуш,
Вайна цIераш ва йетташ,
Вайга хьуьйсуш бу шуна!
Эгор бу вай, кIенатой,
Эхь дайна мостагIий,
Бохор бу вай, кIенатой,
Сий доцу мостагIий.
Болатах ва дина
Терсмаймал ва тарраш
Вай царна деттар ду!
Нохчийн пхьераша ва йина
Хьенапан шаьлтанаш[1],
Вовшашка ва кхийдош,
Вай царна йеттар йу!
Хьалахьовсал, кIенатой,
Чергазийн раьгIнашка,
Вайна догIуш ду шуна
Чоьхьара ва орца!
ДIахьовсал, кIенатой,
Теркаца хьала-охьа,
Вайна догIуш ду шуна
Теркаца ва орца!
Чоьхьара ва орца
Хьалхашха тIекхаьчча,
Теркаца ва орца
ТIехьашха тIекхаьчча,
Човхабер вай, кIенатой,
Эхь дайна мостагIий,
ХIалакбер вай, кIенатой,
Сий доцу мостагIий!

---

[1] Хьенапан шаьлтанаш – шаьлтанаш йеш хиллачу говзанчин Хьенапан цIарах тиллина цIе йу.

Вухавала луучунна,
Вала пурба ду шуна,
Мохк ларбан луучунна,
Лата меттиг йу шуна!
Кертах дой вай туьйсуш,
Цу луьрчу ва тIамехь
Каде леташ ма бара
Дог майра и кIенатой!» –
Бохуш, мохь ва бетташ,
Эскар летош ма вара,
Доьхначу цу дийнахь,
Дог майра ва Эду!
МостагIчун ницкъ тоьлла,
Ницкъана ва эшна,
Йохийна ма йаьккхир
Девлатгирин ва шахьар.

## ИСМАЙЛИН ДУДИН ИЛЛИ

Исс эзар цIе йогучу цу Хьалха-МартантIе
Сирла бIаьрг ма туьйхира Исмайлин ва Дудас.
Дуучу даарна, тIейухучу бедаршна
ГIелбелла гира цунна марой боцу ва жерой.
ГIелбелла гира цунна дай боцу гIийла бай.
Дай боцчу доьзалех, марой боцчу цу жеройх
Кийрара дог лозуш, ойлане ма велира
ГIийлачех дог лозу Исмайлин ва Дуда.
«Къуръанах ас биънарг беза дуй беца сан,
Марой болчу цу зударех и жерой ца хьегош,
Дай болчу доьзалех гIийла бай ца хьегош,
Даарна-маларна, тIейухучу бедаршна,
Марой болчу зударел и жерой толабан,
Дай болчу доьзалел гIийла бай толадан,

И сайга ца далахь, гІийлачех дог доьлхуш,
Кху Хьалха-МартантІехь хІара дуьне ца даа», –
Бохуш, ойла ма сецира Исмайлин ва Дудин.
Ша араозийр цо цу ханнийн божлара
Кийрара дог хуу са цІена шен гила[1].
Шен уьйтІахь йоллучу дой тийса йоьгІначу
Кху кхолгон гоьзанах[2] шен гила дІатесна,
Дуьгу нускал ва санна, шен гила кечбина,
Тешаме и герзаш шен йукъах дихкина,
Вист ца хуьлуш ма сецира Исмайлин ва Дуда.
ТІаккха лен ма велира и беркъа динан бере:
– Дакъаза ма вала-кха, кІентийн хьо баьчча,
Кхоьллинчу вайн Делах беза дуй боу ас,
Шуьгара гІо лоьхуш ас шуьга и элирехь.
Шуьга вист ца хуьлуш, со шуна тІехваьлча,
Вайн нохчийн гІиллакххехь там боцуш хиларна
Ас шуьга элира и, бехк буьллу даций шун.
Теркан хи жимделча, шу паргІат догІур-кха,
Со хьажа ма воллу ледарчу сайн дино
Бос сийна доккха Терк ва муха этІадо, –
Олуш, вистхилла, Терка тІе човхийра,
ТІехьаьжча сов ледара, меженаш турпал йолу,
Кийрара дог хуу са цІена шен гила.
Цу турпал бергашца Теркан бух кегабеш,
Шен турпал некхаца сийна Терк этІадеш,
Терк сехьа ва дуьтуш, ша дехьа ма белира
Кийрара дог хуу са цІена цуьнан гила.
Цу Теркал ва дехьа, цу Теркан йистошца,
Куьйса эрз буьйлучу сийначу уьшал чохь
Хьаладаьлла ма хиллера цхьа шалго дуткъа талл.
Цу толлан ва дегІах сийна дегІ хьарчийна,
Толлана буьххьерчу цу шалго шина гаьнна

[1] Гила – тІехуу говр, дин.
[2] Гоьза – говр дІатосу гарс.

Йуккъе корта биллина, ижуна бIаьрг бетташ,
Само йеш ма хиллера бос сийна цхьа саьрмак.
Бос сийна и саьрмак шен бIаьрга цагарна,
Цу толла кIелдIахула чекхволуш ма хиллера
Бедаршна ва беркъа и динан ва бере.
Кхоссалуш текхетта кхолха го ва боккхуш,
Болатан цу гуро гила борз ва санна,
Шен дегIан ницкъаца хьарчийна ма сацийра
Сийначу саьрмако и динан ва бере.
И бере ваьллачу цу сенчу ва Терках
Дехьадовла ца хIуьттуш севцца шаьш хилар
Шен дагна Iаьткъина, ойла йеш ма хиллера
Йахь йолу дика кIант – Исмайлин ва Дуда.
– Дакъаза ма довла, сан нийса накъостий,
Эхь дацара ва вайна и бере ваьллачу
Кху сенчу ва Терках дехьадовла ца даьхьаш,
Кху Теркан йистонца дIасахьийзаш вай латтар?
Теркан гечо ца лохуш, и бере ваьллачу
Кху сенчу ва Терках довлалур дацар-техьа? –
Олуш, вист ма хилира Исмайлин ва Дуда.
Цо иза аларна, цигахь латта эхь хетта,
Гечо леха ма велира и Дудин ва хьаша.
И бере ваьллачул цхьажимма лахахула,
Теркан гечо карийна:
– Кхузахула хьовсур вай, –
Олуш, вист ма хилира и Дудин ва хьаша.
– Гечо зийна со ваьлча чудевр шу, кIентий,
Кху сенчу Теркана, – олуш чу ма тесира
Са цIена шен гила цу сенчу Теркана
Йахь йолчу кIанта Исмайлин ва Дудас.
Дудина ва тIаьхьа Терка чу ма тийсира
Шайн турпал йора дой цу кIентийн гIерано[1].
Сийна Терк хадийна, шаьш дехьа ма бевлира,

[1] ГIера – тоба.

Терк сехьа ва дуьтуш, дой дика хиларна.
Сирла бIаьрг ма кхийтира цу кIентийн гIеранах
Саьрмако лаьцначу беркъачу беречун.
Шийла мохь ма туьйхира цу кIентийн гIеране
Саьрмако лаьцначу беркъачу беречо:
– Дакъаза ма довла, йахь йолу шу кIентий!
Болатан цу гуро гила борз ва санна,
Лаьцна со сацийна куьйсачу эрзалахь,
Кхолха го баькхина сийначу саьрмако.
ДегIаха мерза са дIакъаьсташ лаьтта сан,
Кхуьнан ницкъан чIогIалла, кхо бечу ницкъана,
Вац-техьа шулахь суна орцах ва вала
Йахь йолуш дика кIант, кхуьнан балех со ваккха?
ХIара дуьне дезарна, валар сайна ца дезаш,
Ас орца дехарна бехк буьллу даций шун, –
Олуш, вист ма хилира и беркъа ва бере.
– Тхо девлла дац хьуна сийначу кху Терках,
Саьрмаках ва лета, хIай беркъа хьо бере,
Тхо Терках ма девлла кIайчу хIонсе сатуьйсуш,
Тхо доьлхуш ду хьуна цу кIайчу ва хIонсе,
Хьайн сина амал айхьа бан беза ахь, –
Олуш, вист ма хилира и Дудин ва хьаша.
– Суна ма хаар-кха мухха а волу кIант
Саьрмакан чIагIона тIеван ваьхьар воцийла.
Кху махкахь цIейахана дика кIант ма вара
Цу Хьалха-МартантIера Исмайлин ва Дуда,
Ас орца ма дийхира шу кIентийн гIеране,
Исмайлин Дуда шуьца хиларе сатуьйсуш.
И шуьца цахилар со хууш ва хиллехь
Орца доьхур дацара ас, бехк буьллу даций шун
Ас орца дехарна, сайн синна бIарзвелла.
ХIонсан аьтто хуьлда шун, шу паргIат хила,
Верзаза вер вац со, хIара дуьне дукхадезарх,
Массарна а хинйолчу шийлачу Iожалле.

Саьрмакан ва даар сайн дегIах хиларна
КIеззиг со вохарна, цакхардар доьху ас, –
Олуш, и вистхилча, кийрахь дог тохалуш,
БIаьргех суйнаш ма тесира Исмайлин ва Дудин.
– Шу, кIентий, гIо шайна цу кIайчу ва хIонсе,
Со вогIур вац шуьца, кхин дIаван бакъо йац.
Вайн Делах ас биънарг беза дуй беца сан,
Сайн дегIах мерза са къаьстинчул тIаьхьа бен,
Беркъачу беречун дегIаха мерза са
Ас къаста ца дайта цу сенчу моьлкъане, –
Олуш, вист ша хилла, шен гила тIехаьхкира
Цу эрзан бурсуна[1] Исмайлин ва Дудас.
Бурсуна тIекхаьчча сирла бIаьрг ма кхийтира
Бурсуна ва йуккъехь, саьрмак шех хьаьрчина,
Ша лаьтташ ва волчу беркъачу беречух.
– Олуш хезна ма вара со баккхийчу цу наха:
ТIера да воьхча бен, бухахь гила ца буху.
Со воьхна ва велахь, со велла буьсийла хьо,
Цу баьццарчу моьлкъанах хьо кхера ва беллехь,
Хьо белла вуьсийла со, – олуш вист ша хуьлуш,
Оьзиган шедаца ша чехка човхийна,
Шен гила тIегIортийра цу эрзан бурсуна
Барзал майра дог долчу Исмайлин ва Дудас.
Шен букъа тIехь беречун дог меттахь хиларна,
Саьрмакна тIе бахара са цIена и гила.
– Воха ма вохалахь, хIай беркъа хьо бере,
Хьуна орцах кхиънарг Исмайлин Дуда ву хьуна.
Со вийначул тIаьхьий бен, хьо воьйтур вац хьуна
Хьоьх хьаьрчина боллучу баьццарчу моьлкъане, –
Олуш, вист ша хилла, озийна даьккхира цо
Цу совран баттара болатан дуткъа тур.
Куьг ойбуш, тур туьйхира сийначу саьрмакна,
Ца леташ духаделира сийначу саьрмаках,

[1] Бурсуна – кхузахь: куллана.

ШолгIа а тур туьйхира, ца леташ ма дисира.
Цу туьро лазийна ша оьгIаз бахарна,
Шен болчу ницкъаца ша чIога ма Iаьвдира
ДегIехь ницкъ шен болчу сийначу саьрмако
И беркъа ва бере.
Цо чIогIа Iовдарна, шийла мохь белира
Беркъачу беречун са цIенчу цу гилин.
– Цу туьро лазийна, кхо чIогIа Iаьвдина,
ДегIаха мерза са дIакъаьсташ лаьтта шен,
Ца тухуш сацаде болатан дуткъа тур,
Летар дац хьуна и, летчуьра дели и,
Хьайн даккха ницкъ кхачахь, схьадаккха хьажал хьо
Сан хаьн тIехь ва кхозу болатан дуткъа тур.
И лата мега хьуна сийначу саьрмаках, –
Олуш, вист ма хилира и динан бере.
Озийна, даьккхина цуьнан баттара дуткъа тур,
Саьрмакна ма туьйхира Исмайлин ва Дудас.
Сийначу саьрмакан кхаа декъах чекхдаьлла,
Беркъачу беречун нуьйран хIоъ ма хадийра,
Мисаран болатан дуткъачу цу туьро.
Куьйсачу эрзалахь, цу сенчу уьшал чохь,
Кхийсадала ма делира саьрмакан кхо дакъа.
Саьрмакан хьожанна, цу хьожан чIогIалла,
Кийрарчу дегнашна и хьожа Iаьткъина,
ДIаваха ницкъ боцуш, шаьш воьжна ма висира
И дика ши накъост цу уьшал ва йистехь.
Царна улле ма буьйжира цушиннан ши гила.

Гуьржийчохь вехачу паччахьан сардало[1],
И сийна ва салтий ма-оьшшу гулбина,
Салташна ва хьалха цхьа эпсар ваьккхина,
Паччахьан сардала эпсаре аьллера:
– Цхьа саьрмак бу, боху, цу Терка ва йистехь,

[1] Сардал – паччахьан заманахь областан хьаькам, куьйгалхо.

Куьйсачу эрзалахь, цхьана сенчу уьшалахь,
Цигара меттахбалахь, нахана зен дер цо,
И сарьмак хьоь белахь, ас хьуна лур ма ду
Къорзачу инарлин и сийлахь доккха чин.
Цу Терка ва йистехь шен салтий сацийна,
Лекхачу цхьана гу тIе ша хьала ва вальлла,
Эрмалойн бакъ турмал бIаьргашна ша лаьцна
Сирла бIаьрг ма туьйхира къорзачу эпсаро
Цу Теркан йистонца, куьйсачу[1] эрзала.
Цуьнан бIаьрго схьалецира куьйсачу эрзалахь
Сийначу уьшал чохь бийна Iуьллу и сарьмак,
Уьшала йистехь ва Iуьллу и динан ши бере.
– Со шайна тIекхаччалц шу меттах ма довла, –
Ша олуш, вистхилла, салтий ва буьтуш,
Шен бIаьрга ва дайнарг цаьрга дIа ца дуьйцуш,
Ша хьаьвзаш ма вахара и къорза ва эпсар
И сарьмак Iуьллучу куьйсачу эрзала.
Бен ваха и сарьмак ара ша валарна,
Кечамна схьаэцна, цуьнан киснахь ма хиллера,
Сарьмакан хьожанах стаг ларвеш ва долу
Говзачу лоьраша кечдина молханаш.
Ша царна тIевоьдуш киснара схьадаьхна,
Шен мере уьйхьира цо лоьрийн молханаш,
Шен динан цу мере и молха ва оьхьна,
Царна тIе ша вахана, церан мере уьйхьира цо,
Говзачу лоьраша кечдина и молха.
Цу лоьрийн молханах дарба шайна ва хилла
Цу уьшал йистера хьала ма гIевттира
И дика ши накъост, цушиннан ши гилий.
Сарьмакан хьожанера уьш гена ва бохуш,
Уьш шеца ва болуш нацкъара ша ма велира
Сарьмакан хьожанна и къорза ва эпсар.
– Ма довла дакъаза, хIай нохчийн дика кIентий,

[1] Куьйса – тIехь гIа доцу.

Сема ладогIалаш ас дечу къамеле, –
Олуш, лен ма велира и къорза ва эпсар. –
Гуьржийчохь вехачу паччахьан сардала
Кхайкхийна дара суна инарлин къорза чин,
И саьрмак ас бийча, лур ду ша ва аьлла.
Кхачамбал салтий сайца цхьаьна ва болуш,
Со веъна вара кхуза и саьрмак бен дагахь.
Эрмалойн бакъ турмал бIаьргашна нисийина,
Сирла бIаьрг туьйхира ас куьйсачу эрзала.
Сан бIаьрго схьалецира аш бийна и саьрмак,
Шу нохчийн дика ши кIант, шуьшиннан ши гила.
Со кхуза йуха кхаччалц шу паргIат хила аьлла,
Цу раьгIнийн басошкахь салтий а совцийна,
Сайн бIаьрга шу дайний цаьрга ца хоуьйтуш,
Хьаьвзина, кхечира со шу долчу кху метте.
ХIара саьрмак хьан бийна, хууш стаг ма вац-кха
Вай кхо кIант воцуриг кху маьлхан дуьненахь.
Оха бийна аш бахарх, шуна совгIат лур ма дац
И саьрмак аш берна паччахьан сардало.
Ас бийна и саьрмак, шега ас ва аьлча,
Суна лур дара цо инарлин къорза чин.
Ас бийна аш алахь и сийна ва саьрмик,
Ва шуна мел деза цIен деши ду шуна,
Инарлин къорза чин со долуш ва хилча,
Паччахьан Iедалца шун гIуллакх тасаделча,
ЧIагIо йо ас шуна и гIуллакх кхочушдан,
Дехар до ас шуьга, ас бийна аш алар,
И сийна ва саьрмак, ва нохчийн дика ши кIант, –
Олуш, вист и хилча, цуьнца барт ва хилла,
ЦIен деши схьаийцира Исмайлин ва Дудас.
– ХIара саьрмак бийнарг муьлхар ву шух?–
Олуш, хаттар ва дича къорзачу эпсаро,
Цунна жоп делира беркъачу беречо:
– Сох хьаьрчина ма бара и сийна ва саьрмак,

Ас орца даьккхича, суна орцах ва кхиъна,
И туьрца цистинарг хIара накъост ву хьуна, –
Олуш, вист и хилча, эпсаро ма элира:
– Дийцахьа ахь суна, хIара мичара, мила ву?
Цу нохчийн кIенташа йоккхуш цIе кхуьнан хIун йу?–
Олуш, вист и хилча, беречо ма элира:
– ХIара веца ва хьуна цу Хьалха-МартантIера,
Цу нохчийн кIенташа кхуьнан йаккха тиллина цIе
Исмайлин Дуда йу цу Нана-Нохчийчохь, –
Олуш, вист ма хилира и беркъа динан бере.
– Шайн гIуллакх ва хилча, суна тIе догIур шу, –
Олуш, вист ва хилла, уьш цIехьа хьовсийна,
Маршаллица бухависира и къорза ва эпсар.
И саьрмак цо бийна ва шена моттарна,
Инарлин чин делира къорзачу эпсарна
Цу Гуьржех вехачу паччахьан сардало.
Беркъачу беречунна шегарчу цу дешех
Ах дакъа дIаделла, ша цIехьа ма вахара
ГIиллакхе дика кIант Исмайлин ва Дуда.
Гергарчу шен йуьртахь, дай боцчу цу байшна
Шегара цIен деши нийсонца дIадекъна,
Шен хIусаме ма вахара Исмайлин ва Дуда.

Цхьана сарахь суьйренца, са цIена шен гила
Цу ханнийн божалахь ша паргIатбаьккхина,
Хьешашна ва динчу цу дуьхьал оти чохь
Набарна ма вижира Исмайлин ва Дуда.
Iуьйранна ара ва ваьлча, шен гила ца карийра
Цу ханнийн божал чохь Исмайлин Дудина.
Эхь дайна хьийзачу, тешнабехк шех болчу
Цхьана йуьртан кIиллочо лачкъийна хиллера
Цу ханнийн божлара са цIена и гила.
Гила шеца ва боцуш цу йуьрта йуха ца ван,
Цу Делан Къуръанах беза дуй ша биъна,

Йуьртарчу цу нахе гила байна ца олуш,
Йуьртаха къаьстина гІаш новкъавелира
Йахь йолу дика кІант Исмайлин ва Дуда.
Шен хьаша ва воцчу горгачу цхьана йуьртахь,
Сирла бІаьрг ва тоьхна, шен даго къастийначу
Йуьртарчу цхьана хІусаме хьошалгІа воьссина,
Буьйса йоккхуш ма сецира Исмайлин ва Дуда.
Іуьйранна гІаьттина Дуда новкъа ва волуш,
Цу цІийнан хІусамдас Дудега ма элира:
– ГІаш хІунда лела хьо, мехкан воцу хІай хьаша?
– ГІаш лелаш хиллера, ша лела ца витча, –
Олуш, вист и хилча, сов каде ма кечбира
Са цІена шен гила цу цІийнан хІусамдас.
– Хьо мичара мила ву, йоккхуш цІе хІун йу хьан,
Ахь лелориг хІун ду? – хІусамдас ца олуш,
Хаттар шега ца дича, ша лело ва гІуллакх,
Ша мичара мила ву Дудас цунна ца дуьйцуш,
ХІусамден цу динахь ша новкъа ма велира
Тешаме дика кІант Исмайлин ва Дуда.
Массо а йарташкахь сема ла ва доьгІуш,
Шерачу аренгахь сирла бІаьрг ва бетташ,
Са цІена шен гила леха ма велира,
Гила шеца ва боцуш, цІа ваха йиш йоцуш,
Массо а меттехула Исмайлин ва Дуда.
ХІара дуьне ва толлуш, аренаш идайеш,
Сов гена ва махкахь, цхьана йуьрта ва йистехь,
Локхарах ва йина кхаа коган ва баргол
Когашна ва тоьхна, бежаш лаьтташ карийра цунна
Шен кийрара дог хуу са цІена ва гила.
ТІехиъна ша бигна хІусамден и гила,
Кхаа коган и баргол цунна ва дІатоьхна,
Шен гила ва болчу бажа дІалаьллина,
Чергазийн йуткъа нуьйр гІевланга йиллина,
Набарна ма вижира Исмайлин ва Дуда.

Цу сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
И дато дуьрста маргІал куьйга ловзайеш,
Хьаьвзина тІевеара цу Дудин гилина
Цу йуьртахь ша веха цхьа ханна жима стаг.
Цу йуьрта йистехь, сийначу цу бай тІехь
Набарна тевжина Іуьллучу цу Дудех
Сирла бІаьрг шен кхетча, цунна тІе ша вахана:
– Хьо марша вогІалда, мехкан воцу ва хьаша,
Суьйре дика йолда хьан, ницкъ болчу вайн Дала!
Хьо хІунда Іуьллу кху йуьрта ва йистехь?
Хьаша воцуш ву-техьа горгачу кху йуьртахь?
Хьо лаа лелий хьо, ва тара веъний хьо?
Схьавола хьо соьца, ас хьаша вийр ву хьох,
Хьан долчу гІуллакхе со хьожур ву хьуна, –
Олуш, вист и хилча, Дудас цуьнга ма элира:
– Маршалла хуьлда, диканца вехалда,
Сан долу ва гІуллакх кхузахь далур ду хьоьга:
Вевзаш стаг цахиларх чувахнарг хІусам йу.
Со лаа ма лела, ва тара ма веана:
Йуьрта йистехь сецира со, цу гилин да лаха,
Дийцахьа ахь суна, хьо вуй цу гилин да?
Ас оьцур ма бара и доьххург дІаделла,
Цу гилех бІаьрг кхетта, со сецна вара кхузахь,
Кийрарчу сайн дагна тІех дукха и безна.
Дийцахьа ахь суна, хьаьнгара эцна ахь?
ХІун делла ахь цунах и болчу цуьнан дена?–
Олуш, вист и хилча, цу кІанта ма элира:
– И гила ас эцна базаран мах белла,
Цу йуьртан базарахь бухкуш сайна карийча,
И айса эцна да со хууш вац хьуна,
Цуьнан цІарца дІавийца, хІай бехке хьо хьаша,
Ас иза ма ийцира маьрша говр йу аьлла.
Ахь дечу къамелехь хьан гила хила мега и.
Ас цунах белла мах хьоь боьхуш ма вац со,

Хьайн гила ва эций хьо цIехьа ва верза,
Дийцахьа ахь суна, хьо мичара, мила ву,
Йоккхуш цIе хIун йу хьан вайн нохчийн кIенташа? –
Олуш, вист и хилча, Дудас цуьнга ма элира:
– Со вехаш ву хьуна цу Хьалха-МартантIехь,
Сан наха йоккхуш цIе Исмайлин Дуда йу.
Хьо бехке ма вац-кха ахь хIара эцарна,
Кху девнна бехке верг хIара йига веънарг ву,
Суна и хуур ду, бехкениг мила хилла,
Дийцал ахь ва суна, ахь кхунах хIун делла?–
Олуш, вист и хилча, цу кIанта ма элира:
– Исмайлин хьо Дуда суна вуьйцуш хезнера,
Хьо вовзар мах ма бац ас цунах дIабелларг,
Со лелаш ма вара, молучу хе ва санна,
Хьо вуьйцуш хазарна, хьо гаре сатуьйсуш.
Ас цунах белла мах ас хьанал бин хьуна,
Хьо марша гIолда, некъ дика хуьлда хьан,
Воьду-вогIуш хьо чуван сан хIусам йу хьуна,
Хьан долчу гIуллакхе со хьожур ву хьуна, –
Олуш, вист ма хилира и нохчийн дика кIант.
– ХIара гIуллакх ахь дарна, баркалла ду хьуна,
Хьайн гIуллакх ва хилча, вогIур хьо со волчу,
Хьо марша Iолда хьо, – олуш, вист ша хилла,
Базарахь хинболчу цуьнан мехал сов ахча,
КIанта дIа ца эцна, цунна хьалха кхоьссина,
Ша новкъа ма велира са цIенчу гилица
Собаре къонаха Исмайлин ва Дуда.
Хьаьвзина вахара и некъана лелайан
Шега говр йелла шен хьаша ва волчу.
Шен хьешан цу хIусамехь и буьйса йаьккхина,
Ша мичара мила ву цунна дIадийцина,
Цо динчу гIуллакхна баркалла ва аьлла:
– Хьайн гIуллакх ва хилча, вогIур хьо со волчу, –
Олуш, вистхилла, маршалла ва делла,

Ша цIехьа ма вирзира Исмайлин ва Дуда.
Йуьртарчу кIенташца шен йолчу йохьана,
Шен гила байнийла нахана хаале
Са цIенчу гиланца шен хIусаме ва кхаьчна,
Къайлаха ладоьгIна, вехачу шен йуьртахь
Гила бигна и кIилло мила ву ва хиъна,
Цунна дан ша догIург диначул тIаьхьа бен
СадоIуш ца сецира Исмайлин ва Дуда.

Исмайлин Дудига лело говр йеллачу
Цуьнан хIусаман ва хьешан жимахволу и ваша,
Цу ГIизларан-гIали чу кIайчу хIонса ва вахча,
Паччахьан эскаро лаьцна чохь сацийна,
И воллуш хиллера паччахьан набахтехь,
Паччахьан суьдахоша цуьнан дов хаьттича,
Цунна кхел кхайкхийра ирхъоллар магадеш.
Шийла кхаъ ма кхечира цу Дудин хьешана:
ТIедогIуш ва долчу оршотан цу дийнахь
ГIизларан-гIаларчу йоккхачу майданахь
Ирхъуллуш ву аьлла жимахволу цуьнан ваша.
И шена ва хезча, са карзахдаларна
Вехачу шен хIусамехь ша саца ца велла,
Цхьаъ бен воцчу вешина дан амал шен доцуш,
Хьаьвзина веара и Исмайлин Дуда волчу.
Цу сарахь суьйренца, бузучу малхаца,
Ша вахана кхечира и цу Хьалха-МартантIе,
Исмайлин ва Дуда вехачу цуьнан хIусаме:
– Ассалам Iалайкум, суьйре дика хуьлда хьан,
Сан хьоме ва ваша Исмайлин ва Дуда, –
Олуш, вист ма хилира и Дудин ва хьаша.
– Iалайкум ва салам, диканца вехийла,
Хьо марша вогIалда, сан хьоме гергарниг!
Воссахьа динара, – луьйта ва лаьцна
Динара воссийна, хьешийн чу и вигна,

Даарца-маларца и паргӀатваьккхина:
– Хьо лаа веаний, ва тара лелий хьо?–
Олуш, вист ма хилира Исмайлин ва Дуда.
– Со лаа ца лела, ва тара ца веана,
Цул сов амал сан доцуш, сол сов амал уьнан доцуш,
Сол жима ша волуш, цхьа ваша вара сан
Цу ГӀизлар ва гӀалахь набахте чохь воллуш.
ТӀедогӀуш ва долчу оршотан цу дийнахь,
ГӀизларан цу гӀалин йоккхачу майданахь
Ирхъуллуш ву аьлла, шийла кхаъ кхаьчна соь.
И сайна ва хезча, чохь Ӏен са ца тийна,
Самукъадаккха веара со хьо волчу кху хӀусаме, –
Олуш, вист ма хилира и Дудин ва хьаша.
– Дакъаза ма вала, сан хьоме ва хьаша,
Сема ладогӀа ахь кху маьлхан дуьнен чу,
Цул даккхий хӀуманаш дукха гур ду хьуна,
Вонна ша тӀекхачарх, воьхна хила ца веза,
Дикане ша кхачарх, Ӏехавала мегар дац,
Вонна а, диканна а собаре хила веза.
Бехк буьллу даций хьан, сан хьоме ва хьаша,
Со вахаза вер воцуш цхьа гӀуллакх ма ду сан,
Со йуха чукхаччалц хьо паргӀат хила хьо,
Хьайн хӀусамехь ма-хиллара, вехачу сан хӀусамехь, –
Олуш, вист ша хилла, и паргӀатваьккхина,
Ша стенга ва воьду цуьнга ша ца олуш,
ГӀизларан-гӀала боьду некъ ша йуьхьар ма лецира
Шен дикчу цу динахь Исмайлин ва Дудас.
Цу динан дикалло, ва кӀентан майралло,
Сахуьлу седарчий уьдучу цу хенахь,
И ана серлонаш туьйсучу цу хенахь
Вадийна тесира и ГӀизларан цу гӀала.
Цу гӀалахь инарла чӀагӀвина хиллера, тов,
Исмайлин Дудас саьрмак берна инарлин чин делла
Цу Дудин доттагӀа и къорза ва эпсар.

Хьаьвзина ма вахара Исмайлин ва Дуда
Инарла вехачу инарлин цу хIусаме.
Цу шедан кхожаца ангалин кор тоьхна,
Набарна самвира цо и къорза инарла,
Вистхиларх вевзина, чувола ма элира
Къорзачу инарлас Исмайлин Дудега.
– Ассалам Іалайкум, Іуьйре дика хуьлда хьан,
ХIай къорза инарла! – олуш, чу ма велира
Инарлин цу хIусаме Исмайлин ва Дуда.
– Іалайкум ва салам, диканца вехалда,
Хьо марша вогIалда, сан хьоме доттагIа.
Хьо лаа лелий, хьо ва тара веаний? –
Олуш, вист ма хилира и къорза инарла.
– Со лаа ца лела, ва тара ца веана,
Дика ладогIалахь ас дечу къамеле:
Паччахьан суьдахоша ирхъоллар магийна,
ТIедогIуш ва долчу оршотан цу дийнахь
ГIизларан майданахь ирхъолла кечвина
Набахти чохь воллу и нохчийн цхьа кIант
Хьоь веха веана со, вала амал хьан делахь,
И дан ницкъ хьан бацахь, бехк билла ца веана, –
Олуш, вист и хилча, инарлас ма элира:
– Дакъаза ма вала, Исмайлин ва Дуда,
Суна ма моьттура, сел чIогIа ахь дуьйцуш,
ГIизларан хIара гIала йохайе ва аьлла
Со волчу хьо веана, хан йоццчу кху хенахь.
Ахь суна тIедеанарг доккха гIуллакх ца хилла,
Сатуьйсуш ма вара со, цхьа гIуллакх ва хилла,
Хьо сайна тIеваре, ган лууш хиларна.
Ахь деана и гIуллакх хилла ду ва хьуна,
ТIедогIуш ва долчу оршотан цу дийнахь,
Іуьйранна бархI сахьат долучу цу хенахь,
Хьо хила ма веза ГIизларан майданахь, –
Олуш, жоп ма делира Исмайлин Дудина

Цу дикачу ва кIанта, къорзачу инарлас.
Цо шена деллачу цу жоьпах воккхавеш,
Шен дикчу цу динахь некъ пурах ша цоьстуш,
Ша веана цIа кхечира вехачу шен хIусаме
Йахь йолу дика кIант Исмайлин ва Дуда.
Хьо стенга вахнера, Дудин хьешо ца олуш,
Ша цига вахара, Дудас цуьнга ца дуьйцуш,
Хьеначу цу шуьнахь, масачу маларца,
Хьешашна ва динчу цу дуьхьал оти чохь,
Сакъера ма хиира и нийса ши накъост
Оршотан и суьйре шайна тIе ва кхаччалц.
Оршотан суьйранна Дудас ма элира:
– Вайшиъ хила ма веза ГIизлара цу гIалахь,
Кханалерчу Iуьйранна бархIалгIачу цу сохьтехь.
Дуьгу нускал ва санна, дика дой кечдина,
Цу хазчу бедаршца шаьш каде кечбелла,
ГIизларе боьду некъ шаьш йуьхьар ма лецира,
Ва сарахь суьйренца дикчу шина кIанта.
Iуьйранна бархI сахьт долучу цу хенахь,
Шаьш вахана кхечира ГIизларан цу гIала.
Хьаьвзина бахара уьш цу гIали йуккъе,
Базарна йитинчу йоккхачу майдана.
Базаран майданахь дIайоьгIна ма лаьттара
Адамаш ирхъухку и толлан тангIалкхаш,
ДIатесна ма кхозура чилхьесан тIергаш,
ДIахIоттийна ма лаьттара беа когара лекха гIант.

И сийна салтий шена гонах ва болуш,
И къорза инарла шена хьалха ва волуш,
Коьртах боьллина гатанан тIоьрмиг ва болуш,
Когашна ва тоьхна аьчкан буржалш ва долуш,
Куьйгашна тоьхна болатан гIоьмаш ва йолуш,
Майдана ма валийра и нохчийн ва кIант.
Ша вехьна ваьккхира и цу лекхчу ва гIанта,

Цуьнан коча дӀатесира чилхьесан и тӀийриг.
ТӀаккха вистхилира и къорза инарла:
– Ма вала дакъаза, хӀай нохчийн жима кӀант,
Хьайн дегӀах мерза са къаьстачу кху дийнахь,
Ала дош дуй хьан, дан дехар дуй хьан? –
Олуш, вист и хилча, цу кӀанта ма элира:
– Дуьнен чохь мел йолу са долу массо хӀума
Са дала дезаш йу, долу хан тӀекхаьчча.
Мел дукха со вахарх, цкъа вала деза сан,
Со воьхна вац хьуна садолучу кху дийнахь.
Дан дехар сан ма дац, кхел нийса ма йина.
Сол сов амал шен доцуш цхьа ваша вара сан,
Дагахьбаллам ца буьсу, и ваша воцуриг.
Соьга барт ца хоьттуш дӀадаккхий вала хьо
Сан когаш кӀелхьара беа когара лекха гӀант, –
Олуш, вист и хилча, инарлас ма элира:
– Исмайлин ва Дудас сайга динчу дехарна
Ас паргӀат вити хьо хьуна йинчу цу суьдах.
И лаьтташ ву хьуна и хьоме хьан ваша,
Цунна улле ма лаьтта Исмайлин ва Дуда.
Хьайн дагара ва дуьйцуш, цаьрца дӀагӀо хьайна, –
Олуш, иза дӀахецна, маршаллица бухависира
Цу ГӀизлар-гӀалара и къорза инарла.

## БІАЬСТЕНАН ІУЬЙРЕ

Буьйсанна набарха йолий,
Сирла бІаьрг дуьнен чу боьллий,
Сахуьлий, тІекхочу, гІоттий,
Эсалчу бІаьстенан Іуьйре.

Стиглахь, малхбалехьа, серло,
Мархийн бос дашо беш, кхерста,
Баххьашца къегачу малхо
ЗІаьнаршца бода дІатоьтту.

ЦІен зезаг гарманан арахь,
Бай кхолуш, тІамарца гІотту,
Тхи къегаш, баьццарчу бай тІехь
Кегийра седарчий хІуьтту.

Олхазарш, бошмашкахь ловзуш,
Дуткъачу гаьннаш тІехь дека,
Йуткъачу шакаршца эшарш
Цара, дилхан дог хьоьстуш, лоькху.

Хазчу кху дахаро хьостий,
Вайга мерза маршалла хоттий:
– Ду шуьга сан маршалла, – олий,
Вайна йоьлуш йогІу Іуьйре.

Кху бешахь, кийра ас буззалц,
Дайн хІаваъ чуузу Іаббалц,
Лаамна вайн Іалам тоъалц,
Там беш ду: «ХІай ирс йаІ-кх!» – аллалц.

Сецна, ахь ладоьгІча кхузахь,
БІаьстенан хаза аз хеза,
Хьайбанаш баца тІехь Іоьхуш,
Хершнаш чохь Іовраш йу йекаш.

*Саидов Билал*

## МЕТТИГАН СУРТ

*(Пейзаж)*

Ламанаш, ламанаш,
Кхин дIа а – ламанаш,
Локхаллехь къийсалуш
Ламанийн и баххьаш,
Сеналлехь къийсалуш
Басошкахь и хьаннаш,
Халла бен ца къаьсташ
Варшашкахь и йарташ.

Малхбасахь йарташкахь
Кемсийн и хорханаш,
Шатайпа чам болуш
Бес-бесара и стоьмаш,
Цу бошмийн йукъаллехь
Гуш доцу и цIенош,
Цу цIенойн дукхаллехь
ГIиллакхе адамаш.

ТIекIел йина гIишлош,
Бердех дIалетийна,
Йуьзна йу тоьланаш
Хьаша-да резаван,
Комаьршачу шуьнахь
Вежаралла чIагIдеш,
ХIусамда гуьржи ву
Воккхавеш цу тойнехь.

Со, воьдуш, тIеваьлча
Бухь лекхчу ламанна,
Кхарстош бIаьрг ас тоьхча
Цу стигал Iаьрчашка,

Хетара стигал а,
Кховдийча, куьг кхоччехь,
ГӀертара ойла а
Стигланийн къайлене.

Татол чохь ногйетта
Лаьхьа санна, сетташ
ЦӀерпоштан некъ хьаьдда
Ламанаш хедадеш.
Малхехь дегӀ хьарчийна
Лаьхьа санна, хьийзаш,
Ламанах хӀоз хьерчош
ГӀашлойн некъ бу боьдуш.

И хедаш хетало
Мокхачу мархашлахь,
Лам а бу, моттало,
Бухь боцуш локхаллехь.
Кху хазчу Ӏаламан
Со бен да вац бохуш,
Аьрзу йу ламанан
Басошкахь тӀам бетташ.

Дехко йиъча санна,
Кор даьлла цхьа марха,
Кхерстара малх бузуш
Товжа меттиг лоьхуш.
Цу корах чекххьаьжча,
Кхин дуьне хеталуш,
Ойла дӀагӀертара
Гуш долчух ца Ӏебаш.

ГӀуркх буьххьехь кхозу
Алкханчин бен санна,
Лам буьххьехь цхьа лаьтташ
Цхьа гӀап йу гуш хала.

И лаьтта, куралла
БІаьрг тІоьхула кхерстош,
Сол лакхахь ма хьекха,
Бохуш, мох чехош.

ГІап ширлуш боьжначу
ТІулга тІе лахвелла,
БІаьрго схьалахьийнчу
Суьрташа Іехийна,
Сураман ламанийн
ХІоно а вахийна,
Йаьржинчу ойланийн
Уьйриг ас листина.

Элийн стун боларехь
Йазйелла шаьш техкаш,
Кхоьлина хиларехь
Мархаш тІе йазлора
Со Іачу тІулгана,
Шелонан тІам хьерчош,
ТІаккха дохк хьаьрчара
Шен мара со къовлуш.

Цхьана лам тІехь гуш йара
Бохь бойна и бІоьвнаш,
Генарчу тІулг-басахь
Ширйелла монастырь,
Цунна гонахара
Тишйелла и гІаьпнаш,
Шираллехь сел гена
Хан текхна церан бос.

Локхаллин буьххьерчу
БІоьвнна тІе хІоьттина,

КӀоргехь ногӏиеттачу
Курах[1] ас бӀаьрг тоьхча,
Со йукъахьовзийна
Ӏалам ас дуьстича,
Лермонтовн сурт хӀуьттуш
Ойлане вахара со.

– Хьо Ӏийний-те хиъна,
ХӀай поэт, хьайн хенахь,
Со Ӏаччу тӀулга тӀехь,
Хьоьстуш кху Ӏаламо?
Кхузахь ахь йеш йолу
КӀоргера ойланаш
Къоламца дӀайазйан
Дешнаш ца карадеш?

Ца Ӏийна, Ӏийна вац,
Хьан къолам аьрта бац,
Ахь санна, и йаздан
Кхин цхьа а хилла вац,
Беламе, безаме,
Дог Ӏовжош, Ӏаткъаме,
Ахь иллеш йаздина
Хьан гӀаларт делара со.

ХӀокхарех йуй-техьа
Майра дог Ӏийжина,
Шен махке сатуьйсуш
Нохчийн кӀант Ӏийдина
Чохь Ӏаьржа монастырь –
Йийсаран набахте?
Доь доцуш шираллехь
ДӀайайна-те иза?

[1] Кура – Тбилиси-гӀалина йуккъехула чекхдолу хи.

ХӀокхарех дуй-техьа
Кхин хӀотта теш воцчохь
Цу лоьмал дарвелла
Майра кӀант летта Ӏин?
Цу дийнан къизалло
Дакъийна-те иза?

Хьомечу шен махке
Мерза сатийсинчу,
Буьрсачу Ӏожалле
Сов къиза кхаьчначу,
Борзанан[1] дилха дог
Сел Ӏийжаш сецначу
КӀентан чурт дуй-техьа
ХӀокхарех цхьаъа а?

ХӀан-хӀа, уьш ширделла,
Цу хенахь дийгӀинарш.
Чарташ а дӀадевлла,
Ширалло тӀе тесна
Корсам а хийцина,
Зама ша къонйелла,
Хьастаме хьуьнараш
Керланаш кхин девлла.

Цу хено кхоьллина
Монастырь хаьрцина,
Харцонан некъ кхехьна
Мцырии а дабевлла,
Ламанаш, бос хуьйцуш,
Ирс кхолла хӀиттина,
Ӏаннаш а хазнаша
Къагийна, хазделла.

---

[1] Борзанан – йоьзан.

Шираллин къизаллехь
Хиллачийн и тешаш
Шен бlаьрго схьалецнарг
Декъазчу дахарехь –
Деккина и некъаш
Шен кого дуьстинарг,
Ца доккхуш Iелур вац
Меттиган башха сурт.

Хьаша-да ларарехь,
Комаьрша дахарехь,
Гуьржийн къам девзинарг,
Токхечу хIусамехь,
Оьздачу къамелехь
Безамо хьистинарг,
Ца боккхуш Iелур вац
Вешина мерза барт.

*Мусаев Мохьмад*

# ТАЙМИН БИЙБОЛАТ

*(Романан дакъа)*

Лекъаш дина хIоа санна, нийсархошлахь билгалвуьйлу жима Бийболат шен баккхийчу вежарех къесточу хIуманашка цIераш ца йетталора кхечаьрга хьовха, и волчаьрга шайга а. Бакъду, тIаьхьий-хьалхий уьш дуьнен тIе баьхначу нанна тосаделла цхьа хIума дара Бийболатца: аганахь а, йа цу чуьра схьаваьккхича а велхаран чIикъ цуьнан балаза цкъацкъа де-буьйса доьдуш меттиг хуьлуш хиллера. Велаозо бахьана цунна дезар зеделлера нанна. Цундела Селимата и сема волчухула цхьацца бIаьца, йиш-маIа ца эшийтора Бийболатна къайлах а, къулах а. ЧIогIа тамашена стаг цунах хила тамехь схьайеара Бийболатан бералла: бIаьрг-негIар ца тухуш цкъацкъа лерина хьажар, шеллахь а, мацлахь а, набйарах а бага гIаттор йацара; ша лазорах, дов дарх, халахетарх чIикъ боккхур бацара. Амма эхь хетчий, дог даьтIчий хих бузу коканел Iаьржа бIаьргаш сиха лачкъабора.

Цкъа цхьа хIума хилчахьана, велхар, кхеравалар хIун ду ца хаьара Бийболатна.

Буса дара иза. Орца гул такхо ваханчохь, шина бугIана дукъ дойна, хьевелла кхаьчнера Тайма цIа.

Селимат галнаш йеш йара. Бийболатна наб хьегIара.

Цуьнан и йайа, дас саьрамсекх цIанбан хаийра кIант, ша цунна, «саьрмако кхаьллина кIант, тур даьккхина, цу чуьра араэккхарх» туьйра а дуьйцуш. ГIуллакх хила ца туьгура. Оцу кIантах хьаьгна, бетан бертехь велаийзавахь а, набарна гуттар веттера цергаш хаьрцина Бийболат.

УьйтIахь жIаьла уьгIира. Дадин пхьаьрса тIе таьIира кIант. Йуха а уьгIира арахь жIаьла.

– Хьада, ара а валий, топ тоха цунна! – элира Таймас, хаъал бос баханчу кIанте.

Воьхна, вистхила а, вего а дех ца хIутту Бийболат, оцу сохьта шен эхь а доьссина, цIеххьана майравелира.

– Дада, муха туху ас хIара? – шега дIалацийтинчу тоьпан йуьхьиге хьоьжура сихвелла кIант.

– Схьайтал хьайн хьажо пIелг, – охьалахлуш схьалаьцначу цуьнан иза лога тIе нисбира вордана уллехь баттана угIуш лаьттачу жIаьлина топ хьажийнчу Таймас: – ТаIабе пIелг!

Гов-аьлла, йелира топ. Ша тIетаIийнчу пIелго и кхоссарх дозалла диначу Бийболатан лерго ца лецира деллачу жIаьлин «IанцI».

– Нана, нана, кхин-м угIур дац хьуна иза!..

ХIинца наб-саб йайна, лер, болар а хийцаделла, маьнги тIе валар цхьа тамашена хетаделира Селиматна кхаъ боккхуш чуиккхинчу кIентан. Цхьаъ иза ду.

ШолгIаниг, Iамийна кхоалгIа кIира бен доцу бекъа хитIа эцна вахнера Бийболат сарахь. ХIинца шийттара волуш вара кIант. Бекъа хи чу а хьовзийна цIа вогIуш, шел баккхийчаьрца и хьалхайаларех хаьхкира Бийболата. ГIеххьа ша кхоьррушехь, царна йахь дIа ца йала.

ТIехь стаг воцу бекъа пхьоьханна тIехъиккхира, адам тIаьхьахьаьжжинчохь дуьсуш.

– Бийболат вожийна йогIу-кх иза, – элира нахах цхьамма.

ДIанехьо Iачу дена ца дезаделира иза. Ахь хIун дуьйцу, ламанхочунна бегаш бац кIант говрара вожар!

Ши куьг пхьаьрсаш кIел доьллина йеана Селимат кетIа йаьлча хьалаиккхинчу Таймина вайра дIо астагIлелхаш вогIу Бийболат.

«Собар де ахь!...» – меллаша цIехьа вахара да.

Шен хенархойх цхьанна-м хенах тасавелла кел чоьхьаваьллачу кIантана мацах жIаьла уьгIинчу буса цуьнан жималла ша тоха кхоавелла и шен доккха тIара хIинца далийтира дас.

– Хьо хьераваьлла, ва стаг! Вуьшта а... – аьлла, кхин ца тохийта, кIант марахьарчийра нанас.

Зудчун дукха къила йахана шега хьажарх бала хилла лаьттачу майрачунна ненан марахь вилхина Iана гIур ву моьттинера говро охьатоьхна веанарг.

ДIахеца ша аьлла, Селиматан марара меллаша дIахиллачу Бийболатан чIикъ дIа ца белира...

И тӀара кӀанта ларах там хилла Тайма дӀанехьа вирзира.

ТӀаккха дуьйна, мел ирчачу туьйранашкий, инзаршкий ладогӀарх, цкъацкъа цхьаболчарна санна, кхерам, дагей, дегӀей зуз-м муххале а ца догӀура Бийболатна, мелхо а, уьш дагахь хаза, цаьрца къийса кийча хила лаьара кхунна.

РоггӀана вовшашка а гуллуш, буьрса туьйранаш, цхьацца баккхийчаьргара хезна Ӏаламаташ дуьйцура бераша. Бицлой, буьйса йукъал тӀехйаллалц. ТӀаккха, арахь царна тӀе стигала лохачу къилбе Ӏаьржа буьйса кхетий, цхьаберш кхерара цӀа баха. Шен туьран мӀаьчигца уьш цӀа берзош, цкъацкъа вуно хене волура Бийболат. Цундела санна, герз-неканахь Органах волий, ирахь йайдакха говр хахка шарвеллачу цо, мел къу-берзачу буса а, дукха ца баьхьачу кешнашка а воьдий, шена билгалдинчу чурта тӀе куй буьллура.

Ненахошкахь Ӏуьйрре гӀаьттина, чехкка хьуьжаре вогӀуш вара Бийболат. Тасавелла воьдучу кхунна дӀо акацина тӀехъиккхинарг Искандеран гӀовталан йух тарйелира.

– Сийсара туьйранаш хьаьнгахь дийцира аш? – хьаьттира Бийболата. Вукхо жоп делча, тӀетуьйхира: – Куй биллий и схьабай мила вахара?

Ша билла вахара, бакъду, элира Искандера, догӀа доладелча, и схьабан ваха стаг ца ваьлла, Татин куй байна, хьо марша, Бийболат, сийсара.

Соне лаьцна Ӏачу моллех ийзалуш, меттигашка дӀанисбелира дешархой меллаша.

– Схьаваийтал Бийболат.

– Дика ду, – элира ГӀеза-моллас, Бийболат дешна ваьлча. – ХӀан-хӀа, бераш! Бийболат «Ваззахьа» тӀе вели. Цига ваьлларг, хьуьжарна кхо го а боккхуш, эккхавой цӀа вуьгу, куйнаш детташ, вукхара. Да-м бӀаьрмециг вара кхуьнан. Нанас хӀун до, хьовсур ду-кх вай тахана. Ткъа аш, «деман чамий, котаман букъ» бохуш, кхунна куйнаш детталаш, Селимата котам шайга схьалаца аллалц.

Бийболатна цхьамма-м олу хезнера, пхийттара ваьллачу алдахочо Ушурмас цергашца хин кӀудал айъина, хьуьжарна кхо го

бацккхина, бохуш. Къайллаха и дан дагахь хиллера хIара. Йукъ-кара сени чохь кIудалх Iитталуш хаавелла кIант цIийна тIехьа цIестан гIумгIин бертиг багахь лелаш шена вайча, кхерайелла, йеана чуиккхира Селимат:

– Валолахь, стаг!... Ас бехира хьоь, и кIант лартIехь вац...

Хьаьдда дахана дай-наний, къайллаха, цIийнан маьIIе хIоьттира. КогашIуьйра Бийболат, лаьттах йуьзна шен ши неIар-мачий, йуьзна гIумгIий багахь, цхьана меттехь хьийзара ченан кIуьралахь.

Хьаьжна-хьаьжна, вела а озийна: «Йало, нана. ХIумма а ца хил-ла. Воккха хила гIерта хьан кIант», – чувахара Тайма зудчуьнца.

Гермчигара Девлат-Гира эла эккхочу буса лазорах боларна астагIо висина Тайма, йерриг Кавказехь бохург санна, дика вев-заш, вордан чкъургийн тогIеш йеш, йухкуш ваьржина вогIура.

Нохчийчохь ша айъина гIаттам эшча, махкана бехказвала санна, шайх Мансур IШела всача, цкъа цига вигира Таймас кIант.

Адам дIадоххалц цхьана воккхачу стеган голаш йуккъе хIоьт-тина Ушурмина тIера бIаьрг ца боккхуш, шена хезачех чIогIа цецвуьйлуш, ладийгIира Бийболата. Ткъа цо дуьйцура Кавказер-чу ламанхойн къаьмнийн паргIатонехьарчу нуьцкъалчу боламан, тIеман гIиллакхех лаьцна.

Кху тIаьххьарчу хенахь Кубанехула дукха лела бохуш вуьйцу берахь дуьйна шена сурт лаьтта и стаг а, цуьнан хабарех шен хIетахьлерчу кхетамо схьалецна инзарш тIаьхь-тIаьхьа чIогIа хоьттура хIинца воккхахилла вогIучу Бийболата дега. Таймас дийцира гIумкийн, гIебартойн элий, шайн йалхой балош баьхки-на, нуьцкъала нохчийн лаьтта тIе ховшар а, вайнаха уьш кхузара дIабаха гIерташ лайначу халонех шена мел гиначех а. Къаьсттана Бийболатан йуьхь тIехь, цецбуьйлучу кIентийн йаххьашна санна, оьгIазе беснаш туьйсура.

– Дада, хьо хиллий царах цхьаннахьа а?! – кхин Iен а ца велла, хаьттира Бийболата.

– Дера хилла. Со вац нохчо? – элира Таймас. – Нах летачохь а, цара деш-дуьтучун декъехь а хила веза, Бийболат, стаг.

– Деллахьа, дада, ма хьийзийна-кх, ницкъаш бина-кх вайнахана...

– Уьш ца хьийзош маца дара? Суна хезначийн хьесапашкахь-м карадо иза. Делан аьлларо нехан элийн балера баьхча, Россин эскаран къизалло хьийзо болийра нохчий. Амма, хаалаш, сан кIентий, заманаш мел заманашка йийларх, вайн тIаьхьенийн тIаьхьенаш, нийсой, паргIатой къуьйсуш, гIиллакх, эхь-имий лардеш баьхначу дайн кхел хьахайеллачохь мискъалан зарратал йуьхьIаьржа хир йац. Тхов лоха белахь а, ойла хьанал, дог цIений, куьг тешамей хила деза, жима Бийболат, къонахчун. Цуьнан сий цкъа а дойъур дац адамо...

Иштта, дашна, Бийболатан цIе йоккхуш Iедал дара Таймин шайлахь. Кхеран доьзалехь и товш дIа а дахана.

Дуьнен тIе ваьлчахьана синтем боцучу дахаро вагош схьавогIучу Таймин дегIан пхий а хаадалар хаъал эшна догIура. Цундела хIусамнанас, къоьнгаша шайн ма-хуьллу кхоавора иза.

– ХIума дан Iама марзло. Амма со вита. Мурволо дохку хир ду шу? Хир дац! Мукъа Iар ун ду къеначу а, къоначу а дегIана.

Бийболат лерина, цо чкъургийн тогIеш кечйарна хаъал резабоцу шен вежарий санна, дог-мела воцуш, вуно тIера вара шен комаьршачу, догцIеначу дадас мел дечунна, цунна мел товчунна. Цо дозалла дора йуьрто мел дечун, дерзочун йуьххье а хIуьттуш цуьнан схьаварах. Йа цуьрриг цу тIехьа лечкъо дагахь ца хеталора кхиъна вогIу ша.

Туьнкалгахь дера дарц дара угIуш. Кегий татолаш гIорийнчу шелоно Бесан тийначу йистошна шан пардош лецнера. БIаьргех хин суйнаш туьйсура, мара зийзабора орцара хьоькхучу махо. Заманан гIайгIано сатен ца дуьту адам шийлачу Iай-м муххале а дIа ца дуьжура хенахь. Дан-дийца шорта дара хIуманаш. Иштачу буьйсанаш йайарех цхьаъ хIоьттинера гул неIарх чоьхьабаларе хьежийна гомаш делкъехь лахьанна йийначу ТаймагIаьргахь тховса. Цхьаберш тIоьхула пенах герзаш кхозучу бехачу дечигмаьнги тIехь Iара. Шиъ цIенкъахь Таймица жижиг доруш вара.

ХьажахIотта, механа, гергарлона, тIекерена нехан тIеласта дог догIуш, адаман гIуллакхна латтарна махкахь цIе йолуш ду хIара цIа.

– ХIара, ва Тайма, оцу ахь мацах соь далхийнчу хьуьжарера шун кIентан йукъахваларх хIун хилира? – хьаьттира маьхьсеш когахь баьрчехь Iачу кIайн маж деггелц йогIучо.

– ЦIахь, Делан Вазлора, сацийра. Хьуьжарехь цунна цатайнарг со мел хьовзо воларх хIума а ца хилла, – элира хIусамдас. – Цу тIоьхула-м сайначул хIуманаш моллица долчунна йайа дийзира сан. Шиъ хир дац: динан да хила йа цхьацца кхийдочаьрга марзло... Цул а хазачу кхечуьнга ладогIийша, – аьлла, волавеллачу Таймас дийцира мукъалла марзвелла, караIамо лоьман кIеза лачкъо орца ваханчохь Бийболатан кIеза долчара веза валарх а, тIаккха ша беже воьллинчохь цо, йолчара йетт ца луш, де цIера йоьлхуш мерацIа йоьдучу зудчунна гомаш йаларх а. – Со ма ву, гомашах динарг хатта, и кара ца вогIуш. Шен меттахь леци ас цхьана Iуьйранна. Хаьтти. Дийцина дахдина хIун до цунах, дада, айхьа бов воккхуш чуларахьа суна и гомаш аьлла, корах иккхина, даха-кх жIаьла!...

Йерриг чоь, гIадйахана, йелайелира. Шайгахь хьеший хилар дагахь доцуш хецца веана оцу тIе чуваьлла Бийболат, дукха ца вухуш, неIаргехь сацавелла, вистхилира:

– Цхьабосса маьрша догIийла шу дерриш. ХIун хьал ду, могуш Iай массанхьара а?

Маршалла дIаоьцуш, доьналла дийцина чоь цкъа тапъаьлла соцунгIа хилира, кIентан латтар, цуьнан кхин мел дерг тергалдеш. Хила ма-доггIу куьйгаш тIехьа дехкина, тамехь лаьттачу Бийболатна ала хIума дацара: бIаьрг-цIоцкъамашна тIетаIийна цо лелабо боьмаша куй, йуткъа гIодайукъ къевллина гIовтала тIоьхула дихкина шаьлта-доьхкий, неIармачашца дуьйхина машин пезагашший хаза товра цуьнан вуьрхIитта шарна таьIано хеталуш белшашкахь шуьйрачу дегIехь.

Чуьрачаьргахьа букъ ца берзош, вахана дехьа чохь жимма цхьалхаваьлла веана Бийболат ден метта жижиг дIалаца хиира.

ГІуллакх чекхделира.

Дукха хан йоццуш Таймас, шайна шайна цІенош дина, бов ваьккхинера зударий балийна кхо кІант.

И дара хьахаделларг.

– Гой шуна, – берригешка дара Таймин вистхилар. – КІант дех ца вусту наха. Да кІантаца узу. Тхан и терза массарал жимачу Бийболатехь хирг хир ду.

Оцу дашо йохьах вуъзна Бийболат вулавелира ойланехь. Цкъадолчунна, куралла йоьссира цуьнан дегІе. Амма дог буто долийра дас аьллачо кІентан: «Сайх шийла дакъа хуьлуьйтур ду, хьуна, ас хІара буьйса йиц ца йеш, хьан дош бакъдан гІерташ, дада» – дагахь, бІаьрг беттара Бийболата дега.

*Хамидов Іабдулла*

# АБУБЕШАР

*(Дийцар)*

Гуьйре шийло йара. Генах хаьдда гІа наггахь дитта кІел охьадужуш хаалора. Дуьнен чохь йорт йиттина кІадйелча санна, мархаш ламанца набарна тевжинера. Стигалан гар, хи ца кхоош йилича санна, цІена а, сийна а дара. Со лаьттачу чхора[1] тІера дІахьаьжча, аьрру агІор бІаьрго схьа ма-лоццу йолчу арахь, дикачу дайша лерина куьг тоьхна йалташ чу а дерзийна, йерзина йаьхна аренаш йара гуш. Цхьацца меттехь йетт, эса, уьстагІий, цхьа наггахь йежаш говр а гора.

Кхузара дІахьаьжча гуш эвлайистехь долу Абубешаран тиша цІенош дара.

Абубешаран цІенойн тхов ах эрз буьллуш, важа ах гІодмаш дохкуш бина бара. Цуьнан цІенош йуххехула тІех вер-вериг велакъажара Абубешаран стохка дуьйна доьхна, раз а даьлла лаьттачу кевнах бІаьрг кхетча. И ков айъина жимма дІа а хилийна, гІуркх санна лекха а волуш, ханна шовзткъа шо сов зама хир йолуш, гІеметтахІоьттина стаг велира кех ара. Цуьнан кога буьйхина тиша, амма чохь сурт гур долуш къагийна ши кІарх а бара, тІейуьйхина Іаьржачу басахь, голаш шар а белла, тІергІан кІадин галифеш йолу хеча йара, ткъа цу хечин когаш тІоьхула а йохуш, хьалаоьззина йуьйхина можа ши пазат а йара. Царал совнаха, гоьле ца кхоччуш йеха а йолуш, гонаха чимчаргІа а лоцуш, кечдеш дехкина хьалхахь даккхий кисанаш а долуш, белшехь жимма зарзйалар[2] а хаалуш, гатанан кІайн коч йара.

Ткъа цунна тІоьхула къевллина дихкина, дукха шира хиларна, локхар кІаййала а йоьлла долу меттанаш долу доьхка дара. ТаІІош коьрта тиллина ах аьрша хиллал лекха а болуш, кагйеш тІехьа дІайахийтина гІабакхан тІам санна, маьІиг йолуш, цхьа ге[3] хиллал беха чо болу куй бара. Ткъа цу куйнан кІинжаш йук-

---

[1] Чхор – кхузахь: хин йистехь йолу лекха меттиг.

[2] Зарзйалар – тишйалар.

[3] Ге – шира барам.

къехула схьагуш куьйран зIок санна хьаьвзина цуьнан мара бен, бIаьргаш башха гуш а дацара. Цуьнан коканаш тIетаIийча санна йолчу йуьхь тIехь гуш Абубешара мало ца йеш хьийзийна ши мекх, газанан цIога санна, цIацI-аьлла, ирах а догIаделла дара. Гуш дацахь а, дуйнах ала мегар дара, хIинцца хьаьжча, цуьнан кисанахь дечиган мукъ болуш урс а хир ма дара. Ша ара маьвеллинехь, цхьа ког хьалха дIатесна, пIелг санна стомма шен багахь йоллучу махоркин цигаьрках луьра кIур а оьхуьйтуш, хаьн тIе куьг а хIоттийна, лерина дIахIоьттира Абубешар.

Абубешар ша чIогIа къонах хеташ стаг вара. Ша пхьоьханахь, йа синкъерамехь, йа иштачу кхечу меттигашкахь нисвелча, «со», «ас» аьлла хIума а дуьйцура цо. Шен дашна дуьхьал дош далийча, лата а безам болуш вара иза. Цунна моьттура, ша стагаца дов даккха ца кхийрича, зудчуьнга шена луург бен ца дойтуш ша хилча, дийнна стака къаьркъа тIе хIума ца кхоллуш ша мелча, наггахь бен ша вела ца къежаш хилча, зударшца цхьаьна стоьла гонаха ша охьа ца хиъча, нахана йуккъехь ша коьртара куй дIа ца баьккхича ша воккха къонах ву. Ша зудчунна хьалхара дечиг даьккхича, ведар хи деача, базарара цуьнца тускар лаьцна веача, цунна моьттура, шегара йоккха ледарло йолу.

Абубешар, цхьацца ойла а йеш, иштта кетIахь лаьтташ, легкови машенашца, хIургонашца, цхьаберш гIаш, мотоциклаш тIехь, важаберш велосипедаш тIехь гIала базара оьхуш бара нах. Цхьаберш вовшашка къамелаш а деш боьлхура, важаберш киранан машенаш тIехь зурманаш а лоькхуш оьхура.

Абубешарна гуш йалх-ворхI гали кIа тIехь долуш йолчу хIургонахь, шен зуда йуххе а хаийна, тIехъиккхира колхозан бригадир Закри а.

1954-чу шарахь, даьхни дика лелорна, Москвахь йуьртбахаман выставкехь дакъалаьцна волу Хьамид, шен зуда йуххе а хаийна, «Победа» машена тIехь базархьа вахара. Иштта, уьш зударий йуххе а ховшийна шена гича, резавоцуш бат а хьовзийна, цигаьркан боккха кIур а баьккхина, пак-аьлла, тата доккхуш и чу а тоьхна, тIеда кхелли йогуш санна, там боцуш дукха мерехула

кIур а оьхуьйтуш, вукху агIор а вирзина Абубешар дIахIоьттича, цунна гира шена тIекхачча воллуш, марахь цхьа шо сов зама хир йолуш волу кIант а волуш, хаза кечйелла йуххейаьлла йогIуш зуда а йолуш вогIу шен лулахо Мохьмад. Иза вара йерриг районехь болх дика барна гIараваьлла дика тракторист. Ша тIе макхеччи, Абубешаре салам делира Мохьмада. Абубешара, салам схьа а эцна, элира:

– Деллахь, Мохьмад, стенга даха даьлла шуьшиъ сел чIогIа либирзад[1] даьлла, и бедарш а йуьйхина?

– Дера даьлла, Абубешар, базара даха. Колхозан белхаш чекхбевлча, шен нана йолчу хьажахIотта Фрунзе гIур йара ша бохуш йара хIара тхан хIусамнана. Ша цига йоьдуш, шен нанна а, мединститутехь доьшуш волчу вешина а цхьацца тIе-кога йуха хIума хьур йара ша совгIатна бохуш йара хIара. Делахь-хIета, хьайна оьшург а оьцур, карадахь, суна куй бан цхьа дика чола холхаз а оьцур вайша аьлла, базархьа доьду тхойша.

– Шу ма чIогIа дохкуш ду? ХIинцца хьол хьалха, цкъа а вовшашна ца гича санна, вовшашна гажа а гежна, Закрий, Хьамиддий, цаьршиннан ши зудий базара дахара. Шу-м чIогIа лелаш ду, хIара зударий йуххе а баьхна.

– Ой, ахь хIун дуьйцу, ва Абубешар? ХIара зударий-м оха безаш, хьашт долуш балийний. Уьш хIунда ца боху йуххе, хIорш хIун оьшуш бу вайл? Кхаьрга-м вайга цадалург а дало. Боьршачу стаге нийсса колхозан арахь болх бой, цIа а богIий, бераш Iалашдой, йуург-мерг йой, доьзал бузабой, йитта, лато оьшуш хIума йелахь, иза а дой, чохь гIуллакх а, иштта кхин кертахь оьшург дан а ларабо хIорш-м. И хаа а хууш, ша къонах ву мел бохучу стеган декхар ду шен ницкъ кхочу гIо-накъосталла зудчунна дан а, иза, берийн, хIусаман нана йуй хууш, лара а. Хьуна, айхьа зудчо бохург дича йа цунна гIо дича, марадоьллина бер деача, эхь ду моьтту?

– Дера ца моьтту суна, нахана делахь а, эхь хьуна ду-м.

– Суна ду ца моьттичхьана, эхь ду мел моьттучунна-м вон мел долу неIалт хилахьара. И хьуна эхь ду моьттурш-м эхье, хьаха,

[1] Либирзад – кхузахь: чIогIа кечделла.

дацара, Абубешар, эхь, хьаха, ду шсн Даймахкана йамарт хилча, къола дича, деш, дуьтуш доцуш, йорт йетташ лелча, харцдерш дийцича, маларш мийлича, пачхьалкхан болх ца бича, шена вон, ледара гучунна, и шена ца гуш санна, тIехваьлча, воккханиг, да-нана, зуда ца лерича, цомгашчунна гIо ца дича, берашка ца дешийтича, и лаьттарг санна, то а ца деш, ков латтийча – уьш а, и санна мел дерш а ду-кх эхь. Хьажал хьайн зудчуьнга, хьоьца ша ирсан токхехь йаха хуур йу моьттуш, хьоьга йеана иза, тиш а, аз а йелла, са бага а кхаьчна, хьуна хьалхара йеддий-хьаьддий лела, хIинций-хIинций хьо, кхета а кхетта, ваха гIуртур ву, ахь шен хама бийр бу моьттуш. Къа дац цуьнан? Къонах ву и ца гуш верг? Ур-атталла цкъа балха вахана а, цкъа цIен тIехь гIуллакх дина а, цо дечун хама бина, хаза велакъежна цуьнга вистхилла, хаза шаьшшинна тIе хIума а йуьйхина, цкъа кино, клубе дахана а цуьнан дагна там ца бина ахь. Хьо санна адам дац иза а? Хьуна-м дера моьтту, и куй, топ санна, ирх а бахийтина, даккхий къамелаш деш хьо лелчахьана дерриг чекхдолу. Хьоьга и сайн дагахь дерг дIаала аьтто боцуш со лела дукха хан йара. Хьуна диканиг хилча, дика хеташ ду хьуна ас дуьйцург-м. Хьо чувахча, паргIатехь ойла а йай, хIума де ахь оцу вайшиннан хиллачу къамелан, – аьлла, Мохьмад а, цуьнан зуда а дIадоладелира.

Цо диначу къамелана дукха резацахиларна, оьгIазвахана Iарж а велла лаьтташ волу Абубешар, нитт Iоттабелча санна, балдаш меттах а хьадина, керта вахара. Кертахь гIуллакхаш деш, сера дайна котам санна, хьаьдда хьийзаш йара Баянт.

– Хезий хьуна, хьо йала йоллий? Вайша базар даха хьело, – элира, дIа мохь тоьхна, Абубешара.

– Доцучу гIуллакхна кетIа хIоьттина а ца лаьтташ, ахь суна гIо динехьара, со-м тоххара йаьлла хир йара, – элира Баянта, шен карара гIодамийн цIов шинарна хьалха а буьллуш.

– Хьоьга и ала ца бохий ас-м, хьо йаьллий, боху?

– Йаьлла. Хезий хьуна, тахана хаза де хир долуш ду вайна, ас тIе муьлха коч йуьйхича бакъахьа дара-техьа? Колхозехь сайна совгIатана деллачу шолах йинарг йуха ас?

– Ахь хIун йуьйцу! ХьаьжкIаш ца хьо вайша базара?

– ХьаьжкӀаш хӀунда хьо? – элира Баянта, кхунна тӀе а йогӀуш.

– Ой! Ца хаьа, Къуръанора, суна-м!? Хьо йац вайна цхьа жимо пхьегӀаш чуйохку шкаф а, суна коч-хечина цхьа дика кӀади а эца йеза бохуш?

– Йу. Хилча хӀун ду?

– Ой, хӀун ду бохург хӀун ду, ахча доцуш лур йуй и хӀуманаш?

– Ой, ас сайна делла шекар а доьхкина, хьайга делла бӀе дезткъа туьма мича даьхьана ахь?

– И хӀун хеттарш йу ахь йийраш? Хьо соьга дов хоттуш-м йац? Шинарех делларг мича хьо ахь?

– Ва стаг, хьо муха ву, йистхила а мегар дац хьоьга? Шинарех бӀе туьма делла-кх, важа дезткъа туьма мичхьа ду?

– Ма дахди ахь иза, сацайел и хьайн зурма! Ас ца боху хьоьга, шинарех а делла, цхьайолу шайнаш декхарна дӀасхьайекъна, иштта дӀадаьлла-кх. Соьгахь оцу ахчанах йисина цхьакӀеззиг нахарташ[1] йу, вуьшта, со уьш цатоарна кхоьру. Хьадал, чу а гӀой, кхо-йиъ пунт хир йолуш хьаьжкӀаш нисйел гали чохь, – аьлла, Абубешара шен мекха йуххехула ирх пӀелг хьаьккхира.

– ХӀан, дика ду, ас-м уьш гали чу йухку. Ткъа дӀа муха хьо вайшимма уьш? Цхьа ворда-хӀума мукъана лаца, гӀой.

– Ванах, уьш хӀун йу ахь йуьйцурш, ва зуда? Ас дешначу Къуръанор ву со хьо телхина моьттуш! Иштта хала ду и дан? Гихь йан ца мега ахь уьш?

– Ва стаг, ахь хӀун дуьйцу? Ас муха дохьур ду оцу дуьненан йисте кхаччалц кхо-йиъ пунт чохь хьаьжкӀаш йолу гали? – элира дегабаам биначу Баянта.

– Деллахь дац хьан хатӀ[2] зудчух тера. Эхь а ца хетий хьуна, суна хьалха а хӀоьттина, и дийца! Хьох хӀун йо, кхо-йиъ пунт хьаьжкӀаш чохь гали базара ца даделча?

– ХӀун до бохург хӀун ду? Ас колхозехь даьккхинарг а дууш, Ӏаш дац вайшиъ? Ткъа хьо, бага божа «яблоко» бохуш, балха а ца воьдуш, вижина Ӏуьллуш ву. Со хьайга йеанчу хӀокху беа баттахь цхьа шай деаний ахь хӀокху цӀен тӀе? ХӀетте, эхь суна

[1] Нахарташ – кӀезиг ахча.

[2] ХатӀ – кхузахь: лелаpан кеп.

хета деза, хатӀдоцург а, мегар йоцург а со йу? Са бага а кхаьчна, сайн ницкъ кхочург дан гӀерташ-м лела со. Со хьан эххал бен йац, хӀетте и гали айхьа ца дохьуш, хьо соьга даийта гӀерта. Эхь дац, поп санна, цкъа охьахиъча, хударан йай бууш волчу хьуна, соьга гали даийтича?

– Со оьгӀаз а ца вохуьйтуш, сацадел и хьайн къамел! Нахе со вийцийта йиш йолуш вац со. Цу тӀе, хьан гӀуллакх хӀун ду? Сан багах дош доллушехь, хьайга боххург дар ду-кх.

– Хьан куй лекха бу аьлла дан дезаш-м дац ас иза? – аьлла, йела а къежна, кхин цунна йуххехь латта а ца йаьхьана, Баянт, уьйтӀарчу диттан генах кхозу гали схьа эцна, дӀайахара.

Цо дечу къамелана оьгӀазваханчу Абубешаран цхьа бӀаьрг хьаббелира, ткъа важа, шорлуш, къарза а къаьрзина, ангали санна къега а къегаш, куйнан кӀинжаш йуккъехула Баянтана вон тӀаьхьахьоьжуш бара, ткъа оьгӀаз дукха чӀогӀа вахарна, гамзар[1] а йаьлла лаьттачу бето раздаькхина цуьнан мекх дегош дара. Хьаьдда вахана божалан неӀарера цхьа гӀаж схьа а эцна, Баянтана тӀе а волалуш, дукха оьгӀазе элира цо:

– Сецна бакъ ма ду, хӀокху сохьта и хьаьжкӀаш чохь гали а эцна, хьо суна тӀаьхьа ца хӀоттахь, хӀокху гӀожаца ас хьан массо а пӀенда багарбийриг хилар. Со Ӏад мел Ӏийн, хьо ма карзахйели? Хьайн Делан неӀалт хила оцу хьан совратна[2], – аьлла, Абубешар, вега а велла, луьллан кож санна тӀера чу а сеттина, бӀаьрг а къарзийна, цхьа вон мерах шок а йетташ, тӀекхохкавелира Баянтана.

Ишта буьрса и шена чукхоссавелча, хӀара-м лата ма воллу сох аьлла, кхерайелла, Баянт чуйахара. Баянта шен дагахь чӀагӀо йира, хӀинца оцу базарара цӀайеача, хаза, нах санна, болх бан а, ваха а гӀерташ, ша а лоруш иза ца хилахь, цуьнца Ӏийр ма йац ша аьлла.

Ши пунт сов хьаьжкӀаш чохь хир йолу гали, бухкарца къевлина, ги а доьллина, Баянт арайаьлча, Абубешар, цхьацца ког а боккхуш, меллаша кех ара а ваьлла, дӀавоьдуш вара. Болар сихдина цунна тӀаьхьа а кхиъна, шаьшшиннан тахана хиллачу

[1] Гамзар – бат агӀор йаккхар.
[2] Соврат – кхузахь: сибатна.

къамелан чIогIа ойла а йеш, цунна тIаьхьахIоьттина йоьдура Баянт.

ХIара шиъ ишттта догIу дайча, новкъа богIу нах къаьрзий хьовсура кхушинга. КIадйелла букар а йахана, охьаоьхуш хьацар а долуш йогIу Баянттий, цунна хьалха а ваьлла цигаьрканах кIур а туьйсуьйтуш, куьйгаш а лестош вогIу Абубешаррий гича, Абубешаре цабезамца хьовсура нах. Цхьаболчара, Iан а ца лой, ала а олура: «ДIаэца цуьнгара и гали, эхь дац иза?», «Iан а Iай хьо сел къинхетам боцучу цуьнгахь?!» Абубешар, цара дуьйцург шена хаза ца хезаш санна, шен куй жимма букар таIийна, болар ца дохош, дIаоьхура.

Ишттта хIара шиъ дIаоьхуш, цхьана арыках[1] дехьайолуш Баянт, ког гал а баьлла, гIеххьа лаза а йеш, охьакхийтира. И охьакхеташ даьллачу татанна йухахьаьжначу Абубешара хьала ца гIатталуш Iуьллучу Баянте элира:

– Ма чIогIа тIекIелйиели хьо цигахь! ХIун деш Iуьллу хьо, йетт санна, тIекIел а йаьлла? ХьалагIатта!

– Ца гIаттало со хьала, гIо дехьа суна, – элира гIийлачу озаца Баянта.

– Деллахь ма йала йоллуш а йу-кх хьо! ДIо вогIуш вайн лулахо Цокар ву, цунна гур ву со хьуна гIо деш. Хьо хьалагIатта хьо, – аьлла, Абубешар, лерина ког а баьккхина, дIаволавелира.

Баянт халла хьалагIаьттира. Шен майрачо сел ша ларар доцуш лелориг дукха дагна Iаьткъина, Баянтан бIаьргаш хих дуьззина дIахIиттира. Цкъа шен гали охьа а кхоьссина, йуха а йирзина, цIа йаха дог хилира цуьнан.

ТIаккха, тахана цкъа IадIийр йу ша аьлла, шена болчу цатамана къурд а бина, шен гира гали нисдина, йуха а Абубешарна тIаьхьа дIаоьхуш йара иза. Букъа тIоьхула охьаоьхучу хьацаро йашийна коч букъах леташ, цо букъ Iийжош, йуьхь тIе йаьхкина месаш хьацаро беснешна тIелетош, цара сагатдеш, гIел чIогIа йаларна, цхьацца бен ког ца баккхалуш, кхин а букар а таьIна, хала йогIура Баянт. ХIара ишттта йогIуш, хIургонахь вогIучу цхьана стага, оцу хIургонара охьа а воьссина, Баянт саца а йина,

[1] Арык – кхузахь: саьнгар.

и йистхилла йалале, цуьнан гали схьа а эцна, шен ги а тосуш, элира:

– Баянт, схьайола хIургон тIе.

БIаьргех оьхуш хиш а долуш йогIучу Баянтана, шен бIаьргех йовлакх хьаькхна, хиш дIадаьхна, дIахьаьжча бен ца вевзира шайн колхозан бригадир Иван. Гихь и хьаьжкIийн гали дукха хала схьатекххийна, энаш доьлча санна лацабелла букъ кхо дIанисбича, эвнаш детташ, лозуш бара. ХIара хIургон тIе кхоччушехь, цу тIерачу мехкарша гIо а деш, айъина тIе а йаьккхина охьахаийра Баянт. Ткъа Абубешар, кхин эхь ца хеташ, литта санна, меллаша хIургонна тIехьа охьахиира.

Хье ца луш хIорш базара дIакхечира.

Иванний, цуьнца берший, Баянт йалташ духкучу йуккъехь шен хьаьжкIаш йохка дIа а хIоттийна, дIабахара. Ткъа Абубешар, гарна кхоьруш, шегарчу ахчанах цхьа ткъа туьма ахча Баянте дIа а делла, базар йуккъе вахара. Воьддушехь буфете а вахана, цхьа стака дуьззина къаьркъа а мелла, йайн хIума а кхаьллина, бIаьрг серлабаьлла Баянт йолчухьа схьавогIу Абубешар ша зуда йалайале бегаш беш хиллачу жерочунна Асетана тIеIоттавелира.

– Асет, хьо йац иза? Деллахь, ма хазахийти суна хьо гина! Хьо базара йеанера? – элира Абубешара, ницкъ ма-кхоччу шен аз кIеда-мерза дан а гIерташ.

– Мехехь карайахь, цхьа гали картолаш а оьцур ас аьлла, базара йеанера со. Хьо хьо ма ву, Баянт ца йеана хьоьца? – аьлла, шен карара гатанан тIоьрмиг шена йуххе лаьттачу картолийн гали тIе а биллина, оцу тIе охьахиира Асет.

– Баянт йитахьа. Хьуна ца хаьа-кхи, Асет, хьо гина суна мел хазахетта. Со зуда йалийна охьахиъчий бен, ца хиира суна, сайна хьо мел йезаш хилла. Бакъ ма дара, Асет, хьо резахилча, ас хьо тховса йалориг хилар, – аьлла, катоьхна шен куйнан маьIиг кхин а саттийна йахйира цо.

– Хьо вехна-м вац? Ахь дуьйцург хIун ду? Хьан-х сурт санна хаза, зударех йала а лур йоцуш, нисйелла зуда йу! Сел вочу хьоьгахь и хIун аьлла Iа-м, ца хаьа суна. Хьо а хьаха ду хеназа зуда къанйен тайпа.

– Ма дийцахьа, Асет, хьаштдоцург. Ахь и дийцахь, хьуна со вовза а ца вевза-кх, – аьлла, цуьнан йуьхь шена дика гайта, цхьа гIулч кхечу агIор а ваьлла, дIахIоьттира иза.

– Вевзара, хьаха, суна-м хьо, ботт а тIехь. Хьо оцу хьайн кIархашна крем хьоькхуш, уьш къага а беш, и хьайн адамийчех тера доцу мекхаш а хьийзош, ницкъ ма-кхоччу зуда а йацош, со-м къонах вай бохуш, даккхий къамелаш деш, цIийнан, кхерчан бала а боцуш, волавелла лелар волуш стаг ву-кх, – аьлла, гали тIера хьала а гIаьттина, шен коьртара йовлакх то а дина, къайллах ша дина къамел Абубешара тIе муха ийци а хьожуш, гали меттахъхьадира цо.

– И гали меттах ма хьедо ахь? Хьо и дIадахьа гIертахь, ас гIо дийр ду хьуна.

– Айхьа ца ден дерг ма дийцахьа, хьо мича вешар вара зудчунна хьалхара гали дахьа!

Марха санна кхоьлина лаьттачу Абубешара, цо шега и оллушехь, Асетан и доккха гали, махехь хьовза а дина, белш тIе а тосуш, элира:

– Хьуна со ма ледара къонах хета? Алал соьга, мичхьа дахьа деза хIара.

– Хьуьлла, базаран кех арадаккха дезаш ду и, – аьлла, кхунна хьалха а йаьлла, Асет ков долчухьа дIайолайелира.

Абубешар, шен гирда санна болу куй бIаьргаш тIе беанчуьра хьала а теттина, дIаса а хьаьжна, чехка Асетана тIаьхьаволавелира. ХIара вевзачо, гали дохьуш вогIуш шена хIара гича, кхунна ша гинийла хаийта, элира:

– Хьо гали дохьуш вогIу, Абубешар? – аьлла.

Цунна жоп а ца луш, болар сихдина, кел ара а ваьлла, Абубешара хIургонна тIе а даьхьана, цу тIе диллира шен белш тIера гали. Асет, хIургонна тIехаа безам болуш, хIургонан тIаьхьара чкъург йолчухьа йелира.

Ткъа Абубешар, цхьа гIулч хIургонна йуххера йуха а хилла, ког хьалха дIа а тесна, пIенда санна аркъала сеттина, хаьн тIе лахо озош куьг а тесна, ша муха хета хьуна аьлча санна, дIахIоьттира. Цуьнга леррина хьажа а хьаьжна, Асета элира:

– Баркалла, дика гІуллакх ди ахь. Вуьшта, бакъдерг ца аьлча Іалуш йац со. Суна деанехь а, хьайн зудчунна хьалхара-м ца дохьу ахь иза.

– Ма алахьа, Асет, харцдерг. Йуьрто а дуьйцуш йукъ лергина шинара хуьйла сох, хьо соьга йагІахь, ас хьо куьйгаш тІе а йиллина лелор йацахь.

– Куьйгаш тІехь ца лелайахь а, гали а гихь-м лелор йара хьуна ахь со, – аьлла, милка тІе ког баьккхина, хІургонна тІе а йаьлла, то а йелла охьахиъна, Асета тІетуьйхира: – МаІашка безам баханчу эмкало санна, цахиндолчаьрга ахь сатийсахь, лергаш а доцуш вуьсур ву хьо. – Иза а аьлла, хІургонна хьалха Іачу жимачу кІанте йист а хилла, говраш дІайолайалийтира Асета.

ХІургон, чехка урамехула дІа а хаьхкина, къайлайелира.

Оцу кьамело вагийна, дукха оьгІазвахана, бІаьргаш хьалха бода а хІоьттина лаьттачу Абубешара ша шега бохура: «Со валарг-йаІ, хьо боьрша стаг а хилла, оцу хьан лерган догІан тІе, зингатийн туьйлиг хьийза моттуьйтуш, тІара дахийта! Муха ца хир хьо цхьана-шина кІиранна мукъана сан зуда? Ас Іад дийр дара хьох», – вон гІам-гІим а дина, йуха базара йукъа вогІуш, хаза шкаф а эцна, ша схьакхачаре хьоьжуш лаьтта Баянт карийра Абубешарна.

ХІара шена тІе ма-кхеччи, Баянта элира:

– Хьо ма хьевели? Хьажал ас эцначу ишкапе. Хаза йуй?

– И-м тоьур йара. ХІан, йалал, ги йоллал и, цІа даха деза вайша.

Абубешара и аьлча, цо бегаш бо моьттуш, Іадда лаьттара Баянт.

– Стенна хьоьжу хьо охьа? Же, йала чехка!

– Со бежана ду-м, ца моьтту хьуна? И гали кхуза схьатекхийна, букъ лозуш йу со-м.

– Деллахь, ма атта а лозу-кх хьан букъ! Эхь а ца хетий хьуна, цхьа дош а дина, и дийца? Же, хабар дитал, схьайтал бухка, ас ги йуллуш гІо дийр ду хьуна, – элира Абубешара, шек а воцуш.

Баянта ойла йира, кхо хІун до хьажа йеза ша аьлла.

– ХӀан, дӀалаца бухка.

Абубешара бухк а дӀалецира, Баянта охьа а лахйелла, шкафан бухарчу уьнах ши куьг а тесна, Абубешаре гӀо а дойтуш букъ тӀе йиллича, шкафан йозалла Баянт бертал кхеттаза йисира.

Амма шена хала делахь а, Баянт, Абубешара хӀун до хьожуш, лаьттара. Абубешар, ницкъ ма-кхоччу чехка, и шкаф бухкарца цуьнан букъ тӀехь чӀагӀйан гӀерташ воллура.

Кхушимма лелориг гуш лаьттачу кхеран колхозерчу воккхачу стага Селимгирас, тӀе а веана, элира:

– ХӀара, Абубешар, оцу ишкапна тӀоьхула тӀе хӀунда ца хуу хьо?

– ХӀунда боху ахь? – элира цо дечу къамелах шекваьллачу Абубешара.

– Ас дера боху, хьуна цӀа ваха атта хир долу дела, – аьлла, Абубешарна Ӏуттуш жоп делира оьгӀазваханчу Селимгирас. – ДӀахьажахьа оцу зудче! Иза-х оцу ишкапа бухахь гуш а йац. Адам дац хьо? Эхь ца хета хьуна оццул йеза и ишкап, бежанна санна, цуьнан ги йолла?

– И хӀун бехкаш ду ахь дохурш, ва Селимгира? Ас сайн ги йолла-м ца йеза иза?

– Йеза-те, цуьнан ги а ца йуллуш-м! Хьан доьзалан нана хила а йезаш, хьан зуда йац иза? Цхьана а гӀиллакхца, оьздангаллица, къонахаллица, акхараллица бен, догӀуш хӀума дац хӀара ахь лелош дерг. ДӀахьажал, оцу го а бина, хьайга хьоьжуш, оьгӀазбахана лаьттачу нахе. Эхь ца хета хьуна царах? – аьлла, Селимгирас шен къамел хадийра.

Абубешар кӀелдӀахула нахе дӀахьоьжуш воллуш, Баянта охьахецначу шкафо, Абубешаран гола а лазош, лаьттах кхетта, доккха тата даьккхира. Дика ира а хӀоьттина, Баянта, Селимгире а хьожуш, майрра элира:

– Шек а ма вала хьо, Селимгира, сан ненасара, со кхера-м ца кхоьру хьуна кхул тӀаьхьа цо сайн ги хӀума йилларна. Со, йалош кхо сайна биттинарш аьшпаш буй а ца хууш, Ӏеха а йелла, йеара. И КӀацин нускал кхин хир дац кхунна. Ӏе хьайна хӀинца, оцу

хьайн куйнах ка а детташ, хьайн шамали а лоьгхуш, Абубешар, аьлча а, ва бекъа, – аьлла, Баянта, генайоццуш лаьттачу такси тIе а хиъна, «Победа» дIаэккхийтира.

Дукха воьхна, ша хIун лeладо а ца хууш, лаьттара Абубешар, цкъа Баянт дIайаханчу машенна тIаьхьахьаьдира, машен къайлайаьлча, йухахьаьдира.

Абубешар, йуха а веана, шкафа тIе а тевжина, гIелвелла лаьттара. Дукха холчухIоьттина, цуьнан йуьхь, оза а йина, йаххйеллера, лахара балда, наб озийнчу говран санна, олладеллера. ХIара иштта лаьтташ, хIургонахь цIа воьдучу Джунида, ишкап тIе а йиллина, цIа вигира Абубешар. Ша кетIа кхоччушехь, ишкап чехка охьа а йиллина, хьаьдда чуиккхира иза.

Амма Баянт-м шен хIуманаш а, шен шинара а эцна дIайаханера.

Дукха дог даьттIа, кетIа а ваьлла, хи чу Iоьттина котам санна, Абубешар оллавелла лаьтташ, ведда цунна тIе а веана, цхьана жимачу стага элира:

– Абубешар, вайн колхозан парторго ваийтина со, кхана Iуьйранна хьоьга шена тIевола ала.

– ХIунда кхойкху, хаьий хьуна?

– Билггал ца хаьа суна. Вуьшта, массо а хьуна чIогIа оьгIазвахана-м ву, – аьлла, дIавахара и жима стаг.

Иза дIаваханчул тIаьхьа кхин а чIогIа ойла йан хIоьттира Абубешар. Ша хIинццалц схьабеанчу некъан дика ойла а йина, цо сацийра, шен луларчу Мохьмадал вахарехь, леларехь, зудчуьнца йолчу йукъаметтигна а тола. Цул тIаьхьа Баянте цIайар доьхуш дехар дан. Оцу ша дан сацийначух сакъераделла, кхо хьалаайъина куьг, аьттан маIа санна, дIа а йахана лаьттачу кхуьнан куйнан маьIигах кхийтира. Иза шен цунах дIакхетташехь, шена дагадеанчух сакъераделлачу Абубешара, коьртара схьа а баьккхина, и шен боккха, месала куй, махехь хьовза а бина, лаьттах тоьхна, ченан кIур эккхийтира.

*Айдамиров Абузар*

# КХОЛЛАМАН ЦХЬА ДЕ

*(Повестан дакъа)*

Гобаьккхина лаьмнаш долуш, тогІехь, шина республикин дозанаш къаьстачохь, нийсачу экъан тІехь, нийсачу урамашка йоькъуш, йиллина йурт йу. Дукха хан йац иза йиллина. Урамашца дийгІина гІаргІанаш хІинца а шайн къоначу хенал тІех ца девлла. Иштта къона ду бошмашкара стоьмийн дитташ а. Кхо-диъ шо хан йелахь, кхин хан йац стом ло. Хаза кхиа йоьлла бошмаш, толуш лаьтта урамаш, цІенош.

Иза хІокху ламанан районан центр йу. Кхузахь бехаш нохчий бац, амма дийнахь ган тарло гондІарчу йарташкара меллаша гІаш, нисйелча, ворданахь, кхуза схьаоьху нохчийн зударий, божарий, бераш.

ХІокху йуьрта хІинца шозлагІа бен веана вац Муса.

ХІетте а цунна атта карийра кхузахь больница. Иза хетта кІорггера мотт ца оьшура. Больницин цІе йаьккхичхьана, муьлхха а кхетара оьшучух. ХІинца иза Іара, тІулган лекха бух буьллуш, йехха йиначу кІайчу гІишлон дуккхачу а корех шинна роггІана тІехІуьттуш. ЦІийнан тхевна тІе тоьхначу эчигна дайн татанаш деш тІедеттара догІа. Тхевнан маьІигашкахь охьаІенара чахчарешна чохь ІаьІна догІанан хи. ТІадийна, шелвелла Муса, хорша йеача санна, вегавора. Амма цунна шело ца хаалора.

Дехьо корехь хІоьттина лаьтта кхин а цхьа нохчи, коран ангалина тІе а теІаш, чІогІа мохь бетташ, чохь волчу цомгушчуьнца къамел дан гІерташ воллу. Мусана вевза иза. Покровскера Іалха ву иза. ТІом болабалале хьалха школехь хьехархо хилла Іалха. Фронтера нохчий цІабохкуьйтуш, иза Покровске веача, цунна дуьххьара тІекхаьчнарг Муса ву. ХІетахь Іалхина тІехь эпсаран духар дара, некха тІехь цхьа орден, шиъ мидал йолуш. ХІинца цунна тІехь эпсаран чоа ду, тІоьхула шуьйра доьхка а дихкина. Коьртахь – лергаш долу куй, когахь – хохолаш. Амма чоин бел-

шаш тІехь погонаш а, куйна тІехь седа а бац. Цул воккха цхьа ваша Сталинградана уллехь вийна.

ХІинца уьш кхо ваша ву. Массо а зоьртала, могуш, догдика. Покровскехь болх ца нисбелла, шен вежарийн доьзалшца лома, колхозан ферме балха вахара иза. Цундела уьш, дукха гІел ца луш, хене бовлуш бу. Бакъду, дукха хан йоццуш цомгуш хилла, кхуза больнице валийна цуьнан къена да. Цунна тІаьхьавеана хир ву Іалха.

Цхьа бутт хан йара Муса генна лаьмнашка лесхозе колхозана хьун хьакха вахана. ПхийтталгІа шо бен доцучу цуьнан-м ницкъ, дера, бацара хьаннаш хедо, уьш ломан басешкахула охьа хин йисте текхо, чехкачу хи чу а туьйсуш, охьахьийсо, лахахь схьалеца, аратекхо. Амма цІахь Іен йиш йацара. Цуьнан да кхузткъе итт шо хенара къена стаг ву. Иштта къена йу десте а. Оцу кхааннан кхин гергара а, йуьртара а стаг вац хІокху агІор. Йа уьш мича махкахь бу а, ца хаьа.

Цхьадика, хІорш кхоъ хІинццалц могуш лаьттира.

Схьадалийнчу хьалхарчу шина-кхаа баттахь шаьш цІера йеанчу ши гали хьаьжкІех гІетакх деш[1] Іийра.

ТІаккха, кхаш тІера кІен, мекхан кенаш лехьош, акха стоьмаш дууш, кІел ца диса гІиртира. Іа тІедеача, йалтех буьртиг боцуш дисира. Йалтех хаьдда бисинчу хьалхарчу баттахь чекхйислира церан мискачу йийбарх йохка а, хийца а мегаш йолу массо хІума.

ХІинца болх бийр бу бохург хьехочохь дацара.

Іа ма дара. Даьхнин фермехь ца бича, кхин болх а ма бацара Іай. Хилча а, къеначу шимма болх муха бийр бара? Ткъа десте десте йу. Уьш дика бехачу хенахь а меракІантаца къиза хилла иза. ХІинца, къелло гатбича, гуттар а карзахйаьллера. Да чохь воц-воцчухула Муса хьийзавора цо, сагІа деха гІо бохуш. Цо дуьххьара шега и дешнаш аьлча, Іадийча санна висира Муса. СагІа деха! Нохчаша даим эхье леринарг! Йа цунна а, цуьнан ворхІе дена а ца гина сагІа доьхуш нохчи! Мусас дуьхьало йира. ТІаккха церан жимачу доьзалехь дов доладелира. Бакъду, шен

[1] ГІетакх деш – кхузахь: кхоош.

зудчунна, кӀантана йуккъехь долу дов дена ца хаьара. Мусас дукха садиттинера дестечуьнгахьара хуьлучу цатамашна. Къеначу ден дог ца доьхчахьана, ша бахьана долуш цаьршинна йуккъе вас ца йоьжчахьана, шена цатам хиларх могуьйтура Мусас, амма дестечо хӀинца тӀеӀуьттург дан йиш йоцуш гӀуллакх дара. Мацалла велча а.

– Цхьанна гахь, тӀаьхьарчу тӀаьхьенна а тӀехтохам хир бу. Ас дийр дац иза, нана, – йухагӀоьртира Муса.

– Мацалла дала деза вай? Йа къена со, таьлсаш коча а тийсина, арайаларе дог доху ахь? Йа, хьо цӀахь хиъна а Ӏаш, хьан къена да хӀитта веза нехан неӀаре? – тӀекъекъара цунна десте. – Вайнах боццуче гӀо. Районехь Ӏаш цхьа а нохчо вац. Йуьрта йуккъе а ца хьийзаш, йистошкахула хӀума йеха. Адам дика ду. Жима хьо неӀаре хӀоьттича, кхалла хӀума ца луш вуьтур вац.

Муса вист ца хилира. ДӀа ойла йича, цхьана агӀор бакълоьра десте. СагӀа деха эхь ду бохуш, кху чу а дийшина мацалла дала йиш-м йац. Шена хьалхара да вохуьйтийла а ма дац. ДависаргйаӀ, Мусал хьалха кхечо дӀадолийна мукъане а делара. Мусана ца лаьара и эхье гӀуллакх шегахула дуьххьара къомана тӀеэца. Хьанна хаьа, къайллаха, иштта цхьацсанхьа кхиберш лелаш хила а ма мега? Цо динарг диса а ма тарло, цхьанне а ца хууш. Амма, хаахь? ХӀан-хӀа, иза дуьйцийла а йац! Цул-м мацалла валар гӀоли ду...

Масех де делира цуьнан даг чохь къийсаман дарц хьийзаш. Де дийне мел дели ойла дестечо аьллачунна тӀетийжара. Бакъду, шен дуьхьа дестечун дуьхьа данне а дацара цуьнан ойла хуьйцург. ТӀаьхь-тӀаьхьа гӀеллуш, мажлуш, кӀелвуьсуш лаьтта шен къена да гича, дог дешара цуьнан.

«ХӀан-хӀа, кӀелхьарвала некъ лаха беза, – сацам бира цо тӀаьххьара а. – ХӀара мацалла а валийтина, мацца а цкъа кхуьнан, сайн вежаршна тӀекхаьчча, ас хӀун ала деза?»

И сацам хиллачу шолгӀачу дийнахь Ӏуьйрре гӀаьттина, пхьаьрса кӀел тӀоьрмиг лаьцна, кху йуьрта веара Муса. Цхьана урамехула масазза а дӀасавахара иза, масазза а цхьацца цӀенойн кетӀахь

сецира. Амма даго ца вуьтура, кевнах чоьхьа а ваьлла, неIаре вахана, хIусамдайшка куьг кховдо. Iожалла! Стенна кхоьру иза цунах? ХIун ду шен, шен доьзалан, шен къоман сийл деза? Сий дайна вехачул-м валар гIоли ма йу!

Вала хIунда ле? Буьйсанна ара а вуьйлуш, йолччуьра лачкъийча? СагIа доьхучул-м къола дар тоьлу!

Оцу ойланаша Iехош, шена хаа а ца луш, йуьртах араваьккхина Муса, йуьрта йисттехь лаьттачу цхьана дехачу, тишачу божална тIеIоттавелира. Баьсса тIоьрмиг карахь дестечунна хьалха гIойла а ма дац.

ТIоьхула тIе, уьш кхоъ меца дара. Миччара йаьккхина а, пхьуьйрана хIума йахьа йезара. Ткъа хьанна хаьа, оцу божалахь каро а ма мега пайдехьа дерг.

ДIогахула котамаш лела йежаш. Божал чуьра «хур-тIур» деш араиккхира ши хьакха. Цхьа хIума ца хилча, хьийзар ма йацара уьш оцу чу. Ма дика хир дара оцу чохь цунна хIоаш карийча!

Муса божал чу велира. ЦIенкъара нехийн баьрзнаш кегош кхин а шиъ хьакха йоллура. БIаьргаш жимма боданах боьлча, Мусана хиира, и баьрзнаш мацах цкъа гурахь буракаш, жIонкаш, копастанаш цIанйеш дIатийсинчу лоьдгех хилла дуйла. Бехк ца хилла хьакхарчийн уьш кегорах.

Муса чуваьлча, шайн болх битина хьалатаьIира ши хьакха. Цхьанна кIомсарш йукъа лаьцна йоккха кIайн бурак йара. Мусан ши бIаьрг серлабелира.

Хьакхин багахь дерг жовхIар хиллехь-м, тергал а дийр дацара цо. Цунна гург дийнна бахам бара. Цуьнан меца са йухадерзо ницкъ болуш. Шен цергех теснaчу хих къурд бина, божалан неI тIе а чIаьгIна, хьаьвдех хьокха а баьккхина, тIеволавелира иза. Дуткъий доца цIагарш хьала а саттийна, «хур-хур» деш, дIаиккхира ши хьакха. Масазза хьокха тоьхча, эххар багара бурак охьатесира хьакхано. Схьаэцна, хечех хьаькхна, тIера шеташ дIа а йаьхна, Iуьйшуш хан ца йойъуш, йиъна чеxкйаьккхира цо. ТIаккха, неI йиллина ши хьакха ара а хецна, баьрзнаш тIехь цаьршиннан меттиг дIалецира.

Дуьххьара карийнчу жимачу буракo дог-ойла гlаттийра цуьнан. Нехаш кегор-м эрна хир дац! Таханенна десте lеххол хlума карайахьара. Кхана цхьа гlайгlа бийр бара цо. Ши жlонк! Копастан дог! Хlан-хlа, хlара болх иштта каде хилахь, церан хlусамехь масех дийнахь йаахlума хир йу!

Цхьа-ши сахьт далале Мусан тlоьрмиг йуккъелц буьзира. Амма, шена карийнчу хlонцах бlаьрмециг вуьйлуш, цо кхин дlа а кегайора нехаш. Хlан-хlа, кхин, карийча а, цуьнга йахьалур йац. Кхана йуха а вогlур ву иза. Амма хlара меттиг къайлехь латто йеза. Нагахь цхьанна хаалахь, адамаш гlертар ду кхуза. Тlаккха цара цхьана дийнахь къажбийр бу хlара баьрзнаш.

Муса кхийринарг хила а хилира. Иза мел къайлехь латто гlертарх, нахана хиира цо и беркат мичара кхоьхьу. Кхо де далале наха уьссазза тlекlел дехира и баьрзнаш. Церан доьзал йуха а меца бисира. Хlинца, къола ца дича, кхин некъ бацара кlелхьарвала.

– Дада, вай иштта мацалла далла lийна девр дуй-те? – элира цо цхьана суьйранна шен дега.

– Ца lийна, хlун дийр ду вай? Со къена ву, хьо жима ву. Болх Далла тlе а биллина, совцур вай. Рицкъанаш Делехь ду, – суьлхьанаш хьийзочуьра йукъах ца волуш, жоп делира цо.

– Наха, къола дой а, шайна рицкъ лоху. Изза дийр ду ас а...

Ден карара суьлхьанаш охьаийгира.

– Хlун элира ахь? – тевжина lачуьра охьахиира иза. – Къола? Хьанна дан воллура хьо къола? Хьо хьера-м ца ваьлла?

Дена тlейеана моха сихха дlайелира, кlант шена дуьхьала вист ца хилча.

– Варийлахь, Муса, кхин цкъа а дага ма даййталахь иза. Къола дар дика гlуллакх дац. Бусалба динехь дихкина иза, нохчийн гlиллакхехь оьзда дац иза. Хьо хьенан хlун лачкъо воллура? Кхузара бахархой а ма бу шайна дита а, вайна дала а доцуш. Шаьш оццул хала бохкушехь, шайн долчух вайна дакъа дан а гlерта. Эхь ма дара вайна, оццул дикачу оцу адамийн рицкъа тlе къайлаха куьг кховдийча.

– Ас неханиг лачкъор йац, ткъа колхозниг лачкъор йу... – халла къаьсташ вистхилира Муса.

– Цуьнан хIун башхо йу? Колхоз а, пачхьалкх а адамийн йу. Дерриг а ду адамийн къинхьегамца IаIийна. ТIоьхула тIе, колхозо а, пачхьалкхо а до вайна гIо. Колхозо лучух хене ца девлла вай дIайаханчу аьхка а, гурахь а? Варийлахь, мегар дац хьуна! ТIехь дола дан да-нана доцчара хIуъа леладарх, иза хаза ду, ма мот-талахь. Эхь ду, хьуна, иза. Вай кхоъ бен дац, башха, мацделча, делха бераш дац. ХIинцца бIаьсте тIейогIур йу, тIаккха нитташ, хохаш гучубевр бу.

Хьовзийна чекхдаьхна суьлхьанаш хьарчийна, гIовталан ки-сана а таIийна, тIаккха дехха доIа а дина, йуха а цунна тIевирзира да.

– ДагадогIий хьуна, кIант, хьо доьшуш волуш, буьйсанна ахь суна дIайаханчу пачхаьхьан заманахь адамашкахь, къаьм-нашкахь латтийнчу Iазапах лаьцна, революцех, вайн махкахь советан Iедал хIотторах лаьцна книжки тIера хабарш дийцина? – хаьттира цо Мусага.

– ДагадогIу, дера-кх.

Цхьа-ши шо хьалха ма дара иза. Цкъа иза «Чрезвичайни комиссар» книга йоьшуш волуш дена гира цу тIехь нохчийн суьрташ. Цо дийхира и книга шена хозуьйтуш йешар. Ши бIаьрг хьаббой, меллаша суьлхьанаш а хьийзош, вист ца хуь-луш, резахуьлий, наггахь корта а таIош, лерина ладоьгIуш Iара иза.

Цкъа Муса кIадвелла сецча, цо дийцира, шаьш, нохчийн къехоша, Советан Iедалехьа къийсам латторах, шена цкъа Орд-жоникидзе гарах лаьцна, кхин, кхин а дуккха а.

– Ткъа шо хьалха йокъанаш хилла, мацалла хIоьттира Укра-инехь. Мацаллех бевдда, хене бовла рицкъ лоьхуш, вайн махка баьржира Украинера, Кубанера дуккха нах. Божарий, зударий, бераш. Доьзалшца цхьаьна. Меца, берзина. Нохчийчохь ца хIоьт-тинера мацалла. Лаьмнашкахь Iалашбеллера бахам. Цундела гIертара уьш цига. Амма йаа сов сискал йолуш нохчий а бацара.

ХIинца тIедаьхкинчу вайгахь а, кху бухахь долчу къомехь а долу хьал хIоьттинера Нохчийчохь. Бакъду, вай кхуза дукха далийна. Вайна тIе баьхкина гIалагIазкхий кIезга бара. Уьш вайна тIе шайн лаамехь баьхкинера, ткъа вай – нуьцкъала схьадалийна. Со хIун ала гIерта аьлча, оццул шаьш гIаддайна боллушехь, цкъа а цхьамма а нехан хIуманна тIе куьг ца кховдийра цара. Лачкъа а ца йора, йеха а ца йоьхура. Цара болх боьхура. Къахетара мисканех. Меца, дерзина бераш гича, дог дешара. Дуьххьал дIа йуучух болх бора цара.

Амма хала дара царна а, тхуна а. Мисканаш, хIинца вай санна, массо а шайн синошкахьа бевллера уьш. Наношна совдевллера шайн бераш. Церан ницкъ бацара царна кхача латто, уьш дузо, уьш мецачу Iожаллех кIелхьардаха. Ткъа бер хьоме хIума йу. Гуш лаьттташехь уьш мацалла далийта ца лаьара наношна. Цундела цара лехара уьш гуттаренна а шайна тIелаца нах. Бераш доцучу доьзало схьаоьцура уьш. Гор, Муса, йаI, ирс долуш ву хьо, и наной ца гина! Кхечу къомана йуккъехь девзаш доцучу адамийн кара бер дIа а лой, маьхьарца йуьртах йолура нана. Бер тIелоцуш стаг ца карийча, иза буса эвла йуккъе йа некъа йисте охьа а дуьллий, шена цуьнан мохь хазарна кхоьруш, шина куьйга лергаш а къовлий, къаьхьа бIаьрхиш а Iенош, Iадийча санна дIахьаьдда йоьду нана гича, цунах дог Iаьвжий, боьлхура тIеман цIергахь бахчабелла йуьртара къонахий. ДагайогIий хьуна ПетIамат, Элижа, Мархст? Вайна тIоьхула агIор басахь цIенош долуш волчу Кераман Жабраил? Хьаьрса а волуш, нохчийн мотт шера а ца бийцалуш? ХIетахь иштта вайн йуьртахь дисина, оцу наха кхиийна бераш дара хьуна уьш. И дерриг а цахуучунна моьтту, и бераш оцу нехан ду, и нах оцу берийн дай-наной бу. Кхин а дуккха а дисира иштта бераш. Амма, ши-кхо шо даьлча, меца хан дIайаьлча, йуха баьхкина, цхьадолу бераш шайн дай-наноша дIадигира. Уьш диъ дисира. Хьанна хаьа, церан наной белла хила а мегара. Масех жима зуда, вайнахе маре а йахана, шайн доьзал а болийна, вайна йуккъехь йисира.

Да, ойлане ваьлла, цхьана ханна вист ца хуьлуш, сецира.

– Гой хьуна, Муса, цхьа де цхьаьнгахь ца лаьтта. ХIара пачхьалкх вайн цIа ду, ткъа хIокху чохь деха къаьмнаш цхьа нана-доьзал бу. Йиша-вешех цхьанна цхьа бохам, цхьа халахетар хилча, биснарш, цунна гIоьнна, цуьнан дог эца гIоьрта. Ишттa, шайн ницкъ ма-кхоччу вайна гIо дан гIерташ, вайн лазамна дарба лоьхуш лела кху мехкан къаьмнаш а. Царна йамарт хилча, нийса хир дуй? Хьуна дагадеанарг дика хIума дац. Тахана тIамехь дакъалоцуш ду дерриг адам. Герз лело хьуьнаре волу массо стаг тIамехь ву. ЦIахь бисина зударий, къена нах царна дуург, тIедухург, герз латтош бу. ЦIахь долчу вай болх ца бахь, вайн барт ца хилахь, вай къоланаш дан долахь, меца, шийла дуьсур ду. Вон хьоьгур ду, лийр ду. Амма йерриг халонаш ловш, сатухуш хила деза вай. Вайначул мел хала ду тIамехь болчарна. Ахь дIаладоьгIча, цхьа а доьзал бац кхузахь тIамо да, кIант, ваша веза. Цхьа а доьзал бац кхузахь кийра буззалц сискал йууш. Цара садетта. ХIетте а, оццул холчохь шаьш бехашехь, цара шайн ницкъ кхочу гIо до вайна. Царна къола дан гIертар дика ма дац. Эхь ма ду иза. Далла а, Iедална а хьалха гIиллакх доцург ма ду ахь дагалаьцнарг. Сатоха деза, собаре хила веза, Муса.

Мусас сатуьйхира. Цул тIаьхьа, дукха хан йалале, цунна хезира хьун хьакха лесхозе нах бохуьйту бохуш. Баттахь болх бан цига воьдучунна ши пунт хьаьжкIаш, кийла моз, кийла даьтта а лора. Цига ваха сацам хилира Мусан. Бакъду, колхозан председатель Сапар дикка йухагIиртира иза цига ца вахийта гIерташ. Жима ву, бохура. Амма мичхьа бара цунна цига бахийта баккхийнаш? Бан а бацара-кх. Зударшка далург Мусага а далур ма ду. Муса къар ца лой хиъча, эххар а резахилира Сапар. IIена йелла сурсаташ йерриг цIахь а йитина, накъосташна тIаьхьа а хIоьттина, лесхозе вахара Муса. Цхьадика, цуьнца цига баьхкинчу оьрсийн зударшкахь, гIиргIизойн баккхийчу нахехь жимма хIума йара. Иза цIахь доьхна хьал дитина веанийла хуучу цара, шайгахь йолчух кIез-мезиг хIума луш, меца ца витира.

Хьун хьакха вахана бутт кхочуш, лулахоша цуьнга хабар кхачийра, да-нана чIогIа цомгуш больницехь Iуьллу, чехкка цIакхача аьлла.

ХIинца иза больницан корехь ву. Цкъа, воьдий, десте чохь Iуьллучу цIийнан коре хIутту, тIаккха да волчу вогIу. Оцу шина кора йуккъехь некъ биллина цо. Амма, корах чухьежар бен, кхин цаьрга вист хуьлийла дац. Десте гуттар а чIогIа йу. Иза синкхетамехь йац. Муса коре хьаьвзича, Мохьмад цкъа, халла охьа а хиъна, вистхилира. Амма Мусана ца хезира цо дуьйцург. Мохьмад йуха а дIатевжира. Муса вехха хьийжира кIайчу гIайбех халла бен ца къаьстачу ден кIайчу може, мокхачу йуьхь тIерачу буткъабеллачу мере, нур дайначу бIаьргашка... Коьрте хьийза цхьаннал ирча тайп-тайпана ойланаш. Беснеш тIоьхула охьаледара дуьра бIаьрхиш.

Садукъдан санна, логе хIуьттура хораман шад. Цо беснеш тIе куьг хьоькху, мара ийзабо. Амма ледачуьра сацац йа ши бIаьрг а, йа мара а.

Маржа, дуьне, йаI! Леш доллу-кх и шиъ. Iожалла-м хIоранна тIехIотта йезаш киртиг ма йу. Дай-наной а даим лаьтташ ма бац. Мацца лей а, цкъа ле уьш. Муса ша а лийр ву цкъа.

И дац цуьнан дагна бала бинарг. Цуьнан ши бIаьрг догIанах белхориг, цуьнга сауьйзуьйтург кхин ду.

Даймахке, доьзалшка, йиш-веше сатуьйсуш леш доллучу цаьршиннах къахета. И шиъ делча, цо хIун дийр ду цаьршинна? Больницера цIа дига деза, дIадолла кечдан деза, дIадолла деза... Мила вер ву цунна улле? Хьан дийр ду цуьнан жимачу дагна маслаIат? Муха воьрзур ву иза шийлачу, йаьссачу, къечу хIусаме ша? ХIун хир ду цунах цаьршиннал тIаьхьа? Мичхьа бу-те цуьнан йижарий? Дийна вуй-те ШахIид? Хаац-кх царна тахана Муса де доьхна хьийзийла...

Кийрара мохь ца балийта гIерташ, дог къийлира цо. Дехьо коре хьийзачу Iалхех эхь хетара велха.

Муса жима ма вац, цуьнан пхийтталгIа шо ду. Хаза хир ма дац, иза воьлхуш гича. Амма ма чIогIа кийра хьаьвзина хIара бала? Логге хьалагIерта иза, кхидIа сецалац иза...

Веза Дела, хаац-кх цхьанне а хIокхуьнан кийрара къаьхьа бала. Мохь аьлла ша велхале, Iалхина генавала гIоьртина, боль-

ницана гонаха йолчу керта тIе хьоду иза. Амма цуьнан ницкъ ца кхочу оцу масех секундехь сатоха.

Цуьнан кийрара къора мохь болу...

Дог йухадерза ца туьгуш, букъ тоьхна, пенах корта а таIийна, вехха лаьтта иза цигахь. Цунна ца хаало Iалха шена тIевогIуш а, цо шен белша тIе куьг дуьллуш а.

– Ма велха, кIант, – хеза цунна гIенах санна. – Ма велха. Хьо жима велахь а, нохчочуьнгахь товш дац велхар. Дика тIедеача, куравала ца веза, бохам тIебеача, велха ца веза. Халонна тIеIоттавелча, гора вужуш ца хуьлу, ткъа берриг ницкъ тIе а гулбой, текхаш вахана а, хьалха дIавоьду! Хьалаайъал хьайн корта!

Мусан букъа тIехьахула дIа куьг а дохуьйтий, иза шена тIеозаво Iалхас. ТIаккха, цуьнан пхьарс а лоций, цуьнца цхьаьна больницехьа дIаволало.

– ЦIе хIун йу хьан?

– Муса йу.

– Гой хьуна, Муса, хьо оцу шина коре хьийзаш, тергалвеш Iийра со. Суна гира кийра хьаьвзинчу балано бIарзвина, сайх къаьхкина хьо йуьстаха волуш. Стаг даим могуш а ца лаьтта, даим дийна а ца лаьтта. Амма, цомгуш хиларх, чIогIа цамгар кхетарх, даим леш а ца хуьлу. Суна тахана гина хьан да-нана. Нана чIогIа йу, амма Мохьмад гIолехь ву. Да-нана даим лаьтташ дац. Церан дай-наной белла, сайнаш а лийр бу, дерриг а лийр ду. Иштта ма ду дуьне. Хьуна иза хаьа. Хьо бIарзвинарг кхин ду. И ший а лахь, айхьа хIун дийр ду-те, царал тIаьхьа хьайх хIун хир ду-те бохуш, ойланаш йеш, бIарзвелла хьийза хьо. Оцу Дала мукъ лахь, и шиъ толур ду. Амма, Дала шайна тоьхна оьмар чекх а йаьлла, и шиъ лахь, церан вежарша, кIенташа лело дерг лелош, и шиъ дIа а дуллур ду ас, ткъа хьо хьайн нахана тIе кхаччалц, сайн кIентан санна, хьан дола а дийр ду. Хьуна оьшучохь да а, вежарий а хир ду тхо кхо ваша. Вохий ма хьийза. ТIоьхула тIе, хьуна цхьанна тIехIоьттина ца Iа хIара де. Цомгуш хилларг кху чохь лоьраша дика дарбанаш а леладой, товой, аравоккху. Да-нана деллачу берийн Iедало дола до. Ца гина хьуна эвла чу вуллучохь

гонаха беш йолуш долу даккхий, дехий, кlайн цlенош? Интернат йу иза. Нохчийн масийтта бер ду цигахь кхобуш. Даа а, тlедуха а ло царна, хаза чохь lен цlенош ду, кlеда, цlена мотт-гlайба йу, хьоьхуш хьехархой бу. Ша мел холчохь делахь а, lедало витац стаг бохамехь тесна. Вало, хlинца вайша Мохьмад волчу гlур ву.

Йеха, цlеначу сени чу ваьлча, цаьршинна дуьхьалкхийтира лорйиша.

– Шуна хlун оьшу, накъостий?

– Цомгашчу воккхачу стагана тlехlотта лаьара тхойшинна.

– Мила ву иза?

– Покровкера Мохьмад.

– Фамили?

– Хаац суна. Зуда а, майра а цхьаьний далийна и шиъ. Суна хетарехь, воккха стаг и дlо неl йолчу палатехь ву.

Лорйишас корта хьовзийра.

– Мегар дац цунна тlе ваха. Къамел дар дика дац цунна.

– Амма цунна тlе ца хlиттича ца довлуш хьал хlоьттина-кх тхан.

– Хlан-хla, мегар дац. Кхетий хьо, хlинца а и чlогlа ву.

Лорйишин пхьарс а лаьцна, иза а эцна дехьо а ваьлла, цуьнца лохха къамел дан хlоьттира lалха.

Наггахь Мусага бlаьрг тухуш, корта а теlош, lалхе ладоьгlуш лаьттара лорйиша. Тlаккха дежурки чу а йахана, ши халат йохьуш, сихха йухайирзира.

– Сагатдо ахь, жима стаг? – хаьттира цо, халат тlейуха Мусана гlо а деш. – Баккхий нах кестта, то а белла, цlабогlур бу. Воккха стаг вуьззина къонах ву. Оццул чlогlа кхетта цамгар эший цо. Тахана хlума а кхаьллина. Метта охьа а хуу. Са ма гатде, диканиг. Кестта цla догlур ду и шиъ. Жимма ахь сатоьхчахьана, дерриг а дика хир ду.

Хlун дара а хаац, lалхин а, оцу дог цlеначу оьрсийн йоьlан а дешнаша са паргlатдаьккхира Мусан. Лесхозехь наха шен дола деш, церан мах хадо ца хиира цунна. Хlетахь иза бохамехь вацара. Ткъа хlинца, бохам тlехlоьттича, цунна хьалха ша висина

моьттинчу хенахь хааделира Мусана ша цхьа воцийла а, адамийн дикалла а.

ХIара шиъ чукхаьчча, Iалхас делла салам дIа а оьцуш, хьала-айавала гIоьртира Мохьмад. Амма Iалха, цуьнан оза куьг схьа а лаьцна, белша тIе дайн куьг диллина саца а вина, уллехь лаьттачу гIанта тIе охьахиира.

Мохьмадца цхьана палатехь Iуьллуш кхин кхоъ стаг вара. Iалхина бIаьрг ма-кхийтти хиира, уьш мича къомах бу. Доккха сира ши мекх а, озачу йуьхьа тIехь боккха, беха мара а болуш волу воккха стаг гуьржи вара. Цунна дуьхьал маьнги тIехь коьртахь къорза тюбетейка йерг узбек вара. Сонерчу маьнги тIехь нохчийн жима кIант Iуьллура.

Мохьмадна уллерчу тумбочки тIехь, чохь миска даарш дара. Iаьржачу бепиган йуьхк, узбекийн кхаллар, йакъийнчу кемсийн кан, масех Iаж.

– Воккхачу стагана тIаьхьа даьхкина шу? – хаьттира гуьржичо. – Дика даьхкина. Дика адам ду Мохьмад. Оьзда стаг ву. Схьачувалийнчу хенахь гIуллакх дика дацара сан махкахочун. Амма тхо, Кавказан къена нах, мокхаз санна, чIогIа ду. Тхо лийр дац шуна, шайна паргIат Iелаш. Шу цIа дирзича, Мохьмад волчу хьошалгIа вогIур ву со. ТIаккха тхойша цхьаьний сан Даймахка Кахете гIур ву. Цигахь сан ширачу доттагIаша тхойшинна хьалха хIоттор йу чагIарх йуьзна чури. Тхаьшшинна хачапуриш йууш, тIе чагIар муьйлуш, чангула а лоькхуш, гуьржийн мехкаршца халхавийр ву. Амма сан генацвале реза вац чагIар мала. Шен цIархочо шайна дихкина, боху. ХIумма а дац. Ишттачу дийнахь тхан чачу маларх къа хир дац. Амма халха-м вер ву. Тхан йуьртарчу уггар хазачу йоIаца! ХIан, генацвале?

Мохьмада, вела а къежаш, корта хьийзабора.

– ХIара кхо стаг, кху чуйогIу и оьрсийн йоI ца хиллехь, чIогIа бIо оьшур бара сан, – элира цо, гуьржичун къамел сецча. – Шайна тIаьхьабеанчу кхачанах ах суна схьало. Ткъа ша балха йогIуш суна хIума ца йохьуш ца йеана и йоI цкъа а. Хьашт дац, ас йуур йац аьлча а, ца Iа. Хьайн зудчунна ло олий, дехьа

йохьуьйту. Цхьацца забарш йеш, сан дог эца гIерта берриг а. ХIара гуьржи ву самукъане стаг. Масазза а Нохчийчохь хилла ша, боху. ДIогахь Iуьллучу узбекан зуда йац. Ша товелча, цхьа жима зуда а йалийна, со ловзарга кхойкхур ву бохуш, забарш йо цо. Дика адамаш ду. Вайх чIогIа къахета царна. ХIокхара цамгар йаййина сан.

Чувеанчу шиннан дукха Iойла доцийла хууш, къамел сацийна дIатийра Мохьмадан накъостий.

***

«Гора, ШахIид, йаI, ма халачу хьоле вожийна-кх ахь со! – ойла йора Iалхас Мохьмадан лекхачу, хебаршка ихначу догучу хьаьжа тIе шен шийла куьг а диллина. – Хьанна моьттура, хьан доьзал суна кху хьолехь карор бу? Хьо дийна ву, хьо шайна тIекхочур ву моьттуш, хIорш Iа, ткъа хьо, хьо вина, хьо кхиийна нана – нохчийн латта, цхьана къацахетарша хьоьгара дIа а даьккхина, хьо байлахь витинийла хууш санна, генарчу белоруссийн лаьтто шен кийра эцна...»

...ДIайаханчу аьхка, фронтехь хьалхатеIачу советски эскаршца цхьаьна, июнан тIаьххьарчу деношкахь Бобруйск улле кхечира Iалха гIуллакх деш волу инарлин Плиев И.А. дошлойн-механизированни группа.

Цхьана суьйранна церан участкехь тIом соцунгIа а хилла, жимма садаIа меттиг йаьлла, шен эскадронца жимачу кIотарахь садаIа сецначу Iалхина тIевалийра цунна вевзаш воцу къона сержант.

– Накъост капитан, хьо нохчо вуй? – хаьттира цо, маршалла хаттар а доцуш.

– Ву. ХIунда хоьтту ахь?

Нохчийн, гIалгIайн халкъаш махкахдаьхначул тIаьхьа оцу къаьмнех болчу салташний, эпсаршний тIехь шатайпа тергам латтабора эскаршкахь гIуллакхдечу пачхьалкхан кхерамзаллин органийн белхалоша.

Ткъа вуьшта, кхечу къаьмнех болчу бIахаллин накъосташца вошалла ларделлера, цхьа а тайпа хийцам боцуш. ХIетте а,

органаша къайлаха лелочу эладитанаша, кӀез-кӀезиг буллуш, цатешам буллура цхьацціаннийн дегнаш чу.

Дукха хан йалале, массо фронтера нохчех, гӀалгӀайх болу могӀара бӀахой тыле дӀабигира. Изза кхоллам эпсаршна тӀе а кхочур буйла хууш, шайн полкан штабера стаг веача йа цига дӀакхайкхича, дог духура Ӏалхин.

– Кхузара дӀа генайоццуш цхьана йуьртахь чӀогӀа чевнаш хилла Ӏуьллуш сан доттагӀ ву... Нохчи ву иза, тахана хилла цунна и чевнаш. Валарна кхерам болуш хьал ду... Ша валале, ша тыле дӀавигале, шена тӀе цхьа нохчи кхачор дехна цо соьга. Цунна цхьанхьахула-м хезна кху полкехь хьо хилар. Кхетий хьо, накъост капитан, лачкъийна вигина а, хьо воцуш цунна тӀе йухаверза йиш йац сан... Хьайна хаахьара, тхойшинна вовшийн мел чӀогӀа дукхавеза. Тхан дивизин разведкин начальник ву иза. Ӏаламат майра, каде, хьуьнаре, догдика... ТӀом болабеллачу хьалхарчу дийнахь дуьйна схьа даим цхьаьна ву тхойша. Хьайна хаахьара, иза мел дика кӀант ву...

– Гена вуй иза?– хьаьттира Ӏалхас.

– Пхи-йалх километр.

Сихха полкан командирна тӀе а вахана, шена тӀеӀоттаделла гӀуллакх цуьнга дӀадийцира Ӏалхас.

Вуьшта а Ӏалха дог доьхна лелий хуучу полковника, дуьхьало ца йеш, оцу буьйсанна мукъа витира иза.

Говрашкахь воьду хӀара шиъ ахсахьт далале дӀакхечира йаьгна чим хилла лаьттачу хьуьна йуккъерчу жимачу йуьрта. Ларамаза дийна дисинчу деккъачу цхьана цӀа чохь Ӏуьллура чӀогӀа чевнаш хилла масех салти. Узарш деш, синкхетамах бевлла, харцлуьйш Ӏохкучу царна гонаха хьийзаш лорийша а, капитанан чинехь хирург а вара. Баьрччехь, кӀел сийна буц а йаржийна, оцу тӀе теснaчу плащ-палатки тӀехь берриг накха а, хьаж а бинташца дӀалаьцна Ӏуьллучу дархочунна тӀе вигира иза сержанта. Дархо, ши бӀаьрг а биллина, Ӏалхе хьаьжира. Цуьнан дог-ойла айалур йацара-те аьлла, салам делира Ӏалхас.

– Ва Ӏалайкум салам! Бехк ма биллалахь со хьалацагӀаттарна... – Дархочо са чу оьзча, цуьнан накха этӀачу левсих тарлора.

– Лейтенант Магомедов, хьуна къамел дар зуламе ду! – схьа мохь туьйхира корехь лаьттачу капитано хирурго. – Хьо тыле дӀахьажаваллалц, хьо кхоош, хьайн дегӀе жимма ницкъ баийта. ХӀинций-хӀинций машен кхочу бохуш, ладоьгӀуш Ӏа со.

Лейтенант велакъежира:

– Алексей Михайлович, со Ӏожаллех цкъа а ца кхийриний хуъушехь, хӀунда дуьйцу ахь иза? Со кхузахь вуьсур волуш ма ву. Цул, со а витина шу дӀадахале, жимма къамелаш де вай... – дархочо шен ши бӀаьрг сержанте хьажийра. – Баркалла хьуна, Вася. Шуна кхета хала болчу тхоьгарчу балано кхайкхийти соьга хӀара махкахо сайна тӀе. Айхьа суна мел доккха гӀуллакх дина, мел боккха там бина хьайна хаахьара, Вася... Тхо, нохчий, жима халкъ ду. Цундела эскарехь гӀуллакх деш берш а кӀезиг бу... Эзарнаш километрашка йахйеллачу фронтехь, масех миллион бӀахошна йукъахь цхьацца-шишша массанхьа а баржийна сан махкахой каро хала ду... Амма, даим санна, хьо ларий хьайна тӀедиллинчу халачу декхарца... Баркалла хьуна, Вася. ХӀинца, ахь бехк ца биллахь, ас кху сайн махкахочуьнца тхешан ненан маттахь къамел дийр ду... ЦӀе йиийцахьа... – Ӏалхе хьалахьаьжира дархо.

– Ӏалха йу сан цӀе.

– Мичара ву хьо?

– Веданара.

Дархо цхьана минотана садоӀуш дӀатийра.

– Суна хетарехь, сан оьмар[1] миноташка йирзина. Цундела сайна ала луург хьоьга сихха дӀаала гӀоьртур ву со... Нохчий шайн даймахкахь, шайн йарташкахь бехаш хилча-м, вайх хилларг вайн доьзалшка дӀахоуьйтур дара накъосташа, командованис... ХӀинца со а, хьо а валарх вайн доьзалшна а хуур дац. Уьш мичхьа бу а, дийна бу, бац, ца хаьа вайшинна... И ду соьга хьо схьакхайкхийтинарг... Сан дехар ду хьоьга ас йоху цӀераш дӀайазйар...

Арахь машенан тата хезча, сиха корах арахьожура лор. Амма цо ладоьгӀу машен гучу ца йолура.

[1] Оьмар – стеган дахаран мур.

– Со Бенара ву. Фамили Магомедов йу сан, цIе ШахIид йу. Кхузткъе итт шо хенара да ву сан, Мохьмад цIе йолуш. Нана йац... Десте йу, Бесира цIе йолуш. Элита а, Белита а цIераш йолуш, сол йоккха шиъ йиша а, дейтта-пхийтта шо хенара, Муса цIе йолуш, цхьа ваша а ву. Ший а йиша Бенахь марехь йу, Ахьмад, Iадиз цIераш йолчу шина стагехь... Хьо валаза дийна вайн нахана тIекхачахь, и сан нах а лахий, цаьрга сох хилларг дийцалахь...

ШахIидан ницкъ тIаьхь-тIаьхьа оьшуш, аз гIеллуш, хеда дуьйлира.

– Ткъа вайн нахе беана бала, бохам... Цуьнан ойла йан воьлча, хьерваллаза вуьсу... Амма вайн халкъ мацца а цкъа шен махка цIадоьрзур ду. Мацца дирзина а, цIадоьрзур ду... Хено къастор ду дерриг а... Партис иштта дуьтур дац и гIуллакх... Вай теша цунах. Ткъа вайнахана бохам бинарш таIзарх кIелхьара а бевр бац... Iалха, мацца а цкъа шаьш вайн дай баьхначу лаьтта тIе цIадирзича, тхан йуьртан кешнийн кевне, гу тIе, сан безамна цхьа жимо гIайракхан тIулг богIалахь...

«ХIан-хIа, ШахIид, ахь санна ас а лоцур йу и къиза Iожалла. Со а тешна ву, вайн халкъе беанчу ирчачу бохамо хIара дуьне а къахьдина, хьо хьо Iожаллин бага гIиртина хиларх. Иза ас а до кху деношкахь, амма хьо санна ирсе ца хилла со...»

– Лейтенант, къамел ма дехьа... – йукъагIоьртира лор.

Амма иза ШахIида сацийра.

– ХIумма а дац, Алеша... Цхьа масех минот бен ца йисина...

ШахIид вала герга вуйла хиъначу Iалхас, цуьнан корта, меллаша хьала а айъина, шен кара биллира.

– Вася... Сан доттагI!

Шен цIе йаьккхича, сержант ШахIидна хьалхха горавуьйжира.

– ХIун боху ахь, ШахIид?

– Хьуна хаьа-кх, Вася, тхан халкъана тIехь динарг... Тхо йамарт, кIилло а хилла-м ца дина цунна и таIзар... Тхан жима халкъ... Жимачунна халахетийта атта ма ду. ...Нагахь тхан халкъана хьо волчохь цхьамма вон дош алахь... тхоьгахьа гIо даккхалахь... Тхуна йамарт, кIилло нах дара ма алийталахь...

– Ахь хIун дуьйцу, ШахIид! Хьан эр дара шуна воний? Дукха хенахь дуьйна дерриг дуьненна хууш ма ду шун халкъ майра, тешаме, доьналла долуш хилар!

– Баркалла хьуна, Вася... Со теша хьох, сайн вешех санна... Iалха... Со леш воллу... Вайн дайн гIиллакхехь дIаволлалахь со... Виц ма лолахь, Нохчийчоь... Нохчийн кIенташка дохий ма хьийза, ала... Цул а йаккхий халонаш тIеIиттайаларх, вайн дай а ца боьхна... Дала хьукма долда... вайн халкъана тIехь и харцо лелийнчарна...

ШахIидан деннаша гонах дерг дерриге а диццдина, цхьана минотана шен ойланашца гена нохчийн лаьмнашка, виначу йуьрта вахара Iалха. Нохчийн уггар ширачу йартех цхьаъ. Буьрсачу Шемалан столица.

ГIараваьллачу харачойн Зеламхас дуьххьара шен бекхаман куьг айбина меттиг. Цигахь вина, цигахь ваьхна Шемалан тоьллачу наибех цхьаъ хилла волу Iалхин деден да Эдал. Iаьлбаг-Хьаьжин гIаттамехь дакъалоцуш вийна Iалхин деда. Деникинцех леташ Соьлжа-ГIалина уллехь воьжна Iалхин ден ваша. И санна йу нохчийн муьлххачу а доьзалан биографи. Нохчийн халкъо бIеннаш шерашкахь шайн цIийца хьандина и исбаьхьа лаьмнаш дIадаьхна цаьргара. Ванах, кхин гур доцуш ду-те Iалхина ша вина, бераллехь левзина и хьоме лаьмнаш, хьаннаш?..

Оцу къаьхьачу ойланех Iалха йукъахваьккхира ШахIидан малделлачу дегIо...

– ШахIид! ШахIид! – мохь белира сержантан. – Велла! Хьо турпалх а къинхетам ца би-кх Iожалло! ШахIид, сан доттагI, сан ваша, ламанан кура леча... Суна хаьара, ахь Iожалла лоьхийла... Сан ницкъ ца кхечира хьо ларван... Ва, неIалт хуьлда хьан цIеначу даг чу дIовш доьттинчунна...

Шайн халкъ бехк-гуьнахь доцуш махкахдаьккхинчул тIаьхьа йерриг фронташкахь а, партизанийн боламашкахь а, дера а, турпала а летара нохчий. Оцу тIе уьш тоьттура масех бахьано. Даймахкана йамарт хилла аьлла, нохчийн халкъана тиллина цIе харц хилар хаийта гIерташ а. ТIамехь болчу нохчийн кIенташа

турпала хьуьнарш, даймаххкана тешам а гайтича, бехк-гуьнахь доцуш, харцо тІе а кхоьллина, махкахдаьккхинчу халкъана тІера и харцо дІайаккхаре догдохуш а. Шайн халкъана тІе кхоьлина и харцо а, дина эхь а ца лалуш, тІеман арахь Іожалла лоьхура.

Амма шен халкъана эхь дина, цунна харц таІзар дина аьлла, мостагІашкахьа ца волура цхьа а.

Халкъ, таІзар деш, махкахдаьккхинчул тІаьхьа, тІамехь хьуьнарш гайтинчу нохчашна орденаш йалар а, турпалхочун цІе тиллар а сацийра фронтан командованис, йа Москвахь чекх ца бовлуьйтура уьш.

Цундела, эскаран, дивизин йа полкан командованин хьехарщца, орденна йа турпалхочун цІарна хьуьнар гайтинчу цхьаболчу нохчийн эпсарша шаьш кхечу къомах йазбойтура – гуьржий, гІезалой, гІумкий, суьйлий. Иштта цхьацца толаман де тІекхаччалц тІамехь бисира дуккха а нохчий.

Іалхин ца дийзира цхьа а хІилла лело. ШахІид дІавоьллинчул тІаьхьа цхьа бутт баьлча, тІамехь луьра чов хилла, йеххачу хенахь госпиталехь а Іиллина, йуха фронте ваха ца магош, цІа хьажийра.

ЦІа мичхьа ду-м, ца хаьара...

... Іалхас доккха садаьккхира.

Цхьа кІира хьалха хиънера Іалхина ШахІидан доьзал Покровскехь хилар. Цунна и хиъначу хенахь Мохьмад а, Бесират а чІогІа цомгуш дара, ткъа Муса лесхозехь вара. Цомгушнаш больнице а балийна, Муса цІа кхайкхира Іалхас. Амма ШахІидах хилларг Мохьмаде дІахоуьйтийла дацара, иза товелла цІаверззалц.

– Мохьмад, хІара кІант валош со хьуна тІеваран бахьана дийца лаьа суна, – долийра Іалхас, ша цуьнан могашалла хаьттина ваьлча. – Ас хьехар дала воккха ву хьо, цундела хьуна соьгара хьехар ца оьшу, ткъа гІо оьшу. Тхо санна, махкахваьккхина хьо, амма хьайн йиша-вешех, йуьртахойх къастаро хІара бала тхуначул базбина хьуна. Іожалла вайна тІаьхьахІоьттина лела. Сахьт дац валаран. Цунах а ца кхьоьру хьо. Цунах кхера а воккха ву хьо. Кхузахь Іуьллучу хьайн а, хьайн хІусамненан а ойла кІезиг

йо ахь. ХӀара дуьне иштта декъаза дуучул, нахана бала а хилла дехачул, делла дӀадалар гӀоли ма йу, боху хьан даго. Амма хьан дагна бала бинарг, хьан садуург, хьуна хьайн цамгар а, гонаха хьийза Ӏожалла а йицийинарг кхин ду. Ахь ойла йо делла шаьшшиъ кху чуьра арадоккху долчу дийнан. Тезет хӀотто йуьртахой а бац, кадам дӀаэца гергарниг а вац, тӀаьххьарчу новкъа ваккха нийсархой а бац. Тхо делча, лийчо, марчо хьарчо, сагӀа даккха, мел кхайкхо стаг хир вац-кх, боху хьан даго. Цул а дазделла хьуна, шайл тӀаьхьа кӀант висар. Цуьнан дола дан стаг цависар. Бакъдуй, Мохьмад?

Ши бӀаьрг хьаббина ладоьгӀуш Ӏачу Мохьмада меллаша кхузза корта таӀийра:

– Бакъ ду иза, Ӏалха. Сан дагахь дерг схьадиййци ахь.

– Амма оцу агӀор ахь сагатдан ца оьшу, Мохьмад. Сингаттамо йолчу тӀе а чӀагӀйо цамгар. Ӏожалла гергауьйзу. Хьан сапаргӀат мел хили, дегӀера цамгар сиха дӀаайалур йу. Генахь бисина хьоме даймохк, байлахь дисина дай-нанойн кешнаш йукъа а лоцуш дуй биъна, ас дош ло хьуна, нагахь цхьа болх хилла сайл хьалха хьан а, хьан хӀусамненан а Ӏожалла хилахь, сайн да-нана санна, лоруш, царна тӀехь айса дийр дерг шуьшинна тӀехь деш, шуьшиъ дӀадолла а, шен нахана тӀекхаччалц хӀокху лаьттачу шун кӀентан сайн кӀентан, вешин ас дийр долу дола дан а. Нагахь ас хӀара сайн дуй къарбахь, хьуна деллачу дашах со вохахь, Дала хьуна дуьхьал йуьхьӀаьржа а валавойла со!

Делкъана йуург йохьуш чуйеанчу лорийишас йукъахдаьккхира Ӏалхин къамел.

– Гой хьуна, жима стаг, дада дика Ӏаш ву, – Мусан белшах куьг туьйхира цо. – Ткъа хьо воьхна хьийзара. ХӀинца арадовлар доьху шуьга, накъостий. Цомгушчунна дика дац дукха лер. ХӀокхо хӀума кхалла а йеза.

Ӏалха хьалагӀаьттира.

– Амма шуьшинна хӀума хила йиш йац, Мохьмад. Шуьшиъ, Дала мукъ лахь, толур ду. Схьало хьайн куьг. Меттахъхьен пурба дац хьуна, – Мохьмадан куьг схьа а лаьцна, тӀе охьа а таьӀна,

цуьнан некхах шен накха туьйхира Іалхас. – Марша Іойла хьо. Вайн Везачу Дала маршалла дойла хьуна. Варийлахь, цхьана хІуманна са ма гатделахь. Дала диканна цхьаьнатухийла вай.

Цаьршинга а хьоьжуш хІоьттина лаьттачу Мусана гира ден балдаш дегалуш, дазделла бІаьрг-негІарш тохалуш, царна йуккъера схьаІовдаделла бІаьрхин тІадамаш хебаршка ихначу мокхачу беснешна тІоьхула, меллаша шершаш, кІайчу можах а доьлла, довш...

*Гацаев СаьIид*

## АРЕНАШ, ТIЕЭЦА ХIИНЦА

*(Жимачу кIентан латкъам)*

Дан а дуй хьо, воннан доза?
Мичахь бу сан нана, доьзал?
Бер ма ду со царах вала.
Муха ловр ду иза Дала?

Стенга гIор со? Хьаьнга кхойкхур?
Шийла эшарш сайнна лоькхур,
Махехь воьлхуш, дорцехь тийжаш,
Дог а, бIаьрг а – ший а Iийжаш!

Маца гур уьш? Лер со? Вуьсур?
Ас халонца сайн са къуьйсур?
Вижар доцуш, сацар лоьхуш,
Сайн пхьор-рицкъа нахе доьхуш.

Со вина а ма велара!
Вича, стенна ца велира?
ХIара бала хьега виса
Ца оьшура, дуьне дисарх.

Мичахь ду хьо, вонан доза?
Мичахь йу сан нана? Доьзал?

***

Хийла нохчийн кIант
Гена аренгахь Iилла вити ахь,
Маьлхан кIайн дуьне.
Хийла нохчийн йоI,
Латта гIевлангахь
ДIайижий-кха ахь,
Маьлхан кIайн дуьне.

Гена аренгахь,
Латта гІевлангахь,
Маьлхан кІайн дуьне.

Уьш шайн дахаро
Мичахь хьистина,
Ала, дийца ахь,
Маьлхан кІайн дуьне.
Къаьхьа дера уьш
Дарцо цистина,
Диц ма дел ахь и,
Маьлхан кІайн дуьне.
Уьш ца хьистина,
Дарцо цистина,
Маьлхан кІайн дуьне.

Церан безамаш
Лаьтто хуьйдина –
Хаьий хьуна и,
Маьлхан кІайн дуьне?
Церан марзонаш
Воно хедийна –
Хаьий хьуна и,
Маьлхан кІайн дуьне?
Воно хедийна,
Лаьтто хуьйдина,
Маьлхан кІайн дуьне.

Уьш шайн дахаро
Мичахь хьистина,
Мичахь хьистина,
Маьлхан кІайн дуьне?
Къаьхьачу дарцо уьш
Дера цистина,
Дера цистина,

Маьлхан кIайн дуьне.
Уьш ца хьистина,
Дера цистина,
Маьлхан кIайн дуьне.

***

Да велла йетта шу,
Сибрехан лагерш!
Мел бале хета шу,
Сибрехан лагерш!
Бехк-гуьнахь цахиларх,
Шуна чу кхочу,
И къаьхьа къемат-де
Деана коча.

Мел дукха хилла шу,
Сибрехан лагерш!
Мел хала хилла шу,
Сибрехан лагерш!
Мацалла цавелларг
Шуна чу кхочу,
Цамгаро цавийнарг
Шуна чу кхочу

И кIен буй хьулбинарг,
Сибрехан лагерш,
Баьпкан йуьхк йадийнарг,
Сибрехан лагерш,
Шуна чу кхочу-кха,
Сибрехан лагерш,
Кхин ара ца волу-кха,
Сибрехан лагерш!

Стаг вийнарг – шуна чохь,
Сибрехан лагерш,

Стаг везаниг – шуна чохь,
Сибрехан лагерш.
Бехк бериг – шуна чохь,
Сибрехан лагерш,
Бехк боцург – шуна чохь,
Сибрехан лагерш!

Стогалла къевсинарг
Шуна чохь леш ву,
ГIелвелла тевжинарг
Шуна чохь леш ву,
Тешнабехк, йамартло
Стагана хехь йу,
И Iожал, маржа-йаI,
Саццаза тIехь йу.

Тхан нехан бакъ заза
Аш къиза дагий,
Тхан нехан стеган де
Хеназа дайъи,
Да велла Iахка шу,
Сибрехан лагерш!
Ва вонна йохка шу,
Сибрехан лагерш!

Аренаш, тIеэца хIинца,
Кхин дац тхан дIаала, дийца:
Цалаарх, тхо шуьга кхийси,
Лаамо таронца къийси.

Йац хIинца тхан цхьанхьа гIойла,
Шийла йу тхан деган ойла,
Шовданийн ловзар дац хьоста,
Хьайн махках, хьайн цIийнах къастахь.
ЛадоьгIура шийлачу дорце,
Ца хьуьйсур хин доцучу орце.

Дела, и тIехьаьжна хир ву,
Тхан дийнах мел цец и вийр ву:

«Ас динарш шу дан а дуй-те?
Шаьш даларх къардала дуй-те?
Шайн къоман йахь дIалуш хилла,
Халонна стогаллех тилла».

Аренаш, тIеэца хIинца,
Кхин дац тхан дIаала, дийца:
Цалаарх, тхо шуьга кхечи,
Ирсан де бодане керчи.

Алахьа, Декъаста,
Хьо муха Iийра
Тхох йаьлла? Тхо доцуш
Iийжирий кийра,
Хьох девлча тхан санна,
БIаьрзе а хилла,
И айхьа мел дечух
Куьг дIа а тилла?

Алахьа, Декъаста,
Малх хьуна горий?
Моттарий хьуна хьо
Йерриге гIорий?
Шелоно, цу дарцо
Сел дера кхерсташ,
ГIаддайна дуьне а
Бодане лесташ?

Алахьа, Декъаста,
Самукъадаккха,
Хьайн лозу,
Iийжа дог

Кхин малхадаккха,
ХIумма а дарий хьан
ХIара ду ала,
Хьайн дийнах хьо теша,
Кханенга йала?

Жоп доцу и хаттарш
Ца дер ас хьоьга, –
Тоьур ду хьоьх девлча
ХIоьттинарг тхоьга!
Хьо тхоьга хьежна-кха,
Хьо лaьтташ хилла-кха,
Тоьур ду ахь динарг –
Иза а ду гIиллакх!

Масане велира
Вайн цIа сатуьйсуш,
Ницкъ ма-ббу
Харцонца, Iожалца къуьйсуш:
«Дависа-кха,
Цкъа маллал шовдан хи хилча!
Цкъа баьал бIаьстенан
Вайн жахар хилча!»

Масане велира
Вайн цIа са лесташ,
Шайн бIаьргийн дахкарлахь
Вайн лаьмнаш къесташ:
«Дависа-кх, уьш цкъа ган,
Цаьрга бIаьрг тоха!
ТIаккха-ма, лаахь, и
Дуьне а доха!»

Масане велира
И сийна тогIе,

Суьйранна и цхьа йоI
Хи дан а йогIий,
Малхал а къагайой,
Зевнашкахь кхехкаш,
И сурт гуш, шовдано
ТулгIенаш лоьхкуш!

Масане велира,
«Маржа-йаI!» – бохуш,
Кхин бела ца бала
Шен ши бIаьрг боьлхуш,
ДIадаьлла сийна де
Дага а лоьцуш,
Цу дарцехь, цу махехь
Iожал тIеоьцуш!

ХIан, дуьло, цIа гIо вай,
Вайн бакъо йели,
Вайна тIехь Iиткъина
Харцо дIайели,
ДIадевли и шераш
Вайна сел хьаьхна,
Махкаха, вовшаха
Вай къиза даьхна.

ХIан, дуьло, дIагIо вай,
Кхин дIа ца соьцуш,
И хилларш, и лелларш
Дага а лоьцуш:
Гонан йукъ гатйинчу
Акхаройх тардеш,
Вай кхуза тийсира
ГIелонца къардеш.

ХIан, дуьло, дIагIо вай,
Йериг схьаэца,
ХIинццалц вай хебийна
Белшаш дIахеца.
Iу воцу бажа санна,
ДIагIор вай хIинца,
Забарна, бегашна
Хабар ма дийца.

Чурт доцуш дуьсу вайн
Кхузара кешнаш,
Цу къизачу шерашкахь
Къемато хьешнарш.
Iахкар-кха царна чохь
Билгало йайна,
Дийна а, белча а
Дуьне ца тайна.

Вай хIинца дIадоьлху,
Вай дIа ца кхочу:
Салт льатта вокзалехь
Автомат кочахь.
ДIадуьгуш диги вай
ТIе тоьпаш хIиттош,
ТIеэцар мичахь ду,
Кийрахь дог гIиттош?

ДIахьаьжча, вайн цIера
И вайн дайн кешнаш
Чурт доцуш льатташ ду,
Дина шаьш аьшнаш:
Чартех тIеш теххина,
Некъаш деш чехка,
ТIех аьхна машенаш
Мох лоьцуш хехка.

И хIун бехк хилла-те
Беллачийн тIаккха
И массо церан каш
Сийдоцчу даккхал?–
Лаьтта кIел боллушехь
Къийсина-кх цаьрца,
Дийнанаш махкаха
Бахарх шайн цIарца!

ХIун дер ткъа?!
Шен де ду
Адам дIалелош,
Шен гIиллакх, оьздалла –
Стаг велхош, велош.
Дист ца хир вай тIаккха,
Дош ца хир ала... –
Дехаш а, делча а
Вайна бу бала!

Сталин, хьо а
Бакъ ца хилла,
Сталин, хьо а
Эццахь тилла:
Ахь тхо дохош
Леш дан бохуш,
Шахташ охкуш,
Латта охуш.

Иза-м болх бу...
Стаг балхо во.
Цо стаг, бакъду,
Велха а во,
Ницкъах байтахь,
ТIе топ хIиттош,

Йаа ца луш,
Къиза гIиттош.

Амма цул а
Тхо ма туьйли.
Хьан Iаьржа де
Карчадуьйли.
Хьо лер, жIаьла!

Тхо-ма диси,
Къийси,
Хьуна неIалт кхайкхош,
Тхайн цIех, хьацарх
Дахар хьекъош,
Хьо велча, де
Серладер ду,
Хьох хьакъ дерриг
Цо ша дийр ду.

## ЛАМАНАН БАСАХ

Ламанан басах цкъа лу дара дежаш,
ГӀушлакхе баьллера бӀаьстенан малх.
Талпархо вогӀура цуьнгахьа текхаш,
Минотащ шарал а йеллера йах.

Йуххерчу тӀулга тӀехь цхьа аттйокх йийки,
ЦӀеххьана топ йели, бекабеш лам.
Ницкъ мел бу кхоссалуш, лу охьакхийти.
Пекъарна хилла йац кхин даха хан.

Сийначу бацала довха цӀий Ӏена,
БӀарзделла керчаш ду бос хаза лу.
ГӀо шена догӀучух хьоьжу и гена,
Беккениг тӀекхача сихвелла ву.

Амма дог тӀаьххьара деттало кийрахь.
Кхечи тӀе эхьдайнарг, даьккхина урс.
Дерриге чекхдаьккхи Ӏожалло шийла...
БӀаьргаш хих дуьзна сан, делла лу гуш.

## СТЕГАН ЦIЕ

Диц ца ло, кIант вина
Сакъоьруш тхьш Iачохь,
Беран цIе хоьржуш,
Тхан бевлла къовсамаш,
Дуьнен чохь мел хилла
Дика кIант дагалоьцуш,
Къонахчун цIе къестош,
Къамелаш долийна.
«Ас аьлларг товш ма йу!» –
Барт хила йиш йоцуш,
Гулбелларш шайн цIераш
Хестайан буьйлира.
Къамелаш дахделла,
Дийцаршка дирзича,
Салам луш, чувеана,
Вистхили воккха стаг:
«Ма леха эрна аш
КIантана йоккха цIе,
Пхийттара валийта
Вайн керла йуьртахо,
Цхьаьнгге а ца хоьттуш,
Халкъо цIе туьллур йу,
Махкана цо дечу
ГIуллакхе хьаьжжина».

## КУЙНАХ ДОШ

Хьанна а
Ас цхьанна хьалха,
Мухха а,
Мацца а
Коьртара куй боккхург хилча,
Ас иза боккхур бара
Уггаре хьалха
Сайн нанна хьалха.
Амма цо бакъо ца йелла,
Коьртара куй бохуш,
Хьаж детта цхьанна,
Атталла шена а.
Цу йукъана а
Осалалла
Сан дегІе йоссарна кхоьруш:
Заманна хьалха куй
Боккхур бара,
Амма йу сан зама
Сов ирке[1],
Аьрха,
Йукъ йихкина ца латтахь,
Экхха кечйелла.
Куй боккхуш
Корта дІатухучу йукъана а
Тешам бац заманах –
Бакъо йац малвала,
Атталла ханна.
Ткъа Даймохк?
ХІун ду цул хьомсара?

[1] Ирке – кхузахь: кхераме.

Даймехкан хьалха,
Коьртара куй боккхуш
Ас лохха корта тухур бара.
ХIетте а,
ТIетаIIош куй коьртахь нисбо.
Ткъа цунна хIун оьшу,
Ненан дуй къарбина,
Заманан сакх-само[1]
Малйина,
Ас чIана бaьккхина[2] корта?
Сан Даймохк
Шен кIантах
Теша
Ишта а,
Цунна со,
Ша санна,
Сий лекха
Даима оьшу!

[1] Сакх-само – кхузахь: терго йар лахдина.
[2] ЧIана бaьккхина – кхузахь: коьртара куй дIабаьккхина.

## КЕШНАШКАХЬ

Тийна ду гонаха,
Куьйса колл лаьтта.
Салт санна хIиттина
Чарташ а ду.
Нуьцкъалчу Iаламо
Бийшинчийн лаьтта
Кешнийн керт тIаьххьара
Гаьнгали бу.
Кхузахь сан дай, ваший
Йух-йуххехь Iуьллу.
Ден ваша, верасаш –
Гобаькххина.
ХIораннан борза тIе
Аса куьг дуьллу,
Кхушимма ойлане
Со ваькххина.
Урх хецна идадеш
Дахаран некъаш,
Селхенаш литтарца
Кханенаш зуьйш,
Ирхешка сатуьйсу
Лаамаш хьекъаш,
ВогIу со дахарехь
Ойла ца туьйш.
Малха кIел (тем боцчу
Атомийн уьйриг)
Ас лоьхург хIун ду-те,
Со стенга гIерта,
Iожалло, мацца а,
Сан дегIан чкъуьйриг
Айъина йоуьйтург

Хилча кху керта?
Бай бохош, барз хилла
Цкъа а ца гIатта,
Бен доцуш Iа, бIаьсте,
Малхан йовхо,
Аса а хьандийр ду
Ши аьрша[1] латта,
Сан чурт а лаьттар ду
Лоьккхуш махо...
ХIетте а тахана
Сирлачу бIаьрга
Дог дуьзна хьоьжу со
Дахаре вайн.
Шен хенахь кхалхар а
Ца хеташ аьрга,
Кхийда со рогIерчу
Лакхене сайн.
Дас дина весет ду:
«Денна ирс дезахь,
Саьхьарчу ойланца
Ахча гулде.
Валлалц ирс дезахь,
Кхолламан хесахь,
Iажаркхах[2] адамийн
Тешам ларбе.
Стаг велча цIе йуьсу
Лаьтта тIехь йаха,
Дуьсу цо нахана
Дика динехь.
Даймехкан хьашташна
Са дагош ваха,
Дог декхна ма хила

[1] Аьрша – хIинцалерчу метре ца кхочу барам (71 см).
[2] Iажаркх – ша хьалайолу акха буц.

Нехан вонехь.
Адамашца догцIена
Дика-вон доькъуш,
ХьагI йоцчу гIалатна
Ца оьхьуш вас,
Нагахь стаг чекхвалахь
Нехан ирс лоьхуш,
И кхалха-м кхелхар ву,
Вала-м лийр вац».

*Мутаев Муса*

# КЕМСИЙН ГАРС

Гуьйре.

КIайчу кIуьрах сийсаш, арахь лаьтташ дохк ду.

Къаьсттина садайча, цхьа шатайпана, таьIий, йогIура хIора мел йогIу буьйса. Амма гуьйре, хина йистехь лаьтташ йолу йоI санна, ша шеха сакъералуш, цкъа цхьана дийнахь дохк оьций йогIий, шолгIачу дийнахь догIа тухий, кхоалгIачу дийнахь бовха малх кхетий, ткъа доьалгIачу дийнахь йа малх, йа дохк, йа догIа а доцуш, «баркалла» аьлла йоI санна, ша цхьаъ лаьттара, йуьстах а йолий.

Косказаш тIехь бен стаг ца лелалуш баьлла хатт а, цхьана а агIор ваха а, ван а аьтто бохийна, ткъа иштта сахиллалц дилхинчу догIанаша хир а, амал а кхачийна кIелбитинера арахь ирзош долу Цоцин-Эвлара нах. Цкъацкъа, Iаламо йетташ йолу шен шовкъ кхачийна аьлла хеттачу заман чохь, кхин а чIогIа марсадуьйлуш, мархаша тIетийсара шен тIеда тIуналла.

Дависа, малх кхетта де дагIахьара бохуш, холчохь хьийзара цхьацца гIуллакхех куьйгаш Iуьттуш лела АругIаз.

Тахана делкъал тIаьхьа цIа кхаьчнера АругIаз гIалара. Дан гIо а доцуш, чувоьллинчу шен дена набахти чу кхача, цо схьаделла чухула а, тIоьхула а духу духар дитта саба доцу дела, цецах овкъарш йаьхна, дика шийлачу хица дитта дагахь, хIинца меттахдахаза Iохкура маьнги тIехь.

Хьуьнах салташа го а бина, бIаьстенан йуьххьехь Iедална каравахара цуьнан да Аьрзо.

АругIазан да лацаран шен бахьана а дара. Иза бехкевеш вара, обарг ву бохуш. Ткъа цул совнаха, обаргашца зIе латтайо йуургмерг луш бохуш, берриг а доьзал а бара цуьнан Iедало бехке беш.

Шадерриг дика дIадоьрзур дара, нагахь санна шен хенахь Аьрзо Iедална тIевахнехьара. Амма иза ца вахара царна тIе, хIунда аьлча, цара тешнабехк бийр бу бохуш, цхьацца къамелаш дара цуьнан лерехь дуьйцуш.

Цкъа мацах Миклайн хенахь[1] обарг хилла бохуш, хIинца а ведда лела везаш-м вац хIара Iедалх? Амма хIинца дан хIума доцуш, ша чохь Iачу набахтера хабар доуьйтуш, цкъацкъа кехатан цуьрг йазйой, ша дийна вуй хоуьйтуш Iа. Амма де дийне мел дели, луьрачу эшарна тIейалар бен, кхин мал ца луш дIайоьдуш йара цуьнан хан.

Селхана нийсса ах шо кхаьчнера Аьрзо набахтехь воллу.

Тахана дийнахь дохк лагIйелла йеана хиллехь а, ткъа суьйре, бIаьрга Iоьттича хIума хьан Iоьттина хуур доцуш, йукъайелла йеара. Ткъа маьркIажан ламаз дале хьалха Аьрзос набахтера схьаделла тIедуху духар дуьттуш, цIеххьана АругIазана карийра пхьуьйшан эвнах доьллина цигаьркан барамехь кечдина дуткъа кехат. Iаьрбийн маттахь йаздина дара и кехат. Дукха хазахетта АругIаз, социйла дайна, чухула дIа а, схьа а йолайелла, керт бен йукъ йоцуш Iаш волчу йуьртарчу моллина тIейахара.

МаьркIаж-ламаз дина ваьлла, вирд доккхуш вара Байдий дечиг-маьнги тIехь, АругIаз неI йиллина чоьхьайаьлча. Шарахь цкъа догIуш долу марха ша кхеттал хилчахьана дохийна воцуш, хийрачу нахана а, йуьртахошна а чохь а, арахь а вевзаш а, везаш а вара Байдий.

АругIаз, суьйре дика йина, неIаргехь сецира, молла суьлхьа даькхина валлалц. Ткъа Байдийс, хьийзош долу суьлхьанаш совцийна, элира:

– АругIаз, цкъа собар делахь, ас хIинцца йеса а дешна, тIаккха хьан гIуллакхе хьовсур ду вай.

– ХIумма дац, хIумма а дац, – аьлла, АругIаз неIарехь лаьтташ долчу гIанта тIе сиха охьахиира.

Ткъа йеса доьшуш дукха ца Iийра Байдий.

– АругIаз, ас хIинца мел кхайкхор бу хьуна, – элира Байдийс, – ткъа ахь, тIаьхьара «амин» алалахь.

– Дика ду, – элира АругIаза.

ТIаккха, хьалха куьйгаш лаьцна, Байдийс дIакхайкхийра мел:

– ХIай Веза Дела, сан йесан мел, ас даькхинчу бIе суьлхьанан мел хьан элчана Мухьаммад-пайхамарна, Делера салам-маршал

[1] Николай II паччахь волу хан.

хуьлда цунна, бели ас, цунах хоттавеллачу сайн устазана Іовдина, ткъа иштта гІовс[1] волчу Іелина бели, хІай Веза Дела!

– Амин, амин, – аьлла, хьалаайайелира АругІаз.

– Соьгара цІена совгІат дай, хІара мел цаьрга кхачабе Ахь. Хьайгара къинхетам, Элчанера шапаІат, сан устазана Іовдина а, Іелина а шапаІат а, шовкъ а, беркат а, хьан марзо а цаьрга а, соьга а, со хьаштдолчаьрга а кхачабе Ахь!

– Амин, – бохуш, бІаьргара хи делира АругІазан.

– ХІай Веза Дела, ас дешначу йесанан мел, ас даьккхинчу бІе суьлхьанан мел, Делан Элчанан виъ асхьабана – Абубакарна, Іелина, Іумарна, Іусманна – бели ас. ХІай Веза Дела, соьгара цІена совгІат дай, хІара мел цаьрга кхачабе Ахь. Иштта Адам-пайхамаре кхачабе Ахь. Адам-пайхамарера дуьйна Мухьаммад-пайхамарна тІекхаччалц элчаналла делла бахкийтинчу Делан элчанашна бели ас. Сан устазана Іовдина а, Іелина а тІекхаччалц элчанийн метта хІиттийнчу эвлайаъашна бели ас. Хизир-пайхамарна, Іиса-пайхамарна, Илес-пайхамарна, Идрис-пайхамарна бели ас. Делан некъах гІазот дина, гІазотехь вийначу Делан элчанан девешина Хьамзатана бели ас. Ткъа цигара дуьйна хІокху сохьтталц, хІинццалц Делан некъахь гІазот латтийнчу массо имамашна а бели ас. Ткъа цигара дуьйна хІокху сохьтталц, хІинццалц Делан некъахь гІазот дина, гІазотехь байъинчу гІазоташна а бели ас; ткъа устаз волуш, дуьнен чуьра эхарта бирзинчу сан устазан Іовдин, Іелин мурдашна а бели ас. Иштта дайшна, наношна, вежаршна, йижаршна бели ас. ХІай Веза Дела, соьгара цІена совгІат дай, хьайгара къинхетам а, элчанера шапаІат а, шовкъ а, беркат а, хьал, марзо а цаьрга а, соьга а, со хьаштдолчаьрга кхачайе Ахь.

– Амин! Амин! – аьлла, доккха садаьккхира АругІаза.

– Дийцал, АругІаз, хьо хІунда йеана, – эллира Байдийс. – Сингаттаме хІума-м дац?...

АругІаза доцца охьадиллира ша йаран бахьана, пхьуьйшан эвнах карийна кехат а, ша цунах цакхетар а.

[1] ГІовс – кхузахь: Дала бакъо йелла стаг; Эвлийаъ.

– Мичахь ду и кехат?

– ХIара ду, – аьлла, АругIаза дIакховдийра Аьрзос набахтера даийтина кехат.

Iаьрбийн маттахь йаздина и кехат, дукха сиха дешна, мадарра охьадиллира цо Аьрзон набахтера хьал.

Ткъа кехат тIехь дара: ша чIогIа хьийзош ву Iедало, ша цалелийнарг лелийна бохуш, цкъа а ца дохийна аьчк-некъаш дохийна бохуш; цу тIехь ша мукIарло[1] ца до, шен гIора кхачаделла садетта, шена хIуъа дай, эчиг хадош долу херхаш набахти чу ло. Оцу тIехь сихо йе, хIунда аьлча ша тахана ву а, кхана ву а, ца хаьа...

– Молла, ма доккха хIума ду иза!.. – аьлла, йоьхна хьаьвзира АругIаз.

Байдий вист ца хилира. Ткъа иза ойлане вахнера.

– Херхаш бах-кх цо...

– Молла, далур дуй иза?

– Хаац, дан деза иза... – элира доцца Байдийс.

– Молла, ца дича дер долуш гIуллакх дац иза... – аьлла, йуха а цхьа дагна там хуьлу жоп дезаш хьаьттира АругIаза.

– Дац, – элира Байдийс, – кханнехь, АругIаз, йаха а гIой, Iабдул-Вадудаьрга къайллах херхаш дайта. Ткъа ас ойла йийр йу, уьш чу муха кхачо деза...

– Дада, аьтто а баьлла, вадахь, цIийнах хьажа богIург хир бу уьш, Байдий? – хаьттира АругIаза моллега.

– ВагIахь а, вайгахь луьра хIумма йац лечкъош, – элира АругIазна тIаьхьа уьйтIа волуш Байдийс. – Герз вай лелош дац... Ткъа Аьрзо, царна карара валахь, вай тхов тIехь кхобур ву...

– Дера кхобур ву! – аьлла, мохь белира АругIазан багара.

– Суна карор йу хьуна, АругIаз, хьан да дIалачкъо меттиг, хьо иштта йохий ма хьийза хьо.

Дикка Iийра и шиъ арахь. ХIуъа дийцича а, тховса АругIаза холчохь буьйса йоккхур йуй Байдийна ца дийцича а хууш дара.

Бакъдолуш, ша цIа йеача, и буьйса муха йаьккхина ца хиира АругIазна. Тайп-тайпана шен ден суьрташ дуьхьалхIуьттуш,

[1] МукIарло – къобалдар, бакъдар, къарвалар.



цкъа кемсийн гарсаш[1] дохуш бешахь, йуха херхашца пIелгел стомма корера эчиг хадош, тIаккха уьстагIийн кхеккхий, туьхан шоври чуьра схьаоьций, царна дабагIа а деш, иштта кхидIа а ден йуьхь-сибат Iуьйре хиллалц йоьIан ойланехь лийлира.

АругIазан дерриг син тIе хIоьттинарг цхьаъ дара: мискачу шен дех къахетар, бехк боцуш иза набахти чохь валлар, хIинца ша бахьанехь иза цу чуьра аравала магар. Цунна чIогIа лаьара, шен да цIа а веана, цунна тIе а кхетта, йехха йоьлхуш Iен. «Дала мукъ лахь, иза рицкъ а кхачийна цIа верзахь, кхидолчу вонах иза ларван хьожур йу со», – бохуш йолу ойланаш хIокху тIаьххьарчу хенахь цкъа дагара йаьлла йацара цунна.

Иштта, цхьацца ойланаш йеш, гIенаш гуш, Iуьйре тIейеара. ТIаккха, сатоссуш, кхин хьем ца беш, АругIаз йахара йуьртарчу аьчк-пхьерашна тIе. Цоцин-Эвлахь кхо ваша вара Iабдул-Вадуд, Iабдул-Межед, Iабдулла бохуш, говрашна ленаш тухуш, ткъа кхин цхьацца аьчкан белхаш беш а.

«Веза Дела, цхьанхьа бахаза цIахь хилахьара уьш», – бохуш ойла йеш, пхьерийн керта кхечира АругIаз.

Ткъа кхо ваша, садаIар доцуш, болх беш вара.

Цоцин-Эвлахь болчу нахана вевзина ца Iаш, хIара кхо ваша кхечу йарташкахь а вевзаш вара, дика аьчк-пхьераш бу бохуш.

Вежаршка хьал-де а, маршалла а хаьттинчул тIаьхьа АругIаза дийцира, ша хIунда йеана уьш болчу.

Ткъа вежарий цу сохьта резахилира, дукха къамел ца дуьйцуш. Уьш резахир бара Аьрзона, херхаш дан хьовха, шайн синош дIадала а. Даима гIайгIанца буьйсанаш, Iуьйренаш, суьйренаш хуьйцуш ведда лелла, иштта ирс а, аьтто а гина воцуш, декъалхилар аьттехьа деана доцуш, ваьхна волу дела лорура Аьрзо наха. Амма, тIаьхье йоцуш шаьш реза дац аьлла доцуш, воккхахволчу вашас хаьттира:

– ВоI лолда сан, лулахочун дагара хиъна, баьхна бах-кх лулахочо. Цунна а дайна, АругIаз, оццул сиха хIунда оьшу хьуна и херхаш?

[1] Гарсаш – кенаш, хорханаш.

– Дера оьшу, Іабдул-Вадуд, набахти чу дала, – элира АругІаза, – шуна бакъдерг дийца лаахь!..

– Делахь, хІорш кийча хир ду-кх хьуна кхана, – элира Іабдул-Вадуда. – Дала цу хене вай дахахь!..

И буьйса дІайелира, АругІаз хьаьлдда а, йедда а лелаш.

Хьалххе кечйира цо, шен да набахтера ведда цІа кхачахь аьлла, къайлаваккха меттиг.

Вежарша ма-аллара, шолгІачу Іуьйранна кийча дара херхаш. Уьш чІогІа говза динера цара. Кехаташ санна, дуткъа долуш, уьш дан а дара чІогІа дика а, говза а дина херхаш. Ткъа царна чІогІа резахилла, АругІаза ахча кховдийча, вежарий оьгІазбахара.

– Ахча боху хІума тхоьга кхийда ма йе, АругІаз, – элира Іабдул-Вадуда. – Тхо ахчанан дуьхьа лелаш дац хьуна, тхо тхайна мел баккха гІерташ ду.

– Дала йоле дуьллийла аш лелориг, – элира АругІаза. – Сан дена тІера сагІийна аьлла дара сан-м хІара...

– АругІаз, хьайна ишттанехьа хила ца лаахь, ахь Іумар-Хьаьже алахьара, ирзера кІора цІа бан, – элира эхь ца хеташ волчу Іабдул-Межеда. – Ворда йоьхна ду тхо тахана, ткъа кІора кхачош боллу. Боккха мел боккхура цо шена.

– Дала мукъ лахь, – элира цІа йолалуш АругІаза.

ПхьалгІа йолчу пхьераша дечиган кІора лелабора.

Ирзехь доккха ор доккхий, цу чохь дечиг дагадой, тІаккха тІе латта тосий, цІа бохьура. Иштта вежарийн ирзехь болу кІора цІа бан Іумар-Хьаьжа вохуьйтур ву боху ойла коьртера ца йоккхуш, АругІаз цІа йогІуш БайдийгІаьрга чуйирзира.

– Деллахь, молла, херхаш динера Іабдул-ВадудагІара, ткъа хІинца уьш набахти чу муха лур дара-техьа бохуш, ойланаш йеш йу-кх со, – элира АругІаза. – Ахь хІун хьехар дийр дара-те?

– Суна хаьа иза, – элира кхин дукха ойла ца йеш Байдийс.

– Делахь, ма дика ду иза, – охьалахйелира АругІаз, – ма дика ду хьуна хууш иза...

– Тохарлера Іаьржа чамда йолуш йуй, ахь Аьрзона кхача эцна тІаьхьа кхоьхьуш хилларг? – хаьттира Байдийс.

– Йу.

– Ас хьоьхур ду хьуна, херхаш муха дахка деза цу чамди чу, – элира Байдийс. – Дика ладогӀалахь. Ахь хӀун дай, АругӀаз, дика хьакхабеш бод а бай, тӀаккха бохалла хаза и кхо херх чамдин негӀаран тӀе охьабиллий, йуха тӀоьхула бод хьакхий, тӀе кехат тоха ахь. ТӀаккха дика и чамда йакъайалийта...

– Дика ду.

– Ткъа Аьрзо къайлаваккха йеза вайна оьзда хӀусам, – ойлане велира Байдий.

– Тумиша йолчохь охашимма меттиг кечйина...

– Хьуна хӀун хаьа, АругӀаз, цу кертахь Аьрзо резахуьлий?

Молла цхьана хӀуманна резавоций хиъна, АругӀаза сихха эккхийтира:

– Молла, ахь къастийча, тешаме хӀусам дика-м хир дара!?

– Кхин дика хир дара, кху йуьртал арахь иза хилча, – элира Байдийс. – Сан цхьа доттагӀ ву суьйли...

– Суьйли?! – олуш, цецйелира АругӀаз. – КӀелонашна аьтто хир болуш-м йац иза?..

– Йац, – элира Байдийс, – и бӀегӀийла хӀусам йу, цхьа кхерам боцуш. Цкъа а ца гина суна нехан нах цу керта лесташ. Вежарий санна, бертахь а, мерза а бу вовшашца цигахь Ӏаш болу лулахой!

«Ма дика ду, – бохуш, ойланаш йора АругӀаза. – Буьйсанна а, дийнахь а сагатдийр даций ас дена!»

Молла волчуьра цӀа йеара АругӀаз. Ткъа ша цӀа ма йеанехь, Байдийс ма-баххара, бод хьакхийна, и кхо херх, чамдин негӀар тӀе кехат тухуш, къайлабаьккхира цо. Йуха пеша хьалха чамда охьайиллина, дийнахь сарралц йакъийра цо иза. Сахиллалц пеша хьалха сема буьйса йаьккхира цо. Амма чамдин негӀар дӀадиллича, адамо чохь херхаш ду ала йиш йоцуш, цу чамдин негӀарца дӀанисделира уьш дика. Йуха кхана набахти чу бала кхача кечбина, паргӀатйелира АругӀаз.

Ӏуьйранна сатоссуш хьалагӀаьттина, шен цӀийнда Ӏумар-Хьаьжа аьчк-пхьерийн кӀора цӀа бан Ӏабдул-ВадудагӀаьрга дӀахьажийна, ша гӀала йаха тохайелира АругӀаз.

Шена оьшуш долу ахча, шозза-кхузза дагардина, генна дӀадиллира цо.

Сийсара кхерзина котамаш а, деттина хьокхамаш а цхьана хIумана йукъа хьарчийна, ткъа херхаш чохь долчу чамди чу гола таIош тIедуху духар диллира, тIаккха цу тIоьхула тIейиллира АругIаза къастийна йоккха кемсийн хорха. ТIаккха, дика, чIогIа чохь йолу хIуманаш тIеттIа таIош, дIачIегIира цо чамда.

Йуха бежанашна хьалха докъар кхосса йахара иза божал чу. Нох дохуш неIаран сонехь Iуьллуш йолчу гомаша партала корта хьалаайъира, АругIаз докъаран цIов бохьуш чоьхьайаьлча. ДIо кIажахь йижина Iуьллу старгIа шена хIумма а ца гуш санна Iара. «Дала мукъ лахь, дада могуш-маьрша цу мостагIийн карара валахь, хIара старгIа йуьйр ма йу ас, доккха зикар а дойтуш, Iовдин мурдаш а кхайкхина», – бохуш, ойланаш йеш, бежанашна хьалха докъар тесна, чуйахара иза.

Ткъа хIара чоьхьа йоллушехь, схьакхечира Байдий.

АругIаза ма-дарра охьадиллира ша сийсара динарг моллина.

– Йоха ма йохалахь, кхача дIакховдош, – элира Байдийс.

– Йухур йац.

– БIаьргаша гучувоккху хьуна стаг, – доцца хьехар дора Байдийс.

– Со лаьтта хьоьжур йу...

– Хьажийтал, бод муха лацабелла!

– Ахь ма-бохху дина хьуна ас и гIуллакх, молла, – мало йора АругIаза ша хала тIеттIа таIош дIачIаьгIна чамда дIайеллa.

– Дика хир ду, – ойлане вистхилира АругIазех кхетта Байдий. – Галйала мегар дац!..

– Мичара!.. Со йолу гал? – аьлла, йелакъежира АругIаз. – Сийсара наб кхетта йац суна ойланаш йеш, молла... Дада, вайна воьгIна велахь, цIа кхочур ву-кх!..

– Дала мукъ лахь, – тIетодира Байдийс, – Дала мукъ лахь.

Дукха хье ца луш, хьуьнхара боьттина дечиг-кIора Iабдул-ВадудагIаьрга дIакхачийна, цIа кхечира Iумар-Хьаьжа.

ХIинца АругIаз новкъайаккха йезаш вара иза Джалкха-станце. Цуьнан йуьхь макхйелла, чIогIа цамгар кхеттачу стегачух тера йара. Iумар-Хьаьжин йуьхьа тIехь мо бара цхьа агIо йер-

риг дӀалаьцна. Иттех шо хьалха девна йукъахь гӀама[1] кхеттера цунна.

– Хьо бос баьхьана ма ву, Іумар-Хьаьжа? – хаьттира Байдийс.

– Сингаттам бу-кх, Байдий, сан кийрахь боллуш,– элира Іумар-Хьаьжас. – Сагатлуш ву-кх со цхьана хӀуманна...

– Ой, и хӀун ду?

– И ду-кх и, – элира дог ца догӀуш Іумар-Хьаьжас. – Ткъа кхин тӀе цхьацца гӀенаш а ду гуш!..

– Далий, маликаший диканиг дойла!

– Сийсара суна гина гӀан цхьа тамашена дара, Байдий, – элира Іумар-Хьаьжас. – Хьуна дика хуур ду иза тида. Дийций ас?

– Далий, маликаший диканиг дойла, – йуха а элира Байдийс, кечлуш йолчу АругӀазе а хьоьжуш. – ГӀан бохург – и са ду, боху. Ткъа стаг буьйсанна дӀавижча, са лела доьду, боху, вижинчун кийрахь мох буьтий... Иштта катоьхна сама ма ваккха, боху, вижинарг... Иштта ду цуьнан хьал!.. Дийцал гӀан.

– Пурхалла гота охуш вара со а, соьца Аьрзо а, – аьлла дӀадоло гӀоьртира Іумар-Хьаьжа.

– ЭхӀ! ЭхӀ! – мохь белира лазар деанчу стеган санна Байдийн.

– Ахь хӀун до, молла?! – олуш, тӀейолайелира АругӀаз моллина.

– ХӀумма а, хӀумма а ца хилла, – элира Байдийс. – Дийца, Іумар-Хьаьжа, гӀан дийца!..

– Цхьа урд хиллал кӀа тосуш, пурхалла гота эхи-кх ас а, соьца цхьаьна Аьрзос а сийсара гӀенах, ткъа цхьа сахь хиллал кӀа бухахь дуьсуш, аьхна йели-кх тхойшиннан гота.

– ЭхӀ, эхӀ, дакъаза ма вала хьо делаӀ, эхӀ, дакъаза ма вала хьо делаӀ! – аьлла, кхолабелира Байдийн бӀаьргаш. – Пурхалла ма эха йелар ахь и гота, Іумар-Хьаьжа, йохалнехьа эха йелар ахь иза. Ткъа цхьа сахь дисина ма хилла делара бухахь кӀа, цхьа гали дисина хилла делара иза, йа дерриг дӀатесна хилла делар ахь и кӀа! ЭхӀ, ма вон гӀан ду иза, ма вон гӀан ду иза!

– Суна-м ма ца хаьа иза... иштта, – олуш, доккха садаьккхина, кхин а чӀогӀа макхвелира Іумар-Хьаьжа.

[1] ГӀама – туьран тайпа.

Деллахь, ма дуьйцур дацара цо хIара гIан, нагахь санна хIара иштта вон туьдур дуй хиънехьара. Ткъа Iумар-Хьаьжина ма моттара, АругIаз новкъа йолуш хилча, цхьа диканиг до ша, хIара гIан дийцина.

– Дакъаза ма вала хьо делаI! – элира йуха а корта лестош Байдийс. – Йа кхачийна хилла делар ахь и кIа, йа цхьа гали бухахь дитина хилла делар ахь иза... Ма боккха бала бу ахь суна гайтинарг. Цхьа сахь бухахь кIа дисар рицкъ кхачо гергадахана бохург ма ду!...

– Ой, суна ма ца хаьа иза, – кхин а чIогIа воьхна хьаьвзира Iумар-Хьаьжа. – Суна ма ца хаьа иштта луьра дуй цхьа сахь кIа бухахь дитар, ткъа иштта пурхалла гота ахар а!..

– Ду бохург къамел дац, – элира Байдийс. – Йохалнехьа аха йезаш йу гота.

– Хьо Iийр ма вац цхьа хIума ца дуьйцуш, – элира АругIаза. – Хьо дийцина ваьллехь, новкъадовлу вай!..

– Ткъа хIинца хIун де вай?! – аьлла, оьгIазвахара Iумар-Хьаьжа. – ХIун дан дезара ас цу гIенах?!

– ЦIерга дийцина делар ахь иза, – аьлла, велакъежира Байдий, – йа Хулло йисте вахана, хе дийцина, такхадайтина делара ахь и вон гIан!..

– Суна-м ма ца хаьа, Байдий, и кIоргенеш! – элира Iумар-Хьаьжас, ши куьг дIаса а тосуш.

– Валохьа, валохьа, хьуна хIумма ца хаьа, – аьлла, сехьайелира ларча карахь йолуш АругIаз. – ХIан, молла, тхо новкъа девлча хIун дара-техьа?

– Дика хир ду, – бай-й корта ластийра Байдийс, – дика хир ду.

Доккха къорза нохчийн кортали коьртах хьарчийна, бисмиллица аьтту ког хьалха боккхуш, вордан тIе хиира АругIаз.

– Хьан Дала некъ тобойла, АругIаз, – элира Байдийс, – Дала дика кхаъ бохьуш цIа кхочийла хьо!

– Дела реза хуьлда хьуна а, молла, – йистхилира АругIаз. – Дала йоле биллийла ахь мел баьккхина ког!

– ХIумма дацара иза-м... – гIийла дийкира Байдийн аз.

– Варийлахь, ледар ма хилалахь цIахь, – аьлла, жимачу кIанте кхайкхира АругIаз. – Хьан нана схьакхочур йу хьуна кестта...

– Са ма гатдехьа, кху цIахь хIумма а хир дац хьуна, – жоп делира Байдийс.

– ХIара дукха хье ца луш цIа кхочур ву шуна! – мохь беара дахкара йуккъехула АругIазан.

ХIинца цуьнан аз хазар бен, кхин гуш хIумма а дацара. Ткъа ворда ара ма йаьлла, Байдийс дIачIегIира зIаран ков. Бобер санна, хебна, тIаьхьахьоьжура ворхI шо кхаьчна АругIазан йишин кIант.

Дахкаро шен кIайн кирхьа дуьхьал оьзна, къайладехира оцу сохьта говр а, ворда а, иштта цу тIехь болу АругIазгIар а. Дерриг дика хIума шен даг чу дижина, вон мел дерг кийрара дIатесна йогIура АругIаз. Ткъа Джалкха-станцехь АругIаз цIерпошта тIе хаийна, цIехьавирзира Iумар-Хьаьжа.

АругIаз дIакхаьчначу хенахь делкъ-ламазан хан йара. Набахтин хьалха гуш дара, карахь тIоьрмигаш а долуш, дIахIиттина лаьтта адамаш. Беххачу могIарехь лаьтта нах хьалха-хьалхачара баккъаш а тоьхна лаьттара, шайн шайн рагI тIекхаччалц. Ткъа йогIуш ша йуьххье ма-кхеччинехь, шен ден цIе а, фамили а йаьккхина, кхача дIаоьцуш долу кехат даьккхина, АругIаза чукховдийра цкъа хьалха йуург йолу ларча, тIаккха херхаш чохь долу чамда. Ткъа хьалха дIакховдийна ларча йуьстах охьайиллина, набахтин гIаролхоша, шайга шолгIа дIакховдийна чамда дIа а эцна, негIар дIадиллира.

Цецбевлла, шайн бIаьрга гиначух ца тешаш, чамде хьуьйсуш дIахIиттира эпсарш а, салтий а. НегIар схьадоьллушехь, царна гира шадерриг мутт даьлла, чохь Iийдалуш болу кемсийн гарс а, ткъа чамдин негIар тIехь берриг баша а бешна бод, иштта кемсийн кенаш санна, оллабелла кхозуш кхо херх а...

*Бексултанов Муса*

# КІЕЛХЬАРА ЦА ВЕЛИРА

*(Дийцар)*

Новразан Довта цхьана а хьуьнарца къаьсташ вацара кхечарал, дуьхьалдIа къахьегарца бен. Къа-м цо йа де а, буьйса а ца къестош хьоьгура. Нахана ца вевзара Довта. Довтина шена вевзара ша. Цунах цо ша тоам а бора. Довтина хаьара, вахар хала дуйла, щех кIайдарг ца йоккхуьйтуш чекхвала кхин а хала дуйла а хаьара цунна, хаьара, шена динарг декха гIертачул, ларвалар гIолехь дуй. Цундела лар а лора, стагана йуьхьдуьхьал хьаьжна а, бахьана ца долуьйтуш, ворта кагйелча санна, лаьтта а вогIавелла.

Довта кхоьрура. Довта ца кхоьрура кхечеран кхерамах, шен са дезарца болчу кхерамах. ХIара кхоьруpг кхин кхерам бара, шен цхьана хIуманна бехкхиларан кхерам. Бехке ца хила хала дара. Цхьа а вацара бехк боцуш, аган чуьра бер а тIехь. Беран делхар а дара шеконе: «Иштта ма ца доьлху бераш!..»

Довта цунах кхоьрура. ТIехуу дин а бехке лоручу заманахь (масех вайра, дой бахьана долуш) кхо вир а дIайоьхкира, иза беа коган хьайба хиларна. Делахь а, Довта кIелхьара ца велира.

Довта дIа-м ца вигира, керта а баьхкина, йа чу а ца хьаьвсира, кхечарна санна. Кхуьнга повестка йеара.

Повестка йеача, нахах цхьаберш бовдура, тIе а ца боьлхуш, шаьш дина а йа аьлла хIумма а доццушехь.

ТIебахнарш йуха ца богIура, иттаннах цхьаъ йа, дикка веача, шиъ бен.

Нах цунах кхоьрура.

До тобан гIерташ воллура Довта (гихь серий а деана), шега повестка схьакховдийча.

Кхунна иза охьайиийшира.

НКВД-н хьаькам кхойкхура кхуьнга кхана (вада хан йитинера), сахиллачул тIаьхьа.

Довта тIевахара.

«Ахь дина хIун ду, хьога хIун де боху цара хIинца?» – элира зудчо, Довтин шеконаш хиъча санна, тIе ца ваха ойланаш йеш Iачу. Йуха цунна шен пхи бер дагадеара, пхе а – йоI.

КIант а ца хили кхуьнан-м...

Баккъалла а, кхо дина хIун ду, воха? ХIун диначунна вайра ткъа Исраил, Мажид, Малцаг, Сато, Хьайдар, Шовхал, мел вайнарг а?

Хьанна хаьа! Цхьацца хIума... хила а... ХIан-хIа, мичара... муха... Кхунна уьш дика ма бевзара.

Довтина шен ойланаш йуха карлайеврира, верзина цIена, йетта а йиттина, цхьанна а хIуманна меха а воцуш, къен делла жIаьла санна, бетонан ор чу бертал дIатоьхна ша Iуьллуш.

Довтина дуьххьара гира къемат-де (велча хир ду бохуш хезна долу), со бен мила ву боху къонахий, зударех белха а боьлхуш, вовшашна харц тIекхойкхуш, дийнахь а, буса а ирахь лаьттачу Iазапехь. Тайп-тайпана суьрташ. Когаш бестара. ГIенан кескаш хедара кхетамехь. Шаьш хIун дуьйцу а ца хаьара нахана хIетахь.

ХIуъа дийцича а, бен а ца хетара.

Схьа хаьт-хаьттинчунна «хIаъ» олура:

«Варий хьо Iедал дохо гIерташ?»

«Вара».

«Обаргашна патармаш латтош варий хьо?»

«Вара».

«Iедал дезаш вацара хьо?»

«Вацара».

«Немцошкахьа вара хьо?»

«Вара»

«Варий хьо?» – аьлла хаьттича: – «Вара».

«Вацарий хьо?» – хаьттича: – «Вацара».

И ши дош йукъахь ца хилча, хIун ала деза, ца кхетара. Схьа ца лоцура кхетамо. Кхетам артбеллера. Йуха доллучунна а «хIаъ» аьлла стаг ваьлча, цунна жимма а йаздан хууш хилча, цуьнан нана-пIелг цхьана шекъала а Iуттий, шаьш дIайаздинчу кехатан буха таIабора.

Нахана, иза хIун ду, ца хаьара. Йа, хиъча, ойла а ца йалора. Ойла йича а, дан хIума а дацара. Цул тIаьхьа цхьацца дIавуьгура. Цхьаволчо Iодика йора ша дIавуьгуш, эхартахь гур вай олий, кхиверг вицлора, иза, омра доцучух, хIуманнах а ца кхетара.

Наггахь верг воьлхура, цхьацканна тIе а кхетий, орца а дохуш.

ДIавигнарг вовра.

Довта ца вайра. Довта дIа а ца вигира.

Кхо «хIаъ» йа «хIан-хIа» ца элира. «Вара» а «вацара» а ца делира кхуьнан багара.

Довта кхийтира шен Iожалла тIекхачарх, кхийтира, хьаькамо тапчан мукъ тоьхна, багара цергаш а йохуш, дуьххьара аркъал ша дIакхетча. Йуха цуьнан Iаьржачу, йуткъачу къегачу эткан буьхьиго ши пIенда кагбича, кхин цкъа а кхийтира Довта, ша чекхваьллийла.

Кхуьнга тIаьххьара, пхоьазза йолу топ схьайа, бехира, дIа мел туху хIума коьртах а тухуш.

Пхьаьрсаш хьийзош, генна ирах кхоьхьура букъа тIоьхула.

Пхьаьрсаш хьалха лозура. ТIаьхь-тIаьхьа лаза а ца вора, дегI дечиган долчул башха. Пхьаьрсаш, машшаш санна, кхозура хIинца, шеддаш а далур долуш.

Йуха аьрру куьйган пIелг кагбича хиира кхунна, ша хIинца а дийна вуйла.

Цхьана Iуьйранна (кхо кIира даьллачул тIаьхьа), чорпин кад бохьуш чувеъначу хехочо (наха «хехо» олура цунах) хаьттира кхуьнга, кхо хIун дина аьлла.

Кхо дIадиййцира.

– ДIало тIаккха топ, – цецвелира хехо.

Шен хилла а йац топ, элира кхо, шаьлта а дIайелла ша нахана.

– Йу ала, – элира хехочо, – тIаккха аравер ву хьо, цул тIаьхьа...

– Доцург ду ала бакъо йац, – Довта шечунна тIера ца велира. – Йа ведда лела хьуьнар а дац сан.

– Йу ала хьайн, – элира хехочо шолгIа а, – ас гIодийр ду хьуна, суна карор йу. Дуккха а бевлла хьуна, тоьпаш схьа а луш, мукъа.

Довта ца кхийтира, йа ца тийшира, аьлча а, кхеравелира, повестка йеъначу дийнахь санна.

ТӀаккха цӀеххьана ойла цӀанйелира, дерриг гӀан а хеташ, цхьана кхечунна гина долу: хьаькамо дуьххьара леван валийнчу дийнахь дуьйна цхьа некъ оьхьура кхунна – вада некъ.

Мича бахьанина? ХӀунда?

Кхеран йуьртара дукха ма бара бевдда, шаьш стенга бевдда а ца хууш.

Цул тӀаьхьарчу пхеа дийнахь йистташ а ца кхийтира Довта хьаькамо шена вада некъ стенна буьту, цӀа а гӀой, топ схьайа хьайн бохуш.

Кхо хӀоразза а, йац шен, бехира.

ТӀаьххьара, йу шен топ, ала дийзира Довтин, шен зудчун Халистан цӀогӀа, набахтин иссе догӀанах чекх а даьлла, лалийнчу дашах шен лере кхаьчча.

Кхунна СоӀдин Гелаг дагавеара, ткъе берхӀитталгӀачу шарахь вийна волу.

Гелага кхаа баттахь дуьхьало йинера йа шена а, йа нахана а харц тоьшалла ца деш.

Гелаган итте пӀелг гураний, неӀарний йукъа Іовдуш, лелхийтинера цкъа, йуха цхьацца куьйган кхоккха пӀелг кагбинера.

Гелаг къар ца веллера.

ТӀаьххьара а шен зуда БӀаьргаш (нускалара йалаза йолу), набахти чу шена дуьхьал а йалийна, йерзина йаккха йолийча, Гелага харц мукӀарло[1] динера, шега цара мел хиттинарг ша дина ду аьлла, цхьа а бехкс ца веш.

Кхин Гелага нах бехке ца беш, БӀаьргаш йерзина йаькккхинера.

Цу дийнахь къежвелла, бохура, Гелаг.

***

Халисат гина кхо де даьлча, дӀахийцира Довта, топ а йохьуш тӀевола аьлла.

Цул тӀаьхьа маьрша хир ву а, элира кхуьнга.

ДогӀанаш дӀа а даьхна, набахти чуьра араваькхича, шена йуург кхехьна волчу хехочух дӀатуьйхира хӀара:

[1] МукӀарло – къобалдар, бакъдар, къарвалар.

«ДӀа новкъаваккха иза», – олуш цуьнга.

Хехочо кхунна хьалха Къуръанан йоза тӀехь долу жайна диллира, чухулара догӀа дӀа а тухуш.

Кхо дуй биира, топ йоьхкинчун цӀе ца йаккха.

Хехо, цу буса (барт ма-барра) кхеран гӀодмийн такхорах вуьйлира, шеца цхьаьна топ а йолуш.

Довтас ша стундегара деана ахча (тоьпах доьхург) дӀаделира, хехочун цӀе ца йаккха кхин цкъа а тоьшалла а деш.

Довта кхаа дийнахь хьийжира, ша волчу стаг вогӀий.

Цхьа а ца веара.

Довта хӀетта кхийтира, ша вадийта гӀертийла.

ХӀокху тӀаьххьарчу шарахь вада мел ведда стаг хӀунда ведда, хиира кхунна. Вада атта вадийтахь а, вен тӀаьхьа чӀогӀа бовлий а хиира, ведда стаг ца карийча, новкъавоьду-вогӀучех стаг вуьйш.

ХӀинца ша санна топ дӀайала тӀеваханчарех йухавеана стаг а ца карийра Довтина. ДӀайала-м дуккха а ихна хиллера, ши метр хьалхара хӀума ца гуш бӀаьрзе Ахьяд а тӀехь. Царна тоьпаш мичара йевлла, ца кхийтира Довта, кхунна-м хехочо йоьхкинера.

Оцу дехачу кхаа дийнахь а, доьалгӀачу дийнан буса а (ша ойланаш йеш йаьккхинчу) ца кхийтира Довта, хи чуьрачу чӀеранчул башха бехк а, гуьнахь а доцу нах Ӏедало ша, доцу бахьанаш а кхуллуш, нуьцкъала ида хӀунда уьдуьйту, заявлени а делла тӀевахча а Даймехкан тӀам тӀе а ца вохуьйтуш, шу оьшуш дац цигахь бохуш, чехор бен. Делахь а цхьа хӀума-м дуйла хаьара кхунна, хӀуъа делахь а, цхьа боккха тешнабехк, цхьа хӀилла, и Дела ша воцург кхуьур а воцуш, ойланаш йина хьо иккхича а.

ТӀаккха Довтас чӀагӀо йира (хьалха Деле ша бехкецавар а дехна), шен синна дуьхьал са доцуш цу хӀун бу ца хуучу тешнабехке ша хӀаллак ца вайта. Цул тӀаьхьа паргӀат а велира, хиндерг тоххарехь хилла даьлча санна, ша шех дагалецамаш а беш.

ДоьалгӀачу дийнахь чӀогӀа паргӀат вара, бохура, Довта, бераш а хьоьстуш, шен йукъахбисина до а тобеш, пӀелг а, пӀендарш а дӀадерзаза доллушехь.

Шена гучубуьйлучу нахе, ша кхин тӀеваха везаш вац, ма аьллера цо. Халисат а халла тешийна хиллера, ша паргӀатваьлла, шен гӀуллакх дийцина ша цаьрца аьлла.

Пхоьалгӏачу Ӏуьйранна Довтас хьалхе ламаз динера. Йуха кха тӀера гӀодмаш дӀадоьттинера Халисатца, боккха цхьа хола а беш. ТӀаккха цхьацца дагалецамашца Халисат шеца къамеле а йаьккхина, шех нехан доллург а, шен нахах доллу декхар а хьахийра, бохура.

Цул тӀаьхьа коган а, куьйган а мӀараш а йаьхна, тӀе хи а кхерзина, шена хӀума а йиъна, тӀе цӀена бедар а йуьйхина, уьйтӀа ваьлла лийлира, боху. «Хьуна хӀун хилла, ва къонах, хьо ма гӀийла ву?» – Халисата шега аьлча: «Минот ца йаьллехь, къанбелла жий санна вовра-кх со», – аьллера, велавала а гӀуртуш.

ТӀаьххьара а, делкъахан хилале, Халисатан бӀаьрг ца кхоьтуьйтуш шена тӀоьхула чоа а оьллина, веха пенах латийна йолчу куьзган цуьрга чу а хьежна, «ухь-ухь» аьлла йовхар а тоьхна, кхин вист ца хуьлуш ара а ваьлла, кех а ваьлла, меллаша охьаволавеллера новкъа.

Халисат тӀаьхьа кхайкхинера: «Ахь хӀун до, хьо стенга воьду?» – аьлла.

«Со эццa сельсовете воьду налог дӀайала, тӀаьхьа ца кхайкхича, ца Ӏий-кх хьо тахана... Йуург кечйелахь цу чохь», – элира, боху, Довтас, тӀаьххьара, йуха а ца хьожуш.

Халистана Довта кхин ца гира.

***

Хехо а вуху Довта хаавелча, гӀантара хьалатохавелла, пенах кхеташ.

Довта сацало, велавала а гӀерташ.

Топ дӀайала веана ша, олу цо.

Хехочун хьажарх Довта ца кхета.

Ша хӀара вадийта йуххуш йолу топ, цкъа а дӀаса ца йолуш, масийттазлагӀа дуьхьалйогӀу хехочунна, шен ден дог-ойланах кхета йиш йоцуш.

«ОхьахӀоттайе», – хеза Довтина.

Кхунна хьaькаме дIайала лаьа топ, цо схьайа аьлла кхуьнга.

Хехочо дIавуьгу неIар тIе Довта. Чоьхьаваьлла Довта йуха а велавала гIурту.

Хьaькаман буйнара къолам стоьл тIоьхула дIакерча, Довта гича. Мочхалш тIеттIа доьлху. Бос цIен-кIайн хийцало.

«Схьагайтал топ. Хьайн хилча, дуьхьал а ца вуьйлуш... Со-х хьо лаца операци а йахийтина Iаш ву», – хьaькаман куьг схьаайъало стоьл тIера.

Топ нийсса аьрру бIаьрга чу кхета хьaькамна.

ШозлагIа болу хIоъ некхах дIабов.

Довта арахьоду. ДIаводу готтачу сени чухула.

Хехо ца караво ша хиллачохь. Довта дIаала воллу цуьнга ша динарг. Шеца вада ала воллу хIара цуьнга...

«Руки вверх!» – эккха букъ тIехьашха.

Схьахьаьжча, тапчан биргIа шен хьaьжа йуккъехь саца гIерташ го Довтина.

«Хехо», – олу бIаьргаша, ойла кхиале.

«Хьенех», – долу кхуьнан кийрара.

Лерг лоцуш, ца лоцуш тIехболу тапчанан хIоъ.

Довтин куьг тоьпан чархи[1] тIе кхачале, кхуьнан некхан аьрру агIо «зингато» къовзайо.

Хьажа йуккъера лазавале кхуьу Довта шен коьртачу гIалатах кхета.

КхозлагIа болу патарма кIесаркIаг чу туху милцойн хорма тIехь йолчу хехочо.

Довтин дегIан чарх цкъа тIаьххьара тохало.

Новразан Довта шовзткъе кхоалгIачу шарахь велла аьлла ду цунна 1958-чу шарахь (каш а доцуш) некъаца доьгIначу чурта тIехь дIайаздина.

Гуьйренан хьалхарчу беттан уьссалгIа де дицделлачух тера ду чурт диначу пхьерана. Йа, аьлча а, иза-м кхин оьшуш а ца хета хIинца.

---

[1] Чархи – чапгIа.

*Амаев Ваха-Хьаьжи*

## ЦХЬА ДЕ...

– Со кхоьру со виначу дийнах. И тIекхочуш, самукъа динло суна. Эзарнаш ойланаша, беза мохь хуьлий, оллабо корта. Цхьалха, тийна меттиг лоьху даго – шена диса.

ДоттагIаша совгIаташ а до суна-м, декъал а во, амма со цкъа а стоьлана гонаха ца хуу цаьрца со виначу дийнахь.

Цу дийнахь со воьду тIеман хене, генарчу хене – со виначу дийне.

*– ХIумма а дац, кIант, ма къехка хьо доттагIийн гонах – хьо жима ву, хьан кхоллам хьан доттагI хуьлийла лаьа суна. Со ма ву и ишта хилийта леттарг, со а, сайн са а ца кхоош. Хаьий хьуна, кIант, цу дийнахь ас айбира доттагIашца чагIаран кад, тхан де ма дара иза, тIемалойн. Оха толамна, машарна, Сталинан могашаллина тIера кедаш мелира.*

– Цу буса вайгахь кхо тIемало вара. Со-м ца кхетара: хьан дегара кехат генара догIура, ткъа хIокхара хIун леладо-те? Цара чагIаран кедаш мелира – Сталинна, толамна тIера. Вайн йуьртахь хIорангахь а бара уьш.

*– Оха кедаш мелира, тIаккха мостагIчунна тIелата кечделира.*

– Самукъаделира вайгахь волчу кхаа тIемалочун. Эшарш а лоькхура цара. Шайн генара хIусамаш, зударий, бераш дага а лоьцура. Царах къахеташ, ас царна хьалха дакъийна жижиг а, ахьаран галнаш а йехкира. Хьо кийрахь «вон лелара», кIант, папина улле а хиъна, йоьлхура со.

*– ХIетахь суна тIевеара комбат а, тхан батальонера воцу цхьа капитан а, суна ца вевза ши тIемало а.*

*«Хьо муьлхачу къомах ву?» – хаьттира соьга капитана.*

– Йоьлхуш Iачу суна а, со тейан гIертачу папина а тIехIоьттира цхьа тIемало. Вехна волуш, теккара иза. «Хьан майра мичахь ву?» – хаьттира цо соьга.

*– Со вистхила а кхиале, сан комбата, со хIири ву, элира. И олуш, соьга къайлах бIаьрг таIийра цо. Вехна а вара, цхьана меттехь хьажар ца сацалуш. Цхьа тешнабехк улле гIертий-м хиира суна, хьалхо цхьа эладита хезна дела а, амма со нохчи ма вара, нохчийн нанас дена вина. Сайн комбатна оьгIазваха кхиийра со. Суна кхечу къоман хила ца лиира. Сан къомах хIун эхьениг даьллера, кхехкара сан дог, хIун ледарло йаьллера, ас со кхечу къомах ву ала?! Со тIемало вара, цу деннаьц хIумма а ца къестош, мостагIех леттера тхо. Ткъа муьлхачу тешнабехкан, хоьттура даго, ишйла тулгIе йу хьо, капитан?!*

– Исс бутт хьалха тIаме вахана, – элира ас.

ТIемало цхьа тамашена кIоршаме велавелира. ТIаккха – важа шиъ а.

*– Сан комбате гома хьаьжира капитан, тIаккха йуха а суна тIевирзира, шен хаттар карла а доккхуш.*

*Хаза Iуьйре йара иза. Маьлхан шийла зIаьнарш, кIайчу лайн куьзга детех къагош, цунна тIейиишина йара. Мел доккха а са даккхарх, кийра ца Iебаш, эзар цецах чекхдаьккхича санна, цIена дара хIаваъ а. Ткъа тийналла? ТIеман тийналла йацара – кошан тийналла йара. ХIаъ, тийналла иштта хийтира суна.*

*Ас, со нохчи ву, элира. И олуш, сан дог цхьа дера тохаделира, со верриг а вагош, вегош, ткъа капитан хиллачохь лаьтташ цхьа боьха лаьхьа бара, дIаьвше шалха мотт гучу а бохуш. Исс баттахь леттачарал а боьха хийтира суна иза. Ас белшах кхозу сайн автомат охьайаьккхира.*

– Хьан майрачуьнгара кехат даза дукха хан йуй? – хаьттира тIемалочо.

*Суна а, лаьхьанна а йуккъе хIоьттира сан комбат. Шен батальон тIелата цхьа минот бен ца йисина, элира лаьхьане.*

– Цхьа бутт бу, боху ахь, кехат даза, лаьхьа? – бохуш, аз даздира тIемалочо. – Хаьий хьуна, – тIечехара иза, – оцу цхьана баттахь цо маса бер, зуда, цIен тIемало вийна хир ву?!

Со цецйелира, цо иштта аьлча.

– Вехна хабар хир ду-кха ахь дуьйцург, – аьлла, IадIийра.

*– Со йамартхо ву, – элира лаьхьано, – ша со дIавуьгур ву. – Герз схьало, элира.*

*Дуьне лестира, со когаш тIера галвоккхуш. Ас меллаша дIатеттира тхаьшшинна йуккъера комбат. Иза окопан пенах кхийтира. Лаьхьанна тIелоцуш, автомат йуьйлира ас.*

*ТIаьхь-тIаьхьа марсавуьйлуш, тIечехара суна тIемало. Хьан майра йамартхо ву, – бохура цо, – иза мостагIашкахьа ваьлла. Нохчий берриш а тешнабехке жIаьлеш ду, – бохура.*

Сан, йелха бен, де дацара. Къена нана хIоьттира тхойшинна йуккъе, тIемалочун боьха дешнаш шена тIелоцуш.

*Автоматан лаг озо кхиале, лаьхьанах лачкъош, тхан тIемалоша гонна йукъаваьхьира со. Багара чопаш туьйсуш, бегабора кхерабелла лаьхьа. Сан комбатана чугIертара иза, хIинца тийшин хьо и йамартхо хиларх, хьуна туьйхирий цо, со вен гIерташ варий иза, аьтто баьлча, мостагIашкахьа вер ву и, ша хIинццалц а царна къайлах гIуллакх деш вацахь бохуш.*

Пенах тоьхна, нана йожийра тIемалочо. ТIаккха йуха а суна тIевирзира иза, шу-м, мезий, дерриш а тангIалкхех кхозуш дика дарий, бохуш. Цхьа къинхетам а хьахийра цо, Сталина вайх бен.

*– ПаргIат велакъежаш, сахьте хьаьжира комбат.*

*– Ахь, и йамартхо ву, боху, – элира цо лаьхьане, – «теший» ахь со, баркалла. И дIогахь, – малхбузехьа пIелг хьажийра комбата, – вуно онда чIагIо йу мостагIчун, делла а, дийна а оха схьайаккха йезаш. И схьайаккхалахь, ас билгал маса стаг вуьсур ву олу хьоьга сайн батальонехь – итт, йа – цхьа а! Сан ах батальон цо хIинцале а дIакхаьллина. Нагахь хьуна диц ца деллехь, тахана тIемалойн деза де ду. Оха и чIагIо схьайаккхахь – тхан совгIат ду махкана, ткъа ца йаккхалахь а, тхо декхар дуьсур дац. Суна хIора стаг а оьшуш ву хIинца, цундела ахь а, хьайн шина тIемалочуьнца, сайна гIодан лаьа суна. «Йамартхо» муха лета, хуур ду хьуна, нагахь и мостагIашкахьа вала гIортахь йа хьайна ледара хетахь, цигахь лаца а лоцур ахь и.*

– Сох куьг тоха гIоьртира тIаккха тIемало. Ас гIора ма-дду дIатеттира и. Вехна хиларна, охьакхийтира иза. Сан йада каделира.

*– ХIетахь стиглахь кхо седа къегира: лаьтта хьаьдира, сирла лараш йуьтуш – тхоьга тIелата боху буьйр дара иза, кхо ракета.*

*ХумпIар чуьра шен тапча а йоккхуш, окопа чуьра хьалавелира тхан комбат.*

*– Даймехкан дуьхьа! Сталинан дуьхьа, тIетаIа, кIентий! – элира цо.*

– Ницкъ а кхачийна, со йуьйжира. Лазарша лайлахь керчайора. Орцах ца долура аддам а.

*– Окопа чохь ша бисира лаьхьа. Тхо хьалхатаьIира. Йоккхучу хIора гIулчехь эгош, жимлора накъостий. Амма тхо ца совцура. Тхо дийна долуш совца а лур дацара цу дийнахь – тхан де ма дара иза, тIемалойн. Тхо декхар дара цу дийнахь мехкана совгIат дан.*

– ТIаккха гобаьккхина лаьтта адамаш гира суна. Ас мел дехарх, суна гIо-м ца дора цара. Лаьттара, меттах а ца довлуш. Царна тIоьхула тIекхевдира суна маьлхан шийла зIаьнарш. ТIаккха хиира суна, лаьттарш адамаш доций, – вайн кешнийн чарташ дара уьш.

*– Тхо тIекхечира мостагIчун чIагIоне. Чуччадахара. Лаьхьанна IаьIна оьгIазло ас мостагIчунна тIехь йаййора. Тхо дера летара. Толам тхан ца хила йиш йацара.*

– Соьга мохь ца сацалора. Шийла ло а, алу санна, довха хетара. Садукъдеш деттара лазаран эвнаш.

Ткъа тIаккха – бода. Адамийн лерций, когийн татанашций, хьан, кIант, маьхьарций беара иза. Суна дерриг чекх а доккхуш.

*– ЧIагIо тхан карахь йара. КIезиг бара букъ гайтина мостагIий. Делахь а, суна йитина а хиллера цхьа шокъали... Шен голаш тIе биллира комбата сан корта.*

*Суна тIехIиттира тхан бисина тIемалой. Ас багарбира уьш.*

*– Комбат, – элира ас, вела а къежаш, – хьо гIалатваьлла хилла. Ахь уггар тIех итт бен вуьсур вац элира, ткъа шу пхийтта ву.*

*– Йалхитта ву, – элира цо, – хьо а тIехь – йалхитта.*

*– Сан хан тIехIоьттина, – элира ас, – вуьшта, со-м вай тIелатале а велла вара – со лаьхьано вийнера вайн окопа чохь. Йамартхо хилар валар дац?*

*– ХIаъ, – воьлхура комбат, – ву хьо йамартхо, хьо хIинца тхох къастахь, хьо йамартхо ву. Ас, ларло, ма бехира хьоьга, ткъа хьо, верриг ваьржина, летара, тхо дерриш ахь хьайна тIехьа ловчкъо гIерташ. Йиш йац хьуна хьо дIаваха, – бохура цо, со кхин воций а ца хууш, сан дог кхин детталуш доций а ца хууш...*

– Нана, тIулган дог долуш вина хилла ахь со – ца хилча, и де гуш, эккха хIунда ца оьккху иза? Дуьнен чу волуш а бо хилла-кх со. Цхьанна гергахь – йамартхо а.

Кошан баьрзнаш мукъна а делара шуьшшиннан – дай куьг хьоьkхуш хьоьстур дарий уьш, тIаккха а Iийр варий шуьшиъ дийна долуш санна, сайца, уллехь долуш санна.

«Iойла дац», – аьлла, хьо, нана, дIа ца йоллийтина эпсаро – тIе ло а хьаьkхна, йитина. Хьо дIавоьллинчохь дуьйш кIа ду, дада, дашочу кIен буьртигех дуьнен чу ваьржи хьо.

ХIай Веза Дела, суна а ца йелла, хьанна лур йара Ахь дехненах бекхам эца йиш? Ма лаьлли ахь, зама, бехкениг дIахьош. Ма доккха декхар ду суна тIехь – барт хоттучу дийнахъ дега-нене ма суна йалсамани йехийта ца воллу хьо...

Ламанан жимачу йуьрта чувулучохь, некъа йистехь, уллехь хаза кечдина ши чурт лаьтта. Цхьаъ вукхул жимма лекха ду. Кешнийн баьрзнаш доцуш, байлахь ду и шиъ. ШолгIа терахьаш цхьатера ду цаьршинна тIера – «23 февраль, 1944 шо». ГондIара ло а, Iаьржа латта гучудоккхуш, дIадаькkхина ду.

Белан гIожа тIе а тевжина, шина чурте хьоьжуш лаьтта цхьа жима стаг.

Товш, хаза йу цуьнан йуьхь. ТIуьно, амма цIена бIаьргаш. Гуттар а балдаш меттаххьуьй цуьнан – ша шега цхьаъ дуьйцуте? Йа цхьаьнга лоь?..

## ЛИТЕРАТУРИН ТЕРМИНИЙН ДОШАМ

*Автобиографически произведени* – йаздархочо шен дахарх дерг йукъадалош йазйина произведени.

*Аларш* – барта кхоллараллехь кегийра дийцарш.

*Аллегори* – хIума, хилам тардинчу кепара гайтар, къегтина гушдолчу хIуманехула гучу а доккхуш.

*Аллитераци* – литературин текстана башха декар а, къастор а луш долу цхьатера аьзнаш йух-йуха далор.

*Аннотаци* – статьян, куьйгайозанан, книгин боцца чулацам.

*Антитеза* – дуьхь-дуьхьалниг. Исбаьхьаллин кеп йу, хилам а, хIума а, персонаж а дуьхь-дуьхьал хIоттош йолу.

*Аргумент* – цхьана хIуманна тоьшаллина далош долу тоьшалла.

*Архаизм* – ширделла, шех кIезиг пайда оьцу дош.

*Ардаме сюжет* – исбаьхьаллин произведени тIехь кхочушхуьлучу хиламех, турпалхоша дечу гIуллакхех льтта сюжет.

*Ассонанс* – стихашкахь цхьа мукъа аз йа цхьатера мукъа аьзнаш, поэтически къамелан къегина васт хIотторхьама, йуха-йуха далор.

*Афоризм* – чекхдаьлла маьIна а долуш, доцца аьллачу къегтинчу дешнашка йерзийна ойла. Афоризмаш кицанех тера йу, амма, цаьрца йуьстича, шен биллгала волу автор волуш йу (йаздархо, Iилманча и. д. кх. а).

*Байт* – малхбалехьарчу поэзехь шина стихах льтташ йолу строфа.

*Барта кхоллaралла,* йа *фольклор* – халкъо кхоьллинчу барта дешан искусство. Барта кхолларaллин шуьйра йевзаш йолу жанраш: кицанаш, хIетал-металш, туьйранаш, иллеш, эшарш, чехкааларш, дагардарш.

*Басня* – хьехаме маьIна шеца долу стихотворенин (йа прозин) кепехь йаздина жима дийцар. Адамийн амалш дийнатийн васташца гойту баснехь.

*Баллада* – исторически ира сюжет а йолуш, шен бухехь цхьа хилам болу йоккха лиро-эпически произведени.

*Былина* – оьрсийн барта кхолларaллин эпически произведени.

*Гипербола* – дуьйцург тIехдоккха гойтуш йолу исбаьхьаллин кеп.

*Градаци* – предложени чохь цхьанатайпана исбаьхьаллин гIирсаш (эпитеташ, дустарш, метафорш и. д. кх.), маьIна тIаьхь-тIаьхьа чIагIдеш йа, мелхо а, лахдеш далоран исбаьхьаллин кеп.

*Гочдар* – исбаьхьаллин произведени, муьлхха а йозанан болх, къамел цхьана маттера вукху матте даккхар.

*Гротеск* – хила йиш йоцуш а, хила йиш йерг а цхьаьнаэдеш дестийна хIума далор.

*Дактиль* – хьалхарчу дешдекъа тӀехь тохар а долуш, кхаа дешдекъах лаьттачу стихан барам.

*Диалект* – цхьана меттахь бехачу нехан къамел.

*Диалог* – шина йа масех стага вовшашца ден къамел.

*Драма* – сцени тӀехь хӀотто лерина диалоган кепехь йолу литературин произведени.

*Дийцар* – стеган дахарера цхьа йа масех гӀуллакх гойтуш йолу жима эпически произведени.

*Дийцархо* – исбаьхьаллин произведени тӀехь шен цӀарах дийцар дӀахьош верг.

*Дерзор* – исбаьхьаллин произведенехь гайтинарг чекхдолуш кхоллалуш долу хьелаш.

*Долор (завязка)* – исбаьхьаллин произведени тӀехь гӀуллакхаш билггал кхиа доладаларан хьал.

*Дустар* – исбаьхьаллин суртхӀотторан гӀирс, цхьа хӀума йа гӀуллакх кхечуьнгахула билгалдоккхуш, шех тера долчуьнца дустуш гойтуш болу.

*Диалог* – шина йа масех стага вовшашца ден къамел. Спектаклашкахь, пьесашкахь, киносценарешкахь турпалхойн амалш йовзийтаран коьрта кеп.

*Жанр* – исбаьхьаллин произведенин кеп, масала: дийцар, повесть, поэма, кхин а.

*Идея* – исбаьхьаллин произведенин коьрта ойла.

*Илли* – нохчийн барта кхолларалин жанр.

*Илли турпалаллин* – тӀаьхьа пондар а балош, дахарехь хилла гӀуллакхаш а, хьуьнаре къонахий а буьйцу стиховоренин кепехь йолу лирически а, лиро-эпически а произведени.

*Иллюстраци* – исбаьхьаллин литературин чулацам тӀехь дехкина суьрташ.

*Инверси* – шатайпа дешнийн раж.

*Интерпретаци* – литературин произведенех кхетор, цуьнан маьӀнина, идеяна а тӀаьхьакхиар.

*Интонаци* – къамелехь цхьа дош чӀогӀа аларца билгалдаккхар. Цо аьтто бо ша дуьйцучуьнца йолу йукъаметтиг билгалйан.

*Ирони* – шена хеташ дерг а, ала кечдинарг а ца олуш, цунна нийсса дуьхьал дерг аларан исбаьхьаллин кеп; хӀума беламе даккхар.

*Ира аларш* – доцца аьлла, шайх шуьйра пайда оьцу говза дешнаш. Ирачу аларша забаран кепехь Ӏорайоху адамийн сакхте амалш.

*Инсценировка* – сцени тӀехь хӀотто кечйеш драматургин кепе ерзийна произведени.

*Йиш* – барта кхоллараллин жанр, мехкарша мукъамца олуш йолу лирически произведени.

*Кица* – доцца, шайгахь къеггина а, кхеторан маьӀна а долу ира халкъан аларш.

*Комеди* – забаречу, беламечу кепара хиламаш, персонажаш шеца йолу драматургин произведени.

*Комментари* – маьӀна дар, кхетам балар.

*Композици* – исбаьхьаллин произведенин дӀахӀоттам.

*Кульминаци* – исбаьхьаллин произведени тӀехь хиламаш кхиарехь уггар лакхара тӀегӀа.

*Къовсам* – галморзахалла, турпалхой вовшашна дуьхь-дуьхьал, къийсаме бевлла хилар, церан тайп-тайпана дуьнене хьежар.

*Лаконизм* – ма-хуьллу доца алар.

*Легенда* – шена чохь бакъдерг а, хила йиш йоцург а цхьаьнаийна йолу халкъан фантазица кхоьллина произведени.

*Лирика* – литературин тайпа. Лирикехь дахар гойту адамийн ойланаш, синхаамаш бовзийтарца.

*Лирически турпалхо* – авторан ойланаш, лаамаш, синхаамаш бовзуьйту исбаьхьаллин васт.

*Лирически эшарш* – адамийн синхаамаш бовзуьйту эшарш.

*Литературовед* – цхьана йа масех йаздархочун кхоллаpалла а, историко-литературин гӀуллакхаш а толлуш волу говзанча.

*Метафора* – кхечу маьӀнехь далийна дош йа алар. Цхьа хӀума шех тера долчу кхечу хӀуманехула гучудаккхар.

*Мифаш* – турпалхойх а, деланех а лаьцна хьадисаш, легендаш.

*Монолог* – исбаьхьаллин произведенехь цхьана турпалхочун йа дакъалацархочун къамел.

*Мотив* – исбаьхьаллин произведенин темин цхьа дакъа.

*Мораль (баснехь)* – жамӀ, маьӀна дар, дукхахьолахь автора хадийнчу мехаца догӀуш долу.

*Новелла* – литературин дийцаран жанрехь йолу произведени. Новеллехь ардаме сюжет, цӀеххьана голатухуш, ерзаре йоьрзу.

*Назма* – бусулба динах лаьцна чулацам а болуш, мукъамца дӀа а олуш, стихашкахь йолу исбаьхьаллин произведени.

*Наьрт-аьрстхойх дийцарш* – нохчийн барта кхоллараллера дийцарш.

*Ода* – йукъараллин маьIна долу цхьа хилам; стаг вазвеш сийлаллина кхайкхош йазйина йолу стихотворени.

*Олицетворени* – метафорин цхьа тайпа, исбаьхьаллин сурт хIоттош, Iаламера муьлхха а хIума адаман хьесапе дерзийна, синхаамаш а, кхетам болуш санна гайтар.

*Пейзаж* – исбаьхьаллин произведенехь Iаламан сурт.

*Персонаж* – литературин турпалхо, исбаьхьаллин произведенера дакъалацархо.

*Портрет* – произведенин турпалхочун йуьхь-сибат, куц-кеп.

*Повесть* – эпически произведенийн цхьа тайпа. Дийцарехь болчул алсам хиламаш болуш, барамал цул йоккха йолу эпически произведени.

*Поэма* – лиро-эпически произведенийн цхьа тайпа. Къоман дахарехь маьIне долу гIуллакхаш а къастош, хьуьнаречу турпалхойн васташ а кхуллуш йолу стихашца йазйина лиро-эпически произведени.

*Поэзи* – стихотворенин кепехь йазйина йолу исбаьхьаллин произведенеш.

*Поэт* – поэтически произведени кхуллуш верг.

*Проза* – стихотворенин кепехь йоцу литературин произведени.

*Пролог* – фабулин цхьа дакъа; исбаьхьаллин произведени тIера хиламашна йукъа ца догIу дийцар.

*Публицистика* – йукъараллин дахаран, политикин актуале гIуллакхаш къастош йолу литературин произведени.

*Рецензи* – критика жанран цхьа дакъа, произведени къастош мах хадор.

*Риторически хаттар* – поэтически произведенехь хIума чIагIдаран маьIнехь далийна хаттар.

*Риторически айдар* – поэтически произведенехь айдаран интонацехь дог-ойла билгалйаккхар.

*Риторически тIедерзар* – исбаьхьаллин суртхIотторан гIирс; синкхетам болчу а, боцучу а хIуманашка вистхиларца ша дуьйцуш долчуьнга йолу шен йукъаметтиг автора гайтар.

*Ритм* – стихотворенехь шайна тIехь тохар долу а, доцу а дешдакъош цхьана барамехь хийцадалар.

*Рифма* – стихотворенин могIанийн чаккхенаш цхьаьнайар.

*Роман* – эпически жанран произведени. Дахар шуьйра, кIорггера гойтуш, дуккха а турпалхой болуш, церан амалш кхиаран хьелаш къастош, кхочушхуьлуш долу гIуллакхаш шаьш кхиарехь гойтуш йолу йоккха произведени.

*Сатира* – дахарехь хуьлуш дерг, адамийн амалшца сакхте дерг, беламе деш, Іорадаккхар.

*Сонет* – бейтта могІанах латташ йолу стихотворени: беа могІанан ши строфа, кхаа могІанан ши строфа, шина могІанан цхьа строфа.

*Силлабо-тонически стих кхолларан кеп* – дешдакъойн барамца а, дешдакъошца а, тохаршца а, и тохарш могІанехь дІанисдаларца а билгалйолу стихкхолларан кеп.

*Спондей* – тІехь тохар долчу шина дешдекъах латташ йолу стихан гІулч.

*Стихотворени* – стиховоренин кепехь йазйина йолу исбаьхьаллин жима произведени.

*Строфа* – шайн маьІница, интонацица, рифмашца цхьаьнатоьхна стихотворенин могІанаш.

*Сюжет* – исбаьхьаллин произведенера хиламаш кхиаран кеп.

*Тема* – исбаьхьаллин произведенин бух кхуллуш болчу хиламийн го.

*Турпалхо (литературин)* – исбаьхьаллин произведенин коьрта дакъалацархо.

*Туьйра* – халкъан барта кхоллараллин произведени.

*Хорей* – хьалхарчу дешдекъа тІехь тохар долу шина дешдекъах латта стихан барам.

*ХІетал-метали* – барта кхоллараллин цхьа тайпа.

*Эпиграф* – произведенин тема, идея билгалйен цунна хьалха йалош йолу йоцца текст. Стихотворенин кепехь хила а мега иза.

*Эпизод* – произведенин хиламан цхьа дакъа.

*Эпитет* – хІуманан мухалла билгалйоккхуш йа цуьнан цхьа агІо исбаьхьаллин, поэтически кепехь гойтуш йолу дош.

*Эпос* – литературин тайпа. Эпосан жанраш йу: роман, повесть, дийцар, очерк.

*Эпилог* – турпалохойн кхолламехь тІаьххьара а хилларг довзуьйтуш долу исбаьхьаллин произведенин тІаьххьара дакъа.

*Эссе* – паргІатчу кепехь цхьана проблемех лаьцна йолу очерк.

*Йуьхьйолор (экспозици)* – исбаьхьаллин произведенехь гІуллакхаш дІадоладаралал хьалха дийцинарг.

*Юмор* – произведенехь шех пайда оьцу исбаьхьаллин кеп; беламе дерг.

*Ямб* – шолгІачу дешдекъа тІехь тохар долу шина дешдекъах латтта стихан барам.

## ЧУЛАЦАМ

Къоначу йешархошка ........................................................................ 3
Халкъан барта поэзи ........................................................................ 5
Бабин Эсин, ворхI вешин йиш̃ин илли ........................................................................ 8
«Бабин Эсин, ворхI вешин йишин иллех» лаьцна ........................................................................ 15
Ваша воцучу Сайлахин илли ........................................................................ 20
Даци-Юрт йаккхаран илли ........................................................................ 35
Дади-Юрт йаккхаран иллех лаьцна ........................................................................ 39
Нохчийн шира илли. (Паччахьан заман чохь тутмакхо аьлла илли) ........ 43
«Нохчийн шира иллех» лаьцна ........................................................................ 45
Сай. (Халкъан илли) ........................................................................ 47
«Сай» цIе йолчу халкъан иллех лаьцна ........................................................................ 49
Лирикех а, поэтически къамелах а, стихкхолларах а
лаьцна кхетамбалар ........................................................................ 50
*Мамакаев Іамин Мохьмад* ........................................................................ 55
Даймехкан косташ ........................................................................ 57
«Даймехкан косташ» стихотворенех лаьцна ........................................................................ 59
*Гадаев Гадин Мохьмад-Салахь* ........................................................................ 62
Ирча суьрташ ........................................................................ 64
*Саидов СаьIидан Билал* ........................................................................ 75
Вина йурт ........................................................................ 77
Деган аз ........................................................................ 81
*Курумова Мусан Селима* ........................................................................ 84
Дохк. *(Повеста тIера кийсак)* ........................................................................ 85
*Мамакаев Шамсуддин Іаьрби* ........................................................................ 89
Берзан бекхам ........................................................................ 91
Очерках кхетамбалар ........................................................................ 96
*Ошаев Дудин Халид* ........................................................................ 97
Иччархо Абухьаьжа Идрисов ........................................................................ 99
*Сулейманов Сулайман Ахьмад* ........................................................................ 113
Шуьнехь дош ........................................................................ 115
Дийцарх а, повестах а лаьцна ........................................................................ 119
*Гайсултанов Эдилсолтин Іумар* ........................................................................ 121
Болат-гIала йожар. *(Цхьадолу дакъош)* ........................................................................ 123
«Болат-гIала йожар» повестан хьокъехь ........................................................................ 160
*Айдамиров Іабдулхьакиман Абузар* ........................................................................ 163
МухIажарш. *(Йеха буьйсанаш» роман тIера дакъа)* ........................................................................ 165
Литературин турпалхочух а, символах а лаьцна ........................................................................ 177

*Арсанукаев Iабдулмуслиман Шайхи* .................................................. 179
Ийманах дузийта дегнаш .................................................. 181
*Кибиев Мохьмадан Мусбек* .................................................. 188
Дош .................................................. 189
Зов. *(Басня)* .................................................. 192
*Окуев Хьамидан Шима* .................................................. 195
Мацалла .................................................. 197
*Гацаев Асламбекан СаьIид* .................................................. 207
Дарц .................................................. 208
Эпически а, лирически а долчух лаьцна .................................................. 211
*Кусаев Джабраилан Iадиз* .................................................. 212
Амалехь диканиг .................................................. 213
*Рашидов Рашидан Шаид* .................................................. 216
Ден весет .................................................. 217
*Дикаев Джунайдан Мохьмад* .................................................. 229
Нохчо ву со .................................................. 231
*Шайхиев Хасмохьмадан Iалвади* .................................................. 234
ЧIагIо .................................................. 235
*Яшуркаев СайдаIелин Султан* .................................................. 242
Напсат .................................................. 243
Литературин произведенин портрет .................................................. 252
*Бисултанов Дибин Апти* .................................................. 256
Хьайбахахь йазйина байташ .................................................. 257
«Хьайбахахь йазйина байташ» произведенех лаьцна .................................................. 261
*Амаев Хасин Ваха-Хьаьжа* .................................................. 263
Генарчу денойн туьйра .................................................. 264

ДЕШАРХОШНА ШАЬШ ЙЕША ПРОИЗВЕДЕНЕШ
Жерочун кIентан, гуьржийн кIентан илли .................................................. 271
Девлатгирин-Эвла йоккхуш даьккхина илли .................................................. 285
Исмайлин Дудин илли .................................................. 287
*Мамакаев Iаьрби.* БIаьстенан Iуьйре .................................................. 304
*Саидов Билал.* Меттиган сурт .................................................. 305
*Мусаев Мохьмад.* Таймин Бийболат. *(Романан дакъа)* .................................................. 311
*Хамидов Iабдулла.* Абубешар. *(Дийцар)* .................................................. 318
*Айдамиров Абузар.* Кхолламан цхьа де. *(Повестан дакъа)* .................................................. 330
*Гацаев СаьIид.* Аренаш, тIеэца хIинца .................................................. 350
*Рашидов Шаид.* Ламанан басах.................................................. 360
*Дикаев Мохьмад.* Стеган цIе .................................................. 361

*Шайхиев Іалвади*. Куйнах дош ........................................................ 362
*Ахмаров Рамзан*. Кешнашкахь ........................................................ 364
*Мутаев Муса*. Кемсийн гарс ........................................................ 367
*Бексултанов Муса*. КІелхьара ца велира. *(Дийцар)* ........................................ 378
*Амаев Ваха-Хьаьжа*. Цхьа де ........................................................ 385

ЛИТЕРАТУРИН ТЕРМИНИЙН ДОШАМ ........................................ 390

